

WAWATJAN

Purnama Alam

2

DINAS PENERBITAN BALAI PUSTAKA
DJAKARTA - 1956

Kaluaran :
DINAS PENERBITAN BALAI PUSTAKA

*
*

Tjitakan katilu 1956

*
*

Pertjetakan : Balai Pustaka
Teknik buku : Bagian Layout

*
*

B. P. No. 132a
Hak pangarang ditangtjungan ku Undang-undang

*
*

Rp. 25.50

Agustus 1956 77
Dewi Suci

PIHATUR

Patali kana seueurna anu marundut sangkan Wawatjan Purnama Alam dikaluarkeun deui, nja ajeuna nĕmbe tiasa njumponan. Djabi ti eta sangkan ulah seueur teuing djilidna, nu awitna 7 djilid, ajeuna mah mung didamĕl dua bae.


Djilid kahidji didjadikeun ku djilid I dugi ka IV, djilid kadua didjadikeun ku djilid V dugi ka VII.

Ku kituna Wawatjan Purnama Alam nu sakawitna dugi ka djilid VII teh, ajeuna mah mung dua djilid.

Djakarta, April 1955.

Diberikan kepada. Bapak.
Aang Rachenda, 17 Agustus

DINAS PENERBITAN 1984.
BALAI PUSTAKA



Pendjahit „SAMPULUR”

Djl. Sasak dua — Bandjaran
AHLI PAKAIAN BERDIPLOMA

- * Mengerdjakan kengkenan (maklun) — segala matjam pakaian.
 - * Menerima pesanan rupa² bahan.
 - * Dan mendjual Konfeksi.
-
- * Djuga mengadakan bagian untuk :
Pakaian wanita dan anak-anak dikerdjakan oleh tukang-tukang jang ahli.

Dipimpin oleh Baas :

„UDJU”

Agustus 1912
Leuwi

Asmarandana

1. Katjatur Dewi Pramanik, leuwih-leuwih nandang samar, samar polah samar raos, tina hojong enggal njata, saha anu wawarta, sarèng rama Maha Wiku, dina djëro padjuaran.
2. Lami-lami tambah sidik, kana gëntra Sang Pinutra, karungu bati nongtoreng, gumentjrang nu leuwih tërang, Pramanik sakalintang, galih rumendjag rumandjug, dugi ilang kapahingan.
3. Teu lami gerendel muih, ngarëket panto rek muka, atuh Sang Dewi teu pëtot, kana panto lawang kamar, mapagkeun ku paningal, dibarung djeung mëndung kalbu, barang braj pantona muka.
4. Barabaj tjahja gumëling, awor djeung anu di luar, sorotna patodjo-todjo, bati gumilang gumëbjar, ngagëbur lir lajungan, Sang Putra gabrug ngarangkul, mangkon djeung bari sasambat.
5. Duh aduh bët ieu geuning, mustika djungdjunan ëngkang, sëkar rungrumaning hate, naha ënung teh bët tega, ëngkang nandangan bahja, hënteu njusul ku panëmu, teu bela ku pangawasa.
6. Barang Sang Dewi Pramanik, dirangkul ku Radjaputra, lat ilang galih nu saleh, sipat mawat kadjatian, bawaning kasësëkan, ku ngandung kaliwung kalbu, lëpat tata kapahingan.
7. Ngotjeak ngadjërit tarik, nangis dibarung sasambat, njuuh ka pangkon Sang Anom, duh-aduh Gusti panutan, gunggunganing pang-rasa, sasaka pamurub napsu, rungrumeun raga djeung njawa.
8. Naha bët pulih panggalih, hënteu langgëng kalenggangan, gampil morosot kaabot, ka abdi nu kieu sipat, nu taja sarat harkat, dumugi gamparan wantun, ngantun teu aja rasasan.
9. Naon anu djadi margi, gamparan ka abdi tega, luas lolos teu tjarios, atuh abdi nadah bahja, kenging sungkawa nista, ngadjadi djuru kaliru, manusa pangeusi alas.
10. Kairid ku wangsit nagri, dipëdar diembar-embar, djadi bëbëndon karaton, dumugi kalunta-lunta, njorang raga përlaja, ampir nudju kana lampus, meh pëdjah pangodjah njawa.
11. Gamparan nu djadi awit, ngënjang kana marga lara, njembor ku geusan prihatos, disëbat kana galagat, mawat awon wirasat, ditutur panungtun kusut, watëk panarik tjilaka.
12. Abdi teh njingkir diusir, ngëdjat sanes djalan minggat, di-

djurung dihajoh-hajoh, gamparan anu ngawitan, ngagujurkeun nagara, atuh abdi anu mutuh, kalėbuh ku katėmpuhan.

13. Padahal abdi teh geuning, sakiat-kiat tirakat, teu towong pamėlėng hate, midada kana nėnėda, ka Allah nu kawasa, nunuhun turunna wahju, ginandjar kawiludjėngan.

14. Ahir dibanding dituding, kana pamukana bahja, djuru njered ka tjojoge, sok narik kana baruntak, atuh abdi dilabrak, ka gunung leuweung nu liwung, ka pasir lamping nu djungkrang.

15. Ajeuna sumangga mulih, bilih rama tėtėrasan, bėndu ka abdi nu bodo, abdi mah sumėdja djadjap, dongkap ka katja-katja, gamparan mah geura lungguh, ngageugeuh sipat kusumah.

16. Pėrtiti andana wari, ngareka ngeujeuk nagara, neteskeun mangkon karaton, abdi mah mung manawina, bade baktos satia, ku pamėlėng hate husu, pandu'a ti pangalasan.

17. Margi hėnteu wantun teuing, sumeuleukeung ka pamėngkang, sumolondo ka pėndopo, ngemutkeun ku hina papa, bok bilih djadi matak, watėk ngusutkeun kadatun, njangarkeun kana nagara.

18. Buktina ku diri abdi, katampi kieu raosna, sėmi-sėmi sanes djodo, harkat abdi djadi menak, bubuhan hėnteu aja, tetesan kumėndung pajung, sanes titisan narpatya.

19. Kapungkur abdi teh geuning, sėring-sėring nja undjukan, tina ku salėmpang hate, inggis tina sakieuna, naha atuh gamparan, lambat-lambat tuhu kalbu, luluasan nja miwėlas.

20. Ajeuna mah maksad abdi, tumut sėrėt luar kota, gėdong mah bade nu anom, kitu ge saupamina, masih keneh gamparan, tuhu salėbėting kalbu, wėlas ka abdi nu hina.

21. Pangeran Nurasadjati, ngadangu garwa wawarta, rampujuk nambahan abot, dumugi nandang latlatan, marga katėrėsnaan, katutuh ku saur liwung, katongtak ku nu sasambat.

22. Eh ģnung ģngkang teh mugi, ulah dipapag ku rėntag, njampakkeun wartos prihatos, anggur ģngkang parantjahan, bisi katėtėrasan. ngadjadi djuru kabaud, ku rasėksa nu binasa.

23. Ahli kairid ku djurig, tukang kabandang ku setan, dirawu ku gėndėrėwo, ģngkang taja nu nulungan, keuna ku katėnungan, suwung nu miruruh njusul, taja nu datang nareang.

24. Ngan Njai anu katampi, wirasat daek tirakat, mėrih ati ka Jang Manon, geusan kamuljaan ģngkang, ajeuna karasana, rahaju panulung ģnung, kaluar tina bahaja.

25. ģngkang hėnteu sėpi pikir, dina sapandjangna lara, murilit

mělang ka ěnong, lěpat ka sěpah pramitra, tětēs tandēs ingĕtan, ngan ka diri unung wungkul, wiwaha nandang sangsara.

26. Moal aja nu tingali, mungguh kana hate ěngkang, anging Allah nu waspaos, nu taja hinggana beurat, ka Njai ati ěngkang, samėnit teu pisan suwung, teu nolih keur nadah bahja.

27. Ajeuna asihing Gusti, Allah anu murbeng alam, di parėng deui paamprok, anu sakitu rumbitna, ditaksir taja pėta, kana bisa deui tē-pung, tina kitu sare'atna.

28. Tatapi bėt ahir-ahir, Njai teh ka diri ěngkang, njampakkeun karėntag hate, padahal lain lantaran, ěnung ku dosa ěngkang, ku galih anu kaliru, ku pėta nu teu djeung tata.

29. Kitu deui dina pikir, nadjan Njai kitu basa, ěngkang moal rendjeh hate, kana nadah kanjaahan, anu taja hinggana, mungguhing ka diri ěnung, kitu anu sadjatina.

30. Djeung ku ěngkang geus kaharti, ka diri Njai pang ingkah, wani lolos ti karaton, lantaran aja sababna, ka Njai nu binasa, midaměl tata kaliru, teu aja tēdak pėrėnah.

31. Eta ku ěngkang kadjudi, sarta moal geseh sangka, anu ganggu kumawanen, ngusir Njai ti nagara, tapi ěngkang ajeuna, maksud ngan nuturkeun unung, sanadjan ka mana-mana.

32. ěngkang oge moal balik, ka dajauh nagri Riskomar, rek nuturkeun unung bae, dina wiwilanganana, sanadjan sampe wapat, ngarung-rung di gunung-gunung, ngatjatjang di pangalasan.

33. Ajeuna mah pikir Njai, mun ěnja bela ka ěngkang, ulah aja bingbang hate, dumeh urang sokieuna, nampa kadaring Allah, ngan sugan ěngke ka pajun, urang teh aja mēnjatna.

34. Barang keur sami wawarti, Sang Dewi sarėng Sang Putra, Sang Rėsi ngadika alon, oh Sang Putri Sang Pinutra, mugu panėda ama surupkeun di lėbėt kalbu, babaran kėrsa Pangeran.

35. Ulah djadi hemėng galih, tērėсна ku sakituna, nadah lalakon prihatos, anu teu aja hinggana, etang-etang ngababad, geusan rahaju ka pajun, wėkasan kawalujaan.



Sinom

1. Kalajan panėda ama, mugu tjandėt geusan galih, hawa nu watėk sungkawa, kalangkungan njangkang sėdih, eta pamugi-mugi, sing emut

sanggēm praluhung, njékélan kana sipat, rarambu rĕrĕgĕd galih, tangtu bubar babaran karahjuan.

2. Sumawontĕn diuwuhan, wawarti nu hĕnteu hasil, ngagugat djalan wiwitan, kenging pangdjĕrum pangusir, eta mugi teh teuing, ulah tĕmbus dipisaur, bilih ngadjadi matak, apĕs pangeusining galih, ngalĕpatkeun tata nu djadi sasaka.

3. Sasaka mohal binasa, ngabibit geusan balai, nabur ku sipat pĕrlaja, leungit pĕrtiti panolih, anu teu djeung sadjati, ngulur geusaning kalĕbuh, marga emutan ama, anu kaintip paranti, sarĕng tara sulaja ti sadajana.

4. Mĕnggah anu djadi sĕpah, pusing ge dibarung eling, pusingna wĕra pohara, teu ngantjik taja panjaring, batinna mah nu tigin, kana nunuhun rahaju, ngilangkeun marga bahja, ku margi eta pamugi, ulah kĕkĕl kana nganggo kangĕnĕsan.

5. Sapĕrtos rama Sri Nata, ku Agan pamugi-mugi, ulah dianggap dimanah, ditjeungtjeum didamĕl peurih, dumeuh sakitu tadi, ngĕbutkeun kasĕndu kalbu, anu karaos nista, kĕdah ditampi ku lantip, kasabaran djamak bubuhan ku sĕpah.

6. Ulah dilawan ku sungkan, dibalĕs ku dĕlit galih, kĕdah didamĕl raratan, wiwitan mukti panggalih, djĕmbar sipat tingali, kana sugri nu tumuwuh, pangeusi alam dunja, nu gĕlar haliyah lahir, pĕrtelana kadjĕmbaran Nu Kawasa.

7. Wangsulna kana salira, mipit beutining raspati, tĕtĕp mĕnggah sadjatina, tara mungkir kana takdir, pasti nu geus katampi, nu njurup hanteu kamaphum, tibana teu katara, eta moal kenging mungkir, nadjan nganggo pamĕgat sarat kiparat.

8. Kadua emutan ama, pang ngadarkeun Maha Sutji, mĕnggah ka salira Agan, sipat kaprihatos galih, sĕmi bade ngadjadi, sumurup panĕmu luhung, geusan kasampurnaan, wintjikan raraga muri, satĕgĕsna raratan kaaheratan.

9. Ku margi eta ajeuna, tĕtĕskeun bae panggalih, pĕdarkeun karana Allah, pĕrtiti didjaring sutji, samĕnit ulah sĕpi, nganuhunkeun ka Jang Agung, kadar nu geus kasorang, mung kantun tigin pamĕrih, ka pajunna salamĕt handjat daradjat.

10. Ajeuna mah hĕnteu kĕdah, murilit eling ka tadi, ngahudang katĕrĕsnaan, anu baris narik galih, ngudar titi sadjati, nungtun kana undur luhung, ajeuna nu dimanah, kabingah nampi pangasih, ti pangĕrsa Gusti Allah nu kawasa.

11. Agan sinarĕngan garwa, ieu Sang Dewi Pramanik, parantos

deui patěpang, kawuwuh sami walagri, handjat tina tjojjobi, ama pihatur sakitu, kalajan muga², sumurup lěbětning galih, ulah raos dihina dipituahan.

12. Sang Radjaputra Purnama, sarěng rai Sang Pramanik, nampi saur Sang Pandita, nitis kana lěbět galih, tumungkul sěmu isin, raos kalěpasan kalbu, ngěkėlan kadjaheutan, murilit kana njungkėlit, ku djalaran nampi sėsěndon ti sěpah.

13. Teu lami Radja Pinutra, ngawalěr ka Maha Rėsi, raos laksa kanuhunan, nampi wėdjang ama Rėsi, putra kalintang nampi, kasuhun miwah kasurup, kalajan moal kėndat, ditėtėskeun dina ati, rek didaměl djadjahan odjahing raga.

14. Saur Rėsi nuhun pisan, pihatur ama katampi, didaměl kana lumajan, pikeun narik galih sutji, ku Agan sarěng rai, kitu deui ama tangtu, wireh waktos ajeuna, Agan sinarėngan rai, nampi sihing Allah anu sipat mulja.

15. Dikadar kawiludjėngan, tiasa patěpang deui, ama nadar ku pandu'a, nėda ka Jang Maha Sutji, ti wangkid ieu mugi, djudjur mulus tur rahaju, teu aja pantjabaja, wiludjėng lahir djeung batin, ulah pėgat raratan kahidajatan.

16. Mung ama aja panėda, mėnggah ka Agan sajakti, waktu ieu ulah waka, aja galih hojong mulih, pamugi kėdah rintih, ngantos wuku nu rahaju, kadua pėrkawisna, ama teh aja pamėrih, maksad bade barempag nu sajaktosna.

17. Mung ėngke dina salsena, sabada pepes panggalih, babaran ku kasonoan, Agan sinarėngan rai, ajeuna mah pamugi, di dieu linggih tur tėguh, kana djalan panėda, ka Gusti Jang Maha Sutji, enggal handjat tina sagaraning lara.

18. Ajeuna mah nja sumangga, Agan sinarėng Sang Dewi, ngadadar sugri kabingah, ngilangkeun geusan prihatin, sugri kangėnės galih, djuru nungtun kana ngungun, ama sarěng ėmbina, bade pindah kana madjlis, bari ngiring nėda rahaju waluja.

19. Sang Radjaputra Purnama, sarěng Sang Dewi Pramanik, di-deuheusan Sang Pursita, sarěng Manetja Manetji, tėtėp linggih di bumi, dikantun ku Maha Wiku, atuh leuwih salsena, njatjapkeun tunggara sėdih, sili sembor ku saur djeung kasonoan.

20. Dewi Pramanik ngawitan, tumaros kalajan titi, ka Sang Pangeran Pinutra, bari murubut tjitangis, abdi nėda pawarti, kumaha margina kitu pang lolos tanpa krana, dumugi sataun leuwih, luas lolos ngantunan kabaruntakan.

21. Sang Radjaputra ngandika, ka rai Dewi Pramanik, eh Njai geus tangtu pisan, mungguhing panjipta Njai, ěngkang nu tanpa noli, patut pantēs nja disēbut, ilang tanpa karana, tembong kahinaan diri, matak era kasurak ka sabuana.
22. Nu ngaran Purnama Alam, leungit kairid ku djurig, ilang karuntjang ku setan, tapi da geus dihin pasti, diri ěngkang pinanggih, kalēbah kana pakewuh, sabab kieu asalna, geura dengekeun ku Njai, urang dadar ku ěngkang asal-asalna.
23. Tēras Sang Radjapinutra, tjatjarios tina awit, nalika rek siram di bak, kataradjang lěng teu eling, sarta kana dumugi, ari emut isuk-isuk, di kaputren Ambarak, djeung dilajad ku Kaswati, diwartoskeun beurat djēmbar ku dangdosan.
24. Dina palēbah eta mah, gumuju Dewi Pramanik, dugi ilang kasēdihan, bari njēbat deudeuh teuing, lir lain tērah gusti, kaputren ratu nu agung, naha atuh gamparan, teu aja timbangan teuing, ka nu nandang kalantar parna pikiran.
25. Ngandika Radjapinutra, naha naon nu dipambrih, anu matak kudu nimbang, ěngkang ka Njai Kaswati, ngawangsul Sang Pramanik. upama gamparan purun, ka Kaswati kantēnan, moal dumugi balahi, iburama tērēsna nu lintang nista.
26. Ngandika deui Sang Putra, ngan sakitu sangka Njai, tapi lamun ěngkang nimbang, anu leuwih nja balahi, sartana geus pinasti, ěngkang reudjeung sēpuh-sēpuh, sumawonna Njai mah, ngan hēnteu kudu teh teuing, ditērangkeun anu ngadjadi sababna.
27. ěngke ge sугan kasorang, katingal mungguh ku Njai, pang ěngkang baha teu nimbang, imut Sang Dewi Pramanik, tina margi kasurti, kana saurna Sang Sunu, bari njēbatkeun mangga, tēraskeun laku Kaswati, hanteu lami Sang Putra kēbat wawarta.
28. Dongkap kana dipandjara, ku Sang Putiasukma 'Dji, sarta dugi kana lěngna, teu eling di djēro bui, ku tēnung Arja Patih, dina waktu eta istu, teu aja kauninga, ngan emut sanggeusna tanghi, dina katil di gēdong Karangkamuljan.
29. Djeung dongkap kana nēpangan, Patih Kumbaāring-aring, di kamar si Padjarangan, tobat sarta sērah diri, ngagandek ngiring-ngiring, di guha si Bungbungūmur, didadar teu kaliwat, sartana kana dumugi, kana mangsa kadongkapan ku Manetja.
30. Ningal sērat patilasan, djaman samemeh ngadjadi, waktu nudju lalangēnan, andjeunna sarēngan rai, Sang Dewi Paramanik, kalěngēr bawaning emut, hanteu aja katērang, emut-emut ěnggeus tjalik, di pa-

juneun Sang Pandita Ragatoja.

31. Geus tamat Sang Radjaputra, wawarti ka Sang Pramanik, babad salira andjeunna, ajana di Pusərbumi, Dewi Pramanik nangis, bari njébat aduh-aduh, hanteu njana gamparan, nampi tjotjobi nu leuwih, dihinakeun ku bangsa sipat rasëksa.

32. Mung nuhun dikadar Allah, wiludjeng tina tjotjobi, ti nu sakitu rungkana, bawaning ku milik abdi, baris lambat migusti, sumudjud ka bangsa agung, sumëmbah ka kusumah, mung mugu ka Maha Sutji, bahja kitu teu nJORang deui ahirna.

33. Dewi Pursita kalintang, ngiringan tërësna galih, nguping Sang Radja Pinutra, wawarti waktos balahi, dumugu ka ngagidir, pajuneun Pangeran Senu, manahna hënteu njana, gëlaran di alam lahir, rupa-rupa anu matak sipat bahja.

34. Sarëng manahna Pursita, anu djadi kaget leuwih, jen ningal ka Sang Pinutra, sarëng ka Dewi Pramanik, estu sami gumëling, asup kana nurub tjupu, taja pisan ningnangna, sami sadjatining rupi, estu mandjing disëbut tjahaja dunja.

35. Sang Putra Purnama Alam, saparantosna wawarti, tëras ka rai mariksa, ëngkang rek nanja ka Njai, sarta poma teh teuing, ulah dibëndung dikëmu, anu djadi sababna, pang Njai di dieu tjitjing, dirawatan ku kërsa ama Pandita.



Kumambang

1. Sang Pramanik lintang kaewuhan galih, nu taja hingkana, kantun tjumalimba nangis, nampi pamariksa raka.
2. Panggalihna Sang Putri Dewi Pramanik, lamun tërus tërang, pang ingkarna ti nagari, ku pangdjurung Sang Sri Nata.
3. Inggis raka sisip galih nu sadjati, bubar kasabaran, pinasti leungit përtiti, tjonggah njababkeun ka rama.
4. Tangtu matak kasiku narik balahi, tjambal pangawasa, ti lahir nëpi ka batin, saat daradjat hidajat.
5. Ari arek sëmbuni leuwih balahi, njeun tata tjurang, ka anu djadi salaki, serong bohong hënteu tërang.
6. Tangtu djadi nawuku di diri aing, nu nadah naraka, tjambal pangeusining ati, ngadjadi raraga murka.
7. Kadangkala ditëtëpkeun diri aing, anu nandang salah, ngalolos

tanpa pamilih, minggat ti gëdong kaputran.

8. Disëbutkeun nirtja ti papagon Nabi, nusud tjeuk babasan, teu aja idin salaki, kaluar ti rumah tangga.

9. Eta kitu manahna Dewi Pramanik, tungtungna mah tëras, njuuh murubut tjitangis, kana pangkon Sang Pinutra.

10. Bari njëbat abdi hënteu wantun teuing, ka lënggah gamparan, ngundjukkeun nu djadi awit, sangsara di djëro alas.

11. Ajeuna mah gamparan teu këdah nungtik, abdi pang kieuna, anggur sae ge ngagalih, pikeun lulus ka pajunna.

12. Radjaputra ngalahir ka Sang Pramanik, ih lamun kitu mah, Njai serong ka salaki, salingkuh teu tërur tërang.

13. Djadi bohong tjatur manutan migusti, Njai teh ka ëngkang, ajeuna katjiri bukti, sidëm teu waktja balaka.

14. Lamun kitu ëngkang hënteu aja hasil, ka Njai bumela, sakanjëri sakapeurih, sabagdja tur satjilaka.

15. Ari Njai wani-wani rek sëmبuni, njumputkeun përkara, nu wadjih ëngkang tingali, ka diri Njai sorangan.

16. Hanteu lami ngawangsul Dewi Pramanik, abdi teh sumangga, ngundjukkeun nu djadi awit, pangna mios ti kaputran.

17. Amung aja panuhun anu sajakti, ka lënggah gamparan, sewu-sewuning pamugi, djëmbar marga kasabaran.

18. Mëtik titi galih sipating sadjati, langgëng kalenggangan, përtiti andana wari, raratan tata kusumah.

19. Tigin wëning mipit beutining raspati, agung kapahingan, Sang Radjaputra ngalahir, ëngkang teu rek ngumbar hawa.

20. Landjang-lindjing pusing lir anu teu eling, tjara kapandjingan, ku sipat rantjana iblis, tangtu pada njangka-njanka.

21. Wuri² mëntas kairid ku djurig, dikandar ku setan, disibat ku banaspati, dipirusa ku rasëksa.

22. Pada nuding pusingna karandjing djurig, anu matak moal, ëngkang kana ngumbar pikir, nu tilar reudjeung panalar.

23. Hëmpek bae ulah dipundang-dipinding, tërangkeun ka ëngkang, pang Njai lunta ti nagri, njaksrak kana tëmplat hina.

24. Sang Pramanik dipaksa tëras wawarti, undjukan nu tatag, di-barung mëdal tjitangis, ti awit leungit Sang Putra.

25. Nampi saur ti Radja nu langkung bëngis, njeuseul seseepan, gëgëdjlig djeung tëras ngusir, ulah aja di nagara.

26. Sarta dugi ka puntjak Gunung Sarinding, mëndak kaanehan, ngaran kai Ragawati, ngomong djeung mere tuduhan.

27. Ditēraskeun dugi ka Gunung Masigit, Binarum Kania, masigit bisa wawarti, tjapetang tjara manusa.
28. Disēbatkeun andjeunna di dinja mukim, djeung nampi sagala, pepeling ti eta masjid, pikeun tērbuka ahirna.
29. Teu kaliwat ku Sang Dewi Paramanik, pamēndak di dinja, sartana kana dumugi, dongkap Mandrawati buta.
30. Disēbatkeun lampahna milari landi, pikeun anak radja, buta nagara Burbani, dituduhkeun ka Riskomar.
31. Ditēraskeun dipiundjuk ku Pramanik, waktos kasumpingan, Putri Djin puséring bumi, Sang Adjéng Ratna Suminar.
32. Diundjukkeun samaksadna Adjéng Putri, pang dongkap ka dinja, milari tumbal nu matih, baris ngalandongan artja.
33. Teu kaliwat njarioskeun Sang Putri djin, pamaksudanana, sartana kana dumugi, djaléngkar ti gunung eta.
34. Sarta dongkap ka tēmpatna Turna-Turni, djuru patanian, diundjukkeun leuwih-leuwih, aneh sugri sapa mēndak.
35. Asal-usul Turna-Turni djuru tani, saréng Adjéng Ratna, sartana kana dumugi, Ginggi mawa Patih Kumba.
36. Kenging nangkép Sang Putri puséring bumi, bade dihukuman, di djéro kamar wērédjit, ngaran Djurung-padjarangan.



Asmarandana

1. Radjaputra teu ngalahir, ngadangu rai undjukan, ngahuléng bawaning kaget, Sang Dewi Pramanik tēras, njarios sapa mēndak, waktu djéngkar ti Sirkawur, nilar tēmpat pangébonan.
2. Dumugi ka Lariburi, mēndak Manetji Manetja, ngadongeng iampah bareto, anu sakitu anehna, sarta kana sumpingna, ka tēgal panggung praratu, tēmpat kai Langlangsona.
3. Diundjukkeun leuwih-leuwih, matak djadi pakagetan, seueur nu gaduh lalakon, sugri nu aja di dinja, pasal kaprihatinan, sarta dumugi ka waktu, andjeunna ningalan sérat.
4. Ti Njai Endang Manetji, dugi kana kalélēban, nandangan tērēsna abot, ngawatja ungéling sérat, dumugi kapiuhan, diundjukkeun ari emut, geus aja di Ragatoja.
5. Di bumina Maha Rēsi, dipeuseulan ku Pursita, tutup Pramanik tjarios, ka raka Sang Radjaputra, sartana sakalintang, ngadjadikeun

marga ngangluh, kana galih Sang Pinutra.

6. Ngahulěng hěnteu ngalahir, Sang Putra Purnama Alam, rupina sumiak lungse, bawaning deudeuh ka garwa, sarta těras ngandika, ja Allah kutan teh kitu, lantaran Njai pang lunta.

7. Naha hěnteu njana teuing, ama Prabu kitu manah, montjor ti tědak narpatos, teu aja těmah kusumah, tata pangomah-ngomah, ngaladjur kana teu puguh, nundung ka nu tanpa dosa.

8. Teu nětėpan sipat lantip, sumangka ka nu teu njata, njeeh ka marga papasten, tatapina ajeuna mah, ěngkang moal kapalang, bumela nu moal buntu, ka diri Njai sorangan.

9. Djeung moal balik ka nagri, nadjan dipapag diala, urang di pasantren bae, ngiring ama Gurangsarak, sabab ěngkang teu hajang, njuuh ka sėpuh kaliru, njambat ka kolot masiat.

10. Barang nguping Sang Pramanik, kana saur Sang Pinutra, kasar anu hěnteu sae, katurug-turug katingal, sumiak paromanna, nguwungna nu langkung bėndu, ka rama Sang Sri Nalendra.

11. Sang Dewi Pramanik nangis, bari njėbat duh gamparan, naha bėt panggalih nobros, kapan tadi panuhunan, abdi teh ka gamparan, samemeh abdi piundjuk, ulah dugi ka kituna.

12. Ajeuna gamparan djalir, sulaja tina subaja, karantjana galih awon, aja saur rek malėsan, ku bangsa kabėdangan, ngutjulkeun tuhu ka sėpuh, mukahkeun sėmbah ka sėpah.

13. Abdi mah bėt paur teuing, inggis raga teu djamuga, diemutkeun kitu komo, kirangna harkat daradjat, tjatjakan sahinasna, mikukuh tuhu ka sėpuh, bėt sakieu karaosna.

14. Upami gamparan tigin, galih bade kikituan, ngėrsakeun kana teu sae, abdi sumėdja sumadrah, nėda ka Nu Kawasa, kana lampus pėgat umur, kaluar ti lara dunja.

15. Nadjan abdi lambat ngiring, ngatjatjang di pawėnangan, ari wungkul gėring hate, lantaran ningal gamparan, taja euih-euihna, tina mandangan pakewuh, djėmbar ku sangsara dunja.

16. Tangtos djadi tjiri bukti, panjangkana anu lian, tetela jen awon rėpok, atanapi pada njangka, abdi awon wirasat, djuru nungtun kana kusut, nu purah mawa sungkawa.

17. Dipikir dibulak-balik, ana kitu mah gamparan, nu bade nganiaja teh, saupami tėtėrasan, bėndu ku djalan eta, margi eta rebu-rebu, panuhun mugu kemutan.

18. Upami jaktos miasih, ka abdi nu sakieuna, bodo tur kokoro njoso, taja anu dipuntangan, kadjabi ti gamparan, abdi hajang enggal

utjul, tina sugrining tjëtjêla.

19. Mugi ulah dipigalih, mēnggah kalēpatan rama, kēdah ibaratkeun bae, kana geusan etang-etang, njobi di kasabaran, mikukuh mundjung rahaju, pupudja kana waluja.

20. Radjaputra hēnteu lami, ka rai ladjēng ngandika, alon sarta sēmu lungse, ih Njai sanadjan ēngkang, hēnteu aja pikiran, rek ngulur njadjudjur napsu, ngahina tjonggah ka sēpah.

21. Ngan maksud teh moal balik, rek mukim di Gurangarak, nuljkeun ngalap pangartos, nu tatjan aja di ēngkang, kitu ge lamun sadrah, Njai asih nu satuhu, kērēsa njandak ka ēngkang.

22. Tapi mun Njai teu sudi, dituturkeun mah ku ēngkang, ēngkang rek ka mana bae, pikeun njalajakeun rasa, neangan kasirnaan, Dewi Pramanik ngawangsul, masja Allah adat anjar.

23. Bēt sieun teu dipisudi, salēmpang teu dipisuka, aja saur bade ngablon, raos ku dumeh geus lampar, uninga Padjarangan, rek tunggu si Bungbungūmur, pedah geus aja tjeungtjeuman.

24. Sang Radjaputra ngalahir, bēt teu njaho-njaho atjan, waka di-sangka ditaroh, mun rek oge maksud ēngkang, nuturkeun Nji Manetja, Dewi Pramanik gumuju, ngadangu saur Sang Putra.

25. Pursita nja kitu deui, gumuju nu lintang gēnah, ngupingkeun saur Sang Anom, Manetji sarēng Manetja, wungkul peupeureudeujan, gulak-gilēk umat-imut, tjara biwir kuda heuaj.

26. Pandjang lamunna ditulis, pērtata Putri djeung Putra, harita tētēp matamon, di bumina Sang Pandita, Pursita ngarentjangan, ngawūlaan ka Sang Sunu, sarēng Manetji Manetja.

27. Gantjangna anu digurit, Sang Putra Purnama Alam, dikira geus tudjuh poe, linggihna di Ragatoja, sartana sakalintang, nandangan kabingah kalbu, anu teu aja hinggana.

28. Lēbēt ka basa kiwari, estu kumpul pangatjian, Pramanik sarēng Sang Anom, sagaraning kasonoan, dina waktu harita, suwung geusaning kaliwung, ilang soreang kabingbang.

29. Asihna leuwih ti tadi, wēlas leuwih ti baheula, sono leuwih ti bareto, kawuwuh nu karungrungan, agēng marga timbangan, sarta harita keur nudju, Radjaputra sarēng garwa.

30. Ngadeuheusan ka Sang Rēsi, di bale latar madrasah, kērsana gunēm tjarios, teu lami Sang Radjaputra, piundjuk ka Pandita, kawuwuh tindak nu lungguh, teu kēndat hormat tilawat.

31. Putra lintang laksa-kēti, emutan ku kanuhunan, dibobot moal kabobot, nampi pangasih piwēlas, ama ka diri putra, kērēsa mangkon

miugung, ngahandjatkeun tina bahja.

32. Dumugi kana walagri, kalajan kadaring Allah, tumobros tina prihatos, anu sakieu raosna, dina waktos ajeuna, sumurup margi rahaju, waluja nu lintang mulja.

33. Mung djadi tibalik pikir, naon di ahiring mangsa, pikeun ngang-sulan rumaos, putra ka kërësa ama, marga karumaosan, kahutangan susun-susun, teu aja wilanganana.

34. Ngalahir Sang Maha Rësi, bo Agan mēnggah ama mah, estu teu pisan rumaos, gaduh hak gawe nulungan, ngahandjatkeun ti bahja, amung Allah anu agung, anu hak asih ka Agan.

35. Saupami aja galih, majar malës kasaeana, tina ku agēng rumaos, pamugi ulah ka ama, kēdah ka Gusti Allah, babakti anu satuhu, njandak përtata agama.

36. Djalan babakti ka Gusti, mulangkeun karumaosan, kēdah was-paos pribados, wintjikan raga djeung njawa, usik malik ku saha, maphum kana udjung puhu, babaraning sadjatina.



Dangdanggula

1. Radjaputra ngadangu panglahir, ti Sang Rësi kalintang isinna, marga sumërëp karaos, kana lëbëting kalbu, pamaksadan lahiran Rësi, sugri nja panarima, kudu ka Jang Agung, Pangeran murba wisesa, nu kagungan përsipat rahman djeung rahim, djalan kasampurnaan.

2. Tëras deui Sang Rësi ngalahir, sinarëngan ama aja maksad, dipitjeungtjeum ti bareto, gumantëng tur gumantung, siangwëngi teu leungit-leungit, emutan hajang geura, laksana nja maksud, wirehing ieu pun anak, wasta Dewi Pursita anu sajakti, maksad ama ajeuna.

3. Saupami Agan sarëng rai, kërësa mulih pun anak sumangga, tjandak kēdah damël gandek, kalajan nu satuhu, ati ama sadrah teh teuing, dina lahir-batinna, pasrah nu saestu, manawi aja damëlna, djuru bëtëk sasapu djeung bëbërësih, ngadjagi piwarangan.

4. Amung kēdah diwùruk dipërih, tata-titi babasan nagara, tindak gandek di karaton, margi pun anak estu, sagëlarna di alam lahir, teu atjan pisan ngambah, ngadjadjah lumantung, di lëbët kota nagara, djadi sèpi pangarti babaran puri, tata babasan menak.

5. Eta maksad ama mugi-mugi, dikabulkeun ku kërësa Agan, sa-rëng ku rai sajaktos, sakitu nja panuhun, saupami hënteu katampi, tawis

taja piwēlas, ka ama nu istu, Sang Radjaputra Purnama, teu ngawangsul tumungkul pajuneun Rēsi, ewuh lēbēting manah.

6. Anu djadi pangēwuhna galih, tina ningal sakitu asihna, digung-gung sarta dimongmong, Pursita ku Sang Wiku, ku pangira Sang Putra tadi, estu teu aja pēta, kērēsa padjauh, lantaran tina njaahna, ari ieu udjug-udjug lēdjar galih, njerenkeun ka andjeunna.

7. Dikudukeun sina ngiring-ngiring, dipētakeun kana gawe hina, djuru bētēk eusi pawon, kitu manah Sang Sunu, ngan garwana Dewi Pramanik, ngawangsul ka Pandita, rebu-rebu nuhun, wirehing kērēsa ama, sētya galih ka putra anu sajakti, djēmbar kapērtjantēnan.

8. Lēdjar galih masihkeun pun adi, Njai Dewi Pursita ka putra, kēdah dibabantun mios, putra teh sakalangkung, kabingahan teu aja tanding, kalajan nampi pisan, sumēdja dibantun, malah-malah ti tadina, gaduh pikir ulah patilar patēbih, teu pēgat rerentetan.

9. Sakawasa didjaring diaping, rek didamēl dulur sajaktosna, sasaka sapantjēr tulen, moal dituduh-tuduh, kana damēl nu teu pērjogi, tēgēsna sipat hina, anu dipisaur, djuru bētēk bēbētekan, sēdja bade didamēl djimat paripih, keur tjonto kasemahan.

10. Radjaputra ka rai ngalahir, rēmpug pisan reudjeung ati kakang, hade urang bawa bae, sugan bae tinēmu, sarēng takdir ti Maha Sutji, urang kawalujaan, dikabul nja maksud, njēkēlan gawe pusaka, urang djieun gurita pameungkeut ati, urang nagri Ambarak.

11. Sang Pursita imut tina ngarti, silib sindir Sang Radja Pinutra, harewoš ngagondjak bae, gantjangna nu ditjatur, Maha Rēsi ngalahir deui, ka Pangeran Pinutra, ama rek pihatur, kalajan mugi dianggap, kērēsa kana ngadjalankeun nu sajakti, kana panuhun ama.

12. Ulah waka Agan enggal mulih, ka nagari karaton Riskomar, kēdah njimpang heula bae, ka puntjakna Sirkawur, malah kēdah di dinja linggih, di Turna pangēbonan, pagunungan luhur, balukarna hanteu kēdah, dipiundjuk ēngke oge katingali, djalan kawiludjengan.

13. Ti Sirkawur ulah waka mulih, lamun tatjan aja anu dongkap, wajahna kērēsa ngantos, ama teh mung sakitu, panuhunan mugi katampi, ulah hanteu kērēsa ngadjugdjug Sirkawur, ngawangsul Sang Radjaputra, mēnggah putra sumēdja tumut teh teuing, kana dawuhan ama.

14. Sumawontēn siang nadjan wēngi, ku putra teh dikambangkeun pisan, sarēng mo dimore-more, amung putra panuhun, manawina maparin idin, maksud rek enggal-enggal, ka Gunung Sirkawur, malah upami ngidinan, hajang mios putra teh di dintēn endjing, Pandita ngawalonan.

Handwritten signature and date: 31/8/22

15. Sae pisan nadjan hojong endjing, malah jaktos kédah enggal-enggal, wuwuh endjing dawuh sae, gantjangna nu ditjatur, Radjaputra saréng Sang Dewi, bubaran guném warta, sarta geus ditangtu, endjing pidjengkareunana, Sang Pinutra Purnama Dewi Pramanik, saréng Dewi Pursita.
16. Anu ngiring Manetja Manetji, senapati baris djaga bahja, katjatur isukna bae, dikira bada subuh, Radjaputra djeung para putri, harita geus sadia, geus amit ka Wiku, Sang Rësi téras ngandika, didungakeun ku ama pamugi-mugi, djëmbar kawiludjengan.
17. Nitis tulis geusaning përojgi, handjat sipat daradjat hidajat, tumete kadjaten tulen, kasinungan rahaju, tigin ngantjik dina walagri, mulja dunja-aherat, ama teh sakitu, pandu' a ka sadajana, hanteu lami sadaja sudjud ka Rësi, ngalap kamaunatan.
18. Gantjangna teh ieu nu digurit, téras djengkar praputri Sang Putra, tabuh gënëp rëbun keneh, mudun ti luhur gunung, djalan mapaj tètëlar pasir, njorang kana bubulak, nudju leuweung liwung, tapi taja karepotan, wantu-wantu didjaring ku eusi galih, mangpa'at pangawasa.
19. Asal leuweung poek sakuriling, djadi tjaang gumilang lajungan, bodjong-bodjong djadi objor, hunjur-hunjur ngagëbur, keusik-keusik pating karëtip, tjadas-tjadas harerang, mun batu malantjur, lembang djeung lamping gumilang, kasorotan ku tjahja Putra djeung Putri, sakur anu kasorang.
20. Siang-wëngi angkat hanteu ngantjik, taja pajah taja karipuhan, teu leuleus lësu teu lungse, angkat titih dibarung, itung-itung damël pëlësir, angkat ajang-ajangan, Pramanik Sang Sunu, Pursita pungkureunana, saheulaeun Endang Manetja Manetji, ngahëlar di tètëlar.
21. Tunda heula Sang Putra praputri, katjaturkeun Arja Langlangturna, djeung Turni masih ngarëbon, waktu harita nudju, sami tjalik di tēpas bumi, mēntas ti padamēlan, ngaseuk djagong sēkul, hanteu lami Langlangturna, seug ngalahir ka garwa kakang ti peuting, mēnēran bidjil padjar.
22. Ngimpi tēpang sarēngan Sang Adji, Sang Srimaha Ratu Langlangsona, ka kakang njandak tjarios, saurna nu kaemut, Patih geuwat geura sajadi, beberes patēmpatan, bakal aja tamu, kudu dipusti dihormat, sabab anu bakal ngadjait prihatin, ngahandjatkeun ti bahja.
23. Ngan sakitu saurna nu sidik, tina sabab kaburu ngalēnjap, njaring katedjeh ku maneh, ku sabab eta kitu, poma pisan kudu tjaringtjing, bisina bae ēnja, bakal aja tamu, ajeuna saaja-aja, djidjieunan ngadodol ngangleng ngawadjit, gēgēplak pujur opak.

24. Walon Turni kuring oge ngimpi, ngimpi tēpang djeung Ratna Suminar, ka kuring pereg tjarios, saurna nu kaemut, kuring arek sumēdja titip, djeung hormat sing utama, ku sipat susuguh, atjeuk Pramanik kantēnan, sumping deui kalajan gumbira galih, sarēng panutanana.
25. Ngan sakitu dina lēbēt ngimpi, da kaburu kuring teh ngalēnjap, asal katjолоk bobokong, Turna ka Turni njaur, kawas-kawas moal sak deui, mungguh impian urang, awal-ahir tangtu, kana aja balukarna, tina sabab eta ajeuna teh misti, Njai sasadiaan.
26. Saēnggeusna gunēman wawarti, tēras bae beberes sadia, bisi sumping tereh-tereh, anu bade natamu, malah-malah Turna djeung Turni, teu pētot saban siang, ka lēbak tarurun, mapagkeun suganna ēnja, bade aja tatamu anu sarumping, tuduh tina impian.
27. Tunda deui Turna sarēng Turni, katjaturkeun Sang Pangeran Putra, sarēng sadaja prasiten, harita ēnggeus djēbul, ka tutugan Sirkawur sumping, sami liren lalēnggah, kira pukul satu, iuh handapeun kihudjan, ngahiliwir angin lēlēr anu tiis, mepes anu hareudang.
28. Sang Pramanik ka tonggoh ningali, kana imah djuru pangēbonan, urut andjeunna bareto, Sang Dewi langkung-langkung, kagagasna lēbēting galih, dumugi tjumalimba, ku lantaran emut, ka rai Ratna Suminar, ampir njuuh bawaning tērēsna galih, sasambat dina manah.
29. Aduh rai putri djin nu geulis, naha hēnteu ka atjeuk njusulan, bēt ka atjeuk ngantēp bae, manah Pramanik kitu, Sang Pinutra awas ningali, garwana tjumalimba, mariksa Sang Sunu, ku naon Njai bēt kawas, njangking pikir kagagas ku asal tadi, tjoba ēngkang bedjaan.
30. Hanteu lami ngawangsul Sang Dewi, jaktos pisan abdi teh kagagas, anu mawi ngalimba teh, wireh aja kaemut, ka Njai Putri Pusēring bumi, Adjēng Ratna Suminar, nu bela tumutur, ajeuna kadar patilar, anu tatjan puguh pitēpungeun deui, kitu nu djadi marga.
31. Djadi langkung tjangtjajana ati, saupami tēras pipisahan, teu aja angkeuhan hate, barang Pangeran Sunu, ngadangukeun saur Sang Dewi, gumuju djeung ngandika, bo nēpi ka kitu, eta alus patekadan, ngaleungitkeun sipat nu dua pērkawis, estu matak salēmpang.
32. Hidji leungit pērtjaja nja ati, kana kadar Allah nu kawasa, mun kitu seeh kadjaten, kaduana nawuku, bohong madjar tigin migusti, Njai ka diri ēngkang, sulaja ti umum, pērtjaja ka anu lian, djeung tinimbang reureudjeungan djeung salaki, lamun kaja kitu mah.
33. Ngawangsul Sang Dewi Pramanik, abdi teu rek lampah lir nu lian, ka salaki ngan njetjepo, ngadjurung kana ripuh, gusti tapi hēnteu

dipusti, didamél purah-purah, saupami kitu, abdi mah raos teu wérat, nganiaja mērih kana ribut galih, nu bakal lara dunja.

34. Kawuwuhan diemut ku abdi, pang salēmpang patilar paanggang, sarēng Ratna Suminar teh, wirehing langkung-langkung, bela pati ka diri abdi, anu taja hinggana, gamparan ge maphum, nu djadi wiwitanana, sehat pikir narik nja walagri diri, tēpang sarēng gamparan.

35. Sare'atna pitulung Putri Djin, nja dumugi nandang sakiueuna, taja tjotjeng ku tjotjoge, Sang Putra ladjēng njaur, ana kitu istuning wadjib, Njai Ratna Suminar, ku Njai ka pajun, digandjar bawa sakamar, repeh-rapih pērtiti kana samilik, raratan sapanutan.

36. Sang Pramanik imut djeung ngalahir, sēdēng pisan sabeusi sawadja, sami tērahing karaton, Radjaputra gumuju, bari nēmpo ka raraj rai, edas Njai mah sabar, ngan handjakal njungkun, Sang Pramanik ngawangsulana, bēt piraku bēlēt ngadji ti leuleutik, nja ngalap ti bubudak.

37. Margi budi kalangkangna ati, dupi basa kalangkangna rasa, asa sageuj teuing geseh, Sang Radjaputra njaur, atuh sukur ari geus djadi, pangkat di katunggalan, teu geseh teu silung, djasmaniah rohaniah, eta anu dipenta ka diri Njai, mungguh ku diri ēngkang.



Sinom

1. Tunda nu pabēn wawarta, kotjap Turna sarēng Turni, sami lungsur ti bumina, maksadna teu aja deui, lantaran ku bawaning, pērtjaja anu satuhu, kana tuduh impenan, jen bakal aja nu sumping, nja harita tēras arangkat ka lēbak.

2. Dumadakan Turni Turna, paningal geseh ti tadi, sakuriling gunung eta, kēbēk ku tjahja dumēling, gumēbjar sakuriling, geseh reu-djeung tjahja lajung, awor djeung tjahja siang, kaget Turna sarēng Turni, djeung teu pētot paninggal ka madhab papat.

3. Turni njarios ka Turna, tjobi tingal masing sidik, aja tjaang bēt gumilang, geseh ti poe sasari, tjeuk Turna ēnja Njai, kakang kakara saumur, ningal nu kieu rupa, lain lajung mega kuning, lain rupa kuwung² tjahja kalang.

4. Hanteu lami Langlangturna, reret ka lēbak ningali, ka palēbah nu lalēnggah, ngagēbēg Turna djeung Turni, tina ningali sidik, ka nu tjaralik ngariung, tina Turna kagetna, hookeun mēntjrong ka Turni,

bari njëbut palangsiang semah tea.

5. Dewi Pramanik waspada, ka Turna sarëng ka Turni, ngadëg barina gugupaj, sarta bari njaur tarik, ja Allah bibi Turni, ieu kuring nu kapungkur, ngaran Pramanik tea, naha bibi teh geus lali, anu mawi hookeun teu enggal njambat.

6. Teu lami Turni djeung Turna, barang geus sidik ningali, sarta hënteu kasamaran, ka Sang Dewi Paramanik, muru lumpat ngadjigdjrìg, sèmu dëngklang wantu mudun, barang gok Turni Turna, ngarangkul ka Sang Pramanik, bari njëbat nu geulis dunungan paman.

7. Barang reret deui Turna, sarëng raina Nji Turni, ningal ka Dewi Pursita, marukanna Sang Putri Djin, lantaran ku sarupi, hanteu tata djol ngarangkul, muntang kana angkengna, bari njëbat ieu geuning, anu gandang tandang purah barangasan.

8. Gumuju Dewi Pursita, bari ningal ka Sang Dewi, Pursita teu ngawalonan, ka Turna sarëng ka Turni, bubuhan anu lantip, sok tara gëtapan rusuh, ngagëbah nu kasmaran, Pursita ladjëng ngalahir, kuring nuhun dikadar kakara tëpang.

9. Turna Turni barang ningal, ka Sang Putra Nursadjati, serab ku ningal kasepna, sarta leuwih nandang isin, Turna Turni tjaralik, Sang Radjapinutra njaur, paman teh tangtu pisan, ka putra moal tingali, tina marga kakara tëpang ajeuna.

10. Bilih paman hënteu tërang, ka diri putra pribadi, putra teh Purnama Alam, salaki Dewi Pramanik, barang Ki Turna nguping, saur Sang Pangeran Sunu, Turna tëras mundjungan, bari njëbat nuhun teuing, ditëpangkeun kalawan kawiludjëngan.

11. Ajeuna atuh sumangga, ka rorompok geura tjalik, enggalna Sang Radjaputra, sarëng rai Sang Pramanik, ti dinja djëngkar deui, ka puntjak Gunung Sirkawur, gantjangna sadajana, geus sumping tëras tjaralik, tëngah bumi alkëtip buludru sutra.

12. Radjaputra hënteu heran, kaajaan Turna Turni, parabot panggeusi imah, sabab geus ngadangu tadi, tuturan Sang Pramanik, waktu di bumi Sang Wiku, Pandita Ragatoja, ajeuna tetela sidik, teu sulaja tina tjarios garwana.

13. Leueuteun ënggeus sadia, rupi-rupi anu amis, malah aja sarikaja, sumawonna bugis kotji, Sang Putra djeung Sang Dewi, Dewi Pursita teu kantun, riungan barang tuang, ari Manetja Manetji, tjuplak-tjeplak dahar gula djeung kalapa.

14. Turna Turni hënteu anggàng, sarëng Sang Putra Sang Dewi, di bumi ngiring riungan, sarta gupjak leuwih-leuwih, manahna Turna

Turni, hanteu suwung ka Sang Sunu, mudji tira saena, saumur kakara manggih, anu kasep tjahja gumilang gumëbjar.

15. Ieu mah beunang disëbat, mungguh di djaman kiwari, estu mustikaning rupa, katurug-turug ku mandjing, djeung garwana Sang Dewi, estu surup nurub tjupu, asup kana babasan, dewata djeung widadari, da kasurung ku tjahja dunja-aherat.

16. Teu lami piundjuk Turna, paman istu laksa-këti, mënggah nandang kanuhunan, wirehing parantos nampi, sipat pangasih galih, kërsa kana muru-muru, sarumping ka nu hina, pagunungan tëmpat laip, anu kirang geusaning kautamian.

17. Sang Radjaputra ngandika, eh paman tong aja galih, rumaos kirang utama, ku sakieu oge leuwih, tina marga utami, mungguh kaajaan gunung, malah kenging disëbat, sanes pandena di sisi, kewës pantës pëdaran kota nagara.

18. Nadjan putra sanes pisan, pang dongkap ku aja pambrih, malar kana panjuguhan, mung maksud putra nu jakti, aja dua përkawis, margi diburu disusul, ka hidji hajang tëpang, sarëng paman nu sajakti, maksud bade babakti ku kanuhunan.

19. Wireh nampi tjaritaan, ti pun bodjo Nji Pramanik, manehna nampi piwëlas, ti kërsa paman sajakti, kapungkur dipiasih, didamël putra satuhu, diangkën dirawatan, dumugi dipusti-pusti, siang-wëngi dililipur dilëlëdjar.

20. Putra raos kahutangan, ku pangadji taja tanding, nu tanpa wilanganana, naon anu geusan mandjing, baris majar pangasih, ka kërsa paman nu istu, marga waktos ajeuna, diri putra nu sajakti, sa-kieuna ku paman ge kauninga.

21. Amung wungkul kanuhunan, sarëng bakti sëtya ati, dupi dua përkawisna, kang putra marga dumugi, sarëng pun bodjo deui, katilu ieu pun dulur, wasta Dewi Pursita, adi putra nu sajakti, dupi ieu wasta Manetji Manetja.

22. Putra Sang Srimaha Radja, nagara Sagara Keusik, pang sadaja sami dongkap, ka pangkon paman sajakti, maksud hajang tingali, këbon di puntjak Sirkawur, tina aja wartosna, ieu tëmpat teh paranti, pamëgatan hidajat geusan daradjat.

23. Djadi putra ge ajeuna, ka kërsa paman rek ngiring, mudja dina ieu tëmpat, manawina aja milik, putra kana dumugi, kenging kurnia Nu Agung, Allah anu kawasa, makbul sakarëping ati, ku pangaruh Sirkawur ngawur tër buka.

24. Manawi piwëlas paman, ka putra kërësa nampi, ngiring kana

kékëbonan, diadjar ngadjuru-tani, matjul ngored djeung namping, naon bae sapiwuruk, pendekna diri putra, sumëdja kumurëb ngiring, djadi gandek ngadjagi sapiwarangan.

25. Teu lami ngawangsul Turna, bari gumudjëng njikikik, përkawis eta dawuhan, katampi hënteu katampi, mënggah ku paman jakti, katampina rebu nuhun, Agan aja kërësa, tjalik di nu hina laip, ngadjalankeun sabar ku kateu-ajaan.

26. Dupi hënteu katampina, wirehing Agan milahir, hojong kana padamëlan, kana titi djuru-tani, anu kalintang laip, ngojos ngaseuk ngored matjul, eta ku diri paman, moal katampi teh teuing, tina margi gamparan sanes lajakna.

27. Sinarëng emutan paman, nadjan salamina linggih, hënteu aja padamëlan, montong aja sëmang galih, kana inggis teu mahi, tuangeun di siang-dalu, tina margina paman, estu sanggëm mo sumingki, ngaladenan tuangeun salira Agan.

28. Mung supados kajaktosan, luntur galih kërësa mukim, dina ieu pagunungan, Sang Radjaputra teu lami, ka Turna seug ngalahir, mënggah putra itung-itung, diadjar padamëlan, babaran mitra nu tani, këdah tërang pangaturan pëpëlakan.

29. Ngemutkeun dina ahirna, kumaha mun taja milik, ngadjalankeun tjongo kalam, pinasti moal walagri, aja di alam lahir, ripuh ku loba kabutuh, sanadjan aja kadar, katitisan djadi bëstir, kudu bisa pikeun njontoan ka rajat.

30. Teu lami ngawangsul Turna, dupi kitu mah panggalih, paman teu ngalalangkungan, estu sumangga teh teuing, hojong kana tingali, padamëlan djuru patjul, ngarah babak panangan, amung ulah tina awit, didamëlkeun karana parentah paman.

31. Gantjangna ieu tjarita, sanggeusna tamat wawarti, pasal kahojong Sang Putra, kërësa diadjar tani, tëras diganti deui, ku pasal Turna piundjuk, ka Sang Radja Pinutra, pokna pun paman pamugi, nëda lëdjar Agan teh kërësa wawarta.

32. Awit Agan pang kieuna, tjumangking prihatos galih, anu lintang marga nista, lunta ti kota nagari, mugi paman paparin, katërangan anu estu, Radjaputra ngandika, taja pamëngan teh teuing, paman hojong tërang di babad kang putra.

33. Teu lami Radjapinutra, njarios ka Turna Turni, babad lalakon andjeunna, ti awit tëpung djeung rai, Sang Dewi Paramanik, dugi ka waktu ditënung, ku Sang Ratu Ambarak, tina nampik ka Kaswati, dongkap kana waras ku sowara Kumba.

34. Sarta dumugi ka mangsa, kaluar ti guha tjandi, dibawa ku Nji Manetja, ka Rësi Komar Tohidi, patëpang sarëng rai, Dewi Pramanik nu estu, sarta dugi ka mangsa, nampi piwuruk Sang Rësi, dikëdahkeun ka Sirkawur pangëbonan.

35. Nja dumugi ka harita, tëpang sarëng Turna Turni, barang Sang Putra geus tamat, wawarti ti awit tadi, Turna sinarëng Turni, hookeun tina ngadangu, babad Radjapinutra, matak këlär matak këtir, Turna Turni kaget sarta gojang sirah.

36. Djeung njëbut astaga illah, kutan teh aja dëdëmit, anu purah ngabinasa, istuning eta mah leuwih, ratuning murka ati, djudjur kana laku hasud, amung pamuga-muga, dienggalkeun ku Jang Widi, ditum-purkeun si murka djuru hianat.



Asmarandana

1. Sang Putra tamat wawarti, babad salira andjeunna, Dewi Pramanik ngagëntos, marga dipërdih ku Turna, tina sabarang djëngkar, ti puntjak Gunung Sirkawur, sarëng Sang Ratna Suminar.

2. Disaurkeun ku Pramanik, ti barang djëngkar ti dinja, bade lolos ngalalakon, ka tëtëlar Langlangsona, dongkap ka hidji tëmpat, tëtëlar dilingkung gunung, ngaran tégäl Awat-awat.

3. Sartana kana dumugi, liren di sisi walungan, Lariburi leuwih ngentjong, dugi kana dirangkulan, ku Manetji Manetja, disëbat aneh kalangkung, djeung ditërangkeun asalna.

4. Disaurkeun ënggeus sumping, ka tëtëlar Langlangsona, patëpang sarëng Narpatos, Ratu nagari Banuja, djeung Raden Gëndarata, disaurkeun teu kaliru, sakur-sakur nu kapëndak.

5. Dugi ka waktu teu eling, lantaran ku ningal sërat, ari emut keur dipangkon, ku Njai Dewi Pursita, di djëro kadjuaran, sarta dumugi ka tëpung, sarëng raka Sang Pinutra.

6. Sanggeus tamat Sang Pramanik, njarios babad andjeunna, Turna kaget sarta naros, naha di mana ajeuna, tuang rai Sang Ratna, Dewi Pramanik ngawangsul, tangtos aja di Banuja.

7. Tina marga geus ngahidji, Nji Putri Ratna Suminar, sarëng saderekna tulen, Sang Ratu nagri Banuja, malah geus rërëmpagan, bade ngarurugan pupuh, nangkëp Sang Putiasukma.

8. Ngahulëng Turna djeung Turni, tina nguping tjariosan, kërsana

Sang Adjëng Putren, bade ngararugan përang, manahna gëgëndjotan, handjakal ku waka sëpuh, hënteu bisa nongton përang.

9. Hojong ningal Ratu Putri, tandangna di pangpëranan, meureun lir dadali bae, kitu lëbët manah Turna, sarta teu lami tëras, Turna ngaos tawil umur, pajuneun Sang Radjaputra.

10. Nëda ka Jang Maha Sutji, Sang Adjëng Ratna Suminar, wiludjëng tanpa tjojoge, digdjaja nja pëpëranan, hënteu njarah bahaja, doana Turna sakitu, raong amin sadajana.

11. Teu lami Turna ngalirik, ka Njai Dewi Pursita, atuh na saha ieu teh, ari sanes Sang Ratna mah, tina paningal paman, asa teu geseh sarambut, rupina sarëng Sang Ratna.

12. Lëbët ka basa kiwari, lir kaja kalangkang ngatja, sapasang teu pisan geseh, leuwih² tina këmbar, lir barang satjitakan, Sang Radjaputra gumuju, sarta dibarung ngandika.

13. Lamun didjieun kamedia, sok tada teuing rarisna, Pursita djeung Njai Putren, garumudjëng sadajana, nguping saur Sang Putra, Pursita imut tumungkul, isin ku pada ngagondjak.

14. Sang Putra ngalahir deui, ka Turni sarëng ka Turna, bilih paman teu waspaos, ka ieu Njai Pursita, lantaran nëmbe tëpang, ieu putra ama Wiku, pasantren di Ragatoja.

15. Milu ka Njai Pramanik, kawuwuhan dipiwarang, ku kërsa ama Pasantren, sina diadjar sagala, përtata di nagara, undak-usuk djeung panëmu, bagbagan kapërtjekaan.

16. Pandjang lamunna ditulis, pasal anu dipiwarang, tatamu djeung nu katamon, pendekna mah sadajana, praputri djeung Sang Putra, tëtëp linggih di Sirkawur, diurus ku Turni Turna.

17. Turna Turni reugreug pikir, diajaan Putri-Putra, raos tambah bëtah bae, aja dina gunung eta, siang wëngi teu këndat, ngaguruh gunëman saur, pikeun djalanna tërbuka.

18. Tunda Sang Nurasadjati, geus tëtëp tjalik di dinja, malikan deui tjarios, kotjap nu aja di guha, bandjar karang panjiksaan, waktu Sang Putra dibantun, ku Njai Endang Manetja.

19. Arja Kumba Aringaring, sarëng Mantri Padjarangan, ngaronda angkat ngarendeng, ngidër sadjërning guha, bisi aja nu ruksak, gonggo guha Bungbungümur, lantaran anu ngopenan.

20. Kumba reudjeung Mantri Ginggi, sabada angkat ngaronda, sami warangsul ka gëdong, Bandjaran Karang Kamuljan, tëmplat linggih Sang Putra, maksudna bade piundjuk, ka Sang Pangeran Pinutra.

21. Mëntas ngaronda ngaroris, wiludjëng taja kakirang, tapi barang

darongkap teh, Ginggi sarëng Arja Kumba, langkung-langkung kagetna, wirehing Sang Sunu suwung, di gëdong Karang Kamuljan.

22. Diteangan teu kapanggih, kamar² pagulingan, diungkab dikurakoreh, geus sidik hënteu ajana, Radjaputra djeung semah, utusan Sang Ratna Aju, nu ngaran Endang Manetja.

23. Tëras Kumba Aringäring, reudjeung Mantri Padjarangan, këlënonng nitirkeun bënde, tangara katitiwasan, ngumpulkeun babaturan, djuru tugur Bungbungümur, gantjangna sadaja dongkap.

24. Sanggeus kumpul para mantri, sakur pëndjaga di guha, Mantri Ginggi seug njarios, pokna eh batur nu matak, dikumpulkeun sadaja, pramantri di Bungbungümur, poma ulah sënang-sënanng.

25. Karana ajeuna manggih, pigeusaneun nandang susah, anu leuwih-leuwih gëde, lantaran Pangeran Putra, ajeuna hënteu aja, di Bandjar Karang Ratnaju, diteangan teu kapëndak.

26. Tapi sangka wuri-wuri, tadi aja anu datang, piwarangan Sang Pinutren, ka Radjaptra Purnama, dulur Ratu Rundjana, rupa djiga kutuk-kutuk, datangna ngabantun surat.

27. Ku sabab eta pinasti, lamun Sang Pinutra musna, urang tangtu tiwas gëde, ku kërsa Sang Adjëng Ratna, kana meunang hukuman, sarerea oge maphum, di adat dunungan urang.

28. Walon Mantri Baraspati, purah tugur lawang guha, kaula mah teu mangartos, mun aja anu njarita, pang sëpina kaluar, lantaran kaula tunggu, samënit taja ingkahna.

29. Arja Kumba Aringäring, ngandika ka sadajana, ajeuna mah haju bae, urang ngadeuheus ka Radja, nagri Tolongtëlëngan, piundjuk supaja maphum, Sang Radjaputra teu aja.

30. Sabab mun teu gasik-gasik, djadi leuwih-leuwih salah, taledor këndor nja lapor, Mantri Ginggi djeung sadaja, sami rëmpag ka Kumba, ngadeuheus ka Kandjëng Ratu, gantjangna harita tëras.

31. Kumba sarëng Mantri Ginggi, duaan nu ka nagara, katjatur dongkapna bae, Kumba Ginggi ka pamëngkang, sartana dumadakan, nudju kumpulan praratu, sabawah Tolongtëlëngan.

32. Barang Sang Radja ningali, ka Ginggi sarëng ka Kumba, ngadëg sarta sëmu kaget, tina lantaran katingal, rupi Ginggi djeung Kumba, gudag-gidig bangun rusuh, mawa përkara kareuwas.

33. Gek tjalik Aria Patih, njëmbah pajuneun Sri Nata, sarta ladjëng diparios, Arja Kumba ku Sang Radja, eh Arja Patih Kumba, naon anu dipimaksud, nu matak datang ka kula.

34. Ngawangsul Aria Patih, abdi Gusti margi dongkap, sumëdja

undjuk waspaos, wirehing ajeuna putra, Sang Pangeran Purnama, teu aja di Bungbungümur, ti Bandjar Karang Kamuljan.

35. Dikotektak dipilari, amung musna teu kapëndak, lolosna hēnteu katangen, mung abdi Gusti sumangka, Sang Putra hēnteu aja, dina guha Bungbungümur, wirehing aja nu dongkap.

36. Ka gēdong Bandjaransari, awewe wasta Manetja, utusan putra Sang Putren, Sang Adjēng Ratna Suminar, ka Sang Pangeran Putra, njaur ieu Mantri Ratjun, dikēdahkeun ka Banuja.

37. Dupi margi abdi Gusti, teu tērang putra lolosna, wireh abdi Gusti mios, ngaronda lēbēting guha, Manetja anu aja, ngadeuheusan ka Sang Sunu, waktos ku abdi ditiar.

38. Barang wāngsul abdi Gusti, njondong Putra hēnteu aja, di Bandjarkarang kaputren, ku margi eta pamaksad, Gusti djadi uninga, barang Sang Prabu ngadangu, kana piundjukna Kumba.



Pangkur

1. Sumiak paromanana, lēsu sēmu dipupul baju badis, lir kaja kapuk kaibun, tina bawaning reuwas, diundjukan jen leungit Pangeran Sunu, ampir-ampir kapidara, bawaning tērēsna galih.

2. Margana Sang Sri Mah' Radja, ka Sang Putra langkung-langkung nja asih, raos putra nu satuhu, samalah harita mah, miasihna langkung ti ka Ratna Aju, didamēl putra geugeuhan, diugung dipusti-pusti.

3. Sabab djadi panarosan, kana sakur ilmu agama sutji, djadi guru para ratu, kadua pērkarana, babakuna sieun ku Sang Ratna Aju, tangtu nēmpuhkeun ahirna, mun tēras Sang Putra leungit.

4. Pinasti djadi baruntak, sawēwēngkon nagri puséring bumi, di-amuk ku Ratna Aju, kitu manahna Radja, hanteu lami Sang Prabu ladjēng ngadawuh, ka para tumēnggung arja, nu hadir di pantjaniti.

5. Ajeuna tangtu tjilaka, titis-tulis kulak tjanggeum nja diri, tinēmu reudjeung pakewuh, geusan kabaruntakan, ku lantaran si Udjang ajeuna suwung, leungit ti Bandjaran Karang, Bungbungümur guha tjandi.

6. Tjing atuh ku sadajana, kēdah pisan pilari sing kapanggih, sawēwēngkon bumi pitu, sartana masing beunang, nu mawana Manetja kudu bēlēnggu, urang siksa nu biasa, di djero kamar wērēdjit.

7. Sadaja nu ditimbalan, njumanggakeun ka Sang Prabu Saksari, sami budal ti kadatun, nu ka kulon ka wetan, djeung sawareh anu ka

kaler ka kidul, ari Ginggi sarëng Kumba, masih ngadeuheus di puri.

8. Sri Maha Prabu ngandika, sĕmu mĕsum ka Kumba djeung ka Ginggi, maraneh lir lain djadug, tamtama ing ngalaga, tameng dada senapati nu geus mashur, tatapi kitu buktinja, taledor nu leuwih-leuwih.

9. Bĕt bongoh beunang dihina, diwiwirang ku bangsa djuru paling, katurug-turug tjatjatur, sangka anu mawana, bĕt awewe nu teu pantĕs nu teu patut, komo mun ku lalaki mah, tĕrkadang kabokong pati.

10. Kami mah bati susahna, tangtu djadi tjilakana di ahir; upama ĕnggeus katĕmbus, ka Nji Ratna Suminar, tangtu djadi baruntak sabumi pitu, sarerea oge tĕrang, adatna anu paranti.

11. Tatapina ajeuna mah, pikeun kami moal neangan deui, djurigna nu gawe hasud, nu maling Ki Purnama, atawana binasa wani ngabunuh, tangtu maraneh duaan, lamun teu kapanggih deui.

12. Da moal aja nu bisa, anu asup ka djĕro guha tjandi, panjiksian si Bungbungĕmur, lian ti maraneh mah, anu ĕnggeus dipĕrtjaja kana tugur, kalawan aja tetesan, bisluitna ti si Njai.

13. Ku sabab kitu ajeuna, lamun hĕnteu ku maraneh kapanggih, dina sadjĕro saminggu, kami teh tangtu pisan, Arja Patih Lunga-barahma diutus, ka Njai Ratna Suminar, ngabedjakeun Nurasdjati.

14. Ku maraneh dibinasa, dileungitkeun ti djĕro guha tjandi, digĕ-bruskeun kana ratjun, pangna taja buktina, disĕbutkeun aja nu maling ngarĕbut, eta kitu mĕnding mana, pĕrtimbangan diri kami.

15. Los ajeuna geura mulang, ditempoan ku kami anu pasti, dina sadjĕro saminggu, Ginggi djeung Arja Kumba, reuwas sieun nampi saur Maha Prabu, teu lami njĕmbah pamitan, ti pajuneun Sang Narpati.

16. Mulang kana djĕro guha, njampak batur pramantri djuru kĕmit, masih kumpul gunĕm tjatur, pasal leungit Sang Putra, barang djĕbul Ginggi djeung Kumba tjarunduk, sadaja kapala guha, tataros ka Mantri Ginggi.

17. Ngalahir Aria Kumba, ka sadaja pramantri guha tjandi, bo batur djadi nawuku, ngabeuratkeun ka urang, asup basa pur kuntul ngan kari tunggul, lar gagak kari tunggakna, urang teh pasti balai.

18. Diteumbleuhkeun pang euweuhna, ditudingkeun pagar urang nu meuntjit, dikulub di kamar ratjun, istu nu mohal tea, malah-malah nempoan djĕro saminggu, lamun hanteu kaparĕndak, urang nu dihukum pati.

19. Tatapi ĕngke heulaan, ngaran Kumba rek didjieun gaganti, pikeun numbu umur batur, memeh beak tarekah, ngan kadjaba lamun kadar ti loh mahpud, nja mo beunang dihalangan, ngan kari sumĕrah diri.

20. Kieu bae ajeuna mah, sarerea masing tĕtĕp tjaringtjing, di guha

gawe sing udjur, sabot Gunggi djeung kakang, arek njusul si Manetja djurig hawu, sarta rek tĕrus undjukan, ka kĕrsa Sang Ratu Putri.

21. Tina sabab si Manetja, pang datangna utusan Ratu Putri, ka kĕrsa Pangeran Sunu, buktina dina sĕrat, da urang mah diingĕtkeun hĕnteu luput, tjampoleh kana ngadjaga, mun taja tetesan Putri.

22. Sadajana ngarĕmpugan, kana maksad Kumba djeung Mantri Ginggi, gantjangna anu ditjatur, Ginggi djeung Arja Kumba, tĕras mios ti guha si Bungbungĕmur, ka luar tina lawangna, bĕlĕsat ngambah wiati.

23. Gantjangna ieu tjarita, tunda heula Kumba djeung Mantri Ginggi, masih ngalajang di luhur, kotjap nu di Banuja, Sang Sri Maha Ratu sarĕng Ratna Aju, tĕtĕp hanteu asa-asa, tĕtĕsna saderek jakin.

24. Harita teu atjan djĕngkar, rek nangkĕpna Sang Putiasukma 'Dji, sabab aja nu ditunggu, Ki Mantri Padjarangan, djeung Manetja ku sabab teu atjan tjunduk, ti nagri Tolongtĕlĕngan, lamina sabulan leuwih.

25. Harita nudju kĕmpĕlan, di pamĕngkang para bopati patih, gunĕman saur nu baku, babaran kakĕrtaan, ngeujeuk nagri malar nu lĕmbut maradju, nu mulja tambah waluja, repeh raphi eusi nagri.

26. Sabadana sasauran, bab pĕrkara ngeujeuk eusining nagri, tĕrus disambung ku saur, pasal rek ngarurugan, mupakatna para radja buru-buru, nangkĕp Sang Putiasukma, nu rupana siga djurig.

27. Tapi Sang Ratna Suminar, nolak kana kahojong prabopati, tina teu pĕrtjantĕn kalbu, nangkĕp Putiasukma, dirurubung ku balad manusa wungkul, kalah ka hambur rangsoman, sapoena dua kali.

28. Teu lami tĕras ngandika, Adjĕng Ratna ka raka Sang Narpati, barung imut ngagĕlĕnju, tandang adat ngahampas, gular-gilĕr dibarung sorot kurabu, awor djeung tjahja andjeunna, bati gumilang-gumĕling.

29. Duh kakang Sang Sri Nalendra, rai katur undjuk madak katampi kana salĕbĕting kalbu, margana sakalintang, ati rai kumĕndung ngandung kaliwung, bingbang ku nandang salĕmpang, anu hĕnteu aja tanding.

30. Wirehing gujub sadaja, wargi-wargi prabopati nu hadir, bade ngarurug prang pupuh, nangkĕp Putiasukma, amung rai tatjan naros anu istu, ka sadajana prawarga, naha naon anu djadi.

31. Angkeuhan di salirana, pangna wantun ka Putiasukma 'Dji, nu mashur sakti pinundjul, kadua pĕrkarana, naha maphum di rupana anu istu, Parabu Putiasukma, Radja Ambarak kiwari.

32. Upami sadaja tĕrang, di rupana sarĕng saktina deui, nja bĕnĕr

aragëng napsu, kana ngurbankeun njawa, wani kana dibandjur ku banju ténung, kawas nu palaj ngasaan, kana raga djadi tjandi.

33. Kumaha mun balad urang, kēti-kēti kapanggih ku Sukma 'Dji, tuluj dibandjur ku ténung, didjieun kai alas, tangtu pisan djadi leuweung luwang-liwung, kumaha mun dipērēbal, naha urang teu hawatir.

34. Lamun kira sadajana, manah wantun kana bisa ngadjagi, wisaja nu tjara kitu, eta anu ditēda, sarta sae djalankeun masing rahaju, ulah dumugi ka njorang, balai ka abdi-abdi.

35. Tatapi lamun dikira, hēnteu aja anu tiasa adji, elmu pakeun mēgat ténung, supaja ulah mēntal, atuh tjumah karidu-ridu ngabantun, nambah² kasusahan, tērkadang maksud mo djadi.

36. Margi eta ajeuna mah, nu kaemut mēnggah ku pikir rai, sadajana montong madju, nangkēp Putiasukma, sae oge tjalik-tjalik di kadatun, madjēngkeun pangeusi manah, nēda ka Gusti Jang Widi.

37. Muga-muga diidjabah, titis-tulis bagdja diri teu sisip, unggul dina pērang pupuh, ngaran Ratna Suminar, bisa nangkēp motong beuheung djuru ténung, nu ngaran Putiasukma, dēdēmit rerēgēd bumi.

38. Sabab rek rai sorangan, anu madju nangkēp Radja Sukma 'Dji sarēng Ginggi Mantri Ratjun, sina mawa wadia, senapati bebet djin bumi pingpitu, bawahan Tolongtēlēngan, tangtu ku rai dikērid.



Sinom

1. Sri Maha Radja Banuja, sarēng sadaja bopati, raong sami ngawalonan, ka kērsa Sang Ratu Putri, sami sumēdja ngiring, sakahojong Ratna Aju, teu kēdah ngiring pērang, mung dipērilih mudjasmedi, mangnēdakeun Sang Adjēng kawiludjēngan.

2. Gantjangna ieu tjarita, tunda anu gunēm warti, kotjap deui Patih Kumba, djeung Ginggi Mantri Wērēdjit, buar-biur milari, ajana Sang Ratna Aju, ampir hēnteu kependak, ngan parēng panjipta Ginggi, tangtu aja di dajeh Nagri Banuja.

3. Tēras bae didjugdjungan, ku Arja Kumba djeung Ginggi, monteng tina djumantara, djol asup ka pantjaniti, sartana nudju masih, magēlaran di kadatun, hēnteu atjan bubaran, Kumba Ginggi katingali, ku sadaja para bopati aria.

4. Kaḡet sadaja nu ningal, sarta teu salamar galih, ka Ginggi sarēng ka Kumba, ku lantaran tēpung tadi, basa keur waktu linggih, di

tětələr Sulungtubu, atuh sami sadaja, ka Kumba sarěng ka Ginggi, raong pada njarėbat aeh haturan.

5. Sang Adjěng Ratna Suminar, ningali ka Kumba Ginggi, djalingěr bari ngandika, aeh paman Manri Ginggi, naha bět lila teuing, ajeuna kakara tjunduk, reudjeung naon sababna, anu matak wani-wani, mawa ieu Barakgirung parantean.

6. Djeung mana ari Manetja, utusan kula pribadi, naha hěnteu barěng datang, djeung kula hěnteu teh teuing, ka si Manetja djangdji, kudu mawa Barakgirung, sakitan padjarangan, ngala soteh paman Mantri, kudu barěng djeung Manetja ka Banuja.

7. Ginggi hěnteu ngawangsul, kana pamariksa Putri, wungkul tungkul ngutjur kesang, bawaning ku leuwih-leuwih, sieun ku Ratu Putri, ngahulěng susah ngawangsul, sumawon Arja Kumba, eukeur mah sieun ti tadi, wuwuh isin kabuka ngaran nu asal.

8. Ginggi ngawangsul kapaksa, bawaning saur Sang Putri, hajoh djawab hajoh djawab, tapi da bubuhan běstir, sabodona ge mantri, nja tėras bae ngawangsul, mikir basa nu geusan, narik salamėt nja diri, kadjeun rada ukal-ekol ditambahan.

9. Dupi nu djadi margina, hěnteu enggal-enggal abdi, mios ti Tolongtělėngan, wirehing nampi panglahir, ti raka nu sajakti, Pangeran Anom Sang Sunu, waktosna kadongkapan, utusan gamparan jakti, nu kasėbat dina sėrat pun Manetja,

10. Djisim abdi sarěng Kumba, didawuhan ulah tjtjing, di gėdong Bandjaran Karang, kėdah ngaronda ngaroris, sabuděr guha tjandi, kitu dawuhan Sang Sunu, atuh sim abdi tėras, sarěng Kumba Aringėring, ngadjalankeun dawuhan ngaronda guha.

11. Dupi saparantos tjtjap, ngaroris saguha tjandi, kalajan kawiludjėngan, tėras abdi wangsul deui, ka gėdong Bandjarsari, bade rapot ka Sang Sunu, marga kawiludjėngan, amung abdi barang dugi, Sang Pinutra sėwėng di Bandjaran Karang.

12. Malah sarěng pun Manetja, teu aja di djėro bumi, ku abdi sarěng ku Kumba, dikotektak dipilari, salėbėt Bandjarsari, bok bilih njalindung njumput, mung wėleh teu kapėndak, malah tėras djisim abdi, sarěng Kumba undjukan ka Kangdjėng Radja.

13. Gujur di Tolongtělėngan, ubiag para bopati, dupi djisim abdi tėras, didawuhan ku Djėng Gusti, wirehing pangna sėpi, Sang Putra di Bungbungūmur, sarėngan pun Manetja, utusan gamparan jakti, bilih bae djėngkar nėpangan gamparan.

14. Ajeuna teh sajaktosna, maksud teh dua pėrkawis, hidji panjaur

gambaran, dina sĕrat nu katampi, anu kalintang wadjib, ditumutkeun siang dalu, kadua pĕrkawisna, njusul raka bok manawi, kĕrĕsana djĕngkar nĕpangan gambaran.

15. Kitu nu djadi margina, nu mawi sim abdi lami, hĕnteu enggal ngadeuheusan, barang ngadangu Sang Putri, kana piundjuk Ginggi, jen leungit Pangeran Sunu, ilang tandang beragna, ampir geubis tina korsi, tina langkung pĕrlaja lĕbĕting manah.

16. Galih Sang Ratna Suminar, raos mongkleng buta radjin, poek sabuana alam, sadjongdjongan teu ngalahir, ngahulĕng teu lumirik, bawaning mĕndung kaliwung, ilang geusan pangodjah, titi nu saharihari, kantun leuleus kaja kapuk kahudjanan.

17. Tatapina da bubuhan, mahi titi ti leuleutik, kuat adat ti bubudak, tara njangking kurunjinji, wungkul ngumbar kapusing, tjadu mĕgung hawa napsu, ngandaran panasbaran, tungtungna mah nja ngalindjing, tandang dangah taja kabingbang karempa.

18. Ngandika djeung kabĕngisan, ka Kumba sarĕng ka Ginggi, mutuh Mantri Padjarangan, boro mah ku diri kami, didjieun senapati, tamtama di Bungbungĕmur, tapi nĕpi ka njorang, balai nu leuwih-leuwih, kapalingan sipat ratuning titipan.

19. Ieu mah radjaning tiwas, anu hĕnteu aja tanding, tanda taja nu iatna, katjiri hanteu gumati, kana parentah kami, mun kitu kasĕbut wungkul, ngalĕbok gadjih buta, teu ngingĕtkeun kana ahli, kutuk gĕndĕng upama ĕlat gadjihan.

20. Ajeuna kami teu suka, lamun teu kapanggih deui, sarta kami leuwih heran, bĕt anu datang ka kami, bebedja jen balahi, ngan maneh djeung Barakgirung, teu djeung Lungabarahma, ngawangsulana Mantri Ginggi, nudju pĕrlop djuragan Patih teh tadjam.

21. Sang Adjĕng Ratna Suminar, lirik djeung ngalahir deui, saruana reudjeung ama, bĕt taja pisan panggalih, kana titi pamilih, masih nganggap Patih sĕpuh, anu kurang kuatna, kumaha lamun di ahir, aja pasal keributan dinagara.

22. Istuning kurang wiwaha, lir lain pangkat Narpati, tutunggul paseuk nagara, gagabah njeun bisluit, ajeuna geus kabukti, kalĕbuh kana pakewuh, tanda kataledoran, mĕtakeun pangeusi nagri, kurang tjĕpĕt politik tangan-tanganna.

23. Tapi kami teh rek nimbang, ka ponggawa Pusĕrbumi, ku lantaran pang kituna, malik ka kami pribadi, tarima kurang budi, kami boga pikir rusuh, pĕrtjaja ka siluman, dĕdĕmit Sagara Keusik, si Manetja sipat setan bolongkotan.

24. Ngan kami sēmēt ajeuna, përtjajaan ka dëdëmit, prabebet setan rantjana, sanadjan beunang mërëdih, sina sumpah toh pati, moal diandël digugu, sababna kabuktian, si Manetja si Manetji, waktu tëpung morobot sumpah nu nista.

25. Jen bakal satia lampah, bakti diri lahir-batin, tęgësna maksud ngawula, moal serong tjurang ati, sumpahna taruh pati, lamun ahir tekad palsu, tapi geuning ajeuna, wani ngadjalankeun maling, Sang Pramanik reudjeung Sang Purnama Alam.

26. Tapi ku kami kasangka, si Manetja si Manetji, pang maling Radja Pinutra, djeung atjeuk Dewi Pramanik, kawas-kawas pemërduh, dulurna nu djadi ratu, nu ngaran si Rundjana, pinasti atjeuk Pramanik, rek dipaksa dikawin ku si Rundjana.

27. Ari Sang Purnama Alam, kawasna ku sangka ati, maksudna setan Manetja, arek didjieun salaki, dipaksa nadjan mungkir, dipikir mah bët djapilus, Ki Ginggi ngawangsuluan, meureun tjara djalang djangkrik, Ratu Putri ngalieus bari ngandika.

28. Ih si bodo montong aja, utjapan kageuleuh kami, sanadjan ënja kituna, si Manetja si Manetji, kami mendekkeun pikir, sarta moal kana silung, si Rundjana ahirna, sarta sabawahna pasti, rek didjieun ku kami sagara darah.

29. Pikir moal panasaran, lamun ënggeus burak-barik, kasëbut bangsa siluman, wëwëngkon Sagara Keusik, ngan ajeuna teh kami, moal waka kana rusuh, nangkëp Radja Rundjana, si Manetja si Manetji, arek nangkëp heula si Putiasukma.

30. Ngan ajeuna geuwat-geuwat, Mantri Ginggi balik deui, njangga-keun sërati ka ama, Pagusten Pusëringbumi, badaratna mah misti, nambut wadia soldadu, sarta senapatina, nu kapilih rada wani, anu awas sartana djagdjang waringkas.

31. Undjukkeun pang nambut balad, keur baris nangkëp ngabasmu, rasëksa pusër sagara, bapana si Rohongguris, mitra ama nu dalit, ngaran Radja Burusganur, upama teu masihan, pinasti kami teh malik, mo ditolih nadjan sëpah digaradah.

32. Pageto kudu geus datang, kumpulan dina wiati, luhureun ieu nagara, kade pisan Mantri bisi, ëlat sapërti tadi, ajeuna mah mo' dima'lum, ku kami disusulan, ku pëdang nu leuwih ramping, potong serong tërüs digiling di guha.

33. Pek ajeuna geuwat-geuwat, indit ka Pusëringbumi, ari ieu Arja Barak, djëdjëbolan ramo kami, montong ka mana-mëndi, tjitjing reudjeung kami tunggu, lamun aja pikiran, maksud ngawula ka kami,

tjara bedja omongan di Padjarangan.

34. Tapi mun boga pikiran, bĕtah keneh djadi iblis, ka si Burus rek bumela, los ajeuna geura indit, ka si Burus pupulih, ari hajang sumpung irung, atawana dikampa, digodog dina wĕrĕdjit, meungpeung lapar pangeusi Karangpanjksan.

35. Barakgirung ngawangsulun, galat ku tina bawaning, sieun ku Ratna Suminar, saurna duh Ratu Putri, dupi emutan abdi, sewu-sewuning panuhun, gamparan aja manah, sumangka ka diri abdi, kumawantun mĕnggah ka lĕnggah gamparan.

36. Ku margi waktos ajeuna, emutan teu aja deui, amung sumĕdja tumĕras, ti lahir dumugi batin, ka gamparan sajakti, bela pati nu satuhu, kalajan taruh sumpah, bilih serong pikir abdi, mo' djamuga ti dunja dugi aherat.

37. Ngandika Ratna Suminar, tong njeun piandĕl kami, bidjil sumpah laklak dasar, bisi di ahir pinanggih, gogoda kana diri, kadjeun nintjak sumpah palsu, umum adat rasĕksa, tjonto si Manetja iblis, to-tonggengan bari leweh utah sumpah.



Magatru

1. Sanggeus njaur Sang Putri ka Barakgirung, tĕras miwarang deui, ka Ki Mantri Djuru Ratjun, hajoh Mantri geura indit, hanteu lami Ginggi mios.

2. Radja Putri lumirik tĕras piundjuk, ka raka Sang Narpati, tjobi galih sing kamaphum, istu teu ku hanteu teuing, ku roa djalan pangrewong.

3. Anu nungtun kana geusan kusut maksud, awit leungit Sang Dewi, ajeuna leungit Sang Sunu, duanana matak djadi, kasialan nja pangraos.

4. Amung rai ku pasal leungit Sang Sunu, hanteu djadi sumingki, atawa ngungun kaliwung, nanging ku leungit Sang Dewi, kalintang raos prihatos.

5. Tina margi ngemutkeun anu satuhu, wireh parantos nampi, piwuruk sugri panĕmu, wiwintjikan diri mori, tĕrbuka djalan pangraos.

6. Kenging oge disĕbat rai teh guru, ka Sang Dewi Pramanik, mung tatjan parĕng sumurup, pĕrtiti sipat raspati, ma'lum sadaja ge ngartos.

7. Karugĕlan njurupkeun elmu nu luhung, wiwintjikan sadjati,

wungkul mawur kana tjatur, bati nitis kana biwir, reudjeung lalakon mah gengsot.

8. Eta kitu nu mawi dianggo ngungun, salèmpang rai bilih, dika-darkeun ku Jang Agung, teu tiasa tēpang deui, sarēng Sang Dewi paguron.

9. Tangtos rai buñtu sakarēping napsu, nungtik pangeusi ati, ngadjadi burung tinēmu, kasilih ku guru leungit, tētēp panēmon kaman-djon.

10. Anu mawi ajeuna rek buru-buru, ngabasmu djuru djulig, nu ngaran si Burusganur, saparantos salse pasti, rai mah bade ngadolos.

11. Udar-idēr sanadjan nēpi ka lampus, lamun tatjan kapanggih, moal wēleh njusul-njusul, djēnēngan Dewi Pramanik, mēnggah ku rai pribados.

12. Sang Banuja ngandika ka Ratna Aju, kakang ngan ngiring ati, mangnēdakeun ka Jang Agung, mugi-mugi masing hasil, laksana sugri kahojong.

13. Hanteu lami ngandika deui Ratnaju, ka Gēndarata Rēsi, tjobi rai nēda tulung, njuhunkeun pamēlēng galih, kalajan anu sajaktos.

14. Duanana Sang Dewi sarēng Sang Sunu, ku kintēn aja deui, pigeusaneun bisa tēpung, awal atawana ahir, Sang Gēndarata ngawalon.

15. Hal pērkawis hojong maphum anu estu, ka Nji Dewi Pramanik, sarēng ka Pangeran Sunu, manawi pērtjantēn galih, ka pun kakang anu bodo.

16. Tangtos pisan Sang Adjēng ēngke ka pajun, kana patēpang deui, sarēng Nji Dewi Sang Sunu, kalajan kasirnan galih, nu taja wangēna raos.

17. Margi eta pun kakang katur panuhun, waktos ajeuna mugi, ulah didjudjur kaemut, ka raka Dewi Pramanik, tēraskeun heula kahojong.

18. Bade djēngkar kana ngarurug prang pupuh, pamērih dina galih, supados lulus rahaju, nēda ka Gusti Jang Widi, tiasa kana ngabojong.

19. Hanteu lami Ratna Suminar ngawangsul, nuhun upami jakti, tiasa deui patēpung, sakitu anu dipambrih, nadjan rai moal towong.

20. Nēda-nēda ka Gusti Nu Maha Agung, nandang rahaju diri, nangkep ngaran Burusganur, ngadjait sēpah prawargi, tina geusaning bēbēndon.

21. Sanggeus tamat tjarios Sang Ratna Aju, reudjeung Sang Raspedi, para bopati tumēnggung, praarja patih pramantri, sami bubar ti karaton.

22. Barakgirung tētēp ngiring Ratna Aju, di Banuja nāgari, Ratna

Aju langkung-langkung, nandangan tērēsna galih, ku djalan leungit Sang Anom.

23. Ngan disidēm dina salēbēting kalbu, teu bētus kana warti, inggis djadi tjatur batur, beurat pikir ka lalaki, anu tatjan sapagodōs.

24. Disēbutkeun aeh-aeh geuning kitu, djin mah sok leumpeuh juni, kitu manah Ratna Aju, inggis pada nuding-nuding, teu beda reudjeung si Rohong.

25. Amung manah nu kumēndung lir halimun, gēgētun leuwih-leuwih, ka Manetja nu ngabantun, hojong geura njisit meuntjit, bawaning ku pusing abot.

26. Saban dintēn njeukseukan ka Barakgirung, ari keur nudju sēpi, Meswari atawa Ratu, ka Barak njēbut si djurig, keur djiga barong teh bodo.

27. Barakgirung tara ngawangsul ngan tungkul, tapi sok radjeun seuri, ku adat Sang Ratna Aju, ku taja usumna pusing, ngan lumajan ogor artos.

28. Tangtu pandjang nutur pērtata Ratnaju, gantjangna nu digurit, kotjap deui Mantri Ratjun, ēnggeus dongkap ka nagari, ngadeuheus ka Sang Narpatos.

29. Dipariksa Ginggi ku Sang Maha Ratu, lantaran balik deui, ku Mantri Ginggi diwangsul, diundjukkeun tina awit, mios njusul djuru tjolong.

30. Sarta bari njanggakeun sērat pangintun, ti kērsa Ratu Putri, nu baris ka Kangdjēng Prabu, sarta harita teu lami, sērat ku Radja diaos.

31. Saungēlna kamaphum ku Sang Parabu, jen putra Ratna Putri, mundut wadia soldadu, sarēng bangsa senapati, kērsana bade ngorojok.

32. Nangkēp radja nu djēnēngan Burusganur, Sang Sri Maha Saksari, gumēbēg manahna langkung, aringgis Putri nu sisip, ku Burusganur kabojong.

33. Tina tērang saktina Sang Burusganur, anu teu aja tanding, kitu manahna Sang Prabu, tēras ngalahir ka Ginggi, dibarung mēsūm pasēmon.

34. Aduh-aduh naha ngumbar teuing napsu, si Njai kumawani, tarung reudjeung Burusganur, Radja nu pinundjul saikti, loba bupati nu djēbol.

35. Kawas tatjan manggihan bedja nu husu, jen Burusganur sakti, lain lajak pikeun musuh, kudu disobatan dalit, pikeun paguron palugon.

Asmarandana

1. Radja njaur ka Meswari, Njai ieu geura watja, istu matak sēber hate, surat ti Ratna Suminar, menta wadia balad, maksudna arek ngarurug, ka Radja nagri Ambarak.
2. Ĕngkang mah bēt paup teuing, tina kitu taladjakna, si Njai ku ngumbar hate, ngarurung ka nu santosa, digdjaja pērkosana, mungguh Radja Burusganur, aringgis si Njai pēdjah.
3. Meswari ngalimba nangis, kumaha atuh pētana, si Njai bēt ku ngadolos, kana sagala pērkara, istu ngumbar amarah, teu nurut kana pamukpruk, abdi mah geus raos taak.
4. Diri mah geus kurunjinji, raraga sampe ngajakas, hanteu ngeunah dahar sare, lantaran mikiran anak, ku kitu taladjakna, abong-abong anak kukut, beunang pupudja tatapa.
5. Dibelaan njēnen-ngēmis, puasa dina wēdalna, suganna hatena pepes, anggur bēt tambah ngagedag, kana kabalakaan, sakitu dipandjang-pundjung, hadjat sipat hahampangan.
6. Ajeuna mah pikir abdi, ngan kantun sadrah sumadrah, ka Gusti Jang Maha Manon, anu ngajakeun dirina, muga djeung salamētna, pandjang umur tur rahaju, si Njai Ratna Suminar.
7. Hanteu lami Sang Narpati, njaur Raden Arja Patya, Lungabrahma nu kasohor, sarta hēnteu lami dongkap, njēmbah pajuneun Radja, tēras Sri Mah' Radja njaur, ka Arja Lungabrahma.
8. Didawuhkeun ku Sang Adji, pasal Sang Ratna Suminar, arek ngarugrug ngarajok, ka Radja nagri Ambarak, Sang Burusganur tea, Aria Patih ngawangsul, emutan abdi Dalēm mah.
9. Sewu-sewuning pamugi, ulah djadi rempan manah, ku pērkawis Sang Pinutren, bade aja pangērsana, nangkēp Radja Ambarak, djēnēngan Sang Burusganur, abdi Dalēm teu salēmpang.
10. Nadjan Burusganur sakti, gagah digdjaja pērkosa, abdi Dalēm nangguh bae, jēn Putri Dalēm Sang Ratna, mohal hanteu iasa, newak Radja Burusganur, dina tēngah danalaga.
11. Malah abdi Dalēm pasti, bade ningal ka Ambarak, mung bade njulumun bae, atanapi ti nu anggang, dupi ngiring pērang mah, panuhun parantos ripuh, ngemutkeun ku kakolotan.
12. Ngandika Sang Sri Narpati, sanadjan kakang ge moal, milu

ngarurug ngarojok, halangan dua pĕrkara, hidji ku kakolotan, babari eungap ngahandju, geus teu kaop leumpang gantjang.

13. Dipikir goreng teh teuing, ulubiung djeung barudak, meureun kadupak katoker, ari dua pĕrkarana, anu djadi halangan, mun milu kana ngarurug, ka Radja nagri Ambarak.

14. Lantaran geus njobat dalit, anu teu aja hinggana, kakang djeung Burusganur teh, ahir-ahir kieu pasal, anu taja asalna, ari kakang kantun bingung, era ku Radja Ambarak.

15. Tapi ku kakang kaharti, pangna Nji Ratna Suminar, rek nangkĕp Burusganur teh, tinangtu nu djadi sabab, asal Purnama Alam, ditĕnung didjieun batu, ku Radja nagri Ambarak.

16. Tinangtu dibalĕs pĕti, Burus ku Ratna Suminar, djeung putrana Njai Rohong, djeung deui ieu pĕrkara, pinasti tutulujan, kabuka rasiah Burus, binasana ka manusa.

17. Malah kakang rada risi, aringgis Sang Burus ngambat, atawa disangka pongkol, ku Njai Ratna Suminar, kana pasal hianat, lantaran njobat satuhu, kakang djeung Radja Ambarak.

18. Kadua pĕrkara deui, aringgis Ratna Suminar, awal-ahir djadi njaho, manehna tĕrah manusa, putra Sang Langlangsona, nu ajeuna keur ditĕnung, ku Radja nagri Ambarak.

19. Kadangkala kana djadi, tunggara kabaruntakan, lamun manehna geus njaho, beunang njolong ngabongohan, ti Sang Radja Manusa, tinangtu malik ngarurug, ngarojok ngabasmu urang.

20. Ngawangsul Aria Patih, abdi Dalĕm ge kemutan, langkung tina rempan hate, ngemutkeun ku pasal eta, awit putra Sang Ratna, paur upami kabitur, tangtu pisan uru-ara.

21. Mung emutan abdi Gusti, manawina karĕmpagan, kalajan galih Pagusten, supados putra Sang Ratna, dina awal ahirna, upami parĕng kabitur, supados teu tĕtĕrasan.

22. Kana nandang pusing galih, ngaruksak ka sadajana, sapangkon Dampal Pagusten, manawina ajeuna mah, kĕdah pilari heula, puntangan-neun Gusti estu, Pangeran Purnama Alam.

23. Tina margi Putra Gusti, Sang Adjĕng Ratna Suminar, tangtos moal kĕbat bae, upami aja eta mah, tina margi kantĕnan, dihalangan ku Sang Sunu, pusingna Sang Adjĕng Ratna.

24. Teu lami Radja ngalahir, ka mana neanganana, tina sabab hĕnteu njaho, tĕmpatna anu malingna, anu ngaran Manetja, tapi lamun ĕnja kitu, kakang mah rek luluasan.

25. Rek lunta ka mana-mĕndi, neangan Purnama Alam, sawĕwĕng-

kon dunja bae, lamun tatjan kapanggih mah, moal wěleh neangan, sanadjan satutup umur, dibelaan mērih raga.

26. Tatapa djeung mudjasmedi, ka Gusti nu murbeng alam, nēda tērbukaning hate, tēmpatna Purnama Alam, kitu pikiran kakang, Aria Patih ngawangsul, abdi Dalēm ge ngiringan.

27. Mios ti ieu nagari, margi hēnteu wantun pisan, saupami dikantun teh, sieun ku Sang Adjēng Ratna, sabot Gusti teu aja, kantēnan ka abdi wungkul, ngabinasana Sang Ratna.

28. Sang Radja ngalahir deui, atuh saha nu ngadjaga, upama Patih milu teh, ditinggal ku sarerea, sanggēm Patih ka Radja, sae abdi Gusti bunuh, tinimbang hēnteu ditjandak.

29. Saur Sri Maha Narpati, nja ari Patih keukeuh mah, milu oge hade bae, ngan ajeuna geuwat-geuwat, embarkeun ka sadaja, para bopati tumēnggung, sabawah parentah urang.

30. Nginditkeun wadya pradjurit, pamenta Ratna Suminar, djeung iringkeun ku sakabeh, para bopati aria, reudjeung senapatina, sēbutkeun sing buru-buru, ka dunja kamanusaan.

31. Hanteu lami Arja Patih, ngadamēl sērat embaran, ka pratumēnggung bupatos, utusan geus burbēr mangkat, nu ka kulon ka wetan, nu ka kaler nu ka kidul, wantuning djēmbar bawahan.

32. Sri Maha Radja Saksari, ka Mantri Ginggi ngandika, naha kami teu talete, kumaha ari Nji Ratna, tērang atawa tatjan, galur tina asal-usul, manehna asal manusa.

33. Ngawangsuluan Mantri Ginggi, bari sēmu nandang reuwas, mēnggah putra Sang Pinutren, teu atjan pisan uninga, awit-awit andjeunna, margi teu aja nu wantun, mēnggah undjukan ka putra.

34. Saur Radja bēnēr Mantri, kade kudu djaga-djaga, bisi aja anu laer, biwirna balakatjapang, ngomong sakama-kama, nutur pasal asal-usul, lantaran Ratna Suminar.

35. Lamun aja anu wani, tjatjarita pasal eta, ku Mantri bongohan bae, tilas ku pēdang beuheungna, sēbut sabab ngalanggar, kana panjēgahan Ratu, geusan baruntak nagara.

36. Kitu saur Sang Narpati, ka Ki Mantri Padjarangan, lantaran Sang Sri Narpatos, teu atjan pisan uninga, jen rasiah geus buka, kamap-hum ku Ratna Aju, waktu di Sirkawur tea.

37. Ku sabab ku Mantri Ginggi, disidēm ka Sang Sri Nata, tina risi ku bēbēndon, meunang hukuman nu beurat, lantaran tjatjarita, pikir Mantri Ginggi kitu, dina waktu harita mah.

Dangdanggula

1. Tangtu pandjang lamunna ditulis, katjaturkeun sadaja dipatya, sami ubiag sakabeh, ngërid wadya soldadu, sabawahan pusëring bumi, sakur bangsa kadjinan, harita geus kumpul, di dajeuh Tolongtëlëngan, këti-këti wadia ti saban nagri, katut radja-radjana.
2. Sarsan leknan adjidan djeung opsir, laksa-laksa ngiringkeun wadia, dangdosan kasenapaten, ari para tumënggung, sami këmpël di pantjaniti, marga ngantos timbalan, ti Sri Maha Prabu, nagara Tolongtëlëngan, hanteu lami Maha Saksari ngalahir, ka sadaja dipatya.
3. Hatur nuhun ka sadaja wargi, tina marga sami lëdjar manah, narandang galih nu saleh, tawis anu satuhu, kaleberan kawëlas asih, sarëngan kakëkëlan, teu kumundur kalbu, kana marga kawadjiban, nu kasëbat katangtuan damël nagri, waktos ieu buktina.
4. Sadajana sami kërsa hadir, tawis tigin ka sërät angkiran, ti anu djadi Narpatos, tina margina kitu, sewu nuhun miwah katampi, kasëtyaan sadaja, bopati tumënggung, dupi anu djadi marga, pang diangkir wirehing parantos nampi, sërät ti Nji Suminar.
5. Nëda tulung piwëlas pangasih, sadajana tumënggung dipatya, wireh Ratna Suminar teh, ajeuna aja maksud, baris nangkëp Sang Sri Narpati, Radja nagri Ambarak, ngaran Burusganur, ajeuna saha nu kërsa, kana nulung masihan wadya pradjurit, ka Nji Ratna Suminar.
6. Lamun aja anu luntur galih, këdah enggal dintën ieu djëngkar, bok bilih kabudjëng mios, ngawangsul pratumënggung, sami-sami katurung diri, toh pati djiwa raga, maksud bade nulung, ka Adjëng Ratna Suminar, saur Radja nuhun mangga atuh gasik, djëngkar dintën ajeuna.
7. Sadajana saporantos nampi, panglahiran ti kërsa Sri Nata, ladjëng sadaja bupatos, marundjung ka Sang Prabu, sarta sami nëda sih galih, maparin kahibaran, pandunga nu estu, supados kawiludjëngan, hënteu nampi tjtotjobi sipat balahi, lëbët ngiring Sang Ratna
8. Sarta tëras lalungsur ti puri, sami-sami naritihan kuda, sambarani bulu hedjo, tutunggangan praratu, djeung sadaja kumëndir opsir, ari wadia balad, pradjurit soldadu, barisan nu pangheulana, kaja lulut ngaleut ka luar ti nagri, dikira maliunan.
9. Barang mangkat djëgur marjëm muni, barëng musik tandji ngadordoran, soara tangara gendjlong, barung surak soldadu, buang

obat lir gunung djadi, kaja ambal-ambalan, ti bumi ping pitu, ngadjug-djug dunja manusa, ngaleut ngeungkeuj tina lawang nagara djin, ngambah ka djumantara.

10. Waktu eta bawaning ku leuwih, kalobaan wadia kadjinan, surēm tjahjana srangenge, mēndung kaja halimun, bukit-bukit djeung nagri-nagri, sakur nu kaungkulan, ku wadya soldadu, tēduh tjara arek hudjan, kawuwuhan ngaguruh lir gugur badis, njeah kaja silantang.

11. Tunda heula wadia balad djin, tjatur deui Prabu Saksaria, sarēng Patih di karaton, sabadana dikantun, ku sadaja para bupati, sarēng wadia balad, panggalihna wuwuh, sieun ku Ratna Suminar, edjegeler sarēng Raden Arja Patih, aringgis djol Sang Ratna.

12. Radja tēras ngalihir ka Patih, hate kakang leuwih kasieunan, mungguh ku Njai Ratna teh, inggis djol bae tjunduk, bari ambēk nu teu djeung titih, lantaran manggih bedja, ti nu gawe hasud, ngomongkeun asal-usulna, jen manehna anak kukut beunang maling, ti radja kamanusan.

13. Sok aringgis pikirna teu sudi, jen manehna dikukut ku kakang, didjieun tumbal karaton, pikiran kakang kitu, tah kumaha mupakat Patih, piakaleun supaja, salamēt rahaju, ngawangsul Lungabarahma, abdi Dalēm emutan anu sajakti, hanteu ngalalangkungan.

14. Djēngkar linggih amung bade ngiring, tina marga ngemutkeun bubuhan, mung wungkul kumurēb bae, ladjēng deui Sang Prabu, ngalahiran ka Arja Patih, nja tinimbang kieu mah, hade urang mubus, ka dunja kamanusaan, bari urang neangan Ki Nurasdjati, saban-saban nagara.

15. Tina sabab anu djadi awit, pang kieu teh asal Ki Purnama, didjieun artja tjatjanden, ku Radja Burusganur, nu ajeuna arek dibasmi, ku Nji Ratna Suminar, dipikir mah estu, panudju leuwih mupakat, Burusganur dibalēs dihukum pati, gēde teuing dosana.

16. Urang oge bēt mahal teh teuing, njorang rempan nu kieu rasanana, lamun teu si Burus goreng, binasa lampah nēnung, ka nu ngaran Nurasadjati, anak Radja Riskomar, urang teh tinangtu, mo njorang nu kieu pasal, si Njai ge meureun djongdjon mo' gumilir, kana njieun kabēdang.

17. Ajeuna mah haju bae indit, nagara mah wakilkeun heulaan, ka Ki Mantri Kabupaten, gantjangna nu ditjatur, Ratu sarēng Aria Patih, nganggo partikuliran, sanggeus sikēp njaur, ka rai Parameswara, montong milu Njai mah sing tētēp tjitjing, djeung ieu Nji Aria.

18. Da ēngkang ge maksud moal lami, dapon ēnggeus kapanggih

Purnama, tangtu gantjang balik bae, Prameswari ngawangsul, djsim abdi mung hatur pudji, mugi pangërsa ëngkang, ku Gusti Nu Agung, Allah anu murbeng alam, maparinan wiludjëng kalawan hasil, laksana sapangërsa.

19. Hënteu lami Sri Maha Narpati, saparantos wawarta tras djëngkar, sarëng Arja Patih bae, ngarantunkeun kadatun, geus kaluar ti djëro nagri, wantu sipat kadjinan, nadjan sëpuh ripuh, biur ngambah djumantara, angkat dongko bari tëtëkën di djingdjing, djeung gohgo; hënteu ëlat.

20. Wantu-wantu Sri Maha Narpati, tara angkat djalan pëlësiran, ngadadjah nagara sedjen, atuh harita langkung, kaget sakur nu katingali, di dunja kamanusan, katingal ti luhur, gunung-gunung pangalasan, pangkagetna Radja sarëng Arja Patih, ku sagala kalasar.

21. Sang Narpati sarëng Arja Patih, hënteu liren ngan ambah-ambahan, saban nagara dilongok, arasup ka kadatun, tapi taja anu tingali, sakur nu kaasupan, ka Sri Maha Prabu, kawantu-wantu kadjinan, salamina raragana djirim latip, teu katingal ku djalma.

22. Ngan kadjaba lamun aja pambrih, hajang wawuh djeung sipat manusa, bisaeun nembongan djongok, adat kabeh djin kitu, anu matak Sang Sri Narpati, teu aja anu ningal, sabab keur njulumun, aja anu diteangan, ënja eta Sang Putra Nurasadjati, anu rek dipuntangan.

23. Dilëbëtan saban-saban nagri, sabuana dunja kamanusan, tapi teu kapëndak bae, tina bawaning tuhu, panggalihna Maha Narpati, panëda ka Nu Mulja, Allah anu agung, dikabul gampang laksana, waktu eta Radja sarëng Arja Patih, liren di djumantara.

24. Saluhureun këbon Turna Turni, sarta Radja ningali waspada, kana tëmplat djuru tanen, ka Arja Patih njaur, tjoba tingal ku Arja Patih, aja urang manusa, dina puntjak gunung, istuning leuwih ludeungna, ngadon ngëbon di puntjak gunung lungkawing, tëmplat nu leuwih hina.

25. Tatapina ku kakang dipikir, eta djalma moal samanea, nu matak wani kitu ge, tangtu manusa luhung, katitisan elmuning rësi, sipat kasampurnaan, sadjati nu estu, ku sabab eta ajeuna, lamun rudjuk, reudjeung Ki Aria Patih, haju urang andjangan.

26. Ngawangsulun Raden Arja Patih, abdi Dalëm mung bade ngiringan, gantjangna nu ditjarios, Sang Radja ladjëng lungsur, sarëng Patih tina wiati, dumadakan harita, sadajana kumpul, lalënggah di bale latar, Sang Pinutra Pramanik Pursita Turni, Manetji djeung Manetja.

27. Keur njarios sagala përkawis, kaajaan bagbaganing dunja, anu eukeur dipilakon, sarta pikeun ka pajun, njiar odjah sangkan walagri,

mĕgatan hawa dunja, nu nungtun kalĕbuh, nu nongtak barontak raga taja deui ngan sĕpi kasĕtya ati, ilang di kawĕningan.

28. Hanteu lami Sri Maha Narpati, sumping sarta geus ngadampal lĕmah, midamĕl raga katembong, salirana Sang Prabu, djangkung gĕde teu aja tanding, godeg ngahimpas dada, rambutna lir gambuh, rumbah baplang sangga dulang, sotja beureum bolotot sagĕde tjangkir, ngan lemong da geus sĕpah.

29. Sang Pramanik Pursita djeung Turni, barang ningal ka Sang Saksaria, ngarendjag kaget ngadegdeg, ngarangkul ka Sang Sunu, tina sieun ku Sang Saksari, saumur nĕmbe mĕndak, nu sarupa kitu, Turni Turna sumawonna, lalangsudan kasima teu bisa indit, pajuneun Sang Pinutra.

30. Ngan Sang Putra barang ret ningali, hĕnteu samar jen ieu kang rama, Maha Saksaria Katong, manah mandang timburu, Radjaputra ka Sang Narpati, marukan pang sumpingna, njusul rek ngabunuh, disangka andjeunna minggat, pang ingkarna tina djĕro guha tjandi, kitu manah Sang Putra.

31. Hanteu njaur ngan gumĕtĕr galih, tĕras lungsur tina palĕnggahan, ngadĕg di pinggir golodog, teu lami Maha Prabu, ka Sang Putra awas ningali, sarta teu samar manah, Sang Putra dirawu, dipupunggu dina taktak, bari njĕbut anak aing ieu geuning, Udjang Purnama Alam.

32. Naha Udjang mana tega teuing, wani² nilarkeun ka ama, ngalolos hĕnteu tjarios, ieu ama teh njusul, dibelaan ninggalkeun nagri, sababna ama mĕlang, aringgis teu puguh, ajeuna parĕng kapĕndak, ama kaul rek ngigĕl lamun kapanggih, tina ku kaatohan.

33. Eta kitu sambat Sang Narpati, sarta polah lir nu sasar manah, poho bawaning ku atoh, Arja Patih nja kitu, tina langkung kabingah galih, tina marga laksana, Sang Putra katimu, udjug-udjug ngahaleuang, rĕtĕmbangan tarik tjara sora sapi, djeung ngibing pĕpĕndĕkan.

34. Sang Pramanik Pursita djeung Turni, sarta Turna Manetji Manetja, kantun haroĕkeun bae, ningal nu polah kitu, sarta tatjan aja nu ngarti, lantaran pang kituna, kawasna tinĕmu, kana marga kabungahan, ku djalanan laksana anu dipambrih, pasal djeung Sang Pinutra.

Sinom

1. Sang Sri Maha Saksaria, ka Radjaputra ngalahir, pang ama ka dieu datang, reudjeung ieu Arja Patih, lantaran ama leuwih, nandangan ati mangpaung, tina ku kareuwasan, nampa laporan ti Mantri, jen Udjang teh leungit ti Bandjaran Karang.

2. Ama inggis katĕmpuhan, ku dulur Udjang pribadi, si Njai Ratna Suminar, ka ama sok tada teuing, ambĕk nu teu djeung titih, kawantu adatna alur, taja pisan tolihna, meureun Udjang ge geus nguping, di raratan pĕrtata Ratna Suminar.

3. Tina ama karisian, teu nolih pangkat Narpati, hanteu mĕlang ka nagara, tuluj bae ama indit, njusul Udjang pribadi, dibelaan uprak-apruk, ngambah saban nagara, tinimbang hĕnteu kapanggih, mungguh Udjang kadjeun ama nJORang pĕdjah.

4. Ajeuna kadaring Allah, Udjang ku ama kapanggih, kalawan kasalamĕtan, ama bungah leuwih-leuwih, asup basa kiwari, rasa burung geusan lampus, pisah reudjeung kasusah, anu matak ama tadi, ririgigan ngigĕl poho di kaera.

5. Kadua pĕrkara ama, aja deui anu baris, badamikeuneun djeung Udjang, anu pĕrlu taja tanding, suganna aja pikir, Udjang njaah nu satuhu, mungguh ka diri ama, ke ku ama dipiwarti, anu djadi kasusahan ati ama.

6. Ngawangsul Radjapinutra, abdi Gusti oge ngiring, raos nampi kabingahan, wireh Dampal Gŭsti sumping, milari abdi Gusti, eta tawis agung kalbu, djĕmbar di kawĕlasan, umangkĕn ka abdi Gusti, anu lintang kalampud ku kabodoan.

7. Amung ajeuna sumangga, ka rorompok bae linggih, amung sakalintang hina, gagaduhan abdi Gusti, pun paman djuru tani, hanteu lami Sri Mah' Prabu, sarĕng Aria Patya, di latar tĕpas lalinggih, atuh Turna ribut ngadeudeul kolongna.

8. Wiwahana bisi reuntas, kawantu sagĕde munding, salira anu lalĕnggah, kitu oge ampir-ampir, Sang Sri Maha Narpati, lamun teu bĕngkung mah djudjul, kana suhunanana, Radja sarĕng Arja Patih, dideuheusan ku Radjaputra djeung Turna.

9. Purnama Alam ngandika, ka rai Dewi Pramanik, Njai tangtu moal tĕrang, ka ieu tamu nu sumping, ieu teh Sri Narpati, anu mangkon

Bungbungümur, nagri Tolongtëlëngan, ramana Sang Aju Putri, nu djënëngan Sang Ratna Suminar tea.

10. Pang sumpingna njusul ëngkang, ti nagri Pusëringbumi, sabab lolos teu undjukan, disangka aja nu maling, manahna leuwih risi, ka-tëmpuhan ku Ratnaju, kitu nu djadi sabab, nu matak ka dieu sumping, da ngemutkeun ka adat Ratna Suminar.

11. Dewi Pramanik kalitang, kaget ku ngadangu warti, ti raka Pangeran Putra, jen eta Radja nagri djin, nu kakasih Saksari, dajeuh di bumi pingpitu, rama Ratna Suminar, Sang Dewi Pramanik risi, sieun raka dibawa deui ka guha.

12. Ari manah Turni Turna, ka Sang Parabu Saksari, paingan sok maling budak, da rupana sidik djurig, istuning matak gimir, aing kakara saumur, manggih nu kitu rupa, matak gila matak gimir, estu pantës dëdëmit di sapatala.

13. Kitu manah sadajana, ka Sang Parabu Saksari, ngan Radjaputra Purnama, nu madëp taja karisi, marga lajeut ti tadi, umangkën rama saestu, malah-malah Sang Putra, sono salëbëting galih, sarta bingah disumpingan ku Sang Radja.

14. Hanteu lami Sang Sri Nata, ka Radjaputra ngalahir, mariksakeun ka sadaja, Turna Turni Sang Pramanik, Pursita djeung Manetji, di-undjukkeun ku Sang Sunu, wasta hidji-hidjina, djeung asal-usulna deui, lalampahan sakur nu aja di dinja.

15. Diundjukkeun ka sadaja, jen eta Dewi Pramanik, garwa anu sajaktosna, Sri Maha Prabu Saksari, langkung gumbira galih, tina lantaran ngadangu, piundjuk Sang Pinutra, ngagakgak bari ngalahir, baruk bodjo atuh nuhun ama tëpang.

16. Ari palëbah undjukan, lalampahan Turna Turni pang aja tjalik di dinja, asal kapalingan putri, Maha Prabu Saksari, gumuju ngan sëmu alum, rada era meueusan, tina andjeunna nu maling, turug-turug kabuka geus pada tërang.

17. Radja ngagakgak ngalënggak, sarta dibarung ngalahir, ka Aria Langlangturna, kakang tarima teh teuing, wani milampah maling, ngan kakang nëda dima'lum, pangadilan sadaja, sugri prasëpuh si Njai, tina sabab maling keur djimat nagara.

18. Tëras deui Sang Pinutra, ngundjukkeun asal Manetji, sarëng asalna Manetja, ti nagri Sagara Keusik, diundjukkeun pang dugi, asal didjurung ku dulur, sarta dongkap ka tamat, Sang Prabu mëntjrong ningali, bari njëbat Rundjana taja kaera.

19. Komo lamun ku nu endah, ku barong oge ditampik, tëras deui

Sang Pinutra, undjukan ka Sang Narpati, tina andjeunna nampi, titipan ti Maha Wiku, Njai Dewi Pursita, putrana Wiku pituin, sina ngalap bagbagan kapertjekaan.

20. Sang Sri Maha Saksaria, ka Pursita ret nigali, bari njëbat ah eta mah, Nji Ratna Suminar geuning, anak ama pituin, enggal Sang Putra ngawangsul, ieu mah sanes putra, Pursita putrana Rësi, mung rupina teu bentën tjara nu këmbar.

21. Dupi putra mah ajeuna, sanggëm Manetja Manetji, aja di nagri Banuja, Sang Prabu ngalahir deui, bari ngalimba nangis, bawaning ka putra emut, astaga ku sapaasang, taja tjiri njëbut lain, asup basa bët tjara kalangkang ngatja.

22. Saparantos Sang Pinutra, undjukan ka Sang Narpati, lalampahan sadajana, taja nu kaliwat hidji, ganti ku Sang Narpati, tjatjarios ka Sang Sunu, pasal dua përkara, nja eta margi milari, ku lantaran kaleungitan Sang Purnama.

23. Djeung kadua përkarana, lantaran ku leuwih risi, ku putra Sang Adjëng Ratna, sieun tëmbus kenging maling, bisi manahna Putri, boga rasa dibubusuk, didjieun kana tumbal, ngadjaga sangar nagari, sieun pusing ku djalan anu ngasuran.

24. Diwartakeun ku Sang Radja, pang djëngkar ngantunkeun nagri, mundut pitulung Sang Putra, supados Sang Adjëng Putri, hënteu nga djadi pusing, tina djalan dikikitu, barang Radja Pinutra, nampi saur Sang Narpati, langkung-langkung ewëdna ku pasal eta.

25. Hanteu lami Sang Pinutra, piundjuk ka Sang Narpati, abdi Dalëm sakalitang, ewëd ku eta përkawis, dupi nu djadi margi, pang abdi Dalëm teh ewuh, wirehing hënteu atjan, tërang di putra Sang Putri, tina margi teu atjan pisan patëpang.

26. Djadi teu atjan tiasa, kana tatambahan Putri, amung duka pun bodjo mah, ieu pun Dewi Pramanik, wireh parantos tadi, pun bodjo sarëng Ratnaju, wartosna sasarëngan, njobat lajeut anu dalit, tangtos tërang dina tatambahanana.

27. Margi eta ajeuna mah, Dampal Dalëm mugi-mugi, këdah mundut pangdeudeulna, ka ieu bae Pramanik, kitu oge manawi, putra manahna teu palsu, ka pun bodjo ngangkëna, tigin dulur lahir-batin, kenging soteh dibabaran kasabaran.

28. Upami hënteu kenging mah, ku pun bodjo Nji Pramanik, dihalangan kabëdangna, dipapatah geusan titih, eta mah mugi-mugi Dampal Dalëm kantun suhud, nëda ka Maha Sukma, pamugi Putra Sang Putri, dikërsakeun pandjang kaemutanana.

29. Hanteu lami Sang Sri Nata, ngalahir djeung mësuh galih, ari mungguhing ama mah, waktu ieu nu dipikir, saha bae nu wani, mepes hatena si Unung, kalawan saénjana, ama arek sadrah diri, katut nagri sabawah Tolongtélengan.

30. Sumawonna ku ieu mah, garwa Udjang Nji Pramanik, atuh leuwih nja utama, eukeur mah dasar ti tadi, aja basa ngahidji, salulut lajeut nu tuhu, reudjeung Ratna Suminar, ama tambah reugreug pikir, boga anak dua nu sami endahna.

31. Hēnteu lami Sang Sri Nata, mariksa ka Sang Pramanik, ngan kumaha Njai aja, pasanggupan dina ati, ngadjait nu prihatin, sipatna ama nu estu, pangmēgatkeun napsuna, ngumbar pusing nu teu rintih, adat tata Nji Adjēng Ratna Suminar.

32. Sang Pramanik ngawangsulun, abdi Dalēm nu sajakti, sakalintang kaewuhan, ku margi parantos nampi, kērsa Dalēm milahir, mundut dideudeul disambung, marga katērēsnaan, wireh kasisipan galih, karisian ku putra Dalēm Sang Ratna.

33. Mung abdi Dalēm kemutan, kērsa Dalēm mugu-mugu, ulah waka kaenggalan, mēnggah kasisipan galih, karempunan karisi, ku putra Dalēm nu estu, margi kirang saena, mirisi nu tatjan bukti, nganggap-nganggap ka anu tatjan kantēnan.

34. Pērkawis putra Sang Ratna, mugu ulah dipirisi, kana djudjur ngumbar hawa, abdi Dalēm nu sajakti, estu sanggēm teh teuing, ngalēsnu napsu Ratnaju, upami masih aja, lumindjing di alam lahir, anu djadi panutan dunja-aherat.

35. Mung Dampal Dalēm ajeuna, sae oge mulih deui, ka nagri Tolongtélengan, margi teu sae teh teuing, anu djadi Narpati, kērsa tumilar kadatun, kalintang marga hina, lajan kasurak kawarti, kabur lunta lantaran sieun ku putra.

36. Ngalahir deui Sri Nata, ama moal waka balik, lamun hēnteu dibarēngan, ku Udjang reudjeung ku Njai, kadjeun ama dituding, disurakan goreng putjus, minggat sieun ku anak, kadjeun ama ngiring-ngiring, djadi budjang didjieun patunggu huma.



Asmarandana

1. Sang Radjaputra teu lami, undjukan ka Sang Sri Nata, mēnggah kērsa Dalēm bade, ngērsakeun di dieu lēnggah, kalajan damēl hina,

kana pangkat djuru tugur, mēgat sipat hama huma.

2. Sae mung kēdah milahir, ka nu gaduh ieu tēmpat, ieu pun paman sajaktos, Arja Patya Langlangturna, teu lami Sang Sri Nata, ka Turna Turni ngadawuh, eh adi kakang ajeuna.

3. Muga dipaparin idin, rek madjik saheulaanan, ngiring kana gawe kēbon, ari mēnggah tēdaeu mah, ontong djadi kasēsah, da lain rek mēgah-mēguh, ingkah soteh ti nagara.

4. Ngawangsul Turna djeung Turni, Dampal Dalēm aja manah, lēnggah di tēmpat nu awon, teu aja pambēnganana, nadjan sapapaosna, abdi Dalēm katur nuhun, lajan djadi kabingahan.

5. Gantjangna anu digurit, Sang Srimaha Saksaria, tētēp di gunung patanen, djeung Patih Lungabarahma, madjik di Turni Turna, ajeuna anu ditjatur, Srimaha Radja Ambarak.

6. Ditjaturkeun tina wangkid, Sang Radja Nagri Banuja, rek nangkep Sang Sri Mah' Katong, Dewa Pramajon Riskomar, dina waktu harita, kira geus sasasih langkung, ti sadjēngkar Sang Banuja.

7. Harita nudju di puri, Prameswari sarēng Radja, gunēm tjarios harewos, pasal tina kasumpēgan, anu langkung nistana, Meswari sarēng Sang Prabu, tina ngamanahan putra.

8. Sang Putri Siti Kaswati, wuwuh matuh motah tingkah, kaedanan ku Sang Anom, malah ēnggeus nete pangkat, sipat nu owah-owah, dju-djur mangprung kapidangdung, nja djadi bodor pamēngkang.

9. Kitu anu djadi margi, nu mawi lintang ewuhna, Meswari sarēng Sang Katong, sarta teu lami ngandika, Sang Radja ka raina, ēngkang mah ngan bati ewuh, nu taja bandinganana.

10. Mikiran Njai Kaswati, hanteu beunang ditambahan, ku doa pamaler hate, ēngkang mah ngan bati era, nu taja papadana, ku sasama bangsa ratu, boga anak kitu pēta

11. Geus djadi sabiwir hidji, jen Kaswati ganti adat, geus nintjak sipat diolo, bawaning ku kaedanan, ku si Purnama Alam, bēt abong budak diugung, murugul kana kahajang.

12. Ti peuting ngan ngahariring, ti beurang hahaleuangan, sore-sore nabeuh kelek, teu tinggal ti tjotjooan, gongseng kolotok gēnta, ēngkang mah ngan bati paur, tjing atuh kuma' pētana.

13. Ngawangsul Parameswari, abdi mah teter pikiran, mēnggah ku diri si Ēnong, sagala ikias tarekah, dimandian ku kēmbang, dihadjatan warna tudjuh, amung teu aja nu mēntal.

14. Sang Prabu ngandika deui, ajeuna mah kieu sugan, tinimbang wirang urang teh, katendjo ku sanagara, urang kērēm di kamar, tung-

guan ku para babu, djaga teu meunang kaluar.

15. Eukeur mah éngkang teh pusing, anu taja papadana, lantaran ku dipaido, ku Radja nagri Banuja, si Raraspedi tea, manehna nu tjatur sanggup, ngabasmi ngri Riskomar.

16. Mawa Kumba Aringäring, madjar keur baris saksina, nangkëp si Dewa Pramajon, hanas didjurung ku éngkang, tapi kitu buktina, éngkang teh énggeus ngadjurung, mata-mata nu utama.

17. Nuturkeun si Raraspedi, sina nangenkeun lakuna, tatapi barang datang teh, pulisi djurungan éngkang, undjukan anu tĕrang, horeng Raraspedi nipu, pang inditna ka Riskomar.

18. Katungtik tilu pĕrkawis, dina kaajaanana, malah matak susah hate, sababna Radja Banuja, djalan ka Sulagela, marunggon di Sulung-tubu, di handapeun Langlangsona.

19. Kumba Aringäring gĕring, disiksa ku Pramadia, samalah ajeuna maot, tapi tjeuk anu undjukan, pĕdjahna Arja Kumba, ku Putri bumi ping pitu, nu ngaran Ratna Suminar.

20. Tapi éngkang teu ngaharti, ku Njai Ratna Suminar, pang binasa ka Kumba teh, kapan éngkang djeung ramana, geus njobat dalit pisan, djadi dulur nu satuhu tekad rek silih belaan.

21. Malah éngkang manggih deui, tjarita ti mata-mata, Njai Ratna Suminar teh, lolos ti Tolongtĕlĕngan, aja di kamanusan, ngatjatjang djeung djuru ratjun, anu ngaran Ginggi tea.

22. Ku éngkang hĕnteu kaharti, bĕt Sang Prabu Saksaria, naha mana ngantĕp bae, ka Njai Ratna Suminar, teu aja panjaramna, lulun-taan ka nu djauh, ngambah dunja kamanusan.

23. Kawas aja pasal dĕmit, rasiah Ratna Suminar, anu matak kitu oge, tapi ku éngkang kasangka, anu djadi sababna, ku wuri-wuri di-kintun, artja si Purnama Alam.

24. Kawas-kawas aja pikir, bogoheun ka si Purnama, Njai Ratna Suminar teh, tuluj meureun aja tekad, kana rek ngabelaan, malik ka éngkang ngamusuh, bubar tina kasobatan.

25. Tah kitu anu kadjudi, sartana moal sulaja, tina panjiptaan hate, tapi éngkang hĕnteu sĕmang, musuh djeung Saksaria, ngadukeun dig-djaja pundjul, tarohan raga djeung njawa.

26. Nadjan sapusĕring bumi, ponggawa sa-sapatala, éngkang teu gimir teu sĕber, ngan iwal anu saurang, rada oge teu tjonggah, gĕde mundur batan madju, ku ngaran Ratna Suminar.

27. Ngawangsul Parameswari, saupami kajaktosan, emutan abdi pribados, teu kahartos mĕnggah éngkang, bĕt aja kasĕberan, ku budak

awewe lëmbut, nu teu atjan aja talna.

28. Sang Radja ngalahir deui, tangtu Njai mah ngahampas, ka Nji Ratna Suminar teh, lantaran teu atjan t'érang, kana pangawasana, ari éngkang mah geus maphum, ka tédak Ratna Suminar.

29. Ngadenge teu ngindjeum tjeuli, nendjo hënteu ngindjeum mata, waktu manehna ngorojok, nalukkeun Radja Rënggana, éngkang ngaladjoan, di sisi medan prang pupuh, nu leuwih-leuwih ramena.

30. Kapan Rënggana teh sakti, guru antero narpatya, malah-malah éngkang oge, ngaguru bab katimbulan, ka Sang Radja Rënggana, tanda jen gagah pinundjul, tapi ku Ratna Suminar.

31. Rënggana di medan djurit, keur tatandang menta lawan, djëprot ditjabok teu mindo, ku Njai Ratna Suminar, teu bisa deui hudang, ripuh dina medan pupuh, mani utah kalilipa.

32. Ku eta ge djadi tawis, lain pilawaneun urang, mungguh Ratna Suminar teh, tapi da geus dikumaha, lamun nëpi ka mangsa, Nji Ratna Suminar tjunduk, malik ngamusuh ka urang.

33. Ngan andëlan dina ati, ngingëtkeun dunja teh lëga, gënëp djihat nu katangen, aja luhur aja handap, aja kulon djeung wetan, aja kaler aja kidul, pikeun ngëdjat susumputan.

34. Ku sabab anu kapikir, përang reudjeung Suminar mah, ulah rek dibawa djongok, sabisa-bisa ataran, matih teuing ramona, tetendjoan siga hurung, njëbrot pating bararanjaj.

35. Meswari ngabirigidig, ngadangu saur Sri Nata, kaajaan Sang Pinutren, hanteu lami ngawangsulun, lamun kaja kieu mah, kawas-kawasna tinëmu, pukah sarëng pangabëtah.



Dangdanggula

1. Sang Srinata pok ngalahir deui, ajeuna mah pamaksudan kakang, rek menta pangdunga bae, ka Njai nu saestu, éngkang arek mudja sëmëdi, muntang ka prasangiang, reudjeung Sang Rumuhun, para Dewata Batara, muga-muga nitiskeun piwëlas asih, nangtajungan ka éngkang.

2. Mugi-mugi diri teu pinanggih, kana geusan tjotjoba nu nista, asal kaseeh kasakten, lambat-lambat rahaju, ngaratuan ieu nagari, kadua përkarana, napaan si Unung, supaja tjageur hatena, ulah djudjur mikiran nu lain-lain, tata ambon sorangan.

3. Hanteu lami ngawangsul Meswari, abdi ngiring tapa napakuran, mugi dikabul kahojong, gantjangna nu ditjatur, Radja sarëng Parameswari, sami pada tirakat, di lëbët kadatun, taun eta hënteu pëgat, ampir nunda kana damël kanarpati, pura-pura teu damang.

4. Tunda Radja nu keur mudjasmedi, Sang Sri Maha Narpati Ambarak, kotjap deui Sang Pinutren, sarta harita nudju, sarëng raka Sang Raraspedi, Sang Sri Maha Banuja, di pajun kadatun, sarëng Raden Gëndarata, dideuheusan ku dua Aria Patih, Barak djeung Pramadia.

5. Pramadia djeung Barak geus rapih, tina sabab geus silih ham-pura, urut galungan bareto, waktu di Sulungtuwu, dirapihkeun ku Ratna Putri, kantun djadi saena, lir saderek estu, Barak sarëng Pramadia, asup basa ka tjai djadi saleuwi, ka darat lir salëbak.

6. Hanteu lami piundjuk Sang Putri, ka Sri Maha Narpati Banuja, amung ku saur harewos, rai teh langkung-langkung, gëgël hate mikiran diri, dumugi ka kieuna, ku ngaladjur napsu, asal melaan kahajang, tatapina dipikir lëbëting ati, estu kirang wiwaha.

7. Inggis djadi babasan kiwari, tjatjap tjape teu aja tjëtjépna, ngan wungkul dipudji daek, lantaran teu kaemut, titi surti geusaning ahir, wiwaha kabiheungan, laku ripuh wungkul, Sri Maha Radja ngandika, muga² ulah dimanah ditungtik, pikeun dina ahirna.

8. Etang-etang lëlëson pëlësir, sambianna nulungan prasëpah, ngadjait tina tjojoge, Ratu Putri ngawangsul, bo kantënan mënggahing rai, dina lëbah eta mah, sëdja nulung sëpuh, malah langkung kawadajiban, ngabelaan dumugi kana ngadjadi, toh pati djiwa raga.

9. Mung ku rai nu didamël pikir, aja pasal ngadjadikeun hangham, njered kana sëber hate, amung rai teu kudu, ngawartoskeun nu djadi awit, nadah kasalëmpangan, margi nu kaemut, nja rada oge rasiah, hënteu kenging dipëdar didamël warti, ku margi matak era.

10. Gëndarata piundjuk ka Putri, hal përkawis Sang Adjëng kagungan, kaewëdan galih abot, pun kakang nu saestu, tumut nëda ka Maha Sutji, mugi-mugi masihan, kadar nu satuhu, wiludjeng sarëng patëpang, nu digalih ku Sang Adjëng siang-wëngi, enggal-enggal laksana.

11. Tina margi bët mohal teh teuing, tigin galih kana panëdaan, teu dikabul ku Jang Manon, malah tong djadi ewuh, risi inggis lëbëting galih, margi emutan kakang, anu dipikalbu, tinangtos dina ahirna, tëpang deui kalajan kana ngadjadi, geusan kagumbiraan.

12. Ratu Putri pok ngalahir deui, bari imut eta saur matak, kana nëtëgkeun nja hate, ngilangkeun margi liwung, kitu deui upami jakti.

sasaur-saur kakang, teu geseh teu palsu, tēgēsna hēnteu sulaja, rai maksud ngangken guru lahir-batin, mēnggah ka kērsa kakang.

13. Tapi lamun eta saur djalir, satēgēsna sulaja panorah, mēnggah kakang atos-atos, margi rai tinangtu, nandang pikir nu leuwih-leuwih, bangēt kateu-sukaan, anu moal lipur, ti dunja dugi aherat, kadangkala antjam-antjam ngarah pati, mana anu ti heula.

14. Gēndarata ngawangsul deui, mugi-mugi Adjēng ulah aja, tjangtjaja salēmpang raos, nadjan pun kakang estu, saupami baring supagi, Sang Adjēng teu laksana, ka nu dipikalbu, pun kakang sanggēm nadahan, hukum gantung dumugi ka nJORANG pati, kemutan tiklas pisan.

15. Ajeuna mah mung pamugi-mugi, djudjur kana djēdjēran pangērsa, nangkēp Sang Putia Kantong, Ratu Putri ngawangsul, mēnggah eta emutan rai, hēnteu aja pētana, pikir mundur-madju, njo-reang kana halangan, mung panēda kakang ulah pēgat galih, nēda ka Maha Sukma.

16. Mugi-mugi rai nandjung diri, bisa nangkēp reudjeung salamētna, ngabasmī Burus djeung Rohong, ngadjait para sēpuh, anu sami nandang tjotjobi, kasoran pangawasa, ku siluman laut, duruwiksa ti sagara, anu mashur gagah digdjajana leuwih, tjeuk bangsa nu borangan.

17. Tah nja ieu tamtamana tadi, tameng dada dina danalaga, paman Barak Patih kahot, malah ajeuna lamun, ieu paman Aria Patih, maksudna masih aja, tjumantel gumantung, hajang kana ngabelaan, ka radjana si Burus djurig djaladri, djor tuturkeun ajeuna.

18. Sugañ hajang deui tjara tadi, ngarasaan tjabok pēlēsiran, Aria Barak ngawalon, rebu-rebu panuhun, ulah pisan kagungan galih, sumangka ka pun paman, bade mundur-madju, ngawula sarēng belana, masih raga lumantung di alam lahir, toh pati djiwa raga.

19. Ka kērsa Sang Adjēng sajakti, sinarēngan ka Pangeran Putra, mo' wēleh dugi ka paeh, kumurēb nu satuhu, malah nangkēp Sri-Mah' Narpati, Radja nagri Ambarak, paman nu ti pajun, newak Sang Putia-sukma, hanteu lami ngawangsul Sang Ratu Putri, nuhun ari kitu mah.

20. Tapi kade paman Arja Patih, ngalampahkeun pērtata nu nista, nu kasēbat tjurang serong, ngarah lapur si Burus, wantu urut dunungan tadi, turug-turug sabangsa, bebet Gujunglimbu, tinangtu aja sēdetna, dina manah njaah atawana watir, mo luas ngabinasa.

21. Tapi lamun bēnēr manah tigin, wani newak ngagarap ragana, nēpi ka Burus kabojong, paman ku putra tangtu, dipērtjaja njēkēl nagari, tēgēsna ngaradjaan, nagri Gujunglimbu, ngēreh buana sagara, piduiteun

hënteu kurang lauk tjaï, djadi radja pak pëda.

22. Barakgirung ngawangsul ka Putri, mugi bae pun paman laksana, tiasa njëkël karaton, nagara Gujunglimbu, mung panuhun këdah sajagi, gudang anu utama, bok bilih ka pajun, nampi upëti ti paman, lauk asin pepetek pëda djeung tëri, ujah trasi mo kirang.

23. Di djaladri sagala sajagi, nadjan hojong dilelepen loklak, bahar bari pinggël gëde, pun paman tangtos ngintun, Ratu Putri enggal ngalahir, bari gumuju gënah, bët ku nurubtjupu, tina patut kana adat, bahar loklak didjieun papaes diri, bët njagap oge gila.

24. Gantjangna teh ieu nu digurit, tunda deui anu gunëm warta, katjaturkeun para katong, nagara bumi pitu, djeung sakabeh wadya pradjurit, aja di djumantara, ratusan maliun, geus ngungkulan ka Banuja, reueuk nagri kaja ku halimun badis, seah kaja silantang.

25. Gehger djalma sawëwëngkon nagri, tina angkeub nu tanpa karana, bët udjug-udjug reup poek, lain mega halimun, gujur njëbut kareueung teuing, naon gara-garana, angkeub teu pupuguh, djeung seah di djumantara, gujur dikir tjara kaojag ku lini, sawareh pupudjian.

26. Mantri Ginggi eureun di wiati, seug miundjuk ka para bopatya, mugi sadajana liren, ulah waka lalungsur, margi këdah aja paidin, Adjëng Ratna Suminar, ngandika praratu, hade tapi geuwat-geuwat, Mantri Ginggi turun undjukan ka Putri, ajeuna ulah ëlat.

27. Hanteu lami turun Mantri Ginggi, ti wiati ngantunkeun sadaja, para tumënggung bopatos, antara mega paul, djeung sakabeh wadya pradjurit, Mantri Ginggi geus dongkap, ka pajun kadatun, barang ku Putri katingal, Adjëng Ratna ngadëg ngandika ka Ginggi, bari pasëmon hegar.

28. Leuh mang Mantri pangangon wërëdjit, mandor djalan purah tumpak barat, mantri kintil djuru gëtöl, sukur ajeuna tjunduk, reudjeung mana wadya pradjurit, naha teu barëng datang, teu lami ngawangsul, Ginggi ka Ratna Suminar, hal përkawis rama-rama prabopati, sarëng sadaja wadya.

29. Waktos ieu aja di wiati, sami liren ngantosan timbalan, ti kërsa gamparan jaktos, naha sae lalungsur, ti wiati ka ieu nagri, atanapi ngantosan, dina mega paul, Ratna Suminar ngandika, rëmpug kula përkara wadya përdjurit, tunda di djumantara.

30. Djeung sakabeh pramantri papatih, ngan praratu ku paman teh geuwat, sina ka darieu bae, urang bawa barëmpug, ngatur-ngatur pikeun di ahir, mëtakeun wadya balad, supajana puguh, Mantri Ginggi hënteu lila, tëras mios ngambah deui ka wiati, ti karaton Banuja.

31. Ngadeuheusan ka para bopati, nguningakeun dawuhan Sang Ratna, kédah lungsur heula bae, sadaja pratumënggung, ngan sakabeh wadya pradjurit, anu kudu ngantosan, dina mega paul, gantjangna sadaja tēras prabopati lalungsur tina wiati, nēpangan Adjēng Ratna.

32. Waktu eta sadaja bopati, sami-sami mēdalkeun salira, djanggelek djarangkung gēde, ari nu matak kitu, malar djalma barisa sidik, kana rupa kadjinan, supaja ngaraku, hanteu lami sadajana, ti wiati sarumping ka pantjaniti, puri nagri Banuja.

33. Kira-kira saratus bopati, ampir heurin di gēdong pamēngkang, ngaberes ngaradēg kabeh, sarta ampir djarudjul, wantu-wantu hēnteu lalinggih, tina margi teu aja, korsi reudjeung bangku, nu mandjing di-anggo lēnggah, tina sērēg galēde teuing ratu djin, sartana rupa-rupa.

34. Tinggalibrah lir badawang badis, sarihungan aja nu tandukan, aja nu gimbal nu djambrong, djanggot ngahimpas tuur, bulu halis nuruban kumis, aja nu susurian, aja anu dugul, lenang ka halis-halisna, nu sawareh pupundakan tjara sapi, sarua djeung tjarangka.

35. Sadajana tumēnggung pribumi, djaba kaget katambah kasima, ku pangadēg djin sakabeh, turug-turug teu suwung, radja-radja pusēring bumi, ka Sang Radja Banuja, wantu anjar tēpung, malēntjrong neuteup teu pēgat, tingburilēng panon sagēde tjatjangkir, bari haharēgēman.



Pangkur

1. Sang Adjēng Ratna Suminar, langkung gupjak sumping para bopati, ngadēg sarta tērus njaur, oh paman prabopatya, rebu-rebu mungguh putra katur nuhun, sarta nu taja hinggana, ngadjadi kabungah ati.

2. Ku margi paman sadaja, sararumping ku djalanan pamērdih, tanda sami manah tuhu, kawēlasan ka putra, sawangsulna saupama hēnteu kitu, hēnteu njaah ka salira, teu asih ka eusi nagri.

3. Da meureun sadaja tērang, anu tigin adat putra paranti, nundjuk irung nu karitu, marga eta ajeuna, pikir putra kantun bungahna kalangkung, anu teu aja hinggana, jen paman sami sarumping.

4. Sarēng nu djadi margina, pang sadaja ku putra teh diangkir, wireh putra gaduh maksud, rek nangkēp Sang Ambarak, anu asal ngaran Radja Burusganur, rasēksa pusēr sagara, reudjeung ngaran Rohongguris.

5. Sadajana kédah pisan, nganteur putra madju ka medan djurit, němpuh Radja Gujunglimbu, tatapi sadajana, masing emut kana adat Burusganur, boga tédak pangawasa, mun ngédjat lir kilat badis.

6. Lamun dina pėpėrangan, djeung bedja mah lingas sartana pėlit, matak ngalieurkeun musuh, kaja kalangkang katja, tah ku eta pangna loba anu taluk, tara ku adu hareupan, teter ku lingasna teuing.

7. Ku sabab eta ajeuna, akal putra nu katjatėt ku ati, sadaja para tumėnggung, sarėng wadya baladna, kėdah atur djieun kana gėnėp gunduk, ngeusian nu gėnėp djihat, tuguran sing taki-taki.

8. Kaler kidul kulon wetan, luhur handap ulah pisan rek sėpi, pinuhan ku prasoldadu, malar dina ėngkena, saupama ngėdjat Radja Burusganur, mėtakeun pangawasana, pėrtiti adjian iblis.

9. Ka mana bae datangna, kudu surak kabeh wadya pradjurit, sarta kudu bari njėbut, Adjėng Ratna Suminar, salawasna anu kasorang ku Burus, atawana ku anakna, anu ngaran Rohongguris.

10. Putra anu ngabėrikna, sarėng ieu mang Mantri sena pati, sarėng paman Barakgirung, ari sadajana mah, tėtėp matrol saban djihat ulah suwung, saha-saha anu kurang, iatna teu taki-taki.

11. Upama anu kasorang, hėnteu surak tanda kurang tjaringtjing, taledor kana tutugur, teu awas ka udagan, anu kitu ku putra moal dima'lum, diragrangan dampal tangan, bangkena parab wėrėdjit.

12. Ku margi eta ajeuna, sadajana paman-paman bopati, sarėng wadia soldadu, ajeuna enggal-enggal, ngadjalankeun anu ėnggeus dipihatur, hanteu lami sadajana, njumanggakeun ka Sang Putri.

13. Sarta hėnteu lami tėras, sadajana pratumėnggung bopati, djėngkar budal ti kadatun, njampeur wadia balad, nu ka kaler sawareh anu ka kidul, nu ka kulon nu ka wetan, nu ka handap nu ka langit.

14. Ngaguruh di djumantara, wantu-wantu geus njėkėl kaom Nabi, sawareh nu matja kunut, aja anu patehah, nu sawareh dikir kulhu djeung kulaju, aja nu ta'ud istigpar, marhaba salawat pudji.

15. Tėtėp satėmpat-tėmpatna, kėti-kėti wadya balad sipat djin, gėnėp djihat hėnteu suwung, ari Ratna Suminar, waktu eta masih linggih di kadatun, sarėng raka Sang Banuja, Barakgirung Mantri Ginggi.

16. Pramadia Gėdarata, djeung sakabeh rengrengan eusi nagri, teu lami Sang Ratna Aju, ka raka Sang Banuja, seug piundjuk dibarung gumbira sėmu, djalingėr tandang nu hegar, taja karempan karisi.

17. Rai Dalėm sakalintang, waktu ieu nandangan dua pikir, suka duka anu estu, dupi nu djadi suka, kawas-kawas dikabul anu dimaksud, ngadjadjah odjahing raga, migawe pėrang toh pati.

18. Djeung Radja nagri Ambarak, anu ngaran Sang Burusganur iblis, mung gaduh kias panuhun, djëng raka ngadudu'a, sinarëngan sadajana para sëpuh, panëda geusan waluja, wiludjëng di medan djurit.
19. Tiasa nangkëp ngabandang, Burusganur sarëng si Rohongguris, keur baris ngarangsom ratjun, dupi margana duka, rai Dalëm teu pisan këndat gumantung, tëtës ngait dina rasa, ku atjeuk Dewi Pramanik.
20. Ku aringgis kana musna, pang leungitna hanteu kapëndak deui, tinangtu rai teh burung, moal laksana maksad, tina margi ngemutkeun kana pituduh, tərbuka di padjarangan, memeh rai Dalëm indit.
21. Moal laksana pamaksad, mun teu lajeut tumut ka tjeuk Pramanik, tawadjuh sagala ilmu, ahir-ahir ajeuna, geus tëpang ge teu ku hanteu bët pakantun, kawasna kana alamat, pangarëpan moal hasil.
22. Amung rai Dalëm tekad, saupami atjeuk Dewi Pramanik, ku rai Dalëm nu estu, moal kana kapëndak, leuwih njeorang pëdjah raga lampus umur, ngadjadjah buana dunja, sawëwëngkon kolong langit.
23. Marga nu djadi kemutan, saupami hanteu kapëndak deui, Pramanik djungdjunan kalbu, rai Dalëm teu pedah, odjah raga ngalantung di alam hirup, ngatjatjang di pawënangan, suwung pupurian ati.
24. Leuwih hade njeorang alam, kalanggëngan nu sëpi ti ririwit, nu suwung kaliwung bingung, nu rërëp pangarëpan, djeung tinimbang nandangan rarambu napsu, anu sakieu kusutna, taja pëta beres deui.
25. Nadjan tjitjing di nagara, baluas mah rai Dalëm teh pasti, nu nungtun kalëbuh umur, moal aja raosna, eta kitu rai Dalëm anu estu, kemutan waktos ajeuna, nu gumantung dina ati.
26. Ngalahir Radja Banuja, hal përkawis Adjëng aja karisi, kana hënteu deui tëpung, sarëngan pangërsana, Sang Pramanik eta muga ulah tuhu, tjangtjaja lëbëting manah, kana hënteu tëpang deui.
27. Margana emutan kakang, bët keur naon didamël kiblat galih, tégësna paguron lëpus, ari dikira-kira, Sang Pramanik lampus ku sipat teu puguh, musna ku sakaba-kaba, mun kitu Adjëng teu hasil.
28. Nganggap guru sadjatina, nuding luhung pinuh ku ilmu gaib, ka Sang Pramanik ngaguru, estu taja pedahna, ngangkën guru ka nu sahandapeun ilmu, ngawangsul Ratna Suminar, ka raka Sang Raraspedi.
29. Kantënan lamun dimanah, sërët dinja kawas salah pamilih, njangkang pangeusining kalbu, dupi rai Dalëm mah, guguru teh sanes wungkul ngalap ilmu, pikeun papahaman lisan, anu teu atjan katjangking.
30. Ngalap soteh ka adatna, nu geus njata kasaksian ku rai, atjeuk

Pramanik nu estu, ku sabar-tawékalna, tigin galih tuhu njusul geusan mulus, babaran kasampurnaan, mipit beutining raspati.

31. Pěntjaran sasaka rasa, pangawěruh agěman para Dewi, tah eta anu disusul, tęgěsna nu dialap, ku panědja rai Dalěm anu estu, sanes ngalap pangawasa, elmu rukun gagah sakti.

32. Margina rai Dalěm mah, hěnteu butuh ku elmu gagah sakti, pikeun tarung gawe rusuh, margi rai Dalěm mah, waktu ieu moal njiar deui guru, kana kadjajaan rasa, di rai ge hěnteu sěpi.

33. Samalah upami aja, nu kasěbat pinundjul gagah sakti, ku rai Dalěm nu estu, tinimbang djeung dialap, paněmuna anggur diadjakan tarung, ngadukeun digdjaja rosa, tarohna bahja djeung pati.

34. Dupi atjeuk Pramanik mah, paněmuna istuning anu lain, adu-aneun nu tumamu, tjara pamanggih urang, pangawasa beubeunangan matang puluh, djampe paranti pasea, marěbutkeun hasil lahir.

35. Paněmu atjeuk Rěsi mah, anu hese dipirasa-pisari, disurupkeun kana laku, saměnit ulah pėgat, keukeuh kukuh njukuran rarambu napsu, ngumbah odjah anu salah, njěbarkeun wawangi sutji.

36. Eta nu lintang rugělna, kadjeun njeorang sakěti anu sakti, sarebu nu gagah pundjul, rai Dalěm teu rempan, memang purah tarung dina medan pupuh, ngalabrak ka bangsa radja, ngaběrik bangsa narpati.



Sinom

1. Sri Maha Radja Banuja, gumuju bari ngalahir, kantěnan pasal eta mah, tangtos rugěl mo kaběrik, tina sabab paranti, djalan pėrtata nu luhung, nu geus miraga sukma, njěpikeun pěrsipat lahir, ngudag asal ngalalar samemeh gėlār.

2. Imut Sang Ratna Suminar, bari dibarung ngalahir, jaktos di pangkat eta mah, paněmu tuturut munding, ngintip pėrtiti awit, njusul galur asal-usul, dupi Sang Pramanik mah, ěngke tadi teu ditungtik, ngan ngadjaga odjah nu keur dipilampah.

3. Bisi serong bisi tjurang, ririwit rarambu ati, raratan rantjana setan, tah eta anu dipahing, lain elmu pėrtanding, njusurup ka alam usul, neplak ka alam asal, kawas-kawas moal djadi, tina marga kaburu alam ajeuna.

4. Sang Radja teu ngawalonan, kana saur Sang Putri djin, amung Raden Gěndarata, njarios ka Ratu Putri, pun kakang nu sajakti, su-

mědja gaduh piundjuk, mung sewu muga-muga, Adjěng hěnteu rěngat galih, tina margi nampi pihatur pun kakang.

5. Wirehing Adjěng ajeuna, bade nangkěp Sang Narpati, Radja nagari Ambarak, anu kongas gagah sakti, Adjěng oge tingali, měnggah pun kakang nu estu, ngiring pikir teu sěmang, nadjan tambah tudjuh kali, gagahna teh Sang Radja nagri Ambarak.

6. Amung gaduh panuhunan, upami Adjěng di ahir, dina lěbět pěpěranan, měndak anu aneh leuwih, dikintěn teu kagalih, sapertos bangsa nu bisu, teu beunang dipariksa, ku Adjěng pamugi-mugi, kědah enggal tjandak ka ieu nagara.

7. Sakitu panuhun kakang, paněda ka Adjěng Putri, Ratna Suminar ngandika, pamundut kakang ku rai, moal burung teh teuing, ditumutkeun buru-buru, amung něda doana, mugi-mugi diri rai, kasinungan ku sipat kawiludjěngan.

8. Teu lami Ratna Suminar, ka raka Sang Raraspedi, sarěng ka prameswarina, mundjungan djeung hurmat ta'dim, sarta dibarung amit, Prameswari djeung Sang Prabu, ku Putri kaamitan, ngalimba bidjil tjitangis, bari njěbat pamuga kasalamětan.

9. Gantjangna ieu tjarita, saporantos mundjung amit, Sang Adjěng Ratna Suminar, teu lami djěngkar ti puri, nu ngiring Mantri Ginggi, sarěng Arja Barakgirung, Adjěng Ratna Suminar, tědak paranti sasari, biur ngapung ngolěnjaj ka djumantara.

10. Nitih angin mapaj sonja, andjogna di mega putih, lumirik ka těngěn-kiwa, sěpi kainggis karisi, garang tjantěng teu tjitjing, ngatjatjang bari ngalantung, tandang taja kabingbang, wantu gondjleng pilih tanding, dangah gandang njonggeang ka mega malang.

11. Bari ngaronda djadjahan, pagělaran prabopati, nu aja di gěnėp djihat, kabeh geus sami tarapti, dirorisna ku Putri, gantjangna anu ditjatur, tunda Ratna Suminar, keur ngadjadjah di wiati, katjaturkeun Sri Maha Radja Ambarak.

12. Nudju di taun harita, Radja sarěng Prameswari, bada boboran tirakat, lalěnggah di lěbět puri, Radja těras ngalahir, eh Njai Sěkar Kadatun, kakang meunang těr buka, sowara tan katingali, nu karungu ku tjipta djěroning rasa.

13. Urang teh kawas-kawasna, těr buka pulih ka tadi, raraga pulang ka asal, tjeuk basa tuduhan tadi, kakang teh moal lami, bakal kabitur katěmbus, ku Sang Ratna Suminar, putri Ratu Pusěrbumi, baris datang ka dieu ngalabrak urang.

14. Samalah waktu ajeuna, tjeuk mata-mata nagari, Nji Putri Ratna

Suminar, ka dunja manusa bidjil, ti nagri Pusərbumi, malah Patih Barakgirung, bedja ti mata-mata, ditangkëp dibalës pati, diparabkeun kana ratjun Padjarangan.

15. Sarta aja deui bedja, jen si Radja Raraspedi, ënggeus balik ka Banuja, teu tulus ngarurug djurit, ka Riskomar nagari, malah aja bedja husu, Radja nagri Banuja, ajeuna ënggeus diaping, ënja eta ku Putri Ratna Suminar.

16. Kakang meunang deui bedja, gujur di pusëring bumi, Purnama Alam geus waras, samalah ajeuna leungit, minggat ti Pusərbumi, ku sangka kakang tinangtu, waktu ieu Purnama, geus di kamanusan deui, kadangkala ënggeus aja di Riskomar.

17. Pikiran kakang ajeuna, leuwih tjangtjaja nja diri, boga rasa palangsiang, pinasti njorang balai, lantaran taja deui, anu matak djadi paur, tégësna kaseunggahan, miris gimir dina ati, ti bareto ku Putri Ratna Suminar.

18. Ku sabab eta ajeuna, tina kakang nangguh ati, tina urang moal kuat, Njai mah ti heula balik, reudjeung Njai Kaswati, ka karaton Gujunglimbu, beberes di pamëngkang, kakang mah ëngke pandeuri, memeh minggat arek magëlaran heula.

19. Sugan bae aja bagdja, teu tulus njorang balahi, Ratna Suminar teu datang, teu lamu Parameswari, njumanggakeun djeung nangis, bawaning mëndung kaewuh, mëlång ku pangabëtah, mung Putri Siti Kaswati, berag bëreg wungkul tandang pipidangan.

20. Teu uninga di kasusah, teu tinggali di prihatin, wantuning geus nete sipat, bëlët pëtëng buta radjin, wungkul pamëlëng galih, kana kolom nu teu umum, pageuh ambon sorangan, bulat-beulit kana peudjit, ngahariring bari renjom barang tuang.

21. Duwang-daweung tëtëmbangan, ari kabisa ngan Midjil, dialokan ku praëmban, ari gëntrana mah manis, kawuwuh senggol puri, matak rëntag nu ngadangu, sada gagak disada, sarta harita Kaswati, nudju linggih dirubung ku ëmban-ëmban.

22. Ngatjapang djeung bari tuang, rentjangna peuteuj taodji, pais bogo daging kuda, kasëdëp anu geus nahi, gantjangna nu digurit, harita Sri Maha Prabu, këmpëlan di pamëngkang, djeung sadaja prabopati, sabawahana karaton nagri Ambarak.

23. Sri Maha Radja ngandika, nu mawi diangkir hadir, kumpulan di lain mangsa, lantaran aja përkawis, nu bakal kana djadi, nimbulkeun kana kabingung, ka ati sarerea, bangsa pamerintah nagri, lamun kurang njëbarkeun kakërëtaan.

24. Ari nu djadi sababna, pang urang bakal pinanggih, kasusah nu leuwih parna, sabab aja bedja sidik, Sang Radja Raraspedi, milampah gëdjul teu udjur, teu këbat ngarurugna, ka Prabu Pramajon Adji, malah-malah Sang Raraspedi ajeuna.
25. Énggeus aja di Banuja, ngaringkuk di pantjaniti, djeung kabeh batur-baturna, para tumënggung bopati, malah bedjana deui, ngantjam rek malik ngarurug, ngalindih nagri urang, kitu bedja anu sidik, ngan teu atjan ngirim surat panangtanga.
26. Ku margi eta ajeuna, sadajana mugi-mugi, kédah sami ariatna, sadia wadya pradjurit, ngadjaga ieu nagri, milih senapati pundjul, djago lalanang djagat, sarëng sadajana mugi, ulah aja miris gimir mamananan.
27. Mun masih ditangtjungan, ku Putiasukma Adji, ngawangsulana sadajana, njarëbat sumëdja ngiring, maksad kana toh pati, bela sanggëm tumpur umur, Sang Ambarak ngandika, dibarung ku bungah galih, nganuhunkeun ka sadaja nu undjukan.
28. Sanggeus tamat gunëm warta, bubarana para bopati, bade mapak wadya balad, ari Putiasukma 'Dji, tēras lēbēt ka puri, kumpeu pasēmon nu alum, sarëng Parameswara, katilu Siti Kaswati, sasauran nu dēmit di padjuaran.
29. Teu aja rentjang saurang, kawuwuh harita wēngi, Sang Radja tēras ngandika, peuting ieu bae Njai, reudjeung Njai Kaswati, geura indit buru-buru, ka Pusëring sagara, éngkang mah éngke pandeuri, aja pasal kamēlang di kamanusan.
30. Hanteu lami Prameswara, njumanggakeun ka Sang Adji, Siti Kaswati harita, geus tingali kana margi, pangdikédahkeun balik, ka nagara Gujunglimbu, nangis djeung nangkeup sirah, teu lami Parameswari, djeung Kaswati djéngkar lolos ti Ambarak.
31. Duanana njipta asal, dēdēmit eusi djaladri, sagēde-gēde badawang, biur ngarambah wiati, tērus kana djaladri, karaton di Gujunglimbu, énggeus tētēp di dinja, Sang Radja katjatur deui, langkung-langkung tērēsna lēbēting manah.
32. Katinggal ku garwa-putra, istu leuwih sēdih ati, linggih di puri njalira, ngēluk dina korsi gading, hanteu pētöt migalih, akal geusaning rahaju, ka mana baris njingkah, njumputan Ratu Putri djin, djeung ngamanah ka saha minangsaraja.
33. Amung wēleh teu kamanah, ngilēng-ngilēng anu baris, tiasa kana nulungan, tungtungna Sang Sri Narpati, bawaning hemēng galih, tēras nangis sēgrak-sēgruk, taja anu ngupahan, ngan kantun ngagara bitis, sarta sieun Sang Ratna kaburu datang.

34. Sawēngi teu kulēm pisan, edjegeler hanteu tjalik, bari gumēbēg rumendjag, raos djol bae Sang Putri, tandangna katingali, katjipta nundjuk pangambung, kitu polahna Radja, sapeuting djēput teu leungit, sumiakna sieun ku Ratna Suminar.



Asmarandana

1. Pandjang lamunna ditulis, pērtata Sang Maha Radja, dibudjēng enggalna bae, harita ēnggeus ubiag, di djro kota Ambarak, para bopati tumēnggung, njarandak wadia balad.

2. Njaosan parentah Gusti, Sri Maha Radja Ambarak, ngērsakeun pērang ngorojok, nangkēp Sang Radja Banuja, anu geus lampah tjidra, kana djangdji nu kapungkur, sanggup nangkēp Sang Riskomar.

3. Harita ēnggeus sajagi, balad djeung saparabotna, wantu ti saban karaton, harita para bopatya, kēmpēlan di pamēngkang, sikēp dangdosan rek madju, kana ngadēg pērang djaja.

4. Sang Putiasukma Adji, ngandika ka sadajana, para tumēnggung bopatos, hatur nuhun ka sadaja, prawargi anu dongkap, tanda sami manah tukung, ka anu djadi Narpatya.

5. Tarigin miwēlas asih, sami djalēambar satia, tanda abot ka karaton, bela ku raga djeung njawa, eta anu ditēda, tuhu djunun nja ngaratu, ku toh pati djiwa raga.

6. Waktos ajeuna katjiri, bela ka nu djadi Radja, tandana para bopatos, geus sami pada darongkap, pinton kasatiaan, sawangsulna hatur nuhun, djeung dunga kasalamētan.

7. Mung sewu pamugi-mugi, mēnggah sadaja prawarga, arja tumēnggung bopatos, ditēda ulah kapalang, tuna nja mamanan, kana bumela tumutur, ka maksad nu djadi radja.

8. Pērkarana Sang Raraspedi, montong ditunggu datangna, sae tērus rurug bae, korojok ka nagarana, tumpurkeun sadajana, basmi ulah aja kantun, sabawah nagri Banuja.

9. Ku sabab eta upami, rēmpag sarēng sadajana, kēdah di poe pageto, nginditkeun wadia balad, ka nagara Banuja, teu lami para tumēnggung, ka Radja Putiasukma.

10. Ngawangsul sumēdja ngiring, kana pangērsa Sri Nata, jen bade pērang ngorojok, ka kota nagri Banuja, gantjangna geus sadia, tētēp putusan Sang Prabu, buat ngadjorag Banuja.

11. Tunda nu keur gunëm warti, praratu nagri Ambarak, kotjap Sang Ratu Pinutren, harita masih ngalajang, angkat di awang-awang, Mantri Ginggi Barakgirung, ngiring teu aja kantunna.
12. Teu lami Sang Ratu Putri, dina kalang mega bodas, ngalirik barina liren, ngandika ka rentjang dua, eh paman Arja Barak, reudjeung paman Mantri Ratjun, ajeuna kahajang kula.
13. Duaan bae ka puri, paman Ginggi paman Barak, sampeurkeun bapa si Rohong, tangkep bae ku duaan, kula mah ngadagoan, di dieu di mega paul, rek megat bisina ngédjat.
14. Tapi masing ati-ati, ulah dumeh dianggangan, luntja-lintji hate seber, laku-lampah undur-tukang, nepi ka teu beunangna, lamunna paman karitu, tangtu djadi parab tangan.
15. Pek ajeuna ararindit, djugdjugan ka karatonna, kula di dieu rek mentjrong, bisi serong bisi tjurang, lampah paman duaan, Barak Ginggi ngawarangsul, njumanggakeun ka Sang Ratna.
16. Hanteu lami Arja Patih, sareng Mantri Padjarangan, tina djumantara monteng, ngadjugdjug ka padalëman, karatoning Ambarak, djeung harita masih nudju, kempelan para bopatya.
17. Barang gudjrag Arja Patih, reudjeung Mantri Padjarangan, ka riungan prabopatos, nangtung teu aja tatana, ngaledjeg di pamengkang, duwang-daweung njoo irung, rurut-reret rundat-rindat.
18. Sadajana prabopati, kaget sarta nandang reuwas, sami kasima ngadegdeg, tina bawaning sieunna, ku Arja Patih Barak, djeung ku Ginggi Mantri Ratjun, budigal kaja badawang.
19. Barakgirung hanteu lami, ngandika ka sadajana, sora rebek ngaberebet, leuwih ti harëgem singa, geueuman di pamengkang, bari nangtung sarta nundjuk, eh para radja manusa.
20. Maraneh ka diri kami, tangtu pisan moal terang, nadjan pada meleng mentjrong, ari nu djadi sababna, kami bangsa rasëksa, ngaran kami Barakgirung, bebeting pusër sagara.
21. Pangkat kami senapati, tamtama di danalaga, tangan-tangan Ratu Putren, Sang Adjeng Ratna Suminar, ari nu djadi sabab, pang kami ka dieu tjunduk, ngambangkeun dawuhanana.
22. Timbalan Sang Ratu Putri, nu ngaran Putiasukma, kudu ditangkep dibojong, baris rangsom padjarangan, nagri Tolongtëlëngan, ajeuna ku kami tangtu, Putiasukma dibawa.
23. Diringkus ku rante beusi, didjingdjing ka awang-awang, nu ngaran Putia Katong, ari dina sababna mah, kami teu njaho pisan, pangna kudu ditambalung, Putiasukma Ambarak.

24. Djeung saha anu rek wani, bela pati ka radjana, radja manusa sakabeh, tjoba kami menta djawab, sugan aja djagona, barang praratu ngadangu, susumbarna Arja Barak.
25. Sakabeh tambah ngagidir, kasima taja nu djawab, anggurna papělong-pělong, angkeutna totoroktokan, sumawon pangtjalikan, tji-karingět pada ngutjur, para tuměnggung aria.
26. Ngan Putiasukma Adji, ngadėg nu taja karempan, ngan lėbět manahna kaget, jen ningali Arja Barak, tina teu pisan samar, jen eta teh Barakgirung, Patih andjeunna nu asal.
27. Sarta teu lami ngalahir, amung alon hěnteu kėras, ku saur pamepes djengkel, saurna oh jaji Arja, kakang těrang katjida, ka jaji anu saestu, Papatih pusěr sagara.
28. Ngan kakang leuwih teu ngarti, jaji kitu pėpėtaan, midaměl dapuring awon, bade kana ngabinasa, jaji ka diri kakang, rek nangkėp teu puguh-puguh, naha naon dosa kakang.
29. Asa teu hiri teu dėngki, teu njorang dosa nu parna, mungguh kakang ka jaji teh, naha jaji teh geus lėpat, asal urang teh warga, maksud sabahja sauntung, pėrdjangdjian ti baheula.
30. Tjing atuh jaji sing eling, ulah manah karantjana, kaolo ku bangsa sedjen, nu teu sasipat saharkat, malah asup babasan, runtut midulur mijuju, reudjeung satru kabujutan.
31. Kakang lain hěnteu wani, sėber miris pipikiran, mungguh ku diri jaji teh, ngan kakang boga ingětan, mun nėpi ka tulujna, tarung tekad mitjeun umur, reudjeung nu kasėbut bangsa.
32. Aringgis kasiku diri, panjapa ti para dewa, tjambal pangadjen kasakten, pendekna jaji ajeuna, panėda diri kakang, mugu-mugu ulah kitu, sing eling kana wiwitan.
33. Barakgirung hanteu lami, ngawalon ka Sang Ambarak, djeung dangah taja paniten, oh bėněr omong andika, njėbut urang sabangsa. tatapi ngan asal wungkul, sabangsa soteh baheula.
34. Ajeuna mah lain deui, beda sipat beda ĩarkat, beda paniti pangadjen, kami mah bangsa rasėksa, andika mah manusa, djuru miruruh kabutuh, tėgėсна ĩamana nusa.
35. Bėněr ari waktu tadi, kami teh reudjeung andika, teu beda adat teu geseh, sabangsa pada rasėksa, waktu andika ngaran, Sang Sri Maha Burusganur, memeh undur ti sagara.

Durma

1. Sang Sri Maha Parabu Putiasukma, ngadangu saur Patih, njebut ngaran asal, kabuka rasiahna, nu asal dipinding-pinding, langkung pusingna, dumugi ka ngagidir.
2. Mutër-mutër rumbah djeung nundjuk ngandika, kurang adjar Ki Patih, henteu njana sia, maksud arek ngabanda, bët kawas lain ka aing, wani njeukseukan, kaja pangutjap iblis.
3. Na dikira aing teh bënë sieunna, ku pangadëg silaing, naha poho sia, ka Sang Putiasukma, purah ngambah medan djurit, lalanang djagat, tara milihan tanding.
4. Lamun sia ënja rek nangkëp ngabanda, ti mana suka pilih, sugan rek ngasaan, lumajan tamba ngunghak, ieu dampal leungeun aing, si peurah gësang, mohal sia teu mati.
5. Barakgirung ningal ka Putiasukma, tandang susumbar bëngis, tanda wani ënja, Barakgirung ngadjawab, ka Sang Putiasukmadji, teu kudu pandjang, tjarita ari wani.
6. Geura gërak da moal burung ditewak, sarua ahli djurit, tukang ngambah medan, senapati pilihan, Prabu Putiasukma 'Dji, langkung pusingna, ngadangu Arja Patih.
7. Hanteu tata djol djëbet Putiasukma, nampiling ka Ki Patih, pipina nu kiwa, Patih dadaligdugan, ka luar ti pantjaniti, aduh-aduhan, bari niupan tjëpil.
8. Sarta tërur diudag ku Sang Sri Maha, rek ditanganan deui, Mantri Ginggi awas, newak ka Sang Putia, pananganna nu dikeumbing, bari dikënjang, Putiasukma malik.
9. Mantri Ginggi disepak dugi nangkarak, hudang tjëg newak deui, ka Putiasukma, bari nondjok taarna, Barakgirung eling gasik, newak angkengna, bari didëngkek tarik.
10. Dibeubeutkeun Sang Radja Putiasukma, ku Barakgirung Patih, dibarung ku sepak, Sang Putia tangginas, ngarontok ka Arja Patih, nondjok dadana, Patih malës nampiling.
11. Tungtungna mah gëlut-gulët ngadu bëdas, silih djëdjëk tamping, taja nu kasoran, papukët sili rengkas, Mantri Ginggi muru deui, nunglungan Barak, Sang Putia dibanting.
12. Dipërëkpëk tapi taja nu karasa, ku Sang Putia Adji, Mantri

Ginggi heran, eureun neunggeulanana, kalah ka tjapena leuwih, tungtungna nanggap, ka nu keur sili banting.

13. Barakgirung sarěng Sang Putiasukma, teu aja anu sisip, sami tanagana, teu eureun sili sepak, sili djědjěk sili banting, sami kuatna, sarua pada pěliti.

14. Hanteu eureun sili djungdjung sili balang, Sang Putiasukma 'Dji, kalangkung pusingna, utjul pangawasana, kasaktian salin rupi, hěnteu karasa, bidjil pangaděg awit.

15. Ngaburingkal salira sagěde gadjah, djangkung mata buntjėlik, godegan sihungan, tanding djeung Arja Barak, sakabeh para bopati, urang Ambarak, sami karaget galih.

16. Lalumpatan naringal ti kaanggangan, sieun ku Putia 'Dji, nu geus salin rupa, nu keur pěrang tandingan, taja ngantjikna saměnit, kuta rarėbah, dipake adu munding.

17. Sang Parabu Putiasukma harita, ngaraos djadi deui, salira nu asal, sipat buta siluman, manah wirang leuwih-leuwih, ku pramanusa, nu sami naringali.

18. Turug-turug Mantri Djurung Padjarangan, hohoak ka pramantri, nagara Ambarak, pokna urang manusa, naha mata pėda teuing, beunang disulap, ku duruwiksa iblis.

19. Radja andjeun lain bangsana manusa, buta djurig djaladri, lain Sang Putra, Burusganur ngaranna, Radja andjeun anu awit, ieu mah setan, mun andjeun teu tingali.

20. Burusganur barang ngadangu omongan, Mantri Djuru Wěrdjiti, langkung nandang wirang, ku pradjurit Ambarak, kabuka rasiah buni, bawaning era, ngědjat kana wiati.

21. Bari njėbat si Ginggi nja kurang adjar, wět ngawiwirang aing, lamun ěnja sia, senapati digdjaja, djeung si Barakgirung deui, aing tarewak, adjining kilat tatit.

22. Barakgirung reudjeung Mantri Padjarangan, njarusul ka wiati, kotjap Sang Suminar, ningali tina mega, ka nu eukeur pěrang tanding, langkung waspada, sartana bingah galih.

23. Tina ningal kawanian rentjang-rentjang, taja hidji nu miris, tapi barang Radja, Burusganur geus ngědjat, tina tangan Arja Patih, ka dju-mantara, tangginas Ratu Putri.

24. Pasang tangan bari ningali ka handap, sadia rek nampiling, barang gok patěpang, kira anggung satumbak, Burus ka Sang Ratu Putri, Burus waspada, ka Sang Ratu Putri djin.

25. Burusganur ningali nu ngabaranjaj, peurah tangan Sang Putri.

turug-turug njata, jen Sang Ratna Suminar, nu dipisieun ti tadi, Sang Burus ngédjat, djeung njébat aduh Putri.

26. Lir kolenjaj ngédjatna ka madhab wetan, tina bawaning tarik, mani teu katingal, hēnteu tērang leosna, Ratu Putri larak-lirik, ka saban madhab, ngan para bopati djin.

27. Anu eukeur marégat di madhab wetan, sadaja naringali, sarta tēgēs pisan, gēr surak praponggawa, sarta bari njambat Putri, Ratna Suminar, ieu djurig djaladri.

28. Surak balad kadangu ku Adjēng Ratna, reudjeung ku Mantri Ginggi, ear beulah wetan, enggal Ratna Suminar, sarēng Arja Barak Ginggi, ngudag ka wetan, tatapi barang sumping.

29. Teu katingal Burus ngédjatna ti wetan, ku Adjēng Ratna Putri, ngan ngadangu surak, ti kulon tarik pisan, njarambat ka Ratu Putri, Ratna Suminar, Sang Putri tēras deui.

30. Njusul ngulon tatapi hēnteu kasampak, sabab geus biur deui, Burusganur ngédjat, ku Putri katingal, ngan nguping nu surak deui, di kaler ear, Sang Putri biur deui.

31. Barang sumping nja kitu deui teu njampak, ngan nguping surak deui, wadya kaédjinan, di kidul tarik pisan, ku Putri disusul deui, wēleh teu aja, Sang Putri langkung pusing.

32. Nguping deui surak balad nu di handap, tēras disusul deui, ku Adjēng Suminar, wēleh hēnteu kasampak, ngan kadangu geus gēr deui, di luhur surak, Sang Putri biur deui.

33. Njusul Burus ka luhur lēbah nu surak, nu aja di wiati, tapi teu kasampak, Sang Burus kēbat ngédjat, Putri langkung-langkung pusing, ngaraos wirang, ku Sang Radja Djaladri.

34. Tungtungna mah Sang Adjēng Ratna Suminar, sēsēntak bangun pusing, ka kabeh bopatya, tukang tugur di madhab, nundjuk sarta mawur warti, anu marégat, nu bodo leuwih-leuwih.

35. Katendjona taledor kurang iatna, abong-abong geus djangdji, ngan dititah surak, bēt bangun ěmbung newak, tjara lēgig moro babi, bēt taja hodjah, newak djurig djaladri.



Pangkur

1. Sang Adjēng Ratna Suminar, langkung ewuh dina lēbēting galih, ku pēlitna Burusganur, gantjang dina ngédjatna, mun ka luhur gēr surak

anu di luhur, Burus geus aja dihandap, bawaning gantjangna leuwih.

2. Kitu kalingasanana, anu matak ku Sang Ratu Putri djin, teu katewak teu kasusul, amung kantun pusingna, Ratu Putri njeukseukan ka pratumënggung, ulah bët wungkul tjalawak, tjing sing aja hodjah deui.

3. Tewak ku kabeh rëdjëngan, Burusganur mohal hënteu katjangking, lamun dironom dihurup, ku pratumënggung arja, sarta tërüs sing pageuh ku rante ringkus, ulah bët wungkul ditanggap, kawas lain senapati.

4. Mun kaja kieu pëtana, kawas-kawas Burus moal kapeuntjit, kadangkala tuluj lapur, lantaran taja pisan, përtjajaeun kana njëkël Burusganur, istuning kabeh përtjumah, wungkul bopati djëdjërih.

5. Ngarudag-ngudag ku bisa, mëgat oge wungkul surak tararik, kitu ge njingraj rek mundur, tapi sërët ajeuna, saha-saha anu kasorang ku Burus, surak hënteu reudjeung newak, dampal leungeun kami malik.

6. Sadaja para bopatya, langkung-langkung sieun isin ku Putri, pagawean teu kapanduk, lantaran salah sangka, sugan te mah dikedukeun surak wungkul, horeng kudu djeung newakna, ka Sang Burusganur Adji.

7. Sang Adjëng Ratna Suminar, saëngeusna wawarti djëngkar deui, dua rentjang hënteu kantun, ngatjatjang dina mega, larak-lirik milari Sang Burusganur, tatapi waktu harita, Sang Putri kewuhan galih.

8. Margi dina gënëp djihat, djëmpe bae taja nu surak deui, tanda teu kasorang Burus, sarta panjipta manah, tangtu kabur Burusganur ka nu djauh, ngëdijat kana djagat lian, njumput ka tëmplat nu buni.

9. Tatapi moal kapalang, rek dibërik mun tatjan Burus mati, sanadjan saumur-umur, mun masih aja njawa, kitu tekad Sang Adjëng lëbëting kalbu, bari ngalajang neangan, dina têngahing wiati.

10. Sang Burusganur kakotjap, ti sabarang dibëbërik ku Putri, manahna linglung mangpaung, bawaning ku sieunna, buar-biur ngetan ngulon ngaler ngidul, ka luhur reudjeung ka handap, njiar panjumpulan buni.

11. Sapandjangna lulumpatan, hënteu pëtöt mërilih lëbëting galih, nunuhun ka Sang Rumuhun, ka sipat pradjawata, nëda tulung tərbuka keur baris njumput, salamët hënteu patëpang, sarëng Sang Ratu Putri djin.

12. Lami-lami seug kemutan, bari njaur dina lëbëting galih, aing njumput moal djauh, rek mapaj pëpëndëman, tutundaan panggawe aing kapungkur, suganna djadi lantaran, bebendjo ka Nji Putri djin.

13. Sanggeus njaur lëbët manah, Sang Sri Maha Burusganur teu

lami, tēras djēngkar buru-buru, ngalajang rada dasar, tjulang-tjileung teu kaur ningal ka pungkur, sieun ku Ratna Suminar, ngadjugdjug gunung Sarinding.

14. Barang geus sumping ka dinja, bus lēbēt kana kai Ragawati, raos sirna lēbēt kalbu, kotjap Ratna Suminar, masih keneh ngalanglang di mega paul, ningali ka madhab papat, ka langit djeung kana bumi.

15. Lēnggah dina madya gantang, bari liren Putri ladjēng ngalahir, ka Ginggi djeung Barakgirung, bo paman palangsiang, Burusganur tuluj kabur mo katimu, turug-turug wadya balad, di nu gēnēp djihat djēmpling.

16. Taja pisan anu surak, djēmpe kawas gaang katintjak badis, tanda teu kasorang Burus, tapi pikiran kula, djeung tinimbang teu beunang ngaran si Burus, anggur mati tēngah djalan, ngidēr sabuana lahir.

17. Barang geus kitu saurna, ladjēng deui Sang Adjēng rek ngilari, ngalajang teu pati rusuh, sarta waktu harita, sēdet emut ka raka Sang Putri Wiku, dumugi raosing manah, surēm hemēng tanpa budi.

18. Sasambat lēbēting manah; aduh-aduh atjeuk Dewi Pramanik, pakuning pupudjan kalbu, rai nēda pandu'a, mugi enggal kaluar ti marga ewuh, anu kieu karaosna, pērlaja lēbēting ati.

19. Tinimbang rai kieu mah, langkung sae njeorang tulis nu pasti, raga njawa njeorang lampus, rai ku hēnteu kiat, lami-lami nandangan marganing ewuh, djēmbar ku sangsara dunja, mukti ku prihatin lahir.

20. Barang Sang Ratna Suminar, keur sasambat ka raka Sang Pramanik, gērēndēng aja nu njaur, ari pokpokanana, aeh eulis Sang Ratna Suminar unung, ulah nandang manah sub'ah, burēt salēbēting galih.

21. Ku lantaran kaleungitan, ku Sang Ratu Burusganur djaladri, ulah rek dipake bingung, tina sabab njumputna, Burusganur aja dina puntjak gunung, gunung Sarinding ngaranna, dina kai Ragawati.

22. Ēngke ku Njai kaina, kudu peupeuh ku djimat ti Pramanik, anu ngaran tikēl balung, anu titipan tea, waktu Njai turun ti gunung Binaram, ieu anu tjatjarita, ama sukma Ragawati.

23. Sang Adjēng Ratna Suminar, langkung kaget ngadangu eta warti, dugi liren hēnteu ladju, sarta tēras ngandika, ka rentjangna tjing saha anu ngadangu, bieu teh aja sowara, tetela anu mepeling.

24. Mantri Ginggi Arja Barak, ngawangsulun jen hanteu pisan nguping, kadjabi angin ngahiuk, Ratu Putri ngandika, tjeuli badak kajotjokan setan paul, nja ikadjeun teu ngadangu mah, tanda teu sarua tjeuli.

25. Ngan kula ajeuna nanja, saha anu njaho gunung Sarinding, nu puntjakna aja kaju, Ragawati ngaranna, Barakgirung ngawangsul ka Ratna Aju, pun paman kalintang tĕrang, gunung kaju Ragawati.
26. Saur Sang Ratna Suminar, haju kula tuduhkeun masing sidik, ku kula arek didjugdjug, wangsul Barak sumangga, hanteu lami djĕngkar deui Ratna Aju, ka kulon nu didjugdjugna, milari gunung Sarinding.
27. Teu lami Ratna Suminar, geus ngungkulan kana gunung Sarinding, Barakgirung seug piundjuk, bari nundjuk ka handap, itu geuning gunung Sarinding nu estu, mangga ku gamparan tingal, tangkal kaju Ragawati.
28. Saur Sang Ratna Suminar, kutan eta ngaran gunung Sarinding, haju atuh urang turun, hanteu lami Sang Ratna, ti wiati njirwing lungsur ka gunung, gantjang geus ngadampal lĕmah, ka handapeun Ragawati.
29. Kai teh dikurilingan, ku Sang Ratna bari diulak-ilik, bari ngudar tikĕl balung, gumĕbjar tjahajana, wantu djimat ĕmas dukĕt ti nu luhung, Ratna Suminar ngandika, dina salĕbĕting galih.
30. Ieu kaju pantĕs pisan, pangrungrungan sipat rantjana ilbis, beda ti sagala kaju, tjik kai saajeuna, rek dipeupeuh nurutkeun saur pituduh, saĕnggeus kitu manahna, ku Putri teu tata deui.
31. Barang dipeupeuh ku djimat, ngadjĕlgur lir sora marjĕm badis, sowarana tikĕl balung, Sang Burus ngaburingkal, biur njĕdjat ngapak kana mega paul, ngagĕrung njambat djeung njĕbat, waras Putiasukmadji.
32. Ginggi djeung Barak nangkarak, katorekan ku eta sora tarik, ari hudang ngadaligdug, Adjĕng Ratna Suminar, langkung kaget teu njana sorana kitu, kawuwuh aneh buktina, dugi hookeun Sang Putri.
33. Sabab eta kai tea, barang djĕgur lĕs leungit tanpa lĕbih, tapi kadjadian timbul, ngadjadi hidji djalma, eukeur diuk dina korsi bari ngĕluk, taja daja upajana, sartana bangsa lalaki.
34. Ku Ratna Suminar tĕras, ditjakĕtan bari diulak-ilik, sidik manusa nu estu, tapi taja polahna, ngĕluk bae ngan ukur napasana wungkul, tjara anu sare tibra, teu kenging digeuing-geuing.



Sinom

1. Sang Adjĕng Ratna Suminar, mesĕm barina ngalahir, estu nja aneh katjida, matak djadi kaget ati, tapi kula pribadi, teu hemĕng sa-

tungtung buuk, pasal ieu manusa, mo geseh ti sangka ati, ngan teu kudu ditjatur waktu ajeuna.

2. Ngan ajeuna geuwat-geuwat, ku paman Mantri Wërédjit, bawa ka nagri Banuja, sanggakeun ka Sang Narpati, Sri Maha Raraspedi, sabab tadi aja saur, kang raka Gëndarata, upama di ahir manggih, pasal geusan ngagetkeun kana pikiran.

3. Kudu bawa ka Banuja, ajeuna parëng pinanggih, nu kieu matak kagetna, ajeuna mah paman gasik, ieu djadjen kai, sanggakeun ka Sang Përabu, tapi paman ulah lat, ngan taroskeun ka Sang Adji, ieu saha ngaranna djeung urang mana.

4. Mantri Ginggi hanteu lila, njumanggakeun ka Sang Putri, dja-djaden tēras dipundak, djeung korsina hēnteu kari, korsi pating karētip, wantu mas nu beunang nabur, ku sosotja bërlian, geus biur Ki Mantri Ginggi, përdjalanan adat kana djumantara.

5. Ratna Suminar djeung Barak, ngantos di gunung Sarinding, sartana tēras ngandika, dangah bari sēmu pusing, paman ulah rek mungkir, sabab paman teh tinangtu, tērang raratanana, kadangkala mo sak deui, anu bieu panggawe paman sorangan.

6. Tjoba bedjakeun ku paman, ulah rek dipinding-pinding, nu bieu teh urang mana, djeung saha ngaranna deui, Barakgirung teu lami, ngawangsul ka Ratna Aju, tangtos pisan gamparan, tētēp njangka dina galih, pang kituna nu bieu ku gawe paman.

7. Amung sumpah ka Pangeran, naruhkeun bahja djeung pati, marga tina kahēntean, ka nu bieu hiri dēngki, amung tērang teh teuing, ka nu asal gaduh laku, nu bieu pangkituna, ku panggawe Sang Narpati, Burusganur jaktosna nu ngabinasa.

8. Sarēng eta teh jaktosna, Sri Mah Putiasukmadji, Radja di nagri Ambarak, Sang Putri ngalahir deui, pikir kula pribadi, tatjan nētēpkeun nu husu, Burus atawa Barak, anu ngabinasa tadi, ka pangërsa Sri Maha Putiasukma.

9. Ku sabab ku tatjan aja, nu baris nētēpkeun sidik, saha anu boga dosa, ngan tangtu ëngke di ahir, mun Burus geus katjangking, ku kula tangtu ditungtut, putër balik pariksa, pinasti kana katjiri, anu boga lampah murka ngabinasa.

10. Barakgirung ngawangsulan, dibarung ngagakgak seuri, nuhun eta nu ditēda, ngadēg pangadilan hakim, raos langkung utami, Sang Putri teu lami njaur, memang ku sabab hakna, pangkat Papatih Narpati, turug-turug lain pasal leuleutikan.

11. Pandjang lamun ditjarita, Putri di gunung Sarinding, ngantos

Mantri Padjarangan, gantjangan anu digurit, Mantri Ginggi teu lami, geus dongkap deui ka gunung, ka pajuneun Sang Ratna, sarta ku Putri teu lami, Mantri Ginggi dipariksa kaajaan.

12. Teras Mantri Padjarangan, undjukan ka Ratu Putri, sanggëmna aneh kalintang, sadongkap ka pantjaniti, njondong para bopati, langkung sami kaget kalbu, malah djadjaden teras, dikëbakkeun ku Sang Adji, sinarëngan ku raka Sang Gëndarata.

13. Ditawa djeung dikukusan, teu lami koredjat tanghi, waras ngadadak sakala, kaja gugah kulëm badis, sarta jasa ngalahir, sihareng Sang Sri Mah' Ratu, Prabu Putiasukma, rama Gëndarata Rësi, anu mangkon karaton nagri Ambarak.

14. Mung sakitu katërangan, pamëndak abdi teh tadi, katërangan di Banuja, ku margi kabudjëng indit, amung aja wawarti, raka Gëndarata istu, wëwërat ka gamparan, saurna teh laksa-këti, kanuhunan mo ilang dunja-aherat.

15. Sang Adjëng Ratna Suminar, teu lami ladjëng ngalahir, ka Ginggi sarëng ka Barak, ajeuna mah haju deui, ngudag si Burus iblis, urang susul buru-buru, gantjangna teh tjarita, teras djëngkar Ratu Putri, sarëng rentjang geus ngambah ka djumantara.

16. Tunda heula nu neangan, kotjap Burusganur deui, tina sabarang ngëdjatna, tina djëro akar kai, tina bawaning risi, katewak ku Ratna Aju, ngëdjatna kaja kilat, kana têngahing wiati, bari njaur dina salëbëting manah.

17. Meh bae aing tjilaka, kagëbug ku Nji Putri djin, aing keur djongdjon nundutan, dina puluk Ragawati, keur sirna njumput buni, udjug-udjug djol bëlëdug, tjara gëlap ngabentar, lamun teu tangginas aing, kadangkala papasten djadi babatang.

18. Tatapi aing ajeuna, arek tërus njumput deui, kana geusan bebendjoan, dina pëpëndëman aing, puntjak Giri Prawati, Bandjaran Siti Binarum, sanggeus kitu manahna, Burusganur djëngkar deui, bade njumput dina Binarum Kania.

19. Teu lami Burus geus datang, njumput di pataka masdjid, sirna salëbëting manah, sumangka hamo kapanggih, tunda nu njumput buni, kotjap deui Ratna Aju, langkung-langkung kewuhan, Burus teu kapëndak deui, buar-biur ngadadjah ka gënëp djihat.

20. Liren dina djumantara, njaur salëbëting galih, wis tjilaka ajeuna mah, Burus teu kapanggih deui, bënër saktina leuwih, unggul ti para tumënggung, aing kakara mëndak, nu pëlit leuwih ti iblis, tapi ngewa lamun aing wëleh ngudag.

21. Barang keur kitu manahna, gërëndëng aja panglahir, sowara tan katingalan, pokna aeh deudeuh teuing, Ratna Suminar eulis, ulah manah ngalëm musuh, narohkeun kana bahja, dumeuh Burus sakti pëliti, Njai ulah hangham ka awak sorangan.
22. Burusganur teh njumputna dina pataka masigit, ngaran Binarum Kania, ku Njai teang sing gasik, masdjidna peupeuh deui, nja ku eta tikëlbalung, ieu anu tjarita, titis sukma nu keur djadi, sipat masdjid ngaran Binarum Kania.
23. Sang Adjëng Ratna Suminar, barang ngadangu panglahir, imut barina ngandika, paman sadajana nguping, aja anu ngalahir, Barak Ginggi ngawarangsul, aja kukupingan mah, tinghariuk sora angin, saur Putri meudjehna tjeuli gadjah mah.
24. Haju bae ajeuna mah, tuturkeun kula rek indit, ka tëmplat Burus njumputna, Sang Ratu Putri teu lami, djëngkar tina wiati ngadjugdjug gunung Binarum, sarta teu lami dongkap, kana buruan masigit, langkung këlär manah Sang Ratna Suminar.
25. Ku margi tilas amëngan, sarëng raka Sang Pramanik, dumugi mëdal tjisotja, lantaran kagagas galih, eling ka Sang Pramanik, di dieu wiwitan tëpung, kenging marga tër buka, nugraha mër wintjik diri, pasal sipat babaran kasampurnaan.
26. Ajeuna parëng patilar, tatjan puguh tëpang deui, lantaran taja raratan, aja-euweuhna Sang Dewi, di djëro alam lahir, manahna Putri mangpaung, tapi dongkap emutan, nadjan tëpang tangtu isin, lamun masih Burusganur tatjan beunang.
27. Saparantos kitu manah, rëj deui manah kapusing, anu teu aja hinggana, hojong geura Burus kenging, sarta teu lami Putri, ngudar deui tikël-balung, masdjid dikurilingan, ditingal diulak-ilik, lëbah mana anu baris dipeupeuhna.
28. Barang lëbah paimbaran, Putri hënteu tata deui, ngulung tikël-balung tea, dipeupeuhkeun kana masdjid, djëgur sorana tarik, eundeur di gunung Binarum, Burusganur tangginas, ngaburingkal ngëdjat deui bari njëbat Binarum Kania waras.
29. Kaget Sang Ratna Suminar, masdjid ilang tanpa lëbih, malah sugri kaajaan, kakajoning taman sari, sarta bandera putih, barëng leungit teu pupuguh, tapi aja djadina, sipat kamanusan istri, opat puluh dariuk sarta ngadjadjar.
30. Ngan aja tilu nu misah, linggih dina korsi gading, ari anu sawareh mah, aremok beres ngabaris, barang Sang Ratna Putri, ningal kadjadian kitu, hookeun ku kagetna, njaur salëbëting galih, Burusganur

istu sagaraning murka.

31. Sabab ieu moal gagal, gawe manehna pribadi, estuning leuwih wadjibna, ku aing dibėrik-bėrik, sing nėpi kana mati, malah-malah kudu tumpur, sakur anu kasėbat, bebet Burusganur misti, kudu basmi ulah rek aja tinggalna.

32. Sang Adjėng Ratna Suminar, sanggeus njaur lėbėt galih, ka Mantri Ginggi ngandika, ajeuna ku paman misti, sakabeh ulah kari, akutan ti ieu gunung, ka karaton Banuja, sanggakeun ka Sri Mah' Adji, njumanggakeun Ginggi ka Ratna Suminar.

33. Tėras ku Ginggi sorangan, eta kabeh para istri, diakutan ka Banuja, ari Sang Ratu Putri djin, di dinja bae linggih, tunggu sarėng Barakgirung, hanteu lami ngandika, Putri ka Aria Patih, tjoba paman tjarita sing tėrus tėrang.

34. Ieu djadjaden ti mana, mana loba-loba teuing, Barakgirung ngawangsulan, eta anu asal masdjid, dua putri nu djadi, hidji garwa Sri Mah' Ratu, Prabu Putiasukma, sarėng putrana sahidji, nu djė-nėngan Sang Putri Dewi Kania.

35. Dupi nu djadi bandera, garwana Aria Patih, dupi anu di harandap, rentjang-rentjang eusi puri, ěmban-ěmban prakoki, djuru puri djuru dapur, Adjėng Ratna Suminar, ka Barak ngalahir deui, saha anu boga gawe ngabinasa.

36. Arja Barak ngawangsulan, Sri Mah' Burusganur Adji, anu gaduh pagawean, binasa ka para putri, sanes paman pribadi, nadjan disumpah ge wantun, Putri ladjėng ngandika, tekad kula tjara tadi. tatjan bisa nėtėpkeun ieu-ituna.



Asmarandana

1. Hanteu lami Mantri Ginggi, geus anggeus ngakutanana, sakabeh bangsa djadjaden, meunang sapuluh balikan, luut-leet kesangna, untang-anting langkung ripuh, taja anu ngabantuan.

2. Ratna Suminar ngalahir, ka Ki Mantri Padjarangan, dibarung hegar pasėmon, tjoba kula menta bedja, para djadjaden tea, sanggeus aja di kadatun, naon katėranganana.

3. Ngawangsulan Mantri Ginggi, ka Adjėng Ratna Suminar ngundjukkeun para djadjaden, sadajana dimandian, ku Raden Gėndarata, sarėng ku Sri Maha Ratu, sarta tėras ditawaan.

4. Waras iasa ngalahir, disébat hidji-hidjina, hidji garwa Sri Mah' Katong, Radja nagari Ambarak, Binarum kakasihna, kadua putrana istu, djënëngan Dewi Kania.
5. Katilu garwana Patih, kota nagara Ambarak, nu seueur rentjang karaton, barang Sang Ratna Suminar, ngadangu piundjukna, Mantri Kuntjen djuru ratjun, gumuju bari ngandika.
6. Nuhun geus sami walagri, ngan kari newak iblisna, ajeuna mah haju bae, si Burus urang teangan, nadjan ka mana-mana, Barak djeung Ginggi ngawangsul, njumanggabeun ka Sang Ratna.
7. Hanteu lami Ratu Putri, biur deui ngawang-ngawang, ti bėkas gunung djadjaden, ngalanglang ka sabuana, tandang taja kabingbang, sarta paningal teu suwung, lumirik ka madhab papat.
8. Tunda heula Ratu Putri, Sang Burusganur kakotjap, sangė-djatna ti gunung teh, hanteu eureun lulumpatan, tjulang-tjileung ka tukang, manahna sieun kaburu, ku Adjėng Ratna Suminar.
9. Njaur salėbėting galih, edas teu kaur nundutan, kapėlėngok saban njėmpod, estu bangkawarah ģnja, andjing Ratna Suminar, bėt abong-abong djin palsu, tata kaja rodamala.
10. Eta atuh si Saksari, make ngukut anak djalma, padahal teu kurang onom, nu pantės didjieun anak, estu teu djeung pikiran, laku teu umum djeung batur, milampah sakama-kama.
11. Djeung aing bėt abong deui, lamun katewak kagarap, aing kawas lain djago, beunang ku Ratna Suminar, malah aing ajeuna, rek njumput di anu singkur, di tėtėlar Awat-awat.
12. Leuwi kali Lariburi, pėpėndėman aing tea, teu lami Sang Burus Katong, saėnggeus kitu manahna, kėbat ka Awat-awat, gantjangna harita tjunduk, ngarandjing kana tjaina.
13. Djeung njaur lėbėting galih, bėnėr si Ratna Suminar, waspada tėrusing tendjo, upama bisa manggihan, aing njumput ajeuna, sanggeus Burus njaur kitu, reup deui kulėm nu tibra.
14. Tunda nu keur njumput buni, kotjap deui Adjėng Ratna, ngalajang djeung rurut-reret, paningal ka mana-mana, mung wėleh teu katingal, Radja Burusganur musuh, geus lami hėnteu kapėndak.
15. Saurna Sang Adjėng Putri, wis tjilaka ajeuna mah, si Burus bėt musna bae, sakieu ģnggeus lilana, bėt taja ilapatna, nuduhkeun tėmpatna njumput, geseh ti anu ka tukang.
16. Barang Putri keur migalih, gėrėndėng deui sowara, karungu dugi nongtoreng, pokna aeh Adjėng Ratna, ulah rek aja manah, tuna panulung Nu Agung, karamat para pandita.

4

17. Ajeuna mah geuwat ungsi, tětëlar si Awat-awat, njumputna Burusganur teh, ngarandjing kana walungan, di Lariburi tea, lëbah leuwi nu kapungkur, tjitjingna palëbah dinja.
18. Ku Adjëng ajeuna gasik, meungpeung eukeur sare tibra, peupeuh tjara tadi bae, ieu anu tjatjarita, titis sasaka sukma, Gëndasoringtoni estu, nu mangkuk di Budarasa.
19. Barang ënggeus Putri nguping, ka eta ungëling sora, gumuju barina liren, ngandika ka rentjang-rentjang, Ginggi Aria Barak, tjing saha nu ngadarangu, bieu sowara ka kula.
20. Sanggëm Barak sarëng Ginggi, hënteu aja kukupingan, saur Putri tjeuli këbo, budëg tuli buta rata, balikanan mun tërang, kana rungu anu husu, kana geusaning laksana.
21. Ajeuna mah haju gasik, tuturkeun bae kaula, urang newak gandarëwo, teu lami Ratna Suminar, djëngkar deui ti dinja, ngëbut bawaning ku rusuh, ka tětëlar Awat-awat.
22. Geus sumping ka Lariburi, ngadëg di sisi leuwina, urut andjeunna bareto, atuh ras deui Sang Ratna, ka raka nu teu aja, Sang Dewi Pramanik guru, dumugi mëdal tjisotja.
23. Amung ku gampang kasilih, šëdih galih nu përlaja, kagënten ku leuwih djengkel, katjua taja hinggana, ka Manetji Manetja, hojong bëk bae ngagëbug, ku tikël-balung kantjana.
24. Tërus galih murang-maring, dangah djeung ngudar beulitan, tikël-balung djimat kahot, tërus diulung diheumat, meupeuh leuwi walungan, tjaina anu digëbug, bëlëdag lir sora gëlap.
25. Gojang tanah lir ku lini, satëgal si Awat-awat, Burusganur katjarios, tangginas ngëdjat ti dinja, ngagërung djeung sasambat, bari njëbut nudju waktu, Gëndasoringtoni waras.
26. Manah Putri kaget deui, ningal kaajaanana, tina marga walungan teh, sabada digëbug djimat, ilang tanpa karana, Burusganur tërus kabur, walungan aja djadina.
27. Kali leungit tanpa lëbih, musna teu aja tapakna, ngan aja hidji djadjaden, lalaki kamanusaan, dina korsi diukna, ngan wungkul ngëluk ngabisu, ngadjëntul ukur napasana.
28. Barang Sang Putri ningali, ka eta djadjaden tea, gumuju bari njarios, edas mani saban-saban, tëmplat nu karungrungan, ku si djurig Burusganur, kudu aja balukarna.
29. Tapi nuhun bagdja diri, djadi harkat djuru ruat, sakur nu nandang tjtjoge, suganna djadi mangpa'at, kana tërbuka raga, geusan waluja rahaju, laksana sapangarëpan.

30. Ngan ajeuna paman Mantri, tjape ge kudu wajahna, da bubuhan djuru gandong, ieu kudu deui bawa, ka karaton Banuja, pek ajeuna buru-buru, kula di deui ngantosan.

31. Njumanggakeun Mantri Ginggi, sarta hanteu lami tēras, singkil dangdan rap ngagandong, ngabantun djadjaden tea, dipunggu djeung korsina, Ratna Aju anu kantun, sarēng Arja Patih Barak.

32. Tēras mariksa Sang Putri, tjoba sēbutkeun ku paman, marga mustahil teu njaho, raratan nu bieu tea, saha djeung urang mana, teu lami Barak ngawangsul, pun paman teh tērang pisan.

33. Eta Gēndasoringtoni, Papatih nagri Ambarak, anu ku paman digēntos, ngandika deui Sang Ratna, saha nu ngabinasa, sanggēm Barak Burusgunur, nu alpukah ngabinasa.

34. Upami gamparan galih, teu pērtjantēn ka pun paman, mangga sumpah anu abot, ngandika Ratna Suminar, pikir kula ajeuna, teu bisa nētēpkeun husu, itu-ieu tatjan njata.

35. Gantjangna anu digurit, Mantri Djurung Padjarangan, harita ēnggeus torodjol, wangsul ti nagri Banuja, djeung Putri geus patēpang mariksa Sang Ratna Aju, ka Ki Mantri padjarangan.



Dangdanggula

1. Mantri Ginggi undjukan ka Putri, nguningakeun hal djadjaden tea, sadongkapna ka karaton, dikēbakkeun Sang Prabu, ditawaan ku Gēnda Rēsi, dadak-sakala damang, teu tuli teu bisu, sarta tjapetang wawarta, njarioskeun jen andjeunna teh papatih, kota nagri Ambarak.

2. Kakasihna Gēndasoringtoni, geus patēpang djeung Putiasukma, gamparan nu diarantos, Ratna Suminar njaur, haju urang njarusul deui, bisi kaburu anggang, kaburna si Burus, njumanggakeun rentjang-rentjang, hanteu lami Sang Adjēng geus biur deui, ngapak ka djumantara.

3. Garang tjantēng ngatjatjang teu tjitjing, luntang-lantung teu aja kabingbang, madhab papat nu direret, tunda Sang Ratna Aju, kotjap deui Sang Burus Adji, sabadana ka luar, tina tēmpat njumput, ngēdjat gantjang kaja kilat, bari njaur dina salēbēting galih, bēnēr Suminar awas.

4. Bēt paingan antero para djin, rata dēmpak ku Ratna Suminar, pada serab pada sēber, saktina puguh kitu, tatapina mungguhing aing, tinimbang kana sadrah, taluk ka nu kitu, masih keneh aja njawa, era

tēmēn aing kasēbut lalaki, ngeok eleh ku bikang.

5. Ngan aing teh moal arek wani, pērang djongok djeung Ratna Suminar, wajahna rek atar bae, kabur ka anu djauh, atawana njumpot nu buni, malah-malah ajeuna aing arek njumpot, tjitjing dina pēpēndēman, dina puntjak gunung Sulagelawati, anu leuwih sunina.

6. Hanteu lami Burusganur gasik, rek ngadjugdjug Gunung Sulagela, gantjangna nu ditjaros, Burusganur geus tjunduk, hanteu lami gēblus ngarandjing, ka puntjak Sulagela, dinja aja batu, djangkung pasagi lir pilar, nja di dinja tjitjingna Sang Burus Adji, reup kulēm langkung tibra.

7. Tunda Burus katjaturkeun Putri, di wiati ngalanglang neangan, rurut-reret hanteu pētōt, njaur lēbētīng kalbu, aeh-aeh Burus istuning, taja deui akalna, ngan sumput salindung, abong-abong bebet setan, tapi aing sanadjan nēpi ka pati, moal wēleh neangan.

8. Barang eukeur kitu lēbēt galih, aja deui gērēndēng sowara, karungu ku Sang Pinutren, aeh djantunging kalbu, Njai Ratna Suminar eulis, ulah sisip pangrasa, ku si Burusganur, ajeuna mah geura teang, kana puntjak Gunung Sulagelawati, njukma ka batu pilar.

9. Geura peupeuh ku djimat nu tadi, tikēl-balung titipan atjeukna, djuru pependening hate, ieu anu tjatjatur, tētēs pētjar sukma tumitis, sasaka Sulagela, nu nunggu rahaju, Sang Adjēng Ratna Suminar, nguping saur liren sartana lumirik, ngandika ka prarentjang.

10. Paman² kumaha ngaruping, kana sora nu leuwih gumentjrang, sугan tjeuli malalongpong, Barak Ginggi ngawangsul, hanteu aja anu kakuping, salian sora topan, Ratu Putri njaur, dibarung ku keuheul manah, nja meudjeuhna tjeuli sapi mah sok tuli, katjotjokan ku gaang.

11. Ngan ajeuna paman Barak misti, kudu djadi tuduh djalan kula, sabab tangtu paman njaho, di tēmpat hidji batu, puntjak gunung di tēpis wiring, katēlah Sulagela, haju buru-buru, Barakgirung ngawangsul, njumanggabeun ka kērsa Sang Ratu Putri, gantjangna tēras djēngkar.

12. Hanteu sadjam di djalanna Putri, sumping kana Gunung Sulagela, sidik aja batu gēde, pasagi sarta djangkung, Patih Barak pikirna risi, jen nintjak gunung eta, sieun lir kapungkur, ngawitan gēring di dinja, hanteu pētōt babatjaan sakaeling, waridan ti Sang Putra.

13. Hanteu pēgat njambat dina ati, nēda hibar Sang iPurnama Alam, panēda Barakgirung teh, tina bawaning tuhu, kērsa Allah Barak walagri, teu rieut-rieut tatjan, dina puntjak gunung, Sang Adjēng Ratna Suminar, udjug-udjug nandangan tērēsna galih, raos lungse salira.

14. Teu kawawa kaluar tjitangis, dugi ilang tangan pangawasa,

meh ilang sipat kadjaten, ningal ka eta batu, hanteu lami kagēnten deui, manah Ratna Suminar, djadi nguwung bēndu, ngalindjing ngudar beulitan, tikēl-balung dianggo ngabanting tarik, ka eta batu pilar.

15. Ngagēlēgēr lir mariēm muni, Burusganur bidjil ngaburingkal, ngēdjat barina ngagēro, sasambat bari njēbut, Sulagela waras walagri, kitu pokpokanana, Ratu Burusganur, ngolenjaj ka djumantara, batu pilar musna leungit tanpa lēbih, kaget Ratna Suminar.

16. Tina batu leungitna ngadjadi, hidji istri bangsa kamanusan, tjalik dina korsi objor, tapi ngan wungkul ngēluk, tuli bisu teu pisan lilir, ukur renghap napasana, Ratu Putri njaur, istuning taja towongna, saban-saban panjumpulan Burus iblis, kudu aja djadina.

17. Hajoh geuwat paman Mantri Ginggi, geura angkat bawa ka Banuja, ka kērsa Sang Maha Katong, gantjang ku Mantri Ratjun, djadjen teh dibawa indit, dipunggu ka Banuja, kotjap Ratna Aju, mariksa ka Arja Barak, tjoba paman sēbatkeun nu bieu istri, saha anu ti mana.

18. Barakgirung ngawangsul ka Putri, eta wasta Dewi Sulagela, garwana Sang Maha Katong, Ratu di Sulungtubu, margi djadi batu pasagi, Sang Burus nu binasa, didamēl nu kitu, saur Sang Ratna Suminar, kula tatjan nētēpkeun panjangka ati, mungguh itu-ieuna.

19. Hanteu lami dongkap deui Ginggi, ka pajuneun Sang Ratna Suminar, ngarenghap bawaning tjape, sarta tēras piundjuk, nguningakeun istri nu tadi, ditawa gantjang waras, teu tuli teu bisu, bēt sihoreng teh Pawarang, garwa Radja Sulungtubu anu leungit, ibu Sri Mah Banuja.

20. Saur Putri aduh deudeuh teuing, hanteu njana ibuna djēng rakā, Sri Maha Banuja Katong, Meswari Sulungtubu, ngan kaula teu bisa gasik, nēpungan ka Banuja, halangan keur njusul, Burusganur Radja murka, ajeuna mah haju urang gasik-gasik, bisi kaburu anggang.

21. Hanteu lami Putri biur deui, kana mega diiring ku rentjang, Barak Ginggi ampir mopo, kesangna mani ngutjur, ampir-ampir katilar tēbih, ku Sang Ratna Suminar, tunda nu keur njusul, Sang Burusganur kakotjap, buar-biur njiar panjumpulan deui, hanteu lami kemutan.

22. Panjumpulan anu leuwih buni, pēpēndēman babandan andjeunna, kaju Langlangsona aheng, di tēgal Sulungtubu, Burusganur ti dinja gasik, ngadjugdjug patēmpatan, tēgal Sulungtubu, lēbēt kana Langlangsona, bari njaur dina salēbēting galih, hajoh aing teangan.

23. Lamun kuat si Suminar kirik, ngadeukeutan kaju Langlangsona, bēnēr nja digdjaja saktén, barang geus njaur kitu, Burusganur nundutan deui, reup bae kulēm tibra, dina puluk kaju, Sang Burusganur katunda,

kotjap deui Sang Putri dina wiati, ngalajang tandang gandang.

24. Ngan dibarung katērēsnan galih, tina ěnggeus tumētēs sumangka, ka Dewi Sulagela teh, jen ibu anu estu, ari anu mawi Sang Putri, teu nadah kagēruhan, umangkēn ka ibu, nalika barang braj muka, tina marga masih samar lēbēt galih, aringgis anu lian.

25. Tangtu pandjang lamunna ditulis, kangēnēsan Sang Ratna Suminar, gantjang anu ditjarios, harita Ratna Aju, keur lumindjing dina wiati, ngarandēg liren heula, aja nu karungu, gēntra nu lintang pērtela, pokna aeh Nji Ratna Suminar eulis, ajeuna geuwat-geuwat.

26. Burusganur geura gēbug deui, meungpeung sare sarta leuwih tibra, dina seke kaju njēm pod, di tēgal Sulung tubu, keur ngarandjing di hidji kai, ngaranna Langlangsona, geuwat buru-buru, ieu nu boga sowara, tētēs titis sukma, nu keur sēpi budi, sasaka Langlangsona.

27. Sang Putri Djin ka rentjang ngalirik, bari njaur kumaha prapaman, kaasupan denge hade, Barak Ginggi ngawangsul, djēmpling taja anu kakuping, Ratu Putri ngandika, dibarung gumuju, meudjauhna tjeuli kuda mah, tuman kasar sok tuli ka sipat mori, watēkna sambewara.

28. Sanggeus njaur tēras bae Putri, djēngkar deui tina panglirenan, ngalajang sēmu njolojong, gantjangna nu ditjatur, Sang Putri Djin teu lami sumping, ěnggeus ngadampal lēmah, tēgal Sulung tubu, di handapeun Langlangsona, langkung ngangrēs eling ka Dewi Pramanik, marga dinja leungitna.

29. Barakgirung paur djēro ati, tina risi gēring lir katukang, ampir-ampir njorang maot, ngan harita teu suwung, njambat guru Sang Nurasdjati, sagala wawaridan, istigpar kulaju, bubuhan kēkēl djeung iman, Barakgirung salamēt nandang walagri, teu merang-merang atjan.

30. Mantri Ginggi ka Barak teu lami, tjatjarita kang rai mah kēlar, ku ingēt basa bareto, di ieu Sulung tubu, ngēpung bangsat dumugi kenging, ditjabok ampir misan, Barak seug ngawangsul, montong sok ngagugat-gugat, eleh soteh lain ku kuntjēn wērēdjit, ku Ratu sarerea.

31. Katjaturkeun Sang Ratu Putri Djin, di handapeun kaju Langlangsona, djalingēr djeung rurut-reret, seug ngudar tikēl balung, Ratu Putri teu tata deui, tikēl-balung diheumbat, dianggo ngagēbug, kana tangkal Langlangsona, barang djēdak gēlēdug lir gunung djadi, gendjlong di pangalasan.

32. Langkung gojang eundeur lir ku lini, pangalasan kēbēk ku sowara, katambah ku poek mongkleng, di tēgal Sulung tubu, leuwih-leuwih ti poek peuting, mēdēm kabina-bina, Putri kaget kalbu, njaur salēbēting manah, aeh-aeh ieu mah leuwih ti tadi, make aja poekna.

33. Burusganur ngaburingkal deui, tērus ngēdjat kana djumantara, bari njēgor ngagorowok, eh hajoh buru-buru, geura waras Langlangsona 'Dji, djeung sakabeh rajatna, nagri Sulungtubu, barang geus kitu omongna, Burusganur biur ngēdjat ka nu tēbih, ngilēng keur panjumptechutan.

34. Tunda Burus kotjap deui Putri, masih liwung nandang kahe-mēngan, Barak djeung Ginggi mah komo, wungkul pagulung-gulung, Barakgirung djeung Mantri Ginggi, tina leuwih poekna, hanteu bisa ladju, katambah ku dordar gēlap, gara-gara babandjiran hudjan angin, Ratna Suminar reuwas.

35. Ratu Putri njaur ka pangiring haju paman urang njararingkah, mubus ka wiati bae, teu lami Ratu Aju, tēras ngēdjat kana wiati, tapi masih poekna, tēgal Sulungtubu, hēnteu ramang-ramang atjan, teu katingal ku Putri tina wiati, sumawonna ku rentjang.



Magatru

1. Ratu Putri kagetna teu suwung-suwung, gegeh ti pamēndāk tadi, lantaran ku djadi kitu, ngahulēng hēnteu ngalahir, ngan bati nandang rampohpoj.

2. Amung njaur dina salēbēting kalbu, ieu moal sak deui, panga-wasa Burusganur, binasa ka diri aing, malar aing tulag-tolog.

3. Tapi dusun aing lempes lēsu napsu, miris ku elmuning iblis, aing teh montong disēbut, Ratna Suminar Putri Djin, nu dolog kana palugon.

4. Barang eukeur Sang Putri ngamanah kitu, barabaj tjaang deui. taja reueuk taja tēduh, lenglang taja aling-aling, plungplong sagala katembong.

5. Barang ningal kana lēbah Sulungtubu, kaget galihna Sang Putri, marga Sulungtubu suwung, leungit musna tanpa lēbih, ngan djadina anu tembong.

6. Ku Sang Putri ditingal bae ti luhur, tēgal teh djadi nagari, pamēngkang di beulah kidul, mandopo nu katingali, majunan kana bantjong.

7. Alun-alun ngujupuk tjaringin kurung, pinggir ti wetanna bui, kaler patung bangsa luhung, nu awit njuburkeun nagri, masdjidna di beulah kulon.

8. Djalan-djalan ngēmbat ka wetan ka kidul, toko-tokona ngabaris,

tërus nudju pasar baru, tèmpat bangsa kapitalis, barakbak gèdong di kulon.

9. Katingali ku Putri ti mega paul, istuning nagari rèsik, hanteu lami Putri njaur, ka Barakgirung djeung Ginggi, haju paman urang longok.

10. Tèras bae Sang Ratna Suminar lungsur, ka lèbah pantjaniti, geus sumping ka latar pajun, hènteu kantun Barak Ginggi, Putri ningal lungak-longok.

11. Putri kaget ningali djëro kadatun, teu aja anu sèpi, sipat parabot kadatun, bupet medja bangku korsi, sipat pigura kapsètok.

12. Lampu gantung ngadjar mangpuluh-puluh, wantuning di djëro puri, tèmpat Radja anu agung, moal beda ti kiwari, kaajaan di karaton.

13. Ratu Putri tèmpa-tèmpe di kadatun, kamar-kamar nu diungsi, tapi wèleh hènteu nimu, manusa pangeusi puri, taja koki taja djongos.

14. Tèras Putri kana pangkulëman asup, barang-barang hènteu kari, pèpèten katil kulambu, këlir ukirna ngadingding, pangaling-ngaling gunalong.

15. Tèras bae dibuka ku Ratu Aju, kana sadjëroeun katil, aja anu keur ngaringkuk, hidji manusa lalaki, kulëm dikampuh ngagodjod.

16. Tuluj bae miwarang ka Barakgirung, reudjeungna ka Mantri Ginggi, djadjaden kudu dipangku, dibidjilkeun tina katil, gantjang ku Ginggi dipangkon.

17. Tapi eta djadjaden anggur murungkut, hènteu usik hènteu malik, ngan ukur ngambëkan wungkul, ditjalikkeun dina korsi, luhak-lehek rek tidjongklok.

18. Tèras bae diebogkeun kana bangku, Putri Djin njaur ka Ginggi, kudu bawa buru-buru, sanggakeun ka Sang Narpati, nagri Banuja karaton.

19. Hanteu lami ku Ginggi tërus dipanggul, reudjeung bangkuna sakali, ngawingking dibawa ngapung, tunda heula Mantri Ginggi, Ratu Putri Katjarios.

20. Ladjëng njaur ka Aria Barakgirung, saha anu gawe dëngki, sanggëm Barak Burusganur, saur Putri tatjan tigin, nètèpkeun nu gawe serong.

21. Ngan ku paman hajoh idër di kadatun, sababna mohal teh teuing, sipat di karaton suwung, tea aja eusina djalmi, djuru puri djuru pawon.

22. Tèras bae ku Aria Barakgirung, kaluar puri diloris, djamban

- sěpen-sěpen dapur, barang Barak ulak-ilik, ningal nu beres ngadjogo.
23. Dina sisi empang di pungkureun dapur, ngarėluk teu usik-usik, taruli sarta barisu, kira opat puluh leuwih, pantės rentjang di karaton.
24. Sarta tėrus didjadjah ku Barakgirung, sabudeur kota nagri, manusa mangrebu-rebu, tukang dagang tukang kuli, sarta para menak kantor.
25. Kampung-kampung ku Putri djeung Barakgirung, teu kaliwat diroris, taja hidji anu mulus, djalma sadjėro nagari, aja nu ngėdėng nu djongkok.
26. Nu sawareh anu diuk anu njuuh, anu nangkarak njangigir, sawareh anu ngadingkuk, kumaha asalna tadi, nu nangundjar nu tjingogo.
27. Ratu Putri gumuju barina njaur, estu aneh teh teuing, pangawasa Burusganur, tapi nurutan mah nadjis, teu idin Gusti Jang Manon.
28. Sanggeus ngidėr tėras deui ka kadatun, linggih dina korsi gading, Barakgirung dina bangku, mando majun ka Sang Putri, isin leuwih ku narpatos.
29. Hanteu lami Mantri Padjarangan tjunduk, ngadeuheusan ka Sang Putri, Sang Putri ka Ginggi njaur, mariksakeun anu tadi, djadjaden nu ti karaton.
30. Dipiundjuk ku Ginggi ka Ratna Aju, anu tadi teh Narpati, Radja nagri Sulungtubu, kakasihna nu sajakti, Sri Mah' Langlangsona Katong.
31. Diundjukkeun ģngeus waras sarta mulus, hėnteu sėpi galih budi, Ratu Putri tėras njaur, njėbat nuhun laksa-kėti, wiludjėng Sri Mah' Narpatos.
32. Ngan kula teh leuwih-leuwih nandang bingung, ku rahajat eusi nagri, saha nu baris ngabanju, lantaran ku loba teuing, manusa mangėwon-ewon.
33. Moal bisa anggeus ku nėngahan taun, diakutan ku Ki Ginggi, djeung ku paman Barakgirung, ngan ajeuna paman Mantri, kudu deui bae mios.
34. Itung-itung ibadah tulung-tinulung, ka nu keur nandang balahi, djalma maliun-maliun, nandangan balahi lahir, nu taja tandingna abot.
35. Ajeuna mah kudu indit buru-buru, ka nagri Banuja deui, undjukkeun ka Sang Parabu, kakang Gėndarata misti, kėdah djėngkar ku pribados.
36. Tina sabab moal tiasa kabantun, puguh manusa sanagri, pada terek pada bisu, njumanggakeun Mantri Ginggi, sarta hanteu lami mios.

Sinom

1. Sang Adjëng Ratna Suminar, tumëtëp linggih di puri, sarëng Arja Patih Barak, sarta teu lami ngalahir, kula teu sëmang ati, ku përkara Burusganur, dina wilanganana, kabur ti kurungan langit, moal burung disusul diudag-udag.
2. Ajeuna sanadjan ëlat, tunggu di ieu nagari, itung-itung ngaso heula, mun urang ëngeus tarapti, kakara indit deui, neangan si Burusganur, ngawangsul Arja Barak, pun paman sumëdja ngiring, kana sugri pangërsa lënggah gamparan.
3. Tunda Sang Ratna Suminar, kotjap Mantri Ginggi deui, dongkap ka nagri Banuja, wantu gantjang kaja angin, njirorot ti wiati, tëruse asup ka kadatun, sarta waktu harita, nudju këmpeël pranarpati, sugri anu békasan tina ténungan.
4. Sang Sri Maha Langlangsona, Sang Putiasukma Adji, sarëng Sang Radja Bunaja, Arja Gënda Soringtoni, sarëng Patih pribumi, Arja Pramadia djadug, dina waktu harita, sami-sami gunëm warti, djeung dibarung ku gumuju gogondjakan.
5. Lantaran ku kahemëngan, galih nu dua narpati, tina marga pada njëbat, diténung didjieun kai, dalapan wëlas warsi, sanggëm sadaja nu maphum, padahal karaosna, kaja mëntas kulëm badis, nu lamina kintën-kintën aja sadjam.
6. Kitu galih sadajana, sugri anu nëmbe tanghi, tina bahja katénungan, ngan wungkul haremëng galih, bari teu eureun pudji, ka Allah nu maha agung, nu agung kawasana, rupi-rupi nu katampi, abong hirup sasara sagala larap.
7. Barang keur sami wawarta, djëbul dongkap Mantri Ginggi, sadaja para narpatya, gupjak anu leuwih-leuwih, kadongkapan ku Ginggi, Sri Maha Banuja njaur, bët lengoh ajeuna mah, djeung di mana Njai Putri, ngawangsulan Ginggi ka Sri Mah Banuja.
8. Abdi Gusti margi dongkap, sarëng teu ngabantun deui, djadjen tina ténungan, wirehing nampi panglahir, ti kërse Adjëng Putri, ka kërse Gusti nu estu, wireh moal tiasa, ngabantun djalma sanagri, sami-sami përlaja teu atjan hudang.
9. Pamundut Sang Adjëng Ratna, sewu-sewuning pamugi, Raden Rësi Gëndarata, këdah pisan gasik², ka Sulungtube sumping, ngabanju

békasan ténung, ajeuna kédah pisan, kairing ku abdi Gusti, Sang Sri Maha Banuja ladjéng ngandika.

10. Naha ari Adjéng Ratna, hēnteu pisan kana njangking, sarat panumbal panawa, ngawangsulun Mantri Ginggi, kantēnan kana njangking, upami djin nu katénung, ku wisaja rantjana, tangtos ditawa ku Putri, saréng tangtos kana pisehateunana.

11. Dupi upami nawaan, ka sipat manusa jakti, pasti dina sasehatna, elinganana teh salin, nitis rasa sipat djin, Sri Maha Radja gumuju, sarta bari ngandika, ka Mantri djuru wérédjit, oh paingan lamun kitu balukarna.

12. Sri Maha Radja Banuja, ka Raden Gēnda ngalahir, njarioskeun pamundutna, Ratna Suminar Putri djin, jen kédah gasik-gasik, ngalajad ka Sulungtubu, nambaan rajat dinja, ngawangsul Sang Gēnda Rēsi, njumanggakeun kana dawuhan Sri Nata.

13. Sang Sri Maha Langlangsona, teu lami ladjéng ngalahir, ka putra Sri Mah' Banuja, pikiran ama pribadi, ama ge leuwih wadjib balik muru Sulungtubu, lamun kaja kitu mah, pērlaja eusi nagari, ngawangsulun Sri Maha Radja Banuja.

14. Emutan abdi Dalēm mah, manawi sapuking galih, mugi-mugilah waka, galih wantun enggal mulih, saupami praabdi, teu atjan waluja estu, margina bilih aja, tularna di lēbēt nagri, hawa awon peurah sipat katénungan.

15. Emutan abdi Dalēm mah, manawina ēngke deui, ngantosan sērat ti putra, Nji Putri Puséring bumi, ngundjukkeun para abdi, wiludjéng sa-Sulungtubu, Sri Maha Langlangsona, ngandika ka Raraspedi, bēnēr pisan wiwaha Udjang ka ama.

16. Tanda mimēlang misēmang, tekad ati nu utami, tapi dipikir ku ama, lantaran adat ti tadi, anu ēnggeus maranti, djadi sungsum djadi balung, moal beunang dikumbah, turunan ti nini-aki, wawarisan ti para karuhun Udjang.

17. Tekad nu ngasta nagara, pērtiti nu njangking adil, djungdjunan kabeh prarajat, goreng lamun sisip budi, sēpi ati toh pati, mundur ti panggawe umum, taja tandana njaah, ka rajat eusining bumi, mun teu ngurus kana bahja kasusahna.

18. Ku sabab eta mun ama, ajeuna teu gantjang balik, teu melaan rajat bahja, lantaran aja karisi, sieun tepa panjakit, eta ku sasama prabu, tangtu ama kasurak, katungtik ku djuru tilik, diembarkeun sawēngkon buana alam.

19. Tangtu ama nandang wirang, beutina kusut nagari, ilaᅅng tata

kaamanan, tah kitu ama pamikir, lamun teu geuwat balik, Sri Mah Banuja ngawangsul, abdi Dalēm kalintang, rumaos kalēpat ati, katur undjuk nu sulaja tina hakna.

20. Ajeuna sadaja-daja, ngiringan sakērsa Gusti, bade mulih enggal-enggal, Sri Maha Langlangsonadji, ladjēng ngalahir deui, ama arek poe isuk, djeung Raden Gēndarata, ngawangsul Sang Raraspedi, nju-manggakeun ka rama Sang Langlangsona.

21. Sang Sri Maha Langlangsona, teu lami ladjēng ngalahir, ka Radja nagari Ambarak, rai Dalēm laksa-kēti, nēda asihing galih, Raka Dalēm anu estu, bade nambut sakēdap, putra Raka Dalēm jakti, ieu wasta Raden Ēmas Gēndarata.

22. Bade dipērih nambaan, panjakitna abdi-abdi, ngawangsul Radja Ambarak, ka Sri Mah Langlangsondji, hal pērkawis kang rai, agēng kawēlasan kalbu, kana marga hinana, ka pun anak nu sajakti, kērsa nganggo kana kabodoanana.

23. Raka Dalēm sakalintang, sumadrah lēbēting ati, miwah djadi kabingahan, anu teu aja sasami, estu sumangga teuing, ditjandak ka Sulungtuwu, Sri Maha Langlangsona, teu lami ngawangsul deui, nganuhunkeun ka raka Radja Ambarak.

24. Gantjangna ieu tjarita, kotjapkeun isukna deui, Sang Sri Maha Langlangsona, sarēng rai Sang Meswari, Sang Gēndarata deui, tras djēngkar ka Sulungtuwu, titihan nu biasa, di bangsa para narpati, dina djaman raratan kaom baheula.

25. Gadjah kenging ngadangdosan, sakēduk sarupi djoli, rarahab pērmata mirah, sorotna pating karētip, ngaleut ngeungkeuj nu ngiring, senapati djuru pamuk, ponggawa di Banuja, ngadjadjapkeun Sang Narpati, pahormatan ti putra Sang Sri Banuja.

26. Ari Mantri Padjarangan, kamari oge teu lami, pulang dintēn ti Banuja, kawantu-wantu bangsa djin, ahli ngambah wiati, taja katjape karipuh, tunda anu keur djēngkar, kotjap nu dikantun mulih, Sang Sri Maha Radja nagari Banuja.

27. Sarēng Sang Radja Ambarak, dideuheusan para patih, Arja Patih Pramadia, Arja Gēndasoringtoni, ngabaris para mantri, ku Radja nu dipisaur, dina waktu harita, amung ku kewuhan galih, ngemut-nge-mut ku pasal kateu-njanaan.

28. Kailangan budi akal, saur nu sami tingali, Sri Maha Radja Ambarak, amung kantun kaget galih, sumawon Sang Meswari, nu djēnēngan Sang Binarum, Sarēng Dewi Kania, raos langkung ngēnēs galih, hēnteu pētot kukurajeun salirana.

29. Sri Maha Radja Ambarak, margi hēnteu atjan mulih, ti dajeh nagri Banuja, ngantosan para bopati, ti saban-saban nagri, ěrehan andjeunna estu, marga geus miwarangan, Sri Maha Putia Adji, ngintun sĕrat ka prabopati Ambarak.

30. Gantjangna nu ditjarita, burudul nu mapag sumping, ti dajeh nagri Ambarak, para tumĕnggung bopati, papatih para mantri, sarĕta sami kaget kalbu, sasumping ka Banuja, tina sadaja geus nguping, pasal asal kawisaja ku rasĕksa.

31. Para bopati Ambarak, sami hemĕng dina galih, ku margi hēnteu njanana, ku tadi hēnteu tingali, jen pahili Narpati, ku sami adĕg pamulu, lir barang sa'jitakan, teu aja sangka nu sidik, ku rasĕksa djurig ti pusĕr sagara.

32. Uninga soteh harita, sakitanan nampi warti, ti Radja nagari Banuja, raratan Sang Sri Narpati, atuh para bopati, mung bati lingsĕm kalangkung, rumaos sotja pĕda, kasulap ku sipat iblis, tungtungna mah gĕr gumuju gogondjakan.

33. Dibudjĕng bae enggalna, ti harita hēnteu lami, Sri Maha Radja Ambarak, tĕras bae amit mulih, ka Radja Raraspedi, sarĕta hēnteu lami tĕrus, Prabu Putiasukma, sarĕng sadaja bopati, ngaleut mulih ti Banuja ka Ambarak.

34. Tunda heula Sang Ambarak, kotjap deui Ratu Putri, Sang Adjĕng Ratna Suminar, sarĕng Aria Papatih, katilu Mantri Ginggi, di karaton Sulungtubu, ngantosan Sang Sri Nata, nu ngasta eta nagari, bade sumping sanggĕm Mantri Padjarangan.



Asmarandana

1. Teu lami Sang Ratu Putri, ngandika ka Arja Barak, kula arek mindo omong, malikan kĕtjap ka tukang, nja eta tekad kula, tatjan nĕtĕpkeun nu husu, njangka ka nu boga dosa.

2. Anu wani hiri dĕngki, ngadjalankeun katĕnungan, njieun hina ka narpatos, estu leuwih-leuwih nista, anu ĕnggeus kapĕndak, duka paman duka Burus, nu boga gawe binasa.

3. Pikir kula hēnteu leungit, tina patekadan eta, lantaran taja nu njaho, dina hal saha-sahana, anu boga alpukah, nadjan paman rebu-rebu, kĕtjap sumpah anu nista.

4. Kula moal tuna ati, tjangtjaja djeung teu pĕrtjaja, tĕtĕp duaan

nu goreng, Arja Barak Girung barang, ngupingkeun tjariosna, Ratu Putri nu sakitu, ngahulëng teu ngawangsulana.

5. Ngan njaur lëbëting galih, bënëR Putri tëtëp njangka, aing anu boga gawe, ngabinasa ka manusa, padahal hënteu pisan, aing anu gawe nënung, lian ka Sang Radjaputra.

6. Lamun kitu Ratu Putri, kawas rek aja manahna, kana balukar nu serong, ngahukuman anu beurat, dina awal-ahirna, disëbut kana sakutu, reudjeung anu boga dosa.

7. Kadangkala Ratu Putri, bidjil adat nu biasa, anu maneuh ti bareto, tara nimbang pangadilan, ka anu kaluputan, mun kaja kieu mah paur, ngiring ka Sang Adjëng Ratna.

8. Teu lami Aria Patih, ka Ratu Putri undjukan, dibarung budi rampohpoj, gamparan teh sajakosna, tëtëp lëbëting manah, sumangka ka Burusganur, sakutu sarëng pun paman.

9. Enggal Sang Putri ngalahir, aeh naha make nanja, kawas anu tatjan njaho, di adat hate kaula, beda ti sarerea, tjadu nambuh-nambuh laku, njëgah anu teu djeung hakna.

10. Kula tigin dina ati, jen tatjan nënëpkeun rasa, Burus paman anu goreng, sumawonna di ënjana, paman migawe salah, tjampur reudjeung Burusganur, ngadjalankeun lampah murka.

11. Di hënteuna oge pasti, ahirna paman teh meunang, hukuman lantaran pongkol, sababna mungguh kula mah, tara nutup pëkara, ngahampura tambuh-tambuh, bubar ku djalan karunja.

12. Sabab kula lain santri, pëntjaran ilmu ulama, leeh ku apel nu leweh, sapërti babandan kula, dilëpas tanpa krana, ku hakim di Bungbungümur, timbangan ilmu ulama.

13. Ari kula mah pribadi, estu hamo kitu pëta, da lain pëdar pasantren, lamun kitu tangtu pisan, loba bangsa pëndjahat, lamun wungkul gëde ma'lum, kabisa ngan ngahampura.

14. Ngëluk peureum Arja Patih, nguping pawarta Sang Ratna, ngutjap sadjëroning hate, mun kaja kieu përtjumah, tigin nja kumawula, ka ieu Sang Ratna Aju, bët murka dina manahna.

15. Hiri ka panëmu santri, njëla ka ilmu ulama, sindir sampir ka Sang Anom, lantaran ku ngahampura, ka dosa aing tea, ana kitu teu përelu, luas bela ka Sang Ratna.

16. Leuwih hade diri aing, kabur ngëdjat ti Sang Ratna, neangan Pangeran Anom, Sang Putra Purnama Alam, sabab lamun teu ngëdjat, awal-ahir aing tangtu, ku Sang Putri dihukuman.

17. Nadjan aing pasti mati, ku Adjëng Ratna Suminar, moal

panasaran hate, lamun di pajuneunana, Radjaputra Purnama, Barak sanggeus mikir kitu, tjéngkat bari ngawangsulana.

18. Nuhun gamparan migalih, ngantjam ka diri pun paman, ku hukuman anu abot, ku margi tina hēnteu sah, pangadilan Sang Putra, saupami jaktos kitu, atuh pun paman teu kēdah.

19. Kēkēl gawe ngiring-ngiring, bumela sabisa-bisa, ka salira gamparan teh, atuh ajeuna pun paman, ngidinan teu ngidinan, bade maksa bae wangsul, ngilari Sang Radjaputra.

20. Barang kadangu ku Putri, piundjukna Arja Barak, kalēnglēngan Putri djengkel, nundjuk dibarung ngandika, Barak bēt boga odjah, disurung ku goreng putjus, aja basa maksud maksa.

21. Rek undur ti tangan kami, lantaran seungguh ku adat, kami tara tjurang serong, tina pangadilan nu hak, tēgēsna katangtuan, papagon djatining hukum, nu gēlar di kaumuman.

22. Dumeh-dumeh diri kami, teu ngalap kana adatna, nu ahli bobot pangajon, Sang Putra Purnama Alam, nu gēde hampurana, pēntjaran elmuning wiku, raratan ti pasantrian.

23. Kami hēnteu sudi teuing, ngahampura ka pēndjahat, djuru tjurang gawe goreng, kuriak aja nularna, ngaruksak kakērtan, njuwungkeun geusan rahaju, njuparkeun di kaamanan.

24. Ajeuna Barak barani, arek maksa mēdasila, rek nuturkeun ka nu saleh, djor ajeuna geura njingkah, da moal dihalangan, hēnteu butuh ku nu kitu, karidu-ridu mamawa.

25. Hajoh Barak geura indit, bisi karagragan tangan, kami geus teu sudi nendjo, Arja Barak barang ningal, pusingna Adjēng Ratna, tetendjrag njeuseul tutundjuk, ngabar-ngabar dampal tangan.

26. Barak ngadegdeg muringis, bawaning leuwih sieunna, datang ka lantjingan djēmblong, teu lami Aria Barak, maksa sakuat-kuat, tjéngkat sarta tērus undur, ti pajeuneun Sang Suminar.

27. Geus kaluar ti djro puri, bēlēsat ka madya gantang, ngēdjat satēngah nu poho, bawaning ku kasieunan, disusul ku Sang Ratna, ngēbut dina mega paul, kaja pērdjalanan topan.

28. Sang Putri di djēro puri, sarēng Mantri Padjarangan, sarta teu lami Sang Putren, ka Mantri Ginggi ngandika, ēngkeun sina undjukan, mawa omongan pangasut, ka kērsa Pangeran Putra.

29. Barak sina kutjar-katjir, neangan Sang Radjaputra, ngaladog lampah lolongok, tapi paman Ginggi poma, ulah aja pikiran, kaula ka Barakgirung, lēpas hate kaiklasan.

30. Pangarah kula pribadi, sugan manehna patēpang, reudjeung

Sang Pangeran Anom, sina mawa tjaritaan, panghina ti kaula, ka kërsa Pangeran Sunu, dipalar sumping ngalabrak.

31. Tapi lain kula wani, ngajonan ku pangawasa, sipat djadjaten kasakten, ngan itung-itung kaula, suganna pinarëngan, maksud rek ngajuh tinëmu, panangtang geusan patëpang.

32. Kitu tekad dina ati, dibarung panëda-nëda, djadi pantjinganing hate, tapi paman poma-poma, ngabarëngan kaula, kana tekad nu sakitu, tjara nu ka tukang-tukang.

33. Kitu saur Ratu Putri, ka Ki Mantri Padjarangan, kotjap deui nu ngalolos, Barakgirung dina mega, lampah ambah-ambahan, ngetanngulon ngaler-ngidul, djeung njaur djëroning manah.

34. Aing teh tangtu di ahir, meunang hukuman nu beurat, ku Sang Adjëng Aju Putren, tatapi sanadjan ënja, aing nëpi ka kadar, meunang panghukuman bunuh, ku Adjëng Ratna Suminar.

35. Hënteu panasaran ati, ngan supaja kapajunan, ku kërsa Pangeran Anom, ajeuna rek diteangan, di dunja kamanusan, saënggeusna njaur kitu, biur deui Arja Barak.



Putjung

1. Tunda deui lampah Arja Barakgirung, malikan tjarita, kotjap deui Sang Pinutren, di pamëngkang sarëng Mantri Padjarangan.

2. Kësël ngantos Sang Sri Maha Sulungtubu, damëlna harita, bari wungkul edjegeler, bari njëbut bët abong-abong manusa.

3. Tara pisan subat-sibët buru-buru, sakieu lilana, masih tatjan sumping keneh, palangsiang nunggu nëpi ka mulanan.

4. Pandjang lamun ditjatur lampah Sang Aju, gantjangna tjarita, hanteu lami Sang Narpaten, djëbul sumping nudju ka gëdong pamëngkang.

5. Djeung Meswari lalungsur tina sakëduk, Raden Gëndarata, djeung para pëndjadjap kabeh, senapati ponggawa dajeuh Banuja.

6. Ratu Putri barang ningali Sang Prabu, lungsur ti pamëngkang tata hënteu geseh-geseh, tina adat tandang nu taja kaserab.

7. Bari njëbut aduh nuhun ama Prabu, dikadar ku Allah, putra tiasa babakten, ku prasipat tëpang sarëng wiludjëngna.

8. Sang Sri Maha Radja nagri Sulungtubu, kalintang kagetna, ningal ka Sang Adjëng Putren, bari njëbut sawangsulna hate ama.

9. Leuwih nuhun dikadar laksana tēpung, sarta muga-muga, satē-rasna karēp hate, kasinungan ku sipat kawiludjengan.
10. Eta kitu dawuhan Sang Maha Prabu, ka Ratna Suminar, tapi dibarungan bae, ku tjisotja bati njangkrung tjumalimba.
11. Sumawonna Meswari mah anu puguh, tjipruk salēmpajna patē-pang sarēng Sang Putren, amung hēntu ngarangkul ka Adjēng Ratna.
12. Tina marga aja asa-asa kalbu, ka Ratna Suminar, nadjan aja wartos oge, ti Sang Radja Banuja djeung Gēndarata.
13. Didongengkeun raratan Sang Ratna Aju, di nagri Banuja, tapi Radja tatjan salse, kana ngangkēn putra ka Ratna Suminar.
14. Malah-malah waktu harita Sang Prabu, tata pura-pura, nu tatjan uninga bae, ngan teu pētot ningal kana pameunteuna.
15. Katingali paroman Sang Ratu Aju, bēt rada sarimbag, tatahan pameunteuna teh, aja siak siga Dewi Sulagela.
16. Hanteu lami Ratu Putri ladjēng njaur, ka Sang Gēndarata rai nuhun laksa-kēten, kērsa kakang djēmbar wēlas ka sadaja.
17. Ku rai teh katampi miwah kasuhun, nu tanpi samina, mēnggah kabingahan hate, ngawangsulan Raden Ĕmas Gēndarata.
18. Rebu nuhun katampi didamēl kalbu, kana kabingahan, sugri gawe pun kakang teh, pēpēdaran sipat panēmu nu hina.
19. Hanteu lami Meswari sarēng Sang Prabu, Sang Ratna Suminar, Gēndarata djeung sakabeh, tēras lēbēt ka djro gēdong karatuan.
20. Barang gēblus Radja ka djero kadatun, galih nandang heran, ku taja pisan nu tjojeng, atawana ruksak tapak kaheubeulan.
21. Taja pisan ramat lantjah harimumu, biasa nu lawas, nu taja gawe pangome, kudu aja kotoran djeung karuksakan.
22. Ari ieu hēnteu kotor hēnteu kusut, ngan aja bedana, nja eta ku djēmpling djēmpe, rentjang² teu aja di padalēman.
23. Hanteu lami tēras bae linggih Prabu, sarēng Sang Pawarang, Sang Putri tjalik di gēdong, sagedengeun Sang Meswari Sulagela.
24. Gēndarata sarēng Ginggi hēnteu kantun, ponggawa pēndjadjap, ngadeuheus mando ngaberes, hanteu lami Sang Adjēng Ratna Suminar.
25. Seug piundjuk ka kērsa Sri Maha Prabu, ama mugi enggal, praabdi nu sami lungse, sanagara taja nu tjageur saurang.
26. Kēdah tumbal supados arenggal hirup, ngandika Sang Radja, ka putra Sang Adjēng Putren, ama arek wakil ka Ki Gēndarata.
27. Sarta tēras Sri Maha Radja ngadawuh, ka Sang Gēndarata, atuh geuwat-geuwat Raden, geura tawa ponggawa rahajat ama.
28. Gēndarata saporantos nampi saur, ti kērsa Sri Nata, hanteu

lami tēras bae, Gēndarata njandak seuneu pangukusan.

29. Njeungeut mėnjan pangundang Dewa nu lulung, Raden Gēndarata, ngēbul mabėk ku wawangen, sarta tēras ngutus Mantri Padjarangan.

30. Djeung sadaja para ponggawa tatamu, ngidēr djero kota, ngēbulan anu lalungse, sarta bari njambat njēbut hurip waras.

31. Mantri Ginggi sarēng ponggawa tatamu, ngidēr teu kaliwat, tēmpat salukmak-salukmek, dikēbulan ku haseup kukus panumbal.

32. Dumadakan sanggeus dikēbulan kukus, djalma sanagara, riab aringēt sakabeh, sami rasa hudang tina sasarean.

33. Taja rasa taja sangka mėntas kitu, gukgok djeung baturna, hēnteu samar hēnteu kaget, ku lantaran paningal taja gesehna.

34. Djalan-djalan gēdong barang lēmbur-lēmbur, saeusi nagara, teu geseh tina samemeh, nJORANG bahja tēnung sakitu lawasna.

35. Djalma-djalma riab kana lampah baku, sagawe-gawena, lalaki reudjeung awewe, kaom buruh kaom tani kaom dagang.



Midjil

1. Rentjang-rentjang saeusining puri, babu koki djongos, tjėngkat tuluj digarawe kabeh, pagawean anu sasari, biasa di puri, teu kagok teu kaku.

2. Sri Mah' Radja sarēng Prameswari, djeung para tatamon, Gēndarata sarēng Sang Pinutren, sugri anu ēnggeus tingali, rasiyah nu tadi, sami garumuju.

3. Ningalikeun polah abdi-abdi, tanda taja raos, dina waktu nandangan djadjaden, Sri Mah' Radja mung wungkul dikir, bawaning ku leuwih, kaewėdan kalbu.

4. Hanteu lami Sang Radja ngalahir, ka Sėkar Karaton, sinarėngan ka Ratu Pinutren, ulah gėruh ka para abdi, ponggawa di nagri, nu mėntas katėnung.

5. Kudu pisan rasiyahkeun buni, ulah sina njaho, bisi djadi nunggal dina hate, kabingungan ku djalan teu ngarti, bisina pinanggih, pikirna nguluwut.

6. Gantjangna teh ieu nu digurit, Sri Maha Narpatos, ēnggeus tėtėp lir bareto bae, tigin galih linggih di puri, nagri beres luis, geus aja saminggu.

7. Waktu eta Sri Maha Narpati, lënggah di karaton, hënteu kantun Meswari Sang Putren, Gëndarata djeung Mantri Ginggi, damël gunëm warti, teu lami Sang Prabu.
8. Njaur alon ka Sang Gënda Rësi, ama ngaganggajong, aja pikir nu leuwih tjumantel, babad lampah Udjang pribadi, sapamanggih tadi, tina asal-usul.
9. Tjaritakeun sing beres sing apik, sakabeh panëmon, itung-itung panadaran bae, ama reudjeung nagri praabdi, lesot ti balai, salamët rahaju.
10. Hanteu lami Gëndarata Rësi, ngawangsulon alon, ka kërësa Sri Maha Narpaten, ngadongengkeun lampah ti awit, djëngkar ti nagari, masantren ka Wiku.
11. Ragatoja Sang Komartohidi, nëpi kana waktos, ngababakan di luar saketeng, sumeuleukeung ka Sang Narpati, Sri Mah' Raraspedi, Banuja nu estu.
12. Dugi kana rek ngarurug djurit, ka Dewa Pramajon, dugi kana tëtëlar nu aheng, Sulagela djeung tégai kai, pangalasan suni, ngaran Sulungtubu.
13. Dugi kana Kumbaaringäring, nandang gëring abot, dongkap kana tępang djeung Sang Putren, ngantos-ngantos sataun leuwih, sarta kana dugi, ka Banuja wangsul.
14. Sanggeus tamat Sang Gënda wawarti, ku Radja digëntos. kari ama ajeuna ngadongeng, asal ieu ëmbina tadi, dikadar ku Gusti, Allah anu agung.
15. Kakandungan geus salapan sasih, hanteu lila ngowo, anakna teh dua tur awewe, tapi anu ti heula bidjil, ukur lima mënit, tërës bae pupus.
16. Ari anu kaluar pandeuri, asihing Jang Manon, mulus alus teu aja tjotjoge, dingaranan nu beunang ngundi, mupakat praalim, tuduhan prasëpuh.
17. Njai Ratna Suminar kapilih, panglanden prakahot, djuru undi ngalap ngaran hade, barang umur geus dua sasih, orok teh balahi, leungit teu pupuguh.
18. Atuh ama waktu eta leuwih, nandangan prihatos, anu taja papadana bae, sarta tërës ngondang praalim, nu kasëbut ahli, kana bisa nudjum.
19. Djuru tudjum teu geseh pangarti, ka ama papagon, awal-ahir nja kapanggih oge, tapi aja sarat nu misti, ngutus nu utami, panëmuna elmu.
20. Kudu mëgat dina tëmpat tëbih, nu tara kadjodjo, hidji gunung

luhur sarta gēde, tēmpat sakur bērhala djurig, pangalasan suni, ngaranna Sirkawur.

21. Mun geus meunang gēnēp wēlas warsi, tinangtu tinēmon, pasti bae kapēndak Putri teh, atuh tuluj ama teh mērih, ka Aria Patih, adi ama estu.

22. Arja Langlangturna nu dipērih, djeung bodjona mios, ajeuna ge masih mēgat bae, hanteu atjan ka dieu balik, meureun tatjan panggih, djeung anu disusul.

23. Ngan sakitu lampah ama tadi, anu geus kalakon, tjing ajeuna saha anu arek, ngadongengkeun lampah pamanggih, kabungah kasēdih, itung-itung kaul.

24. Ratu Putri ngadangu pawarti, dongeng Sang Narpatos, pasēmonna sumiak nu lungse, beuki sidik bedja nu tadi, andjeunna nu jakin, Putri Sulungtubu.

25. Ampir-ampir tunggaraning galih, kawisaja raos, leungit titi pangadjen wawanen, hanteu lami Sang Ratu Putri, ka Sri Mah' Narpati, piundjuk djeung alum.

26. Putra lintang ngēnēs dina ati, ngupingkeun tjarios, pasal anu lintang marga aneh, kailangan putri sahidji, juswa dua sasih, ti kamar kadatun.

27. Saupami ditimbang ditanding, dibobot diajon, ku eusina alam dunja oge, sēmi moal kana katitih, pangadjen Nji Putri, anu ilang lapur.

28. Amung raos putra nu sajakti, hal eta kaabot, nu tjumeungtjeum di galih ama teh, raos putra aja nu nitih, tēgēsna ngabanding, kadangkala langkung.

29. Ku kaewuh putra nu sajakti, nu nudju dilakon, kahemēngan ama moal nete, hanteu lami Sri Mah' Narpati, ka Putri ngalahir, tjing ku Njai tutur.

30. Asal-usul Njai pang prihatin, anu leuwih abot, tjoba-tjoba ku ama didenge, tēras bae Sang Ratu Putri, njarios ti awit, di bumi ping pitu.

31. Tērus tētēs teu dipinding-pinding, sugri nu karaos, tina awit djēngkar ti kaputren, rek ngaronda Bandjaransari, kalangēnan galih, guha Bungbungūmur.

32. Dongkap kana kasisipan galih, ku Pangeran Anom, tērus lunta reudjeung Mantri Kuntjen, mēdal tina pusēring bumi, njusul Sang Pramanik, geureuha Sang Sunu.

33. Dugi nangkēp Kumbaaringāring, Barakgirung onom, diundjukkeun ku Sang Ratu Putren, nja dumugi kana geus sumping, tēpang djeung Pramanik, di Gunung Binarum.

34. Ditëruseun ku Sang Ratu Putri, ti Binarum mios, nja ngabu-
djëng ka gunung patanen, patëmpatan Turna djeung Turni, patukangan
tani, di Gunung Sirkawur.
35. Diundjukkeun jen Turna djeung Turni, di dinjana ngëbon, mëgat
Putri Sang Mah Narpaten, anu leungit ti djëro puri, musna tanpa lëbih,
surëm elmu tudjum.
36. Hanteu lami Sri Maha Narpati, ka Putri marios, ama leuwih
teu përtjaja hate, saupama Njai pribadi, teu pisan tingali, ka budak
nu lapur.
37. Saha anu boga gawe hiri, lampah maling orok, hanteu lami
ngawangsul Sang Putren, putra hanteu tërang teh teuing, ka nu maling
putri, amung ngiring ewuh.



Sinom

1. Amung putra teh ajeuna, bade mërilih paman Ginggi, Mantri
Djurung Padjarangan, ngadongeng manawi djadi, hasil kana panggalih,
ngalipurkeun kana ewuh, ngilangkeun kahemëngan, galih ama nu
sajakti, margi kewës kana pilandongeunana.
2. Wirehing kapungkur putra, waktos di gunung patani, parantos
nanggap dongengna, aneh teu aja sasami, Radja ladjëng ngalahir, tjing
ama arek ngadangu, dongeng Mantri kadjinan, hanteu lami Mantri Ging-
gi, ditimbalan ngadongeng ku Adjëng Ratna.
3. Mantri Djurung Padjarangan, ngadongeng diapik-apik, lalakon
diri manehna, keur waktu diutus maling, ku Radja pusërbumi, njar baris
putra pulung, ditutur ti inditna, dumrugi ka kenging putri, putra Radja
Sang Sri Maha Langlangsona.
4. Djënëngan Ratna Suminar, nu aja harita linggih, barang Mantri
Ginggi tamat, dongeng lampahna pribadi, Radja djeung Prameswari,
ngarangkul ka Ratna Aju, tina ku kaleberan, ku sipat gumbira galih,
djadi bandjir tjisotja katërësnaan.
5. Sumawonna Pawarang mah, bubuhan di tédak istri, ngotjeak
bari sasambat, ja Allah Gusti Jang Widi, ngawidi milik deui, patë-
pung djeung buah kalbu, istu ibu teu njana, kana geusaning pinanggih,
djeung nugraha anu sakieu ni'matna.
6. Sang Adjëng Ratna Suminar, njuuh ka pangkon Meswari,
nangis barina sasambat, duh ibu pusaka ati, sasaka diri abdi, pamurug

geusan rahaju, abdi laksa paněda, ibu ngabagawan galih, kalėdjaran ngotjor sipat pangaksama.

7. Margana ibu kantėnan, tina awit abdi leungit, tungara kasawat manah, surėm galih anu wėning, hemėng sugrining budi, tangtos djadi langsit kusut, purwa ku ngamanahan, abdi ku dikadar leungit, abdi anu ngabahjakeun ka salira.

8. Saaso sili rangkulan, Radja Meswari djeung Putri, diganti ku para ěmban, rentjang saeusining puri, ngagulung pada tjeurik, teu nolih isin ku Ratu, ear pada midangdam, euleuh-euleuh ieu geuning, gusti abdi naha enggal ngaageungan.

9. Gujur sanagara eta, Putri leungit sumping deui, para ponggawa nagara, darongkap ka pantjaniti, ngalajad Agan Putri, sami bakti undjuk nuhun, tatapi sami heran, ku lantaran ningal putri, asa enggal kana ngaageunganana.

10. Dietangna ku sadaja, karek aja dua warsi, ti barang Putri leungitna, tatapina Agan Putri, ageungna hėnteu mandjing, kana juswa dua taun, malah sami njarėbat, euleuh naha tereh teuing, Agan Putri geus sarua reudjeung njonja.

11. Pangna karitu pikirna, tina hėnteu tėrang tadi, keur dina djėro tėnungan, aja lima bėlas warsi, amung Sang Sri Narpati, hėnteu ewuh dina kalbu, ku ageungna Sang Ratna, lantaran ěnggeus kagalih, tanda lila nandangan di katėnungan.

12. Pandjang lamun ditjarita, anu eukeur heran galih, sarta kabingahanana, teu lami Sang Sri Narpati, ngandika ka Sang Putri, ajeuna ama rek ngutus, mantri djeung gulang-gulang, ngala ki Aria Patih, sina balik ti Sirkawur pamėgatan.

13. Ngawangsul Ratna Suminar, bari tėdak anu isin, mėnggah emutan abdi mah, ngangkir paman Aria Patih, sae ku Mantri Ginggi, mios ka Gunung Sirkawur, supados enggal-enggal, bubuhan djalan wiati, saur Radja atuh sukur ku Ginggi mah.

14. Atuh kudu geuwat-geuwat, ama hajang geura panggih, reudjeung Arja Langlangturna, hanteu lami Ratu Putri, njaur ka Mantri Ginggi, paman kudu buru-buru, ka gunung patanian, angkir paman Arja Patih, djeung garwana nu djėnėngan Turni tea.

15. Sarta ku paman wartosan, kaajan ieu nagri, ěnggeus tėrbuka waluja, djeung pamenta kula deui, paman teh masing tėlik, paningal reudjeung pangrungu, ajana teu ajana, anu dipėrih ti tadi, anu djadi raratan lalakon urang.

16. Mantri Djurung Padjarangan, nampi dawuhan Sang Putri, teu

lami tēras pamitan, mios ti pajuneun Putri, biur ngambah wiati, anu ningal sami lutju, aja nu ngawang-ngawang, sami mudji ka Sang Putri, bēt kagungan rentjang leuwih santosana.

17. Harita di nagri eta, para ponggawa praabdi, sumawonna Sang Sri Nata, sagara kabingah galih, malah para bopati, bawah Radja Sulongtubu, sarumping ngaralajad, bakti ngiring bingah galih, hēnteu kēndat tatalu djeung tatanggapan.

18. Tunda Sang Ratna Suminar, kotjap Barakgirung deui, waktu eta dumadakan, ngapungna teu luhur teuing, dasar djeung ulak-ilik, bukit-bukit gunung², neangan Radjaputra, harita pinanggih hasil, ku lantaran rada dasar pangapungna.

19. Ningal kana pangēbonan, diteuteup diilik-ilik, bēt aja imah manusa, sidik tēmpat djuru tani, tidinja Arja Patih, njaur salēbēting kalbu, aing rek eureun heula, ngarērēb di djuru tani, sanggeus kitu tērus turun Arja Barak.

20. Kotjap Sang Pangeran Putra, sarēng rai Sang Pramanik, Turna Turni djeung Pursita, Manetja sarēng Manetji, Lungabarahma deui, ngaberes pajuneun Prabu, Sri Maha Saksaria, anu kairid ku miris, masih lēnggah dipiagung ku sadaja.

21. Lēnggah dina balandongan, kenging ngareka ngarekin, karadjinan Arja Turna, padamēlan tina awi, diatur pantjaniti, tēmpat magēlaran ratu, ari korsi²na, asal lengka haur kuning, wantu² Patih radjin ti tadina.

22. Harita keur gunēm warta, barēmpag baris di ahir, geusaning kawiludjengan, kaluar tina prihatin, kaduana pērkawis, harita nu djadi baku, manahna sadajana, sami nandang kaget galih, tina marga gen-djlongna di awang-awang.

23. Surēm kaja halimunan, panonpoe teu katawis, katambah ear-earan, ngaguruh asa kaindit, dina tēngah wiati, tatapi Pangeran Sunu, sinarēng sadajana, ēnggeus sami taringali, jen galagat ramena pērang kadjinan.

24. Tatapi lami-lami mah, ku sadaja teu kakuping, djēmpling dina djumantara, ari surēmna mah masih, ku sadaja digalih, pang djēmpe hanteu ngaguruh, geus aja nu kasoran, Radja Djin ladjēng ngalahir, palangsiang Ratna Suminar kasoran.

25. Matak mēlang matak rempan, inggis si Njai balahi, ku Radja pusēr sagara, wantu-wantu gagah sakti, digdjaja pilih tanding, pangawasa Burusganur, ari Nji Adjēng Ratna, sanadjan gagah barani, da puguh ge awewe tur masih budak.

26. Sang Putra Purnama Alam, ngawangsul ka Sang Narpati, emu-

tan abdi Dalēm mah, mohal putra dugi sisip, ku siluman djaladri, anu wasta Burusganur, dupi nu djadi marga, ieu pun bodjo Pramanik, ka putra teh nitipkeun sipat pusaka.

27. Tikël-balung Djatiwaras, kasiéun siluman iblis, kaserab onom rasëksa, anu teu njangking agami, itjal ti para nabi, upami pun Burusganur, murka teu bërägama, pasti kana nJORang pati, saupami kabanting ku Djatiwaras.

28. Radja Saksari ngandika, nja atuh nuhun teh teuing, ari ënggeus dibahanan, Suminar ku Nji Pramanik, ngan naon anu djadi, djëmpe nu gujur di luhur, ngawangsul Radjaputra, manawina aja margi, kabebendjo talapak gawe si murka.

29. Gantjangna ieu tjarita, barang eukeur gunëm warti, torodjol Aria Barak, kana balandongan sumping, sarta barang ningali, Arja Barak ka Sang Sunu, sarta ka sadajana, nu sami di dinja linggih, Barakgirung ngarandjug ku kabingahan.

30. Ka Radjaputra teu samar, hënteu kasilih ku lali, sudjud kana sampeanna, bari njëbat aduh Gusti, djungdjunan ati abdi, bëgawan sipat rahaju, sasakaning satia, abdi ati laksakëti, hatur nuhun patëpang sarëng gamparan.

31. Sang Radjaputra ngandika, sawangsulna putra nampi, kawëlasan manah paman, ka diri putra sajakti, tawis tigin miasih, putra sewu-sewu nuhun, kana kawërat paman, kékël tuhu galih wëning, kërsa ngambah sagaraning kasëtyaan.

32. Teu lami Aria Barak, sanggeusna sudjud babakti, ningal ka Sang Saksaria, mundjung sarta hormat ta'dim, nu leuwih-leuwih isin, biasa patih ka ratu, malah ka sadajana, sabadana tëras tjalik, dina dipan djeung Patih Lungabarahma.

33. Teu lami Sang Radjaputra, ka Barakgirung ngalihir, mariksa nu djadi asal, pang sumping ka tëmplat tani, naon anu dipambrih, Arja Barak seug ngawangsul, malah-malah dipëdar, lampah ngiring-ngiring Putri, ngudag Radja Burusganur ti Ambarak.

34. Diundjukkeun teu kaliwat, keur waktu ngabërik-bërik, sarta kapëlitana, Burusganur kaja iblis, sarta kana dumugi, waras sugri nu ditënung, disëbat balukarna, tangkal kai Ragawati, sarta gunung masdjid Binarum Kania.

35. Lariburi Sulagela, Sulungtubu tangkal kai, diundjukkeun sadajana, tina geus waras walagri, djadi manusa deui, barang sadaja ngadangu, tjarios Arja Barak, sami nandang kaget galih, tina marga langkung kaanehanana.

Dangdanggula

1. Radjaputra Sang Dewi Pramanik, sadjongdjongan teu pisan ngandika, ngahulěng bawaning kaget, Dewi Pramanik emut, kana sugri paměndak tadi, ka Ragawati tea, djeung masdjid Binarum, teu njana Radja Ambarak, nu djėnėngan Prabu Putiasukmadji, rama Sang Gėndarata.
2. Kitu deui Turna sarėng Turni, diwartosan Radja Langlangsona, timbul deui lir bareto, geus aja di kadatun, kantun nandang dua pėrkawis, suka sinarėng duka, dina lėbėt kalbu, sukana marga geus waras, kawuwuhan nagarana aja deui, djeung ponggawa prarajat.
3. Ari anu djadi duka galih, raos tembong marga kahinaan, didjieun sipat djadjaden, kasurak dipitjatur, ku praratu sedjen nagari, tangtu djadi pėrtanda, hanteu ngagėm luhung, taja sipat pangawasa, tangtu leungit kaagungan njakrawati, kitu manahna Turna.
4. Arja Patih Barak tėras deui, ka Sang Putra undjukan margana, pang dongkap ka gunung kėbon, wirehing ku ditundung, ku Sang Putri teu kenging ngantjik, diundjukkeun asalna, nu matak ditundung, sarta ku Aria Barak, diundjukkeun sasaur-saur Sang Putri, kalėpatan Sang Putra.
5. Ngadjalankeun hukuman teu uni, njandak paham panėmu ulama, abong tetesan pasantren, tamat Barak miundjuk, Sang Pinutra sarėng Pramanik, ngadangu piundjukna, Arja Barakgirung, ngahulěng hanteu ngandika, amung wungkul patingal-tingal djeung rai, polahna Sang Pinutra.
6. Hanteu lami Sang Putra ngalahir, ka garwana Njai anu salah, ngawiridkeun ilmu serong, tėgėсна nu teu rudjuk, reudjeung kaom agama Nabi, ka Nji Ratna Suminar, anu matak kitu, wani njalahkeun ka ėngkang, dumeuh ėngkang ngahampura ati bėrsih, ka paman Arja Barak.
7. Wani njėbut pangarti teu uni, papahaman anu salah rapna, di-asupkeun kolom ngatjo, padahal Barakgirung, taja hakna dibalės pati, ku Nji Ratna Suminar, sabab nu kaemut, dosana teh Arja Barak, ngabinasa wungkul ka ėngkang pribadi, lain ka Nji Suminar.
8. Mun rek oge Njai anu wadjib, nimbang-nimbang dosa paman Barak, lantaran Njai mah bodjo, pikiran ėngkang kitu, anu matak

ëngkang teh wani, ngabubarkeun dosana, paman Barakgirung, Sang Dewi seug ngawangsulana, hal përkawis lëpatna Nji Ratu Putri, ka salira gamparan.

9. Mugu-mugu agung pangaksami, titis galih nu lintang satia, gamparan ka Njai Putren, margina mugu maphum, di adatna Nji Ratu Putri, lënglëngan barangasan, tara ngukur tjatur, tara nimbang-nimbang basa, sasëdetna tina ati sanubari, tara diungang-ungang.

10. Radjaputra ngalahir ka rai, ah teu hajang diunghak dihina, da lain djin lain onom, sieun ku anu kitu, da ëngkang mah tinimbang sudi, ditjampah dihina, kadjeun adjur lampus, Dewi Pramanik ngalimba, ningal raka bëndu ka rai Sang Putri, aringgis tëtërasan.

11. Tina langkung Sang Dewi Pramanik, kanjaahan ka Ratna Suminar, urut bumela bareto, nangis bari tumungkul, sarta tëras ngawangsul deui, Sang Dewi ka Sang Putra, bawaning ku ewuh, ngan Sang Pangeran Pinutra, tëras njaur ka Turna sarëng ka Turni, kieu mupakat putra.

12. Tina margi Sri Maha Narpati, Radja nagri Sulungtuwu waras, katut nagrina geus tembong, ka luar tina tënung, paman Turna sarëng bi Turni, këdah ajeuna enggal, muru Kangdjëng Prabu, sinarëng putra wëwërat, ka Djëng Radja mung njanggakeun sëmbah bakti, kalajan ngiringing bingah.

13. Mung putra mah maksad ëngke deui, ngadeuheusan pinton kasëtyaan, ngiringing bingah ka Pagusten, ajeuna putra maksud, ti dieu teh rek mios deui, wangsul ka Gurangsarak, ka Djëng Rama Wiku, ti Gurangsarak kantënan, sasalsena ka Sulungtuwu nagari, mun taja pauduran.

14. Ngawangsulana Turna bari nangis, raos paman sae sarëng Agan, malah sadajana bae, angkat ka Sulungtuwu, montong bade ngëngkekeun deui, kërësa sasamajan, paman hënteu wantun, nilarkeun salira Agan, margi eta panuhun paman pamugi, ulah hënteu njarëngan.

15. Radjaputra ngalahiran deui, nuhun pisan ka kërësa paman, gëgël ku mëläng ku abot, ka putra nu saestu, tawis langkung miwëlas asih, mung sewu panuhunan, ulah djadi bëndu, sanes pisan putra baha, amung aja nu wadjib dibudjëng gasik, sëpah di Gurangsarak.

16. Turna Turni ngambangkeun panglahir, njumanggakeun ka kërësa Sang Putra, rek mulih ti pajun bae, djëngkarna poe isuk, barang-barang parabot bumi, ku Turni sarëng Turna, kërësa dikantun, ditilar saheulaanan, keur anggoeun sugri nu ditilar mulih, Sang Radja djeung Sang Putra.

17. Gantjangna teh ieu nu digurit, katjaturkeun di poe isukna pukul

lima rēbun keneh, Turna Turni teu surud, sēgrak-sēgruk bidjil tjitangis, barina ngarangkulan, ka nu rek dikantun, teu kēndat doa parantjah, nu dipalar salamēt djauh balahi, nu nilar nu ditilar.

18. Hanteu lami Turna sarēng Turni, tēras djēngkar sarta sami djadjap, Radja sarēng Putra Putren, dugi ka suku gunung, Turna Turni kēbat marulih, nu djadjap sami mulang, ka puntjak Sirkawur, tēras deui magēlaran, gunēm warti Sri Maha Radja Saksari, sarēng Pangeran Putra.

19. Sang Sri Maha Saksari ngalahir, ka Sang Putra oh Udjang kumaha, ama tambah sēber bae, inggis ka dieu tjunduk, ambēk anu hēnteu djeung titi, ka jaji Arja Barak, ku djalanan kitu, tērkedang katutuluhan, murang-maring taja pikiran panolih, Njai Ratna Suminar.

20. Aja deui anu djadi risi, mungguh ama ku Ratna Suminar, lantaran rasiah tembong, anu disumput-sumput, ulah aja anu tingali, tangtu Udjang ge tērang, pasal asal-usul, si Njai Ratna Suminar, pang ajana di nagri pusēring bumi, ama nu boga dosa.

21. Tah ajeuna aja bedja sidik, jen si Njai tērangaun wiwitan, titis tērah Sang Narpatos, Radja di Sulungtubu, geus tinangtu ēngke di ahir, Njai Ratna Suminar, ka ama ngahukum, ngabinasa njiksa ama, eta kitu kapaur ama nu tigin, taja pisan lipurna.

22. Radjaputra ka Radja teu lami, ngawangsulun geusan kalipuran, mepes kasēber Sang Katong, abdi Dalēm panuhun, Dampal Dalēm ulah migalih, karempanan nu nista, hina mēnggah Ratu, ngababar dikasēberan, njulajaan tina poko hak narpati, robah sipat kusumah.

23. Mung upami Dampal Dalēm jakti, abot galih marga karempanan, ku putra Dalēm Nji Putren, abdi Dalēm saestu, sanggēm ngajon ka Njai Putri, nadjan gagah pērkosa, abdi Dalēm wantun, ngemutkeun sami gumēlar, pada mahluk sipat dadamēlan Gusti, Allah anu kawasa.

24. Malah-malah Dampal Dalēm mugih, kēdah mulih ka Tolong-tēlēngan, raos-raos di karaton, upami sēmang kalbu, kukuh risi ku Njai Putri, sumangga ieu tjandak, pangundang halimun, pusaka ti Ragatoja, watēk hemēng ka sugri nu bade djail, moal tērang di djalan.

25. Saupami Dampal Dalēm sumping, lawang nagri kēdah ditjitjian, ku banju si poek-mongkleng, Radja Saksari njaur, hade oge ama rek balik, ari dibēkēlan mah, ku djimat halimun, samalah hajang ajeuna, ditērapkeun dina lawang pusērbumi, pangundang halimunan.

26. Hanteu lami Sang Radja Saksari, saporantos dibaktian djimat, tēras amit mulih bae, Arja Lunga teu kantun, biur ngambah kana wiati, sumping kana lawangna, djalan bumipitu, ditjitjian ku pangundang,

saparantos gēblus Sang Radja Saksari, geus tētēp di pamēngkang.

27. Radjaputra katjaturkeun deui, dideuheusan ku Aria Barak, masih gunēman tjarios, hanteu lami Sang Sunu, ladjēng njaur ka Arja Patih, estu teu njana pisan, Nji Suminar kitu, bēt sulaja tina bedja, Njai Putri anu baris bela-pati, mēnggah ka diri putra.

28. Tatapina ajeuna bēt djalir, aja kētjap anu leuwih hina, tjara omongan ka onom, suwung ukuran tjatur, sēpi titi panarik ati, tekad sakama-kama, boga rasa unggul, digdjaja di alam dunja, ieu aing di-dipiserab dipigimir, ku bangsa nu kapalang.

29. Tapi sukur Nji Ratu Putri Djin, boga pikir nu teu djeung tjan-dētan, ngadolos leber wawanen, ajeuna putra maksud, hajang tērang djadjaten Putri, tapi lain ku odjah, raga anu madju, tandingan djeung Nji Suminar, ngan rek maksud madjukeun pangodjah ati, ngajon ti kaanggangan.

30. Ngan ajeuna paman gasik-gasik, wadya balad nu di gēnēp dji-hat, baladna Ratu Pinutren, ku paman kudu djurung, sina balik ka pusērbumi, sēbutkeun piwarangan, Njai Putri Aju, lantaran Burus geus beunang, saēnggeusna geuwat paman balik deui, ku putra diantosan.

31. Ngawangsulana Aria Papatih, paman risi ku Putri kapēndak, tinangtos djol gaplok njabok, nadjan hēnteu patēpung, ngarahna mah kana pinasti, saumur-umur ngudag, paur ku sakitu, malah tangtos tētē-rasan, Ratu Putri ngabasmu balad para djin, wangsul tanpa pamitan.

32. Radjaputra pok ngalahir deui, lamun kitu tēmpuhkeun ka putra, sina wani ambēk djongok, Barakgirung ngawangsul, njumanggakeun barina indit, ngambah ka gēnēp djihat, ka para tumēnggung, ngem-barkeun Burus geus beunang, dikudukeun wadia geura baralik, ka na-gara kadjinan.

33. Sadajana tumēnggung bopati, djeung baladna geus nampi em-baran, ti utusan Sang Pinutren, budal tērus warangsul, ka nagari pusēring bumi, nētēpan padamēlan, kotjap Barakgirung, saparantos em-bar-embar, tjulang-tjileung balik bari lumpat tarik, ka gunung pa-tanian.

34. Sanggeus dongkap ka gunung patani, sēngar-sēngir Arja Patih Barak, renghap-randjug langkung tjape, bari njēbutkeun aduh, bēt kakara saumur hurip, nandangan kasieunan, dumugi ka landjung, Sang Radjaputra ngandika, ulah gugup mirisi nu biheung teuing, sok tiwas ku sorangan.

35. Tah ajeuna paman tjitjing-tjitjing, sinarēngan putra sadajana, ngantos kadar ti Jang Manon, tapi ulah rek suwung, mērih ati nēda

asihing, Allah anu kawasa, nu murah ka mahluk, masihan marga tērbuka, milik diri geusan waluja walagri, handjat tina bahaja.



Asmarandana

1. Tunda Sang Putra Sang Putri, nu linggih di pangēbonan, Burusganur katjarios, sabarang andjeunna ngēdjat, ti kaju Langlangsona, lumpat gugup dumaligdug, wantu keur nudju nundutan.
2. Buar-biur hanteu tjitjing, ngaler-ngidul ngulon-ngetan, njiar lowong baris lolos, njaur sadjéroning manah, ka mana aing ngēdjat, panjumputan anu singkur, pēpēndēman ēnggeus beak.
3. Djeung naha bēt awas teuing mata Nji Ratna Suminar, saban njumput kapēlēnggok, meh aing njorang tjilaka, lamun teu geuwat ngēdjat, kadangkala lampus umur, ku Putri Ratna Suminar.
4. Djeung aing kakara manggih, paneunggeul kitu pandena, matak djadi helok hate, ngabaranjaj kaja gēlap, ngadjēgur sowarana, langkung tina gunung bitu, matak landjung katorekan.
5. Aing teh pinasti mati, beunang ku Ratna Suminar, taja pikeun njumput njēm̄pod, katurug-turug baladna, pinuh di gēnēp djihat, wetan kulon kaler kidul, pinuh di luhur di handap.
6. Turug-turug matak idjid, saban kasorang njurakan, ka aing bēt nganggap barong, lamun aing teu sieun mah, kaburu ku Suminar, moal burung rēbah tumpur, balad nu di saban madhab.
7. Kitu Burus dina galih, bari ngapung rada dasar, lungak-longok njiar ēnggon, barang keur kitu lampahna, ningal ka saban madhad, baladna Sang Ratna Aju, djēmpe sarta tērus budal.
8. Sarta katingali sidik, bēt tuluj kabeh marulang, ngeungkeuj kana lēm̄mah kabeh, taja nu tinggal saurang, di anu gēnēp djihat, ku Sang Burus teu kamaphum, anu ngadjadi sababna.
9. Sang Burusganur ngalindjing, djeung rada bungah meueusan, lowong djalan pikeun lolos, njaur sadjéroning manah, tah geuning ajeuna mah, aja djalan pikeun kabur, baralik djuru tjalawak.
10. Kitu deui diri aing, dipikir pang sakieuna, djadi balangsak prihatos, nu djadi puputjuk asal, njorang katugēnahan, lantaran si Njai maksud, ka ngaran Purnama Alam.
11. Anak si Pramajon Adji, nampik anu teu djeung tata, meupeurih ka Njai Rohong, nēpi ka hanteu kasorang, si Njai kahajangna, nja tuluj

gëring kasarung, tur silung elinganana.

12. Ajeuna ingëtan aing, samemeh nja njorang pëdjah, ku Nji Ratna Suminar teh, aing rek maehan heula, ngaran Purnama Alam, reudjeung si Pramajon katut, Radja nagari Riskomar.

13. Ku aing arek diungsi, di dunja kamanusaan, sabab Purnama Alam teh, geus tjageur tina ténungna, bedjana geus ka luar, tina guha Bungbungümur, tangtu aja di Riskomar.

14. Moal panasaran ati, mun geus kodjor si Purnama, katut si Dewa Pramajon, barang geus kitu manahna, Sang Burusganur tēras, ti tēmpat eta lumaku, ngalanglang di awang-awang.

15. Lungak-longok larak-lirik, neangan nagri Riskomar, tina sabab rada poho, Sang Burusganur ditunda, eukeur lampah neangan, Purnama Alam katjatur, keur lënggah di balandongan.

16. Sarëng rai Sang Pramanik, Dewi Pursita Manetja, djeung Manetji sami mando, Barak di pajuneunana, teu lami Radjaputra, ka Dewi Pursita njaur, eh Njai Dewi Pursita.

17. Reudjeung Manetja Manetji, kakang ajeuna rek menta, tanda kasalehan hate, bumela ka diri kakang, djeung ka ieu atjeukna, ku lantaran kakang bingung, anu teu aja hinggana.

18. Kakang arek mērih pati, kitu soteh mun kadada, kana përdjalan abot, tapi lamun teu sanggup mah, kakang moal rek maksa, nimbang ku djalan teu umum, tjeuk-basa lain lajakna.

19. Pamērih kakang ka Njai, djeung ka Manetji Manetja, arek ngadjurungkeun mios, ka dajeuh nagri Riskomar, Njai teh ngadeuheusan, ka kërësa Kangdjëng Prabu, maksudna kuma' atjeukna.

20. Lamun sanggup gasik-gasik, Njai tiluan ariang, poe isuk dawuh hade, ngawangsul Dewi Pursita, hal përkawis dawuhan, ngadeuheus ka Kandjëng Prabu, dajeuh nagari Riskomar.

21. Mënggahing emutan abdi, siang-wëngi hënteu aja, anu tigin dipiatos, amung dawuhan gamparan, nadjan ka mana-mana, abdi maksud bade tumut, miwah djadi kabingahan.

22. Sang Putra ngalahir deui, sukur Njai teh bumela, tanda ngaku dulur tulen, mungguhing ka diri kakang, kitu deui ajeuna, Njai ka atjeukna kudu, tataros sagala tata.

23. Anu geusan kana djadi, kana aja balukarna, ngahalangan bahja gëde, dina waktu ngadeuheusan, ka kërësa Kangdjëng Radja, turutkeun ku Njai kudu, sakur papatah atjeukna.

24. Tēras Sang Putra ngalahir, ka Sang Dewi miwarangan, nitipkeun saur papagon, tatana reudjeung basana, ka Sang Dewi Pursita,

pikeun di pajeuneun Ratu, dajeuħ nagari Riskomar.

25. Teu lami Dewi Pramanik, njaur ka Dewi Pursita, dangu atjeuk rek papagon, lampahkeun ulah sulaja, ku aji di ahirna, lamun sulaja tinangtu, tunggara nJORANG tjilaka.

26. Sadatang ka pantjaniti, ulah tata mamandapan, sumawonna sĕmbah djongkok, omong lĕntong lagam pandjang, ulah rek dilampahan, kade parangkat-purungkut, kabeulit ku pakagetan.

27. Kudu dangah larak-lirik, tandang nangtung gendong tangan, pajuneun Sang Maha Katong, tjara tata ka sasama, ĕngke dina pamĕngkang, djeung lamun njĕbut ka Ratu, kudu kang rama Narpatya.

28. Kadua pĕrkara deui, upama Radja mariksa, naon anu dimaksud teh, djeung ti mana rumah-tangga, aji teh poma-poma, ngawangsul ka Kangdjĕng Prabu, ulah arek sahinasna.

29. Sĕbutkeun ti Pusĕrbumi, saderek Ratna Suminar, undjukan marga dongkap teh, maksud kana pĕlĕsiran, di dunja kamanusan, patĕpung di puntjak gunung, djeung garwa Purnama Alam.

30. Djĕnĕngan Dewi Pramanik, kukutan Sang Rĕsi Kurbah, putrana Sang Mahakatong, Parabu Putiasukma, Radja nagri Ambarak, sĕbutkeun ka aji ngutus, nĕda agung pangaksama.

31. Tatapi ku aji mugi, ĕngkangna ulah disĕbat, sarĕng atjeuk geus tinĕmon, sakitu atjeuk papatah, ku aji muga², lampahkeun ulah kaliru, dina ngadjalankeunana.

32. Sang Radjaputra teu lami, gumudjĕng bari ngandika, sĕmu anu bingah raos, anu teu aja hinggana, ku Njai eta poma, piwuruk atjeukna turut, ulah rek disulajaan.

33. Tapi Njai ulah lami, aja di nagri Riskomar, paling ĕlat tudjuh poe, nadjan aja pangandĕgna, ti kĕrsa Kangdjĕng Radja, Njai kudu mĕrod wangsul, reudjeung Manetji Manetja.

34. Dewi Pursita teu lami, ngawangsul undjuk sumangga, mung panĕda laksa kĕten, hibar pandu'a gamparan, marga kawiludjĕngan, kasinungan ku rahaju, mulja ku geusan waluja.

35. Saur Sang Putra Sang Putri, sanadjan taja panĕda, bĕt moal burung disorong, ku kakang djeung ku atjeukna, dunga sabisa-bisa, geusan salamĕt lumaku, suwung geusan bahja lara.

Sinom

1. Gantjangna ieu tjarita, kotjapkeun isukna deui, Dewi Pursita Manetja, sarëngan Njai Manetji, harita ënggeus sami, gugah nudju isuk-isuk, Pursita seug pamitan, ka Sang Putra ka Sang Dewi, sabadana tërüs tiluan djalëngkar.

2. Geus mudun ti pangëbonan, angkat titih wantu istri, nJORang leuweung gëlëdëgan, kira ënggeus sapos leuwih, Sang Pursita ngalahir, ka Manetja bari imut, lampah kuring ajeuna, kabaud ku tigin ati, kana marga kasëtyaan kumawula.

3. Njanggakeun dikabodoan, salah-bënër kuma' ahir, samalah-malah ajeuna, satërangna diri kuring, 'tatjan tërang teh teuing, deukeut atawana djauh, mana lëbah-lëbahna, ka mana djalanna deui, anu ngaran dajehuh nagara Riskomar.

4. Manetji sarëng Manetja, ngawangsul barina seuri, atuh bët hahagëtanan, sугan teh ënggeus tingali, ka Riskomar nagari, boro abdi teu piundjuk, ngundjukkeun di lëbahna, sarëng di tëbihna deui, marga tërang waktos ngalanglang buana.

5. Dikintën-kintën tëbihna, ti dieu mo geseh deui, mënggah ku angkat adjëngan, tudjuh dintën tudjuh wëngi, tiasa kana sumping, dupi lëbahna nu estu, ngaler ngulon përnahna, Dewi Pursita ngalahir, lamun kitu urang ulah kadjongdjonan.

6. Nja haju sabisa-bisa, mëdalkeun pangeusi ati, malar datang sadjongdjongan, walon Manetja Manetji, sumangga ëmbok ngiring, gantjangna anu ditjatur, Dewi Pursita tëras, angkat kalawan pangeusi, pangawasa nu gantjang leuwih ti topan.

7. Wantu tëdak Ragatoja, waridan Komartohidi, nu lëbët kana tirakat, ngulik sakti ti leuleutik, bët sageuj sisip budi, mogog ku djalan sakitu, harita atuh këbat, angkat djiga alon titih, tapi njeot dugi angin ge kaliwat.

8. Tunda Sang Dewi Pursita, kotjap Sang Sri Mah' Narpati, Radja nagari Riskomar, waktu eta nudju linggih, Radja di pantjaniti, gunëm saur hal kaewuh, sarëngan papatihna, Aria Gundarapati, djeung sadaja rengrengan eusi nagara.

9. Meswara oge njarëngan, gedengeun Sang Sri Narpati, sarta sami duanana, ngujung ngungun dina galih, nista nu leuwih-leuwih,

tëmbus ka sipat pamulu, alum taja tjahaja, bawaning salira langsit, lëbët basa ngajakas tur pëdjah odjah.

10. Kapapas ku kaewuhan, kasawat lëbëting galih, kedanan ku para putra, leungit musna tanpa lëbih, ënggeus sataun leuwih, surëm panorah pranudjum, tungtungna Sri Mah' Radja, salamina teu walagri, sumarasat kasawat taja sehatna.

11. Kitu Sang Sri Maha Radja, teu lami tëras ngalahir, ka Raden Aria Patya, kakang mëntas mudjasmedi, nëda asihing Gusti, Allah anu leuwih agung, sarta panjambat-njambat, sapa'at mudjidjat Nabi, djeung ka pangkat karamat sarat maunat.

12. Nëda tërjukaning rasa, ënjana anu laleungit, hirup atawa geus hilang, tapi dina peuting tadi, aja tër buka kuping, nudju dina pukul satu, sora tan ikatingalan, lain dina djëro impi, langkung-langkung nongtoreng nu leuwih tërang.

13. Basana eh Sang Srinata, bisi andjeun teu ngaharti, pang nandang lara nu nista, lantaran leugit pangadji, sipat titi sadjati, rukun sasaka hak ratu, pukah djalan kusumah, ngabibit rantjana ati, wani lampah rek mëtjahkeun takdirullah.

14. Lantaran Purnama Alam, dikërsakeun ku Jang Widi, tępung kalawan djodona, ka awewe anak Rësi, pasantren tępis wiring, padesan di luhur gunung, andjeun tekad teu doa, mirasa hina tur laip, da pang-rasa andjeun agung kamanusan.

15. Ngantjam-ngantjam sina pukah, Purnama djeung anak Rësi, bawaning ku hanteu doa, tah kitu nu matak kenging, balai susah ati, kabëndon ku Anu Agung, moal aja tjageurna, mun tatjan andjeun pa-panggih, reudjeung eta bodjona Purnama Alam.

16. Tah eta kitu basana, di sadjëro mudjasmedi, ku kakang marga dipëdar, hareupeun kabeh prijaji, sakitu matak laip, aja panjeukseukan kitu, nu teu kudu dipëdar, ngan ngingëtkeun kana wadajib, mere luang bisi aja nu nurutan.

17. Ulah rek ngahina-hina, dumeh ka bangsa nu leutik, bisi ahir kadjadian, tjara barudak nu leungit, teu lami Arja Patih, ngawangsul ka Sang Parabu, abdi Dalëm kalintang, ngiring kareuwasan ati, ku ngemutkeun lahiran nu bieu tea.

18. Mung aja antoseunana, wirehing aja pawarti, këdah Dampal Dalëm tępang, sinarëngan putra istri, hartosna dina ahir, putra Dalëm anu estu, sëmina kana aja, dina wëwënkoning lahir, kadangkala sumping deui ka Riskomar.

19. Saur Sang Radja nja muga, sakumaha sangka Patih, dikabul

sapangarëpan, gantjangna anu digurit, tunda nu gunëm warti, Dewi Pursita katjatur, djeung Manetji Manetja, ka kota Riskomar sumping, angkat dangah tërus ngadjudjug pamëngkang.

20. Tandang gandang wantu midang, kenging njunjurup Pramanik, dangdosan putri kadjinan, sindjang kajas sutra ipis, sumiak warna rupi, tulis tabur total biru, raksukan sutra sonja, gumilang geulang djeung anting, sëlöp djungking anu nungtun tandang bédang.

21. Barang sumping ka mandapa, ngadëg pajuneun Sang Adji, dangah nu taja kabingbang, sëpi kaserab kaisin, Radja barang ningali, sarëng sadaja priantun, langkung kaget manahna, njaur salëbëting galih, maša Allah putri nu bareto tea.

22. Hanteu lami Sang Srinata, saparantos kitu galih, njaur ka Dewi Pursita, Sang Adjëng sumangga tjalik, Pursita hanteu lami, lënggah pajuneun Sang Prabu, gedengeun Sang Pawarang, sami dina korsi gading, ngan Manetja deung Manetji anu anggang.

23. Tandangna Dewi Pursita, kajaning adat ti tadi, tjara tédak nu biasa, teu katara teu katjiri, titi tina pepeling, laku ku sipuh piwuruk, dangah pulas pituah, istu lir ti bibit buit, djiga tédak bidjil ti raga sorangan.

24. Radja istu kabaraman, marukan Ratu Putri Djin, Sang Adjëng Ratna Suminar, tina teu geseh saeutik, dina tédak djeung rupi, pantës Sang Prabu kasamur, kawuwuh ënggeus lawas, tina barang tępang tadi, sinarëngan Sang Adjëng Ratna Suminar.

25. Hanteu lami Sang Srinata, ka Sang Pursita ngalahir, Adjëng teh naon margana, anu mawi lami teuing, dugi sataun leuwih, ti barang angkat ka pungkur, njusulan buta tea, ka ama teu sumping deui, ama dugi aja pikiran panjangka.

26. Adjëng kabandang ku buta, dina têngahing wiati, tah kitu panjangka ama, ajeuna bët sumping deui, tawis miwëlas asih, ka ama anu satuhu, sarëng ama teu kira, nandang kabungahan ati, sumping Adjëng kalawan kawiludjëngan.

27. Muga ama diwartosan, nu djadi margina lami, barang Sang Dewi Pursita, nampi lahiran Sang Adji, hemëng lëbëting galih, pikeun ngawangsul ka Ratu, margi hënteu uninga, raratan Sang Ratu Putri, jen geus lënggah ka dajeuh nagri Riskomar.

28. Ngawangsul Dewi Pursita, bari gumuju lumirik, ama sëmi kabaraman, mënggah ku putra pribadi, marga putra sajakti, nëmbe ajeuna lumaku, ngambah ieu nagara, dupi ama bët milahir, njëbat putra kapungkur ka dieu dongkap.

29. Naha ama njangka saha, mēnggah ka putra pribadi, anu mawi enggal njēbat, mana lami-lami teuing, dugi sataun leuwih, ka dieu teu tjunduk-tjunduk, sēmi kapungkur aja, nu njemah ka ieu nagri, ngadon ulin ngalanglang sapanan-paran.
30. Ngahulēng Sang Sri Mah'Radja, bawaning ku hemēng galih, ngadangu saur Pursita, teu lami ladjēng ngalahir, kapan kapungkur geuning, basa ama eukeur ngutus, ngondang para Dewata, Adjēng sumping ti wiati, mapaj haseup njalira teu njandak rentjang.
31. Adjēng nērangkeun djēnēngan, malah ku ama ditulis, Sang Adjēng Ratna Suminar, Putri tērahing Narpati, djin di Pusēringbumi, pang ka dieu nu diburu, bade ka mantu ama, nu ajeuna musna leungit, anu ngaran si Njai Dewi Kania.
32. Barang Sang Dewi Pursita, ngadangu saur Sang Adj, gumuju nu lintang gēnah, sarta bari njēbat sidik, ama samar tingali, bubuhan sotja geus sēpuh, amung pantēs katjida, putra saliru nja rupi, sarēng anu djēnēngan Ratna Suminar.
33. Marga putra sajaktosna, dulur sabapa sabibit, ka eta Ratna Suminar, barang Sri Maha Narpati, ngadangukeun Sang Dewi, jen saderék Ratna Aju, gumudjēng djeung ngandika, atuh ama rada isin, kabaraman tarima kurang paningal.
34. Naha ajeuna di mana, nu mawi teu sarēng sumping, Sang Adjēng Ratna Suminar, Pursita ngawangsul deui, pun dulur masih linggih, di guha si Bungbungūmur, ajeuna kantun putra, ngalanglang gawe pēlēsir, hajang tērang djadjahan di kamanusan.
35. Sinarēng putra margana, dongkap ka ieu nagari, ka pangkon kērēsa ama, wirehing putra teh tadi, tēpang djeung Rēsi istri, di puntjak Gunung Sirka'wur, Putra Radja Ambarak, djēnēngan Dewi Pramanik, njata garwa Sang Putra Purnama Alam.
36. Tadi ka putra wēwērat, eta Sang Dewi Pramanik, bade ka kērēsa ama, katur sewu sēmbah bakti, njuhunkeun pangaksami, miwah njuhunkeun sih kalbu, agung-agung pandu'a, supados panēdja ati, enggal tēpang kalajan kawiludjēngan.



Pangkur

1. Sri Maha Radja Riskomar, langkung-langkung kaget lēbēting galih, wireh ngadangu piundjuk, ti Sang Dewi Pursita, aja anu ngintun

sewu sěmbah sudjud, paněda kawiludjėngan, ti Rěsi Dewi Pramanik.

2. Putra Sri Maha Ambarak, geureuhana Sang Putra anu leungit, Radja langkung ewuh kalbu, bari tēras ngandika, ama bingung sabab ku Adjėng disėbut, bodjona Purnama Alam, Sang Rěsi Dewi Pramanik.

3. Marga ama hěnteu tērang, ka nu ngaran Rěsi Dewi Pramanik, putra Sang Sri Maha Prabu, kota nagri Ambarak, tur ajana di puntjak Gunung Sirkawur, bodjona Purnama Alam, anak ama anu leungit.

4. Padahal Purnama Alam, bodjona teh lain ngaran Pramanik, Kania seuweuna Wiku, pasantren Gurangsarak, aja oge anu radjeun njararėbut, tapi kana pasantrenna, katėlahkeun Paramanik.

5. Lain ngaran mantu ama, Pramanik mah ngaran pasantren Rěsi, Dewi Pursita gumuju, nguping dawuhan Radja, bari njaur kawas sanes pangkat Ratu, komo-komo ka nu lian, ka rajat eusining bumi.

6. Tara njėbarkeun babaran, poko patok nalungtik tingal tėlėk panungtik ka anu lėmbut, rėratan kakėrtaan, bėt tjatjakan ka sipat nu djadi mantu, teu disaksrak sasakana, teu nungtik beutina tadi.

7. Naha ama teu mariksa, ku panungtik talete saur dėmit, miruruh ka eta mantu, supaja ulah gantjang, hěnteu doa tuluj manah uprak-apruk, djol haok datang dihoak, dibėrik dihalik-halik.

8. Bilih ama teu uninga, kana asal mantu ama nu jakti, eta teh putra Sang Prabu, Gusti Putiasukma, titis Radja Ragawati nu geus pupus, karaton nagri Ambarak, ama ge tangtos tingali.

9. Ari eta mantu ama, sajaktosna nami Dewi Pramanik, anu nėlah ti lėlėmbut, sanes Dewi Kania, pang ajana di pasantren puntjak gunung, dikukut iku Wiku Kurbah, tina juswa dua warsi.

10. Ari asal-usulna mah, pang dikukut ku eta Maha Rěsi, ka pajun oge kamaphum, ajeuna mah ku putra, hěnteu kėdah waktos ieu dipiundjuk, ģngke bae ģnggeus aja, baris saksi nu utami.

11. Sri Maha Prabu Riskomar, sinarėngan rai Parameswari, sanggeus ngadangu piundjuk, Putri Dewi Pursita, wuwuh lėlėb emutna ka putra mantu, raos poek sabuana, leungit djatining walagri.

12. Lumėbėt kana babasan, sėpi budi leungit titi djasmani, pupul baju leuleus lėsu, lir kapuk kahudjanaan, ngarumpujuk Meswari sarėng Sang Prabu, narangis sami sasambat, ka Putri Dewi Pramanik.

13. Sambatna Parameswara, aduh-aduh mantu ibu nu geulis, ieu ibu hajang mangku, nimang dina lahanan, geuwat ģnung geura tėtėpan kadatun, sandangan eusi pamėngkang, ibu nu njanding ngadjarang.

14. Ibu mah hěnteu sulaja, pikir deudeuh ti barang aja milik, ngabogaan mantu Unung, mulja taja hinggana, ditėtėpkeun nugraha ti Anu

Agung, taja ati sinaringan, nja meumeut ka diri Njai.

15. Kitu sambatna Pawarang, bari nangis djëdjëritan di puri, pranjai anu ngarubung, Sang Sri Maha Prabu mah, wungkul njuuh dugi hënteu emut-emut, bawaning tunggara manah, tina kaduhung ku tadi.

16. Tunda anu keur sungkawa, Maha Prabu sarëng Parameswari, Sang Burusganur katjatur, waktu eta geus aja, dina mega luhureun gëdong kadatun, karaton nagri Riskomar, nu rek didjugdjug ti tadi.

17. Ngarandëg ningal ka handap, lungak-longok lir barong mëta badis, njaur sadjëroning kalbu, ieu nagri Riskomar, hënteu poho da bareto aing tjunduk, waktu arek bebesanan, reudjeung si Pramajon iblis.

18. Ajeuna sia mangsana, njeorang lampus adjur didjieun tjai, si Pramajon geus tinangtu, katiban ieu pëdang, bongan sia djadi radja tjaja-tjulu, wani tjidra ti subaja, meupeurih ka diri aing.

19. Sanggeus kitu tjariosna, Burusganur lungsur tina wiati, tërës asup ka kadatun, ënggeus ngadampal latar, Burusganur ngadëg di pajuneun Ratu, matëk pëdang sarta ngabar, arek meuntjit Sang Narpati.

20. Sri Maha Radja Riskomar, djeung sadaja prijaji anu linggih, barang djol Sang Burusganur, langkung-langkung kagetna, pada bëngong hookeun ningali Burus, sadaja sami kasima, ngadegdeg bawaning gimir.

21. Burusganur ngabar pëdang, bari njëgor tjara sowara sapi, pokna hag sia dibunuh, bongan sia teh tjidra, wani-wani njeun tata nu teu patut, njatjampah lampah ngahina, lir lain ka pangkat aing.

22. Barang Burus keur susumbar, bari nompo ka raraj Sang Narpati, Sang Dewi Pursita langkung, gugup ningal rasëksa, teu kasima da bubuhan pëntjar Wiku, ngadëg pajuneun rasëksa, barang Sang Burus ningali.

23. Ngareret ka Sang Pursita, Burusganur kabaraman tingali, marukanna Ratna Aju, Adjëng Ratna Suminar, Burusganur ngëdjat ti djëro kadatun, bëlësat ka djumantara, bari njëbut aduh Putri.

24. Burusganur ngëdjat anggang, tina sieun kaudag ku Sang Putri, sadjadjalan gërang-gërung, kotjap Dewi Pursita, di kadatun ngalindjing njaur djeung nundjuk, kurang adjar si rasëksa, abong-abong bibit iblis.

25. Bët wani njeun gërnaka, ngabar-ngabar gobang hareupeun aing, kawas nu geus bosën hirup, wani njeun taladjak, rek binasa ngalampuskeun umur batur, di hareupeun anu ngaran, Dewi Pursita Putri Djin.

26. Kitu saur Sang Pursita, sarta bari tjalik deui Sang Putri, pasëmon nu langkung bëndu, dangah ku naek darah, sarta tërës piundjuk ka Sri Mah Prabu, djalingër taja kabingbang, lirik nu sëpi karisi.

27. Putra leuwih nandang heran, aja iblis datang tina wiati, njeun laku nu teu patut, ngabar-ngabar pakarang, sarta njebut ka ama arek ngabunuh, handjakal kaburu ngédjat, kabur ngambahing wiati.
28. Tapi ku putra ajeuna, rek dibërik nadjan ka sisi langit, tutur lamun hënteu lampus, ajeuna diri putra, maksud amit ka kërësa ama Prabu, djeung ka sadaja prapaman, anu sami-sami hadir.
29. Sri Maha Radja Riskomar, langkung reuwas njaur bari ngagidir, dumugi ka renghap-randjug, aduh Adjëng tong waka, bisi buta balik deui rek ngabunuh, sabot Adjëng hënteu aja, ama panuhun teh teuing.
30. Keun bae tong disusulan, sae oge antos datangna deui, marga ama hënteu wantun, ku Adjëng teh ditilar, Sang Pursita ngawangsul deui ka Ratu, ah ama atuh tjilaka, upama hënteu dibërik.
31. Tangtosna si iblis njangka, pang teu njusul siga nu miris gimir, ku binatang patut kitu, padahal ati putra, sumawontën ku hidji nadjan ku rebu, rasëksa kitu pandena, rabrab-ribrib siga buri.
32. Mohal teu adjur teu pëdjah, karagragan dampal tangan sakali, bët putra montong disëbut, Adjëng Dewi Pursita, murid Rësi Dewi Pramanik Sirkawur, anu lambat kana pudja, djuru tigin kana pudji.
33. Sang Radja wuwuh nahanna, ka Pursita sumawon Prameswari, muntangan djeung njëbat aduh, Adjëng Eulis tong waka, muga kédah agung kawélasan kalbu, ka ëmbi nu sakieuna, purah njangking bahja ati.
34. Eukeur mah djëmbar ku lara, njangking milik sèdih ririwit ati, nu taja lipur sawaktu, ajeuna ditambahan, dipimusuh ku siluman rupa kitu, diarah dipenta njawa, mun taja salira Eulis.



Asmarandana

1. Sang Radja sarëng Meswari, maruntangan ka Pursita, mundut ulah waka mios, Dewi Pursita bubuhan, djin soteh sasamaran, gampang kairut ku saur, kagëndam ku nu midangdam.
2. Wuwuh titisan sadjati, pëntjaran tédak nu sabar, tara ngadolos pangraos, tungtungna nja hënteu këbat, ngudag siluman djahat, bawaning tumut ka Ratu, bela ka Radja sungkawa.
3. Tëras bae tjalik deui, djadi teu tjios harita, njusul Sang Burusanur teh, mëläng ka nu rek ditilar, nja tëtëp matamonna, ngadjaga Sang Maha Prabu, di puri nagri Riskomar.
4. Tjatur Manetja Manetji, djaba ti nandangan reuwas, jen aja

Burusganur teh, sili pëlóng duanana, Manetji djeung Manetja, lantaran ningal Sang Burus, teu kalinglap teu kasulap.

5. Sidik bapa Rohongguris, anu eukeur diteangan, pada njëta dina hate, geus tetela pang ajana, di dunja kamanusan, ngan Rohongna anu suwung, tatjan kapanggih ajana.

6. Manetja reudjeung Manetji, ngaromong haharewosan, njarëbut bapa si Rohong, ilih ënja bae aja, Burus di kamanusan, paingan Sang Ratu Aju, uninga dina ajana.

7. Bët paingan Sang Pramanik, sarëng Sang Purnama Alam, ngutus ka nagri ieu teh, mungguh ka urang duaan, kawasna geus uninga, bakal datang Burusganur, ka kota nagri Riskomar.

8. Dipalar urang papanggih, reudjeung anu diteangan, kitu manahna tinangtos, ngan si Rohongna di mana, tatjan keneh nembongan, tapi urang ulah rusuh, mun tatjan aja idinan.

9. Ti Sang Putra Pramanik, newak mustika badawang, Njai Adjëng Rohong Barong, ajeuna mah urang sabar, ngiring Dewi Pursita, piraku hënteu dikabul, mohal tekad teu laksana.

10. Kitu Manetja Manetji, ngomongna paduduaan, tingkaruwës tingharewos, wantuning pasal rasiah, sartana sadajana, hënteu aja nu ngadangu, wantu tjaralikna anggang.

11. Gantjangna anu digurit, harita Dewi Pursita, tëtëp namu di Sang Katong, sarëng Manetji Manetja, ngaping Radja Riskomar, bisi datang deui Burus, rek ngarah pati ka Radja.

12. Pursita ku Sang Narpati, sarëng Manetji Manetja, langkung digunggung dimongmong, sumawonna sadajana, prapongawa nagara, sami serab sami lutju, ka eta Dewi Pursita.

13. Pursita katunda deui, Sang Burusganur kakotjap, sanggeus ngëdjat ti karaton, ngandika lëbëting manah, ampir aing tjilaka, lamun hënteu ngëdjat rusuh, katewak ku Nji Suminar.

14. Aing hënteu bisa djadi, kana lampah ngabinasa, maehan Radja Pramajon, tatapi aing ajeuna, rek neangan anakna, rek disiksa sina lampus, ngaran si Purnama Alam.

15. Moal panasaran ati, nadjan aing nadah pëdjah, mun geus si Purnama kodjor, ajeuna rek diteangan, di dunja kamanusan, sabab aja bedja husu, geus ka luar tina guha.

16. Moal antaparrah deui, tjarita samemeh djëdak, kapanggih djongok djol djëkok, dikadek ku djimat pëdang, nu aja aksaraan, sanggeus Burus njaur kitu, tëras ngalanglang buana.

17. Burusganur tunda deui, kotjap Sang Purnama Alam, sarëng

Pramanik kasiten, nudju lënggah dina dipan, ngarendeng hanteu anggang, suwung liwung geusan ngungun, ilang babaran sungkawa.

18. Kalindih ku bingah galih, kasembor ku kahegaran, taja tapak mindo sono, kumpul sagala nugraha, djalan di kabungahan, Pramanik sarëng Sang Sunu, langkung ti tēpang ngawitan.

19. Sang Putra sarëng Pramanik, katilu Aria Barak, harita gunëm tjarios, hanteu lami Sang Pinutra, ladjëng bae ngandika, ka Aria Barakgirung, ajeuna kahajang putra.

20. Poe ieu paman misti, iang ka nagri Riskomar, di djalan ulah talangke, njusulan Dewi Pursita, bisina kaëlatan, kudu sina buru-buru, wangsul ti nagri Riskomar.

21. Hanteu lami Arja Patih, saënggeus nampi timbalan, ti kërsa Pangeran Anom, njumangakeun sarta tēras, mios ti pangëbonan, ngabiur bubuhan alur, djalan kana djumantara.

22. Tunda Aria Papatih, kotjap deui Sang Pinutra, harita duaan bae, da rentjang kabeh ariang, tapi Putri djeung Putra, hënteu djadi gingsir kalbu, kana manah kakeueungan.

23. Anggur wuwuh djadi galih, taja rëntjana rewongan, kana tata geugeut sono, atawa kana sagala, ngamanah pasal-pasal, elmu kalawan panëmu, babaran pangodjah manah.

24. Waridan ti para rësi, pëdaran para pandita, nu diïlo dina raos, sasaka sipat pusaka, pasal kasampurnaan, geusan nandjur mawat luhung, langgëng nandang kalenggangan.

25. Eukeur mah mukti ku eusi, djëmbar pangawasa manah, mungguh Sang Pangeran Anom, kawuwuhan ku agëman, sipating para djimat, Talirasa djimat luhung, Tjakrahajat Kantahajat.

26. Radjaputra hënteu lami, tina palënggahanana, këršana bade lëlëson, sarëng garwa hënteu tinggal, ngaronda kékëbonan, angkat titih hënteu rusuh, kenging pakael panangan.

27. Sang Putra sarëng Sang Dewi, ngadëg di pinggir sajukan, keur meudjuehna ngemploh hedjo, titilar Turni djeung Turna, tunda Sang Radjaputra, katjaturkeun Burusganur, nu keur ngalanglang buana.

28. Burusganur di wiati, gawena kakalajangan, neangan Pangeran Anom, tatapina hënteu këndat, tjulang-tjileung ka tukang, aringgis Sang Putri njusul, tina bawaning sieunna.

29. Barang eukeur ulak-alik, Burusganur dina mega, luhureun gunung patanen, palënggahan Radjaputra, Burusganur waspada, ningali ka eta gunung, përtela tēmpat manusia.

30. Diteuteup tina wiati, molotot taja ngitjeupna, rurut-reret lungak-

longok, barang geus lila katingal, aja anu gumilang, tjahaja bati ngagëbur, awor djeung tjahaja siang

31. Burusganur kaget ati, ningal tjahaja gumëbjar, beda ti tjahaja poe, tuluj turun ngadeukeutan, dikira antarana, saratus tumbak molangkung, Burusganur ka Sang Putra.

32. Tatapina tatjan sidik, eta anu boga tjahja, lantaran serab ku nendjo, tatjan përtela rupana, dina saha-sahana, Burus ka Pangeran Sunu, paningalna samar-samar.

33. Radjaputra djeung Pramanik, wantuning tërus paningal, tëgësna awas pangraos, ningali ka djumantara, waspada ka rasëksa, Sang Radjapinutra imut, bari ngandika ka garwa.

34. Ka dieu sing deukeut Njai, sing pageuh muntang ka ëngkang, itu aja buta onom, keur ngambah di djumantara, turun njampeurkeun urang, tangtu maksudna rek hasud, kana binasa ka urang.

35. Sang Putri Dewi Pramanik, ngaleng ka angkeng Sang Putra, djeung bari piundjuk alon, palangsiang rek binasa, buta bët ngadeukeutan, saur Sang Putra eh ënung, ulah gugup pipikiran.

36. Kudu pasrah ka Jang Widi, bagdja bahja kuma' kadar, montong nandang pikir sëber, kitu saur Radja Putra, bari ngaleng ka garwa, tapi hënteu këder kalbu, taja kabingbang karempam.

37. Burusganur njidik-njidik, mëntjrong neutep ka Sang Putra, molotot djeung dungduk-dengdek, lantaran ku rada serab, ku tjahja Radjaputra, lila-lila Burusganur, tetela ka Sang Pinutra.

38. Sidik hanteu samar ati, jen eta Purnama Alam, Burus ngagakgak ku atoh, sarta tërus mësat gobang, pamorna ku aksara, djimat nagri Gujunglimbu, tur kandël waranganana.

39. Burus turun djeung ngalahir, ajeuna sia mangsana, kana pinanggih djeung kodjor, kitu Burus susumbarna, bari ngulangkeun pëdang, monteng rek njabët Sang Sunu, lir tandang barong keur ngudag.

Dangdanggula

1. Burusganur barang arek nëpi, kira-kira satumbak anggana, ngungkulanna ka Sang Anom, tapi kërsa Jang Agung, Burusganur teu kungsi nëpi, mëdangna ka Sang Putra, lantaran kaburu, kahebos ku Talirasa, Burusganur djungkal-djungkël ngadjumpalik, ngudupung lalangsudan.

2. Lumpuh hanteu bisa hudang deui, mani gēsëng saluar awakna, tjara tapak seuneu bae, njuuh bari ngagërung, letah ngëlel mata buntjèlik, ngagërëm djeung sasambat, njëbut aduh biung, alah ëma alah bapa, aduh Dewa duh Batara duh Batari, kula geuwat tulungan.

3. Burusganur sasambat mubadir, batan tjageur anggur beuki parna, kalah ngadjëhdjër ngagoler, tina bawaning ripuh, hënteu bisa usik djeung malik, ngan wungkul gëgërungan, pajuneun Sang Sunu, ngadjapapang lir babatang. Radjaputra sarëng Sang Dewi Pramanik, ningali anu tiwas.

4. Sami-sami nandang kaget galih, sadjongdjongan hënteu sasauran, mung kantun papëntjrong-pëntjrong, Sang Dewi djeung Sang Sunu, lami-lami tēras ngalahir, Radjaputra ka garwa, dibarung gumuju, urang bagdja nampi sihna, kawelasan Gusti anu Maha Sutji, marga kawalujaan.

5. Njingkir tina papasten balahi, duruwiksa nu rek ngabinasa, taladjak taja paniten, kadaring Maha Agung, maksudna teh hënteu ngadjadi, anggur manehna tiwas, udjug-udjug ripuh, urang kudu lambat rasa, nganuhunkeun diri nampi marga sihing, ka Gusti nu kawasa.

6. Kaduana bisi bae Njai, hënteu tērang ka ieu rasëksa, lantaran kakara nendjo, ieu teh anu estu, nu kasëbut Sri Maha Adji, Putiasukma tea, nu rek mulung mantu, bareto ka diri akang, tah nja ieu lëlēngëd bapa Kaswati, Ratu nagri Ambarak.

7. Ku ëngkang ge bareto teh geuning, geus didadar përtelaanana, pangadëгна Kaswati teh, pang ëngkang hënteu purun. da rupana badawang badis, tapi wungkul ku ëngkang, katendjona kitu, jen Kaswati duruwiksa, ngan ku kabeh anu pada naringali, sidik sipat manusa.

8. Tah ajeuna katingal ku Njai, raga Ratu nagara Ambarak, sidik buta gëndërëwo, bapa Kaswati istu, ëngkang hënteu samar saeutik ieu Ratu Ambarak, anu gagah mashur, ajeuna mëndak apësna, ilang daja sipat digdjajana léungit, tjambal pangawasana.

9. Sang Pramanik ngadangu pawarti, përtelaan eta duruwiksa, manahna kalangkung kaget, ngawangsul bari imut, ana kitu sadjagat lahir, sami kasar paningal, asup basa buhun, menak rama sotja pëda, hënteu awas ka sipat nu njangling-njangling, kasulap ku rasëksa.

10. Diemutkeun ku djatining ati, waktos ieu sabuana alam, kaler kidul wetan kulon, taja anu satuhu, ngandung luhung paningal sidik, waspada tērus rasa, kana sipat lëmbut, raratan kabataranaan, mung sahidji pagusten abdi pribadi, lenggang padang paningal.

11. Mung handjakal ku këmba panglahir, taja basa deudeupan gëtapan, hënteu gëruh mawur wartos, ka djalma nu teu wëruh, atanapi

ka anu wadjib, pangkat pajung nagara, sina sami maphum, raratan nu kitu tata, ngadjalankeun ngaraman ngaruksak nagri, ngaruksak kaamanan.

12. Saupami tētēs dipiwarti, dibabarkeun ka hakna nagara, tinangtu moal tiněmon, kana kieu pěr laku, diri mandjing lara prihatin, nu sakieu nistana, utjul tina umum, pěr tata adat manusa, salamina ngantjik di leuweung nu rumbit, lir tēdak bangsa hewan.
13. Sang Pinutra gumuju ngalahir, djadi naha lamun diri ěngkang, laer biwir ngaplek lemek, diri ěngkang tinangtu, moal pisan kana pinanggih, djeung daradjat hidajat, anu leuwih untung, lara-bagdja geus mirasa, kaajaan ngalindjing di alam lahir, lain těrang ku bedja.
14. Nindih mandjing kana sanubari, suka-duka lain ku panjipta, kabeh katete ku maneh, malah keur dipilaku, ngintip-ngintip mēr wintjik diri, di geusan kalaraan, nunggu nu rahaju, suganna parěng djeung kadar, nitis milik mipit beutining walagri, tindak anu utama.
15. Ngawangsuluan Sang Dewi Pramanik, jaktos pisan kana djadi naha, saupami mawur wartos, tangtos gamparan luput, moal sumping ka Pusěr Bumi, uninga di kadjinan, Ratu Bungbungūmur, Sang Radjaputra ngandika, ah Njai mah těr us ka nu lain-lain, nu taja paedahna.
16. Saparantos Sang Putra wawarti, těr as djěngkar tina těmpat eta, ka djro latar palalangon, lalěnggah dina bangku, ningalikeun nu keur balahi, teu repeh gěgěrungan, nangkuban ngudupung, sēsėgor lir sora ninga, Radjaputra sarěng Sang Dewi Pramanik, awas ti kaanggangan.
17. Tunda heula Sang Putra Sang Dewi, kotjap deui Arja Patih Barak, utusan Sang Putra Anom, harita ěnggeus tjunduk, Barakgirung ka pantjaniti, karaton di Riskomar, waktu eta nudju, Sri Maha Ratu keur lěnggah, dideuheusan ku prarengrengan nagari, Raden Arja Gundara.
18. Sami² linggih dina korsi, Sang Meswari djeung Dewi Pursita, Manetja Menetji oge, ngiring guněman saur, ngadarungkuk pajuneun gusti, pungkureun Sang Pursita, ngupingkeun Sang Ratu, wawarta ka sadajana, taja sanes nu didaměl galur warti, amung mantu djeung putra.
19. Panggalihna Sang Maha Narpati, tjeuk tjohag mah suka sarta duka, waktu eta nu karaos, sukana anu estu, tina margi ngadangu sidik, mantu kalajan putra, masih keneh mangkuk, gumėl ar di alam dunja, ari anu ngadjadikeun duka galih, dina waktos harita.
20. Tina margi Sang Putra Sang Dewi, ku Sang Ratu tatjan kaulingna, těmpatna tjalik Sang Anom, kitu margana ewuh, Ratu sarěng Parameswari, lantaran ku Pursita, hěnteu dipiundjuk, palěnggahan Sang

Pinutra, tina margi disidēm dibuni-buni, ku Sang Dewi Pursita.

21. Tina langkung katiginan galih, kukuh tēguh kana wasiatna, Sang Dewi sarēng Sang Anom, jen kudu ulah bētus, ngawartoskeun tēmpatna tjalik, Sang Pangeran Pinutra, ka Sri Maha Ratu, kitu nu djadi margana, pang disidēm ku Pursita ka Sang Adji, dirasiahkeun pisan.

22. Gantjangna teh ieu nu digurit, katjaturkeun Arja Patih Barak, dongkap tērus ka karaton, ngadeuheusan ka Ratu, sarta tata nu hormat tadim, Barak ka Sri Mah Radja, dēku bari mundjung, Sri Maha Ratu Riskomar, djeung sadaja nu sami linggih di puri, ningal Aria Barak.

23. Sami-sami nandang kaget galih, kadongkapan ku bangsa rasēksa, ampir djudjul di karaton, Sri Mah' Ratu kalangkung, reuwas sarta nandangan gimir, kasima sadjongdjongan, ningali nu kitu, malah sangkana Sri Nata, marukanna anu tadi balik deui, arek tērus ngaruksak.

24. Mung teu tēras kareuwasan galih, da kabudjēng ku Dewi Pursita, ngadēg barina marios, oh paman Barakgirung, sarēng saha paman teh sumping, kawas mapagkeun putra, diutus ku Ratu, sarēng ku Parameswara, anu mangkon Sirkawur Bandjara Giri, Sri Mah' Lengganguana.

25. Barakgirung barang nampi lahir, pamariksa Sang Dewi Pursita udjug-udjug djol ngahartos, wantu asal pangagung, gampang ngartos ka silib sindir, nadjan sipat rasēksa, gantjangna ngawangsul, jaktos paman didawuhan, mapag Adjēng kēdah enggal-enggal mulih, ka bandjar pangalasan.

26. Dintēn ieu dawuhanna misti, Adjēng mulih ti nagri Riskomar, Dewi Pursita ngawalon, putra ge aja maksud, dina poe ieu rek indit, wangsul ka pangalasan, bandjara Sirkawur, ngan putra ngantos idinna, ti pangērsa ieu kang rama Narpati, sarēng bibi Meswara.

27. Gantjangna teh ieu nu digurit, tēras bae Pursita undjukan, ka kērsa Sang Maha Katong, nja eta amit wangsul, Ratu ngangrēs bari ngalahir, ka Sang Dewi Pursita, ama leuwih bingung, susah taja papadana, dumeuh bade ditilar mulih ku Njai, saha nu baris bela.

28. Saupama buta datang deui, tjara tadi arek ngabinasa, tangtu ama tiwas gēde, ku sabab eta kitu, kahajang mah Njai teh mugih, ngawangsul pērmuhunan, ka Ratu Sirkawur, sabulan deui lamina, sirna tjalik Njai di ieu nagri, djeung Manetji Manetja.

29. Hēnteu lami ngawangsul Sang Dewi, hal pērkawis panggalih salēmpang, ku rasēksa gēndērēwo, emutan putra estu, nanggēl pisan mo dongkap deui, kadangkala tumēras, undur kabur djauh, kitu deui nadjan putra, maksud tēras njusul rasēksa nu tadi, tuman lamun teu beunang.

30. Kaduana putra ge di ahir, dongkap deui dumeuheus ka ama.

mo'teras nolas ngalolos, ladjëng Ratu ngadawuh, atuh sukur kitu mah Njai, tanda njaah ka ama, tuhu nja misëpuh, dido'akeun ajeuna mah, Njai muga salamët walagri diri, laksana pangarëpan.

31. Kaduana ama arek titip, katur salam ka kërsa Pandita, Rësi Pramanik kadëwen, bakti ama sakitu, Sang Pursita barang geus nampi, widina Sang Sri Nata, tëras bae mundjung, ka Sang Ratu djeung Meswara, djeung sadaja rengrengan eusi nagari, gantjang nu ditjarita.

32. Tëras djëngkar Pursita ti puri, angkat njatjat anu geus biasa, tëdak kamanusan tulen, Aria Barakgirung, da kapaksa ku nu diiring, angkat ngadampal lëmah, atuh rada kaku, njorodtjod dadajagdagan, kokoredeun sëring titadjong rek geubis, da tuman ngawang-ngawang.

33. Arja Barak rada boga pikir, palangsiang mo dongkap sabulan, ka kërsa Pangeran Anom, tina angkatna laun, kitu manah Aria Patih, tapi Dewi Pursita, matëk deui elmu, angkat nu langkung gantjangna, Barakgirung sarëng Manetja Manetji, ampir tinggaleun anggang.

34. Barakgirung ngudagna Sang Dewi, nintjak hawa lain nintjak lëmah, tapi masih teu kaboro, ku Arja Barakgirung, tina langkung gantjang Sang Dewi, leuwih ti ngawang-ngawang, Barakgirung ripuh, kesang ngutjur tjara ngëbak, kelek wukwek dipake keupat ngabërik, tapi teu wëleh anggang.



Sinom

1. Tunda Sang Dewi Pursita, kotjap Sang Putra Sang Dewi, harita masih lalënggah, nanggap rasëksa balahi, masih keneh teu eling, gawena ngan gërang-gërung, Radjaputra Purnama, ladjëng ngandika ka rai, naha lila Pursita bët tatjan datang.

2. Palangsiang aja sabab, nu djadi halangan leuwih, geusan pisusaheun urang, ngawangsul deui Pramanik, estu tangtos teh teuing, aji Pursita tinëmu, geusan marga halangan, pang lami teu enggal sumping, sëmi² ku pangasih Kangdjëng Radja.

3. Saur Sang Radja Pinutra, ënja moal gagal deui, ditjandët ku kërsa ama, sakumaha sangka Njai, tapi sukur teh teuing, saupama ënja kitu, ngan inggis paman Arja, kairid ditjandët tjtjing, di Riskomar ku pangasih Kangdjëng Radja.

4. Lantaran mun paman Arja, hënteu tereh-tereh sumping, taja nu baris ngurusna, ieu babatang rasëksi, lamunna tërus mati, susah

pikeun njeun kubur, nadjan dina tjageurna, kudu diaping didjaring, dipiara biasa kana babandan.

5. Kitu saur Sang Pinutra, ka rai Dewi Pramanik, gantjangna nu ditjarita, Dewi Pursita teu lami, djeung sadaja nu ngiring, sumping ka Gunung Sirkawur, sarta enggeus patêpang, sarêng Sang Putra Sang Dewi, sadajana sami pada bingah manah.

6. Sang Radjaputra mariksa, ka anu kakara sumping, nu djadi margana élat, Dewi Pursita teu lami, undjukan langkung titi, teu kaliwat sapanĕmu, di nagara Riskomar, pangangkĕn Sang Sri Narpati, kabaraman marukan Ratna Suminar.

7. Sarta ngundjukkeun palĕbah, kadongkapan ku rasĕksi, nu rek nĕlasan ka Radja, ngalabrak ka pantjaniti, tina tĕngah wiati, diundjukkeun hĕnteu tulus, rek mĕdangna ka Radja, taja anu djadi margi, pang ngĕdjatna balik deui kana mega.

8. Sang Dewi sarĕng Sang Putra, ngadangu eta pawarti, ti rai Dewi Pursita, gumuju bari ngalahir, nuhun nampi pangasih, ti Gusti nu Maha Agung, nitiskeun marga rahmat, ngandĕgkeun sipat balahi, ngadjĕmbarkeun nurbuat kawiludjĕngan.

9. Barang geus tamat mariksa, Sang Putra ngalahir deui, ka Aria Patih Barak, putra ge aja pamanggih, anehna leuwih-leuwih, saumur nĕmbe tinĕmu, djeung bangsa pakagetan, njurĕmkeun pangeusi ati, tina langkung tunggara ku kareuwasan.

10. Putra keur nudju ngalanglang, ngalantung bari ngaroris, sakur sipat pĕpĕlakan, udjug-udjug ti wiati, aja bangsa rasĕksi, ngabar pĕdang rek ngabunuh, tapi kadaring badja, maksudna hĕnteu ngadjadi, kahalangan ku wahju kawalujaan.

11. Barang eta si rasĕksa, dikira satumbak deui, kana anggana ka putra, resĕksa bĕt ngadjumpalik, teu bisa hudang deui, njuuh tjara nu rek lampus, duka naon margana, pangna manehna balahi, teu laksana kana niat ngabinasa.

12. Tjobi geura tararingal, itu dina sisi giwir, babatang eta rasĕksa, gantjangna Aria Patih, djeung Manetja Manetji, ti latar tĕrus lalungsur, kana tĕmpat rasĕksa, sarta teu lami saridik, sadajana ka rupa eta rasĕksa.

13. Arja Barak barang ningal, ka eta raga rasĕksi, ngahulĕng hĕnteu tjarita, lantaran teu samar deui, ku tina sabab sidik, jen eta Sang Burusganur, Ratu Pusĕrsagara, dunungan Aria Patih, hĕnteu lami piundjuk ka Radjaputra.

14. Bilih salira gamparan, ka eta hĕnteu tingali, ieu dunungan pun paman, Sang Ratu nagri Djaladri, rama Dewi Kaswati, nu djĕnĕngan

Burusganur, Dewi Pursita tēras, piundjuk ka Sang Pramanik, tah nja ieu buta anu ka Riskomar.

15. Anu rek nēlasan rama, abdi hēnteu samar ati, kana pangadēg rupana, ajeuna manehna dugi, njeorang kana pinasti, kalēbuh ku salah laku, tjilaka asal murka, balahi rek hiri dēngki, abdi nuhun dumeh wiludjēng sadaja.

16. Manetji sarēng Manetja, njarēbut tah ieu geuning, Ratu Pusēring sagara, ajeuna mah tereh hasil, bapana geus kapanggih, ngan kari aing tinēmu, reudjeung nu diteangan, anu ngaran Rohongguris, eta kitu omong Manetji Manetja.

17. Dewi Pramanik ngandika, ka Nji Manetja Manetji, eh Endang kawas-kawasna, maksud Endang tereh hasil, Njai Manetja seuri, bari dibarung ngawangsul, ku margi eta muga, aja sihing anu gaib, kasarēngan ku dunga hibar gamparan.

18. Tjatur Sang Radja Pinutra, sabarang parantos nampi, piundjuk Aria Barak, jen eta Ratu Djaladri, rasēksa Pusērbumi, djēnčangan Sang Burusganur, mesēm bari ngandika, putra nēmbé tērang sidik, Burusganur teu njana kieu rupana.

19. Paingan diri kang putra, basa ku paman dipaling, barang datang ka Ambarak, hawa bau rupi-rupi, pahang hangru nu leuwih. dumugi ka raos landjung, wangsul Aria Patya, kelek Endang Rohongguris, nu kaangseu pahang hangru ku gamparan.

20. Pramanik imut ngandika, aeh bēt paingan teuing, keur basa di Ragatoja, putra keur ngawangi-wangi, djēbul aja nu sumping, bēt ka putra ngintun hangru, Radjaputra ngandika, aambeuan anu dēlit, da ēngkang mah hēnteu antēl-antēl atjan.

21. Teu lami Radja Pinutra, ngalahir ka Arja Patih, ajeuna kahajang putra, ieu Sang Ratu Djaladri, mungguh ku paman misti, ajeuna teh buru-buru, tjandak ka balandongan, dina tēmpat nu bērsih, utamakeun nadjan rasēksa da Radja.

22. Gantjangna ieu tjarita, Aria Patih teu lami, ngabangkāt Sang Sri Mah' Radja, ampir-ampir teu kaudit, Burus ku Arja Patih, ka saung pungkureun dapur, disapu diberesan, dipasang samak djeung lampit, sabudērna buni dikēput ku kasang.

23. Sang Burusganur harita, masih teu usik teu malik, ngan wungkul haharēngungan, didjaga ku Arja Patih, teu kēndat beurang peuting, teu pisan dikantun djauh, harita Sang Pinutra, sarēng Sang Dewi Pramanik, dideuheusan ku Pursita para Endang.

24. Saur Sang Radjapinutra, ka rai Dewi Pramanik, paman Arja

Patih Barak, ka urang énggeus pupulih, ieu Ratu Djaladri, eukeur dibèrik disusul, ku Nji Ratna Suminar, baris dihukuman pati, ku lantaran ka-gèdean teuing dosa.

25. Tapi ajeuna ku éngkang, ieu Sang Ratu Djaladri, sabeunang-beunang ditahan, nadjan dipenta ku Putri, arek dihukum pati, kadjeun éngkang malik musuh, ngajon sakuat-kuat, nampanan kasaktian Djin, anu mashur gagah gètap barangasan.

26. Sang Pramanik ngawangsulana, dupi mēnggah diri abdi, ngiring sakèrsa gamparan, amung sarebu pamugi, ulah tēras migalih, djiwana dipalar lampus, pun adi Adjēng Ratna, bilih abdi tēras mati, kalélēban ku nu satia bumela.

27. Sang Radjaputra ngandika, waktu ieu taja pikir, kana geusan katangtuan, mastikeun pikeun di ahir, kana djiwa Putri djin, da hēnteu beunang dilamun, kari dina éngkena, éngkang ka Nji Ratu Putri, tangtu éngkang ngudag dina galagatna.

28. Lamun Nji Ratna Suminar, galagatna menta pati, tangtu éngkang luluasan, kana tekad ngarah pati, tapi upama Putri, napsuna njusul rahaju, ngudag kawalujaan, éngkang ge kana pinasti, ngamang-ngamang sēndjata kasalamētan.

29. Sang Dewi teu ngawangsulana, mung gumuju bingah galih, ngadangu saur Sang Putra, margana langkung kadjudi, maksad eta panglahir, siloka pikeun ka pajun, upama ngalamar mah, nampa atawana nampik, kitu tjipta Pramanik ka Radjaputra.

30. Gantjangna ieu tjarita, Sang Putra sarēng Sang Dewi, rentjang-rentjang sadajana, tumētēp di dinja linggih, ngantos asihing Gusti, Pangeran nu Maha Agung, geusan kawiludjengan, laksana nu dipigalih, handjat tina sagaraning kalaraan.

31. Tunda Sang Radjapinutra, kotjap deui Mantri Ginggi, utusan Ratna Suminar, njaur Turna sarēng Turni, tapi ti barang indit, ti nagara Sulungtubu. Mantri Ginggi mirasa, liwung-lindung ulēng ati, hēnteu tērang pērdjalanan djomantara.

32. Ngidul-ngaler ngulon-ngetan, neangan gunung Patani, wēleh bae teu kapēndak, dihantēm diulak-ilik, tina tēngah wiati, kana saban puntjak gunung, Mantri Ginggi teu kira, nandang susah leuwih-leuwih, djeung teu tjitjing ngatjatjang di awang-awang.

33. Djaba ti nandangan susah, aja deui anu leuwih, ngagetkeun kana hatena, nja eta anu ngadjadi, sabab wadya pradjurit, djeung para Arja Tumēnggung, anu di gēnēp djihat, teu aja lēdis teu kari, Mantri Ginggi heraneun teu kira-kira.

34. Sangkana dua pĕrkara, hidji sangka dina ati, pang wadiabalad musna, ku Burusganur dibasmi, ari sangkana deui, maringgat ka bumi pitu, tina ĕnggeuſ lilana, naringgalkeun Pusĕrbumi, beak bĕkĕl kalantar teu baranghakan.

35. Ku sabab mohal katjida, biratna wadya pĕrdjurit, teu aja nu djadi asal, kitu sangka Mantri Ginggi, sartana hĕnteu lami, Mantri maksud arek njusul, ka nagara Tolĕngan, sarta geus ngabiur deui, maksud njĕlang mulang ka Tolĕngtĕlĕngan.



Asmarandana

1. Mantri Ginggi manggih deui, kasusah nu leuwih nista, dina sadjĕroning hate, djalan ka Tolĕngtĕlĕngan, lawang nagri kadjinan, musna leungit teu katimu, bingung Mantri Padjarangan.

2. Dĕdĕr diulak-ilik, nguriling sabudĕr djagat, wĕleh teu katimu bae, Mantri Djurungpadjarangan, susah barung djeung reuwas, ngahulĕng di mega paul, bawaning ku kabingungan.

3. Ngomong sadjĕroning ati, djeung bari ngusapan raraj, wis tiwas tjilaka gĕde, sagala nja pangarĕpan, anu rek didjugdjungan, ku aing hĕnteu katimu, hemĕng sagala pĕrlampah.

4. Sakabeh hĕnteu kapanggih, gunung tĕmpat pangĕbonan, kadua balad sakabeh, katilu lawang Tolĕngan, leungit tanpa karana, mun kaja kieu tinangtu, njorang galagat kasusah.

5. Lantaran aing pinasti, njorang sĕsĕndon seuseulan, ti kĕrsa Ratu Pinutren, ku sabab taja bubukan, kaduana pĕrkara, kumaha upama tĕrus, leungitna lawang Tolĕngan.

6. Aing moal bisa balik, ka nagri Tolĕngtĕlĕngan, djeung dulur kolot mo amprok, kitu Mantri Padjarangan, dina pikiranana, hulĕngdjĕntul hĕnteu madju, dina tĕngah djomantara.

7. Tungtungna ngĕrik prihatin, sasambat ka Adjĕng Ratna, duh aduh Adjĕng Pinutren, ieu abdi njorang bahja, nandangan kahemĕngan, linglung bingung kapidangdung, lĕpat buana djadjahan.

8. Kitu sambat Mantri Ginggi, bawaning ku kasusahan, dibarung bidjil tjipanon, bari ngahulĕng teu kĕbat, tatapi lila-lila, aja anu kapi-rungu, sowara tan katingalan.

9. Sidik ka pangrungu Ginggi, nongtoreng nu langkung tĕrang, pokna aeh Mantri Kuntjen, tamtama Ratna Suminar, djago Karang-

- panjiksaan, hajoh teangan sing timu, Sirkawur djeung lawang guha.
10. Lamun ku maneh kapanggih, bēnēr maneh teh digdjaja, unggul pangadjen kasakten, tatapi lamun teu bisa, kudu minangsaraja, ka dungunan maneh istu, nu ngaran Ratna Suminar.
11. Sina datang ka wiati, ngalanglang neangan lawan, mun ěnja leber kasakten, djeung maneh lamun teu tērang, ieu anu njowara, kami nu njusul rahaju, raraganing Talirasa.
12. Ngan sakitu nu kakuping, ku ki Mantri Padjarangan, sowara kaburu djēmpe, Ginggi teu kira kagetna, jen nguping eta sora, reret ka kentja-katuhu, tjileung ka hareup ka tukang.
13. Lami-lami Mantri Ginggi, sieunna teu kira-kira, bidjil kesang mani ngotjor, bulu punduk sisiakan, tungtungna tērus lumpat, bawaning sieun kalangkung, monteng tina djomantara.
14. Bari njebut aduh Putri, ieu sim abdi tjilaka, aja anu ngaharewos, Mantri Djurungpadjarangan, kēbat bae ngēdjatna, ka nagara Sulung-tubu, rek undjukan ka Sang Ratna.
15. Tunda lampah Mantri Ginggi, kotjap Sang Ratna Suminar, sarēng rama Sri Narpatos, nudju lēnggah di pamēngkang, sarēng para rengrengan, harita nudju ngariung, priantun eusi nagara.
16. Pangna kēmpēlan di puri, wirehing waktu harita, Meswara sarēng Sang Katong, nudju bingah papariksa, ka Arja Langlangturna, nu nēmbē sumping ti gunung, pangalasan pamēgatan.
17. Dipiundjuk ka Sang Adji, ku Aria Langlangturna, tina barang awit mios, djadi djuru pangēbonan, mēgat Ratna Suminar, dumugi kana patēpung, teu aja anu kaliwat.
18. Malah waktu sararumping, Sang Dewi sarēng Sang Putra, sarēng sadaja pragandek, Endang Manetji Manetja, sarēng Dewi Pursita, Patih sarēng Maha Ratu, nagara Tolēngtēlēngan.
19. Diundjukkeun ku Den Patih, ka Sri Maha Langlangsona, sarēng ka Sang Ratu Putren, sarta nudju kadongkapan, Aria Patih Barak, tundungan Sang Ratu Aju, pang dongkap ka pangēbonan.
20. Kenging sēsēndon Sang Putri, diudjukkeun sadajana, ka kērsa Pangeran Anom, ku Aria Patih Barak, anu djadi asalna, pangna di-djuring ditundung, dilabrak teu dihampura.
21. Malah diundjukkeun deui ku Aria Langlangturna, jen pusing Pangeran Anom, asal nampi piundjukna, ti Arja Patih Barak, jen aja saur Ratnaju, ngawonkeun ka Sang Pinutra.
22. Barang Sang Ratu Putri Djin, ngadangukeun Langlangturna, njarioskeun sapanēmon, jen Sang Dewi djeung Sang Putra, sumping

ka pangëbonan, sarëngan rama Sang Ratu, Maha Prabu Saksaria.

23. Kadua nguping pawarti, pusing Sang Purnama Alam, tina lantaran ditjode, sakur sipat panëmuna, ditjatjad djeung dihina, teu lami Sang Putri njaur, ka Aria Langlangturna.

24. Putra teh nëmbe pinanggih, pangrasa leubeut amarah, leuwih ti nu geus kalakon, mun kieu mah kawas-kawas, anak-anak baruntak, bumi pitu langit pitu, ku lampah hawa kang putra.

25. Sabab putra mënding mati, tinimbang lëmbek pikiran, keok samemeh padjongok, ku sipat sagala-gala, nu kasëbut kawula, teu suwung teu buntu napsu, mo waka pëdjah pangodjah.

26. Paman bieu geus miwarti, aja nu ambëk ngawakwak, asal ku putra ditjode, ditjawad pangawasana, paladjaran ulama, elmu panëmu ti gunung, pëdaran ti pasantrian.

27. Mungguh ku putra kaharti, pang ambëk geus boga rasa, unggul panëmon pangadjen, udjub nunggal pangabisa, pintër-pintër sorangan, padahal anjaran tjunduk, ingkaran ti Padjarangan.

28. Dipikir dibulak-balik, dilalar dina pangrasa, putra tombok lamun lëmbek, ku bangsa nu tatjan njata, dina pangawasana, rusuh surup lumpuh napsu, ku anu tatjan karuhan.

29. Era ku diri pribadi, ngahampas raraga njawa, djadjaten leeh ku maneh, tjangtjaja hënteu përtjaja, kana diri sorangan, mun kitu putra kalangsu, linglung ka pantja sasaka.

30. Tangtos kasurak kawarti, ku djalma sabumi alam, disëbut djëdjërih hate, ku margi eta ajeuna, putra maksud lahlahan, ngajon ka nu tekad luhung, pangrasa gagah sorangan.

31. Kadua putra rek ngungsi, ka ama Tolëngtëlëngan, Ratu onom gëndërëwo, lantaran kurang wiwaha, boga lampah teu përnah, kawas lain tata Ratu, itjal ti tédak Narpatya.

32. Kairid ku lain-lain, kabawa ku kaba-kaba, lingar tumilar karaton, ku djalan nu teu djeung hakna, njusul urang Riskomar, rek didjieun pantjuh napsu, pikeun tanggëlan salira.

33. Baris tamtama nagari, pangkat sipat djaga baja, diri putra rek diseeh, ku ama Ratu Tolëngan, tatapi diri putra, kadjeun njeorang lampus umur, niba kana baja wapat.

34. Tinimbang hënteu ngadjadi, ngalabrak njeun baruntak, ka sakur prabebet onom, sarëng ka nu boga rasa, gagah sakti sorangan, katilu si Burusganur, eta tëtës musuh putra.

Putjung

1. Ratu Putri pusing dugi leungit kalbu, djalan kahormatan, geusan përtata raspaten, di pajuneun rama Sang Maha Narpatya.
2. Ludjag-ledjeg teu eureun saur nu mawur, ngumbar basa kasar, bawaning ku langkung djengkel, hajang geura patëpang djongok djeung lawan.
3. Sadajana anu linggih di kadatun, sami nandang reuwas, ngadangu saur Sang Putren, sarta pada gimir ku ningal tandangna.
4. Sang Meswara sarëng Sang Sri Maha Ratu, wantuning nëmbean ningal pusingna Sang Putren, langkung kaget hookeun teu sasauran.
5. Sumawonna mantri-mantri djaga satru, tarungkul kasima, kantun njarodtjod ngadegdeg, amung Raden Arja Patih Langlangturna.
6. Nu teu nandang kasima ku Ratna Aju, bubuhan geus tuman, ningal pusing Sang Pinutren, waktu linggih di Sirkawur pangëbonan.
7. Hënteu lami njaur deui Ratna Aju, djeung naon sababna, anu matak lëbëng bae, paman Kuntjen Padjarangan taja datang.
8. Kawas-kawas pang ëlatna di Sirkawur, ngadon sukan-sukan, djeung para bebet pasantren, ngadon ngadji tawalo katahajulan.
9. Tapi lamun saminggu deui teu tjunduk, tinangtu ku putra, di tërapan hukum bae, pangadilan djadi parab padjarangan.
10. Eta kitu saurna Sang Ratna Aju, taja nu tiasa, mukpruk mepes malar lempes, amung wungkul naranggap kana pusingna.
11. Atuh tuluj Sang Ratna napsuna hurung, ka luar pangutjap, nu kasar geusan teu sae, wani nangtang ka salira Sang Pinutra.
12. Djeung ka Ratu Saksari Bumipingpitu, maksud rek diruksak, djadi Sang Ratu Pinutren, këbat luas taja kaelinganana.
13. Barang eukeur sasauran Ratna Aju, Mantri Padjarangan, teu lami rongheap bae, datang tërus ngadeuheus ka Adjëng Ratna.
14. Ngadeuheusan bari rumenghap rumandjug, sarta dibarëngan, ku bubuden pias lungse, alum ngujung Mantri Djurung Padjarangan.
15. Ratu Putri barang ningal Mantri Ratjun, djol hoak ngandika, aeh sугan teh geus paeh, boro kami ngadoa sing ka naraka.
16. Reudjeung naon sababna nu matak kitu, boga laku lampah, taja përtata gumaten, kawas lain titahan Ratna Suminar.
17. Wani-wani tjampoleh teu buru-buru, ngala paman Turna,

djangdji ulah rek talangke, tapi naha nēpi ka nēngahan bulan.

18. Turug² djeung paman Turna teu tēpung, tanda jen teu datang, ngadon ngaladog\ngalontreng, sumpang-simpang teledor kana parentah.
19. Kawas-kawas tata lampah nu tumamu, anjar kumawula, ka ngaran Ratu Pinutren, hēnteu nganggap kana adat nu biasa.
20. Kawas anu nandang hate bosēn hirup, luas kana njawa, didjieun sipat parepeh, hajoh lemek naon nu djadi sababna.
21. Mantri Ginggi ngawangsul ka Ratna Aju, ngundjukkeun sababna, pangna hēnteu tereh-tereh, ngadjalankeun kana parentah dunungan.
22. Pangna ēlat lantaran ku kapidangdung, tērus luluntaan, neangan Gunung Patanen, leungit musna dumugi ka teu kapēndak.
23. Sarta tērus ngundjukkeun wadya soldadu, nu di gēnēp djihat, musna hēnteu aja kabeh, disusul ge lawangna guha teu aja.
24. Sarta dugi ngupingkeun aja pangrungu, dina djomantara, diundjukkeun ka Sang Putren, teu kaliwat dina saungēl sowara.
25. Sanggeus tutup piundjukna Mantri Ratjun, Sang Ratna Suminar, wuwuh pusing manahnā teh, djēbras-djēbris gumilēr ka tēngēn-kiwa.
26. Bari njēbat paman Ginggi istu mutuh, teu beunang dianggap, pikeun pērtjajaeun gēde, geusan pangkat tamtama di danalaga.
27. Kawas lain senapati Bungbungūmur, djago Padjarangan, bēt boga kasakit hate, kapidangdung lantaran kurang ingētan.
28. Padahal mah bēt tatjan nēngahan taun, diitung lilana, balik ti gunung Patanen, sageuj poho mun anu djēdjēg pikiran.
29. Turug-turug tuluj mangprung nu teu umum, owah pipikiran, buta rata poek hate, hēnteu njaho di lawang lēmbur sorangan.
30. Tatapina kula ajeuna ngama'lum, bisi bae ēnja, paman nudju owah hate, karungrungan tularan ti karuhunna.
31. Ajeuna mah reudjeung kula bae haju, nangenkeun wadia, mun ēnja geus balik kabeh, tangtu tuluj kula ka Tolēngtēlēngan.
32. Rek dilabrak dibasmi sabumi pitu, mo tolih ka sēpah, bongan tjurang serong goreng, aja tata tekad nu anggeus-anggeusan.
33. Sabab mohal kabeh wadia soldadu, bubar taja sabab, mararinggat tina gawe, lamun taja anu ngabokong marentah.
34. Pērsangkaan pikir kula anu istu, sarta moal gagal, anu baris kumawanen, ngabubarkeun sakabeh wadia balad.
35. Ama Ratu Tolēngan Bumi pingpitu, Maha Saksaria, lantaran kula ngadenge, tjariosan paman Arja Langlangturna.
36. Ama Ratu sumping ka Gunung Sirkawur, djeung Lungabarahma, njarusul urang pasantren, nu digubug ku bangsa setan siluman.

Agustus 1956
Lee Jui

6

Sinom

1. Ku sabab eta ajeuna, kula leuwih luas ati, taja geusan sumo-reang, pikeun gumilir ka gigir, tekad kula toh pati, ngalabrak musuh nu tilu, kahidji musuh asal, bapana si Rohongguris, kaduana Saksari Ratu Tolëngan.
2. Bongan gana kumawawa, ngërid wadia pradjurit, sina bubar mararinggat, ti djëro kalangan djurit, kula rek malës pati, ari musuh nu katilu, santri bëkasan artja, sabaturna moal kari, dibinasa didjieun sipat babandan.
3. Moal këmba kumapalang, sumingki tekad tjul pati, ngurbankeun jiwa sorangan, ngabasmi nu taja titi, migawe hiri dëngki, ngusut-ngusut hate batur, Adjëng Ratna Suminar, sanggeus njarios ka Ginggi, ladjëng bae piundjuk ka Sang Srinata.
4. Ajeuna putra pamitan, kalajan nëda panggalih, kërsa ibu sarëng ama, pandu'a pamugi-mugi, wiludjëng hënteu nampi, bahja lara marga ewuh, salëbët pëpëरणan, teu lami Ratu ngalahir, dibarungan ku mësum lintang ewuhna.
5. Mungguh ama nampa pisan, kana pamëredih Njai, pandu'a kasalamëtan, rahaju walagri diri, tatapi ama lain, rek ngabëndung maksud unung, rek njieun kalakuan, ngabasmi nu tatjan sidik, boga lampah serong tjurang anu nista.
6. Ari kahajang ama mah, ulah waka djol dibasmi, kudu dipariksa heula, anu tata sarta titih, lamunna ënggeus sidik, serongna ka diri unung, tekad anggeus-anggeusan, rek njarieun hiri dëngki, nja eta mah ama teh mo ngahalangan.
7. Ngan lamun tatjan përna, bukti dosana nu sidik, kahajang diri ama mah, Njai teh masing patitis, tëtës njëkël hak diri, tërah pajung Sulungtubu, njëbar sagala sipat, nu narik tingkah nu titih, ulah mawa hawa nu geusan sungkawa.
8. Kitu adat istiadat, anu dipusti dipuhit, wawaton kamanusaan, anu ku ama kadjudi, Ratu Putri teu lami, ka rama ladjëng ngawangsul, hal përkawis dawuhan, ku abdi lintang katampi, sarëng tangtos kana didjalankeunana.
9. Amung përkawis mios mah, njusul pun Burus Djaladri, sarëng wadia Kadjinan, mënggah abdi nu sajakti, waktos ieu mo kenging, ku

ama ditjaram njusul, tina margina eta, ajeuna mung sewu kēti, nēda hibar pandu'a kawiludjengan.

10. Sumēdja mios ajeuna, sarēngan ieu pun Mantri, ngandika Sri Maha Radja, hade Njai arek indit, njusul Ratu Djaladri, ngan poma ulah rek luput, tēgēsna teu milampah, kana djangdji ama tadi, poma-poma ingētkeun salalawasna.

11. Sarta lamun geus laksana, sakumaha nu dipambrih, poma kudu gantjang-gantjang, ka dieu Njai teh balik, teu lami Sang Putri Djin, ngawangsul ka Sri Mah' Ratu, mēnggah dawuhan ama, tinangtos ku diri abdi, dikambangkeun bade ditēda hibarna.

12. Barang geus tamat undjukan, Sang Putri ka Sang Narpati, gantjangna tēras amitan, ka Ratu djeung ka Meswari, sabadana teu lami, Putri djengkar ti kadatun, djeung Mantri Padjarangan, tēdak pangodjah sasari, kaja kilat ngolenjaj ka djomantara.

13. Sang Adjēng Ratna Suminar, ngantjik dina mega putih, djalingēr ka tēngēn-kiwa, tingkah adat nu sasari, pusing tara dipangkring, mun napsu tara dilēs, ngumbar kana sagala, pēdaran ti bibit galih, hade-goreng lahlahan kumaha behna.

14. Teu lami tēras ngandika, ka Mantri kamar wērēdjit, tjoba kula rek malikan, tjaritaan anu tadi, pajuneun ama Gusti, jen maksud kula rek nēmpuh, ka musuh nu tiluan, tapi undjukan mo djadi, ku lantaran ngambangkeun dawuhan ama.

15. Kula teh nu saēnjana, wungkul tjatur dina biwir, jen moal djadi ngalabrak, padahal mah dina ati, tigin kana ngadjadi, maksud numpurkeun si musuh, nadjan kula ku ama, dipepeling kudu eling, kana hakna raratan tērah kumamah.

16. Moal diturut dianggap, ditjeungtjeum di sanubari, lantaran kula teu bētah, lumindjing di alam lahir, magonan lēmbek ati, ngukuhan ngalēs napsu, tinangtu sabuana, manusa djin pada wani, ngadjalankeun tjoronggah nu matak tjua.

17. Hanas piēngkeunana, ka diri kula pribadi, aja nu wani ngajonan, sartana nēpi ka djangdji, diri kaula sisip, eleh djadjaten panēmu, eta nu diteangan, baris guru lahir-batin, atawana titaheun baris tamtama.

18. Eta kitu tekad kula, nu tumantjēb dina ati, anu matak ajeuna mah, kula mo' kapalang diri nadjan nēpi ka pati, ngalabrak musuh nu tilu, kula teh panasaran, mun tatjan kabeh katjangking, dibabandan pikeun parab Padjarangan.

19. Haju tuturkeun kaula, urang mimiti ngabērik, Saksaria di Tolēngan, baladna basmi sakali, sabawah Pusērbumi, bongan birat kala-

labur, baralik teu pamitan, ka diri kula pribadi, kawas lain ka ngaran Ratna Suminar.

20. Abong-abong tatjan meunang, pangwarah kula pribadi, hukum nu leuwih nista, sakabeh para bopati, teu lami Mantri Ginggi, ngawangsul ka Ratna Aju, djisim abdi ngiringan, njusul ka Puséringbumi, marga tuman ku gamparan teu diwarah.

21. Gantjangna ieu tjarita, henteu lami Sang Putri djin, djengkar tina tempat eta, ngalajang dina wiati, bade ka Pusérbumi, kersana nelasan sepuh, nanging saking dumadak, lampahna Sang Aju Putri, kahemengan teu terang di lawang guha.

22. Bér ka kulon bér ka wetan, ka kidul kaler teu ngantjik, tapi wéleh teu kapéndak, lawang nagri Pusérbumi, ku Adjeng Aju Putri, saréng ku ki Mantri Ratjun, djagat dikurilingan, nēmbé Adjeng Aju Putri, ngaraosan pértjaja ka wartos rentjang.

23. Jen lawang guha teu aja, ilang musna tanpa lébih, kaget Sang Ratna Suminar, ngarandég dina wiati, ngahuléng teu wawarti, sarta nandang dina kalbu, wirang nu langkung nista, ku Mantri djuru wérédjit, asal tadi diundjukan teu pértjaja.

24. Njaur salébéting manah, bēnēr bedja paman Ginggi, jen leungit lawang Toléngan, ajeuna énggeus kabukti, ku aing ge pribadi, diubék henteu katimu, ilang tanpa karana, atuh aing teh pinasti, mo' laksana ngalabrak urang Toléngan.

25. Tapi nadjan salawasna, musna teu kapanggih deui, paduli aing teu susah, da moal rek balik deui, ka nagri Pusérbumi, djadi sipat setan paul, sanggeus kitu manahna, téras ngandika ka Ginggi, bēnēr bedja paman Mantri henteu salah.

26. Jen lawang Toléngtéléngan, leungit musna tanpa lébih, ilangna tanpa karana, ajeuna énggeus kabukti, ku kaula pribadi, diubék henteu katimu, tatapi pikir kula, henteu ngait kumareumbing, sumawonna ngadjadi rempan kabingbang.

27. Balikanan lamun aja, meureun kula tētép diri, djadi sipat kasetanan, iblis di puséring bumi, tatapi moal pulih, nunuhun ka Maha Agung, henteu bisa ajeuna, malēs pati ka Ratu djin, sugan éngke di ahir bisa ngalabrak.

28. Ajeuna mah urang tunda, neangan lawang guha djin, ajeuna rek njusul heula, kabogoh si Rohongguris, nu boga ilmu santri, ngandung paněmu tahajul, di gunung pangébonan, djeung baturna para santri, gégédugna si Barak setan sagara.

29. Mantri Ginggi ngawangsulan, djisim abdi amung ngiring, sa-

nadjan ka mana-mana, masih djsim abdi hurip, moal wëleh gumusti, ka kërsa gamparan istu, teu lami Adjëng Ratna, tēras bae djëngkar deui, rek ngadjudjug kana gunung pangëbonan.

30. Ngalajang di awang-awang, lumirik djeung ulak-ilik, paningal teu këndat-këndat, ka saban gunung prabukit, tapi hënteu kapanggih, ku Putri gunung Sirkawur, musna tanpa karana, taja tapak taja tjiri, Ratu Putri ngaso dina djomantara.

31. Ngahulëng bari ngandika, dina salëbëting galih, istuning hënteu sulaja, tina bedja paman Ginggi, sakabeh musna leungit, lawang guha djeung Sirkawur, kawas aja nu boga, lampah djail hiri dëng'ki, ngaleu-ngitkeun Sirkawur djeung lawang guha.

32. Nja bënërlamunna ënja, leungitna ku djalan djail, tēgësna ku pangawasa, bënërlaktina lineuwih, nēpi ka diri aing, kasamur njorang kalangsu, ilang padang pangrasa, sēpi kalenggangan ati, rasa nandang poek sabuana alam.

33. Tapi aing hënteu susah, masih keneh aing njangking, djimat bënten pupurian, panggih ti gunung Masigit, ku aing rek ditjopi, dipake meupeuhan gunung, dipenta pangaruhna, nembongkeun sipat nu leungit, hënteu lami Sang Adjëng Ratna Suminar.

34. Rek ngudar eta beulitan, kana angkengna pribadi, ngarandjug Ratna Suminar, djeung teu pëtot larak-lirik, angkeng nu ditingali, djimat tikël balung suwung, kakara Adjëng Ratna, ngaraos lungse panggalih, bari njëbat duh Gusti djimat ka mana.

35. Naha da bieu mah aja, dina tjangkeng diri aing, tatapi ajeuna musna, estu matak teu kaharti, kitu manah Sang Putri, bari pasëmon nu mësëm, Sang Putri harita mah, nēmbë ngaraosan sēdih, ngalangkajung sungkawa di djomantara.



Magatru

1. Ratu Putri langkung-langkung nandang ewuh, anu hënteu aja tanding, dumugi lungse lalësu, lir kapuk kaibun badis, bawaning abot prihatos.

2. Hënteu lami ngandika ka Mantri Ratjun, kula njorang bahja leuwih, djimat tikël balung lapur, ilang musna tanpa lëbih, sugan ku paman katembong.

3. Basa tadi keur waktu urang lumaku, bisi ragrag teu katjiri, eta

djimat tikël balung, tina têngahing wiati, bisi bae kula bongoh.

4. Ari aja nu maling mah bêt piraku, gana-gana kumawani, gawe salaman-sulumun, ngadeukeutan diri kami, baleg ngadodoho njolong.

5. Mantri Ginggi ngawangsul ka Ratna Aju, emutan abdi manawi, kakantun di Sulung tubu, ragrag mah piraku deui, ku sim abdi teu katembong.

6. Saur Putri piraku da tara kantun, dina antara samënit, malah tjikeneh teu suwung, di tjangkeng kula pribadi, kula hënteu samar poho.

7. Ngan ajeuna haju urang buru-buru, neangan sugan kapanggih, saksrak saban bukit gunung, urut pangliwatan tadi, kaler kidul wetan kolon.

8. Njumanggakeun Mantri Ginggi ka Sang Aju, sarta harita teu lami, Putri sarëng Mantri Ratjun, ngilari djimat nu leungit, laut daratan dilongok.

9. Tatapina wëleh bae teu katimu, sakitu milari apik, tungtungna Sang Ratna Aju, biur deui ka wiati, sëmu ngalenghoj rampohpoj.

10. Beuki lami tumantjêb lëbëting kalbu, dugi leuleus tulang sandi, surëm kalbu lumpuh baju, ilang bédang leungit bêngis, sasauran ampir rero.

11. Tina marga kabaud ku liwung kalbu, katarik ku ngërik galih rasosna Sang Ratu Aju, poek saalaming lahir, himëng sagala pangartos.

12. Duwang-daweung liren dina mega paul, njaur salëbëting galih, aing kakara saumur, njorang sungkawaning ati, tjotjoba nu leuwih abot.

13. Kawas ieu bingung nungtun kana lampus, narik kana baja pati, nutup sagala panëmu, sèpi pangodjahing ati, poho sagala kanjaho.

15. Tatapina kadjeun aing njorang lampus, tinimbang djeung njanging ati, lëmbek ku sipating mahluk, panggawe hate djëdjërih, ngabogo raraga djëbol.

15. Moal wëleh masih keneh aja umur, neangan sakur nu leungit, dibelaan tekad husu, mërèh ati ka Jang Widi, nëda laksana tinëmon.

16. Eta kitu panggalih Sang Ratu Aju, tapi teu lami kasilih, ku ngungun nu leuwih liwung, katarik ku wangi galih, nu lëlër dina pangraos.

17. Tina nëmbe nandang pakewuh nu kitu, tuman satjiptana djadi, tutur samaksud dikabul, ajeuna sagala djalir, gapong sugrining kahojong.

18. Tungtungna mah Sang Putri ngariut napsu, sub'ah bawaning ku sèdih, leuwih hade pondok umur, tinimbang tigin prihatin, tètës prihatos nu abot.

19. Ratu Putri bawaning ku ngangrës kalbu, tjurudut mëdal tji-

tangis, salěmpaj dumugi tjipruk, sarta těras djěngkar deui, sěmu gaiuang-galeong.

20. Mantri Ginggi ngiring ngungkueuk ti pungkur, ari anu djadi leuwih, kabingungna Mantri Ratjun, ngan ku lawang guha leungit, mělang ka anak djeung bodjo.

21. Pikirna teh kumaha upama těrus, leungit teu kapanggih deui, tangtuna saumur-umur, kana moal bisa balik, djeung dulur kolot mo amprok.

22. Mantri Ginggi ngiring bari sěgrak-sěgruk, sasambat djěroning ati, indung-bapa nu disěbut, hibarna anu dipuhit, menta lesot ti prihatos.

23. Mantri Ginggi bawaning ku langkung liwung, daja upajana leungit, utjul sagala paněmu, tungtungna lěng bae lali, ilang budi ilang hartos.

24. Waktu eta nudju dina mega paul, dumadakan datang angin, něbak ka ki Mantri Ratjun, angin ngagělēbug tarik, Ginggi kabawa ngaleong.

25. Mantri Ratjun teu katangen ku Ratnaju, kabawa ku angin tarik, bubuhan aja di pungkur, djongdjong lumaku Sang Putri, gandek teu pisan kawaro.

26. Kitu deui Mantri Ginggi djuru ratjun, ti barang kabawa angin, lěng bae teu emut-emut, ngoleang dina wiati, tjara langlajangan lesot.

27. Mantri Ginggi ěngke ka pajun katjatur, ajeuna něraskeun Putri, teu liren-liren lumaku, dina těngahing wiati, ngahělar alon lumenghoj.

28. Hěnteu lami Putri ngalirik ka pungkur, bade marios ka Ginggi, Sang Putri dugi ngarandjug, tina marga Mantri Ginggi, hěnteu katingali djongok.

29. Ratu Putri njaur djeung ningal ka pungkur, sarta bari lurak-lirik, dibarung pasěmon měsum, na ka mana Mantri Ginggi, ku aing hěnteu katendjo.

30. Palangsiang kausap ku nu teu puguh, atawa minggat mělěntjing, bawaning hatena ěbung, ngawula ngiring ka aing, tuluj gawe ngabaletjot.

31. Lamun kitu Mantri Ginggi nja geus mutuh, awal-ahir anu misti, meunang hukuman panutup, digantung něpi ka mati, sabab tuman mun teu kodjor.

32. Ratu Putri kaleungitan Mantri Ratjun, ngan ukur pusing saeutik, kalampudan ku kaewuh, ku sipat nu leungit tadi, djimat lawang gunung kěbon.

33. Ka Ginggi mah ngan ukur satengah bĕndu, hĕnteu mĕlang teu hawatir, malah harita ge tĕrus, Ratu Putri djĕngkar deui, lolos anu teu puguh los.

34. Hĕnteu liren ngetan-ngulon ngaler-ngidul, damĕlna ngan bulak-balik, barung tjisotja murubut, njalira taja nu ngiring, ngalajang kadalon-dalon.

35. Kira-kira lamina geus tudjuh minggu, lalampahan Sang Putri djin, ajana di mega paul, teu lungsur-lungsur ka bumi, hĕnteu tuang hĕnteu ngarot.



Asmarandana

1. Sang Putri dina wiati, wuwuh kahemĕnganana, ngan wungkul sasambat bae, dina salĕbĕting manah, nĕda ka Nu Kawasa, tinimbang hĕnteu dikabul, kana tĕrbuka laksana.

2. Leuwih tibalik ka tadi, tumiba ka alam asal, kitu panĕda Sang Putren, bari liren dina mega, ngaso njusutan sotja, teu katadah ku panjusut, bawaning nangis teu kĕndat.

3. Barang Sang Ratu Putri djin, rek mangkat deui ti dinja, aja sowara nongtoreng, karungu kalangkung tĕrang, ku Putri kadanguna, lain ti kentja katuhu, lain ti hareup ti tukang.

4. Pokna sora nu kakuping, ku Putri Ratna Suminar, eh Njai Ratu Pinutren, mustika nĕgri Kadjinan, teu njana keur nandangan, kalĕbuh kana pakewuh, tumiba kana sungkawa.

5. Kapan nu geulis teh sakti, kapan nu gandang teh bĕdang, tjik ajeuna geura pake, kagagahan kabĕngisan, masing bisa ngajonan, musuh anu nungtun biugung, lawan anu mawa susah.

6. Barang Ratu Putri nguping, ka eta ungĕling sora, ngoredjat djeung rurut-reret, ka tĕngĕn sarĕng ka kiwa, tatapi teu katingal, djirimna anu ngadawuh, kaget Sang Ratna Suminar.

7. Kapaksa Putri ngalahir, bubuhan geus rada tuman, mĕndak sowara nu aneh, saurna andjeun teh saha, njarios ka kaula, tjing atuh sing djirim timbul, tĕrang ka paningal kula.

8. Barang Putri geus ngalahir, gĕrĕndĕng deui sowara, pokna oh Ratu Pinutren, saupami hĕnteu tĕrang, ieu anu njowara, anu boga tikĕl balung, nu njĕkĕl katahajulan.

9. Naha hĕnteu katingali, kapan ieu tjakĕt pisan, leuwih-leuwih

tina djonghok, aja di tjahaja siang, sageuj teuing teu awas, kawas lain nu pinundjul, waspada tur gagah rosa.

10. Teu lami Sang Aju Putri, saënggeus nguping pawarta, anu kalangkung nongtoreng, njëbatkeun anu kagungan, djimat nu leungit tea, tikël balung emas hurung, Ratna Suminar kalintang.

11. Ngadjërit ngotjeak nangis, sasambat aduh-aduhan, marga Sang Ratu Pinutren, geus njangka ka eta sora, jen sowantën rakana, Dewi Pramanik tinangtu, paguroning kadewian.

12. Aduh atjeuk ieu rai, naha atjeuk teh bët tega, ka rai ngantunkeun lolos, kapan rai teh teu këndat, sosen-sosen undjukan, sumëdja bela tumutur, dunja dumugi aherat.

13. Ahir-ahir atjeuk bëntji, ka rai nu lintang nista, lolos teu kërsa wawartos, atuh rai nandang lara, anu lintang njërina, ngadjadi djuru kaliru, katulah ku lampah salah.

14. Rai teh sewu pamugi, nëda kasëtyaan manah, geusan hapuntën nu saleh, ka diri rai nu hina, marga karumaosan, kasinungan sipat luput, kaeunteupan sipat hilap.

15. Rai teh enggal paparin, paningal anu waspada, ka salira atjeuk djentre, rai sumëdja mundjungan, kana dampal sampean, bade njutji sipat luput, njatjar pasangaran rasa.

16. Sowara gëréndëng deui, hal përkara andjeun menta, ditembongan anu djentre, raraga nu boga sora, atuh moal tiasa, kaburu ku rubuh tjatur, bubar ku panalar sasar.

17. Kadua përkara deui, andjeun menta dihampura, lantaran ku hate serong, tégësna loba kalëpat, eta ge teu tiasa, nütup përkara nu luput, da kudu ditimbang heula.

18. Da kudu kalangan hakim, nu boga timbang-timbang, mungguh ka dosa andjeun teh, anu matak ajeuna mah, andjeun teh sabar-sabar, ngagugulung ati bingung, mamawa hawa sungkawa.

19. Ajeuna mah sami-sami, ihtiar kasalamëtan, geusan kasirnaan hate, di alam pangodjah raga, sili sambung pandu'a, amung sakitu pihatur, salam sora amit mulang.

20. Sanggeus Ratu Putri nguping, ungëling eta sowara jen hënteu kërésa tembong, ragana anu gumëlar, djeung hënteu ngahampura, kana panuhun Ratnaju, Sang Putri lëng kapiuhan.

21. Ngoleang dina wiati, kaja langlajangan pëgat, katëbak ku angin gëde, Sang Putri kokoleangan, aja di awang-awang, ëngke ka pajun ka-tjatur, ragragna Ratna Suminar.

22. Tunda Adjëng Aju Putri, kotjap Sang Radja Pinutra, sarëng

sadaja praputren, dideuheusan Arja Barak, nudju gunĕman warta, pasal Ratu Burusganur, geus bidjil sora sasambat.

23. Marga Sang Ratu Djaladri, sasambatna ka Sang Putra, basana samemeh maot, hajang nampa kalenggangan, geusan kasampurnaan, pangampurana Sang Sunu, Purnama Alam Riskomar.

24. Sarta harita teu lami, Sang Radjaputra Purnama, ka Arja Barak njarios, ku putra kaharti pisan, Ratu Pusĕrsagara, pang boga tekad nu husu, menta pangampura putra.

25. Lantaran kana pinasti, lamun ku putra ajeuna, dibere lemek tur saleh, titisan ti kasĕtyaan, babaran pangampura, tangtu Ratu Burusganur, waras tina pĕrlajana.

26. Tapi putra susah ati, mun Burus tjageur ajeuna, tinangtu moal katangen, ku anu boga udagan, sakitu sangsarana, ripuh nu satĕngah lampus, Sang Radja Pusĕrsagara.

27. Kahajang putra pribadi, sina kanjahoan heula, ku Putri djin anu saktén, dina karipuhanana, Ratu Pusĕrsagara, supaja napsuna pĕruh, kana hal kadirana.

28. Kadua supaja nguping, kana sasambatna tobat, Burus ka putra pribados, lain ka putri kadjinan, mentana dihampura, bĕt kana elmu tahajul, pĕdaran ti pasantrian.

29. Ajeuna mo waka gasik, Burusganur dihampura, sabab ditaksir mo geseh, Ratu Burus kana adjal, pendekna ajeuna mah, tunggu heula kana tjunduk, anu boga hak udagan.

30. Gantjangna anu digurit, kotjap Mantri Padjarangan, masih di wiati keneh, ngoleang kabawa barat, kaja kalakaj murag, hĕnteu pisan emut-emut, ragragna djudjuralitan.

31. Kadaring Jang Maha Sutji, Mantri Djurungpadjarangan, ka gunung Sirkawur notog, ragragna mĕnĕran pisan, kana bundĕran kĕmbang, pajuneun bumi Sang Sunu, ngagubrag nangkarak bĕngkang.

32. Kaget sakur nu ningali, kawantu nudju harita, lalinggih di pajun kabeh, naringali ka nu ragrag, Radja Putra ngandika, tjoba pariksa sing husu, ulah djongdjong ditaringal.

33. Tĕras ku Aria Patih, dipariksa ditjakĕtan, teu lami Patih ngagĕro, njĕbutkeun astagaillah, geuning ieu ki silah, aji Ginggi Mantri Ratjun, tamtama Sang Adjĕng Ratna.

34. Pangeran Nurasadjati, sarĕng Pramanik Pursita, Manetja Manetji oge, sami lalungsur mariksa, barang tjakĕt pĕrtela, Mantri Ginggi djuru ratjun, nu ragrag ti awang-awang.

35. Sadajana kaget galih, ningal Mantri Padjarangan, njarĕbat naha

ku naon, nu djadi lantaranana, pang Mantri Ginggi ragrag, ditaksir kana tinĕmu, balai di awang-awang.



Dangdanggula

1. Radjaputra teu lami ngalahir, miwarangan ka Aria Barak, dikĕdahkeun Mantri Kuntjen, bantun ka latar pajun, hĕnteu lami ku Arja Patih, ki Mantri Padjarangan, dibantun dipunggu, kana bangku balandongan, Mantri Ginggi hĕnteu usik hĕnteu malik, amung ukur napasana.

2. Dipariksa ku Aria Patih, diilikan saluar awakna, malah ku Sang Anom oge, bisina aja tatu, anu djadi pĕrlaja leuwih, tatapi taja pisan, katingali tatu, badan Mantri Padjarangan, sadajana kantun nandang ka-get galih, ngamanah pang kituna.

3. Radjaputra miwarangan deui, ka Manetji sarĕng ka Manetja, kudu diurut dirantjet, tina bitis ka luhur, ku Manetja sarĕng Manetji, seug dipĕntjet disasar, Ginggi djuru ratjun, didjampe diparantjahan, tapi wĕleh djampe teu aja nu matih, teu usik-usik atjan.

4. Garumuju sakur nu ningali, kana polah Manetji Manetja, tĕras ku Sang Putra Anom, sirahna Mantri Ratjun, dikopjokan ku tjai tiis, sartana didungaan, sakamaphum-maphum, kadaring Jang Maha Sukma, Mantri Ginggi eling sarta tanghi, ngoredjat bari hudang.

5. Tjulang-tjileung bari tjungar-tjĕngir, rurut-reret ningal ka sadaja, Ginggi hĕnteu samar hate, ka Sang Pangeran Sunu, djeung garwana Dewi Pramanik, sarta ka Arja Barak, Ginggi langkung-langkung isin patjampur djeung bungah, reh patĕpang sarĕng Sang Putra Sang Dewi, sudjud bari mundjungan.

6. Ari anu ngadjadikeun isin, ku lantaran pasal sakituna, ragrag dumugi ngadjolor, kawas lain gĕgĕdug, senapati tamtama nagri, ari margana bungah, lantaran dikabul, patĕpang sarĕng Sang Putra, Mantri Ginggi harita geus djĕdjĕg eling, pikiran lir biasa.

7. Radjaputra teu lami ngalahir, ka ki Mantri Djurungpadjarangan, tjing paman geura tjarios, nu djadi asal-usul, anu matak njorang balahi, ragrag ti djumantara, tĕrangkeun sing puguh, Mantri Djurungpadjarangan, tĕras bae undjukan nu djadi margi, pangna njorang bahaja.

8. Sapamanggih taja nu dipinding, rupa-rupa lampah nu katukang, kumawula ka Sang Putren, ti sabarang dikantun, ku Sang Putra ti Pusĕrbumi, sarta nĕpi ka mangsa, ngĕpung Burusganur, djeung muka kabeh

tĕnungan, sarta nĕpi kana ngala Turna-Turni, Sirkawur teu kapĕndak.

9. Sarta dugi kana ngiring Putri, ditĕrangkeun jen bade binasa, ngabandang Pangeran Anom, kadua Burusganur, katiluna bade ngabasmī, Ratu Tolĕngtĕlĕngan, kĕrsana Ratnaju, tapi teu tiasa tĕras, ku lantaran kapindangdung di wiati, sagala teu kapĕndak.

10. Diundjukkeun anu djadi margi, pangna ragrag bawaning ku sĕsah, emut ka anak djeung bodjo, Mantri Ginggi geus tutup, piundjukna ka putra-putri, teu aja nu kaliwat, anu kapilaku, Sang Radjaputra Purnama, djeung Sang Dewi ngadangukeun dongeng Ginggi, langkung-langkung kagetna.

11. Ku teu njana Nji Ratu Putri djin, boga tekad luas rek binasa, kitu maranah sakabeh, Sang Radjaputra njaur, bari mesĕm ka Sang Pramanik, tjoba eta kumaha, santri Njai kitu, boga tekad rek binasa, ngadjalankeun pĕrtiti rek ngarah pati, lir tĕdak bangsa hewan.

12. Ngagampangkeun kana sipat pati, hate galak rek sakama-kama, marukan manehna bae, anu gagah pinundjul, dumeh bisa ngambah wiati, laku lampah kadjinan, nu dipake udjub, kana ngahina ngahampas, abong tatjan mĕnehna kana pinanggih, pangwarah anu lian.

13. Paribasa ngan rek ngarah pati, rek numpurkeun ngabasmī pradjiwa, bĕt leuwih ti tekad onom, tapi putra mah estu, waktu ieu hĕnteu gumingsir, mungguh dina pikiran, ku Nji Ratna Aju, malah ngarĕp-ngarĕp pisan, hajang djongok siga naon anu sakti, putra hajang ngajonan.

14. Kitu deui paman Mantri mugi, kudu tĕtĕp di dieu djeung putra, tong ngiring deui Nji Putren, malar manehna njusul, ngalampahkeun nu teu djeung titih, tĕdak nu teu pĕrmana, ka putra ngaganggu, kumawawa ngabinasa, putra nekad ngajonan samemeh mati, ka Nji Ratna Suminar.

15. Kitu deui paman ulah gimir, mun diambĕk ku Ratna Suminar, masih keneh putra djongok, Mantri Ginggi ngawangsul, njumanggakeun jen bade ngiring, ka pangĕrsa Sang Putra, dikudukeun mangkuk, di bandjaran patanian, djadi gandek Sang Putra Nurasadjati, ngadjaga pĕpĕlakan.

16. Radjaputra tĕras njaur deui, ka ki Mantri Djurungpadjarangan, mjarang kĕdah ngalongok, ka saung pipir dapur, hĕnteu lami Mantri Wĕrĕdjit, sarĕng Aria Barak, ngambangkeun pangdawuh, ngalongok ka saung tukang, barang gok teh Mantri Ginggi ningal sidik, ka nu nangkarak bĕngkang.

17. Mantri Ginggi hookeun ningali, ka Sang Ratu Pusĕringsagara,

sidik hēnteu samar tendjo, jen eta Burusganur, hēnteu lami Mantri Wērēdjit, naros ka Aria Barak, pasal Ratu Burus, ku naon asal-asalna, pangna ripuh dugi teu usik teu malik, wungkul haharēngungan.

18. Hēnteu lami ku Aria Patih, disaurkeun nu langkung tetela, ku pangawasa Sang Anom, Ginggi barang ngadangu, tjariosan Aria Patih, wungkul gojang mastaka, djeung ngusap harigu, bawaning tina kagetna, bari njēbat leuwih-leuwih ti Sang Putri, pangawasa Sang Putra.

19. Beuki tigin ati Mantri Ginggi, tekad mantēng kana kumawula, ka pangērsana Sang Anom, teu lami Mantri Ratjun, sarēng Patih ngadeuheus deui, ka Sang Radja Pinutra, djeung tērus piundjuk, jen mēndak anu pērlaja, Burusganur Ratu di nagari Djaladri, udagan Adjēng Ratna.

20. Radjaputra ngalahir ka Ginggi, tah ajeuna anu matak paman, ku putra dihalangan teh, njusul Nji Ratna Aju, ēnja eta kudu ngadjagi, Ratu Pusērsagara, ku lantaran udur, anu sakitu parnana, top njelehkeun ku paman kudu didjagi, ulah arek ditilar.

21. Gantjangna teh ieu nu digurit, ēnggeus tētēp Mantri Padjarangan, djadi rentjangna Sang Anom, ngadjaga Burusganur, tunda heula Sang Nurasdjati, malik deui tjarita, kotjap Ratna Aju, ngoleang di awang-awang, hēnteu eling bawaning ku hemēng galih, djadi sēsēk pangrasa.

22. Kadar Allah Sang Ratu Putri djin, ti wiati ragragna mēnēran, ka Ragatoja pasantren, tēmpat Sang Maha Wiku, Maha Rēsi Komartohidi, sartana dumadakan, harita Sang Wiku, ngalantung sarēng garwana, bada salat wantu nudju asar ahir, dina kēbon sajukan.

23. Djeung mēnēran ragragna Sang Putri, kana kēbon pajuneun Pandita, ngadjengdjehe kana djahe, barang ningal Sang Wiku, ka nu geubis tina wiati, hookeun Sang Pandita, garwana nja kitu, tatapi marga bubuhan, bangsa rēsi teu didamēl hemēng galih, aja nu sakituna.

24. Geus kadjudi wiwitan Sang Putri, tēras bae dipangkon dipajang, ditjandak ka bumi bae, ku duaan dipangku, diebogkeun di djēro katil, kadjuaran Pursita, teu lami Sang Wiku, tēras ngandika ka garwa, ieu Putri lamun Njai teu tingali, putra Ratu Tolēngan.

25. Anu mashur gagah tur barani, kakasihna Sang Ratna Suminar, sobat Pramanik kasiten, Njai Rēsi ngawangsul, kutan ieu anu kakasih, Adjēng Ratna Suminar, paingan sapatut, djeung Njai Dewi Pursita, tjeuk Pandita ih ulah sok gēruh Njai, pasal ku sapaangna.

26. Ngan ajeuna kudu gasik-gasik, Ratu Putri ku Njai kukusan, sambat kakasihna bae, teu lami Njai Wiku, njumanggakeun ka Maha Rēsi, sarta tēras ngukusan, sarta bari njēbut, Adjēng Ratna hurip waras,

Ratu Putri teu lami ngoredjat tanghi, sartana tēras gugah.

27. Tērus lungsur tina djēro katil, larak-lirik sagala ditingal, kaget Sang Ratu Pinutren, teu lami seug diburu, Ratu Putri ku Maha Rēsi, sarēng ku geureuhana, bari Wiku njaur, ih Adjēng Ratna Suminar, ieu ama Pandita Komar Tohidi, pasantren Ragatoja.

28. Adjēng mug i ulah gugup galih, kahemēngan ku sipat paningal, mangga geura linggih bae, Ratu Putri kalangkung, kaget ningal ka Maha Rēsi, turug-turug manahna, udjug-udjug pēruh, kawasna keuna karamat, ngalokotoj nandangan isin ku Rēsi, leungit adat biasa.

29. Tēras tjalik dina pramedani, linggih titih biasa ka sēpah, hormat tumungkul tur mando, pajuneun Maha Wiku, hēnteu lami Sang Maha Rēsi, ka Sang Putri ngandika, ama sewu-sewu, ati nandang kanuhunan, kana sihna Gusti anu Maha Sutji, Pangeran murbeng alam.

30. Tina margi Adjēng teh dumugi, jasa sumping tēpang sarēng ama, tawis galih Adjēng sae, Ratu Putri ngawangsul, bari sēmu nu lintang isin, nampi pangandikana, rama Maha Wiku, sawangsulna diri putra, laksa-kēti margi kanuhunan ati, tēpang kalajan ama.

31. Amung putra lintang sisip ati, dugi hemēng mongkleng sabuana, katetes ku raos bodo, wirehing teu kaemut, margi putra ka dieu dugi, aja di pangkon ama, saha nu ngabantun, tina margi tadi putra, nu kaemut nudju di tēngah wiati, Pandita ngawalonan.

32. Adjēng mug i ulah sisip galih, kahemēngan ku nu djadi asal, pang sarēng ama tinēmon, anu kēdah diemut, amung sihing Jang Maha Sutji, masihan karahmatan, geusaning rahaju, hēnteu dikadar tumiba, kana sipat runga geusaning balahi, tēmpat nu lintang hina.

33. Hēnteu lami Putri naros deui, ka Sang Rēsi sarēng mēnggah putra, teu atjan tērang sajaktos, ka lēnggah ama estu, tina margi nēmbé teh teuing, diri putra patēpang, sarēng ama ibu, mēnggah ama saha tea, ngawalonan Sang Rēsi ka Sang Putri Djin, tangtos Adjēng mo tērang.

34. Adjēng hojong ka ama tingali, tjeuk nu njēbut ku anu tarērang, ama teh guru pasantren, malah ku nu ngadjungdjung, sami-sami njarēbat rēsi, patapan Ragatoja, rungrungan prawiku, ari ngaran diri ama, pakir doip katēlah Komar Tohidi, nu bodo miwah hina.

35. Sawangsulna ama naros deui, tina ama nēmbéan patēpang, sarēng salira Adjēng teh, ti mana asal-usul, nagri bale geusaning linggih, sarēng saha djēnēngan, saha rama-ibu, ngawangsul Ratna Suminar, dupi putra ti nagari Pusērbumi, putra Ratu di dinja.

36. Dupi wasta putra nu sajakti, nu katēlah djin Ratna Suminar,

djuru ngalanglang ngalolos, Wiku gumuju njaur, bari njébat paingan teuing, ama gandeng ku bedja, malah gujur ibur, eara pabedja-bedja, aja putri ti nagri Puséringbumi, lunta ka kamanusan.

37. Kérsa nangkép Sang Ratu Djaladri, malés hukum ku lantaran djahat, ngabinasa ka nu kasep, putri barang ngadangu, kana saur Sang Maha Rési, ngagébég lébét manah, karaos disuluk, dibuka raratan asal, pangna ingkar ti nagri Puséring bumi, nulung Purnama Alam.



Sinom

1. Manahna Ratna Suminar, kabuka rasiah tadi, asal përdjalanan lunta, ti nagri Puséringbumi, Ratna Suminar isin, sarta njaur lébét kalbu, ieu Rési waspada, uninga di lampah aing, jasa njébat raratan nu djadi asal.

2. Tungtungna Ratna Suminar, risi salébéting galih, bade njarios sagala, ka rama Sang Maha Rési, inggis paréng pinanggih, aja pihatur kaliru, tangtuna kauninga, atuh harita mah Putri, teu pihatur lantaran inggis uninga.

3. Ngandika deui pandita, Adjéng ulah aja galih, nandang rarempan salémpang, bade ngérsakeun wawarti, sugri nu baris wadjib, ka ama anu saestu, ama ge nampi pisan, dipusti diati-ati, anu kintén saur nu aja perluna.

4. Teu lami Ratna Suminar, piundjuk ka Maha Rési, putra hén-teu aja maksad, bade piundjuk mérédh, geusan kana walagri, margana anu kaemut, galih ama kanténan, ka hate putra tingali, kana sugri pangodjah ka hate putra.

5. Ngandika deui Pandita, rasa ama nu sajakti, kédah pisan aja tanda, jen tigin pamérik galih, ku lisan anu bukti, ulah disidém dikému, nadjan ka nu waspada, kédah aja tjiri bukti, digélarkeun ku lisan nu térés térang.

6. Ngawangsul Ratna Suminar, dupi maksud putra jakti, anu teu aja kéndatna, dina antara saménit, mēnggah pamanténg ati, tētēs tuhu moal lipur, hajang enggal patépang, kalajan Dewi Pramanik, Rési istri pëntjaran Pandita Kurbah.

7. Saupami diri putra, teu dikadar tépang deui, salébét di pawéngan, putra pasrah ka Jang Widi, njuhunkeun gasik-gasik, putra dipundut nja umur, mulang ka kalanggéngan, dupi anu djadi margi,

hěnteu kědah diundjuk ka lěnggah ama.

8. Barang ngadangu Pandita, kana saur Ratu Putri, gumuju nu lintang bingah, bari dibarung ngalahir, pantès Adjěng migalih, lěbih njorang lampus umur, tinimbang teu patěpang, sarěngan Dewi Pramanik, tina marga malar kasabaranana.

9. Djuru timbang-tinimbangan, sěpi kasědih kapeurih, taja kutjiwa katjua, ka nu sěmbuni paměrih, watěk Dewi Pramanik, suwung kasěru timburu, Adjěng Ratna Suminar, ngadangu lahiran Rěsi, tungkul imut raos kabuka rasiah.

10. Pandita kěbat wawarta, ka Sang Adjěng Aju Putri, pěrkawis nu dipimanah, kahojong patěpang deui, sarěng Dewi Pramanik, ama sewu-sewu njambung, ngiring něda ka Allah, anu sipat rahman-rahim, mugi-mugi Adjěng dikabul panědja.

11. Amung kědah disarěngan, ku galih Adjěng nu tigin, ngalap marga kasabaran, ngeumbing kasalehan galih, etang-etang pameuli, urut djudjur mawur saur, balaka pangandika, taja panulak panolih, ngantjam-ngantjam nangtang ka těrah Riskomar.

12. Tah eta nu djadi marga, leungit sagala pěrkawis, kaběndung ku kaheměngan, kapidangdung di wiati, dumugi Adjěng lali, teu uninga kaler-kidul, dumugi kana njorang, tjambal salira sadjati, kapidara ragrag tina djumantara.

13. Ngawangsul Ratna Suminar, putra oge kěběk ati, nadahan karumaosan, njangking kamurkaan ati, marga bodo lineuwih, mung putra kumaha atuh, supados enggal-enggal, babakti satia ati, něda djěmbar hampura andjeunanana.

14. Ngandika deui Pandita, pěrkawis Adjěng migalih, hojong jasa enggal těpang, sarěng Sang Putra Sang Dewi, moal tiasa gasik, margina anu kaemut, dina waktos ajeuna, wirehing gunungna leungit, kahalangan ku panjipta Sang Pinutra.

15. Ditěrapan halimunan, malar hěnteu katingali, ku anu bade binasa, ka nu maksud ngarah pati, ka Sang Putra Sang Dewi, tah eta awitna kitu, margi Sirkawur ilang, ku Adjěng moal kapanggih, nadjan hantěm dikotektak diteangan.

16. Nadjan ama mo tiasa, kana ngaajakeun deui, gumělar tjara biasa, eta gunung anu leungit, ari nu djadi margi, ama hěnteu wantun ganggu, kana pangawasana, Sang Putra sarěng Sang Dewi, tina margi ama teh geus těrang pisan.

17. Ku sipat paningal rasa, ku titik beutining ati, kaajaan Sang Purnama, sarěng Sang Dewi Pramanik, tětės tandės lineuwih, ngan-

dungna elmu panëmu, lain lawaneun budak, nu kurang pängeusi ati, pangawasa Sang Dewi sarëng Sang Putra.

18. Ngawangsul Ratna Suminar, naha parantos sarumping, dumeuheus ka kërsa ama, eta Sang Putra Sang Dewi, anu mawi tingali, ama ka Pangeran Sunu, Pandita ngawalonan, sarta tēras dipiwarti, waktu sumping Sang Dewi sarëng Sang Putra.

19. Ditjarios teu kaliwat, jen Manetja djeung Manetji, anu ngabantun ka dinja, Sang Putra sarëng Sang Dewi, nēpi kana marulih, ka puntjak gunung Sirkawur, malah ku Sang Pandita, diwartoskeun ka Sang Putri, jen putrana djënëngan Dewi Pursita.

20. Ku Sang Pramanik ditjandak, baris didamël pangiring, sarëng diadjar sagala, përtiti panëmu nagri, barang Sang Putri nguping, pasal Sang Dewi Sang Sunu, kitu raratanana, hookeun Sang Ratu Putri, bët sumpingna djalanan ku kapidara.

21. Tēras deui Sang Pandita, njarios ka Ratu Putri, sarëng ama rek panēda, tēgēsna aja pamērdih, ka Adjëng nu sajakti, upami ëngke ka pajun, dina saparantosna, laksana kahojong galih, ama bade barëmpag sarëng sadaja.

22. Para Bopati Aria, di Sulungtubeu nagari, wirehing aja përkara geusan ngahemëngkeun galih, amung Sang Adjëng misti, njaur Patih Bumipitu, Arja Lungabarahma, baris ditarik përkawis, tah sakitu ka Adjëng panēda ama.

23. Amung anu djadi pasal, pokona ieu përkawis, ku ama teh moal waka, ditjarios ka Sang Putri, ëngke bae di ahir, di nagara Sulungtubeu, pajuneun sadajana, pangagëng menak nagari, anu ngagëm sipating hak pangadilan.

24. Ngawangsul Ratna Suminar, ka rama Sang Maha Rësi, përkawis pamundut ama, kēdah ngadongkapkeun Patih, nagara Pusërbumi, ka nagara Sulungtubeu, putra teh sanggëm pisan, nadjan sarëng rama gusti, Maha Ratu nagara Tolëngtëlëngan.

25. Mung supados parantos, dikabul panēdja ati, nu parantos kauninga, ku ama sarëng ku bibi, Pandita njaur deui, nja atuh urang nunuhun, ka Allah nu kawasa, anu sipat rahman-rahim, mung ajeuna Adjëng teh kēdah seseka.

26. Njipuh sumeuseuh salira, mēdarkeun djasmani sutji, di dieu saheulaanan, ngaso ngareureuhkeun galih, etang-etang pameuli, napaan urang Sirkawur, njumanggakeun Sang Ratna, kana pangërsa Sang Rësi, djadi santri di patapaan Ragatoja.

27. Geus tētëp Ratna Suminar, djadi santri Maha Rësi, ngalap

sakur pangawasa, pikeun pangeusining galih, siang-wēngi teu ngantjik, lampah tatapa-tapakur, tjépēt nampananana, wawaridan ti Sang Rēsi, djalan geusan sampurna dunja-aherat.

28. Tunda Sang Ratna Suminar, kotjap Njai Mandrawati, Papatih nagara buta, ditjatur ti barang awit, wangsul ti para putri, waktu di gunung Sirkawur, harita ēnggeus dongkap, Mandrawati ka Burbani, geus njanggakeun ngaran baris putra Radja.

29. Langkung kamanah ku Radja, tina narimbang tur nitih, disēbatkeun Sang Nurdjaman, putra Ratu Mindrapati, dajeuh nagri Burbani, digunggung ku pratumēnggung, waktu nibankeunana, tudjuh poe tudjuh peuting, pesta djēmbar tētēngēr ngadēg djēnēngan.

30. Pesta nu leuwih ramena, najuban di pantjaniti, kēndangna ge sada dulag, goongna lir gugur badis, katjatur lami-lami, geus tētēp sartana mashur, Radjaputra Nurdjaman, satria nagari Burbani, djadi pangkat katjintaan putri buta.

31. Ogona langkung ngalundjak, Sang putra ka Sang Narpati digunggung tara dipungpang, opat puluh purah ngiring, ngadjaring beurang-peuting, bisina aja pamundut, tungtungna Sang Nurdjaman, wungkul nguntungkeun pangatik, pada ngosol saban dintēn meuntjit gadjah.

32. Teu aja deui damēlna, saban siang saban wēngi, ngan tjutjurak barangtuang, Sang Radjaputra Burbani, tara pisan migalih, kana tatapa tapakur, ngalap nja pangawasa, ngan tuang nu tara ngantjik, da bubuhan sagala taja kakurang.



Asmarandana

1. Sang Radjaputra Burbani, adēgan mah lir manusa, ngan imbruh bahunjuh donto, ari dina rarajna mah, rada aja mempērna, kana pamulu Sang Sunu, Purnama Alam Riskomar.

2. Katjaturkeun lami-lami, Sang Radjaputra Nurdjaman, nudju linggih di karaton, tingkahna lalangkarakan, musing ka Sri Mah Radja, lantaran aja pamundut, Sang Putra ka Sang Srinata.

3. Nja eta hojong pēlēsir, ngadjadjah buana alam, saeusining dunja kabeh, lantaran sok sēring pisan, nanggap nu tjatjarita, bangsa mantri djaga satru, anu geus lampahna lampar.

4. Ngadongengkeun sapatangguh, rupa-rupa eusi dunja, lain di

Burbani bae, aja bangsa karadjaan, nagara anu djëmbar, tah eta asalna kitu, anu matak Sang Nurdjaman.

5. Ka Ratu keukeuh mërëdih, hajang ngidër sabuana, nongton nagri-nagri sedjen, tina bawaning keukeuhna, Ratu nja ngawidian, tina bawaning ku tuhu, kanjaah ka Sang Nurdjaman.

6. Ngalahir ka Mandrawati, aji Patih kudu pisan, wajahna tong ngitung tjape, nganteur si Udjang Nurdjaman, ngadadjah sabuana, wetan kulon kaler kidul, Nurdjaman hajangeun tërang.

7. Bisina matak balahi, ditangkëp ku ratu lian, ki Nurdjaman reudjeung maneh, tapi upama geus tjëkap, kudu geuwat marulang, pek ajeuna buru-buru, meungpeung mustari dawuhna.

8. Gantjangna anu digurit, Mandrawati tëras dangdan, sarëng Sang Pinutra anom, nganggo panganggo nu mubjar, wantuning putra Radja, teu suwung nu herang-hurung, teu kurang bangsa gumilang.

9. Sang Nurdjaman hënteu lami, dipunggu ku Patih Mandra, tjara mundak budak bae, gantjangna harita tëras, bëlësat ngawang-ngawang, ngapak kana mega paul, Njai Mandra Patih buta.

10. Sang Nurdjaman bingah galih, ningal kaajaan dunja, saban nagara dilonggok, ditingal ti awang-awang, ku Sang Putra Nurdjaman, beuki lami beuki wuwuh, palaj ngalanglang buana.

11. Tunda anu keur pëlësir, ngadadjah samadhab papat, Rohong-guris katjarios, di nagri Pusërsagara, sadongkap ti Ambarak, di karaton Gujunglimbu, teu kantun sarëng ibuna.

12. Gehger di djëro nagari, bangsa prijaji di kota, ngadeuheusan ka karaton, marundjungan ka Meswara, lantaran kalamian, lolos Ratu ti kadatun, nilarkeun Pusërsagara.

13. Harita parameswari, tètëp linggih di pamëngkang, sarëng putra Endang Rohong, didjaga ku para ëmban, rentjang di padalëman, ngan Meswari nudju ewuh, wireh ngamanahan raka.

14. Tina margi Sang Narpati, tatjan sumping ka nagara, meswari geus aja raos, nandangan rempan salëmpang, manahna palangsiang, pang hënteu sumping Sang Ratu, ka nagri Pusërsagara.

15. Kabandang ku Sang Putri djin, dina tëngah danalaga, kitu manah Meswari teh, ari arek disusulan, inggis andjeunna tiwas, kapinggih ku Ratna Aju, Putri djin Tolëngtëlëngan.

16. Tungtungna Parameswari, kapaksa teu jasa lunta, linggih bae di karaton, ngantos an raka Srinata, dibarung hënteu këndat, sumambat ka Sang Rumuhun, nënëda kawiludjengan.

17. Ari Endang Rohongguris, sasumpingna ka pamëngkang, wuwuh

nandang owah raos, emut ka Purnama Alam, hajang kadar laksana, batan lipur anggur djudjur, nandang kaedananana.

18. Mërih Batara-Batari, njambat ka para Djawata, hojong kalakon kapangkön, ngan aja sosompang manah, lamun hënteu laksana, kadjo-dokeun ka Sang Sunu, nu kasep tédak Riskomar.

19. Manah Endang Rohongguris, ngan sugan aja gantina, anu kasep matak bogoh, kitu Endang panédana, anu taja këndatna, malah tēmbus kana saur, kaluar kana pangudjar.

20. Turug-turug Rohongguris, eukeur mah nandang kedanan, ngawakwak tjara nu mabok, aja deui tetempelan, ngowahkeun kana manah, teu bētah di Gujunglimbu, karaton pusērsagara.

21. Kahajangna mulih deui, ka puri nagri Ambarak, ka ibu nangis ngarangkel, keukeuh ngadjak deui pindah, ka nagara Ambarak, amung ku ibu dipukpruk, diosol diupah-upah.

22. Amung keukeuh Rohongguris, teu kērsa nurut panjaram, anggur ka ibu rek njabok, ěmban-ěmban hënteu tahan, anu ngadjaga Endang, tungtungna Rohong ditutup, dina kamar pagulingan.

23. Katjaturkeun lami-lami, bawaning Endang teu tahan, nandangan manah kahojong, tungtungna manahna luas, bade ngaleos minggat, kawuwuh harita nudju, wēngi kira pukul dua.

24. Rentjang-rentjang para njai, praěmban anu ngadjaga, geus sare tibra sakabeh, Rohongguris lalaunan, kaluar ti kamarna, gantjangan Sang Rohong lungsur, kērsana ngalolos minggat.

25. Hënteu lami Rohongguris, sanggeusna sumping kaluar, biur ngawang-ngawang bae, bidjil ti pusēr sagara, ka dunja kamanusan, nilar dajeuh Gujunglimbu, maksadna tilu pērkarā.

26. Kahidji maksad nu tigin, rek njokot Purnama Alam, upama kapanggih djonghok, kadua mun teu kapëndak, Radjaputra Purnama, suganna parēng tinēmu, satria pikeun gantina.

27. Katilu nu dipigalih, kērsana njusulan rama, Sang Sri Maha Burus Katong, ka puri nagri Ambarak, tina lantaran ělat, teu sumping ka Gujunglimbu, kantun di nagri Ambarak.

28. Kitu manah Rohongguris, anu mawi luas lunta, lolos pērdjalanan nobros, harita ěnggeus ngadjadjah, di dunja kamanusan, gawena ngan buar-biur, rumingkang di awang-awang.

29. Tunda Endang Rohongguris, malikan deui tjarita, kotjap deui Sang Pinutren, santri Rēsi Ragatoja, harita nudju lēnggah, di pajuneun Maha Wiku, nampi sagala pituah.

30. Teu lami Rēsi ngalahir, ka Adjēng Ratna Suminar, eh Adjēng

Ratu Pinutren, ajeuna paningal ama, kalawan ku panjipta, geus mēndung pajung rahaju, geus ninggang kadjang para 'Jang.

31. Geus nitis djasmani sutji, ngalarap salira setra, lenggang galih marga saleh, geus sēdēng Adjēng babaran, ngulur sugri pamalar, njusul geusaning rahaju, raga ngudag marga bagdja.

32. Ajeuna ama rek mērih, sarēng kēdah enggal-enggal, dina siang ieu bae, kēdah djēngkar ka Ambarak, deuheusan Sang Srinata, marga andjeunna kalangkung, hojongeun pisan patēpang.

33. Lantaran manah Sang Adji, abot raos kahutangan, mēnggah ku Sang Adjēng Putren, didjait tina bahaja, anu lintang nistana, malah ajeuna Sang Ratu, geus sajadi di pamēngkang.

34. Ku margi eta pamugi, enggal budjēng ka Ambarak, djēngkar dintēn ieu bae, sarēng ku ama kantēnan, samēnit moal kēndat, dipupunggu ku nunuhun, didjadjapkeun ku pandu'a.



Midjil

1. Ratu Putri saporantos nampi, tjarios paguron, dikēdahkeun djēngkar ti pasantren, Adjēng Ratna gumbira galih, lantaran pērkawis, geus tumurun wahju.

2. Katitisan ku wiridan Rēsi, salira tinēmon, kana marga mangpa'at pangadjen, napak njari kana djasmani, ku panjutji galih, tatapa tapakur.

3. Hēnteu lami ngawangsul ka Rēsi, putra laksa ewon, kanuhunan di lēbēting hate, margi nampi sugri pangasih, pifuah pepeling, elmu tur panēmu.

4. Sarēng ama miwarangan gasik, putra kēdah mios, ngadeuheusan ka Sri Mah Narpaten, Maha Ratu Ambarak nagri, putra nu sajakti, mung sumēdja tumut.

5. Sumawontēn didawuhan indit, ka bangsa Narpatos, anu ngasta prasipat kadjaten, nadjan ama aja panglahir, anu teu pērjogi, tēgēsna teu patut.

6. Ngutus ka nu hina miwah doip, putra moal mogog, siang-wēngi amung tumut bae, Rēsi tēras ngalahir deui, nuhun Adjēng Putri, kalenggangan kalbu.

7. Mangga atuh Adjēng gasik-gasik, meungpeung dawuh raos, hēnteu lami Sang Ratu Pinutren, mundjung sarta amit ka Rēsi, gantjangna Sang Putri, djēngkar geus ngabiur.

8. Lir biasa ngambah ka wiati, gantjang suat-seot, ngabaranjaj kaja kilat bae, tunda heula Sang Aju Putri, di tĕngah wiati, kotjap Sri Mah Ratu.

9. Di Ambarak kĕmpĕlan di puri, tumĕnggung bupatos, sabawahan Ambarak sakabeh, djeung rengrengan eusi nagari, prapatih ngabei, mantri djagasatru.

10. Nu didamĕl pagunĕman warti, ku Sri Mah Narpatos, asal tadi katiwasan gĕde, dibinasa ku bangsa iblis, djadi sipat kai, ku panggawe tĕnung.

11. Tapi Ratu leuwih ewuh galih, ku hĕnteu karaos, ngan ku gujur wartos anu sanes, turug-turug waktuna eling, di sedjen nagari, Banuja nu puguh.

12. Kawuwuhan ku putra kasaksi, Gĕndarata anom, di undjukkeun ka Sri Maha Narpaten, kaajaan keur waktu tadi, Ratu djadi kai, ku wisaja tĕnung.

13. Atuh Ratu wuwuh antĕb galih, pĕrtjantĕn ka wartos, turug-turug bukti nu katangen, putra istri Dewi Pramanik, di sadjĕro leungit, andjeunna teu maphum.

14. Kaduana anu djadi saksi, ngabĕnĕrkeun wartos, ku ningali ka sadaja geseh, para sĕpuh praputra wargi, wilajat di nagri, geus djadi sarĕpuh.

15. Rea-rea anu djadi saksi, ngaĕnjakeun wartos, abdi-abdi djeung tĕmpat gareseh, tungtungna mah Sang Sri Narpati, tigin lĕbĕt galih, pĕrtjaja ka tĕnung.

16. Tangtu pandjang lamunna ditulis, kahelok Narpatos, ngan harita anu digalih teh, ku kĕrĕsa Sang Maha Adji, mung dua pĕrkawis, gumantungna kalbu.

17. Ngantos-ngantos Sang Dewi Pramanik, sarĕng Mantri Djĕro, Den Muhamad Kurbah djuru sĕpen, kapirama Parameswari, djeung Sĕmbada Mantri, pĕndjaga kadatun.

18. Keur disusul ngan tatjan sarumping, Ratu keuheul ngantos, kaduana anu diantos teh, nu ngadjait tina tjotjobi, tanda bela pati, nulung nu katĕnung.

19. Ĕnja eta Sang Ratu Putri djin, nu langkung diantos, ku pangĕrsa Sang Maha Narpaten, hojong geura njanggakeun tawis, kawĕningan galih, rumaos ditulung.

20. Hĕnteu lami Sang Ratu ngalahir, ka para bupatos, hatur nuhun adjen laksa kĕten, ka sadaja nu sami hadir, pangagung nagari, praarja tumĕnggung.

21. Wireh sami mērlukeun sarumping, tawis wēlas abot, sarēng sami ngarintun tjitjiren, kawēningan anu katampi, ti sadaja wargi, sami njēbat nuhun.
22. Sarēng sami bararingah galih, galumbira sono, ka sipatna nu djadi Narpaten, sawangsulna pamugi-mugi, sadaja prawargi, dibalēs rahaju.
23. Kasinungan ku sipat sadjati, nu geusan tinēmon, nitis wahju babaran kamukten, lahir-batin sami narampi, kalenggan galih, wiludjēng satuhu.
24. Saprantosna Sri Maha Narpati, tutup tjatjarios, salamētan ringan babakten, djeung dipirig gamēlan muni, wantu ngala atji, diajuh ku dēgung.
25. Tunda heula nu keur bingah galih, Putri katjarios, anu mulih ti gunung pasantren, geus ngungkulan Ambarak nagri, lungsur ti wiati, nudju ka kadatun.
26. Tata-titi lir adat sasari, lēbēt ka karaton, ka riungan praarja bupaten, tandang dangah taja kaisin, dibarung ngalahir, puntēn ama Ratu.
27. Sadajana barang naringali, sami arolohok, kaget ningal ka Ratu Pinutren, hēnteu aja anu ngalahir, hareugeueun galih, sadaja praratu.
28. Tina margi sadaja bopati, nēmbē tēpang djongok, sinarēngan Sang Ratu Pinutren, ngan sahidji nu geus tingali, ka Sang Aju Putri, Gēndarata wungkul.
29. Malah-malah harita ge gasik, Gēndarata moro, gupjak sarta dibarung paniten, ngalinggihkeun ka Ratu Putri, gantjangna teu lami, lēnggah Ratna Aju.
30. Sang Narpati sarēng Prameswari, umangkēn nu sono, sumawontēn tumēnggung bupaten, salam hurmat ka Ratu Putri, sami ngalih linggih, majun ka Ratnaju.
31. Hēnteu lami njarios Sang Putri, ka para bupatos, sadajana prarama dipaten, tangtos pisan moal tingali, ka putra sajakti, marga nēmbē tēpung.
32. Saupami tatjan taringali, putra teh nu jaktos, nu kasēbat nja Ratna Pinutren, tērah Ratu Pusēringbumi, nu mangkon nagri djin, sabumi pingpitu.
33. Wasta Ratna Suminar sajakti, anu dipisohor, sinarēngan margi dumeuheus teh, wireh lintang gēgēl nja ati, nu taja sasami, nandang karēp napsu.
34. Ngalap hawa lēlēson pēlēsir, ka ieu karaton, margi mēndak wartos ti nu sanes, sae hawa ieu nagari, pamepesan galih, roa nu tjarunduh.

35. Pangrungrungan ti sanes nagari, bĕrhawa lalandong, sipat pangkat tumĕnggung dipaten, sumawonna bangsaning djalmi, nadjan setan iblis, rĕsĕpeun ngarungrung.



Pangkur

1. Kadua djaba ti maksad, ngalap hawa aja deui pamambrih, mĕnggah putra anu istu, lintang hajang patĕpang, sarĕng anu mangkon kapangkatan Ratu, di wĕngkon icu nagara, putra hajang kĕnal dalit.
2. Tjing ajeuna anu mana, putra bade bakti kasĕtya ati, ku sipat pundjung satuhu, manawina kamanah, pinton diri sumeuleukeung ka pangagung, tutunggul pajung nagara, nu ngagĕm hak hukum adil.
3. Sri Maha Ratu Ambarak, djeung sadaja para tumĕnggung patih, ningal pĕrtata Ratnaju, sami gimir manahna, ku tandangna songsong pajuneun praratu, kawuwuh ĕnggeus pĕrtela, jen Putri djin Pusĕrbumi.
4. Taja anu ngawangsulan, mung narandang dareudeupeun panggalih, kasima ku Ratna Aju, amung Sang Sri Narpatya, Ratu nagri Ambarak tĕrus ngadawuh, ngawalĕr ka Adjĕng Ratna, dibarung hormat nu titih.
5. Hal Adjĕng Putri mariksa, anu djadi Ratu di ieu nagri, nja ama anu saestu, dupi ieu nu rea, praaria para dipati tumĕnggung, bawah karaton Ambarak, tjĕpĕngan ama pribadi.
6. Ngawangsul Ratna Suminar, sewu nuhun nampi sihing Jang Wi-di, pamaksad putra dikabul, tĕpang kalajan ama, dugi kana tiasa njang-gakeun pundjung, sarĕngan ka sadajana, prapaman tumĕnggung patih.
7. Sarĕng nudju sachieuna, magĕlaran kĕrsa gunĕman warti, dibarung ku bingah kalbu, dipirig ku gamĕlan, tawis nudju suwung geusaning kaewuh, ku margi eta pamuga, lambat nandang sirna galih.
8. Hĕnteu lami Sang Sri Nata, ngalahirna ka Sang Suminar Putri, sarta diuwuh gumuju, ama teh sawangsulna, sewu-sewu murubut nja ati nuhun, nampi agung sih piwĕlas, Adjĕng luntur galih sumping.
9. Ngalajad ka diri ama, kĕrsa tjalik ka nagri anu laip, kirang kadjĕmbar kasubur, ngawalĕr Adjĕng Ratna, manawina priantun nu kirang madju, atah kana paparentah, kurang tilik ka nu leutik.
10. Sri Maha Ratu Ambarak, tĕras deui njarios ka Sang Putri, sarĕng ama ti kapungkur, ka Adjĕng teh ngantosan, hĕnteu kĕndat saban siang saban dalu, hajang pisan ditjalikan, ku salira Adjĕng Putri.

11. Tina marga rumaosna, ama nampi agung-agung pangasih, nu taja samina istu, didjait tina bahja, nu kasaksi ku sadaja anu maphum, piwēlas Adjēng ka ama, sarēng ka sadaja wargi.
12. Taja geusan sasamina, kabingahan sarēng pamantēng ati, langgēngna njanggakeun nuhun, lahir batin mo pēgat, ama nandang rumaos anu satuhu, taja sipat geusan nimbang, ka piwēlas Adjēng Putri.
13. Naon pimalēseunana, mēnggah ama ka salira Djēng Putri, rumaos ku susun-susun, ama nampi piwēlas, Ratu Putri ngawangsul ka Sri Mah Ratu, sewu nuhun odjah putra, ku galih ama katampi.
14. Nadjan putra taja maksad, ngantos-ngantos kana pamalēs asih, ti kērsa ama nu estu, marga emutan putra, sanes pisan nulungan niat buburuh, mung tekad marga bubuhan, wadjib bumela toh pati.
15. Ngadjait tina bahjana, ka sadaja sēpahmitra prawargi, emutan putra sakitu, mung aja panēda mah, kēdah langgēng mantēng galih ka Jang Agung, baid ulah deui nJORANG, tJOTJOBI geusan balahi.
16. Pandjang lamun ditjarita, pasal sami tjarios hemēng galih, di-gēntos ku bingah kalbu, sagala pahormatan, rame-rame pepestan ngadjamu tamu, Sang Adjēng Ratna Suminar, kalangkung dipusti-pusti.
17. Tunda Sang Ratna Suminar, geus tumētēp di Ambarak nagari, tjatur deui nu lumaku, aja di awang-awang, Rohongguris putra Ratu Burusganur, harita ēnggeus ngungkulan, karaton Ambarak nagri.
18. Kērsana ngalajad rama, marukanna Sang Ratu Burus masih, linggih di eta kadatun, turun ti awang-awang, sarta Rohong arek ngadjugdjug ka dapur, rek neangan katuangan, anu katinggaleun tadi.
19. Dumadakan waktu eta, ēmban-ēmban pranjai djongos koki, nu-dju olah njanga-njangu, malah Dewi Kania, anu djadi sepna padamēlan dapur, Rohongguris hēnteu tata, salungsurna ti wiati.
20. Ka dapur asup djol gudjrag, ka riungan djongos-djongos prakoki, nu eukeur olah di dapur, ngagēbēg sadajana, kasarima ningal rupa anu tjunduk, ku lantaran hēnteu beda, rupana badawang badis.
21. Malah Sang Dewi Kania, ngarumpujuk tina bawaning gimir, ningal nu pandena kitu, ngadegdeg salirana, kitu deui Rohongguris geus timburu, karaton geus dieusian, ku ratu manusa deui.
22. Manahna Rohong geus njangka, jen ramana geus sēpi di nagari, kadangkala ēnggeus pupus, kabandang ku manusa, Rohongguris bidjil napsu langkung bēndu, nekad rek bela ka rama, ngamuk di eta nagari.
23. Bawaning langkung ambēkna, Endang Rohong tuluj teu tata deui, ngaruksak parabot dapur, seeng dulang disepak, katel kastrol ditadjong hawu diluluh, ēmban pating karotjeak, djongos koki tingdjarērit.

24. Sang Dewi Kania lumpat, bari njebut tulung aja dēdēmit, Rohongguris beuki napsu, ngudag ka Sang Kania, gubrah-gibrah asup ka djero kadatun, sarta tērus ka mandapa, riungan para dipati.
25. Njampeurkeun ka Sang Srinata, bari njebut 'na sia kumawani, ka bapa aing ngabunuh, ajeuna pasti sia, adjur lampus ku aing dibalēs hukum, bongan sia nganiaja, ngaruksak ka bapa aing.
26. Sri Maha Ratu Ambarak, langkung-langkung kaget sartana gimir, kasima teu jasa njaur, samalah sadajana, pradipati tumēnggung taja nu wantun, kantun hookeun naringal, kasima bawaning gimir.
27. Ngan Adjēng Ratna Suminar, barang ningal ka eta Rohongguris, hēnteu pisan samar kalbu, tina ēnggeus uninga, jēn eta teh Rohong anak Burusganur, gantjang Sang Ratna Suminar, njampeurkeun ka Rohongguris.
28. Mēgat ti hareupeunana, bari nundjuk aeh iblis djalari, anakna si Burusganur, peuntjiteun aing tea, sukur datang hēnteu hese aing njusul, lumajan keur baris parab, peurah dampal leungeun aing.
29. Rohongguris barang ningal, hēnteu samar ka Adjēng Aju Putri, kasieunna ti kapungkur, Rohongguris ngarendjag, sarta gantjang ngēdjat barina ngagērung, bari njebut aduh tobat, Sang Putri Pusēringbumi.
30. Ngēdjatna ka djumantara, kaja kilat tina bawaning tarik, wantu tērah Burusganur, samēnit antarana, ēnggeus ngambah Rohong dina madhab kidul, djeung tjulang-tjileung ka tukang, sieun kasusul ku Putri.
31. Sang Adjēng Ratna Suminar, langkung-langkung pusing ka Rohongguris, handeueul kaburu kabur, hēnteu kantos katewak, Ratu Putri njaur barina tutundjuk, nadjan sia ngēdjat anggang, aing mo' burung ngabērik.
32. Nadjan teu beunang ajeuna, aing moal tuna nja ngarah pati, ka sia djeung ka si Burus, dilabrak ka nagrina, moal burung dibasmi sa-Gujunglimbu, sakur jaksa duruwiksa, silēman bebet djaladri.
33. Sang Ratu sarēng Meswara, langkung² bingung bari ngalahir, mariksa ka Ratna Aju, ama kakara mēndak, eta naon udjug-udjug arek ngamuk, rek ngarah pati ka ama, mun taja Adjēng pinasti.
34. Ama njeorang baja wapat, lamun hēnteu kabudjēng eta iblis, ku Adjēng tērus diburu, tangtuna diri ama, djeung sakabeh para bopati tumēnggung, lampus ku eta rasēksa, dibasmi diarah pati.
35. Ngawangsul Ratna Suminar, bilih ama ka eta teu tingali, eta anak Burusganur, Rēhongguris ngaranna, nu kapungkur djadi mustika kadatun, di puri nagri Ambarak, putri geulis Sang Kaswati.

Sinom

1. Sarta tĕrus ku Sang Ratna, didongengkeun tina awit, teu aja anu kaliwat, binasana Sang Djaladri, waktu dina ngalindih, ku panggawe elmu tĕnung, sartana mindah rupa, ngadjadi manusa sidik, niron adĕg ka Ratu Putiasukma.

2. Sanggeus tamat Adjĕng Ratna, ngadongengkeun pasal tadi, kajaan Sang Ambarak, langkung-langkung Sang Narpati, sarĕng para bopati, ngaharulĕng hĕnteu njaur, tina hĕnteu njanana, jen kitu eta nagari, sadajana kukurajeun salirana.

3. Gantjangna ieu tjarita, hĕnteu lami Sang Putri djin, amitan kĕrsana ngudag, bade newak Rohongguris, amung ku Sang Narpati, Putri ditjaram tong rusuh, tina manahna sĕmang, rempan bilih datang deui, Rohongguris sabot Sang Putri teu aja.

4. Sang Adjĕng Ratna Suminar, keukeuh ka Sang Ratu amit, lantaran langkung pusingna, aringgis kaburu tĕbih, ngĕdjatna Rohongguris, inggis lapur tjara Burus, sarta teu lami tĕras, Ratna Suminar ngalahir, ka kang raka Raden Ĕmas Gĕndarata.

5. Tjing kakang sing aja odjah, ulah katarik ku njantri, kahalangan ku agama, kĕdah gĕrak anu gilig, ulah wungkul digalih, nguluwut di djĕro kalbu, gĕlarkeun kana lampah, djirimkeun dina pĕrtiti, wani ngambah djadjahan ngadjaga bahja.

6. Ajeuna rai rek lunta, ngabĕrik si Rohongguris, sabot ku rai ditilar, kakang kĕdah ati-ati, bisina datang deui, si Rohong djeung Burusgunur, kakang masing iatna, sarta kĕdah gasik-gasik, njambat tarik njĕbat Sang Ratna Suminar.

7. Gĕndarata ngawangsulan, ka Sang Adjĕng Aju Putri, pun kakang maksud ngiringan, satimbangan nu kakuping, kalajan mugimugi, hibar Adjĕng anu estu, mawat kawiludjĕngan, nitiskeun wahju walagri, hĕnteu njeorang tjotjobi geusaning bahja.

8. Teu lami Ratna Suminar, saparantosna wawarti, ka Raden Mas Gĕndarata, tĕras mundjung sarta amit, ka rama Sang Narpati, sarta teu lami Sang Ratu, nibakeun ka Sang Ratna, pandu'a pamĕrih galih, kana sipat hidajat kasalamĕtan.

9. Barang geus tutup mundjungan, tĕras Sang Ratu Putri djin, lungsur ti djĕro mandapa, bĕlĕsat ngambah wiati, lir kilat tina tarik, nudju

kana mega paul, lampah Ratna Suminar, ngatjatjang teu pisan tjitjing, madhab papat teu aja anu kaliwat.

10. Lurak-lirik dina mega, bisi Rohong njumput buni, kana kalang mega bodas, tatapi hēnteu kapanggih, Rohong ku Sang Putri djin, njaur salēbēting kalbu, palansiang si setan, lapur lir bapana deui, leungit musna ngilēs hēnteu puguh losna.

11. Tapi aing djeung tinimbang, si Rohong hēnteu kapeuntjit, leuwih aing salawasna, moal balik ka nagari, udar-idēr milari, sanadjan nēpi ka lampus, ngambah ka gēnēp djihat, kitu tekad Ratu Putri, dina mega bari ngatjatjang ngalajang.

12. Tunda Sang Ratna Suminar, tētēp di tēngah wiati, ngadjadjah ka madhab wetan, kotjap Patih Mandrawati, masih keneh pēlēsir, Sang Nurdjaman dipupunggu, dina waktu harita, Nurdjaman djeung Mandrawati, nudju ngambah di madhab kulon ngalajang.

13. Sang Radjaputra Nurdjaman, lintang gumbirana galih, ningal saeusining dunja, luareun nagri Burbani, rebu-rebu nagari, anu kasorang kamaphum, dunja kamanusaan, raramé sarta rarēsik, palataran di saban-saban nagara.

14. Tapi manah Sang Nurdjaman, nandang kewuhan nu leuwih, ngamanah surgu pamēndak, di saban-saban nagari, anu djadi pribumi, sakur anu geus kamaphum, rajatna pangagungna, hēnteu aja anu sami, reudjeung rajat eusi nagara andjeunna.

15. Malah harita damēlna, dina sadjēro pēlēsir, ngan ngilēng nilik salira, bari njaur lēbēt galih, naha raraga aing, teu beda satungtung buuk, djeung pangadēg manusa, nu aja di saban nagri, sakur anu geus didjadjah nagarana.

16. Tadina ngan wungkul bedja, di sadjēro kolong langit, jen aja ngaran manusa, rupana aing teu sidik, ajeuna bēt kabukti, ku paningal anu husu, manusa hēnteu beda, djeung adēg aing pribadi, naon sabab aing nu matak sarua.

17. Diri aing balikanan, djeung urang nagri Burbani, estu leuwih-leuwih beda, taja hidji anu sami, reudjeung pangadēg aing, nadjan djeung salira ibu, malah beunang disēbat, aing nunggēlis sahidji, di Burbani ngan aing beda sorangan.

18. Ari urang Burbani mah, djararangkung ngadjungkiring, hari-deung tur sarihungan, nu matak bedana leuwih, reudjeung pangadēg aing, galih Sang Nurdjaman kitu, sartana djadi matak, hemēng salēbēting galih, tina lēlēb ngamanahan pasal eta.

19. Tungtungna mah Sang Nurdjaman, aja galih kapingburi, hojong

tumētēp ngumbara, di nagri manusa linggih, dibarung ku pamuhit, nunuhun ka Sang Rumuhun, njambat para djawata, mērih Batara-Batari, muga-muga laksana marga panēda.

20. Pandjang lamun ditjarita, pasal nu hemēng panggalih, dina taktak Njai Mandra, kotjap Endang Rohongguris, sangēdjatna ti puri, sieun ku Sang Ratna Aju, buar-biur lampahna, dina tēngahing wiati, djeung harita di madhab kulon ajana.

21. Aja di pungkureun Mandra, eta Endang Rohongguris, ku Mandra hēnteu katingal, djongdjong ka pajun ningali, Nji Patih Mandrawati, hēnteu ngalleuk ka pungkur, gēnah-gēnah lumampah, taja karempaan karisi, ngadaleungdang ngalajang di awang-awang.

22. Rohongguris barang ningal, ka Nji Patih Mandrawati, sarta ka anu dipundak, nandang kaget leuwih-leuwih, sarta katingal sidik, ka rupi anu dipunggu, pangadēg kamanusan, pameunteuna kasep manis, sareretan lir sorot Purnama Alam.

23. Rohong beuki ngadeukeutan, bari ngilēng njidik-njidik, ka Radjaputra Nurdjaman, manah Endang Rohongguris, bogohna leuwih-leuwih, ka rupi anu dipunggu, njaur djéroning manah, lah daradjat diri aing, bakal boga satria bangsa manusa.

24. Aing lipur pipikiran, moal ngaganggajong teuing, ka ngaran Purnama Alam, sabab manggih pikeun ganti, ku aing geus pinasti, ieu satria dirēbut, dipaksa ti nu mawa, mun teu mikeun ditampiling, nadjan gagah moal burung diajonan.

25. Barang geus kitu manahna, tēras bae Rohongguris, ngudar sabuk djimat kodja, sanggeus tarapti teu lami, Sang Endang Rohongguris, gapruk Nurdjaman dirēbut, didjeuwang tina taktak, bari hēnteu tata deui, Mandrawati ditadjong igaburungna.

26. Nurdjaman ēnggeus kabandang, diasupkeun kana goni, disorendang ku Sang Endang, Njai Patih Mandrawati, ditadjong dugi ngidjing, teu lami malik ka pungkur, pusing bari ngandika, kurang adjar sia iblis, lampah dugal ka aing wani ngabegal.

27. Ngarēbut Radjapinutra, pigustieun diri aing, tata tjurang ngabongohan, na' dikira aing gimir, ngantēp ka bangsa iblis, bangsat anu patut kitu, Rohongguris ngadjawab, mun wani tong loba biwir, geura mēta aing mo burung ngajonan.

28. Hēnteu lami Patih Mandra, newak ka Sang Rohongguris, bari ditjabok ditjakar, Endang Rohong hēnteu gimir, tērus malēs nampiling, sili djēnggut sili kaut, sarua pada kuat, taja nu botjek sahidji, tēras gēlut djogol ngadukeun tanaga.

29. Gélutna Rohong djeung Mandra, tudjuh poe tudjuh peuting, teu aja pisan eureunna, dina antara samënit, teu aja anu sisip, ngadukeun elmu panëmu, estu tandingna pisan, tjara saadji saharti, turug-turug sami tërahing rasëksa.
30. Ngan Endang Rohong bubuhan, titisaning senapati, tërah nu gagah përkosa, sakti manggulang-mangguling, Ratu nagri Djaladri, tanaga Endang teu surud, hënteu aja sudana, tampilingna beuki tarik, mun tanaga beuki lila tambah rosa.
31. Ari Njai Patih Mandra, kawas rada kurang titis, tërah rada pupulasan, lain bibit senapati, tanaga Mandrawati, dipake gëlut saminggu, beak kantong ambëkan, dibërëg ku Rohongguris, ku panjered ku tadjong tjabok djeung sepak.
32. Tungtungna Nji Patih Mandra, sisip tanagana lëdis, taja tangan pangawasa, ngalënggut teu malës deui, gantjang ku Rohongguris, Mandra ditewak didjënggut, sarta tërur dibalang, djeung ditujung ku tampiling, dibarëngan ku tadjong lëbah angëнна.
33. Patih Mandra kapiuhan, ragrag ti tëngah wiati, Endang Rohongguris këbat, ngëdjat maksudna rek mulih, ka karaton Djaladri, njëwuk dina mega paul, Rohongguris katunda, kotjap Njai Mandrawati, lir kalakaj ragragna ti djumantara.
34. Kadaring Jang Maha Sukma, Njai Patih Mandrawati, ragragna ti djumantara, nudju ka gunung patani, tëmpat Sang Putra-Putri, di puntjak gunung Sirkawur, sarta waktu harita, nudju Sang Putra Sang Dewi, keur ngalantung lëlëson di këbon këmbang.
35. Sarëng Sang Dewi Pursita, Manetja sarëng Manetji, Mantri Ginggi Arja Barak, sadajana sami ngiring, harita asar ahir, keur nudju sariak lajung, Njai Aria Mandra, ngoleang tina wiati, gubrag ragrag pajuneun Sang Radjaputra.



Asmarandana

1. Barang gëblug Mandrawati, ka pajuneun Sang Pinutra, djeung nangkarak geubisna teh, Sang Radjaputra kalintang, reuwas dugi ka ngëdjat, istri-istri mah geus puguh, dugi ka pating kotjeak.
2. Sang Putra hënteu tingali, ka eta Nji Patih Mandra, margi nëmbe tëpang djonghok, djadi ngan kantong kagetna, bët aja buta ragrag, ngan Pramanik anu maphum, sarëng Mantri Padjarangan.

3. Ka eta Nji Mandrawati, manahna teu pisan samar, Sang Pramanik ka Mandra teh, malah harita teu kira, manah Sang Dewi gĕtap, muru sarta bari njaur, duh Gusti bĕt bibi Mandra.
4. Naha bĕt ragrag ti langit, kawas aja nu binasa, ku panggawe bangsa badjo, karana mohal katjida, ragrag tanpa karana, mun teu aja anu ganggu, ku begal di djumantara.
5. Hĕnteu lami Sang Pramanik, undjukan ka Sang Pinutra, bok gamparan teu waspaos, ieu teh Papatih buta, Burbani nagarana, nu kapungkur dipiundjuk, Arja Mandrawati tea.
6. Sang Radjaputra ngalahir, atuh hajoh geuwat-geuwat, ulah diarantĕp bae, pindahkeun ka emper latar, gotong ku sarerea, karunja geuning bĕt ripuh, parna teu bisaeun hudang.
7. Hĕnteu lami ku Manetji, sarĕng ku Endang Manetja, tĕras dipangku digotong, barang geus dongkap ka latar, diebogkeun Nji Mandra, pada mĕntjet pada ngurut, djongdjong kalungseanana.
8. Imut Sang Dewi Pramanik, tĕras njandak katuangan, sarĕng kedjo satolombong, dipaksakeun sina dahar, Aria Patih Mandra, dahar ponjo sarta gĕmbul, sarta hĕnteu lami waras.
9. Sihoreng teh Mandrawati, ripuhna ku kalaparan, nu matak pĕrangna eleh, saĕnggeusna waras tĕras, Nji Mandra dipariksa, ku Sang Dewi djeung Sang Sunu, lantaran pang meunang bahja.
10. Teu lami ku Mandrawati, diundjukkeun teu kaliwat, tina asal ngalakon, ngiring Sang Putra Nurdjaman, ngadjadjah sabuana, wetan kulon kaler kidul, saban nagri kamanusan.
11. Sarta margana balahi, dibadjo di djumantara, dirĕbut Sang Putra Anom, ku bangsa buta siluman, sarta dugi ka tiwas, dibantun ku nu ngarĕbut, Sang Radjaputra Nurdjaman.
12. Tamat Patih Mandrawati, undjukan asal-usulna, pangna njo-rang bahja gĕde, Sang Radjaputra Purnama, sarĕngan sadajana, sami karaget kalangkuĕng, ngadangu lalakon Mandra.
13. Ari Sang Nurasadjati, mung kantun gĕgĕl manahna, hajang geura tĕpang djongok, sarĕng Sang Putra Nurdjaman, ku sabab geus uninga, lantaran geus dipiundjuk, ku Sang Dewi ka andjeunna.
14. Ku piundjuk anu dĕmit, jen Sang Pinutra kagungan, sipat saderek nu tulen, saibu sarĕng sarama, teu lami Sang Pinutra, ka sadajana ngadawuh, tjoba sing baridjil sangka.
15. Ka eta nu gawe djulig, ngabadjo ka bibi Mandra, nĕpi ka ripuh ngalehleh, kira-kira urang mana, reudjeung naon bangsana, anu matak wani ganggu, lampah ngarampas ngabegal.

16. Sadaja taja nu muni, sami njarébat teu tĕrang, nu boga lampah ngabadjo, malah Mandra ge teu tĕrang, lĕmburna djeung ngaranna, ngan sidik rupana wungkul, Nji Mandra ka eta begal.
17. Nu aju Dewi Pramanik, imut bari ngawangsulana, ka raka Sang Putra Anom, tapi ku suluk siloka, saurna moal aja, anu tĕrangeun satuhu, ka ngaran si djurudjana.
18. Amung kadjabi sahidji, nu pasti kana uninga, ka ngaran eta si badjo, marga papatjanganana, Radjaputra ngandika, bari dibarung gumuju, abong ka nu kieu rupa.
19. Disusurup ditatanding, boga papatjangan bangsat, Dewi Pramanik ngawalon, dibarung gumuju bingah, edas aja saadat, gampil bĕndu mawur kalbu, tjara mustika Tolĕngan.
20. Sang Putra ngalahir deui, matak teu bĕtah di dunja, wungkul ngurus tjustjos hate, timburu ka saban bangsa, Pramanik ngawangsulana, tangtos upami didjudjur, nolak kana kadaring Jang.
21. Radjaputra tĕras deui, miwarang ka Ginggi Barak, njusul nang-kĕp eta badjo, Mantri Ginggi Arja Barak, panuhun ka Sang Putra, lantaran aja kapaur, nu langkung matak sieunna.
- ✓22. Inggis kapĕndak ku Putri, Sang Adjĕng Ratna Suminar, tangtos ngahukuman abot, atanapi ngabinasa, Radjaputra ngandika, sarta dibarung gumuju, atuh ari sarieun mah.
23. Nja keun bae tong dibĕrik, eta badjo djuru bangsat, ngan muga Gusti Jang Manon, masihan geusan lantaran, nandang kasalamĕtan, ka eta anu dirĕbut, dunungan Aria Mandra.
24. Sugaan aja milik bibi, aja nu bisa nulungan, nang-kĕp badjo djuru tjolong, Patih Mandra ngawangsulana, ka Sang Radja Pinutra, pun bibi sumĕdja tumut, kana pangĕrsa gamparan.
25. Gantjanga anu digurit, Mandra geus tĕtĕp di dinja, kĕmpĕl di gunung patanen, ajeuna katunda heula, Rohongguris kakotjap, ngalajang di mega paul, sanggeus ngarĕbut Nurdjaman.
26. Leuwih-leuwih bungah ati, ngalajang djeung ririgigan, tjara pĕta barong amen, lantaran geus aja tjĕta, kana baris laksana, ngagalĕj djeung ngagugulung, satria bangsa manusa.
27. Kodja dibeungkeut diais, dibulĕn ku boeh kasar, taja pĕta bisa lesot, kawantu sagala djimat, Endang Rohong maksudna, rek mulih ka Gujunglimbu, njandak Sang Putra Nurdjaman.
28. Tunda Endang Rohongguris, kotjap Sang Ratna Suminar, langkung-langkung nandang djengkel, keuheul ku tatjan kapĕndak, anu keur diteangan, Rohongguris putra Burus, dĕdĕmit pusĕr sagara.

29. Ratna Suminar keur linggih, dina kalang mega bodas, ngalirik ka madhab kulon, waspada tingal teu samar, wantu keur nudju tĕrang, hĕnteu mĕndung ku halimun, aja nu keur ngawang-ngawang.
30. Dilirik diilik-ilik, lami-lami mah pĕrtela, Sang Adjĕng ka Endang Rohong, Ratna Suminar tangginas, djalingĕr ngabar tangan, seot dipapag diburu, Rohong ku Sang Adjĕng Ratna.
31. Kira satĕngah pal deui, kana djongokna Saug Ratna, ka eta Nji Endang Rohong, tatapi Rohong waspada, gumilang Adjĕng Ratna, ngagĕbur tangan lir hurung, sumĕbrot tina dampalna.
32. Rohong gantjang balik deui, sieun ku Sang Adjĕng Ratna, ngĕdjat malik deui ngulon, langkung ti topan gantjangna, ku Adjĕng Ratna kĕbat, Rohong dibĕrik disusul, Sang Ratna gantjang lir kilat.
33. Bawaning gantjang Sang Putri, teu lami Rohong kaudag, dina kalang mega koneng, Ratna Suminar teu tata, djol ditewak tjĕpilna, bari ditjĕntok ka pungkur, sarta dikiprat beungeutna.
34. Barang djĕbet Rohongguris, ditampiling ku Sang Ratna, raos dibentar geledag, kalĕngĕr di djumantara, dugi gĕsĕng beungeutna, peurah tangan Rĕtna Aju, Rohong ragrag tina mega.



Dangdanggula

1. Adjĕng Ratna gumuju ningali, Rohongguris ragrag tina mega, tina muntir lir koletjer, kadar Jang Maha Agung, Endang Rohong tina wiati, ragragna mĕnĕr pisan, ka gunung Sirkawur, bandjarkarang patanian, ninggang kana buruan pajuneun bumi, sarta nonggeng ragragna.
2. Mun nangkarak ragragna pinasti, eusi kodja ripuh katindihan, sabab ngaisna digandong, Rohongguris kalangkung, ripuh dugi teu usik-malik, lungse ukur njawaan, pameunteuna tutung, njĕbrot gĕtih tina baham, turug-turug tatu beulah daun tjĕpil, bawaning tarik nongtak.
3. Radjaputra sinarĕng Sang Dewi, Sang Pursita Manetji Manetja, Mandrawati Mantri Kuntjen, Aria Barakgirung, nudju kĕmpĕl di pajun bumi, wawarta hal sagala, pĕrlaku kapungkur, sarta baris ka pajunna, pikeun djalan ihtiar geusan walagri, ngalap kawiludjĕngan.
4. Sadajana barang naringali, ka nu ragrag tina djumantara, sami narandangan kaget, sarta tĕrus lalungsur, pangheulana Barak djeung Ginggi, Manetji djeung Manetja, lalumpatan muru, Mandra-

wati barang ningal, ka nu ragrag sidik hēnteu samar ati, eta musuh andjeunna.

5. Mandrawati langkung bungah ati, kalēpasan ngagorowok njēbat, ieu geuning si bangsat teh, kodjor ragrag ti luhur, patutna ge bēt djiga djurig, geulis aing meueusan, meunang pandjang sihung, barang geus Mandra hohoak, eta kodja dilaan ti Rohongguris, sarta tēras dibuka.

6. Sang Nurdjaman dina djēro goni, leuleus lungse kapapas ku reuwas, tjara budak sawan bae, ku Nji Mandra dibantun, ka pajuneun Sang Nurasdjati, Radjaputra Nurdjaman, ngalehleh teu emut, diebogkeun dina dipan, Rohongguris ngudupung teu usik-usik, teu eureun gēgērungan.

7. Ku Manetja sarēng ku Manetji, Rohongguris hantēm diilikan, diteuteup bari ditēmpo, Endang Manetja langkung, nandang samar djēroning ati, pikirna asa-asa, kana patut kitu, Ngan Aria Patih Barak, hēnteu pisan nandangan kasamar ati, ningal rupa nu ragrag.

8. Jen pērtela Endang Rohongguris, Putri Ratu Pusēringsagara, nu kapelet ka Sang Anom, Barak tēras piundjuk, ka Sang Putra djeung ka Sang Dewi, bilih manah gamparan, ka ieu teu maphum, jaktos ieu nu djēnengan, Rohongguris putra Sang Māha Narpati, Ratu Pusēr-sagara.

9. Nu kapungkur djēnengan Kaswati, waktu djadi manusa Ambarak, njipta mustika kaputren. Sang Radjaputra njaur, putra nēmbe ningal nu sidik, kutan kieu rupana, putri Gujunglimbu, dunungan paman Aria, Barakgirung gumudjēng mani ngagikgik, nguping saur Sang Putra.

10. Hēnteu lami Sang Dewi Pramanik, ladjēng bae piundjuk ka raka, ulah didamēl gugujon, margina nu kaemut, pira-pira Nji Rohongguris, boga hate satia, maksud kana mangku, ngarawu baris njakuta, meuli-meuli tawis tigin rek migusti, naha dianggap lēpat.

11. Radjaputra ngawalon ka rai, alus pisan ngeunah karasana, mungguh djeudjeuhan Njai teh, djeung pikir ēngkang surup, ku ngingētkeun ēngkang teh miskin, wadjib kana milampah, njalindung ka gēlung, ngarah seubeuh baranghakan, Sang Pramanik ka raka ngawangsul deui, tawis salira mahal.

12. Radjaputra ngalahiran deui, alus pisan mun ninggang di bangsa, tukang balantik babaten, ngan gagalna ku nudju, ku kabeuli ku rupa geulis, djadi taja ingētan, kana tjari untung, hēnteu kabita ku uang, da dirurub ku sipat mustika rupi, Pramanik ngawangsul.

13. Kapungkur mah gamparan teh sēpi, saur sipat geusan pangala-

pan, paranti ngeret awewe, amung saena nudju, eta saur ninggang ka abdi, rada ngartos meueusan, wuwuh tara rusuh, ati ngalap kana lisan, mung nu tetes dina salëbëting ati, përtjatën ka tëdakna.

14. Saparantos tjarios Pramanik, miwarangan Manetji Manetja, Endang Rohong kudu gotong, bantun ka bale pajun, hënteu lami ku Nji Manetji, sarëng ku Nji Manetja, Rohong diparangku, dikëdëngkeun dina dipan, diamparan ku alkëtip nu bërësih, sarta dipasang bantal.

15. Nadjan buta rupa djiga djurig, ku Sang Dewi teu dihina-hina, ngemutkeun tërah narpatos, manah Pramanik kitu, umangkëna ka Rohongguris, sarta waktu harita, didjaring diurus, ku Manetji djeung Manetja, diadëgan ku Sang Pinutra Sang Dewi, Rohong djeung Sang Nurdjaman.

16. Sang Pramanik teu lami ngalahir, ka Manetji sarëng ka Manetja, maksud Endang geus tinëmon, djeung anu dipituhu, ku djalanan tigin pamërih, muntang ka Nu Kawasa, Allah anu agung, dintën ieu tërbukana, makbul maksud Endang Manetja Manetji, tëpang djeung kabungahan.

17. Tatapina panëda pamugi, ulah waka rusuh gëtap manah, mërod hojong geura pinton, ka Ratu nu keur ngangluh, kaedanan ku putri geulis, Endang kudu wajahna, kudu sabar nunggu, anu mere përdjandjian, waktu tadi basa papanggih mimiti, ti tëgal Awat-awat.

18. Sabab eta anu boga djangdji, ka Endang teh sanggup ngabantuan, meunangkeun Sang Endang Rohong, Nji Manetja ngawangsul, mënggah abdi sumëdja ngiring, sakumaha dawuhan, gamparan nu estu, nadjan maksud enggal-enggal, mo tiasa kawuwuh ku aja margi, nu sa-kieu rësakna.

19. Biheung teuing kana tëras mati, ku sareat sakitu parnana, gësëng lir ku seuneu bae, napasna ge ngahandju, sëmi-sëmi mo hirup deui, sarëng abdi kemutan, saupami tërus, Rohong dugi kana kadar, nJORANG adjal diri abdi teh pinasti, langgëng nandang sangsara.

20. Tina margi mo tiasa balik, ka pun lantjeuk Sang Ratu Rundjana, wirehing akad bareto, upami teu kabantun, Rohongguris ku diri abdi, pun lantjeuk teh kantënan, ka abdi ngabunuh, Dewi Pramanik ngandika, Endang ulah mastikeun Nji Rohongguris, kana nëpi ka adjal.

21. Matak naon pastining Jang Widi, Rohongguris dikadarkeun waras, nadjan kasakitna abot, tapi Endang teh kudu, barung reudjeung pamërih ati, nëda ka Nu Kawasa, Endang makbul maksud, kana panëda waluja, didjauhkeun tina tJOTJOba balai, sipat sangsara dunja.

22. Saparantos Sang Dewi Pramanik, sasauran ka Endang Manetja, gëntos ku Pangeran Anom, ka sadajana njaur, tjoba taksir Nji Rohong-

guris, ku tingal sarerea, pangna ruksak ripuh, naha aja nu binasa, atawana ripuh ku nandang kasakit, tjing tjoba palikiran.

23. Ngawangsul Sang Dewi Pramanik, sadajana mo aja nu tĕrang, asal pang kitu Nji Rohong, mung duka Mantri Ratjun, anu baris kana ngaharti, kana asal-usulna, Rohong pangna kitu, malah sumangga pariksa, tangtos njanggĕm dina sipat tjara-tjiri, ku sangka nu biasa.

24. Hĕnteu lami Sang Putra ngalahir, ka ki Mantri Djurung-padjarangan, kudu bidjil sangka hate, nu djadi asal-usul, pang ruksakna Nji Rohongguris, teu lami ngawangsul, Ginggi ka Sang Sunu, djsim abdi hĕnteu tĕrang, kana ilmu norah nudjum bangsa gaib, margi teu ngadji palak.

25. Amung aja sangka dina ati, margi ningal karĕsakanana, dina bcungeut Endang Rohong, gĕsĕng sarupi tutung, kawas aja anu nampiling, kawuwuh aja tanda, tapak ramo puguh, kadua soeh tjĕpilna, sĕmi-sĕmi urutna didjĕweng tarik, tapak kuku tetela.

26. Eta tatu teu bentĕn teh teuing, sarĕng tatu tangkĕpan Sang Ratna, nu ajeuna djĕbol erpol, Sang Pramanik gumuju, bari njaur sok tada teuing, lamun mindo njabokna, kadangkala adjur, Arja Barak ngawangsul, tapi naha hĕnteu nitis ka pangiring, matihna Adjĕng Ratna.

27. Sang Pramanik pok ngalahir deui, ieu oge Rohong moal gagal, gĕsĕng lantaran ditjabok, tatapi hĕnteu tuhu, kana tigin sumangka ati, ka Nji Putri kadjinan, anu boga laku, dibarung djeung susuganan, Radjaputra Purnama ladjĕng ngalahir, ih ku matak garila.

28. Moal aja nu wani ngamuhrim, ka awewe nu kitu taladjak, sabab sieuneun ditjabok, Sang Pramanik ngawangsul, tangtos moal aja nu wani, nikah Putri Tolĕngan, sieuneun digĕbug, lalaki nu kurang luang, sĕpi budi pĕrtiti sok nganjĕnjĕri, tjurang ka pamadjikan.

29. Radjaputra pok ngalahir deui, atuh hese neangan nu sabar, nu tjara salaki maneh, Dewi Pramanik imut, ka Sang Putra ngawangsul deui, naha garwa nu mana, anu awon laku, ku gamparan disabaran, da sabar mah kĕdah aja hidji tawis, nimbang ka garwa lĕpat.

30. Radjaputra ngalahir ka rai, sabar soteh lain teu njarekan, lain teu haok polotot, nja eta ati tuhu, lambat-lambut pandjang nja asih, bogoh taja sudana, teu lipur kalutju, tjara ĕngkang ka manehna, hĕnteu lami ngawangsul Dewi Pramanik, edas pangalap anjar.

31. Tangtu pandjang rumruman ditulis, Sang Nurdjaman masih tatjan waras, dina dipan leuleus lungse, malah teu emut-emut, dipeuseulan Nji Mandrawati, sarta ditjeuntjeurikan, Mandra gĕrang-gĕrung, salĕmpang katĕtĕrasan, tada teuing Sri Maha Ratu Burbani, lamun

Nurdjaman wapat.

32. Kadangkala ngahukuman pati, Maha Ratu Burbani ka Mandra, kitu Mandra manahna teh, ari margana ripuh, Sang Nurdjaman wi-rehing tadi, kasėbrot ku peurahna, panangan Ratnaju, asup kana djėro kodja, wantu-wantu hawana ge leuwih matih, kana baham Nurdjaman.

33. Dikopjokan taarna ku tjai, ku ki Mantri Djurungpadjarangan, bari ditiup didjampe, djeung dibarung diurut, lami-lami Nurdjaman eling, geus waras salirana, teu lungse teu lėsu, sarta geus tiasa gugah, tjulang-tjileung rurut-reret tjėngar-tjėngir, sėmu nu rada era.

34. Tatapina kadaring Jang Widi, Sang Nurdjaman teu jasa warta, ngabisu lir pireu bae, ngan wungkul ngakngak-nguknguk, ditaros ge ku Mandrawati, teu jasa ngawalonan, ngan gideug djeung ingguk, tjarios wungkul ku pėta, kawuwuhan tuli anu leuwih-leuwih, Mandra kantun susahna.

35. Waktu eta Sang Putra Burbani, ėnggeus tėtėp djadi tanpa daksa, nandangan pireu tur torek, Sang Purnama ngadawuh, ka Nji Mandra ajeuna bibi, ulah waka ngamanah, hajang geura wangsul, mun tatjan dunungan waras, ngawangsulun Arja Patih Mandrawati, pun bibi mung ngiringan.



Sinom

1. Ngandika deui Sang Putra, anu matak ulah gasik, urang taram-bakeun heula, susuganan bae manggih, bangsa dukun nu matih, bisa njampe torek bisu, sarta sangkaan putra, kawasna ieu kasakit, katitisan ku bohong nu mere ngaran.

2. Bohongna teu tėrus tėrang, migawe sidėm sėmbuni, lir lain ka bangsa sėpah, nu djadi sasaka nagri, eta nu djadi margi, nėruskeun tjatur nu palsu, minangka keur tjontona, ka para mitra prawargi, ulah arek milampah sipat pėrtjumah.

3. Kitu saur Sang Pinutra, ku Sang Pramanik kadjudi, sarta tėras diwangsulun, da eta atuh abong djin, sėpi titi pėrjogi, njėbut-njėbut torek bisu, padahal teu halangan, sabuktina dipiwarti, tong disidėm da moal milu wiwirang.

4. Ku Sang Pinutra kamanah, tjarios Dewi Pramanik, gumuju bari ngandika, edas aja bela pati, abong ka sobat dalit, komo lamun sapa-nėmu, geus sabanda saboga, pada samilik sagusti, tada teuing runtut

lajeut saaleutan.

5. Sang Pramanik ngawangsulana, sihareng geus nitis galih, kana tjumeungtjeum mitjangtjam, midamél dua panjanding. Radjaputra ngalahir, ih kapan kudu salulut, mungguh Njai djeung éngkang, Njai asih ka Putri djin, éngkang oge kudu milu mikanjaah.

6. Pandjang lamun ditjarita, Sang Putra saréng Sang Dewi, rum-ruman geusan kabingah, ajeuna katunda deui, kotjap Sang Ratu Putri, mustika bumi ping pitu, sanggeus nibakeun tangan, nampiling ka Rohongguris, gogoelan gumudjéng ningal nu ragrag.

7. Bawaning manahna puas, raos punah nja kaidjid, gumuju bari ngandika, top hadjat tampiling aing, itung-itung ngawaris, keur baris békél di kubur, sanggeus kitu saurna, kérésana Sang Adjéng Putri, bade lungsur ngudag bisi henteu misan.

8. Barang énggeus rada handap, Putri ngadjéngok ningali, ka tempat Rohong ragrag, lantaran teu samar galih, katingal leuwih sidik, pèrtela Gunung Sirkawur, Adjéng Ratna Suminar, ngarandég bari ngalahir, geuning eta gunung tempat pangébonan.

9. Ku aing disaksrak-saksrak, sabuana dikuriling, wéleh bae teu kapéndak, ajeuna bagdjaning diri, kadaring Maha Sutji, gunung ku aing katimu, lantaran ku ibadah, kana beungeut Rohongguris, gandjaranna kapanggih nu diteangan.

10. Ngan aing tibalik rasa, ati nindih kana sédih, tumiba kana kasusah, sabab sanadjan kapanggih, tangtu kana mubadir, aing moal bisa turun, ka eta pangébonan, lantaran halangan leuwih, sieun teping reudjeung nu linggih di dinja.

11. Lain sieun dibinasa, lain gimir bisi meuntjit, lain salémpang disiksa, sieun soteh era panggih, inggis kana dituding, saadat djeung anak Burus, tangtu disébut bangsa, Rohong siluman aing djin, kadangkala dipake tangkal tjarita.

12. Dipédar diembar-embar, didjieun bibit pawarti, djadi kembang gugujan, wantu hawa alam mulki, tempat wérédjit ati, usum gujur mawur tjatur, djaman sawénang-wénang, pasti ditulis dituding, kana lampah mintonkeun raga sorangan.

13. Pinasti aing kasurak, ku bangsa nu ahli sirik, disébut purah ngadjorag, andon suka ka lalaki, leungit pangadjen diri, dipupul ku tjatur batur, nja djadi ruksak nama, disébut abong anak djin, ngarantjana teu mantang geusan wiwirang.

14. Tapi lamun aing tuna, ngabérik si Rohongguris, lantaran aja halangan, ku sipat pamilih ati, aing teh moal sidik, ka si Rohong anak

Burus, beunangna teu beunangna, hirup atawana mati, lamun aing teu tulus turun ka dinja.

15. Djadi pandjang panasaran, langgëng nandang ati pusing, sapan-djang di pawénangan, moal lëdis nja kaidjid, kadangkala katarik, sipat napsu nu kalangsu, kabawa ka aherat, nitihan roh saetoni, moal mandjing kana kasirnaan asal.

16. Djeung kadua përkarana, aing tadi mërih ati, tatapa di Ragatoja, ku hajang laksana diri, tēpang sarëng Pramanik, sēdja katur sewu-sewu, nēda marga hampura, tina rumasa nja ati, ka andjeunna përtata kurang satia.

17. Ajeuna kadar kapëndak, tēmpat Sang Dewi Pramanik, mun diri aing teu kēbat, turun ka gunung patani, diri aing pinasti, kana moal bisa tēpung, bakti kasatiaan, ka kërsa Dewi Pramanik, djadi langgëng ngambang di sagara murka.

18. Kitu manah Adjëng Ratna, tandësna ngadu pamilih, mana nu bade didjadjah, nu geusan kana pinanggih, salamët lahir-batin, madju atawana mundur, eta nu dua pasal, karaosna ku Sang Putri, langkung² abot ditimbang-timbangna.

19. Tungtungna Ratna Suminar, hemëng salëbëting galih, raos poek bumi alam, bawaning tatjan kadjudi, mana anu kapilih, nu geusan kana rahaju, kitu manah Sang Ratna, bari ngalajang ngalindjing, ngurilingan bandjar karang patanian.

20. Tunda deui Adjëng Ratna, kotjap Sang Putra Sang Dewi, geus tētëp lëbëting manah, nu ngaruksak Rohongguris, estu moal sak deui, tangtu urang Bumipitu, malah geus sami njangka, tangtu aja di wiati, kitu manah Sang Dewi sarëng Sang Putra.

21. Teu lami Radja Pinutra, ka nu opatan ngalahir, nja eta Aria Barak, djeung Ginggi Mantri Wërëdjit, Manetja djeung Manetji, sarurna saha nu sanggup, ieu opat tamtama, ngaronda kana wiati, djadi djuru tilik bok aja karaman.

22. Mun aja geuwat bebedja, lamun ati miris gimir, tatapi lamun kawagang, tēgësna wani toh pati, tangkëp bae sakali, rante atawa tambalung, sarta ka dieu bawa, sadaja ngawangsul sami, hënteu wantun ngaronda ka djumantara.

23. Inggis tēpang djeung karaman, nu ngarësak Rohongguris, kitu wangsulan sadaja, ka Sang Putra Nurasdjati, ari nu djadi margi, pangna sami hënteu wantun, aja tapak kalëpat, ka salira Sang Putri djin, inggis tēras bënduna dumunggi ngarah.

24. Ngandika deui Sang Putra, nja ari hënteu warani, moal dipaksa

pirusa, kana ngaronda wiati, ngan sugan ieu bibi, Patih Mandrawati djadug, anu mēntas dibegal, manawi teu djēbol galih, kērsa kana ngaronda ka djumantara.

25. Mandrawati ngawangsulana, pun bibi sanggēm teh teuing, ngaronda ka djumantara, djadi pangkat djuru tēlik, amung pamugi-mugi, gamparan nitiskeun kalbu, agung-agung pandu'a, geusan wiludjēng pun bibi, ngadjalankeun sugri dawuhan gamparan.

26. Saur Sang Radja Pinutra, atuh hajoh bibi gasik, didu'akan teh ku putra, pamugi salira bibi, wiludjēng di wiati, kasinungan ku rahaju, manusa pada wēlas, djin setan masing arasih, kahibaran ku babaran kinasihan.

27. Gantjangna ieu tjarita, hēnteu lami Mandrawati, amit ka Radjapinutra, bēlēsat ngambah wiati, ngalajang hēnteu tjitjing, luhureun gunung Sirkawur, rurut-reret ningalan, lungak-longok ulak-ilik, bisi aja karaman di mega malang.

28. Sang Adjēng Ratna Suminar, aja di tēngah wiati, saluhureun Patih Mandra, madhab papat nu dilirik, ku Sang Ratu Putri djin, nudju dina mega paul, barang ka handap ningal, sidik hēnteu samar galih, aja anu keur ngalajang ngawang-ngawang.

29. Ngarandēg Ratna Suminar, bari neuteup njidik-njidik, ka nu ngalajang di handap, njaur salēbēting galih, siga si Rohongguris, djurig hawu Gujunglimbu, sidik dina imbruhna, palangsiang hirup deui, aja anu ngadjampe ku kawarasan.

30. Tapi ajeuna mah modar, baris dipindo ku aing, nu leuwih-leuwih tarikna, tilu kalieun nu tadi, sina adjur lir tjai, ngarah djadi tjai ibun, Adjēng Ratna Suminar, sanggeus njaur dina galih, ladjēng lungsur mēgat ka nu keur ngalajang.

31. Panangan ngeber dipasang, supaja gampang nampiling, teu kungsi ngawahan heula, gantjang mēgatna Sang Putri, ka Patih Mandrawati, bayaning ku sieun lapur, barang gok Adjēng Ratna, djongok sarēng Mandrawati, Ratu Putri ngadjēnghok ningali Mandra.

32. Tina hēnteu samar tingal, ka Nji Patih Mandrawati, nu kapungkur tuduh djalan, nu bela sarta gumati, Putri neuteup ningali, kantun hookeun teu njaur, ngemutkeun ku teu njana, jen Nji Patih Mandrawati, anu wani ngalajang di awang-awang.

33. Kitu deui Patih Mandra, hēnteu poho ka Sang Putri, tēras ngarontok Nji Mandra, sudjud ka sampean Putri, bari ngagērung tjeurik, sarta dibarung piundjuk, aduh kutan dunungan, mustika pagusten abdi, ieu wasta patih Mandrawati tea.

34. Ngadamël naon gamparan, nu mawi di dieu linggih, pasah sarëng tuang raka, Sang Rësi Dewi Pramanik, teu lami Sang Putri djin, ningal Mandra mësüm ngujung, murubut tjisotjana, lantaran kagagas galih, ku patëpang sarëng Arja Patih Mandra.



Magatru

1. Ratu Putri ka Nji Patih Mandra njaur, aduh hënteu njana teuing, putra bisa deui tëpung, djeung salira bibi Patih, naha bibi teh keur naon.
2. Anu matak aja di dieu ngalantung, gawe ngalajang nguriling, kawas aja nu dimaksud, ngulik djadi djuru tëlík, ngurilingan gunung këbon.
3. Patih Mandra ka Putri enggal ngawangsul, ngundjukkeun nu djadi margi, aja di dinja ngalantung, sarta anu djadi awit, pangna Mandra ngalalakon.
4. Diundjukkeun anu djadi asal-usul, ingkar ti nagri Burbani, Nur-djaman anu diasuh, pëlësir di sedjen nagri, saban karaton dilongok.
5. Teu kaliwat sapamanggih dipiundjuk, ku Mandra ka Ratu Putri, dumugi kana dirëbut, Sang Radjaputra Burbani, ku badjo Sang Endang Rohong.
6. Sarta dugi Mandra ragrag ka Sirkawur, njondong sadaja la-linggih, Sang Dewi sarëng Sang Sunu, Barakgirung Mantri Ginggi, djadi rengrengan Sang Anom.
7. Kaajaan di puntjak Gunung Sirkawur, ku Nji Patih Mandrawati, diundjukkeun ka Ratnaju, djeung pang aja di wiati, ngëmban dawuhan Sang Anom.
8. Ratu Putri sanggeus ngadangu piundjuk, ti Nji Patih Man-drawati, kaajaan di Sirkawur, langkung kumëdjotna galih, paroman dugi rampohpoj.
9. Hojong lungsur ka puntjak Gunung Sirkawur, nëpangan Dewi Pramanik, ngan halangan ku teu wantun, inggis aja anu nuding, wani lampah sumolondo.
10. Hënteu lami Sang Putri ka Mandra njaur, bibi bisi tatjan ngarti, ka laku putra nu istu, pang aja di dieu tjitjing, putra teh ngudag si Rohong.
11. Malah-malah pangna ragrag ka Sirkawur, eta djurig Rohong-

guris, ku putra anu saestu, ditampiling ngan teu tarik, ngan ukur tjabok lëlëson.

12. Djadi putra hakna ka bibi teh nulung, mangnjabokkeun Rohong-guris, djurudjana Gujunglimbu, malah mun teu ditampiling, si Rohong kana tinangtos.

13. Tëras kabur ka nagara Gujunglimbu, moal kasusul ku bibi, kadangkala tuluj lapur, Nurdjaman putra Burbani, djadi tjojooan Rohong.

14. Eta putra ditekadkeun gawe nulung, ka diri bibi pribadi, ngingëteun bibi kapungkur, ka putra bela gumati, dugi laksana tinëmon.

15. Bisa tępang sarëng nu disusul-susul, Sang Rësi Dewi Pramanik, eta putra susun-susun, munggañ kanuhunan ati, ka pitulung bibi jaktos.

16. Ngan putra teh aja deui nja kabingung, waktu ieu leuwih-leuwih, lantaran putra pakantun, sarëng Sang Dewi Pramanik, pikir putra langkung abot.

17. Langkung-langkung hajang putra deui tępung, bade bakti sëtya ati, ka Sang Pramanik nu estu, nëda sihing pangaksami, tina rumaos kabëndon.

18. Amung putra langkung-langkung marga bingung, rek nępangan Sang Pramanik, lantaran ku hënteu wantun, kahalangan ku lalaki, anu putra tatjan wanoh.

19. Sabab putra tara tuman tara alur, wawuh djeung sipat lalaki, nu kira bakal purunjus, përtiti ati piistri, përsipatan tjojor panon.

20. Leuheung-leuheung mun budina kukuh pantjuh, lirikna përtiti alim, tigin kana haram makruh, ku putra kana pinasti, baris didamël paguron.

21. Eta kitu pikiran putra nu estu, djadi halangan diri, kana turun ka Sirkawur, nępangan Dewi Pramanik, era djeung lalaki djongok.

22. Tah ajeuna putra nëda deui tulung, tanda bibi tigin asih, ka diri putra saestu, kumaha djalan nu lantip, supaja putra tinëmon.

23. Sinarëngan Dewi Pramanik patępung, teu aja eta lalaki, teu lami Mandra ngawangsul, emutan bibi sajakti, tong djadi wagëlan raos.

24. Nandang rempan patępang sarëng Sang Sunu, margi aja Sang Pramanik, moal tiasaeun ganggu, kawuwuh Sang Sunu njantri, batal haram nu dianggo.

25. Ratu Putri ngalahir barina imut, puguh santri nu sok ahli, babarian nguwung napsu, naliktik ati panungtik, gampang lojop kana ngëlod.

26. Tatapina kadgeun teuing nadjan kitu, ngan ajeuna bibi misti, geuwat turun ka Sirkawur, undjukan ka Sang Pramanik, putra katur sëmbah baktos.

27. Teu tiasa dumeuheus mintonkeun sudjud, babakti djongok pribadi, Sang Dewi nu langkung maphum, jen putra sēpi pērtiti, tagog bēngong omong songong.
28. Sieun salah kawantu aja nu agung, djuru nampik ka pangasih, minggat ti si Bungbungūmur, kadua pērkara deui, putra talatah pagagon.
29. Mantri Ginggi djeung Aria Barakgirung, Manetja reudjeung Manetji, ulah sarieun patēpang, djeung diri putra pribadi, putra moal naon-naon.
30. Malah-malah nēpungan ka putra kudu, urang sili tjutji ati, sili hampura nu husu, mitjeun karempam karisi, kana papanggih padjongok.
31. Sarta kudu putra ku bibi teh sēbut, ka nu boga ati gimir, jen putra geus tjageur napsu, njēgah kana hawa pusing, sabab putra geus tawalo.
32. Geus ditjukur sipat rarambuning napsu, dikērik ku ati dikir, geus disapu ku tapakur, di Rēsi Komartohidi, djuru mepes napsu awon.
33. Mandrawati ka Ratu Putri ngawangsul, bibi pērtjantēn teh teuing, ka dawuhan nu sakitu, gamparan parantos njangking, elmu kalawan tawalo.
34. Geus teu njangking kana kapusing kabēndu, margi katjutji ku dikir, diruruan ku tapakur, mung aja lēpat saeutik, bēt tasbena beungeut Rohong.
35. Saur Putri ih eta mah itung-itung, ngalap sunat tekad ati, gandarjan anu disusul, ngabasmī sipating iblis, purah ngadjak murka serong.



Asmarandana

1. Teu lami Nji Mandrawati, amitan ka Adjēng Ratna, sarta tēras bae mios, turun tina djumantara, gantjangna ēnggeus dongkap, ka puntjak gunung Sirkawur, ngadeuheus ka Radjaputra.
2. Barang Pramanik ningali, ka Aria Patih Mandra, gupjak djeung tēras marios, sugan aja pēpēndakan, dina djēro ngaronda, Nji Mandrawati ngawangsul, nērangkeun aja pamēndak.
3. Jen tēpung dina wiati, sarēng Sang Ratna Suminar, dina kalang mega koneng, nudju ngalantung ngalajang, njalira taja rentjang, mēsum sēmu ngandung ewuh, kirang tandangna nu gandang.
4. Sartana ku Mandrawati, diundjukkeun sadajana, kaajaan Sang

Pinutren, dina tata djeung saurna, teu aja nu kaliwat, jen nudju nandang pakewuh, Sang Adjëng Ratna Suminar.

5. Sang Putra sarëng Sang Dewi, ngadangu piundjuk Mandra, njarioskeun Sang Pinutren, lara dina djumantara, lantaran sawan kuja, hënteu iasaeun lungsur, halangan ku kaeraan.

6. Sami garumuju manis, Sang Dewi sarëng Sang Putra, ku tala-djak Sang Pinutren, Sang Radjaputra ngandika, aeh naha sulaja, beda ti panjëbut batur, kaajaan Nji Suminar.

7. Pada njarëbut Putri djin, baleg sartana sonagar, leber hate ku wawanen, taja karempaan kabingbang, tapi kitu buktina, nëpi ka susah rek turun, kasima ku kaeraan.

8. Bët kadjeun djadi dëdëmit, ngahiang di awang-awang, gawe ngibun moe maneh, turug-turug aja basa, hënteu tutur teu tuman, tjampur djeung nu tatjan wawuh, ka lalaki nu teu loma.

9. Ngabogaan pikir risi, salëmpang dipikahajang, ku nu aja di patanen, boga rumasa sapaasang, djeung putri Gurangсарak, imut Pramanik piundjuk, gamparan sok tëtërasan.

10. Puguh bae da geus galib, nadjan anu sakëmbaran, tangtos aja gesehna teh, tara aja nu sapaasang, lir barang satjitakan, mung patut nu alus itu, bubuhan keur nudju ngora.

11. Sang Radjaputra teu lami, ngandika deui ka garwa, ngan ëngkang teh susah hate, lantaran Ratna Suminar, ka diri Njai aja, karëpna anu satuhu, mintonkeun kasatiaan.

12. Arek menta pangaksami, eta maksud nu utama, tanda kasalehan hate, malah djadi kawadjiban, mungguh kamanusaan, sili seka sili ruru, ku djalan sili hampura.

13. Tapi kawas moal djadi, karëp Nji Ratna Suminar, mentana dihampura teh, lantaran aja halangan, nja eta diri ëngkang, anu ngaburungkeun laku, ka nu rek niat satia.

14. Katurug-turug mërëdih, Suminar ka bibi Mandra, dieuweuhkeun ti patanen, anu ngadjadi halangan, kana karëp manehna, sasatna ëngkang nu kudu, njingkah tina ieu tëmplat.

15. Tah eta kumaha Njai, dina përtimbanganana, mungguh kahajang Nji Putren, naha ëngkang anu njingkah, atawa Nji Suminar, anu teu kudu diturut, ditolak sakahajangna.

16. Ëngkang mah kumaha Njai, dina pibereseunana, kahajangna Njai Putren, Sang Pramanik ngawangsulana, abdi hënteu tiasa, milampah laku nu punggung, ngalangkungan ka gamparan.

17. Nadjan abdi laksa këti, ngawurkeun sipat hampura, kana dosa

anu sanes, emutan taja pedahna, moal djadi mangpaat, mun taja idin nu husu, titisan galih gamparan.

18. Mung abdi tjumeungtjeun ati, samënit teu pisan këndat, kanjaahan ka Nji Putren, ngemutkeun tina belana, nu taja sasamina, awit nu nungtun rahaju, asal nu ngënjang waluja.

19. Nudju dina bandjir pikir, tungara hudjan tjimata, neangan panutan hate, taja anu ngadongkapan, ngintunan kasehatan, mung urang Bumipingpitu, nu njebor ku kawarasan.

20. Ajeuna mung kantun peurih, ku teu tiasa sumambat, ka anu titen tulaten, margina ku teu gaduh hak, sipat kakawasaan, mung kantun pikir nu liwung, ngëmbëng dina kahemëngan.

21. Sang Radjaputra ngalahir, ku ëngkang kaharti pisan, eta omong Njai kabeh, ngan pikir ëngkang tugënah, boga rasa didodja, dibënturan ku panjungkun, galagat gawe pamëtjak.

22. Mun ënja mah pikir Njai, titisan nu sadjatina, lain serong olo-olo, matak naon mun lampahan, djalankeun ku sorangan, sambat ku laku nu husu, ngalap marga kasëtyaan.

23. Èngkang ge mohal teh teuing, gana-gana kumawawa, njalah-njalah ka nu saleh, ngëkëlan kapatimahan, batur mah dibelaan, tapa mutih matang puluh, ngarah bodjo sakituna.

24. Ari Njai nu teu kungsi, dipudjakeun ditapaan, da puguh saleh ku maneh, istuning daradjat ëngkang, eta nu diteangan, Dewi Pramanik ngawangsul, naha bët tëras ka dinja.

25. Sulaja djeung maksad abdi, eta sangkaan gamparan, bët ngangge aja tjarios, eta anu diteangan, kawas ti kapëngkërna, gamparan gumantëng kalbu, bumëtah di Padjarangan.

26. Sang Putra ngalahir deui, kapan tadi geus tjarita, Njai teh tjumeungtjeum hate, hajang kana bisa njambat, ka nu geus ngabelaan, tëgësna Njai teh maksud, kana malës kahadean.

27. Sabab ku ëngkang dipikir, ku naon pikeun malësna, kahadean Njai Putren, da puguh taja kakurang, sipat dunja barana, kaajaan Bumipitu, nu moal aja di urang.

28. Dipikir piraku deui, malës djalan kahadean, ngan ukur didjieun gandek, da meureun moal narima, didjieun purah-purah, da kudu ilëng piruruh, tangenkeun pangabutuhna.

29. Djeung naon nu djadi wadjib, naon nu geusan sampurna, naon përluna awewe, Njai moal hënteu tërang, malah geus dibelaan, ngurubut di gunung-gunung, ngadadjah di pangalasan.

30. Imut Sang Dewi Pramanik, bari ngawangsul ka raka, këdahna

mah Mantri Kuntjen, nu hatrol kana mokrolan, bumela ka dunungan, Sang Radja Pinutra njaur, Njai ulah salah paham.

31. Ęngkang mah ngadjaring Njai, bisi Njai tjara ģngkang, dipaling ku bangsa onom, saha nu baris njusulna, lamun teu ku bangsa, tangtu Njai tuluj lampus, djadi raraga siluman.

32. Ngawangsul deui Pramanik, dipikir matak tugģnah, teung-teuingeun Mantri Kuntjen, bģnģrna mah haturanan, sabot di djģro guha, tuturan elmu panģmu, dadasar sipat kadjinan.

33. Supados di awal-ahir, aja bantjang pakewuhna, moal ngengken ka nu sanes, njusul ngudag-ngudag bangsat, ngandika Radjaputra, malah leuwih-leuwih untung, lamun beunang gģgģdugna.

34. Tangtu dipģrģdih mukim, di dunja kamanusaan, sina mģdar elmu onom, sakabeh rajat di urang, titaheun di ahirna, mun kadar kana tinģmu, djeung bobor karahajuan.

35. Ngawangsul Dewi Pramanik, sewu marga kanuhunan, gamparan tģtģs pangraos, ngababar katulatenan, ka sadaja prarajat, bade ngawur ku panģmu, njģbar sipat pangawasa.



Dangdanggula

1. Radjaputra teu lami ngalahir, kieu bae atuh ajeuna mah, ģngkang teh njģrahkeun bae, ngaturna malar lulus, wakil mutlak ka diri Njai, djeung ka Njai Pursita, pikeun ngaku tamu, ģngkang tong dibawa-bawa, sabab djadi halangan ka Nji Putri djin, rek milampah satia.

2. Ngan ģngkang mah ajeuna rek njģpi, dina kamar mo' kaluar-luar, sanadjan muluhan poe, mun masih aja tamu, pek ajeuna djalankeun misti, ku Njai djeung Pursita, sing beres sing lulus, ulah pikir asa-asa, hģnteu lami njumanggabeun Sang Pramanik, ka Sang Radjapinutra.

3. Kitu deui Sang Putra teu lami, tģras bae lumģbģt ka kamar, pantona pageuh disorog, gantjangna nu ditjatur, Sang Pramanik tģras ngalahir, ka rai Sang Pursita, dijuju ku imut, atjeuk arek wakil mutlak, pikeun ngatur sumambat ka Njai Putri, Adjģng Ratna Suminar.

4. Ngawakilkeun ka salira aji, ngangkir tamu nu beres nu tģrang, ulah ku tjurang ku serong, Sang Pursita ngawangsul, njumanggabeun ka Sang Pramanik, sarta teu lami tģras, Sang Pursita njaur, ka tamtama anu opat, Barak Ginggi sarģng Manetja Manetji, ngadģg djeung tandang dangah.

5. Ieu pasal ngadjadikeun rumbit, ngënjang kana marga kahe-mëngan, nimbulkeun kapoek hate, tapi montong disëbut, titis Rësi Komar Tohidi, ngaran Dewi Pursita, mun ku mundur napsu, rempan ku nu djadi semah, ngadjalankeun përtiti teu djeung sadjati, milampah kapalsuan.

6. Putra maksad rek nitiskeun ati, ka salira Sang Putri kadjinan, rek serong merong ku omong, laku putra nu estu, sanes titi Sang Sri Pramanik, putra anu gaduh hak, nipu laku palsu, ku margi eta sadaja, rama-rama sarëng Manetja Manetji, ulah rarempan manah.

7. Këdah sami wani tigin galih, ngadjalankeun pangaturan putra, nadjan gawe linjok bohong, tina margina kitu, sadajana ajeuna misti, ngangkir Ratna Suminar, djadug Bumipitu, mung sadaja muga-muga, këdah pisan njarios dua përkawis, ka Sang Ratna Suminar.

8. Hidji këdah ngundjukkeun Sang Dewi, matjeuh nangis nu taja lirena, hojong tëpang djeung Sang Putren, dumugi kana bëndu, ka kërésa Sang Nurasdjati, kaluar manah luas, Sang Pramanik nundung, ngusir ka Sang Radjaputra, tina margi Sang Putra anu ngadjadi, halangan ka Sang Ratna.

9. Sarta tëras sëbatkeun geus sëpi, ti Sirkawur Sang Radjapinutra, angkat ngalolos ngaleos, kadua anu kudu, diundjukkeun ka Ratu Putri, rek ngadëg saembara, di gunung Sirkawur, ari nu boga alpukah, sëbat bae Pursita putrana Rësi, patapan Ragatoja.

10. Tapi lain përdjalanan sakti, lain pasal ngadukeun përkosa, ngadëg saembara soteh, saembara hal suluk, titi surti pangeusi ati, saha-saha nu bisa, kana eta suluk, tinangtu meunang gandjaran, sakahajang nu tumantjëb dina ati, tinangtu ditëdunan.

11. Kaduana rek dipusti-pusti, anu ngarti ka eusina soal, digung-gung diagreng-agreng, eta anu sakitu, tjarioskeun ka Ratu Putri, sarëng pamuga-muga, sadaja sing kukuh, parageuh kana rasiah, këdah sami njarëbat Sang Putra sëpi, lolos ti pangëbonan.

12. Sarëng ulah sadajana gimir, ku adatna Sang Ratna Suminar, diri putra nanggël bae, kawuwuh aja saur, Ratu Putri ka bibi Patih, andjeunna ënggeus damang, hal ngadjudjur napsu, mitjeun manah anu gangas, geus dikërik ku dikir tawalo ilmi, ngambah kana tarekat.

13. Mangga geura djalalëngkar gasik, bilih bae kësëleun Sang Ratna, ambon ngantosan pangwalon, gantjangna nu ditjatur, Barakgirung djeung Mantri Ginggi, Manetji djeung Manetja, geus biur ka luhur, tingkalajang kana mega, Ratu Putri barang ka handap ningali, awas ka nu opatan.

14. Sarta sidik teu samar tingali, ka Manetji saréng ka Manetja, ka Barak djeung Mantri Kuntjen, teu lami Ratna Aju, ladjéng lungsur tina wiati, gantjangna geus patépang, Arja Barakgirung, saréng Sang Ratna Suminar, barang gok teh sadaja gumëtér ati, sieun ku Adjéng Ratna.

15. Sumawonna Manetja Manetji, ngadak-ngadak sarépa beungeutna, asal hideung djadi hedjo, tina bawaning paura, kainggisna teu tata deui, Adjéng Ratna Suminar, ngétig kana irung, nja kitu Ginggi djeung Barak, pias kanjos njeudjtod ngagaro pingping, dipéntjrong ku Sang Ratna.

16. Katingali ku Sang Ratu Putri, nu opatan sami kasarima, Putri teu lami njarios, sihareng nurut patut, da patutna leuwih ti djurig, gégédoh goreng sopak, tērus kana laku, djudjur kana kabadeuran, abong-abong bebet sipat pradédēmit, teu beunang dipértjaja.

17. Sumawonna ieu si Manetji, djeung dulurna si kelong Manetja, mun aing teu atjan tarek, dipekprek sina rēmuk, njeun laku nu matak idjid, radjaning katjuaan, wani laku ganggu, nēpungkeun nu tatjan aja, pangidinan ti urang Puséringbumi, ngaran Ratna Suminar.

18. Geura ngomong sia masing uni, tjaritakeun nu djadi sababna, pang sia milampah serong, Nji Manetja ngawangsul, djeung Manetji ka Ratu Putri, ngundjukkeun lalampahan, tina asal-usul, tatag taja nu kaliwat, pangna tēpung Sang Putra saréng Sang Dewi, di Rēsi Ragatoja.

19. Sanggeus tamat Manetja Manetji, njaritakeun lalampahanana, digēntos ku Mantri Kuntjen, undjukan ka Ratnaju, pang pakantun dina wiati, lantaran kapiuhan, ku manténg kaemut, ka bodjo saréng ka anak, dugi ragrag mēnēr ka gunung patani, pajuneun Sang Pinutra.

20. Sanggeus tamat piundjukna Ginggi, Ratu Putri gumuju ngandika, ari ieu Patih djēbol, naon nu dipiundjuk, ka kērēsa atjeuk Pramanik, reudjeung ka Sang Pinutra, waktu barang tjunduk, ka bandjaran patanian, da geus tangtu paman tjarita ngadoni, mitnahkeun diri putra.

21. Arja Barak ngawangsul ka Putri, bo gamparan mugi lenggang manah, ulah aja sangka awon, margi pun paman istu, sakalintang nandangan pikir, marga kateu-wēratan, piundjuk nu hasud, mēnggah ka kērēsa raka, mitēnahkeun ka lēnggah gamparan jakti, tangtos raka mo' nganggap.

22. Tina margi diemutkeun pasti, manah raka Sang Pangeran Putra, raos ka andjeunna bae, nu dipitnah dihasud, kadangkala manahna malik, ka pun paman bēnduna, kitu nu diemut, kawuwuh aja tētēsan, nitis galih wawarti nu lintang wangi, waktos di djēro guha.

- 23 Ratu Putri imut djeung ngalahir, montong rehe omong taja tanda, da putra lain si Rohong, mun ěnja oge kitu, meureun aja sipating tjiri, bangsa surat sidĕman, nu luju nu mulus, ngawangsul Aria Barak, teu wantuneun margina ngadangu warti, ti Mantri Padjarangan.
24. Disĕbatkeun gamparan teh ahli, kukuh pĕngkuh nu lintang tampikan, nu mawi Pangeran Anom, manahna hĕnteu wantun, aringgiseun kana ditampik, kitu nu djadi marga, ngandika Ratnaju, djeung pasĕmon kakĕtjutan, da adatna Mantri kunjuk mah sok ahli, mawa karĕp sorangan.
25. Ginggi malik ka Aria Patih, bari njĕbat dunungan rai mah, beda djeung tĕdak Nji Rohong, kukutan kakang estu, leuwih tina tata lalaki, mun bogoh ngudag-ngudag, atawa ngarĕbut, ngawalon Aria Barak, ih Rohong mah kitu soteh salah tadi, dibere hate kuda.
26. Langkung-langkung Sang Ratu Putri djin, gumujuna ngadangu ki Arja, njarios pasal Nji Rohong, sarta teu lami njaur, reudjeung arek nanja nu sidik, nu matak sarerea, ka dieu tjarunduk, kawas aja kapĕrluan, hĕnteu lami diwangsul ku Arja Patih, pamariksa Sang Ratna.
27. Pang sadaja ka dieu dumugi, ngadeuheusan ka lĕnggah gamparan, jaktos aja pĕrlu abot, wireh ngĕmban pangdawuh, ti putrana Sang Maha Rĕsi, djĕnĕngan Sang Pursita, ka sadaja ngutus, dikĕdahkeun ngadeuheusan, ka pangĕrsa gamparan anu sajakti, dupi pĕrĕluna mah.
28. Sajaktosna dikĕdahkeun ngangkir, gamparan teh kĕdah enggal-enggal, lĕnggah ka bandjar patanen, wirehing langkung-langkung, tuang raka Dewi Pramanik, nandang kangangrĕs manah, dumugi ka ngangluh, nangis teu aja pĕtotna, hojong tĕpang sarĕng gamparan sajakti, dumugi ka luasna.
29. Wĕra pusing Sang Dewi Pramanik, ka salira Sang Radja Pinutra, dugi ngusir sina lolos, Sang Putra ti Sirkawur, dupi anu ngadjadi margi, pang diusir Sang Putra, wireh djadi tugu, halangan kĕrsa gamparan, bade linggih nĕpangan ka Sang Pramanik, wartos ti Patih Mandra.
30. Waktos ieu Sang Putra geus sĕpi, ti Sirkawur lolos luluasan, njalira teu njandak gandek, hĕnteu aja nu maphum, waktos djĕngkar Sang Nurasdjati, nu mawi kĕdah enggal, gamparan teh lungsur, nĕpangan salira raka, Sang Pramanik bok bilih tĕras ngadjadi, kana kabaluasan.
31. Sinarĕngan aja pasal deui, saembara Sang Dewi Pursita, bangsa sualan nu aheng, saha-saha nu maphum, tadjĕm ati gampang ngaharti, kana eusina soal, ku Pursita tangtu, digandjar sakahajangna, nu tumantjĕb dina salĕbĕting ati, eta buruhanana.

32. Mung sakitu pang sadaja dugi, ka pajuneun salira gamparan, bade ngankir nu sajaktos, Putri barang ngadangu, ka piundjuk Aria Patih, ngahulëng sadjongdjongan, dumugi teu njaur, bawaning ku kaget manah, ku ngadangu ngangluh Sang Dewi Pramanik, djeung Sang Putra teu aja.

33. Sang Putri djin njaur lëbët galih, bo tjilaka mun kaja kieu mah, boga watëk sangar goreng, nungtun kana sarusut, tjara watëk siluman iblis, djadi goda rantjana, tjeuk panjangka batur, tapi aing teu rumasa, boga tekad ngagoda ka Sang Pramanik, ngarah kusut manahna.

34. Njëbut soteh isin ëmbung panggih, djeung Sang Putra dumeh tatjan loma, wiwaha hate rumaos, sieun disëbut batur, sumolondo abong-abong djin, taja marga panalar, lir anak si Burus, turug-turug ënggeus loba, anu njaho kana asal-usul aing, pang kieu laku-lampah.

35. Tatapina ajeuna bët djadi, kakusutan Sang Dewi Sang Putra, ku djalanan aing mogog, ngadeuheus ka Sirkawur, ana kieu aing teh pasti, raga kana tumiba, ka babasan sëpuh, kasiku ku Sang Pinutra, djeung ku kërsa atjeuk Dewi Paramanik, aing pinasti tiwas.



Sinom

1. Teu lami Ratna Suminar, ngandika ka Barak Ginggi, putra leuwih nandang heran, anu hënteu aja tanding, ku pasal Sang Pramanik, reudjeung Sang Pangeran Sunu, marga kitu djadina, ku asal putra pribadi, lampah mogog hënteu wani ngadeuheusan.

2. Dumeh halangan ku era, nganggo didaramël dëlit, djadi tunggara warëra, silitundung siliusir, eta kana ngadjadi, geusan kaliwung kabingung, mënggah ka hate putra, tërkadang narik balai, kana raga ngambang di sagara sangar.

3. Tapi ajeuna mah putra, tinimbang kana balai, Sang Dewi sarëng Sang Putra, hënteu kalulusan galih, dugi pisah patëbih, lantaran tina sarusut, kadjéun putra nandangan, tigëbrus kana kaisin, dibelaan meungpeun bawaning ku era.

4. Kawuwuh Sang Radjaputra, di gunung Sirkawur sëpi, teu aja geusan kaera, ngadeuheus ka Sang Pramanik, babakti sëtya ati, kadua anu dimaksud, hajang geura manggihan, ka Pursita putra Rësi, anu boga saembara pasal soal.

5. Siga kumaha rupana, mana kotjak-kotjak teuing, boga rasa taja

lawan, njangking pikir taja tanding, nangtang ngadu pangarti, elmu sipat suluk ngeluk, babaran pasantrian, mērwintji pasal susutji, nu dipake angkeuhan kana sampurna.

6. Dipikir bēt kana mohal, hidji putri Pusērbumi, nu ngaran Ratna Suminar, sisip ati teu ngadjudi, kana pangodjah santri, asa dusun mun ngabisu, eungap kana ngadjawab, kana sindir tēpis wiring, elmu soal bidjilan ti pangalasan.

7. Haju bae ajeuna mah, ngadeuheus ka Sang Pramanik, hawatos bisi baluas, ngawangsul Aria Patih, njumanggakeun ka Putri, sarta teu lami Ratnaju, lungsur ti djumantara, diiring ku senapati, Barak Ginggi Endang Manetji Manetja.

8. Kotjap Sang Dewi harita, nudju masih keneh linggih, sarēng Sang Dewi Pursita, Arja Patih Mandrawati, Sang Pramanik ngalahir, bari dibarung gumuju, aji teh poma-poma, ka atjeuk ulah rek ngeumbing, dumeh aji ngadjalankeun kabohongan.

9. Sieun djadi pēpēntogan, nu geusan njangarkeun ati, raratan panjerewedan, tinangtu kana ngadjadi, langgēng nēpi ka ahir, disēbut si djuru palsu, atjeuk ku Adjēng Ratna, Dewi Pursita teu lami, ngawangsul gamparan pamuga-muga.

10. Ulah nadah manah rempan, ku diri abdi kakeumbing, tina pasal katjurangan, ngabohong ka Sang Putri djin, estu mohal teh teuing, abdi dugi kumawantun, kana pērtata njambat, ka lēnggah gamparan jakti, bagdja bahja abdi nu geusan nandangan.

11. Nadjan tjēgahan ulama, pahingan kaom muslimin, ngarēmpak pērtata tjurang, haram anu geus dipasti, mung abdi hēnteu gimir, ngadjalankeun rukun hirup, abdi wasta Pursita, sanes wali sanes mumin, purah odjah djadjakah lampah kipajah.

12. Dewi Pramanik ngandika, nuhun aji ēnggeus njangking, sipat rukun kaom dunja, pērtanda walagri ati, kuat kana pinanggih, ngandung liwung geusan ngungun, paja kana pērlaja, da atjeuk mah tatjan wani, ngawēnangkeun tata teu djeung kawēningan.

13. Tapi lain atjeuk tara, ngadjalankeun ati hiri, mindēng ngan lain ngahadja, ngabibit ti djēro ati, asal katarik-tarik, kabaud ku hawa hirup, tapi sanggeusna reuwas, bubuhan hina tur laip, teu kawagang rek lampah sawēnang-wēnang.

14. Ngawangsul Dewi Pursita, anu mawi abdi tigin, babakta odjahing raga, ka lēnggah gamparan jakti, teu aja sanes pikir, amung maksad laun-laun, nitis manah gamparan, ngantjik dina ati abdi, ngadjalankeun babaraning kasabaran.

15. Pandjang lamun ditjarita, wawartana Sang Pramanik, kotjap Sang Ratna Suminar, lungsurna tina wiati, harita enggeus sumping, ka puntjak gunung Sirkawur, enggeus ngadampal lëmah, sarëng sadaja nu ngiring, Ratu Putri ngadëg di bundëran këmbang.

16. Sang Adjëng Ratna Suminar, sëpi përtiti paranti, ilang tédak nu biasa, kasilih ku sëdih galih, sarta nu leuwih-leuwih, tumungkul niru nu lungguh, angkat anu përvatna, titih rintih andalëmi, nu dipëdar paningkah babaran sabar.

17. Alum ngungun pasëmonna, Sang Putri Pusëringbumi, liren hënteu këbat angkat, ngantos pangangkën pribumi, kotjap Dewi Pramanik, barang ningali ka pajun, kana bundëran këmbang, djadjaran malati gambir, kahalangan ku ros ergulo dalia.

18. Dewi Pramanik waspada, ka rai Sang Ratu Putri, enggal lungsur kana latar, mapag ka nu nëmbe sumping, wantu nu wëning galih, mawur saur anu luju, tédak nu leuwih gupjak, muru ka Sang Ratu Putri, bangun sono anu teu aja hinggana.

19. Geuning mustika Tolëngan, dulur atjeuk nu sajakti, tëtës saraga sanjawa, naha Adjëng tega teuing, ka atjeuk anu laip, teu muru njusul ku elmu, ngudag ku pangawasa, atjeuk dugi ka ririwit, da kapapas teu kiat lambat papisah.

20. Sang Adjëng Ratna Suminar, dirangkul ku Sang Pramanik, nangis murubut tjisotja, bawaning ku leuwih-leuwih, nandang kasëdih galih, këbëk salëbëting kalbu, nadah dikasonoan, paungku-ungku narangis, hënteu pëtöt sasambat sili rungruman.

21. Teu lami Ratna Suminar, ku Sang Dewi Paramanik, tëras ditjandak ka latar, tëpas pajun emper bumi, lalinggih dina korsi, Dewi Pursita nu ribut, ngurus baris njuguhna, bubuahan rupi-rupi, budidaja djëruk bali lalidjiwa.

22. Sang Dewi alon ngandika, ka rai Sang Ratu Putri, ati atjeuk sapaosna, salëbët pisah djeung aji, hënteu këndat samënit, ngandung kasëmang kaliwung, ari margana sëmang, atjeuk raos ngagilintjing, taja pikeun paheujeuk-heujeuk panangan.

23. Tina ku atjeuk karasa, kanjaah salira aji, nu teu aja sasamina, ka diri atjeuk pribadi, anu enggeus katampi, lamun ditimbang diitung, taja timbanganana, mënggah kabelaan aji, ngahandjatkeun tina saganing lara.

24. Atjeuk dugi bidjil tekad, kana kasub'ahan ati, leuwih njeorang baja wapat, tinimbang katitis tulis, kana papisah tëbih, sarëng aji anu istu, malah atjeuk panëda, ka Gusti Jang Maha Sutji, lajeut runtut dugi

ka alam aherat.

25. Mung atjeuk aja kaheran, mēnggah ku salira aji, nalika barang papisah, atjeuk dibantun Manetji, naon nu djadi margi, ka atjeuk aji teu njusul, atjeuk kantung ngēnēsna, ěnja ge aja di Rēsi, gaduh sangka atjeuk ku aji dibuang.

26. Ngawangsul Ratna Suminar, bari pasēmon nu isin, ěh atjeuk kantēnan pisan, atjeuk kagungan panggalih, mēnggah ka diri rai, kirang sumudjud satuhu, dina waktos harita, mung Gusti anu tingali, karepotan pangodjah raraga njawa.

27. Madhab papat teu kaliwat, laut daratan diungsi, mung kadar Jang Maha Sukma, pibajaeun diri rai, kana njorang prihatin, rai teh djudjul paněmu, atjeuk hěnteu kapěndak, rai dugi sisip budi, nadah sub'ah měnding raga njorang pědjah.

28. Amung rai sawangsulna, tumaros anu sajakti, nu djadi wiwitana-na, atjeuk kagungan sak galih, wantun nilar ka rai, lir aja kakusut kalbu, Sang Dewi ngawalonan, atjeuk rada susah ati, dipariksa raratan nu djadi asal.

29. Upami hojong uninga, kědah mariksa Manetji, marga eta anu těrang, ka pasal atjeuk teh tadi, margi nilar ka aji, teu lami Sang Ratu Aju, ka Manetji mariksa, pasal raratan Sang Dewi, hěnteu lami ěndang Manetji undjukan.

30. Něrangkeun asal-usulna, pangna ngabantun Sang Dewi, tatag taja nu kaliwat, wantuning diapik-apik, tamat Endang Manetji, piundjuk ka Ratu Aju, Adjěng Ratna ngadika, bari měntjrong ka Manetji, abong onom kalah ka bolotot mata.

31. Dewi Pramanik ngandika, ka rai Sang Ratu Putri, aji teh těras ka mana, sanggeus ka atjeuk milari, dumeuh hěnteu kapanggih, sarta di-sarangka pupus, teu lami Adjěng Ratna, undjukan ka Sang Pramanik, njarioskeun raratan lampah andjeunna.

32. Tatag taja nu kaliwat, ti barang ti těgal mulih, ka kota nagri Banuja, sartana kana dumugi, nangkěp Maha Narpati, Burusganur djuru těnung, dongkap kana ngabuka, sakur nu nandang tjotjobi, njo-rang bahja ku wisaja katěnungan.

33. Sarta dumugi ka mangsa, kaheměngan di wiati, ilang sugri nu disědja, kalěngěr dugi ka geubis, tina těngah wiati, ragrag kana puntjak gunung, pasantren Ragatoja, těrus ngudag Rohongguris, Ratu Putri ěnggeus tamat wawartana.

34. Dewi Pramanik mariksa, kumaha Sang Burus kening, ngawangsul Ratna Suminar, Burusganur kabur těbih, ajeuna tatjan kening,

tangtos ku rai ka pajun, disusul ka nagrina, ngandika Dewi Pramanik, Burusganur pandjang umur abong buta.

35. Tatapi rasa atjeuk mah, aji éntong djéngkar deui, ngudag ratu duruwiksa, éngke ge tangtos ku aji, Burus kapéndak deui, moal kantos hese njusul, ajeuna mah nu kédah, aji mugi tètès galih, ngangken dulur ka diri atjeuk nu hina.



Asmarandana

1. Ngawangsul Sang Ratu Putri, bari tumungkul ngalimba, dupi rai nu sajaktos, mung katur sadaja-daja, ngiringan sapangersa, miwah sewu-sewu nuhun, rai didamél wilajat.

2. Amung aja sapèrkawis, anu djadi karempanan, dugi djadi rëgëd hate, margi rai gaduh rasa, anu lintang nistana, karaos awon pangaruh, nandangan wirasat sangar.

3. Tina margi tadi nguping, ti paman Aria Barak, sarëng ti pun Mantri Kuntjen, salira atjeuk teh wëra, anu lintang pohara, dumugi pasah pakantun, sarëng raka Sang Pinutra.

4. Disébat nu djadi awit, pang dumugi ka kituna, lantaran rai pribados, teu tiasa ngadeuheusan, margi ku kaisinan, eta rai langkung paur, aringgis dina ahirna.

5. Kantënan kenging tjojjobi, kana geusan bahja hina, upami rai kabëndon, Dewi Pramanik ngandika, hal pèrkara eta mah, aji montong djadi ewuh, ku lantaran aja bedja.

6. Atjeuk kumawani ngusir, ka éngkangna Sang Pinutra, sina lolos tina djongok, lantaran atuh da bongon, osok djadi halangan ngaburungkeun nu rek tjunduk, mapalangan nu rek datang.

7. Mënding oge sina njingkir, misah tèmpat palënggahan, ngeser ti geusan rumentet, margi eta aji poma, ulah manah salëmpang, inggis kabëndon kasiku, kana geusan kahinaan.

8. Ajeuna mah nu digalih, geusan luas sasarëngan, bumela ulah kamandjon, da atjeuk ge moal gaplah, tangtu mulang tarima, ku tekad anu satuhu, sapantjër djeung sapantjuhan.

9. Imut tungkul Ratu Putri, bawaning ku antëb manah, raos kapepende hate, hënteu lami ngawangsuluan, mënggah diri rai mah, ti kapungkur ge teu suwung, kana pamaksad bumela.

10. Pramanik ngalahir deui, nuhun eta nu ditëda, ku atjeuk anu

sajaktos, anu mawi ajeuna mah, ulah djalingĕr manah, tjustjos ka nu hĕnteu puguh, njangka tjojr pangĕlodan.

11. Gumuju Sang Ratu Putri, ku ngadangu saur raka, ngagondjak satĕngah mĕntog, ku margi Sang Adjĕng Ratna, kalangkung rumaosna, nu kagungan saur kitu, nalika di djumantara.

12. Gantjangna anu digurit, saparantos sasauran, sipat babaran pamepes, pamupus kasungkan manah, Sang Dewi djeung Sang Ratna, kantun lujū garumuju, ngaleunggeuh di kabingahan.

13. Sang Ratu Putri ngalirik, ka nu keur haharĕgungan, dina dipan djĕro pangkeng, ditingali ku Sang Ratna, sidik teu samar manah, Rohong putra Maha Burus, Ratna Suminar ngandika.

14. Aeh bĕt si Rohongguris, sĕsĕgor kaja sakarat, naha masih tatjan kodjor, si rasĕksa purah maksa, hĕnteu boga rumasa, make hajang djadi maru, ka guru Ratna Suminar.

15. Sanadjan sakĕti warsi, raratan sajuta bulan, tatapa hajang kalakon, ka sipat lain lajakna, sia moal laksana, lamun masih aing hirup, ngalajang di pawĕngan.

16. Montong-montong sia djurig, bĕbĕngok kitu sopakna, biwir ge nuruban gado, putri manusa ge loba, anu meunang wiwirang, linglung geus poho digĕlung, ku teu kasorang kahajang.

17. Ajeuna mah sia pasti, ku aing dipindo tangan, ngarah tuluj djĕgĕr kodjor, bugangna keur padjarangan, ratjun Karang-panjiksaan, bongan sia teh tjulangung, teu ngunggang-ngunggang kahajang.

18. Dewi Pramanik ngalahir, ka rai Ratna Suminar, atjeuk teh sumĕdja naros, kumaha Rohong rek tĕras, ku aji dipaĕhan, Ratna Suminar ngawangsul, tangtos tĕras dipaĕhan.

19. Margi diemut ku rai, naon pidamĕleunana, teu pupuguh ngingu kelong, Dewi Pramanik ngandika, atjeuk oge mupakat, Rohongguris sina lampus, ku marga rasĕksa djahat.

20. Amung ulah gasik-gasik, urang palalikir heula, masing lĕnjĕp dina hate, ari nu djadi sababna, bisi dina ahirna, aja pikeun djadi galur, djalanan karahajuan.

21. Malah ku atjeuk kapikir, leuwih-leuwih nja utama, mangpaatna hirup Rohong, nĕrĕkab ka sarerea, pada meunang tĕrbuka, kahidji Rohong teh ngintun, tongtoneun di Padjarangan.

22. Kadua Rohong ngadjait, nĕpangkeun ka sĕpah asal, tĕrang jen manusa tulen, tilu nu djadi lantaran, njĕkĕl kautamaan, wĕruh kana udjung puhu, agama di kasutjian.

23. Malah atjeuk ge kabagi, anu katjipta ku rasa, mangpaatna Njai

Rohong, tĕrang dina kaajaan, pangeusi alam dunja, rugi-untung nu katimu, sumĕrĕp kana pangrasa.

24. Rugina nandang prihatin, anu ĕnggeus kalampahan, untungna parĕng tinĕmon, atjeuk djeung anu santosa, pohara bumelana, pĕntjaran Bumipingpitu, mustika Tolĕngtĕlĕngan.

25. Istu milik pilih tanding, daradjat taja bangsana, mungga djadi reugreug hate, ilang kabingbang karempaan, dina saibaratna, handjat darat turun laut, naon geusaning walurat.

26. Ku Ratu Putri kadjudi, raka rada ngahalangan, kana maehan Nji Rohong, kawuwuh ku Adjĕng Ratna, karaos saĕnjana, Rohong anu asal-usul, kana tĕrbuka sagala.

27. Ratna Suminar teu lami, tĕras ngawangsul ka raka, mĕnggah rai nu sajaktos, waktu ieu mung ngiringan, kana sugri pangĕrsa, sina hirup sina lampus, atjeuk nu mangkon timbangan.

28. Nadjan rai bĕngis ati, ngĕkĕlan maksad maehan, kana djiwana pun Rohong, rai teh moal tiasa, lamun teu karĕmpagan, ku galih atjeuk nu estu, ku djalan ditungtik asal.

29. Pramanik ngandika deui, kitu deui nadjan ĕnja, Rohong djahat djuru badjo, turunan kana nĕnungan, ĕnja bĕnĕr aja hak, kana dihukum digantung, anu nĕpi ka paehna.

30. Pasti ku atjeuk pribadi, ka kĕrsa aji dipenta, dipaksa pirusa bae, gawena keur panadaran, ka Manetji Manetja, buruhan nĕpungkeun wahju, gandjaran mawa tĕrbuka.

31. Teu lami Sang Aju Putri, gumuju djeung ngawangsuluan, duh Gusti istuning jaktos, anu lintang-lintang kĕdah, ka Manetji Manetja, nĕbus saur nu kapungkur, nĕbus pawarta katukang.

32. Djadi naha mun ku rai, tadi teu dianjan-anjan, nampiling beungeut pun Rohong, kantĕnan tumĕras pĕdjah, djadi kantun sĕsahna, hĕnteu aja baris buruh, ka pun Manetji Manetja.

33. Sang Dewi ngalahir deui, amung ajeuna kumaha, lamun Rohong tĕrus maot, lantaran leuwih ruksakna, atjeuk nu kantun sĕsah, tina sabab geus tinangtu, atjeuk burung panadaran.



Dangdanggula

1. Gantjangna teh ieu nu digurit, hĕnteu lami Sang Ratna Suminar, ngalirik bari njarios, ka nu aja di pungkur, Nji Manetja sarĕng Manetji,

Rohongguris ajeuna, ku maraneh kudu, gotong bawa ka buruan, sarta kudu maraneh sing taki-taki, paruntangan buukna.

2. Saparantos Manetja Manetji, dipiwarang ku Ratna Suminar, tēras Nji Rohong digotong, kana buruan pajun, ku Manetja sarēng Manetji, Rohong nangkarak bēngkang, sarta teu diutjul, ku Manetji djeung Manetja, ditjēkēlan buukna dibulat-beulit, ngarah leuwih pageuhna.

3. Hēnteu lami Sang Putri ngalahir, ka Manetji sarēng ka Manetja, gumentjrang langkung nongtoreng, kami arek tjatjatur, ku maraneh kudu karuping, tjaratēt dina rasa, tēgēsna sing njurup, kana raraga djeung njawa, waktu ieu kami rek nitiskeun djangdji, pasanggupan ka tukang.

4. Kami sarēng Sang Dewi Pramanik, ku lantaran laksana panēdja, tinēmon reudjeung kahojong, makbul anu dimaksud, ku pitulung asihing Gusti, Anu Maha Kawasa, ngabulkeun panuhun, ajeuna kudu tarima, ku maraneh ieu ngaran Rohongguris, Putri Pusērsagara.

5. Kaduana ku maraneh misti, mun geus datang tēpung djeung Rundjana, lantjeuk maraneh si djambrong, mostorna goreng patut, tjaritakeun masingna sidik, kana liang tjeulina, ka hareup tinangtu, diri kami arek datang, ka lēmburna karaton sagara keusik, ari anu disēdja.

6. Rek dipaksa Rundjana ku kami, sina njēkēl ilmu kanabian, sipat babaran kasutjen, lamun mungkir tinangtu, burak-barik Sagara-keusik, Rundjana dibabandan, djadi ransom ratjun, sakitu kami talatah, ngawangsulan Endang Manetja Manetji, tumut kana dawuhan.

7. Saparantos Sang Putri ngalahir, njandak tjupu minjak kawarasan, tēras diulaskeun bae, ku panangan Ratnaju, kana taar Nji Rohongguris, djeung njēbat hurip waras, saparantos tutup, kadaring Jang Maha Sukma, udjug-udjug ngoredjat Nji Rohongguris, tjageur dadak sakala.

8. Ngagurubug Endang Rohongguris, pageuh ngulēng Manetji Manetja, kana buuk Endang Rohong, Endang Manetji emut, kana tjai sotja Sang Dewi, anu bareto tea, tarekah Sang Wiku, patapaan Ragatoja, dibalurkeun kana beungeut Rohongguris, ku Manetji harita.

9. Saparantos dibalur tjitangis, Rohongguris njambat ka Rundjana, dibarung kētjap sesebred, aduh kakang nu sēgut, tihang tjabol kadeuleu teuing, dina djugrah-djigrahna, bari njawel budjur, astaga kakang bēt tega, ieu kuring maksad baris seba diri, sumangga hadjat awak.

10. Kedjo atah kuring hajang panggih, kambing alas nu monjong bangusna, kuring geura adjak dogong, hēnteu rek matjul sangu, moal kungsi diririh-ririh, kuring mērod sorangan, kana sili punggu, aduh kang geuwat-geuwat, kuring papag ku djampana tandu djoli, naon bae nu aja.

11. Ratu Putri nguping Rohongguris, sisindiran ka Ratu Rundjana, Sang Putri gumuju njëntor, ka anu ngagugulung, hajoh geura gubug sing gasik, bêt anggur ditaranggap, mun-mun matak lutju, sindir lukak matak tjua, abong-abong sesebred bidjilan djurig, bêt matak maruringkak.
12. Bari tēras ku Sang Ratu Putri, disampeurkeun djeung diamang-amang, dibobodo rek ditjabok, bari ditundjuk-tundjuk, Rohongguris barang ningali, ka Sang Ratna Suminar, ngagēbēg ngarandjug, tina sabab kasiéunan, Rohongguris biur ngēdjat ka wiati, Nji Manetji Manetja.
13. Hēnteu lesot ngulēng Rohongguris, wantu-wantu ngadjēnggut nu gimbal, batan lesot tangtu tjoplok, Nji Rohongguris tērus, ku Manetja djeung ku Manetji, diobeng dibawana, disered disurung, tjara ngagugulung domba, sarta kēbat ka nagri Sagara-keusik, gantjangna ēnggeus dongkap.
14. Barang gok teh Endang Rohongguris, djeung bebene Sri Maha Rundjana, udjug-udjug djogol bae, papukēt di kadatun, sili dēngkek gēlut pabeulit, bawaning kasonoan, Rohong sarēng Ratu, geugeut sarua bogohna, Rohongguris geus tētēp djadi Meswari, garwa Ratu Rundjana.
15. Nji Manetja sarēng Nji Manetji, langkung-langkung diasih ku raka, kawuwuh saderek tulen, digandjar ku Sang Ratu, dipaparin sabeulah nagri, njēkēl tanah djeung rajat, pangkatna Tumēnggung, duanana dibintangan, ēnggeus tētēp Endang Manetja Manetji, linggih di kamuljaan.
16. Tjatur deui Sang Ratna Sang Dewi, garumuju anu lintang gēnah, ningali taladjak Rohong, tina nēmbé tinēmu, Ratu Putri sarēng Sang Dewi, kana adat rasēksa, istu katalandjur, dina tata kaedanan, raos ningal pēta Rohong bodor badis, taladjak anu lukak.
17. Hēnteu lami Sang Dewi Pramanik, tēras deui ka Putri ngandika, atjeuk masih aja keneh, anu djadi kabingung, katamuan putra Burbani, djēnangan Sang Nurdjaman, aji oge tangtu, tērang di usul-asalna, pangna aja di ieu gunung patani, wartos ti bibi Mandra.
18. Pang ngadjadi kasusahan leuwih, tina marga Sang Putra Nurdjaman, sabidjil tina kodja teh, parnana langkung², kawas njorang peurah nu matih, dugi gēsēng rupana, tjara anu tutung, tēras ditambahan waras, jasa tjēngkat djagdjug sartana walagri, hēnteu aja tapakna.
19. Tatapina saparantos pulih, Sang Nurdjaman djadi tanpa daksa, ngadak-ngadak djadi torek, turug-turug ngabisu, landong-landong djampe teu matih, tēgēsna hēnteu mēntal, dibura ditiup, geura haju urang lajad, masing sidik naon anu djadi margi, pang kitu Sang Nurdjaman.
20. Hēnteu lami Sang Ratna Sang Dewi, tēras bae ngalajad Nur-

djaman, di djero kamar patamon, sarta harita nudju, Sang Pinutra Nurdjaman tjalik, henteu nganggo raksukan, patuangan nambru, tina sėdėp barang tuang, mahmah-mihmih taja kėndatna samėnit, liren mun kabeuratan.

21. Henteu tolih ku nandang kasakit, tjapek-rahem dina sadjong-djongan, dua turuj tjau ambon, kitu nu matak gėmburu, barang Ratu Putri ningali, langkung-langkung kagetna, gumuju djeung njaur, rėwog leuwih ti rasėksa, buta oge boga kasusah kanjėri, djeung boga kaseubeuhan.

22. Kawas-kawas aja anu njanding, karungrungan ku Batara Kala, nja djadi kalah ka lėbok, Sang Dewi ladjėng njaur, atjeuk bade naros ka aji, kumaha aji tėrang, ka ieu tatamu, atawana sangka manah, sugan aja pawarti hiliwir angin, ti anu njiar ngaran.

23. Ngawangsul Sang Ratu Putri djin, tėrang oge amung ku sangkaan, tapak raratan bareto, Mandrawati nu gaduh, kalakuan djadi paradji, utusan Radja buta, Burbani nu estu, amung rai rada hamham, tėtės ngangkėn dina ati sanubari, ka ieu Sang Nurdjaman.

24. Dupi marga rai hamham ati, wireh tėrang di rupi nu kėmbar, anu umum tara geseh, saadėg sapatulu, dupi ieu mangga tingali, ku atjeuk sing pėrtela, adėg sarėng sėmu, istu kalintang tėbihna, lėbėt kana basa lir masrik ka magrib, ka rupi saderekna.

25. Sang Pramanik ka rai ngalahir, naha tėrang rupi saderekna, anu mawi njėbat geseh, Ratu Putri ngawangsul, bari sėmu nu langkung isin, rai tėrang meueusan, margi henteu husu, ukur paningal saliwat, Sang Pramanik ngalahir deui ka Putri, abong deui aji mah.

26. Kena-kena sanes sipat wargi, ka ģngkangna teu husu paningal, ukur saliwat sareret, saena aji kudu, titih-rintih mariksa apik, tingali salirana, bisi aja tatu, sipat raheut potong tulang, eta kitu nawiskeun nu sėtya ati, anu parantos lumbrah.

27. Mung ku atjeuk teu dipake pikir, waktu ieu da ģnggeus kaliwat, dipendekkeun pasti bae, dibarung sewu-sewu, kanuhunan ka Maha Sutji, tina geus sakiuna, salamėt rahaju, kaluar ti eta bahja, mung ajeuna atjeuk ka aji mėrėdih, nėda kėrna Allahna.

28. Kitu deui nadjan manah aji, nandang hamham dumeh teu sapa-sang, sarėng saderekna tulen, timburu kana palsu, tapi kadjeun sanadjan lain, saderek saėnjana, ģngkangna ka tamu, mung kėdah emut sing pandjang, da urang teh katitipan sipat wadjib, nulung ka nu tjilaka.

29. Marga eta aji teh pamugi, ku atjeuk teh ditėda lėdjarna, mėdarkeun manah nu saleh, mugı ieu tatamu, Sang Nurdjaman Putra Burbani,

ku aji dilandongan, atawa ku ilmu, bangsa dunga kawarasan, naon bae anu kira bakal matih, njehatkeun kasawatna.

30. Da atjeuk mah ngan wungkul hawatir, ka salira ieu Sang Nurdjaman, atjeuk kaduhung teu niten, kana sipating ilmu, djampe pikeun nawa nu gëring, istu rumasa pisan, taja hodjah napsu, adat waték ti bubudak, teu miruruh kana panalar pangarti, ajeuna handeueulna.

31. Ngawangsulana Sang Ratu Putri djin, hal përkawis atjeuk miwarangan, kédah ngadjampe nu torek, lolong sinarëng bisu, mënggah rai anu sajakti, kalintang teu sanggëmna, wirehing teu gaduh, ilmu baris ngadjampean, kasawatna ieu Sang Putra Burbani, margi nëmbëan mëndak.

32. Amung rai moal tuna pikir, ngihtiaran ka ieu Nurdjaman, nja bade ngilari bae, bangsa dukun nu lëpus, purah nawa anu ririwit, malah manawi rëmpag, sarëng atjeuk estu, ieu Sang Putra Nurdjaman, kédah pisan pioskeun kalajan gasik, ka nagara Ambarak.

33. Wireh dinja aja anu watjis, nu djënëngan Gëndarata tea, waspada tërusing raos, malah atjeuk ge maphum, waktos tępang di tégal kai, Guru Ratu Banuja, pasal ilmu nudjum, ku margi eta ajeuna, ieu tamu maksud rai nu sajakti, manawi atjeuk rëmpag.

34. Kédah bantuan ku pun Mandrawati, ka Ambarak sina dilandongan, ku sipat djampe pamake, panuhun rai kitu, tina margi teu aja deui, mënggah rai ilëngan, nu watjis nu lëpus, kadjabi Sang Gëndarata, djuru tawa kana sagala kasakit, tërang ubar-ubaran.

35. Ngawalonan Sang Dewi Pramanik, mungguh atjeuk teu rek ngalangkungan, nja kumaha aji bae, pasal ieu tatamu, Sang Pinutra nagri Burbani, bari sina tatamba, ka pinutra dukun, kota nagara Ambarak, eta anu ditëda ka kërsa aji, aja kahawatosna.



Pangkur

1. Saparantos gunëm warta, tëras bae Ratu Putri ngalahir, ka ki Mantri djuru ratjun, sarëng ka Patih Mandra, bibi sarëng paman Mantri Kuntjen kudu, iang ka nagri Ambarak, sarta kudu gasik-gasik.

2. Ari kapërluanana, mawa ieu putra Ratu Burbani, njuhunkeun marga pitulung, ka Raden Gëndarata, poe ieu kudu indit buru-buru, paman Mantri Padjarangan, sarëng bibi Mandrawati.

3. Djeung ieu bawa suratna, ka kërësa Gëndarata pribadi, ti kula

anu saestu, tapi paman Mantri mah, djeung bi Mandra kudu geuwat deui wangsul, ka dieu ulah rek élat, mun ku Gënda geus katampi.

4. Ginggi sarëng Patih Mandra, njumanggakeun ka kërsa Aju Putri, gantjangna anu ditjatur, Sang Pinutra Nurdjaman, tēras bae ku Mandrawati dipunggu, geus kaluar ti kamarna, bëlēsat ngambah wiati.

5. Ginggi nu ngiringkeunana, bari mawa surat ti Aju Putri, baris ka anu didjugdjug, tunda anu lumampah, tjatur deui Sang Dewi sarëng Ratnaju, sanggeus nginditkeun Nurdjaman, sami linggih dina korsi.

6. Dewi Pramanik ngandika, ka Sang Putri atjeuk rek naros deui, wireh aji geus misaur, hal Burusganur tea, disēbatkeun kabur njumput ka nu djauh, kaluar tina kalangan, tina kubëngan pradjurit.

7. Naha saur sajaktosna, atanapi saur nu lain-lain, atjeuk nēda anu husu, ari nu djadi sabab, pang atjeuk teh gaduh panaroson kitu, lantaran kirang përtjaja, Burus kabur ka nu tēbih.

8. Pang atjeuk hēnteu përtjaja, kamohalan Putri Pusëringbumi, kalesotan ku nu kitu, kapan ënggeus kawēntar, ana ngapung gantjang lir kilat malulu, kitu anu matak heran, ngupingkeun panglahir aji.

9. Sang Adjëng Ratna Suminar, ngawangsulana ka Sang Dewi Pramanik, bo atjeuk rai teu wantun, njanggakeun përundjukan, anu hēnteu disarëngan ku satuhu, upami teu përtjantën mah, sumangga sumpahan rai.

10. Dewi Pramanik ngandika, saupami lërës sasaur aji, jen Sang Ratu Burus kabur, iraha disusulna, da mo' sae diantëp dugi ka lapur, bok bilih djadi bajangan, ngarah dina awal-ahir.

11. Leuheung mun urang keur djaja, kasinungan ku ilmu nu sadjati, tēgēsna nudju rahaju, pasti kasalamëtan, tapi lamun urang dina waktu nudju, raga nandang pangapësan, pinasti nJORANG BALAH.

12. Ngawangsul Ratna Suminar, hal përkawis njusul Ratu Djaladri, emutan anu satuhu, dina waktos ajeuna, mung ngantosan dawuhan atjeuk nu estu, sanadjan dintën ajeuna, rai moal burung indit.

13. Barang eukeur sasauran, Sang Pramanik sarëng Sang Ratuputri, Sang Burusganur ngagërung, eundeur sapangëbonan, bari njëbut duh Batara kula tulung, nēda sihing marga padang, diri wiwitaning tadi.

14. Sang Adjëng Ratna Suminar, langkung-langkung nandangan kaget galih, ngadangu anu ngagërung, dumugi ka ngoredjat, tina marga andjeunna teu atjan maphum, da taja nu ngawartosan, jen Burusganur geus kenging.

15. Katurug-turug njimpëna, Burusganur di saung pipir bumi, ma-

lah kahalangan dapur, Ratna Suminar tēras, ka Sang Dewi tumaros djeung sēmu gugup, naon eta nu disada, ngawalon Dewi Pramanik.

16. Atjeuk hēnteu atjan tērang, di ngaranna anu ngagērēm tarik, duka singa duka maung, duka djin duka buta, mun hojong mah uninga mangga ka pungkur, lajad dina balandongan, kēdah tingali sing sidik.

17. Mangga sarēng atjeuk neang, kitu soteh bilih hojong tingali, ka rupa anu ngagērung, ngawangsul Adjēng Ratna, njumangakeun ka Sang Pramanik ka pungkur, teu lami Pramanik tēras, sarēng Sang Ratu Putri djin.

18. Diiring ku Arja Barak, barang sup teh Sang Dewi djeung Sang Putri, lumēbēt ka saung Burus, Ratu Putri waspada, hēnteu samar dina salēbēting kalbu, ka Ratu Pusērsagara, musuh anu keur dibērik.

19. Ngahulēng Ratna Suminar, djeung pasēmōn nu langkung nandang isin, ku Sang Dewi Putri Wiku, Sang Pramanik ngandika, tah nja ieu anu bieu teh ngagērung, tjobi ku aji tingalan, rupina masingna sidik.

20. Ieu teh naon bangsana, naha djurig bangsa siluman iblis, margi atjeuk tatjan maphum, tina nēmbean mēndak, kana bangsa anu sarupaning kitu, ngawangsul Ratna Suminar, alon bawaning ku isin.

21. Duh atjeuk rai panēda, ulah pandjang sēmbuni api-api, midamēl saur nu palsu, atjeuk mamandaluan, margi mohal ka eta djurig teu maphum, rai nu kantun isinna, ku lēpat panjanggēm tadi.

22. Dewi Pramanik ngandika, aji mugi ulah sumangka galih, kana omong atjeuk palsu, padahal sajaktosna, lain omong ukal-ekol nu teu patut, anu teu aja pedahna, sēmbuni mēnggah ka aji.

23. Lantaran atjeuk teu wērat, tigin ati kana hidji pērkawis, anu hēnteu atjan husu, tēgēsna masih hamham, lamun tatjan tētēs ati nu satuhu, moal wani-wani njēbat, kana ngaranna sadjati.

24. Ku marga kirang utama, taja saksi anu nērangkeun sidik, ngaranna anu saestu, kana ieu babandan, aja oge paman Arja Barakgirung, atjeuk tatjan bisa nganggap, pambēngan ku sapērkawis.

25. Wirehing aja nu njēbat, paman Barak masih lēbēt pērkawis, sakitu nu tatjan puguh, nudju nunggu putusan, lamun nurut atjeuk teh meureun kasēbut, pērtjaja ka saksi djahat, abong-abong harkat santri.

26. Sang Putri teu ngawangsulan, tina isin ku raka Sang Pramanik, kabētus ngupat kapungkur, mung imut bubudenna, djeung ngalirik ka Aria Barakgirung, bari njēbatkeun si Dorna, keur djēding teh laer biwir.

27. Barak hēnteu ngawangsulan, sarta risi tēras bēndu Sang Putri,

- tungkul bari ngohkoh batuk, kasëlëk ku kareuwas, Sang Pramanik imut sarta tēras njaur, ka Putri Ratna Suminar, tjobi sēbatkeun ku aji.
28. Ieu babandan teh saha, bangsa naon rasëksa atawa djin, Ratna Suminar ngawangsul, ieu teh sajaktosna, Ratu nagri Gujunglimbu Burusganur, bapana pun Rohong tea, udagan rai sajakti.
29. Amung rai sawangsulna, bade naros ka atjeuk nu sajakti, hal ieu pun Burusganur, kumaha saawitna, anu mawi aja di dieu tur ripuh, nangkarak taja dajana, rai njuhunkeun pawarti.
30. Sang Dewi Pramanik tēras, njarioskeun hal Sang Ratu Djaladri, pang aja di dinja ripuh, disēbut ku Sang Putra, ditibanan pangawasa elmu luhung, anu tjarang ngabogaan, lian ti pangkat sadjati.
31. Sang Adjëng Ratna Suminar, langkung-langkung lungse lëbëting galih, emut ka saur kapungkur, tjumonggah ka Sang Putra, wani-wani nangtang ngantjam maksud tarung, harita kantun reuwasna, anu hēnteu aja tanding.
32. Teu lami tēras undjukan, Ratu Putri ka Sang Dewi Pramanik, hal përkawis ieu Burus, ku rai teh ajeuna, disuhunkeun bade dihukum dibunuh, supados musna djiwana, dianggo parab wërëdjit.
33. Margi mun masih gumëlar, Burusganur aja di alam lahir, tangtos mawur elmu tēnung, njëbar ka mana-mana, djadi timbul sangar di alaming hirup, moal aja kaamanan, geusan ngërtakeun nagari.
34. Dewi Pramanik ngandika, rëmpag pisan atjeuk ka kërsa aji, baris ngahukum Sang Burus, marga nista awonna, ngadjalankeun lakulampah dëngki hasud, mētakeun elmu tēnungan, matak tjarëm sanagari.
35. Mung atjeuk laksa panëda, waktos ieu aji tong waka gasik, ngahukum Sang Burusganur, dupi nu djadi marga, pikir atjeuk langkung-langkung hēnteu nanggung, wireh sanes nu gaduh hak, nangkëp ieu Sang Djaladri.
36. Këdah aja idin heula, ti ëngkangna anu geus nangkëp tadi, nadjan aji asal-usul, nu kagungan udagan, saur aji sanes ti tjarita batur, djadi kirang sah ngangkëna, këdah aja saksi uni.



Sinom

1. Sang Adjëng Ratna Suminar, ngadangu saur Sang Dewi. anu sakitu paitna, istu teu nganggap teu nolih, amung ku Ratu Putri, teu didamël raheut kalbu, anggur tambah isinna, ku raka Dewi Pramanik.

batan pusing anggur tambah mideudeuhna.

2. Hēnteu lami ngawangsulana, Adjēng Ratna ka Sang Dewi, mēng-gah rai moal pisan, kukuh keukeuh maksud ati, amung sumēdja nampi, ka dawuhan atjeuk kitu, bade diesto pisan, sarēng rumaos teh teuing, kumawantun ngangkēn ka nu kirang sahna.

3. Sang Dewi Pramanik tēras, ka rai ngalahir deui, kieu bilih teu kamanah, margi atjeuk kumawani, nolak ka kērsa aji, bade maehan Sang Burus, tatjan aja idinan, ti ēngkangna nu sajakti, margi eta anu kagungan tangkēpan.

4. Ēngke ka atjeuk njeuseulna, tangtos njēbut kumawani, ngidinan kana maehan, djadi atjeuk anu njangking, tandēs marga kaisin, ku ēngkangna anu tangtu, kitu nu djadi marga, pang atjeuk nolak ka aji, hēnteu wantun milampah sawēnang-wēnang.

5. Haju bae ajeuna mah, di pajun urang lalinggih, badami ieu pēr-kara, njumanggakeun Sang Putri djin, ka raka Sang Pramanik, gantjangna anu ditjatur, Sang Dewi djeung Sang Ratna, lalinggih deui di bumi, dina korsi murub sami gumilangna.

6. Teu lami Ratna Suminar, ka raka undjukan dēmit, pasal waktos katiwasan, dina tēngahing wiati, ku sabab ku Sang Putri, hēnteu atjan dipiundjuk, hal kaleungitan djimat, tikēl balung ēmas kuning, kahajangna rasiyah paduduaan.

7. Harita nudju mangsana, hēnteu aja rentjang deui, lintang ti putri duaan, nadjan sasauran tarik, moal aja nu nguping, tangtu suwung nu ngadangu, Adjēng Ratna Suminar, tumungkul nu langkung isin, tras piundjuk rai ajeuna waktosna.

8. Ngundjukkeun sewu duduka, ka kērsa atjeuk sajakti, sadrah raga sarēng njawa, disiksik disēbit-sēbit, estu ihlas teh teuing, teu aja saudjung-rambut, marga kasukingian, ku margi rumaos rai, sakalintang abot nandangan kalēpat.

9. Sang Dewi enggal ngandika, eta pigaliheun aji, montong kēbat dipiwarta, ku atjeuk ēnggeus kaharti, awit hēnteu tarapti, kaleungitan tikēl balung, titipan atjeuk tea, djimat pusaka pradewi, pangaruhna nunggalkeun djeung para dewa.

10. Ti salira aji ilang, dugi musna tanpa lēbih, ari nu djadi margina, pangna eta djimat leungit, aji kagungan galih, mawur saur ka nu gaduh, ngantjam sakama-kama, padahal aja nu ngintip, ku nu boga sowara di djomantara.

11. Sang Adjēng Ratna Suminar, ngadangu saur Sang Dewi, ngadjēngok kalintang reuwas, dugi tjikaringēt bidjil, tina bawaning isin,

tumungkul barina njaur, dina lëbëting manah, kakara saumur hurip, aing nJORang wiwirang kieu rasana.

12. Tungtungna Ratna Suminar, bawaning ku ngangrës galih, raos apës nandang hina, nangis pajuneun Sang Dewi, hënteu jasa ngalahir, kabëndung ku liwung kalbu, naleukeum kana medja, Sang Putri kiamat galih, eueuriheun nangis nu lintang tērësna.

13. Teu lami mēdal sasambat, ka raka Dewi Pramanik, duh atjeuk rai sumangga, enggal-enggal hukum pati, usir ti alam lahir, ngaraos isin kalangkung, margi rumaos pisan, bēlang bajah gindi pikir, reueus ēdir murka lampah tur sumaah.

14. Nadjan rai lambat lampah, lumindjing di alam lahir, hënteu aja marga pedah, geusan sampurnaning ati, margi teu kiat njangking, rarambu napsu nu kusut, karuntjang ku rantjana, gogoda rērëgēd ati, anu ngadjak sulaja tina satia.

15. Dewi Pramanik ngandika, ka rai Sang Ratu Putri, alon margina katjandak, ku sungkawana Sang Putri, ēh aji mugi-mugi, ulah dianggo kaewuh, dugi mēdal tjisotja, katarik ku hawa galih, kërsa ngambah kana babaraning sub'ah.

16. Asa teu kēdah dianggap, kana kawēratana galih, ku dosa nu geus kalampah, lisan nu teu djeung pamilih, njatjampah ka sasami, teu kēdah dianggo ngangluh, marga aja landongna, nja eta ku sētya galih, dibuktikeun ku lisan mundut hampura.

17. Karana mohal katjida, mēnggah manusa nu tigin, kana rumawat agama, nungtik dirina pribadi, milari geusan sutji, piraku hënteu ngama'lum, tēgēsna ngahampura, amung duka upami djin, marga atjeuk tatjan tērang tabe'atna.

18. Kitu deui pasal djimat, nadjan nu atjeuk pribadi, mung atjeuk tatjan tiasa, nimbang ka salira aji, tina lantaran leungit, ku margi nge-mutkeun umum, sumawontēn djimatna, sanadjan atjeuk pribadi, waktu ieu kagungan Radja Pinutra.

19. Ku margi eta ajeuna, emutan atjeuk nu tigin, kumaha timbanganana, Sang Putra mēnggah ka aji, upami aja adil, tēgēsna teu djadi bēndu, eta anu ditēda, atjeuk ngiring bungah ati, miwah pudji nganuhunkeun ka Pangeran.

20. Lilir Sang Ratna Suminar, ngawangsul ka Sang Pramanik, eta anu lintang bērat, moal kaungkil ku ati, dupi nu djadi margi, kabëndung ku hënteu wantun, nadahan kaadjrihan, ngemutkeun rai teh sēpi, samudaja babaran hurmat tilawat.

21. Salēmpang lēpat pērtata, wantuning rai teu nolih, kana pasal

kalēmēsan, pikeun ngarēndahkeun diri, ku margi ti aalit, mung miruruh laku luhur, ngalap babasan kasar, paranti ngagungkeun diri, sarēng tata paranti di danalaga.

22. Dewi Pramanik ngandika, montong djadi rempan galih, ku dumeuh hēnteu ngalēmah, kana pērtiti nu luis, tēgēsna titih-rintih, ngajugakeun bangsa umum, haliah alam dunja, pangawasa Maha Sutji, ngabedakeun kaunggulan kaasoran.

23. Tina margi ēngkangna mah, tara dēlit tara sulit, ka djalma nu su'ul adab, amung hidji nu digalih, nu dianggap diasih, kadjabi ti lisan husu, basa nu tērus tērang, tērus reudjeung sanubari, nu kasēbut ati lisan tanpa beda.

24. Ngawangsul Ratna Suminar, ku margi ajeuna sēpi, raka Sang Radja Pinutra, sanggēm paman Arja Patih, iraha diri rai, dumeuheus njanggakeun pundjung, njēmbahkeun samudaja, kalēpat rērēgēd ati, ka pangērsa raka Sang Radja Pinutra.

25. Sarēng di mana lēnggahna, wirehing di dieu sēpi, Dewi Pramanik ngandika, asa pērtjajaan teuing, niginkeun nu teu sidik, mituhu ka nu teu husu, tapi bēnēr teu salah, panudingna paman Patih, ngan lolosna ti raga atjeuk sorangan.

26. Ngahulēng Ratna Suminar, ngadangu saur Sang Dewi, pasal Sang Radja Pinutra, pang sēwēngna ukur njingkir, ti salira Sang Dewi, kadjudina ku Ratnaju, ana kitu teu anggang, ti puntjak gunung patani, masih lēnggah di wēwēngkon bandjar karang.

27. Njaur salēbēting manah, naha paman Arja Patih, abong bangsa duruwiksa, bēt wani linjok ka aing, njēbut Sang Putra sēpi, lolos ti gunung Sirkawur, asal kasarusutan, sarēngan atjeuk Pramanik, ku djalanan disēbat djadi halangan.

28. Tapi paman Arja Barak, moal gana kumawani, kana ngalampahkeun tjurang, ngabohong ka diri aing, lamun euweuh nu mērih, ngadjurung tjatjatur palsu, njēbut sēwēng Sang Putra, mun kitu beunang dituding, ieu gunung kēbon sipat kabohongan.

29. Sang Dewi imut ngandika, tah eta panggalih aji, hēnteu djadi kalēpatan, sanadjan dilunda-landi, ngaran nu lain-lain, dimashurkeun gunung wadul, estu pantēs katjida, lantaran asal katitis, ku pangaruh hawa siluman-silēman.

30. Ngadjēngok Ratna Suminar, ngadangu saur Sang Dewi, reuwas lantaran kabuka, pangandika dina galih, ku raka Sang Pramanik, atuh wuwuh gimir kalbu, ku djalan waspadana, tērang ka nu gaib-gaib, paribasa wēruh sadurung winarah.

31. Kawuwuh leuwih isinna, ngadangu sindir Sang Dewi, mantès-keun, kana disébat, kana ngaran lain-lain, ieu gunung patani, mashur gunung kēbon wadul, katitis ku hawana, siluman-silēman iblis, manah Putri kalintang tampi raosna.
32. Amung Sang Ratna Suminar, wungkul rumaos djeung isin, ngalawan mah teu kaduga, ku margi Sang Aju Putri, gimirna ku Sang Dewi, raos djudjul langit pitu, sērēg buana alam, lain miris ulin-ulin, lain rempan lantaran aja pamalar.
33. Tētēs tandēs tina manah, bibit buit tina galih, pēpëntjaran tina njawa, sieunna Sang Ratna Putri, ku raka Sang Pramanik, lēbēt kana basa buhun, kabawa ka aherat, teu pulih nēpi ka batin, djadi langgēng iman kana kasieunan.
34. Atuh Sang Ratna Suminar, wungkul mēnēng teu ngalahir, di antara sadjongdjongan, bawaning ku ewuh galih, Sang Dewi njaur deui, asa hēnteu kēdah ewuh, ari arek ēnja mah, baris tjarios sadjati, ngababarkeun maksad anu saēnjana.
35. Sarēng bilih aji heran, dina salēbēting galih, ka nu boga kala-kuan, ngabohong ka kērsa aji, ku atjeuk rek diungsi, naon anu dipimaksud, pang wani kitu lampah, ngawangsul Sang Aju Putri, kēdah pisan margi njamplangkeun sadaja.



Asmarandana

1. Teu lami Dewi Pramanik, njaur ka Dewi Pursita, nu disaur teu talangke, norodjol enggal nēmonan, gek tjalik tjong sēmbahna, teu kantun ti tindak-tanduk, tatakrama kaputrian.
2. Dewi Pursita geus tjalik, dina dipan rada anggang, ti Sang Dewi Sang Pinutren, amung dina tandangna mah, anu taja karempaan, bear budi mawur sēmu, gumilēr ka tēngēn kiwa.
3. Imut Sang Dewi Pramanik, ningal ka Dewi Pursita, sarēng ka Ratu Pinutren, lantaran ku sapasangna, taja pisan gesehna, adēgan sarēng pamulu, malah kasangka sajuswa.
4. Kitu deui Ratu Putri, barang ningal ka Pursita, hookeun teu pētöt mēntjrong, sarta kawisaja manah, raos dipangimpenan, kawuwuh ku mēndung kalbu, nandangan dikadeudeuhan.
5. Tatapi lain ku marga, lantaran tērang sapasang, pang Putri manah deudeuh teh, ka eta Dewi Pursita, kawas-kawas galagat, dirung-

rungan ku karuhun, dilanglang ku para mojang.

6. Pursita nja kitu deui, ningal ka Ratna Suminar, neutep hēnteu pētōt-pētōt, asup kana parbisa, sotja kumēdep tasma, tungtungna kumēmbēng kalbu, lēlēb nadah kawēlasan.

7. Duanana teu ngalahir, ngan wungkul patingal-tingal, Pursita sarēng Sang Putren, sami manah kasinungan, ku hawa kawangian, sumurup ka djēro kalbu, ngadjadi hudjan tjisotja.

8. Istu nangis taja awit, lain ku sono ku kēlar, lain ku lara prihatos, lain ku djalan kagugat, Pursita djeung Sang Ratna, kawas aja anu njurup, lajadan sipat praarwah.

9. Dewi Pramanik ningali, kana polah nu duaan, Pursita djeung Sang Pinutren, narangis taja asalna, tjara kasarumahan, tingrampujuk sami njuuh, eueuriheun duanana.

10. Sagēdēran Sang Pramanik, ewuh salēbēting manah, ningal tata Sang Pinutren, sarēng rai Sang Pursita, naon nu djadi sabab, pangna narandangan kitu, narangis taja emutan.

11. Lami-lami Sang Pramanik, ngahartos kana margina, ku pangilēng dina raos, tatapina ku andjeunna, disidēm dina manah, kērsana ēngke di pajun, dipēdar di pagēlaran.

12. Teu lami Dewi Pramanik, ingkar tina palēnggahan, lengkah titih anu alon, ngantunkeun anu tērēsna, lēbēt ka pagulingan, pantona gantjang ditutup, nēpangan Radja Pinutra.

13. Radjaputra nudju linggih, bari njērat titi-mangsa, asal andjeunna pribados, lalakon anu kasorang, wantu purah ngalalar, kana sagala panēmu, sapandjang di pawēnangan.

14. Sang Radjaputra ngalahir, naha bēt waka ditilar, semah anu dipisono, Sang Pramanik ngawangsul, bari gumuju bingah, ngundjukkeun pērlampah tamu, tina sabarang dongkapna.

15. Sartana kana dumugi, Sang Ratna sarēng Pursita, tēpang djongok sili pēntjrong, tēras sami kawisaja, nandang katērēsnaan, taja pasal asal-usul, nu nungtun kana sungkawa.

16. Disēbat ajeuna masih, Sang Ratna sarēng Pursita, narangis teu atjan liren, Sang Radjaputra mariksa, sugan aja sababna, mohal tjeurik teu pupuguh, lamun taja tapak lampah.

17. Ngawangsul Dewi Pramanik, mangga ku gamparan lajad, hawatos bilih kadjaden, kana marga tētērasan, kana sipat sulaja, katutupan djalan kalbu, mēndung djadi kaliwungan.

18. Gantjangna anu digurit, Sang Pinutra sarēng garwa, saporantos tjatjarios, kaluar ti pagulingan, ngalajad nu keur nandang, linglung

kahemengan kalbu, tunggara hudjan tjisotja.

19. Sang Putra Nurasadjati, ngadeg majun kana medja djongok ka Sang Ratu Putren, nu langkung-langkung waspada, wantu taja halangan, mung pameunteu nu teu husu, margi njuuh kana medja.
20. Sang Putri henteu tingali, jen aja anu majunan, djongok Sang Pangeran Anom, bubuhan keur hemeng manah, kadua perkarana, sabab kana medja njuuh, tur kakembeng ku tjisotja.
21. Djongdjon Putri teu ngalirik, nangis teu aja lilirna, lir tata anu tinemon, djeung lara kanalangsaaan, Adjeng Ratna Suminar, ngan Pursita Putri Wiku, wantu pentjar Ragatoja.
22. Pudji djadi kulit daging, istigpar djadi raraga, nangisna harita aso, ngodjengkang ka pagulingan, bari njusutan sotja, isin ku Pangeran Sunu, ku nangis tanpa karana.
23. Dituturkeun ku Sang Dewi, bari disebatkeun hojah, nu ngimpen lain keur sare, nu gundam njaring ti beurang, Sang Pursita kalintang, isin dibarung gumuju, gumudjeng raos katjida.
24. Mariksa Dewi Pramanik, ka rai Dewi Pursita, aji teh bieu ku naon, nu djadi lantaranana, manah nandang teresna, bet nangis teu puguh-puguh, kawas aja marga asal.
25. Ku atjeuk henteu kaharti, bubuhan nembe mendakan, anu hate epesmeer, babari bedah tjisotja, tjöbi atjeuk wartosan, anu djadi asal-usul, nandangan kanalangsaaan.
26. Dewi Pursita teu lami, ka Sang Dewi ngawangsuluan, bari alangah-elengeh, karaos kawiwirangan, abdi duka kumaha, udjug-udjug leng teu emut, mung nalangsa nu karasa.
27. Dupi anu djadi awit, pang hate abdi nalangsa, ningal paroman Sang Putren, Sang Adjeng Ratna Suminar, duka nu djadi marga, udjug-udjug liwung linglung, ilang tangan pangawasa.
28. Dewi Pramanik ngalahir, tangtos moal samanea, pang galagat kitu oge, pasti aja balukarna, dina awal-ahirna, ruruhan para karuhun, raratan para sasaka.
29. Tapi teu kedah digalih, dipitjeungtjeum dipitjangtjam, pikeun balukarna mangke, mung ajeuna nu dimanah, muga enggal patepang, sareng puhu nu satuhu, pusaka asal ngajuga.
30. Pursita ngawangsul gasik, menggah piwedjang gamparan, ngedahkeun lugina hate, kalintang katampi pisan, amung paneda-neda, hibar gamparan nu estu njuburkeun kawiludjengan.
31. Sang Dewi ngalahir deui, ka rai Dewi Pursita, amung tjarios harewos, eh aji ajeuna mangga, urang ulin di tukang, di taman nu rada

singkur, ngamanggakeun Sang Pursita.

32. Teu lami Dewi Pramanik, kaluar saréng Pursita, angkatna ngé-tjēp alon, inggis kadangu ku raka, wantuning ngabongohan, lungsurna ti lawang pungkur, saréng Sang Dewi Pursita.

33. Amung pang kitu Sang Dewi, sanes marga murka manah, ka anu djadi tjaroge, bawaning ku kalenggangan, tētēs kasatiaan, bilih raka aja kalbu, miwēlas ka nu tērēsna.

34. Tangtos djadi kandég galih, halangan rempan ku garwa, upami andjeunna djongok, kadua anu dimanah, ku Sang Dewi harita, salémpang ku Ratna Aju, aringgis katētērasan.

35. Margi galih Sang Pramanik, ka Putri Ratna Suminar, asihna tētēs kadjaten, lain wēlas pupulasan, tur djēmbar pamalarna, teu suwung mundjung ka udjung, palaj paréng sapanutan.



Kinanti

1. Dewi Pramanik ngalantung, saréng rai Putri Rēsi, ngaronda sakur sajuran, pangeusi bandjar patani, pēpēk sugri pēpēlakan, titilarna Turna Turni.

2. Sang Radjaputra katjatur, ngadég pajuneun Sang Putri, neuteup teu aja pětotna, ditilik diulak-ilik, hojong katingal rupina, pameunteu Sang Aju Putri.

3. Manah Sang Pangeran Sunu, aja wani aja risi, wanina bongoh ti garwa, risina aringgis ngintip, meusmeus ngalirik ka kamar, bilih katingal ku rai.

4. Lami-lami mah kasurung, ku hawa djamak lalaki, ahli milampah lahlahan, katarik ku alam lahir, kakēnjang ku pawēnangan, bongoh ti garwa sok litjik.

5. Ratu Putri djongdjon njuuh, sarta masih keneh lali, nangis teu aja lireнна, ku Radjaputra ditjopi, diojag-ojag medjana, nu dipalar Putri tanghi.

6. Sarta diuwuh ku saur, harewos nu leuwih dēmit, eh kutan ieu teh saha, kawas sosotja wiati, mustika ti djumantara, wawangi turun ti langit.

7. Saur Sang Pinutra kitu, rungruman ka Sang Putri djin, amung hēnteu djadi waras, djongdjon njuuh bari mangis, Sang Putra Purnama Alam, ewuh salēbēting galih.

8. Lami-lami mah kaemut, pikeun tumbal Sang Putri djin, tēras ngudar tali rasa, djimat puluk Nursadjati, paranti ngahudang padang, ngageuing nu kurang eling.
9. Tēras ku Pangeran Sunu, dikēbutkeun ka nu nangis, sarta di-barēngan kadar, asihing Jang Maha Sutji, Sang Adjēng Ratna Suminar waras tina marga lali.
10. Suwung urut marga liwung, sēpi tjiri tina nangis, taja tapak tjisotjaan, geulisna leuwih ti tadi, gandang leuwih ti ka tukang, bati gumilang-gumēling.
11. Ngan kalbu rada lulungu, lumirik djeung ulak-ilik, djalingēr ka tēngēn-kiwa, masih rēmēng-rēmēng galih, paningal tjarangtjang tihang ka nu ngadēg tatjan sidik.
12. Paningal teu dipihusu, ngan sangka galih nu tigin, anu ngadēg marukanna, masih Sang Dewi Pramanik, marga teu ningal rarajna, kagembang ku larak-lirik.
13. Sang Radja Pinutra imut, ningal ka nu nēmbe tanghi, sarta kalangkung waspada, kana rupi Sang Putri djin, maksir djeung bari ngandika, dina salēbēting galih.
14. Pantēs lamun disusurup, pidulureun Nji Pramanik, kitu panggalih Sang Putra, mudjina ka Sang Putri djin, sarta nandang manah luas, lahlahan mēdal panglahir.
15. Haturan mustikaningsun, iraha sumping ti langit, tumiba ti awang-awang, tjing geura mitiskeun warti, mēdalkeun mustika lisan, bibit wawangining galih.
16. Saur Sang Putra sakitu, kadangu ku Sang Putri djin, sumarasat kana manah, njari dina sanubari, sumiak kana salira, mutuh djadi sinaring sih.
17. Lir tatit reret Ratnaju, dibarung ku njēdet galih, waspada tērang gumilang, hēnteu gumilir samēnit, neuteup nētēpkeun paningal, ka pameunteu Nursadjati.
18. Sang Radjaputra nja kitu, papēntjrong-pēntjrong djeung Putri, ngabēnkeun awasna sotja, tandingan pasidik-sidik, taja nu kasoran awas, taja nu sisip tingali.
19. Lami-lami Sang Ratnaju, tētēp paninglna sidik, sarta hēnteu samar manah, ka rupi nu ditingali, pērtela Sang Radjaputra, nu dipiisin ti tadi.
20. Ratna Suminar kalangkung, rampohpoj bawaning isin, tungkul hēnteu wērat tanggah, kantun gumilēr gumilir, ngageleng-geleng salēmpaj, imut katarik ku isin.

21. Larak-lirik henteu njaur, kasima ku nu ningali, elegete hojong njingkah, tatapi teu kiat indit, inggis dipëntjrong keur leumpang, kitu manah Sang Putri djin.
22. Tungtungna kapaksa lungguh, tětép linggih dina korsi, samar manah samar ragap, ngan reret anu teu ngantjik, kana pameunteu Sang Putra, bari kulasak-kulisik.
23. Ngadak² lungguh ampuh, lir titih nu saleh galih, kaja pértata nu sabar, sarta njaur dina galih, ih lalaki matak era, neuteup henteu euuh-euuh.
24. Lamun lain anu kitu, ngadéngklok méntjrong ka aing, pasti kana disurilam, kitu manah Sang Putri djin, bawaning ku tara tuman, tēpang saréng nu sagalih.
25. Teu lami Pangeran Sunu, ngalahir ka Sang Putri djin, kutan teh kieu rupana, ari pingitan wiati, élongan ti awang-awang, mustika Puséringbumi.
26. Éngkang katur sewu nuhun, nampi piwélas pangasih, anu taja sasamina, tandingna di alam lahir, éngkang dilajad ku Djuag, dibudjéng ti Pusérbumi.
27. Dikintun imut pangirut, simpèneun di sanubari, baris papaes pangrasa, didamél djimat paripih, paranti njinglar kasusah, pikeun njingkahkeun kasédih.
28. Mung éngkang ngantos pangintun, pawarti anu sadjati, sang-sangkeuneun dina rasa, kaitkeuneun dina ati, pikeun tumbal kawarasan, ngahudang hawa djasmani.
29. Mani éngkang késél nunggu, pupurian Ratu Putri, bét nēmbé sumping ajeuna, wuwuh nudju dawuh pahing, kapahing ku tērang siang, dilingling ku njaring budi.
30. Barang Sang Putri ngadangu, kana sugrining pawarti, rung-ruman Sang Radjaputra, gélénju imut nu manis, djeung pasémon pangajonan, tawis nu sami sumari.
31. Mung Putri henteu ngawangsul, ku lisan geusan mamanis, rarantan jen sapamalar, wintjikan tawis sagalih, kandég ku ngadég tjuriga, wantuning sanes paragi.
32. Kana ngatur saur luju, paranti mepende galih, tina margi salamina, ku Putri anu ditungtik, basa paranti pasea, pawarti pikeun toh pati.
33. Kitu margi teu ngawangsul, lantaran tatjan kadjudi, basa pikeun katjintaan, atuh harita Sang Putri, ngawalérna ka Sang Putra, wungkul ku pēta ku budi.

34. Sang Radjaputra gumuju, ningal pĕta Ratu Putri, njaur salĕbĕting manah, bĕt matak handjakal teuing, estu lĕbar ku geulisna, bĕt kabisana ngan seuri.
35. Sang Putra teu jasa mĕgung, ngagumudjĕngkeun ka Putri, tungtungna ka pagulingan, ngantunkeun Sang Ratu Putri, bari tĕras ngaĕntraan, ka rai Dewi Pramanik.



Dangdanggula

1. Sang Pramanik saparantos nampi, panjurna Sang Radja Pinutra, enggalna nĕmonan bae, sanggeus tĕpang seug njaur, Sang Pinutra ka Sang Pramanik, itu semah geus waras, ulah rek dikantun, djeung kudu sabisa-bisa, papatahan babasan panarik ati, ngahegarkeun pang-rasa.
2. Sang Pramanik gumuju ngalahir, kawas-kawas parantos dipĕtjak, ditjandak saur lulutjon, Sang Radjaputra njaur, asa hĕnteu kudu ditungtik, salah Njai sorangan, ninggalkeun tatamu, njajakeun ka diri ĕngkang, sina tugur njingareupan Nji Putri djin, didjurung kadjong-djonan.
3. Hĕnteu lamĭ Sang Dewi Pramanik, tĕras deui nĕpangan Sang Ratna, barang geus djongok marios, Sang Dewi ka Ratnaju, kasarĕngan ku budi manis, tĕdak kapatimahan, sadjatina laku, kumaha aji geus damang, mun geus damang atjeuk ngiring kĕti-kĕti, ka aji kanuhunan.
4. Ngawangsul Sang Ratu Putri djin, hibar atjeuk rai prantos sehat, nu kantun mung lungse hate, Dewi Pramanik njaur, saha anu nawa ka aji, pang aji enggal sehat, Sang Putri ngawangsul, duka rai kirang tĕrang, tina margi ku hĕnteu disidik-sidik, ka rupi djuru tumbal.
5. Njaur deui Sang Dewi Pramanik, saupami jaktos hĕnteu tĕrang, aji ka anu nawa teh, salaki atjeuk estu, putra Sang Sri Maha Narpati, Ratu nagri Riskomar, nu akur djeung tamu, Sang Putra Purnama Alam, aji oge bĕt sageuj teuing geus lali, ari dina manah mah.
6. Ratu Putri ngadangu panglahir, ti Sang Dewi disĕbatkeun mohal, lali ka Pangeran Anom, isinna langkung-langkung, tina margi sangka Sang Putri, tangtu geus kauninga, jen kaluar saur, anu hĕnteu tĕrus tĕrang, ngadjalankeun sĕmbuni ka Sang Pramanik, kitu manah Sang Ratna.
7. Dugi hĕnteu ngawangsul Sang Putri, tina margi ku rumaos lĕpat,

kantun alangah-elengeh, Dewi Pramanik tĕrus, njaur deui ka Sang Putri dĭin, tina aji geus tĕrang, ka Pangeran Sunu, ulah aja manah rempan, atawana isin nu baris ngadjadi, pamĕngan kana maksad.

8. Kapan aji pamaksadan tadi, ka ĕngkangna bade katur sĕtya, nawiskeun panggalih saleh, njahunkeun nu satuhu, hampurana ka kĕrsa aji, marga karumaosan, kaagĕngan luput, kumawantun ka ĕngkangna, bidjil lisan kalawan murkaning galih, ngantjam ti kaanggangan.

9. Kaduana ngundjukkeun balahi, kaleungitan tikĕl balung tea, titipan atjeuk bareto, tah eta nu sakitu, ku kĕrĕsa aji teh mugi, undjukkeun masing tĕrang, ulah rek dikĕmu, lir adat ka tukang-tukang, sok sĕmbuni asal katarik ku laip, era nĕrangkeunana.

10. Hĕnteu lami ngawangsul Sang Putri, njumanggakeun ka dawuhan raka, marĕk ka Pangeran Anom, gantjangna nu ditjatur, saparantos gunĕman warti, Dewi Pramanik tĕras, ka Pangeran Sunu, lĕbĕt kana pagulingan, Radjaputra ka rai ladjĕng ngalahir, tjing bedjaan anehna.

11. Ngawangsulana Sang Dewi Pramanik, tangtos seueur kaanehanana, lamun ditungtik ditetek, mung wungkul nu pĕrĕlu, Ratu Putri bieu ka abdi, njarios tĕrus tĕrang, bade katur undjuk, nu lintang marga pĕrluna, ka gamparan kitu sanggĕmna Nji Putri, ka abdi njariosna.

12. Radjaputra ka rai ngalahir, teu kaharti make aja odjah, anu pireu arek ngomong, Sang Pramanik ngawangsul, pireu soteh Nji Ratu Putri, saupami ditjandak, sasauran tipu, pawarta pangalap manah, aja pambrih kana piwĕlas pangasih, nu dipalar lĕdjarna.

13. Radjaputra ngalahir ka rai, kitu soteh itung-itung ngadjar, sina tĕtĕs bisa ngomong, geura ajeuna haju, urang wuruk basa nu mori, tĕgĕsna kalĕmĕsan, supaja ngabaku, kana undak-usuk basa, hĕnteu lami njumanggakeun Sang Pramanik, ka Sang Radja Pinutra.

14. Radjaputra sarĕng Sang Pramanik, geus lalĕnggah majunan Sang Ratna, Pursita tjakĕt Sang Putren, Aria Barakgirung, ngiring kĕmpĕl ka Putra-Putri, Sang Putri harita mah, hĕnteu pati tungkul, di pajuneun Radjaputra, kintĕn-kintĕn naekna satĕngah sĕtrip, ti tungkul tadi tea.

15. Mung pasĕmon harita nu leuwih, reret maling sadilak sakilat, kana pameunteu Sang Anom, lami-lami nja husu, kana rupi Sang Nursadjadi, pĕrtela gumilangna, dugi ngentjlong mantjur, katingalna ku Sang Ratna, sidik leuwih ti keur waktu djadi tjandi, di Djurungpadjarangan.

16. Kitu deui manahna Sang Putri, kairutna langkung ti ka tukang, dugi tata elegete, Dewi Pramanik imut, pura-pura hĕnteu tingali, ka polah nu sulaja, tina laku alur, kawuwuh rada dihadja, tina asih galih

Sang Dewi Pramanik, ka rai Adjëng Ratna.

17. Hënteu lami Sang Putra ngalahir, ka Putri djin Sang Ratna Suminar, ëngkang sumëdja tjarios, pasal nu langkung-langkung, waktos ieu gumbira pikir, anu tanpa hinggana, wirehing tinëmu, kalawan bag-djaning badan, nampi sihing Pangeran nu maha sutji, nu agung kawasana.

18. Dikadarkeun laksana nja diri, bisa tëpang sarëng nu santosa, sipatna Adjëng Pinutren, tina margina kitu, ëngkang katur sewu pinudji, nuhun nampi piwëlas, ti Adjëng nu estu, tawis lintang lenggang manah, kërsa sumping ngalajad nu hina laip, abot nja kabodoan.

19. Kaduana kadjabi ti nampi, kabingahan nu lintang muljana, ëngkang sumëdja tumaros, ka kërsa Adjëng istu, bilih bae aja panggalih, djabi tina ngalajad, kasëtyaan kalbu, Adjëng ka diri pun ëngkang, sinarëngan ka atjeukna Nji Pramanik, naon nu dipimanah.

20. Sang Putri djin ngadangu panglahir, pariksaan ti Radja Pinutra, abot salëbëting raos, dumugi renghap-randjug, ngilëng-ngilëng hënteu kadjudi, basa keur ngawangsul, ka Pangeran Sunu, djadi waktu harita mah, Sang Putri djin ngaraos kana ngadjadi, ratuning kabodoan.

21. Pangna hemëng Sang Ratu Putri djin, wantu watëk tëdak nu pudjaran, biasa baleg tampele, tapi Sang Ratu Aju, da bubuhan titising gusti, tërah sipat kusumah, tuturunan luhung, gampang tërbukaning padang, djeung dibarung ku hawa lahlahan galih, kana salah-bënërna.

22. Hënteu lami ngawangsul Sang Putri, sewu nuhun didamël kabingah, panglajad abdi pribados, samalihna piundjuk, diri abdi nu lintang laip, tjumonggah kirang tata, kasëbat teu patut, lumëbët kana babasan, sumolondo kirang duduga përojgi, hënteu aja wiwaha.

23. Mung katarik ku pangodjah ati, anu langkung gumantëng teu pëgat, satëngah mëniti teu porot, dupi nu djadi galur, ngagaduhan ati prihatin, anu lintang nistana, panutup kaewuh, mënggah dina karaosna, tina marga ngemutkeun saumur hurip, nëmbe abdi nandangan.

24. Radjaputra gumuju ngalahir, kawas aneh tjing mangga sing tatag, wawarti pasal prihatos, tëras Sang Ratna Aju, njarioskeun nu djadi awit, pang nandangan sungkawa, ku ngadjudjur napsu, kagoda rantjana manah, kumawantun ngantjam nangtang përang tanding, ka Sang Radja Pinutra.

25. Kaduana undjukanna Putri, leungit djimat tikël balung ëmas, kagungan garwa Sang Anom, eta anu sakitu, ku Sang Putri teu disëm-buni, ka Sang Radja Pinutra, taja nu kaliru, tërang salampah samanah, satjëplakna hënteu kurang hënteu leuwih, dipëdar sadajana.

26. Těras deui piundjuk Sang Putri, ka Sang Dewi sarěng ka Sang Putra, dibarung ngungun pasěmon, margi parantos maphum, galih atjeuk anu sajakti, sarěng galih gamparan, ka abdi nu estu, mangga abdi katur raga, sadrah pisan disiksik disěbit-sěbit, ditjatjag walang-walang.
27. Radjaputra sarěng Sang Pramanik, ngadangukeun tjarios Sang Ratna, sami garumuju bae, hěnteu djaradi běndu, anggur lutju ka Sang Putri djin, tina těrus těrangna, ngundjukkeun kaluput, sarta teu lami ngandika, Radjaputra dibarung pasěmon manis, ka Sang Ratna Suminar.
28. Tjariosan Adjěng nu sajakti, istu lutju nu taja hinggana, wiwitan Adjěng tiněmon, sarěng rantjana kalbu, anu narik kana tjotjobi, ilang kasatiaan, dugi mawur saur, ngantjam tekad ngabinasa, ngarah pati ka diri ěngkang pribadi, nangtang ngaděg prang djaja.
29. Mung ajeuna Adjěng malik galih, katitisan ku nu saěnjana, sipat panggalih kadjaten, njusul djalan rahaju, dugi bukti ka ěngkang sumping, mundut dipangaksana, tawis lenggang kalbu, Adjěng teh ka diri ěngkang, margi eta ěngkang nuhun laksa kěti, Adjěng babalik manah.
30. Sabalikna ěngkang nu sajakti, ka salira Adiěng ngahampura, kalawan hate nu saleh, dibarung ati tuhu, něda-něda ka Maha Sutji, Adjěng langgěng lenggangna, dibarung tiněmu, salamět dunja-aherat, mugi-mugi Adjěng teh engal pinanggih, sarěng baris panutan.
31. Sarěng Adjěng kaewuhan galih, kaleungitan tikěl balung djimat, titipan atjeuk bareto, eta ge montong ewuh, nadjan musna teu timu deui, dina waktu harita, ěngkang teh mananggung, moal djadi katěmpuhan, ku atjeukna těrus dipake pangadji, ongkos ka nu bumela.
32. Malah-malah masih tatjan mandjing, mahal keneh pangaos bumela, kadangkala numpang gěde, Ratu Putri ngawangsul, hal pěkawis eta pilahir, djimat dianggo ngupah, atanapi buruh, ka diri abdi nu hina, tina abdi dikadarkeun ku Jang Widi, bumela ka gamparan.
33. Amung abdi emutan nu tigin, lintang-lintang nandang teu raosna, awit tekad sosen-sosen, hajang bela tumutur, paribasa nadjan toh pati, hěnteu lěbar ku njawa, nadjan puput umur, ahir-ahir bět ditimbang, nganggo ongkos lir ka bangsa kaom kuli, abdi mah estu narah.
34. Saupami gamparan teh tigin, djimat ilang dikurupkeun upah, langkung sae abdi mios, ngilari tikěl balung, moal wěleh mun tjan ka-panggih, ngadadjah sabuana, moal wangsul-wangsul, upami tatjan ka-pěndak, djeung tinimbang nampi sipat parurugi, djalanan andon suka.

Sinom

1. Sang Dewi sarěng Sang Putra, ngadangu saur Sang Putri, gumudjěng kalintang bingah, sarta teu lami Sang Dewi, ka rai Ratu Putri, ngalahir dibarung imut, aji ulah pěrtjaja, karana mohal teh teuing, ngurup-ngurup barang leungit pake upah.
2. Kitu soteh ěngkangna mah, banjol ku bubuhan ahli, sok lulutjon ngareureuwas, ku margi eta pamugi, ulah didaměl galih, kana kaliwung kabingung, kadua pěrkarana, ulah djadi samar galih, dumeh djimat leungit di waktu harita.
3. Aji sing tigin pěrtjaja, ka djimat anu geus leungit, nadjan rupa sipat barang, nu teu katětěpan budi, tapi da geus dieusi, karungrungan ku pangaruh, kalawan kadar ing Jang, mohal kana musna leungit, masih atjeuk gumėlár di alam dunja.
4. Mung ajeuna nu ditěda, mungguh ku atjeuk pribadi, aji mugi lambat manah, magonan pěrsipat wěning, bumela nu sadjati, těgěsna anu satuhu, ka atjeuk ka ěngkangna, lir maksud basa kiwari, tětěs tanděs kana saraga sanjawa.
5. Nadjan atjeuk djeung ěngkangna, moal pinanggih djeung sisip, muntah hate kanjaahan, měnggah ka salira aji, malah pamugi-mugi, Gusti anu leuwih Agung, ngadarkeun raga urang, kana sabagdja samilik, rerentetan teu pisah sawawangunan.
6. Sakitu atjeuk paněda, anu tigin dina ati, ku aji pamuga-muga, surupkeun kana panggalih, masing tětěs sumari, malar laksana pamaksud, teu lami Sang Pinutra, ka Ratu Putri ngalahir, Adjěng ulah ka atjeukna rek maduan.
7. Imut Pramanik ngandika, ka rai Sang Ratu Putri, tah geuning aja sambungan, ti ěngkangna tawis sami, pada miwėlas asih, kadangkala kana langkung, ngandika Radjaputra, ěngkang teh ngadjungdjung Njai, ngutamakeun pantěs rek leuwih mupakat.
8. Ngawansul Ratna Suminar, ka Sang Dewi Paramanik, raos dawuhan atjeuk mah, teu matak djadi mareulit, istu saur sadjati, teu ngusutkeun pikir batur, gumuju Radjaputra, bari ngalahir ka Putri, komo djaga lajeut kana sili alap.
9. Gantjangna nu ditjarita, těras deui Ratu Putri, tumaros ka raka-raka, sarěng waktos tadi abdi, parantos nampi warti, ti Aria Barakgi-

rung, aja nu wani nangtang, ngabénkeun pangeusi ati, nu kasébat suluk atawa siloka.

10. Ku margi eta ajeuna, disuhunkeun sina tjalik, sina djongok antël dada, diadu pangarti silib, sipat nu muskil-muskil, paněmu buhun nu ruhun, Dewi Pramanik tēras, ngalahir ka Sang Putri djin, sarta bari nuduhkeun ka Sang Pursita.

11. Pěrkara nu baris njual, mēnggah ka salira aji, bēt moal kungsi diondang, tah eta gedengeun aji, sarěng mun teu tingali, eta putra ama Wiku, Pasantren Ragatoja, kakasihna nu sajakti, nu kamashur kasébat Dewi Pursita.

12. Tapi ku atjeuk ditjaram, ulah njual ku pribadi, atjeuk anu ngawakilan, mere سوالان ka aji, ngawangsul Ratu Putri, teu katji upami kitu, abdi anu teu wěrat, pasti abdi anu sisip, lěbět basa saluhur-luhurna taktak.

13. Moal ngaluhuran sirah, nadjan rai tētēs ati, kana siloka سوالان, tangtos bae kana sisip, dupi nu djadi margi, karurub ku hěnteu wantun, ku djalan sanes lajak, pasti katindih ku isin, pěrwatěkna kana galat pondok akal.

14. Amung upami jaktos mah, atjeuk anu djadi wakil, ngawakilan pun Pursita, atuh abdi oge wadjib, kana midaměl wakil, nu baris ngawalon suluk, atjeuk teu kenging nolak, ajeuna rai rek wakil, ka pangěrsa djěng raka Radja Pinutra.

15. Dewi Pramanik ngandika, bari gumuju nu manis, tah eta suluk Pursita, ku aji gampil kadjudi, sabab asal digalih, tangtos ěngkangna nu unggul, eta djadi pěrtanda, pangarti ngaran Pramanik, sahandapeun pangarti Radja Pinutra.

16. Tatapi naon margina, bēt aji tibalik galih, ngalarap lěpat raratan, ari ka atjeuk mah muhit, dumugi mudja-mudji, waktu padjauh miruruh, deukeut abot meumeutna, aja basa hěnteu wani, dipisambat disangka boga karamat.

17. Tapi ari ka ěngkangna, gana-gana agěng galih, rek mēgatkeun djalan asal, atuh pinasti balai, moal kana pinanggih, reudjeung geusaning rahaju, djadi taja pedahna, beunang top raga tjul pati, da kasinglar ku sipat rantjana manah.

18. Anu mawi ajeuna mah, aji ulah deui-deui, lěpat raprapaning manah, sabab pikir atjeuk risi, lamun tigin dituding, ngandung paněmu nu luhung, saluhureun ěngkangna, mun kitu atjeuk pinasti, njorang tiwas kasiku sangar pangrasa.

19. Sang Radjaputra ngandika, ka garwa sarěng ka Putri, edas aja

bararisa, ngatur pasal awal-ahir, estu lalangsar ati, Dewi Pramanik gumuju, djeung bari ngawangsulun, nuhun kaanggap ku galih, pangna nganggap tawisna sami pamalar.

20. Barang keur sami wawarta, Sang Putra djeung para Putri, papagon kasětya manah, Sang Burus ngagěrung deui, lir sora singa badis, geueuman puntjak Sirkawur, sarta leuwih pěrtela, njambat ka Sang Nursadjati, tobat kana mundut dihampura dosa

21. Sang Radjaputra ngandika, ka garwa sarěng ka Putri, tjing haju urang tareang, Sri Maha Ratu Djaladri, njumanggakeun praputri, teu lami Sang Putra těrus, angkat ka balandongan, sarěng Sang Dewi Sang Putri, hěnteu kantun Patih Barak djeung Pursita.

22. Barang Ratu Burus ningal, ka Sang Putra Nursadjati, kalawan kadar Jang Sukma, ngadadak harita eling, těrang ka putra putri, ngan salira anu lumpuh, hěnteu iasa tjěngkat, mung paninggal anu sidik, sarta manah elingna tjara biasa.

23. Ningali ka Adjěng Ratna, ngagěrung Sang Burus nangis, tina bawaning sieunna, patěpang sarěng Sang Putri, nu purah tara adil, manahna Sang Burusganur, pinasti njorang kadar, nadah kana raga pati, keur bumětah magonan haliah dunja.

24. Turug² Adjěng Ratna, ka Ratu Burus ngalahir, sarta reudjeung kakěrasan, biasa tata paranti, anu taja kagimir, eh děděmit Gujunglimbu, setan dasar sagara, montong humarěgung tjeurik, kawas lain duruwiksa bolongkotan.

25. Nadjan tjeurik gagauran, moal aja anu asih, wani nulung ngahalangan, njalamětkeun kana diri, anggur sing tigin ati, sadrah kana pondok umur, sabab něpi ka mangsa, maneh teh dihukum pati, ku nu ngaran Ratna Suminar Tolěngan.

26. Pangandika Adjěng Ratna, kadangu ku Sang Djaladri, jen andjeunna kana bakal, dibalěs pati ku Putri, Sang Burus gěrung deui, njambat ka Pangeran Sunu, aduh mustikaningrat, Purnama Alam raspati, ama něda sih piwělas pangaksama.

27. Samemeh ama tumiba, kana raga njorang pati, ama něda marga padang, sasaka mustika ati, langgěng lenggang duměling, kitu saurna Sang Burus, kadangu ku Sang Putra, sumurup kana panggalih, langkunglangkung Sang Radja Putra wělasna.

28. Kuměmběng mědal tjisotja, bawaning hawatos leuwih, ari nu djadi margana, pang Sang Putra ngiring sědih, lantaran ku kagalih, sasambatna Ratu Burus, bangsa rasěksa murka, kasěbut rěrěgěd bumi, aja tekad kana sipat marga padang.

29. Pangkat mustikaning rasa, babaran sukma sadjati, langgëng kalengganganana, bibit walagrining ati, anu diririh-ririh, ku Sang Ratu Burusganur, digalih ku Sang Putra, komo nu turunan njangking, kana kaom babaraning kanabian.
30. Jen kuduna aja tekad, kana kasutjian ati, pëdaran tina agama, tuturan ti para Nabi, tjatjakan asal musrik, bët aja tekad rek husu, kana djalan sampurna, kitu anu dipigalih, sarta djadi abot kawëlasanana.
31. Djeung kadua përkarana, anu tëtës dipigalih, ku Sang Pangeran Pinutra, wirehing Ratu Djaladri, mundut dipangaksami, urut laku anu luput, tandana tumarima, Sri Maha Ratu Djaladri, boga dosa sarta diwadjibkeun tobat.
32. Lamun anu gëde dosa, tumarima dina ati, tuluj milampah përtobat, sarta dibarëngan tigin, tégësna husu ati, eta nu kasëbut alus, tatapi lamun aja, anu tekadna teu nolih, atawana teu ngampura kana tobat.
33. Eta nu djadi tuturan, kana sipat murka ati, pasangaran raganjawa, meunang bëbëndon Jang Widi, djeung ti kabeh pranabi, manah Sang Pinutra kitu, sarta harita tëras, Sang Radjaputra ngalahir, ka Sang Dewi sarëng sadaja prarentjang.
34. Ajeuna ku sarerea, rek menta tjarita jakin, anu tërus djeung pangrasa, nu tjëngëng hënteu gumingsir, sabab ieu Sang Adji, Maha Ratu Gujunglimbu, tangtu ku sarerea, pamundutna kakaruping, jen sasambat mërih tuduh marga padang.
35. Kadua mundut hampura, ka nu ngaran Nursadjati, tah eta menta mupakat, anu tërus reudjeung ati, nu lajak sarta adil, naha pungpang naha turut, mundutna dihampura, mun diturut pasti hurip, mun dipungpang tinangtu bahja njawana.



Asmarandana

1. Sang Dewi sarëng Sang Putri, Sang Pursita Arja Barak, nampi lahiran Sang Anom, mundut odjahing pikiran, pasal dina mupakat, jen Sri Maha Gujunglimbu, mundut dihampura dosa.
2. Hënteu lami tilu putri, kaopat Aria Barak, ngawangsulana ka Sang Anom, sami njëbat hënteu këdah, Sang Burus dihampura, malah këdah tëras hukum, sina antjur raragana.
3. Lantaran ku agëng teuing, Sang Burusganur dosana, djalma laksa² këten, nu parantos dibinasa, bangsa ratu djeung rajat, ditënung

diganti patut, didjieun warnaning rupa.

4. Mun hēnteu dihukum pati, tinangtos njangarkeun djaman, moal aja beres-roes, ngaruksak di kakërtaan, kaamanan nagara, numpurkeun kana rahaju, njuparkeun kawalujaan.

5. Sang Putra mariksa deui, eta tekad saēnjana, anu taja surser hate, jen tjēngēng hēnteu mupakat, tjoba menta walonan, sadajana ngawarangsul, tigin kana teu mupakat.

6. Imut Sang Putra ngalahir, eta maksud sarerea, Nji Pramanik djeung Nji Putren, Pursita Aria Barak, istu taja salahna, ngagunggung napsu nu hurung, tibēlat ka hawa dunja.

7. Tapi lantaran Sang Adji, Ratu Dasaring-sagara, mundutna di-hampura teh, ka ngaran Purnama Alam, lain ka maranehna, ana kitu anu kudu, tekad njanggakeun hampura.

8. Anu disambat dipērih, buktina Purnama Alam, wadjib kana hate saleh, lantaran ngudag tuturan, anu teu ngahampura, ka djalma nu sanduk-sanduk, dibēndon ku Maha Mulja.

9. Ku sabab eta pinasti, Purnama Alam sorangan, nu arek ngahampura teh, kana dosana Sri Nata, Ratu Dasarsagara, mo' beunang diharu-haru, maraneh mah kuma' dinja.

10. Maraksud ngahukum pati, ka Ratu Dasarsagara, bela pati ka pratatong, anu ēnggeus dibinasa, tjeuk bedja tatjan njata, tjeuk tjatur ti batur-batur, nampa udjar piluaran.

11. Barang Sang Dewi Sang Putri, Pursita Aria Barak, ngadangu saur Sang Anom, sulaja djeung sadajana, sami ewuh manahna, ngan Dewi Pramanik imut, sarta tēras ngawangsul.

12. Kumaha atuh da wadjib, numpēs sipat hawa sangar, kana geusan bahja abot, malah emutan abdi mah, upami hēnteu lēpat, sami-sami kana rudjuk, sarēng agama drigama.

13. Malah santri tēpis wiring, anu kēkēl kana bedja, sok radjeun oge njarios, saha-saha nu milampah, wani maehan oraj, eta teh kana tinangtu, kengingna gandjaran sunat.

14. Sang Radjaputra ngalahir, tekad Njai mo' ditjēla, nja kumaha dinja bae, da ari tjipta ēngkang mah, anu geus kapirasa, rek tuhu tjonto ka mahluk, sугan tērus djeung nu paham.

15. Ari Njai bēt dipilih, ngan wungkul maehan oraj, nu bakal meunang sunat teh, ari maung reudjeung singa, atawana buhaja, lamun di-tēmpuh dibunuh, naha hēnteu meunang sunat.

16. ēngkang mah nu dipitigin, ka sakabeh damēl Allah, anu hade anu goreng, anu bageur anu galak, ku ēngkang dipitjinta, lamun ma-

nehna geus husu, maksud kana kabageuran.

17. Tjara ieu Sang Djaladri, bĕnĕr djadi uru-ara, dipigujur dipigendjong, tatapi ajeuna aja, tjarios kasĕtyaan, maksud njusul nu rahaju, tobat narimakeun dosa.

18. Kitu deui mun tarigin, maksud kana ngahukuman, ka ieu Sang Maha Katong, moal kana dihalangan, tapi ĕngke heulaan, ulah waka rusuh-rusuh, sabab ku Purnama Alam.

19. Ieu Sang Ratu Djaladri, rek digugu pamundutna, hampura hate nu saleh, lamun ĕnggeus dihampura, hade ku sarerea, hukuman masingna lampus, lamun bĕnĕr bararisa.

20. Hĕnteu lami para Putri, njumanggakeun ka Sang Putra, gantjangna nu ditjarios, tĕras Sang Radja Pinutra, dĕku nu tata hurmat, sarta dibarung piundjuk, ka Ratu Dasarsagara.

21. Abdi Gusti laksa kĕti, mĕnggah kondjuk kanuhunan, ka dampal Gusti sajaktos, margi lintang kabingahan, anu tanpi samina, wireh dampal Gusti mundut, ka abdi Gusti hampura.

22. Abdi Gusti tjaos ati, sipat marga kasĕtyaan, tumetes ti hate saleh, abdi Gusti sawangsulna, njuhunkeun pangaksama, galih dampal Gusti estu, nu lintang lenggang gumilang.

23. Barang Sang Ratu Djaladri, ngadangu piundjuk putra, kalawan kadar Jang Manon, tĕras waras sarta gugah, hĕnteu aja tapakna, tjirina nu mĕntas ripuh, taja tanda urut parna.

24. Tapi saparantos linggih, Sang Ratu Dasarsagara, damĕlna ngahulĕng bae, di antara sadjongdjongan, hĕnteu pisan wawarta, raosna linglung mangpaung, leungit kasaktianana.

25. Ilmu panĕmuna lali, pangawasa ilang musna, djadi leuwih nandang bodo, Sang Ratu Dasarsagara, dina waktu harita, sumawonna bisa ngapung, djampe tutung ge teu bisa.

26. Barang Sang Ratu ningali, ka Radjaputra Purnama, ngarangkul sartana mangkon, dipunggu ditimang-timang, Sang Putra ku Sang Radja, kaluar ti djĕro saung, bari teu liren ngagakgak.

27. Sarta teu lami ngalahir, ama nuhun dihampura, ku Raden mustika hate, tanda djĕmbar kawĕlasan, Raden ka diri ama, ama ajeuna rek kaul, mulang tarima ku tekad.

28. Karĕp kana balik pikir, kalawan saksi djawata, para kadewan-kadĕwen, ama sĕdja sĕrah badan, ka Raden kumawula, tumut di bawah pangdawuh, sartana sĕrah nagara.

29. Ngawangsul Sang Nursadjati, hal pĕrkawis pangandika, dampal Gusti nu sajaktos, abdi Gusti hĕnteu atjan, wantun waktos ajeuna,

nampi dawuhan sakitu, dupi nu djadi margina.

30. Sanes dina tempat linggih, nu lintang kautamian, sémēt pangrewong prihatos, ku margi eta ajeuna, dampal Gusti sumangga, linggih miwah husu kalbu, sěwěng marga kaheměngan.

31. Teu lami Sang Sri Narpati, sarěng Sang Radja Pinutra, djeung sadaja para Putren, di latar pajun lalěnggah, dina korsi sadaja, Barakgirung hěnteu kantun, ngadeuheus ka Sang Sri Nata.

32. Barang geus tětěp lalinggih, Arja Barakgirung těras, mundjungan ka Sang Narpatos, ngarawu sampeanana, njuhunkeun dihampura, urut tadi kumawantun, tarung rame taroh njawa.

33. Sri Maha Ratu Djaladri, ngarangkul ka Arja Barak, tina bawaning ku sono, sami mēdarkeun satia, sili hampura dosa, Ratu sarěng Barakgirung, kasaksi ku Putri-Putra.



Dangdanggula

1. Sang Pramanik sarěng Sang Putri djin, sinarěngan Sang Dewi Pursita, linggih pungkureun Sang Anom, Sami pasěmon mēsum, sumawontěn Sang Ratu Putri, Adjěng Ratna Suminar, langkung teu panudju, ka Sang Pangeran Pinutra, tina margi kaeggalan teuing asih, ngahampura nu djahat.

2. Kitu manah Sang Ratu Putri djin, sarta langkung guměrėgět manah, mani hojong djěbot bae, nampiling Ratu Burus, tina hěnteu laksana tadi, kana iasa newak, ka Sang Gujunglimbu, raosna kalintang wirang, da geus tangtu kana kasurak kawarti, mashur ka sabuana.

3. Anu djadi karisi Sang Putri, djadi tjambal tjamplang pangabaran, pasti loba nu miwanen, galih Sang Putri kitu, ari eta Dewi Pramanik, pangnjėbat teu mupakat, ka kěrsa Sang Sunu, kahojongna ulah waka, dihampura Sang Ratu nagri Djaladri, mun sanes di nagara.

4. Nu dipalar sami taringali, ratu-ratu djeung kabeh prarajat, Burus ditongton ngadjolor, tangtu pada njarėbut, djuru těnung Ratu Djaladri, ruksak taja dajana, dumugi ka lampus, kengingna ku pangawasa, kaluhungan Sang Putra Nurasadjati, těrah Ratu Riskomar.

5. Tangtu kana gumujur kawarti, kaluhungan Sang Radja Pinutra, kasohor ka para katong, ahirna kana tangtu, dipiserab tur dipigimir, ku ratu sabuana, nėguhkeun rahaju, salamina moal aja, nu ngahina njatjampah ngalindih nagri, timbul kasalamėtan.

6. Eta kitu palamar Sang Dewi, satadina anu dipimanah, hojong ngadjungdjung tjaroge, amung harita burung, ku panolak Sang Nursadjati, njata ku hampurana, ka Sang Ratu Burus, ari Sang Dewi Pur-sita, taja maksud mung bubuhan pada istri, wadjib samupakatan.

7. Ari Patih pang ngiring ka Putri, teu mupakat kana ngahampura, bawaning ku sieun bae, ku tandang Ratna Aju, wantu adat Sang Ratu Putri, taja adil timbangan, teu tjara Sang Sunu, nu mawi ngiring mupakat, kana odjah Sang Dewi sarëng Sang Putri, bawaning ku sieunna.

8. Hënteu lami Sang Nursadjati, tras piundjuk ka Sri Mah Narpatya, ngagugat pasal tjarios, abdi Dalëm piundjuk, wireh dampal Gusti wawarti, nagri sawëwëngkonna, dajeuh Gujunglimbu, bade didamël hadiah, kawelasan ka abdi Gusti sajakti, nu lintang marga hina.

9. Sarëng dampal Gusti lëdjar galih, kërsa lungsur kana kahinaan, ku abdi Gusti dipangkon, abdi Gusti panuhun, hënteu atjan tiasa nampi, kana eta pangërsa, dampal Gusti estu, dupi nu djadi margina, abdi Gusti kasëbat manusa jakti, sanes bangsa rasëksa.

10. Kawuwuhan abdi Dalëm njangking, patekadan kaom kanabian, ngaiap tuturan kasutjen, tina margina kitu, dampal Gusti anu sajakti, upami kajaktosan, sugrining pangdawuh, dampal Gusti oge këdah, kékël galih ngagëm kana kaom Nabi, agama kasutjian.

11. Hënteu lami Sri Maha Narpati, ka Sang Radja Pinutra ngandika, pikir ama laksa këten, ka Raden nja panuhun, ulah aja sëmang panggalih, kana pihatur ama, jen sadrah satuhu, seren raga sarta njawa, sarëng nagri sawëwëngkoning Djaladri, sakur bawahan ama.

12. Kaduana Raden geus mërëdih, ama kudu boga tjatjangkingan, sipat agama nu hade, anu ënggeus kasëbut, husu ati ka kaom Nabi, babaran kasutjian, ama langkung-langkung, nandangan gumbira rasa, dikudukeun tjumangking agama sutji, pëdaran kanabian.

13. Pasal eta ku ama pinasti, didjalankeun sarta saënjana, malah maksud ti bareto, memeh djeung Raden tëpung, ënggeus aja tërëtët ati, ari lantaranana, pang teu buru-buru, ku ama teu dilampahan, tina marga di Gujunglimbu mah sëpi, tanjaeun bab agama.

14. Taja hidji ponggawa nu radjin, kana daek murian agama, lian ti hakaneun bae, nu tuhu diarurus, dina saban beurang djeung peuting, atuh ama kabawa, ku rajat kabaud, tah kitu nu djadi marga, ngan ajeuna ama hajang geura gasik, ku Raden diwurukan.

15. Gantjangna teh ieu nu digurit, Sang Pinutra teu lami ngandika, ka rai Sang Ratu Putren, Adjëng misti piundjuk, pasal geusan niginkeun galih, Paduka Sri Mah Radja, malar tuhu kalbu, kana ngagëmna agama,

- hěnteu lami njumanggakeun Sang Putri djin, ka Sang Radja Pinutra.
16. Putri hěnteu ganti tědak tadi, tandang dangah ngadėg tjakėt medja, měntjrong kėtjut ka Sang Katong, tata nu leuwih wantun, amung aja anu diganti, asal maneh djeung sia, njěbutna ka Ratu, harita njěbatna paman, kitu soteh tina bawaning ku isin, ku raka Sang Pinutra.
17. Paman Burus bieu kula nguping, tjaritaan anu leuwih těrang, padjongok patěpung tendjo, jen paman aja maksud, arek mitjeun pěrtata iblis, tědak kaduruwiksan, laku djurig laut, ajeuna rek ganti tědak, baris njěkěl elmu pėdaran pranabi, agama kasutjian.
18. Kula milu kasukuran ati, paman nJORANG těrbukaning rasa, teu bėtah di geusan kotor, anu geus dipilaku, nu ku kula ěnggeus kapanggih, sarta teu ngengken mata, ka nu ngaran Burus, istu gėgėdohna djahat, eta taja lian ku hěnteu tjumangking, agama saėnjana.
19. Tah ajeuna kula arek djangdji, bisi paman maksud panipuan, ngahalangan bahja maot, kainggis kula istu, biwir wungkul hěnteu djeung ati, ari ěnggeus nukang mah, tětėp deui kupur, tėgėсна hěnteu iatna, rek dipake pipinding panggawe musrik, panghalang kamurtadan.
20. Djangdji kula anu rek dipasti, lamun kitu patekadan paman, diri kula siga naon, upama laku luput, hěnteu bisa ngantjurkeun diri, anu kasėbut ngaran, Ratu Burusganur, reudjeung sakabeh rajatna, moal sina aja nu njesa sahidji, sababna bisi nular.
21. Tah sakitu djandji nu dipasti, pikeun kula lampah di ahirna, lamun paman palsu hate, barang Ratu ngadangu, kana saur Sang Ratu Putri, kalangkung rampohpojna, ampir ngarumpujuk, tina bawaning ku reuwas, tina leuwih sieunna ku Ratu Putri, ngadegdeg salirana.
22. Mani raos asa tjet dipeuntjit, ku Sang Putri purah njamběr njawa, kitu manahna Sang Katong, sarta teu lami njaur, Sang Sri Nata ka Ratna Putri, djeung bari tjuplak-tjeplak, aduh Adjėng Ratu, mugi ulah sėmang manah, njangka-njangka paman bade palsu ati, tjidra ti pėrdjangdjian.
23. Saupami teu pėrtjantěn galih, paman sumpah taroh baja wapat, miwah tumpur anak bodjo, Ratu Putri ngawangsul, mungguh paman teu kudu bidjil, seseepan nja sumpah, make baja tumpur, ku kula nu dipėrtjaja, laku lampah ti kiwari sampe ahir, kumaha taladjakna.
24. Pek ajeuna geura pasang kuping, bulu tjeuli kėrik masing lenang, bisina saliwang denge, gantjangna nu ditjatur, Sang Sri Maha Ratu Djaladri, tėras ditawadjuhan, ku Pangeran Sunu, bagbagan pasal agama, sakumaha pėrtiti pėdaran Nabi, wintjikan kasutjian.
25. Ĕnja oge Sang Ratu Djaladri, sipat buta tatapi dadasar, pang-

galih pangkat Narpatos, tangtu seukeutna kalbu, gampil njari di sanu-bari, nampina wiwirdan, ti Pangeran Sunu, waktu eta Sang Srinata, geus kasébat Ratu kaom para Nabi, tērbuka wiludjēngna.

26. Sarta tētēp Sri Maha Narpati, sasarēngan tandēs ngangknēn putra, ka Sang Pinutra praputren, kitu deui Sang Aju, ka Sang Ratu nagri Djaladri, kērsa gēntos basana, sarta rada pēruh, asal kula djadi putra, malah lipur galih katjua kaidjid, kantun tētēs misēpah.

27. Kitu deui Sang Ratu Putri djin, ka Pursita nu langkung deu-deuhna, Pursita nja kitu keneh, hēnteu bentēn sarambut, djeung njēbatna Sang Ratu Putri, ka Sang Dewi Pursita, kengingna barēmpug, sarēng Sang Dewi Sang Putra, nēlah atjeuk tjara ka Dewi Pramanik, Sang putri ka Pursita.

28. Waktu eta Ratu Putra Putri, siang-dalu hēnteu kēndat-kēndat, sili semboran panēmōn, sipat elmu nu luhung, ngan harita Sang Putra Putri, gēgēl manah ngantosan; Mantri Kamar-ratjun, sarēng Arja Patih Mandra, nu diutus ngabantun putra Burbani, wireh teu atjan dongkap.

29. Didjangdjian sadintēn sawēngi, tapi ēnggeus sabulan lilana, ma-sih tatjan datang keneh, Ratu Putri kalangkung, nandang djengkel ka Mantri Ginggi, tina lantaran ēlat, teu nurut piwuruk, Putri ngantjam dina manah, digoengkeun tjeulina Mantri Wērēdjit, lamunna ēnggeus datang.

30. Waktu eta nudju sami linggih, gunēm saur sagala pērkarā, Putra Putri Sang Narpatos, Sri Maha Gujunglimbu, langkung lingsēm ku Sang Pramanik, lantaran geus uninga, jen garwa Sang Sunu, malah pang sēring-sēringna, Ratu Burus mundut hampura Sang Dewi, tina rumaos dosa.

31. Kitu deui Ratu geus tingali, jen Putrana Endang Rohong tea, diundjukkeun ku Sang Anom, ditikah ku Sang Ratu, kota nagri Sagara Keusik, djēnēngan Sang Rundjana, Ratu Burus langkung, nandangan gumbira manah, tina margi Putri Endang Rohongguris, parantos tjarogean.

32. Tangtu pandjang lamunna ditulis, tjariosan dina waktu eta, gantjangna nu ditjarios, Mandra djeung Mantri Ratjun, djēbul turun tina wiati, ngadeuheus ka Sang Putra, nu keur gunēm saur, anu ti pajun mariksa, djuru pusing Sang Putri Pusēring bumi, Adjēng Ratna Suminar.

33. Aeh-aeh paman Mantri Ginggi, wani-wani teu nurut parentah, ngadjalankeun hate lower, kapan kula tjatjatur, paman kudu sing gasik-gasik, nja balik ti Ambarak, tapi naha burung, nēpi ka leuwih sabulan, di djangdjian kudu sapoe-sapeuting, di nagara Ambarak.

34. Saruana reudjeung bibi Patih, bĕnĕrna mah djurungkeun tiheula, paman Mantri sina mantog, ari bibi mah patut, rek lila ge lantaran wad-jib, bumela ka dunungan, nadjan naun-naun, mukim di nagri Ambarak, nunggu kana tjageur Sang Putra Burbani, bibi taja halangan.

35. Abong-abong lalugina ati, reureudjeungan djeung anu salajak, kawas ngadon salse hate, njarimpang ka nu singkur, hĕnteu lami Mantri Wĕrĕdjit, ka Putri ngawangsul, bari renghap-randjug, dugi ampir-ampir galat, ku bawaning tjape keneh ti wiati, djol njampak kasieunan.



Asmarandana

1. Anu mawi abdi lami, sanes teu tumut dawuhan, sanes kaseeh ku lower, wirehing sabarang dongkap, ka nagara Ambarak, Sang Putra tĕras dibantun, ka bumi Sang Gĕndarata.

2. Kalangkung dipusti-pusti, ku Sang Putra Gĕndarata, tĕras ditawaan bae, Sang Radjaputra Nurdjaman, kintĕn sadjam lamina, ngadak-ngadak waras mulus, teu aja sakara-kara.

3. Malah rĕwogna ge leungit, djadi antjin kana tuang, patuangan djadi kĕmpleng, saparantos dilandongan, ku Raden Gĕndarata, sasauran lĕmĕs luju, biasa putra Narpatya.

4. Sinarĕngan djsim abdi, ku raka Sang Gĕndarata, sarĕng ku Sri Mah' Narpatos, hĕnteu kenging enggal mulang, ti nagara Ambarak, sĕring oge amit wangsul, ku Ratu teu kawidian.

5. Dikintĕn geus tudjuh wĕngi, sehatna teh Sang Nurdjaman, saban dintĕn ka karaton, sarĕng Raden Gĕndarata, dumadakan patĕpang, sarĕng putra Kangdjĕng Ratu, djĕnĕngan Dewi Kania.

6. Putri tĕtĕs ti Meswari, kadjadjaden masdjid tea, turug-turug sami bogoh, eta Sang Dewi Kania, ka Sang Putra Nurdjaman, kawuwuhan Kangdjĕng Ratu, teu kintĕn tina rudjukna.

7. Atuh harita teu lami, Sang Nurdjaman Sang Kania, tĕras diti-kahkeun bae, ngadadak ngondang praradja, pesta langkung ramena, Mandra sarĕng abdi kaul, dina ngarak ngabadawang.

8. Sang Nurdjaman tĕras mukim, ngadjatnika di kaputran, malah-malah saurna teh, ka ieu Aria Mandra, bade tĕras bumĕtah, moal mulih deui tangtu, ka Burbani nagri buta.

9. Sarĕng tĕras bae ngusir, ka ieu pun Arja Mandra, saurna djor geura mantog, atuh djsim abdi tĕras, sarĕng ieu pun Mandra, margi

didjurung ditundung, wangsul ti nagri Ambarak.

10. Kitu anu djadi margi, pang sim abdi kalamian, Sang Putra sarěng praputren, pada karaget manahna, ngadangu piundjukna, Mantri Ginggi djuru ratjun, sami gumudjěng sadaja.

11. Sang Radjaputra teu lami, ngalahir ka Arja Mandra, ajeuna putra rek naros, ku lantaran Sang Nurdjaman, ěnggeus kitu buktina, ka Burbani moal wangsul, baris tětěp di Ambarak.

12. Kumaha bibi nja galih, naha moal djadi susah, atawa tjilaka gěde, sěsěndon ti Sang Sri Nata, sabab rasa putra mah, pasti kana Ratu běndu, wěrana anu pohara.

13. Ngawangsul Mandrawati, bibi teh kantėnan pisan, kenging sěsěndon Sang Katong, kadangkala ngahukuman, anu langkung abotna, manahna kana tinangtu, moal nolih kaduluran.

14. Wantu adatna ti tadi, anu parantos biasa, tara ngalirik ka gedeng, lěbět kana paribasa, tara maliding sanak, anu lěpat kantun luput, kitu adat Sang Sri Nata.

15. Malah ajeuna teh bibi, geus rumaos moal lana, hirup di alam dunja teh, tina ngemutkeun abotna, pasal ieu pěrvara, anu dipasti tiněmu, kana njorang bahja wapat.

16. Amung waktos ieu bibi, samemeh dongkap ka kadar, kana njorang bahaja maot, pun bibi maksud ihtiar, manawi aja sihna, Gusti anu Maha agung, anu langgěng kawasana.

17. Ihtiar diri pun bibi, bade sadrah ka sadaja, ka pangěrsa Putra Putren, dianggap hěnteu dianggap, sumědja kěkěl muntang, sumeu-leukeung sumalindung, njuhunkeun ditangtjungan.

18. Saparantos Mandrawati, pihatur ka sadajana, Sang Putri anu ngawalon, oh bibi geus tangtu pisan, pěrvara Ratu Mindra, ngahukum teu djeung paněmu, teu njoreang kaduluran.

19. Ku dumeh gagah barani, djadi kawasa nagara, kaduluran teu dititen, tah nu boga lampah eta, asup kana bajangan, pikeun ditumpěs ditěmpuh, ku ngaran Ratna Suminar.

20. Bibi ulah gimir pikir, salěmpang ku Ratu Mindra, bebet buta nu boloto, masih keneh aja putra, asana moal bisa, njieun laku nu teu umum, pěrtata sakama-kama.

21. Ajeuna mah manah bibi, sing tětěp saheulaanan, sasarěngan djeung putra teh, dina isuk-pagetona, diuruskeun ku putra, geusan nu lulus rahaju, ngajuga di alam dunja.

22. Barang geus tamat wawarti, pasal kasěsahan Mandra, Burusganur katjarjos, ngalahir ka Radja Putra, ama rek tatarosan, tina ama

windu-windu, teu tĕrang nagri sorangan.

23. Wiwitan katarik ati, ku rasa nu teu satia, kadjongdjonan murka hate, Raden oge geus ninga, pĕrlampah diri ama, ngan udjub ria takabur, wĕkasan babaran sub'ah.

24. Dipikir bĕt leuwih sĕdih, ama tumilar nagara, kotjoran pusaka tulen, turunan ti pupuhunan, istu ama kantĕnan, kana kabĕndon kasiku, kasibat ku para mojang.

25. Ku margi eta manawi, aja idin ti sadaja, Raden Putra djeung praputren, ama hajang njĕlang heula, rek ngalongok nagara, pĕrmios bae saminggu, kitu ge mun diidinan.

26. Kawuwuh ĕmbina pasti, kana ngarĕp-ngarĕp ama, kadangkala geus mihate, njangka ama ĕnggeus pĕdjah, tina ĕnggeus lilana, diri ama anu estu, teu panggih reudjeung ĕmbina.

27. Sang Putra Nurasadjati, ngadangu saur Sri Nata, lintang nandang sumeredet, ku margi kahawatosan, ka Sri Maha Narpatya, sarta teu lami ngawangsul, dibarung ku kangungunan.

28. Dampal Gusti aja galih, bade mulih ka nagara, kagĕgĕlan ku karaton, sumangga taja pambĕngan, sanadjan satĕrasna, abdi Gusti hĕnteu wantun, njanggakeun marga pamungpang.

29. Mung abdi Gusti manawi, dampal Gusti sih miwĕlas, ka abdi Gusti sajaktos, pĕrkawis pun Arja Barak, bade ditambut heula, mo' waka didjurung wangsul, ka dampal Gusti ngiringan.

30. Wireh aja sapĕrkawis, anu djadi kapĕrluan, ka abdi Dalĕm sajaktos, saupami parantosan, Arja Patih kantĕnan, ku abdi Dalĕm didjurung, wangsul ka Dasarsagara.

31. Sang Ratu ngalahir deui, pĕrkawis Aria Barak, aja kapĕrluan Raden, kĕdah ti pungkur wangsulna, eta taja pambĕngan, nadjan ama oge tangtu, moal lami di nagara.

32. Sang Putra Nurasadjati, tĕras ngudar tali rasa, djeung piundjuk ka Sang Katong, dampal Gusti kĕdah pisan, kĕrsa kias tarekah, sarat tawis husu kalbu, ngagĕm pasaling agama.

33. Kĕdah pisan rido galih, diungkulan ieu djimat, wawaton agama saleh, wasta djimat talirasa, mustika pantjadria, djuru njuburkeun rahaju, nalikeun rasa sampurna.

34. Sri Maha Ratu Djaladri, barang nampi panuhunna, dikĕdahkeun ku Sang Anom, diungkulan talirasa, Ratu langkung bingahna, ngagakgak gumudjĕng njaur, ama leuwih² suka.

35. Mangga atuh gasik-gasik, ama ungkulan ku djimat, malar katesesan hade, eta anu diteangan, ku ama ti baheula, ku hajang tina ti-

němu, mungguh pangkat sirnarasa.

36. Ku Radjaputra teu lami, Ratu diungkulan djimat, sarta kadaring Jang Manon, Burusganur geus nandangan, ilang pangodjah manah, nu nungtun kana kalangsu, anu ngadjak kana murka.



Midjil

1. Hěnteu lami Sang Ratu Djaladri, sabada miraos, padang manah babaraning saleh, těras amit ka Putra djeung Putri, sarta hěnteu lami, djěngkar ti Sirkawur.

2. Sabiasa tědak Sang Djaladri, pěrdjalanan lowong, ngapung ngambah madya gantang bae, tunda Maha Ratu Djaladri, Sang Putra Sang Putri, těras dipitjatur.

3. Hěnteu lami piundjuk Sang Putri, ka Pangeran Anom, abdi langkung kaheměngan hate, margi ěngkang gampil pisan asih, ka Ratu Djaladri, bět ngidinan wangsul.

4. Naha nanggěl ěngkang dina ahir, moal ngabaletjot, lampah tjurang lir kapěngkěr bae, sakumaha pěrtitina iblis, kitu sangka abdi, ka Sang Burusganur.

5. Radjaputra teu lami ngalahir, Adjěng ulah helok, ku lantaran ěngkang kumawanen, ngadjurungkeun Sang Ratu Djaladri, ati ěngkang tigin, pěrtjaja mo' palsu.

6. Moal tjurang Sang Ratu Djaladri, gawe ngabaletjot, ari anu djadi sababna teh, pangna ěngkang pěrtjajana leuwih, diungkulan tadi, ku mustika kalbu.

7. Talirasa djimat nu sadjati, bět mohal teu njosok, kana manah Sang Burus Narpaten, saupama manehna teh djalir, tinangtu balai, rragana antjur.

8. Tina sabab eta Adjěng mugi, ulah sěmang raos, atawana teu pěrtjaja hate, kana ieu djimat nu sadjati, buktina teh guning, Sang Burus kasambut.

9. Hěnteu lami nganuhunkeun Putri, ka Pangeran Anom, jen Sang Burus moal tjurang hate, sarta Putri geus tětěp nja galih, teu pisan gumingsir, ka saur Sang Sunu.

10. Hěnteu lami tutup guněm warti, pasal Sang Narpatos, bubar sami ngalap manah salse, saban dintěn aměng hěnteu ngantjik, salian ngaroris, kěbon puntjak gunung.

11. Kintĕn-kintĕn lamina sasasih, ti mulih Sang Katong, Putra Putri Barak Mantri Kuntjen, sarĕng Mandra Papatih Burbani, kĕmpĕlan lalinggih, gunĕman kaewuh.
12. Pasal Mandra Papatih Burbani, nu keur ewuh abot, tina langkung sieun ku saderek, Maha Ratu nagri Burbani, Sang Sri Mindrapati, aringgis ngahukum.
13. Hĕnteu lami Sang Putra ngalahir, ka nu keur prihatos, bibi Patih ulah sĕber-sĕber, ku Sang Ratu nagari Burbani, poe ieu misti, buru-buru wangsul.
14. Patĕpangna djeung Sang Mindrapati, sing tĕtĕs tjarios, tĕrus tĕrang ulah arek geseh, kaajaan Sang Putra Burbani, undjukkeun sing titih, tina asal-usul.
15. Tapi kudu dianteur diaping, ku pradjago kahot, paman Arja sarĕng paman Kuntjen, bisi bae Radja Mindrapati, taja manah adil, rek ngaladjur napsu.
16. Djago-djago kudu wararani, ngagarap Sang Katong, pek ajeuna ararindit bae, tatapina upama marulih, paman Arja Patih, sarĕng Mantri Ratjun.
17. Montong muru ka gunung patani, ulah rek paroho, kudu djug-djug ka Riskomar bae, ngadeuheusan ka Sang Sri Narpati, Ratu eta nagri, di gĕdong kadatun.
18. Saupama Kangdjĕng Sri Narpati, ka paman marios, pasal margi pangna darongkap teh, nja undjukkeun jen Putra pribadi, sarĕng putra istri, nĕda sihing kalbu.
19. Agung-agung marga pangaksami, djĕng Gusti Narpatos, samudaja kalĕpatan bae, djeung undjukkeun ku paman teh misti, aja hibar nampi, wiludjĕng rahaju.
20. Di Sirkawur keur diadjar tani, wangsul tatjan tangtos, mung njuhunkeun hibaring Pagusten, langgĕng nampi wiludjĕnging diri, pinanggih walagri, tinĕmu rahaju.
21. Tah sakitu putra nja pamĕriih, ajeuna geura los, bibi paman didoakeun bae, mugi-mugi sadaja pinanggih, bararingah galih, ku daradjat luhur.
22. Hĕnteu lami Patih Mandrawati, sarĕng djago-djago, marundjungan sarta tĕras bae, mios djalan ngambah ka wiati, ka nagri Burbani, tiluan teu kantun.
23. Tunda heula Mandra Barak Ginggi, nu keur mararios, Radja-putra sarĕng para putren, hĕnteu aja rentjangna teh deui, di gunung patani, opatan nu kantun.

24. Waktu eta di gunung patani, wungkul anu objor, pamégëtna sadjatining kasep, praistrina mustikaning geulis, gumilang-gumëling, mubjar di Sirkawur.
25. Ti sabarang wangsul Mandrawati, ngantunkeun Sang Anom, tudjuh dintën kintën lamina teh, hënteu lami Sang Nurasadjati, ngalahir ka rai, bari sëmu ngungun.
26. Éngkang arek mupakat ka Njai, sabab geus tinëmon, dikadarkeun tərbukaning hate, ku pangërsa Anu Maha Sutji, lantaran pinanggih, urang teh rahaju.
27. Moal hade urang tëtëp tjitjing, wungkul tunggu këbon, da urang teh lain djurutanen, aja soteh di dieu ngarantjik, mepes hawa ati, ngundurkeun kabingung.
28. Nja ajeuna ënggeus leungit lëdis, ati nu prihatos, maksud ëngkang urang mulang bae, urang nilar gunung patani, tapi nu dipikir, nu baris didjugdjug.
29. Éngkang moal balik ka nagari, anu rek diboro, ka pasantren Gurangarak bae, rek tumutur ka ama Sang Rësi, njatjapkeun pangarti, nu tatjan kasurup.
30. Tina sabab bareto teu kungsi, ka ama tumaros, ku lantaran kaburu tjerewed, bët kabudjëng kenging tjtjobi, pasanganan ati, bobor nja rahaju.
31. Ngawangsulana Sang Dewi Pramanik, djeung sëmu rampohpoj, sewu-sewu panuhun abdi teh, nu dibudjëng këdah ka nagari, bilih Kangdjëng Gusti, ngawuwuhan bëndu.
32. Geus sumping mah gamparan ka nagri, katur sudjud baktos, ka pangkonan Kangdjëng Sri Narpaten, pinton sugri anu geus katampi, wiludjëng sadjati, waluja rahaju.
33. Abdi rëmpag ngalih ti nagari, di pasantren ngaos, ngalap ilmu nu teu atjan netes, ajeuna mah panuhun teh abdi, sumping teh ka nagri, ka kërsa 'Djëng Ratu.
34. Saupami hënteu ka nagari, bilih djadi awon, ku panjangka ati anu sanes, ditudingkeun jen pangrodjong abdi, ku djalma nu sulit, rësëp kana hasud.
35. Turug-turug aja tapak tadi, gamparan ge ngartos, mung teu këdah ditungtik ditetek, ajeuna mah masing ati-ati, bilih tëpang deui, sarëng bahja kitu.
36. Tah sakitu karempanan abdi, kadua hawatos, Kangdjëng Gusti geus tinangtos bae, hojong geura katingali sidik, gamparan walagri, wiludjëng teu pupus.

Sinom

1. Ngandika Radja Pinutra, ka Pursita djeung ka Putri, ěngkang arek menta odjah, ka saha bilukna ati, nu tetes teu gumingsir, tĕgĕsna teu ula-ilu, naha odjah atjeukna, anu dikudukeun djadi, atawana mupakat ka maksud ěngkang.

2. Sang Putri sarĕng Pursita, teu lami ngawangsul sami, mupakat nu sajaktosna, kahojong Dewi Pramanik, jen kĕdah ka nagari, ngawitan anu didjugdjug, Radjaputra ngandika, edas bae aja ahli, saban pasal ngahurup ka odjah ěngkang.

3. Tapi kieu ajeuna mah, urang njarapih pribadi, lantaran ku todja'iah, patekadan hĕnteu sami, urang tigin kahidji, maksud teh ngan arek wangsul, kadua patĕmpatan, ka pasantren djeung ka nagri, sarerea atjan tĕrang di djalanna.

4. Ngan tĕrang lĕbah-lĕbahna, Gurangsarak djeung nagari, kalerkulon nu katjipta, pĕrdjalanan leuweung rumpil, isukan urang indit, ka mana nu heula tjunduk, naha ka Gurangsarak, atawa heula ka nagri, ěngke tangtu katara anu elehna.

5. Wangsulana sadaja rĕmpag, ka kĕrsa Sang Nursadjati, mulihna ka mana djolna, sartana ěnggeus dipasti, mulihna dintĕn ĕndjing, harita geus urus-urus, parabot dientepan, kamar-kamar geus disosi, hĕnteu aja parabot anu di luar.

6. Gantjangna ieu tjarita, kotjapkeun isukna deui, putra-putri geus garugah, kira pukul gĕnĕp ĕndjing, radjaputra ngalahir, ajeuna geus nudju dawuh, wuku nu panghadena, meudjuehna urang arindit, njumanggakeun praputri ka Sang Pinutra.

7. Putra-putri geus djalĕngkar, mudun ti bandjar patani, njonggeang ka tĕgal lenglang, Sang Putra Nurasadjati, djeung kabeh para putri, angkatna alon teu gugup, sĕring rundag-randĕgna, da kabengbat ku ningali, palataran sinarĕng kakajon alas.

8. Poe bengras hĕnteu panas, kapindingan mega putih, iuh sakur nu kasorang, kawuwuh putra djeung putri, mapatkeun eusi galih, wantu-wantu sami luhung, sakur anu kasorang, taja nandjak taja lamping, hunjur pasir ngadadak datar nĕtĕlar.

9. Angkatna tjarang lirena, nadjan kasilih ku wĕngi, katumbu ku tjaang bulan, sarta harita geus tĕbih, lalakon tilu wĕngi, sadjĕngkarna

ti Sirkawur, tunda anu keur angkat, Radjaputra para Putri, katjaturkeun Sang Rësi Muhamad Kurbah.

10. Waktu harita keur lënggah, sarëng garwa di djro bumi, Sëmbada Hamiah aja, ngadeuheusan ka Sang Rësi, harita gunëm warti, ari anu djadi galur, Rësi Muhamad Kurbah, sabada mudja sëmedi, tuhu husu panëda ka Maha Mulja.

11. Kenging tərbukaning rasa, tërang panjiptana galih, awas ka sipat nu anggung, taja dingding aling-aling, sartana hënteu lami, Sang Wiku ka garwa njaur, djeung ka Ahmad Sëmbada, ajeuna ulah tjaritjing, parentahkeun ka barudak nu araja.

12. Sapu kored palataran, masing bareres bërësih, djeung kudu saaja-aja, pikeun susuguh tjatjawis, ulah hënteu sajadi, sabab bulan ieu tangtu, urang rek kasumpingan, tatamu bangsa utami, lain pikeun kana geusan lalawora.

13. Darongkap para utusan, bangsa priantun nagari, djeung kadua përkarana, Sang Putra reudjeung Pramanik, djeung Sang Ratu Putri djin, anu ka dieu kapungkur, sarta Dewi Pursita, kukutan Sang Maha Rësi, ti patapan puntjak gunung Ragatoja.

14. Poe isuk sarumpingna, ka urang mo' gagal deui, ajeuna masih di djalan, embarkeun ka santri-santri, poe isuk teh misti, ulah aja anu kantun, mapag ka Radjaputra, djeung darangdan sing garinding, kapalaaan ku tjatrik Ahmad Sëmbada.

15. Njai Rësi djeung Sëmbada, njumanggakeun ka Sang Rësi, sartana harita tëras, Sëmbada ka santri-santri, ngembarkeun djeung dimisti, sakumaha saur Wiku, pandjang mun ditjarita, kotjapkeun isukna deui, santri-santri ubiag geus sami dangdan.

16. Santri istri nu ti heula, sami ditëlëkung putih, kokolotna Nji Hamiah, dibërëgoh mani buni, djadi dalangna sa'ir, lalaki anu ti pungkur, djeung ngaguruh marhaba, ditema tërëbang gëndjring, didalangan ku tjatrik Ahmad Sëmbada.

17. Sëmbada langkung gindingna, mani njungtjung ikët njudir, dju-bah koneng rada ngangsar, beunang nambut ti Sang Rësi, bari njeupah ulawir, leumpang djingdjët ku sapatu, tatapi sisirangan, ti kentja sapatu gading, pakaulan katuhu sapatu bodas.

18. Leumpang njisi undur-tukang, ngurus djadjaran prasantri, djeung baham tjatjalawakan, njontoan kawih ka santri, sorana kantjra bëlik, ngabëluk ampir teu harus, tunda anu keur mapag, kotjap Sang Putra Sang Putri, ënggeus sumping kana suku Gurangсарak.

19. Nu dikabul kahojongna, Sang Putra Nurasadjati, Putri-putri

anu kalah, lantaran hēnteu ngadjadi, hojong sumping ka nagri, ku sabab harita nudju, barang ka Gurangsarak, kira-kira sapat deui, djalan lēm-pēng teu aja pungkai-pengkolna.

20. Angkat di djalan biasa, rondaan ka tēpis wiring, praputri sarēng Sang Putra, liren di handapeun kai, lalinggih kērsa niis, tapi lain marga ripuh, pang lirenna di dinja, lantaran dua pērkawis, hidji niis kadua ku dadanguan.

21. Aja nu ear-earan, sada marhaba djeung sa'ir, barung brangbring-brung tērēbang, di tanggoh kadangu sidik, Radjaputra praputri, tjēpēt naringal ka pajun, lami-lami waspada, ningal aleutan prasantri, ngaleut neungkeuj lir anu ngarak karia.

22. Ki Sēmbada miheulaan, ka aleutan para santri, barang geus tjakēt katingal, sarta hēnteu samar deui, Sēmbada ka praputri, sarta ka Pangeran Sunu, tērus malik ka tukang, Sēmbada ka para santri, ngatjung tangan djeung ngēbut-ngēbut sadjadah.

23. Marentah kudu sarurak, guruhkeun tērēbang gēndjring, tanda sumping nu dipapag, Radjaputra djeung Sang Dewi, ēnggeus sidik tingali, jen Sēmbada anu tjunduk, djeung santri Gurangsarak, Radjaputra hēnteu lami, ka Sēmbada ngagupaj ngahiap-hiap.

24. Sēmbada sarēng Hamiah, ka lēbak lumpat djeung tjeurik, bari njēbat duh Pangeran, anak aing itu sumping, nu kasep djeung nu geulis, gantjangna anu ditjatur, Sēmbada djeung Hamiah, teu tata pasini deui, ka Sang Dewi sarēng ka Radja Pinutra.

25. Geus lēpat di kaisinan, bawaning ku sono leuwih, ngarangkul kana angkengna, Hamiah ka Sang Pramanik, Sēmbada kitu deui, Sang Radjaputra dipunggu, bawaning iku burgahna, tjeurik tapi bari ngawih, ieu geuning mustika dunungan mamang.

26. Ari Njai Hamiah mah, wungkul mangkon Sang Pramanik, mani ngagukguk tjeurikna, ampir-ampir hēnteu eling, kitu deui Sang Dewi, sarēng Sang Pangeran Sunu, sami pada ngalimba, bawaning kagagas galih, hēnteu njana iasa deui patēpang.

27. Anu sakitu rungana, di dunja tjarang nu nanding, pērdjalanan bahja lara, anu parantos katampi, ku Sang Putra Sang Dewi, kitu margi djadi ngangluh, Radjaputra ngandika, putra nuhun laksa kēti, tēpang deui kalawan kasalamētan.

28. Sēmbada sarēng Hamiah, sapanantos lēlēr deui, digēntos ku sadajana, santri awewe lalaki, mundjungan ka Sang Dewi, sarēng ka Pangeran Sunu, kotjap Ratna Suminar, ka Nji Hamiah ngalahir, aeh naha bibi ka kula geus lēpat.

29. Hamiah barang ret ningal, ka salira Sang Putri djin, teu samar henteu kalinglap, udjug-udjug gapruk deui, ngarangkul ka Sang Putri, bari djung bae dipunggu, bawaning ku geugeutna, Hamiah ka Ratu Putri, euleuh-euleuh bët dunungan bibi tea.
30. Ari Dewi Pursita mah, mung tjape ngaladen santri, ku ribut nu marundjungan, gantjangna anu digurit, harita henteu lami, praputri sarëng Sang Sunu, djëngkar ti tëmpat eta, ti pungkur ngeungkeuj nu ngiring, mangkat deui sa'ir marhaba djeung rudat.
31. Pandjang lamun ditjarita, di djalan Sang Putra-Putri, kotjapkeun dina sumpingna, ka lawang pasantren Rësi, gër surak para santri, tērëbang dibarung bédug, ditema tutunggulan, ngagondang tapi ku pudji, haram soteh lamun sindir kalatjuran.
32. Maha Rësi sarëng garwa, norodjol lumpat ti bumi, muru ka Sang Putri-Putra, dirangkulan ku Nji Rësi, amung teu nista nangis, bubuhan sèpuh geus husu, kana babaran kadar, ngan wungkul sono nu leuwih, sasambatna ngan pudji ka Maha Mulja.
33. Nja kitu deui Sang Kurbah, ka Sang Putra Nursadjati, ngarangkul ngaleng angkengna, tapi teu njaur teu nangis, ngan pudji nu teu ngantjik, nganuhunkeun ka Jang Agung, anu agung asihna, du'a nu pandjang nu tarik, ear amin Sëmbada nu panggëwongna.
34. Ari sabadana tëras, Sang Putra djeung para Putri, ka bandjarpatamon tea, bumi Sang Putra Sang Dewi, sabab masih bërësih, wantu beunang njeka njapu, sarta saparabotna, taja nu tjotjeng sahidji, barang-barang pangeusi di patamuan.
35. Putra-putri geus lalënggah, dina beberan alkëtip, riungan sami taruang, praistri di djëro bumi, di luar santri-santri, ngalingkung diparab sangu, wantuning meuntjit domba, sami nguah mahmah-mihmih, tjape urut leumpang nandjak djeung ngarudat.



Dangdanggula

1. Dintën eta dumugi ka wëngi, henteu surud anu ngadeuheusan, ka Sang Putra para Putren, sumawonna Sang Wiku, ti patamon teu mulih-mulih, tina langkung sonona, henteu kërsa djauh, kadjabi ti kasonoan, sami rësëp ngaruping Sang Putra-Putri, njarios lalampahan.
2. Anu awit njarios Sang Dewi, tina awit djëngkar ti nagara, neangan Pangeran Anom, dumugi kana tëpfung, di Sang Rësi Komar-

tohidi, sarëng Sang Radjaputra, sakur nu ngadangu, sami-sami tjumalimba, tina nguping sangsarana Sang Pramanik, bumelana ka raka.

3. Sanggeus tamat Sang Dewi Pramanik, seug digëntos ku Ratna Suminar, njarios awit lalakon, ditetek teu kaliru, hënteu pisan dipinding-pinding, tina asal ngaronda, guha Bungbungümur, ningal artja Sang Pinutra, kaedanan dumugi kana tjuł pati, tatapa dina bulan.

4. Njusul-njusul ka Dewi Pramanik, sarta dongkap tēpang djeung Sang Putra, di Sirkawur gunung kēbon, kabeh anu ngadangu, taja hidji anu teu seuri, bawaning ku rēsēpna, ka tēdak Ratnaju, ku tina leuwih wantērna, pada njēbat bēt abong-abong putri djin, sakti sarta wanian.

5. Saparantos tamat Sang Putri djin, seug digëntos ku Radja Pinutra, njarios awit ditjolong, nēpi kana patēpung, sarēng putri Dewi Kaswati, di kaputren Ambarak, kabeh nu ngadangu, sareuri agēr-agēran, tina margi ku Sang Putra dipiwarti, tata Putri Ambarak.

6. Radjaputra njariosna dugi, kana waktu patēpang djeung garwa, di Ragatoja pasantren, tamat Pangeran Sunu, Sang Pursita anu nqaqanti, njarios lalampahan, ti awit didjurung, ku rama Sang Ragatoja, dikēdahkeun ngiring Sang Dewi Pramanik, sakola tata basa.

7. Dugi kana dipiwarang indit, ka Riskomar ngadeuheus ka Radja, sarta laku kēdah niron, ka Putri Bumipitu, di pajuneun Sang Srinarpati, dongkap kana patēpang, sarēng Ratu Burus, nu ngadangu pada nandang, kapauran ku Ratu nagri Djaladri, rek mēdang ka Sang Radja.

8. Sang Pursita dugi kana mulih, ka Sirkawur tēpang djeung praraka, tamat Pursita njarios, sadajana geus tutup, Sang Pandita tēras wawarti, ka Sang Putri Sang Putra, ama ngiring nuhun, kalajan panēdanaēda, mugi-mugi Allah anu Mahasutji, ngērsakeun ka sadaja.

9. Tina waktos ieu mugi-mugi, sadajana Sang Putri Sang Putra, ulah mindoan tinēmon, sarēng sarupi kitu, bahja nista anu lineuwih, pamugi ka pajunna, katitisan wahju, hidajat mandjur daradjat, miwah aman kana tuturan pranabi, agama djeung drigama.

10. Mung sakitu ama teh pamērih, ka sadaja praputri Sang Putra, hënteu kēdah pandjang laer, tina ēnggeus maraphum, bibit buit pangeusi galih, djalan kawiludjēngan, nu nungtun rahaju, Radjaputra ngawangsuluan, rebu nuhun nampi tērbuka pepeling, marga kawalujaan.

11. Amung nēda hibar ama jakti, mugi-mugi putra sapaosna, tigin kana marga sae, nampi kadar Nu Agung, njangking milik anu utami, raga mungguhing bagdja, kasinungan wahju, wiludjēng dunja-aherat, hënteu nampi tjtjobi geusan balai, sagara pasangaran.

12. Sang Pandita tēras njaur deui, sinarēngan iraha djalēngkar.

ngadeuheus ka Sri Narpatos, pamugi buru-buru, ka nagari pinton jen nampi, Agan kawiludjengan, supados 'Djeng Ratu, damang katrésnaana, Sang Pinutra ngawangsulan ka Sang Rəsi, putra tatjan kantėnan.

13. Mung emutan dua tilu sasih, putra bade di dieu heulaan, maksad ngaso heula bae, njaur deui Sang Wiku, raos ama tong lami teuing, bilih ngadjadi matak, sėsėndon ti Ratu, emutkeun nu parantosan, geuning djadi sangar saeusi nagari, watėk Ratu sungkawa.

14. Ama isin lamun Agan lami, hėnteu enggal mintonkeun salira, ka kėrsa Kangdjeng Narpatos, ku ama nu kacmut, bilih Ratu aja panggalih, diri ama nu kirang, njanggakeun pihatur, bangsa piwulang pituah, ngadjėdjeran kana satianing galih, ama ka kėrsa Agan.

15. Margi eta sarebu pamugi, ulah lami di dieu nja lėnggah, Agan sarėng para putren, paling lami saminggu, geus sumping mah Agan ka nagri, patėpang sarėng rama, sartana kamaphum, jen Agan kawiludjengan, teu sawios ka dieu marulih deui, kalawan idin rama.

16. Ama nampi miwah bungah ati, baeu pisan nadjan salamina, kėrsa linggih di pasantren, Radjaputra ngawangsul, wuruk ama lintang katampi, mėnggah ku diri putra, mung rebu panuhun, moal waka enggal-enggal, putra nėda pėrmios satėngah sasih, njėnangkeun heula badan.

17. Marga ripuh urut leumpang tadi, unggah turun djalan pangalasan, norobos kalangkung repot, Sang Pandita gumuju, ku ngadangu Sang Nursadjati, wawarta karipuhan, sarta tėras njaur, talirasa taja pedah, teu njėnangkeun lumindjing di alam lahir, ka ridu-ridu njandak.

18. Radjaputra tungkul teu ngalahir, amung imut isin ku Pandita, rumaos piundjuk linjok, Rəsi teu kėbat njaur, da bubuhan manah nu lantip, nimbang ka nu keur wirang, kitu galih Wiku, sarta harita bubaran, ti patamon kantun Sang Putra Sang Putri, narandang kabingahan.

19. Nu ngadjagi Sang Putra Sang Putri, Nji Hamiah djeung Ahmad Sėmbada, minangka koki djeung djongoș, waktu harita nudju, Radjaputra djeung para putri, dina korsi lalėnggah, bari gunėm tjatur, rereana gogondjakan, anu djadi gugujon lantaran tadi, putra-putri tarohan.

20. Sang Pinutra Purnama nu kening, tina margi dikabul panėdja, wireh sumping ka pasantren, gumuju bari njaur, ka Sang Dewi djeung ka praputri, hajoh geura balajar, da ģngkang nu unggul, laksana ka Gurangsarak, hėnteu lami ngawangsul Dewi Pramanik, jaktos abdi nu kalah.

21. Majarna mah tjumpon ku nu tadi, ku seukseukan pangandika ama, anu diwalėr ku linjok, Radjaputra ngadawuh, atuh untung leuwih ti duit, dibajar ku pituah, panghibatan sėpuh, nu taja pedah di sėpah,

Sang Pramanik imut teu ngawangsul deui, ka raka Sang Pinutra.

22. Amung tēras Sang Dewi Pramanik, ka Sang Radja Pinutra undjukan, bari pasēmon rampohpoj, abdi teh langkung-langkung, waktu ieu tjangtjaja ati, tina margi gamparan, tatjan aja saur, nangtukeun kana djumēngkar, ka nagari dumeuheus ka Kangdjēng Gusti, pinton kawiludjēngan.
23. Margi eta panuhun sim abdi, gamparan teh mugi enggal-enggal, ulah talangke umēngke, bok bilih Kangdjēng Ratu, mēdar galih nu hēuteu titi, pusingna ka gamparan, kadangkala tērus, bēnduna ka sadajana, hēnteu lami Sang Radjaputra ngalahir, ari mēnggah ēngkang mah.
24. Waktu ieu tatjan aja pikir, pangarēpan balik ka nagara, badan oge tjape keneh, tapi tina dikudu, ku Njai teh balik ka nagri, nja tangtu dilakonon, ēngkang mo' ngabērung, ngan moal boga alpukah, naon-naon pikeun beresna ka nagri, ēngkang tong dibabawa.
25. Pek djalankeun ku Njai pribadi, djeung ku Njai Suminar Pur-sita, deuk ku hade deuk ku goreng, akal kadar rahaju, hēnteu djadi pusing djēng Gusti, ku dumeh ēngkang datang, hēnteu ka kadatun, pek djalankeun ku tiluan, da ēngkang mah ajeuna keur sisip budi, beak pangodjah ēngkang.
26. Saparantos Sang Putra ngalahir, tēras lēbēt kana pagulingan, kantun tiluan praputren, nēraskeun gunēm tjatur, Sang Pramanik ladjēng ngalahir, ka rai Adjēng Ratna, atjeuk langkung-langkung, sēsah ku ieu pēr-kara, inggis djadi kabēnduan Kangdjēng Gusti, Sri Mah' Ratu Riskomar.
27. Tina atjeuk bangbaungeun ati, inggis nampi deui anu nista, sēsēndon galih Pagusten, mun ēngkangna ngabērung, hēnteu kērsa enggal ka nagri, tinangtu aja sangka, galih Kangdjēng Ratu, atjeuk nu boga alpukah, ngitjuk-ngitjuk ngarodjong njaram ka nagri, ka salira ēngkangna.
28. Tah ku eta kapauran pikir, tina sabab ku ēnggeus karasa, njo-rang kaantjuran hate, ku aji ge kamaphum, kahinaan atjeuk teh tadi, nu taja sasamina, amung teu pērēlu, tetes pandjang ditjarita, nukil ngulik kana pērmilikan diri, anu geus dipilampah.
29. Ngan ajeuna atjeuk arek mērih, ka duaan Sang Putri Tolēngan, sarēng Sang Putri Pasantren, nēda pangemut-ngemut, djalan geusan waluja diri, teu njo-rang kana pasal, anu dipiewuh, ajeuna atjeuk mangsana, nēda tulung ka salira aji-aji, odjah anu utama.
30. Hēnteu lami Sang Ratu Putri djin, ngawangsuland tandang nu biasa, bari ngalirik ka gedeng, rai rebu panuhun, mugi ulah aja pang-

galih, agëng-agëng karempian, ku bënduna Ratu, sapertos nu parantos, masih aja lumindjing di alam lahir, wasta Ratna Suminar.

31. Margi tekad rai dina ati, moal pisan kapambëng bumela, atjeuk pupus rai paeh, malah anu diemut, anu tigin moal gumingsir, saha nu kumawawa, milaku teu patut, përtata teu djeung përmana, tekad tjurang ka atjeuk rek nganjënjëri, rai anu malësna.

32. Sang Pramanik ngalahir ka Putri, rasa atjeuk mun rai kërësa, kalawan galih nu rido, aji këdah ti pajun, ngadeuheusan ka Kangdjëng Gusti, Ratu nagri Riskomar, njanggakeun piundjuk, nguningakeun jen ëngkangna, aja hibar wiludjëng parantos dugi, ka gunung Gurangsarak.

33. Ngawangsulan Sang Ratu Putri djin, mënggah rai teu aja pam-bëngan, miwah lintang suka hate, atjeuk përtjantën kalbu, kërësa ngutus ka diri rai, ngadeuheus ka Sri Nata, njanggakeun piundjuk, sumawontën marga siang, nadjan wëngi rai moal burung ngabdi, ka atjeuk kumawula.

34. Saupami Djëng rama Narpati, njieun onar tjaah kamurkaan, hareupeun rai pribados, kaja tédak kapungkur, dumugi ka ka atjeuk ngusir, dumeuh raka Pinutra, hënteu buru-buru, sumping ka kota nagara, rai tangtos tibalik ka alam tadi, mulang ka kalanggëngan.

35. Moal aja panasaran ati, nadjan maot di nagri Riskomar, ku sipat tamtama saktén, djalanan pikir tuhu, tigin kana bumela pati, dina waktos ajeuna, ka atjeuk nu estu, Sang Pramanik ngawalonan, kuma' kërësa amung këdah titih rintih, tédak karaspatian.



Asmarandana

1. Gantjangna anu digurit, teu lami Radja Pinutra, gugah sarta tëras bae, kaluar ti pagulingan, ka nu keur gunëm warta, sarta hënteu lami njaur, kumaha putusanana.

2. Beunang ngalënggut badami, keur djalan kasalamëtan, njing-kiran geusan tinëmon, reudjeung sësëndon Sri Nata, Pramanik ngawangsulan, sarta tëras dipiundjuk, jen Adjëng Ratna Suminar.

3. Nu baris angkat ka nagri, dumeuheus ka Sang Sri Nata, bade piundjuk waspaos, Sang Putra kawiludjëngan, sumping ka Gurangsarak, teu lami Sang Putra njaur, bënëer kudu Adjëng Ratna.

4. Ëngkang mupakat teh teuing, da urang mah moal bisa, kana leumpang tereh-tereh, djeung kadua përkarana, tangtu bisa ngadjaga, ngahalangan bëndu Ratu, upama masih bënduna.

5. Ngan iraha baris indit, kana hibër rek ngibëran, ka kërsa ama Narpatos, ngawangsul Ratna Suminar, abdi kuma' dawuhan, saur Sang Pinutra isuk, ngarah salamët dawuhna.

6. Njumanggakeun Sang Putri djin, ka Radjaputra Purnama, gan-tjangna nu ditjarios, katjatur poe isukna, pukul tudjuh waktuna, nudju panggung luhur kalbu, gagah barani watëkna.

7. Sang Putri djin hënteu lami, tëras piundjuk ka raka, Dewi Pramanik kasiten, rai teh bade ajeuna, ngadeuheus ka nagara, njuhunkeun hibaring kalbu, pandu'a kawiludjëngan.

8. Dewi Pramanik ngalahir, atjeuk ngadu'akeun pisan, moal këndat dina hate, nënëda ka Nu Kawasa, Gusti nu murbeng alam, mugi-mugi aji mandjur, daradjat kawiludjëngan.

9. Teu lami Sang Aju Putri, sanggeus nampi pandu'ana, ti Sang Dewi ladjeng bae, Sang Ratna Suminar djëngkar, biur ka awang-awang, ngantunan imut pangirut, pamikat ka Radjaputra.

10. Galih Sang Ratu Putri djin, dina sapanjang ngalajang, wungkul tjumeungtjeum teu towong, gumantëng ka Radjaputra, dina waktu harita, buntu pangodjahing kalbu, robah paningal biasa.

11. Lalaki di alam lahir, satria di alam dunja, katingalna ku Sang Putren, lir hewan pangeusi alas, siga lelewa oa, tjara lutung keur luman-tung, kaja monjet keur ngarindat.

12. Marga kasilih kalindih, ku kasep Radja Pinutra, nu tumantjèb dina raos, kitu manahna Sang Ratna, tina langkung antëbna, kasinungan marga liwung, kahudang kabirahian.

13. Njiriwing di mega kuning, manah njoreang ka tukang, sumorodot-sumeredet, sarta sumambat teu këndat, kana sipat hidajat, sumurup kana tinëmu, daradjat geusan laksana.

14. Rungruman lëbëting galih, Sang Adjëng Ratna Suminar, ka raka Pangeran Anom, duh aduh mustika ningrat, ieu abdi nu hina, njuhun-keun saur panungtun, nëda pawarta tërbuka.

15. Baris panigin nja ati, buat tanggëlan pangrasa, tjantelkeuneun dina hate, manawi kanggo lumajan, bakti raga djeung njawa, tumut di-bawah pangdawuh, dunja dumugi aherat.

16. Kilangbara dipigalih, didamël tamba njalira, baris landong kosong pangkon, atuh supados dimanah, didamël pisuruhan, djuru nutupkeun kulambu, masangeun kadjang mastaka.

17. Kitu galih Sang Putri djin, tina katandësanana, gumantëngna ka Sang Anom, angkat mapaj mega malang, sëring randëganana, bebendjo nu kapisëmu, panjipta lëbëting manah.

18. Bentang baranang di langit, malentjrang lir raranggeujan, siga peureudeuj Sang Anom, kilat tatit tinggurilap, awor djeung tjahja siang, atuh mutuh ka pasĕmu, lir imut Radjapinutra.
19. Panonpoe asar ahir, nodjo ka lajung ti wetan, mubjar lir tjahja Sang Anom, kitu kalĕlēbanana, Sang Putri ku Sang Putra, miharum lĕbĕting kalbu, mitjangtjam djĕroning manah.
20. Titih rintih di wiati, tandang nu nandang kabingbang, ngalajang sĕmu njolojong, salira gagaleongan, bawaning ku njoreang, ka anu kantun di gunung, satria mustika rupa.
21. Gantjangna anu digurit, tunda Sang Ratna Suminar, kotjap Sri Maha Narpatos, Ratu nagari Riskomar, dina waktu harita, nudju kĕmpĕl para ratu, magĕlaran di pamĕngkang.
22. Para tumĕnggung bopati, bawahan nagri Riskomar, sarumping kĕmpĕl sakabeh, kawantu nudju waktosna, barĕmpag sugrining hak, nu umum pĕdaran ratu, hal ngeujeuk ngajak nagara.
23. Mĕrwintji ngabibit hasil, ngatur kaamananana, meresan wĕngkon karaton, ari sabadana tĕras, Sri Mah' Ratu Riskomar, wawarta pasal kaewuh, ku mantu djeung Radjaputra.
24. Sarta teu lami ngalahir, ka pratumĕnggung dipatya, dibarung mĕsum rampohpoj, ajeuna ka sadajana, sugri wargi nu lĕnggah, para bopati tumĕnggung, pantjĕr pataka nagara.
25. Wireh sami taringali, ka pasal Purnama Alam, leungit anu matak helok, musna nĕpi ka ajeuna, djeung bodjona Kania, istu ratuning kabingung, tĕtĕs pantjĕr kasukĕran.
26. Diitung geus tilu warsi, leungitna Purnama Alam, pira-pira kuat oge, diri hĕnteu kapisanan, nandangan bahja wapat, leungit anak djeung minantu, tjilaka nu leuwih nista.
27. Taja towongna samĕnit, mungguh pĕrlaja pangrasa, wungkul poek mongkleng hate, nu teu aja sasamina, sipat sungkawa dunja, dibelaan laku husu, tapa napakuran raga.
28. Tapi tina tigin ati, panĕda ka Nu Kawasa, aja ge tĕrbuka hate, ramang-ramang na pangrasa, lantaran kadongkapan, ku Putri djin Bumi pitu, djĕnĕngan Dewi Pursita.
29. Basana eta Putri djin, margina ka dieu dongkap, ngĕmban dawuhan Paguron, Pramanik djĕnĕnganana, Rĕsi di pangalasan, patapan gunung Sirkawur, ngirim salam kasĕtyaan.
30. Sarta ditĕrangkeun deui, ku eta Dewi Pursita, nu djĕnĕngan Pramanik teh, bodjona Purnama Alam, kita nu matak rada, ngurangan pikir kabingung, tina meunang bedja eta.

31. Ku margi eta pamugi, manahan ku sadajana, naha kintèn moal geseh, hēnteu lami diwangsulana, ku Sang Ratu Durpina, raos rama Gusti istu, mēnggahing eta pawarta.
32. Kantēnan mo gagal deui, mēnggah Raden Mas Purnama, ajana di Sirkawur teh, tina margi sēring pisan, rama Gusti ningalan, djapar sidik kitab nudjum, paranti neang nu ilang.
33. Sidik jen masih di lahir, gumēlar di alam dunja, dongdonan ngangon kahojong, ngalahir deui Sri Nata, ka Sang Ratu Durpina, atuh rebu-rebu nuhun, sidik ajana pun anak.
34. Mung putra Gusti nu tigin, pamantēng lēbēting rasa, mung ku hajang geura amprok, sarēng mantu sarēng anak, ngawangsul Sang Durpina, putra Gusti mungi husu, galih margi kasabaran.
35. Tina margi moal lami, dongkap raratan nu njata, tjarios nu moal geseh, ngundjukkeun Den Mas Purnama, kitu ge manawina, putra Gusti tandēs kalbu, pērtjantēn ka panggorohan.
36. Ngalahir Sang Sri Narpati, mēnggah putra sakalintang, pērtjantēn lēbēting hate, tina margi tēras pisan, sarēngan piundjukna, putri djin Bumi pingpitu, nu wasta Dewi Pursita.



Sinom

1. Sri Maha Ratu Riskomar, tēras njarioskeun deui, pasal karēntagan manah, wirehing aja nu sumping, Ratu Nagri Djaladri, buta ngaran Burusganur, maksud rek ngabinasa, ngan lampahna hēnteu djadi, ku pitulung aja Sang Dewi Pursita.
2. Kadua nu dipiwarta, sanggeus Burus ngēdjat deui, dongkap ngaran Arja Barak, bangsa buta tjara tadi, djurangan Nji Pramanik, patapan Gunung Sirkawur, ngangikiran Nji Pursita, tah di dinja manggih sidik, jen ajana si Udjang Purnama Alam.
3. Tetela kabina-bina, Purnama djeung Nji Pramanik, djadi djuru patanian, nukil sipat hasil bumi, nulad mitra nu tani, amung sanggēm Barakgirung, wangsulna Ki Purnama, tatjan tangtu gasik-gasik, aja basa baris tumētēp bumētah.
4. Ku margi eta tjing saha, prawargi anu tingali, kana tēmpat gunung eta, naha parēk naha tēbih, mun aja nu tingali, sumēdja nēda pitulung, nganteur ka pangēbonan, ku hajang geura gok panggih, djeung minantu si Njai Dewi Kania.

5. Katingal keur ngahulëngna, katjipta keur waktu indit, ngageng-sor turun ti imah, dipikir mah istu leuwih, kana geusan ngadjadi, kana linglung owah kalbu, bobor karahajuan, moal pinanggih walagri, gëring nangtung sapandjang di pawënanan.

6. Malah upami tjakët mah, ka tëmpat barudak tjitjing, tangtu moal lila-lila, poe ieu oge indit, mapagkeun ku pribadi, moal nëda diru-rubung, teu lami sadajana, para tumënggung bopati, ka Sri Nata ngawarangsul hënteu tërang.

7. Teu tërang lëbah-lëbahna, wastana ge nëmbe nguping, ka Sirkawur pangëbonan, kitu saur prabopati, gantjangna nu digurit, tunda nu keur gunëm saur, kotjap Ratna Suminar, harita parantos sumping, di wiati luhureun kota Riskomar.

8. Njiriwing ti djumantara, barung djeung hiliwir angin, tata-titi lir biasa, lumëbët ka pantjaniti, tjara patëpang tadi, pajuneun para tumënggung, teu gimir hënteu serab, ngadëg bari imut manis, larak-lirik tandang nu taja kabingbang.

9. Sri Maha Ratu Riskomar, barang ningali ka Putri, Sang Adjëng Ratna Suminar, Ratu hënteu samar galih, sartana njambat tjalik, bari gupjak bingah kalbu, dagdag-degdeg ngangkëna, Ratu ka Sang Aju Putri, tina langkung gumbira reh kasumpingan.

10. Sumawonna prameswara, muru ka Sang Ratu Putri, bari njëbat duh bagea, mustikaning Pusërbumi, nuhun lëdjaring galih, ngalajad deui ka ibu, ngawangsul Adjëng Ratna, putra nandang laksa këti, kabingahan ku pangangkën ibu-ama.

11. Teu lami Ratna Suminar, ladjëng tjalik dina korsi, di pajuneun Sang Sri Nata, ari tumënggung bopati, anu nëmbe tingali, ka eta Sang Ratu Aju, kantun hookeun ningal, bawaning ku kaget leuwih, aja putri sumping tina djumantara.

12. Tandang nu taja kabingbang, budi nu taja kagimir, tur geulis kabina-bina, saumur kakara manggih, sarta sami migalih, ieu Putri teh tinangtu, lain bangsa manusa, bisa ngambah ing wiati, përdjalanan awang-awang nintjak mega.

13. Kitu manah sadajana, para bopati ka Putri, teu lami Ratna Suminar, ngalirik bari ngalahir, ka tumënggung bopati, sadaja kana tinangtu, ka putra moal tërang, lantaran anjar pinanggih, tępung djongok reudjeung nu kieu sipatna.

14. Bisi hënteu aruninga, putra teh anak Ratu djin, ti dajauh Tolëngtëlëngan, nagara pusëring bumi, ngaran anu sadjati, anu katëlah kamashur, Adjëng Ratna Suminar, murid Sang Dewi Pramanik, Rësi

Istri garwa Sang Purnama Alam.

15. Putri kukutan Sang Kurbah, anu bareto dilandi, Nji Dewi Kania tea, ku djalma nu taja budi, sēpi titi paranti, digujurkeun anak Wiku, padahal saēnjana, tērahing andanawari, satēgēsna pēntjaran sipat kusumah.
16. Ngan waspadana Sang Putra, bubuhan titisan Gusti, tērahing sasaka ningrat, hēnteu kasamar kasangling, ku Putri nu sadjati, tatapina hēnteu kudu, waktu ieu dipēdar, asal-usul Sang Pramanik, ēngke oge kabuka ku sadajana.
17. Para tumēnggung dipatya, ngadangu saur Sang Putri, sami-sami kaget manah, sartana sami ngalahir, ka Sang Ratu Putri djin, atuh rebu-rebu nuhun, dikadarkeun patēpang, sarēng muji kērsa linggih, ka pun paman di nagri nu maas hina.
18. Sri Maha Ratu Riskomar, satadina rek pahili, sangka dina lēbēt manah, ka eta Sang Ratu Putri, sarēng Sang Putri Rēsi, Dewi Pursita saestu, tina ku sapasangna, mung saena Ratu Putri, enggal tērang njēbat kakasih andjeunna.
19. Atuh Sri Maha Riskomar, geus teu samar-samar deui, ka Adjēng Ratna Suminar, samalah tēras ngalahir, Ratu ka Sang Putri djin, ati ama ti kapungkur, ti barang Adjēng djēngkar, ngudag buta ti wiati, siang-wēngi teu pētot ama ngantosan.
20. Naha tumēras ka mana, nu mawi teu enggal deui, Adjēng teh sumping ka ama, ku margi eta pamugi, ama kēdah paparin, tjariosan anu estu, anu djadi margina, pangna Adjēng ēlat sumping, kawas aja pambēngan nu lintang nista.
21. Teu lami Ratna Suminar, ngawangsul ka Sang Narpati, ngundjukkeun nu djadi marga, ēlat teu ngadeuheus deui, dipēdar tina awit, hēnteu kaliwat kaliru, ti barang newak Mandra, Papatih nagri Burbani, anu bidjil ti korsi kantjana tea.
22. Diundjukkeun ka Sri Nata, lalampahan Mandrawati, jen maling putra andjeunna, djurungan Ratu Burbani, ditēraskeun ku Putri, dipi-undjuk ka Sang Ratu, lalampahan andjeunna, neangan Dewi Pramanik, teu kaliwat nēpi ka muka tēnungan.
23. Sarta nēpi ka tēpangna, sarēng Sang Putra Sang Dewi, di Sirkawur pangēbonan, sartana kana dumugi, ti Sirkawur marulih, Gurang-sarak nu didjugdjug, Sri Mah' Ratu Riskomar, ngadangu tjarios Putri, djol gorowok surak bawaning ku bingah.
24. Tapi bari riwih-rawah, gēntra tarik kantjra bēlik, malah-malah sadajana, ngaguruh ngadu'a mudji, nganuhunkeun ka Gusti, Pangeran

nu leuwih agung, geus masihan tērbuka, tina tjojobining lahir, dihandjatkeun kana sagara waluja.

25. Sri Maha Ratu ngandika, ka Putri Pusėring bumi, bari gėntra kėndat-kėndat, katarik ku hawa tangis, aduh Sang Adjėng Putri, naon anu geusan kurup, kaajaan di ama, pikeun mulangkeun pangasih, ka salira Adjėng nu bela ka ama.

26. Marga ama geus rumasa, kahutangan ku pangasih, anu taja sasamina, didjait tina tjojobi, ngawangsul Sang Putri djin, hėnteu kėdah aja kalbu, rumaos kahutangan, ku diri putra pribadi, ngaleungitkeun pitulung Maha Kawasa.

27. Amung panėda putra mah, waktu ieu ama mugi, kėdah nimbalan ponggawa, anu dikintėn utami, bangsa priantun nagri, mapag Sang Pangeran Sunu, sarėngan geureuhana, Sang Rėsi Dewi Pramanik, dintėn endjing upami taja pambėngan.

28. Ngandika Sri Mah' Narpatya, ka Sang Adjėng Aju Putri, mėnggah ama rėmpag pisan, mapag dina dintėn endjing, gantjangna nu digurit, teu lami Sang Maha Ratu, ngandika ka sadaja, rengrengan eusi ngari, anu nudju magėlaran di pamėngkang.

29. Pokona ka Arja Patya, Rahaden Gundarapati, poe isuk jaji Arja, djeung para mantri ngabei, wajahna kudu indit, mapag barudak ka gunung, pasantren Gurangsarak, nėda paidinna Rėsi, Nji Pramanik reudjeung ki Purnama Alam.

30. Kėdah didjurungkeun pisan, sėbutkeun kakang pribadi, djeung atjeukna Prameswara, waktu ieu leuwih-leuwih, hajang geura gok panggih, djeung sipat anak minantu, bisi kaburu mangsa, kana njorang bahja pati, ku lantaran kalėlėban ku barudak.

31. Ngan dina poe ajeuna, kudu ngadjurungan deui, gulang-gulang upatjara, ngembarkeun ka abdi-abdi, djėro kota nagari, sėbutkeun aja pitulung, bėrkatna sarerea, Purnama djeung Nji Pramanik, diparėngkeun timu sarta salamėtna.

32. Ajeuna di Gurangsarak, di pasantren Rėsi watjis, puntjak gunung Gurangsarak, dina poe isuk pasti, dipapagna ti nagri, tina ku lantaran kitu, menta ka sarerea, pandu'ana anu tigin, sing tumuluj salamėt sapapandjangna.

33. Teu lami Aria Patya, ngambangkeun dawuhan Gusti, miwaringan ka sadaja, djaga satru para mantri, ngembarkeun ka praabdi, malah dibėndean ngungkung, dina poe harita, gujur di djėro nagari, ngiring bingah ka kėrsa Sri Maha Radja.

34. Bawaning leuwih sukana, teu tata pasini deui, praabdi eusi na-

gara, tatalu asa kaindit, ditarabeuhan tarik, tarompet tjalung djeung anglung, aja nu tutunggulan, aja nu gamelan musik, toko-toko morobotkeun pĕpĕtasan.



Pangkur

1. Tumĕnggung para dipatya, sadajana hĕnteu atjan marulih, kĕrsana ngantos Sang Sunu, kawuwuhan ditjaram, sadajana tatamu ku Kangdjĕng Ratu, bade ngĕrsakeun pepestan, lamun geus Sang Putra sumping.
2. Kotjapkeun poe isukna, Arja Patih Raden Gundarapati, nu bade djĕngkar ka gunung, diiring ku ponggawa, gulang-gulang para mantri djagasatru, geus sami sikĕp darangdan, ngaliud pajuneun puri.
3. Gantjangna ieu tjarita, hĕnteu lami djĕngkar Aria Patih, tunggang kuda manggut-manggut, ngaleut anu ngiringna, sami pada tarunggang kuda murudul, mĕdal ti kota nagara, njorang gunung bukit lamping.
4. Tunda anu keur di djalan, Arja Patih djeung kabeh para mantri, kotjap nu lĕnggah di gunung, Sang Rĕsi djeung Sang Putra, di patamon Dewi Pramanik teu kantun, sarta Sang Dewi Pursita, sami-sami gunĕm warti.
5. Sang Radjaputra ngawitan, nu tumaros ka rama Maha Rĕsi, putra sumĕdja piundjuk, wirehing putra mĕndak, wartos sidik ngadjadikeun kaget langkung, ti ama Sang Ragatoja, pĕrkawis Njai Pramanik.
6. Disĕbut putra Sri Nata, Ratu nagri Ambarak anu jakti, ku margi tina sakitu, putra tĕh panasaran, naha jaktos sanes tjariosan palsu, saupami sajaktosna, mugu ku ama piwarti.
7. Sang Rĕsi Muhamad Kurbah, nampi saur Sang Putra Nursadjati, sumiak paroman lĕsu, raos marga kabuka, lalampahan njamurdjadi bangsa wiku, nandangan suka djeung duka, manahna Sang Maha Rĕsi.
8. Dukana raos katangar, pangkat rĕsi boga lampah sĕmbuni, wani laku lampah palsu, ari dina sukana, hasil maksud kaluar tina pakewuh, tĕrbuka marga waluja, putus pangarĕpan galih.
9. Hĕnteu lami ngawangsulan, Maha Rĕsi ka Putra Nursadjati, pĕrkawis Agan ngadawuh, mariksakeun hal garwa, Njai Dewi Pramanik anu saestu, ama hĕnteu bade lambat, midamĕl njamarkeun diri.
10. Jaktos pisan hĕnteu lĕpat, sapisaur Rĕsi Komartohidi, jen Dewi Pramanik istu, putra Ratu Ambarak, dupi awit pang aja di dieu njamur,

disébatkeun anak ama, kieu saawitna tadi.

11. Ama teh nu sajaktosna, Mantri Sēpen kokolot di djro puri, ngurus barang di kadatun, turug-turug ěmbina, di pĕtakeun ngarorok putra Djĕng Ratu, kahidji Dewi Kania, kadua ieu Pramanik.
12. Sarĕng pamĕgĕt tjikalna, ĕnggeus baleg juswa salikur warsi, kasihna anu mashur, Sang Putra Gĕndarata, mung harita di nagari nudju suwung, masantren di Ragatoja, di Rĕsi Komartohidi.
13. Ama dina hidji mangsa, kintĕn tabuh satĕngah satu wĕngi, nudju dawuh naas pitu, ama sarĕng ěmbina, nudju ngajun ngabengbatkeun putri bungsu, ĕnja ieu garwa Agan, Putri Sang Dewi Pramanik.
14. Dupi Sang Putri Kania, saharita kulĕm sarĕng Meswari, dina pagulingan Ratu, ama waktos harita, dikĕrsakeun ku Allah nu maha agung, ngalĕnggut ama nundutan, raos bentĕn ti sasari.
15. Ngalĕnjap ama sakĕdap, sarĕng barang ningal ka tĕngah bumi, lawang kadjuaran Ratu, aja opat rasĕksa, sarta mabĕk di djĕro kadatun bau, ama sinarĕng ěmbina, tina bawaning ku gimir.
16. Tĕras ngĕdjat tina kamar, tuang rai ieu Dewi Pramanik, dibuntĕl tĕras dibantuan, njampeur Ahmad Sĕmbada, Mantri dapur sarĕng Hamiah teu kantun, tĕras ama lunta anggang, kaluar ti djĕro nagri.
17. Kabur ngambah pangalasan, hĕnteu pisah opatan nandang sĕdih, njeorang leuweung luwang-liwung, dugi ka ieu tĕmpat, tĕras bae nja madyik di ieu kampung, bĕbĕtah djeung ngababakan, ku pribumi dipisudi.
18. Lantaran tembong kabisa, bab agama djeung karadjinan deui, usaha panungtun hirup, roa anu darongkap, saban sasih murudul anu tjarunduk, masantren ngalap agama, ama dimashurkeun Rĕsi.
19. Sanggeus sataun lamina, djadi Rĕsi muruk pasal susutji, ama dina hidji waktu, nudju migawe orad, tĕngah peuting kintĕn-kintĕn tabuh satu, aja gĕntra anu tĕrang, nongtoreng pangeling-ngeling.
20. Ungĕlna eta sowara, nu katjantĕl dina lĕbĕting ati, eh Kurbah Mantri Kadatun, ajeuna sing iatna, tina sabab aja anu njusul-njusul, duruwiksa ti sagara, maksudna rek ngarah pati.
21. Tatapi aja akalna, eta Putri 'tong disĕbut Pramanik, kudu Kania sing mashur, njutat ngaran lantjeukna, Pramanik mah kudu ngaran ieu lĕmbur, poe isuk embar-embar, ka sakabeh santri-santri.
22. Supaja djadi nĕlahna ngaran ieu pasantren teh Pramanik, ari nu matak dikudu, dipindah-pindah ngaran, ngarah hemĕng pikirna anu rek hasud, ngan teu kudu trang ajeuna, ka pajun oge kaharti.
23. Sakitu eta lahirna, nu katjatĕt dina lĕbĕting ati, isukna ku ama tĕrus, ka santri sadajana, diembarkeun sakumaha saur tuduh, Sang

Putri Dewi Kania, putrana Rĕsi Pramanik.

24. Tah kitu asal-usulna, pang ama teh aja di dieu tjitjing, sarĕng rai anu istu, tina margana eta, hĕnteu lĕpat sakumaha saur Wiku, Sang Pandita Ragatoja, jen rai Dewi Pramanik.

25. Putra Sri Maha Ambarak, putri bungsu asuhan ama-ĕmbi, sakitu ama pihatur, Sang Dewi djeung Sang Putra, ngaharulĕng ngadangu saur Sang Wiku, teu lami Radja Pinutra, ngandika ka Sang Pamanik.

26. Naha Njai teu tjarita, ti bareto ka ĕngkang sangkan sidik, asal-usul laku kitu, Sang Dewi ngawangsulana, abdi oge nĕmbe ajeuna nu estu, tĕrang di raratan asal, margi abdi nudju alit.

27. Malah ama ge nĕmbean, njarioskeun pasal nu djadi awit, ngumbara di ieu gunung, mung pikir djadi naha, saupami abdi tĕrang ti kapungkur, tangtos mo' aja raosna, nandang pikir kurunjinji.

28. Kadangkala njorang tiwas, ngaganggajong diri moal walagri, emut ka sĕpuh nu pupus, amung waktos ajeuna, kantong nuhun ka Gusti Nu Maha Agung, pĕrantos masihan kadar, ka luar tina tjojtjobi.

29. Mung mugu tĕras-tumĕras, tina wangkid ajeuna diri abdi, kantong mulusna rahaju, kalajan tiasana, kalulusan laku sumudjud satuhu, kana sugri pangĕrsana, pagusten panutan abdi.

30. Kitu ge manawi lambat, wĕlas asih ka nu hina tur doip, kanggo piruruhan kalbu, imut Radja Pinutra, bari njaur mun kitu Njai teu kukuh, bĕt masih salĕmpang hangham, risi ĕngkang muntah pikir.

31. Padahal ati ĕngkang mah, hĕnteu sĕdja siwah pĕgat miasih, ka diri Njai nu estu, dibelaan pĕrlaja, kadjeun burung djadi pakuning kadatun, tinimbang pulih pikiran, kanjaah ka diri Njai.

32. Dibelaan sakieuna, ampir-ampir lampus nĕmahan pati, tina tigin ka nu kitu, tjatjakan ati ĕngkang, mun sajong mah kana napsu nu kaliru, tangtu keuna ku rantjana, gogoda hawaning lahir.

33. Ku Njai oge karasa, sarta djadi wiwitan narik sĕdih, ngalantung di nu teu umum, lir tĕdak bangsa hewan, laku lampah ngurubut di gunung liwung, teu njaah ka raga-njawa, teu gimir ku baja pati.

34. Sang Pramanik ngawangsulana, nuhun pisan mun jaktos dipigalih. didamĕl rungruman kalbu, odjah abdi nu hina, sawangsulna upami abdi teu tuhu, sumeuleukeung lambat sĕmbah, ka gamparan nu sajakti.

35. Kantĕnan musna leungitna, sĕpah asal nu ngajugakeun tadi, moal kabitur katĕmbus, tĕrkadang sapaosna, diri abdi marunggon di kampong dusun, ajeuna djadi kabuka, sĕpah mitra para wargi.

Agustus 1958.
Lee Sang

Dangdanggula

1. Gantjangna teh ieu nu digurit, saporantos tamat sasauran, di bandjarkarang patamon, ngadadar asal-usul, henteu lami Sang Maha Rēsi, sarēng Ahmad Sēmbada, Hamiah Nji Wiku, marulih ti patamuan, wantu-wantu harita parantos wēngi, kantun Sang Putri-Putra.
2. Ditēraskeun gunēman wawarti, Sang Pramanik sarēng Sang Pinutra, tjarios dēmit nu alon, Sang Pramanik piundjuk, ka Sang Putra Nursadjati, abdi gaduh pamaksad, piundjuk nu husu, anu lintang gumantēngna, siang-wēngi teu pisan towong samēnit, tumantjēb dina rasa.
3. Tina margi ku rumaos ati, kaabotan nu taja samina, ku belana Njai Putren, ku gamparan kamaphum, kasaeon Nji Ratu Putri, malah kenging disēbat, sareat nu puguh; djalanan kenging tērbuka, handjat tina sagaraning baja pati, sugri laraning dunja.
4. Ku pangodjah Nji Ratu Putri djin, dibarēngan ku kadar Pangeran, lesot ti geusan prihatos, ku margi eta kitu, sewu-sewu panuhun abdi, kalajan kawēningan, sanes marga palsu, pamugi kērsa gamparan, agung-agung wēlas asih ka Nji Putri, lambat kasētya manah.
5. Tina margi Nji Ratu Putri djin, pangna bela nu lintang pērkosana, seseapan odjahna teh, ku abdi nu kaemut, tangtos aja anu dipambrih, tina ningal raratan, kadujung kairut, Njai Putri ku gamparan, malah-malah waktja balaka ka abdi, dina lēlēkanana.
6. Margi eta panuhun sim abdi, mugi-mugi ku gamparan tikah, pidulureun abdi tulen, upami teu dikabul, sakumaha panuhun abdi, gamparan henteu kērsa, abdi anu kantun, abot nandang kalēlēban, ku kanjaah ka Njai Ratu Putri djin, marga narah papisah.
7. Kadangkala salamina hurip, ngalanglajung langgēng sumoreang, mēnggah abdi ka Nji Putren, barang Pangeran Sunu, ngadangukeun Dewi Pramanik, jen kitu piundjukna, ngadjurung ngawajuh, Sang Radjaputra grēndaka, pura-pura anu nandang henteu sudi, kumētjut pasēmonna.
8. Ngoser mēsum dibarung ngalahir, tjape keneh mēntas tina susah, ajeuna hajoh direwong, pigeusaneun kabingung, laku anu teu djadi hasil, tēgēsna nu pērtjumlah, pagawean njandung, leuheung-leuheung mun geulisna, Nji Suminar mapakan ka diri Njai. meureun ēngkang teh sadrah.

9. Tatapina tina tigin ati, katjengengan tekad kumawula, mungguh ka diri Njai teh, susah lamun teu nurut, kadangkala djadi balai, lamun engkang balaka, ka Njai teu nurut, ku sabab eta engkang mah, waktu ieu nu dipusti dina ati, sartana moal pukah.
10. Naon bae pangarëpan Njai, hampang-beurat pasti dilakonan, bët moal bédang bédégong, ngan engkang nandang paur, risi inggis Nji Ratu Putri, nampik ka diri engkang, Sang Dewi ngawangsul, gambaran tong sëmang manah, bët piraku hënteu satekad djeung abdi, mënggah Ratna Suminar.
11. Saparantos Sang Putra Sang Putri, tjatjarios di djro pagulingan, gantjangna nu ditjarios, tunda anu di gunung, Sang Pinutra sarëng Sang Dewi, kotjap anu di djalan, utusan Djëng Ratu, mapag Sang Radja Pinutra, Arja Patya djeung sadaja mantri-mantri, ngaleut tarung-gang kuda.
12. Ka Pasantren hënteu lami sumping, Arja Patih harita geus tëpang, sarëng Sang Rësi pasantren, sartana langkung-langkung, kagupjakan Sang Maha Rësi, mundjung djeung mamandapan, hormatan ka tamu, kitu deui Arja Patya, malik titih hormat ka Sang Maha Rësi, tindak tata ka sëpah.
13. Hënteu lami Aria Papatih, dilinggihkeun ku Sang Rësi Kurbah, ka bandjar karang patamon, tëmpat Pangeran Sunu, sarta Raden Aria Patih, barang gok teh patëpang, Pramanik Sang Sunu, langkung-langkung kasonoan, Putra-Putri dirangkul ku Arja Patih, barina ditangisan.
14. Aduh ieu anak ama geuning, Putra-Putri mustika Riskomar, djantunging wawangen hate, ama teh ampir lampus, ngidër ngambah saban nagari, gunung djeung pangalasan, didjugdjug diasruk, ngilari salira Agan, taun-taun ama tumilar nagari, ngadadjah madhab papat.
15. Mung ajeuna ama laksa këti, du'a nuhun Agan geus kapëndak, sarta wiludjëng nu jaktos, Radjaputra ngawangsul, sarta bari ngalimba nangis, abdi teh sawangsulna, rebu-rebu nuhun, nampi kadaring Pangeran, makbul maksud tiasa patëpang deui, sarëng salira ama.
16. Taja sanes anu dipiati, mung hibarna pangdudu'a ama, abdi lesot ti prihatos, bagdja mulus rahaju, hënteu nindih ka bahja pati, eta teh mung hibarna, pandu'a prasëpuh, ku margi eta panëda, mugi-mugi ka Gusti Nu Maha Sutji, tina wangkid ajeuna.
17. Dikërsakeun hënteu nampi deui, baja lara nu kitu hinana, karaos abot prihatos, tutupna ati liwung, anu hënteu aja sasami, sipating lara dunja, nu sarupi kitu, ngandika Aria Patya, mugi-mugi dikabul kahojong galih, kana kawiludjëngan.

18. Putra-Putri sarëng Arja Patih, saparantos lalélër manahna, tēras sami linggih bae, sarta hēnteu padjauh, saalkētip di djēro bumi, Patih djeung Putri-Putra, Pursita nu ribut, popolah baris haturan, nu ngadeuheus teu surud dugi ka wēngi, praabdi Gurangarak.
19. Tangtu pandjang lamunna ditulis, kabingahan sarta kangēnēsan, tatamu djeung nu katamon, nu marundjung geus surud, Arja Patih ladjēng ngalahir, ka Sang Radja Pinutra, ama teh nu estu, ka dieu ngēmban dawuhan, ti pangērsa rama Sri Maha Narpati, kēdah mapagkeun Agan.
20. Kēdah pisan lku ama kairing, Agan sarēng rai ka nagara, diantos ku prabupatos, hēnteu lami Sang Sunu, ngawangsulun ka Arja Patih, abdi teh nampi pisan, miwah rebu nuhun, kalajan maksad kumambang, diri abdi disaur lku rama Gusti, ka nagara Riskomar.
21. Amung abdi katur laksa kēti, panuhunan ka kērēsa ama, mēnggahing abdi pribados, sanes hēnteu sumudjud, kana kērēsa djēng rama Gusti, margi moal tiasa, abdi buru-buru, ngadeuheusan ka nagara, tina margi aja pērkawis ngadjadi, kana marga pambēngan.
22. Margi lintang mantēng dina ati, maksad mios ka nagri Ambarak, dumeuheus ka Sri Narpatos, rama pun bodjo istu, bade bakti satia ati, njēmbahkeun samudaja, raga-njawa katur, manawina aja sihna, pangaksama galih nu lenggang nu sutji, Kangdjēng Ratu Ambarak.
23. Tina margi abdi nu sajakti, ka kērēsa Sri Maha Ambarak, tatjan dumeuheus babaktos, bok bilih djadi kalbu, kabēnduan ka diri abdi, nu lintang marga nista, bilih kana umum, kasēbat adat mitoha, bentēn deui djeung adat sēpuh pribadi, mun kirang misēpahna.
24. Marga roa tjonto anu bukti, waktu ieu nu kirang pērmana, ngadolos sangka nu awon, ka nu djadi minantu, tah sakitu abdi karisi, nu mawi bade enggal, abdi teh ngadjugdjug, dumeuheus ka Sri Ambarak, mung sakitu wagēlan abdi nu jakti, mo' kenging dihalangan.
25. Amung ieu pun bodjo pinasti, didjurungkeun ka kraton Riskomar, ngadeuheusan ka Pagusten, baris wakil piundjuk, ka kērēsa djēng rama Gusti, marga kawiludjēngan, supadosna maphum, kana sugri lalampahan, diri abdi sarēng pun bodjo Pramanik, pasal kasungkawaan.
26. Arja Patih langkung ewuh galih, nguping saur Sang Radja Pinutra, bade ka Ambarak mios, ngahulēng hēnteu njaur, amung dina lēbēting galih, njangka ka Radjaputra, lantaran pang kitu, wireh Sri Maha Riskomar, waktu tadi ngusir ka Dewi Pramanik, anu teu djeung pērmana.

27. Kadjudina ku Aria Patih, Radjaputra bĕndu ka Djĕng Radja, pangna bade lolos oge, sarta teu lami njaur, Arja Patih ka Nursadjati, mĕnggah emutan ama, sarebu panuhun, kĕdah ka Riskomar heula, ngadeuheusan ka kĕrsĕ Kangdjĕng Gusti, pinton kawiludjĕngan.
28. Mangga manah ku Agan sing lantip, nadjan aja wiwitan nu lĕpat, mĕnggah salira Pagusten, geusan nu teu panudju, mugu ulah didamĕl galih, kana marga masiat, djamakna da sĕpuh, kĕdah didamĕl nugraha, etang-etang wiwitan tĕrbuka galih, geusan nandjung daradjat.
29. Radjaputra ngawangsul ka Patih, rebu nuhun abdi nampi pisan, piwĕdjang ama nu sae, amung abdi nu istu, sanes pisan nu djadi awit, pang bade ka Ambarak, ku kalĕpat sĕpuh, anu abdi hĕnteu tĕrang. mung ku tigin dina salĕbĕting ati, anu taja pĕgatna.
30. Hajang geura patĕpang nu sidik, sarĕng hajang nangenkeun adatna, naha sami djeung nu sanes, gorengna ka minantu, hĕnteu aja pĕrtiti adil, beurat ku kadunjaan, ngukuhan kaagung, kitu anu dipimak-sad, hajang tĕrang di tĕdakna hidji-hidji, adatna para sĕpah.
31. Margi eta panuhun sim abdi, mangga geura mulih bae ama, sinarĕng pun bodjo bae, undjukkeun ka Djĕng Ratu, sakumaha piundjuk abdi, jen aja pamaksadan, nangenkeun prasĕpuh, adatna hidji-hidjina, naha sami matak era matak seuri, dina hal taladjakna.
32. Arja Patih ngalahiran deui, mĕnggah ama teu rek ngahalangan, nja kumaha kĕrsa bae, ngan supajana puguh, piundjukeun ka Kangdjĕng Gusti, sarĕngan kĕdah aja, tawis anu husu, sĕrat ti salira Agan pĕrmuhunan sakumaha nu diwarti, supados Kangdjĕng Radja.
33. Ulah aja kahamhaman galih, kasidikan wiludjĕngna Agan, kitu panĕda ama teh, Radjaputra ngawangsul, njumanggakeun ka Arja Patih, sartana tĕras njĕrat, baris ka Djĕng Ratu, pikeun ti heula miosna, nu ngabantun gulang-gulang nu utami, nu kapilih ludeungan.
34. Subuh-subuh gulang-gulang indit, ka nagara ngĕmban piwarrangan, njanggakeun sĕrat Sang Anom, ka kĕrsa Kangdjĕng Ratu, ari Raden Aria Patih, djeung mantri sadajana, lalinggih di gunung, siangwĕngi sukan-sukan, sasalsena tumaros ka Maha Rĕsi, pasal elmu tarekat.
35. Gantjangna teh ieu nu digurit, Arja Patih djeung mantri sadaja, harita geus tudjuh poe, sarta geus urus-urus, dangdan djoli baris Sang Dewi, sarĕng Dewi Pursita, wantu djalan gunung, harita ĕnggeus sadia, hidji djoli beunang ngaer-ĕmas kuning, lajarna sutra kajas.
36. Sang Pursita djeung Dewi Pramanik, ĕnggeus sikĕp nganggo bade djĕngkar, teu lami Pangeran Anom, ka rai ladjĕng njaur, aeh Njai Dewi

Pramanik, ulah rek salah paham, ku dumeh didjurung, djadi wakil ngadeuheusan, henteu kudu ku éngkang teh dipiwarti, Njai ge tangtu tĕrang. 37. Pang éngkang teh anu matak wani, ngadjalankeun pĕrtata nu murka, bĕdang ka rama Pagusten, éngkang teh langkung-langkung, malik era ku diri Njai, sumawonna ku bangsa, bopati tumĕnggung, nu tĕrang raratanana, adat ama anu didjalankeun tadi, istu matak wiwirang.



Asmarandana

1. Ngawangsul Dewi Pramanik, duh-aduh gamparan muga, ulah ngadolos pangraos, kana marga kalĕpatan, kana pangĕrsa rama, abdi mah kalangkung paur, sumiak djĕroning rasa.
2. Inggis pinanggih ngadjadi, tideuha tjambal salira, sumered kana tjojtjoge, mĕnggah kahajang abdi mah, ulah dilambat-lambat, didamĕl kakusut kalbu, nadah marga kangĕnĕsan.
3. Mugi digalih dipusti, didamĕl djimat pusaka, kĕrsana Kangdjĕng Pagusten, anu parantos tumiba, ka abdi ka gamparan, etang-etang turun wahju, tĕrbuka lawang daradjat.
4. Sang Radjaputra ngalahir, mun kitu éngkang salĕmpang, aringgis parĕng tinĕmon, reudjeung sĕsĕndon nu nista, ti Djĕng Ratu Ambarak, meureun Njai moal milu, mangnjĕrikeun diri éngkang.
5. Barang Sang Pramanik nguping, kana tempasan Sang Putra, gumuju henteu ngawalon, gantjangna nu ditjarita, harita geus sadia, samalah Sang Maha Wiku, ngadĕg di latar ngadoa.
6. Teu lami Dewi Pramanik, sarĕng Sang Dewi Pursita, geus tunggang djoli ngarendeng, barang geus tamat doana, Wiku Muhamad Kurbah, njaur njĕbatkeun rahaju, sumangga geura djalĕngkar.
7. Rahaden Aria Patih, tunggang kuda pangheulana, ku dua gundal diobeng, djoli di pungkureunana, diĕma ku aleutan, mantri-mantri djagasatru, ngaleut sami tunggang lkuda.
8. Tunda Sang Dewi Pramanik, kotjap Sri Maha Riskomar, sarĕng Sang Ratu Pinutren, para tumĕnggung dipatya, kĕmpĕlan di pamĕngkang, digunggung ku sora dĕgung, liwungan di parukunan.
9. Wantuning gunĕman warti, babaran luar biasa, sipat kabingahan raos, gugujon djeung gogondjakan, tamba kĕsĕl ngantosan, Pramanik sarĕng Sang Sunu, anu keur nudju dipapag.
10. Sang Sri Narpati ngalahir, ka Putri Ratna Suminar ama teh

arek njarios, anu saénja-énjana, tina pasal barudak, ajeuna arek tjarunduk, Pramanik reudjeung éngkangna.

11. Nu leuwih gumantung ati, anu taja papadana, kana hajang geura djongok, tērang dina salamētna, sanes ka Ki Purnama, wungkul ka si Njai mantu, Pramanik buahing rasa.

12. Malah ditimbang ditanding, kaburat djēroning rasa, abot ka Pramanik bae, batan ka Purnama Alam, dina waktu ajeuna, ari pangna ati kitu, beda kamēlang kanjaah.

13. Pasal ku dua pērkawis, ari Purnama Alam mah, da puguh lalaki tulen, pantēs kana boga lampah, ngadadjah sabuana, rek nuturkeun indung suku, ngambah sarubakna djagat.

14. Sanadjan nu djadi awit, karuntjang ku sipat setan, dirawu ku gēndērēwo, eta mah da bongan saha, taja teuing kabisa, beunang dipangku dirawu, dipirusa ku rasēksa.

15. Ana dipikir ku ati, hirupna Purnama Alam, matak olok kedjo bae, malah ngadjadi rumasa, era ku para warga, ketjēluk ka awun-awun, boga anak sakituna.

16. Kairid ku lain-lain, kabawa ku kaba-kaba, dikelek ku sipat onom, teu aja pisan odjahna, tanda taja kabisa, hēnteu tjara anak batur, pudjieun nu djadi bapa.

17. Kadua pērkarā deui, sanadjan Purnama Alam, teu kapanggih deui oge, moal djadi katiwasan, kana pērkarā pandjang, tina panēm-puhkeun batur, bubuhan anak sorangan.

18. Ari Nji Dewi Pramanik, loba-loba geusan djalan, pikeun kasusahān hate, lamun tuluj leungit musna, tērkadang kana matak, sarusut gujur djeung batur, robah djeung warga pramitra.

19. Ku Adjēng oge kadjudi, pangna kitu hate ama, mung teu kēdah ditjarios, anu djadi saénjana, nu matak sokieuna, nandangan kalangsu napsu, nista pērlajaning rasa.

20. Ratu Putri sanggeus nguping, pangandika Sang Sri Nata, gumuju bari ngawalon, pērkawis tjarios ama, lintang marga saena, nutur pangbalikan kalbu, ngumbah kamurkaan asal.

21. Amung dilēnjēp ditungtik, ku budi nu sajaktosna, bēt geseh ti pangkat saleh, ngadēg tjuriga wiwaha, ku djalan lalamunan, mikukuh nu tatjan puguh, miénja nu tatjan njata.

22. Bēt ama milahir risi, sēmang njeorang katēmpuhan, upami kadar musna teh, atjeuk Pramanik lolosna, ti nagari Riskomar, saupami tadi kitu, ama salēbētning manah.

23. Atuh ama teh pērtawis, djuru kadjurung ku hawa, pondok panggo-

djahing raos, lir babasan para mojang, purah sakulit bawang, tara ngudjur kana umum, tara nundjang kalumbrahan.

24. Ngalahir Sang Sri Narpati, ěh Adjĕng ama rumasa, kana taledor nja hate, anu taja pĕrmanana, tatapi ajeuna mah, rek njeun tutunggul kalbu, watĕs-wangĕn panganggeusan.

25. Pandjang lamunna ditulis, pawartana Sang Sri Nata, sarĕng Sang Ratu Pinutren, kotjap utusan Sang Putra, anu ngabantun sĕrat, baris ka Srimaha Ratu, harita parantos dongkap.

26. Ngadeuheus ka Kandjĕng Gusti, barang Sang Srimaha ningal, ngadĕg sartana marios, naha bĕt datang sorangan, mana ari ki Arja, djeung sakabeh batur-batur, reudjeung anu diparapag.

27. Njĕmbah ngawangsulana Mantri, pĕrkawis djuragan Arja, masih linggih di pasantren, ku putra Gusti ditahan, ditjaram mulih enggal, manawina minggu pajun, bade pisumpingeunana.

28. Mung pribados abdi Gusti, wangsul ti pajun margina, nampi dawuhan Sang Anom, sarĕngan djuragan Arja, ngabantun ieu sĕrat, teu lami sĕrat ku Ratu, diaos tĕtĕs tur tĕrang.

29. Ungĕlna anu kagalih, jen Radjaputra kĕrsana, bade ka Ambarak mios, moal waka ngadeuheusan, ka Sri Maha Riskomar, barang Sang Sri Maha Ratu, parantos ngaosna sĕrat.

30. Nyalahir ka Sang Meswari, sarĕng ka sugri nu lĕnggah, geuning Purnama Alam teh, moal barĕng djeung ki Arja, sabab aja maksudna, baris ngadeuheus ka Ratu, kota nagara Ambarak.

31. Ngan wakil ka Nji Pramanik, nu baris ka dieu datang, tjeuk dina ieu surat teh, lantaran Purnama Alam, nandangan kaabotan, tatjan piundjuk nu husu, kasĕtyaan ka mitoha.

32. Tatapi sukur teh teuing, nja eta anu dipenta, satia hate ka kolot, nadjan moal deui mulang, Purnama ti Ambarak, moal ditjaram diganggu, moal didogong dipalang.

33. Ngan Njai Dewi Pramanik, nu baris didama-dama, didjieun anak puputon, mustika puri Riskomar, malah dina ahirna, moal pulur sadrah napsu, kana mikeun ka Ambarak.

34. Pikeun tjawisan ngaganti, njangking karaton Riskomar, mungguh Njai Pramanik teh, ieu teh djangdji subaja, lain sakama-kama, kadjurung ku hawa napsu, lain ti tekad pĕrtjumah.

35. Bidjil tina sanubari, sasakaning sadjatina, pangodjah hate nu saleh, kasaksi ku sadajana, para bopati arja, anu sami-sami rawuh, hadir di ieu riungan.

Sinom

1. Sarëng ajeuna pamuga, sadaja satia galih, ulah waraka marulang, samemeh datang Pramanik, urang midamël tawis, pamurub kabingah kalbu, ngadëgkeun pepestaan, ngala atji Nji Pramanik. ku sagala sipat tëtëngër-gumbira.
2. Njumanggabeun sadajana, kana dawuhan Sang Adji, jen bade kana ngantösan, sumpingna Dewi Pramanik, kitu deui praabdi, gujur ibur pada maksud, njumbang ka Kangdjëng Radja, rupa-rupa bangsa rasmi, anu pantës kana pangkreka karia.
3. Ubiag djëro nagara, nantang hajang geura sumping, Sang Dewi ti Gurangsarak, gantjangna anu digurit, kotjap Dewi Pramanik, poe harita geus tjunduk, sarëng Aria Patya, ka katja-katja nagari, murub mubjar gumilang sëmu lajungan.
4. Gehger sadjëro nagara, ningal tjahaja dumëling, awor djeung tjahaja siang, njorot ka djëro nagari, nu ningal balawiri, kaget ku aja nu ngëmpur, barang ënggeus përtela, tjahaja Dewi Pramanik, lalumpatan pasëdëk-sëdëk marapag.
5. Gër surak ambal-ambalan, bari njëbat nuhun Gusti, sumping sarëng wiludjëngna, kitu undjukna praabdi, ka Sang Dewi Parmanik, ngaliwat ka pasar baru, tambah djëdjël nu ningal, awewe reudjeung lalaki, prasudagar ngahormat ku pëpëtasan.
6. Sang Ratu sarëng Meswara, sarëng Sang Ratu Putri djin, ngadangu ear nu surak, sarta djalma balawiri, kaget tëras ngalahir, ka mantri djeung djaga satru, nimbalan geuwat-geuwat, taëang masingna sidik, naha naon gara-garana nu surak.
7. Pramantri ngëmban timbalan, ngadigdig ti pantjaniti, ka anu ear-earan, hënteu lami dongkap deui, undjukan ka Djëng Gusti, jen Putri sumping ti Gunung, Radja sarëng Meswara, lalungsur ti pantjaniti, hënteu kiat nahan hojong geura tëpang.
8. Ilang galih kaagungan, leungit titi hak Narpati, Radja sarëng Prameswara, djalëngkar ti pantjaniti, diiring ku pramantri, para bopati tumënggung, Adjëng Ratna Suminar, djeung para istri prijaji, hënteu kari arangkat paheula-heula.
9. Ratu sarëng Prameswara, ngarendeng angkatna gasik, murubut mëdal tjisotja, teu lami katingal sidik, Sang Dewi dina djoli, murub tjah-

hajana mantjur, mubjar nu matak serab, sarta Sang Dewi Pramanik, henteu samar paningal ka Sang Sri Nata.

10. Miwarang liren djolina, sarta bari lungsur gasik, isin ku ningal ka Radja, Pursita nja kitu deui, tjalik gigireun djoli, kotjap Meswara djeung Ratu, barang waspada ningal, ka putra Dewi Pramanik, henteu tata ku Ratu sarëng Meswara.

11. Dirangkul ditarangisan, bari njëbat ieu geuning, djungdjunan buahing rasa, nu geulis Dewi Pramanik, anak aing sadjati, djantunging pamurub kalbu, kitu sambat Sang Radja, sarëng Sang Prameswari, ka Sang Dewi bari dikaleng dipajang.

12. Sang Dewi langkung ngangluhna, dina salëbëting galih, njuuh ka sampean Radja, nangis dugi ampir lali, tina bawaning leuwih, tērësna lëbëting kalbu, sësëk ku pangadjian, këmpël dina sanubari, djadi bandjir tunggara rarambu manah.

13. Enggalna harita tēras, Ratu sarëng Prameswari, mulih tina tēmpat eta, bari ngaleng Sang Pramanik, teu kantun Sang Putri djin, malah ngiring ngungun kalbu, nandang katērësnaan, murubut mēdal tjitangis, tingkarëtip lir tjai ibun maruntang.

14. Henteu lami Sang Sri Nata, geus sumping ka pantjaniti, lënggah di korsi kantjana, sarëng Sang Dewi teu tēbih, dihapit ku Meswari, dite- ma ku Ratu Aju, sarëng Dewi Pursita, para tumënggung bopati, beres lënggah di pajuneun Sang Riskomar.

15. Buruan gëdong pamëngkang, sësëk dëdët ku praabdi, wantu- ning hempak ngabajak, nongton Sang Dewi Sang Putri, pahormatan geus muni, ngaguruh sakur nu harus, reog angklung tērëbang, pelog dëgung barung musik, djeung tanggara mariëm gëgëlëdugan.

16. Ratu sarëng Prameswara, teu pëtöt-pëtöt tjitangis, djeung di- barung sasauran, pangdeudeuhan ka Sang Dewi, lahirna Sang Narpati, eh Njai Pramanik ënung, ajeuna ama sadrah, raga njawa teu sumingkir, kana nampa pamalës Njai ka ama.

17. Ngan henteu kudu didadar, ku ama ka diri Njai, babad kahe- mëngan rasa, përtiti ama ka Njai, sabab ënggeus kadjudi, mungguh ku Njai nu estu, ngan kari ama menta, nu tigin hampura Njai, lahir-batin anu tëtës sadjatina.

18. Dewi Pramanik kalintang, ngangrës salëbëting galih, nampa la- hiran Sri Nata, tumungkul tibalik isin, dumugi ampir-ampir, njuuh di pajeuneun Ratu, ilang daja upaja, katarik ku galih sëdih, mung pangraos mongkleng sabuana alam.

19. Sakëdap teu ngawangsulun, kalindih ku linglung galih, kandëg

ku hawa sungkawa, anu henteu aja tanding, teu lami lilir galih, ngawangsul ka Kangdjeng Ratu, sowantĕn kĕndat-kĕndat, abdi Gusti laksa kĕti, bakti sudjud dunja dumugi aherat.

20. Kalajan seba babakta, abdi Gusti pinton ati, tina marga kalenggangan, anu teu aja sasami, didamĕl titis sutji, wawangsit Gusti kapungkur, piwulang marga padang, pantjĕrna madu raspati, dipidamĕl pusaka kasampurnaan.

21. Abdi Gusti sawangsulna, mung panuhun laksa kĕti, mugĕ ulah kaboboran, milahir alaming tadi, anu parantos sĕpi, kasapu ku kalbu husu, masihan kawĕlasan, nu wĕning lenggang dumĕling, nu katampi ku abdi Gusti ajeuna.

22. Sri Maha Ratu Riskomar, sarĕng Sang Parameswari, barang ngadangu wangsulan, mantu Sang Dewi Pramanik, wuwuh lĕlĕbna galih, deudeuh tur mutuh kajungjun, sarta tĕras ngandika, Ratu ka Dewi Pramanik, ama nampi sisip dina lĕbah dinja.

23. Ama gana kumawawa, ngagugat lampah nu sisip, kabawa ku kalumbrahan, murilit ka alam tadi, djadi kulit djeung daging, djadi sungsum djadi balung, tapi ajeuna mungkar, sutji diseka ku Njai, bengriĕs tĕrang pangrasa ama gumilang.

24. Ku sabab eta ajeuna, ama rek nitiskeun djangdji, ka diri Njai sorangan, lamun ama dina ahir, geus lesot njĕkĕl nagri, adjal atawa mangsiun, ieu nagri Riskomar, ku ama didjieun pasti, satĕgĕsna moal dipukah subaja.

25. Pikeun hak milik duaan, Purnama Alam djeung Njai, ngaraton nagri Riskomar, mana bae nu kapilih, anu bakal walagri, tjukul elmu djeung panĕmu, pasal ngurus nagara, djadi ĕngkangna djeung Njai, waktu ieu gadangan Ratu Riskomar.

26. Sakitu subaja ama, kasaksi ku pradipati, djangdji tigin moal pukah, teu lami Dewi Pramanik, ngawangsul ka Sang Adji, dawuhan Gusti kasuhun, kalajan sakalintang, sumĕrĕp ka abdi Gusti, ngadjadikeun gumbira nampi kurnia.

27. Mung tangtos djadi tuladan, lir dongeng Ratu Habĕsi, waktos dina djaman kuna, ratu agung njakrawati, djabi ti sĕpi harti, kawuwuh suwung pangrungu, ilang sipat paningal, nu kasĕbat buta tuli, awon tĕmĕn Riskomar kitu ratuna.

28. Margi moal bentĕn pisan, saupami abdi Gusti, ngaraton nagri Riskomar, sarĕng babad suluk Habsi, teu lami Sang Narpati, gumuju bari ngadawuh, tapi teu wĕleh kĕrta, djĕmbar aman para abdi, diratuan ku Ratu kitu sipatna.

29. Sang Adjëng Ratna Suminar, piundjuk ka Sang Pramanik, barung tandang taja bingbang, raos rai nu sajakti, hënteu kédah teh teuing, mundur ku suwung panëmu, nolak sipat kurnia, ngandekeun ka suluk Habsi, hënteu wërat kana ngasta hak nagara.

30. Mënggah emutan rai mah, hënteu kédah sisip galih, mangkon sawëngkon Riskomar, masih keneh aja rai, pëdaran sakola djin, anu baris ngaping munggu, ngababar kaamanan, ngatur mërwinjtji nagari, djeung ngadjaga bisi aja nu gumagah.

31. Saupami parëng aja, dibawah ieu nagari, bangsa tumënggung dipatya, njeun përtiti nu wani, dumeh ka Ratu Istri, eta teh kenging disëbut, mulangkeun panjiraman, bakal ragana digisik, diantjurkeun ku tangan Ratna Suminar.

32. Tina margina rai mah, amung ku atjeuk sahidji, kaserab di ieu dunja, anu mawi diri rai, teu kantun ngintil-ngintil, sumudjud bela tumutur, tina marga emutan, ngangkën guru lahir-batin, ku rumaos sisip sagala pangodjah.

33. Dewi Pramanik ngandika, ka rai Sang Aju Putri, kantënan pasal eta mah, atjeuk përtjantën teh teuing, kana pangodjah aji, pasal damël përang pupuh, amung dina përkara, kawëratana dina ati, pasal muskil ngajak ngeujeukna nagara.

34. Dina tandingan timbangan, pangadilan hak nagari, eta anu langkung beurat, ku atjeuk moal katëpi, ana hënteu katëpi, moal subur ku rahaju, moal djëmbar waluja, nagara kusut tur rudjit, kadangkala ngadjadi nagara sangar.



Dangdanggula

1. Tangtu pandjang lamunna digurit, pasal-pasal wawarta harita, bangsa babaran prihatos, gëntos ku bingah kalbu, nudju wëngi di pan-tjaniti, pesta langkung ramena, tajuban pangagung, bangsa tumënggung dipatya, sami-sami galih ngaulan Sang Adji, tër buka kawalujan.

2. Nu laladjo mani heurin usik, sami-sami tekad hajang tërang, ka putri nu mëntas lolos, reudjeung nu dipigujur, ku sadaja praabdi-abdi, hajang njaho kadjinan, Putri Bumipitu, bët geuning tjara manusa, hënteu beda geulisna sarëng Sang Dewi, kitu omongan djalma.

3. Katjaturkeun Sri Maha Narpati, ladjëng ngadëg majun ka sadaja, wawarta langkung nongtoreng, barina njandak lumur, katur nuhun ka nu haladir, prawarga para mitra, sami-sami rawuh, përtawis djëmbar

satia, ka nu djadi Narpati ieu nagari, njarumbang ku pandu'a.

4. Mangpaatna pandu'a katampi, awit nandang sungkawa nu nista, prihatos nu leuwih abot, sadaja tangtos maphum, kana anu ngadjadi awit, pang nJORang baja lara, amung hēnteu kudu, dipēdar nu djadi asal, tina tangtu ku moal aja sahidji, warga anu teu tērang.

5. Mung ajeuna nu rek dipiwarti, kasehatan handjat tina bahja, nobros ti geusan prihatos, undur ti marga bingung, anu hēnteu aja sasami, nandang rasa gumbira, dikabul nja maksud, nampi kadaring Pangeran, djeung mangpaat prawargi djeung para abdi, sawēwēngkon Riskomar.

6. Waktu ieu taja geusan tanding, kagunturan kurnia gumbira, kēbēk sadjēro pangraos, tina margi sakitu, maksud nēda pandu'a deui, supados satērasna, teu deui tinēmu, lir kaja baja katukang, mugi-mugi karungrungan dugi ahir, sipat kasalamētan.

7. Kaduana katuring tingali, hal pērkawis ki Purnama Alam, waktu ieu geus tinēmon, salamēt nandang mulus, handjat tina marga balahi, tapi waktu ajeuna, ka dieu teu tjunduk, ajana di Gurangsarak, ari anu djadi margana teu dugi, lantaran ki Purnama.

8. Aja maksud rek mintonkeun diri, ngadeuheusan ka Ratu Ambarak, rama Nji Pramanik tulen, tina margana kitu, supajana sami tingali, jen ki Purnama Alam, geus mulus rahaju, sakitu hatur uninga, ka sadaja prawargi nu sami hadir, dina ieu pepestan.

9. Sabadana Sang Ratu wawarti, ladjēng surak nu ambal-ambalan, dibarung musik djeung pelog, mariēm tinggēlēdug, pēpētasan djeung kēmbang api, gendjlong djēro nagara, wantu pesta agung, nu langkung-langkung ramena, katjaturkeun tudjuh poe-tudjuh peuting, najub arak-akaran.

10. Gantjangna teh ieu nu digurit, tutup pesta bubar sadajana, tamu tumēnggung bupatos, Sang Dewi djeung Ratnaju, lalinggihna tētēp di puri, sarēng Dewi Pursita, ku Ratu kalangkung, praputri didama-dama, satēgēsna diugung dipusti-pusti, tina wēlas-asihna.

11. Siang-wēngi mung gumbira galih, ririungan nu taja anggagna, Ratu sarēng para Putren, malah harita nudju, Ratu sarēng Parameswari, para Putri sadaja, lalinggih di pajun, di latar gēdong pamēngkang, djagatsatu djeung sakabeh para mantri, hempak ngadareuheusan.

12. Nu ngawitan Sang Ratu Putri djin, njarioskeun nandangan kaheeran, dumugi ngadjadi djengkel, ka Ginggi Barakgirung, tina margi parantos lami, ēnggeus aja sabulan, masih tatjan tjunduk, hēnteu nurut pērdjangdjian, paling lila tilu poe-tilu peuting, kudu ēnggeus daratang.

13. Hēnteu lami njarios Sang Putri, ka Sang Dewi sarēng ka Pursita, rai lintang heran hate, ku paman Barakgirung, sarēng Ginggi Kuntjen wērēdjit, tjidra tina subaja, hēnteu nurut tjatur, didjangdjian ulah lila, di Burbani ulah leuwih tilu peuting, ajeuna geus sabulan.

14. Naha naon anu djadi margi, pangna ėlat hēnteu geura datang, naha ngaradon kalodjor, maot di lēmbur batur, mung upami Barak djeung Ginggi, pangna hēnteu daratang, lantaran dibunuh, ku Ratu si Mindra buta, tangtos rai indit ka nagri Burbani, ngalabrak Ratu buta.

15. Sang Pramanik ngalahir ka rai, mēnggah aji kēdah sabar-sabar, ulah waka manah gēder, nangguh ka nu teu puguh, njēta-njēta kana balahi, ka paman Arya Patya, sarēng Mantri Ratjun, kēdah tumētēp ngamanah, kana nēda ka Gusti Nu Maha Sutji, salamēt nu duaan.

16. Sanggeus tutup Sang Dewi Pramanik, saur mepes hawana Sang Ratna, Mantri Ginggi katjarios, waktu harita nudju, aja dina tēngah wiati, wangsul ti nagri buta, harita geus tjunduk, ka djomantara Riskomar, ngan sorangan balik ti nagri Burbani, ngadjugdjug ka pamēngkang.

17. Sami kaget nu nēmbé tingali, kadongkapan Mantri Padjarangan, disangka loklok rek njoktjrok, ki Mantri Kuntjen ratjun, njēmbah mando pajuneun Gusti, tēdak langkung isinna, tumungkul ngadungkuk, Sang Adjēng Ratna Suminar, hēnteu lami ngalahir ka Mantri Ginggi, oh paman Padjarangan.

18. Keur diupat ku kula pribadi, bebeakan kētjap laklak dasar, leuwih ti omong bareto, ari nu matak kitu, ku lantaran paman pribadi, hēnteu nurut parentah, lir anu tumamu, teu njaho di adat kula, didjangdjian tilu poe-tilu peuting, ahir-ahir mulanan.

19. Eta naon sababna pang wani, hēnteu nurut ka subaja kula, kawas ngahanakeun bae, tjara nu geus teu purun, kana laku bumela pati, paman ka diri kula, lamun kaja kitu, kadua naon sababna, paman Barak anu matak hēnteu balik, paman datang sorangan.

20. Tjoba kula menta bedja sidik, anu djadi raratan halangan, tjalidra tina papagon, Mantri Ginggi ngawangsul, djisim abdi anu sajakti, marga teu enggal-enggal, ti Burbani wangsul, wirehing pun Arja Barak, sadongkap teh ka dajeuh nagri Burbani, tēpang sarēng Sang Radja.

21. Sang Sri Maha Ratu Mindrapati, djol bogoheun ka pun Arja Barak, dumugi kana ngabēdol, teu kenging deui wangsul, sarēng tēras mundut dikawin, Ratu ka Arja Barak, bawaning kalangkung, Sang Ratu bogoheunana, hēnteu kenging pērmuhunan ēngke deui, atuh nja tēras nikah.

22. Sarëng tēras pun Aria Patih, ku Sang Mindra harita digandjar, diangkat djadi narpatos, pestana langkung-langkung, rame dugi salawe wëngi, najub arak-arakan, bopati tumënggung, djisim abdi ge dihormat, raos pahang dumugi ka langlang-lingling, mabok bërëm djeung arak.
23. Kitu margi djisim abdi lami, kawuwuhan nampi panjaramna, ulah buru-buru mios, ku Ratu Barakgirung, kēdah wangsul parantos gadjih, kitu nu djadi marga, hēnteu enggal wangsul, sarëng ieu wëwēratna, ti Sang Barak sērat ka gamparan jakti, sarëng ka raka-raka.
24. Hēnteu lami sērat ku Sang Putri, seug diaos kahartos ungēlna, katur kang putra Sang Putren, Ratu ing Bungbungümur, nun pun paman katur tingali, wireh waktos ajeuna, nampi sih Nu Agung, Gusti anu maha mulja, pun paman teh dikadarkeun gaduh milik, hibarna Putri-Putra.
25. Tēras mukim di nagri Burbani, gaduh bodjo ka Nji Ratu Mindra, paman diangkat Narpatos, tina margana kitu, maksud paman teu aja deui, amung nēda pandu'ā, Sang Adjëng nu estu, supados tēras tumēras, diri paman tiasa njékël Burbani, wiludjëng sapaosna.
26. Mugi-mugi katitisan milik, raga paman aja pangabaran, leleberan Adjëng jaktos, sarëng paman piundjuk, tina margi Patih Burbani, pun adi Njai Mandra, manehna kalangkung, agëng pangarēpanana, ënja eta ka tuang wilajat Ginggi, hajang laksana nikah.
27. Manawina aja sihing galih, kërsa Adjëng kalajan idinna, bade ditikahkeun bae, pun Mantri djuru ratjun, ka pun adi Nji Mandrawati, sakitu undjuk paman, kairing ku sewu, salam pangabaktos paman, Barakgirung Narpati nagri Burbani, wilajat Putri-Putra.
28. Hēnteu lami Sang Ratu Putri djin, saparantos ngaos eta sērat, ngandika ka Mantri Kuntjen, dibarung ku gumuju, bët paingan lila teu balik, da ngadon bobogohan, poho ka nu mangkuk, kawas nu teu riab anak, turug-turug arogo bareuki tjeurik, nudju bilatung dulang.
29. Kitu deui kula mah pribadi, taja pēta kana ngahalangan, nja kumaha dinja bae, ngan sawadina kudu, paman mulak-malik nja ati, ulah rek gana-gana, laku gugup rusuh, kudu timbang-timbang heula, bisi djadi kasakit ririwit ati, kasusah di ahirna.
30. Hēnteu lami ngawangsuln Ginggi, abdi oge anu sajaktosna, hēnteu pisan kējëng hate, kana milampah njandung, tina margi ngemutkeun ribrib, ajeuna ku gamparan, ditutuh ku saur, baris njëlak kana rasa, sēmi-sēmi tēbih kana rek ngadjadi, ageung teuing rintangan.
31. Ratu Putri pok ngalahir deui, kitu deui paman Arja Barak, ajeuna ënggeus tinëmon, reudjeung daradjat luhur, djadi Ratu nagri Burbani,

nuhun sartana muga, ku Allah nu agung, dikadar salalawasna, paman Barak salamēt njangking nagari, kaanggap ku rajatna.

32. Saparantos gunĕman wawarti, tĕras bubar sadaja rengrengan, ti pajuneun Sang Narpatos, ari ki Mantri Ratjun, tĕtĕp bae ngiring di puri, kalawan pangangkĕnna, Sang Sri Maha Ratu, djadi tongtonan manusa, dipikaget lantaran kakara manggih, anu kitu pandena.

33. Putri-putri tara pisan ngantjik, saban siang angkat pĕlĕsiran, ningali sugri nu aneh, anu ngiring murudul, istri-istri putra prijaji, ngadjudjah djĕro kota, Ginggi tara kantun, atuh sakur anu ningal, sami nandang kaget ku dua pĕrkawis, dina djĕro pikirna.

34. Hidji kaget ningal nu gareulis, kaja basa pĕdaran sawarga, widadari nu ngarentjlong, kadua langkung-langkung, kaget gimir naringal Ginggi, lantaran pangadĕgna, badawang malulu, godeg ngibrah ngimpas dada, kumis njĕngklik murilit sagĕde bitis, baplang lir sangga dulang.

35. Dulak-dilak rupa haseum budi, pĕntjrang-pĕntjrong ka sakur nu ningal, dungdak-dengdek rurut-reret, atuh taja nu wantun, ngadeukeutan ka Mantri Ginggi, wungkul ti kaanggangan, kitu ge njarumput, djalma anu panasaran, hajang tĕrang di Putri anu gareulis, djeung ka Mantri Tolĕngan.



Asmarandana

1. Sang Dewi sarĕng Sang Putri, sarĕng Sang Dewi Pursita, sarĕng rentjang Mantri Kuntjen, tĕtĕp linggih di Riskomar, dina waktu harita, diĕnod diugung-ugung, ku Meswari sarĕng Radja.

2. Tunda heula para Putri, kotjap Sang Purnama Alam, sarĕng Wiku di pasantren, dina sanggeusna ditilar, ku Sang Dewi harita, gunĕm saur sarĕng Wiku, Sĕmbada nu ngadeuheusan.

3. Teu lami Rĕsi ngalahir, ama teh geus kadongkapan, samemeh sumping Sang Anom, utusan ti kĕrsa rama, Kangdjĕng Ratu Ambarak, ama kĕdah buru-buru, sarĕng ĕmbina marulang.

4. Ku ama diwalĕr gasik, teu tiasa enggal mulang, margi aja nu diantos, Sang Pramanik sarĕng Agan, kitu walĕran ama, ka kĕrĕsa Kangdjĕng Ratu, dina salĕbĕting sĕrat.

5. Ajeuna Agan geus sumping, kalajan kawiludjĕngan, ajeuna atuh ama teh, tangtos mios ka Ambarak, ngadeuheus ka 'Djĕng Radja, amung ama moal tĕrus, mukim di nagri Ambarak.

6. Tangtos kana wangsul deui, mēlang nilar bararudak, sugri nu diadjar ngaos, teu lami Radja Pinutra, ngawangsul ka Pandita, putra teh sumēdja tumut, ngiring ka kērēsa ama.
7. Ngadeuheus ka Kangdjēng Gusti, Sri Maha Ratu Ambarak, maksad sumēdja pipinton, raraga kalajan njawa, bakti kasatiaan, manawina dipikalbu, sumēmbah putra nu hina.
8. Saur Rēsi nuhun teuing, Agan kērēsa njarēngan, ngadeuheus ka Djēng Pagusten, sarēng upami teu aja, anu djadi pambēngan, endjing bae buru-buru, mios ka nagri Ambarak.
9. Ngawangsul Sang Nursadjati, njumanggakeun ka Pandita, gantjangna nu ditjarios, Sang Rēsi sasadiaan, baris tjandakeun angkat, sarta teu suwung wuwuruk, ka rentjang nu rek ditilar.
10. Katjatur isukna deui, Sang Rēsi sarēng garwana, djeung Sēmbada santri kolot, kaopat Njai Hamiah, ēnggeus sikēp darangdan, baris ditjandak ku Wiku, ngadeuheus ka Sang Sri Nata.
11. Sang Putra Nurasadjati, nganggo dangdosan basadjan, ngan ukur bērēsih beres, kawantu rek angkat njatjat, djalan di pangalasan, kawuwuh djadjahan djauh, lalakon nēngahan bulan.
12. Tabuh gēnēp endjing-endjing, nudju wuku ninggang mangsa, nintjak dina lintang sae, djalēngkar ti Gurangsarak, Rēsi djeung Radja-putra, Njai Wiku hēnteu kantun, Sēmbada sarēng Hamiah.
13. Angkat ti beurang ti peuting, ngeureujeuh tjarang lirenna, njo-rang leuweung sima gonggong, tēmpat sakur sato galak, tatapi da bu-buhan, disorang ku nu laluhung, sato taja odjah djahat.
14. Tunda Sang Putra Sang Rēsi, kotjap Sri Maha Ambarak nudju linggih di karaton, sarēng Sang Parameswara, Sang Putra Gēndarata, kaopat mantu teu kantun, Sang Radjaputra Nurdjaman.
15. Sarēng Gēndasoringtoni, Papatih nagara eta, ngadeuheusan ka Sang Katong, ari anu dipi warta, dina waktu harita, wungkul galur hal kaewuh, lantaran kateu-njanaan.
16. Ku taja raosing galih, nandangan bahja nu nista, ngadjadi sipat kakajon, aja dina pangalasan, tjek bedja anu tērang, eta ngadjadikeun langkung, kaheranan Sang Sri Nata.
17. Sumawonna Arja Patih, sēring pisan ngahulēngna, jen wartos bahja kitu teh, ditēnung diganti rupa, djadi leuwi walungan, manahna bati mangpaung, teu kēndat pupuringkakan.
18. Ari nu tukang wawarti, nērangkeun sagala pasal, di sadjēro bahja gēde, Sang Pinutra Gēndarata, taja anu kaliwat, diundjukkeun ka Djēng Ratu, sarēng ka Aria Patya.

19. Sarta harita teu lami, Sri Maha Ratu ngandika, dibarung mësëm pasëmön, ka putra Sang Gëndarata, tjoba udjang kumaha, Nji Pramanik tatjan tjunduk, djeung paman Muhamad Kurbah.
20. Ama hajang geura panggih, djeung hajang sidik ënjana, ku sabab Nji Pramanik teh, tjek bedja ënggeus lakian, ka putra Sang Riskomar, anu mashur kasep pundjul, ngaranna Purnama Alam.
21. Tapi naha hënteu gasik, Pramanik reudjeung Purnama, mundjung ka nu djadi kolot, mohal tatjan manggih bedja, jen geus kasalamëtan, tjing tjoba ku Udjang itung, naon nu djadi halangan.
22. Gëndarata hënteu lami, njëmbah ngawangsul ka Radja, ku abdi Gusti katoong, pun adi waktos ajeuna, nudju nandang kabungah, dipunggu diagung-agung, ku mærtua di Riskomar.
23. Dupi salaki Pramanik, Sang Putra Purnama Alam, ku pamëlëng abdi gusten, ajeuna nudju di djalan, sarëngan ejang Kurbah, bade du-meuheus sumudjud, ka kërsa Gusti maksadna.
24. Dintën endjing oge dugi, ka dieu Purnama Alam, dongkapna ti alas kulon, Sri Maha Ratu ngandika, ka rai Sang Meswara, atuh lamun kaja kitu, ulah arek kadjongdjonan.
25. Dina poe ieu misti, dangdan keur njampakkeunana, kudu tëtëbah sing beres, sarta ondang sarerea, bodjo prijaji kota, ajeuna pek buruburu, sagala masing utama.
26. Njumanggakeun Sang Meswari, sarta hënteu lami tëras, didamël sarta beberes, kitu deui Arja Patya, didawuhan ku Radja, ngëmpëlkeun para priantun, rengrengan eusi nagara.
27. Mundut dibantu diiring, kana marga kabingahan, kasumpingan ku mantu teh, sakawawa sakasuka, kitu dawuhan Radja, hënteu lami Patih tërës, ngambangkeun dawuhan Radja.
28. Wantu dawuhan Narpati, djungdjunan sakabeh rajat, tara gapping sakahojong, harita ënggeus ubiag, ponggawa tatan-tatan, pikeun ngahormat tatamu, Sang Putra Purnama Alam.
29. Harita ënggeus sajagi, pikeun tatalu isukan, njondongkeun Pangeran Anom, gantjangna ieu tjarita, tunda nu di nagara, katjatur deui Sang Sunu, sarëng Sang Pandita Kurbah.
30. Harita ënggeus sarumping, ka katja-katja nagara, kaget sakur anu nendjo, aja satria ngahëlar, gumilang tjahajana, gumëbjar bati ngagëbur, matak serab anu ningal.
31. Ponggawa eusi nagari, anu ditimbalan mapag, harita ënggeus gok amprok, sarëng Sang Radja Pinutra, di lëbah katja-katja, hënteu samar teu kaliru, taja sangka sieun salah.

32. Lantaran dua pĕrkawis, hidji tina ku kasepna, tjahaja ngagĕbur objor, tĕrus sakumaha bedja, kadua pĕrkarana, tjirina bĕnĕr Sang Sunu, lantaran sarĕng Sang Kurbah.

33. Nu mapag teu tata deui, ribut mundjung ka Sang Putra, hormat pating sarampojong, ari sabadana tĕras, diiring ku sadaja, Sang Pinutra ka kadatun, sarĕng Sang Muhamad Kurbah.

34. Barang geus sumping ka puri, gĕr tatalu tatabeuhan, musik gamĕlan koromong, ĕnggeus katingal ku Radja, sarĕng ku Prameswara, Pangeran Sunu diburu, dikaleng ditjandak lĕnggah.

35. Ngan Wiku reudjeung Nji Rĕsi, Ahmad Sĕmbada Hamiah, kuntjung-kuntjung sup ka djĕro, bubuhan teu asa-asa, wantu-wantu geus sĕpah, hojong geura ngurut tuur, ngalugaj djeung ngabaheuhaj.



Magatru

1. Radjaputra linggih di pajuneun Ratu, tungkul tjalik dina korsi, Gĕndarata hĕnteu djauh, sarĕng Sang Putra Burbani, ngarendeng sarĕng Sang Anom.

2. Sadajana ningal ka Pangeran Sunu, nareuteup teu pisan nganjik, kaget ku kasepna langkung, gumilang mani dumĕling, ngagĕbur lenggang montjorong.

3. Wiku Kurbah aja di gedengeun Ratu, ngiring tjalik dina korsi, teu lami Ratu ngadawuh, bari ngalirik ka Rĕsi, tjobi putra nĕda wartos.

4. Tina putra istu kakara saumur, djeung ieu tamu pinanggih, nja beunang oge disĕbut, mungguhing putra pribadi, estuning anjar tinĕmon.

5. Nadjan aja bedja da puguh teu husu, lain pamanggih pribadi, tjoba ku paman pisaur, masing tetela sing sidik, teu lami Wiku ngawalon.

6. Dampal Gusti upami teu atjan maphum, ieu putra Sang Narpati, nagri Riskomar nu estu, tjaroge Putri Pramanik, Sang Ratu gabrug ngarontok.

7. Sumawonna Meswari Dewi Binarum, ngarangkul barina nangis, kutan ieu teh minantu, mana ari Nji Pramanik, ibu hajang geura amprok.

8. Hĕnteu lami Sang Radja Putra ngawangsul, pun adi Dewi Pramanik, manawi ĕngke ti pungkur, ngadeuheus ka kĕrsa Gusti, ajeuna nudju dipangkon.

9. Ku kĕrĕsa raka Dalĕm anu istu, di kota Riskomar nagri, mung niat bakti sumudjud, pun bodjo Dewi Pramanik, njanggakeun sĕmbahing baktos.

10. Hěnteu lami Sri Maha Ratu ngadawuh, atuh nuhun laksa kěti, diasih ku raka Ratu, si Njai Dewi Pramanik, tanda teu serong babaktos.
11. Satěgěsna tuhu sumudjud ka sěpuh, ngalap kana dipigalih, nuturkeun geusan rahaju, sakitu anu dipěrih, mungguh ku nu djadi kolot.
12. Saparantos Sri Maha Ratu ngadawuh, riungan tuang di puri, sarěng sadaja priantun, njatjapkeun kabingah galih, kasonoan ka Sang Anom.
13. Kahormatan digunggung ku lagu děgung, dipirig ku sora musik, reup peuting gěr pesta najub, nu laladjo heurin usik, nongton nu kasep montjorong.
14. Tangtu pandjang lamun ditutur ditjatur, kabingahan Sang Narpati, wireh kasumpingan mantu, Sang Putra geus tětěp linggih, ngadjatnika di karaton.
15. Gěndarata sarěng Sang Pangeran Sunu, sarěng Sang Putra Burbani, rerentetan hěnteu kantun, dalit lajeut silih asih, silih mongmong ku tjarios.
16. Sang Nurdjaman harita parantos maphum, ka Pangeran Nurasadjati, jen saderek anu estu, lantaran geus dipiwarti, ku Sang Gěndarata jaktos.
17. Disaurkeun sakumaha asal-usul, pang ajana di Burbani, kening ngabokong ngarěbut, waktu dibabarkeun tadi, Mandrawati anu njolong.
18. Malah-malah waktu němbe damang bisu, ku Nji Patih Mandrawati, ka Nurdjaman dipiundjuk, tina dipaksa dipěrih, dibobodo rek didjotos.
19. Atuh langkung Sang Nurdjaman ka Sang Sunu, rukět dalit leuwih asih, wantu ka saderek istu, malah njěbatna ge aji, Sang Nurdjaman ka Sang Anom.
20. Siang-wěngi tiluan hěnteu pakantun, sěringna guněman warti, naon-naon nu pěrělu, sipat pangeusining galih, kasěbat elmu paněmon.
21. Eta kitu Sang Nurdjaman ku Sang Sunu, dibabaran těmah wadi, tabeat manusa estu, ngilangkeun titi Burbani, tindak bangsa gěnděrěwo.
22. Sang Nurdjaman wantuning těrahing Ratu, tědaking andana wari, tjaang padang lenggang kalbu, gampil njari kana galih, tětěs sagala pangartos.
23. Djeung rupina ampir saaděg sasěmu, sarěng Sang Nurasadjati, ngan bedana eleh ngěmpur, eleh gumilang duměling, djeung eleh montjorong ngentjlong.
24. Malah-malah Ratu ge parantos maphum, ka Radjaputra Burbani, asal-usul anu estu, paněrangkeun Mandrawati, waktu tadi diparios.

25. Katjaturkeun praputra harita nudju, tiluan sami lalinggih, di gëdong pungkur kadatun, papaliun tēmpat niis, mabëk seungit kēmbang ëros.
26. Gëndarata teu lami ngawitan njaur, ka Rai Nurasadjati, kakang sumëdja pihatur, mēnggah ka salira aji, wireh kakang mëndak wartos.
27. Jen aji teh samulih ti ama Wiku, Pandita Komartohidi, wartos Pursita dibantun, ku Njai Dewi Pramanik, kumaha eta teh jaktos.
28. Sang Purnama ka raka enggal ngawangsul, jaktos dibantun ku rai, ku margi ku ama Wiku, diserenkeun ka Pramanik, sina neangan panëmon.
29. Tata-titi tindak-tanduk di kadatun, sarëng pagawean istri, kitu nu mawi didjurung, ku kërësa ama Rësi, supados rea pangartos.
30. Ajeuna ge prantos tētëp di kadatun, puri Riskomar nagari, sarëng Pramanik teu kantun, katilu Njai Putri djin, kakang ulah sëmang raos.
31. Sawangsulna rai sumëdja miruruh, wireh Pursita sarupi, taja bentëna sarambut, sarëng Nji Ratu Putri djin, sapangadëg sapesëmon.
32. Sëmi-sëmi aja marga asal-usul, Pursita sarëng Putri djin, rai nëmbean saumur, mëndakan anu sarupi, langkung ti kēmbat ti dompo.
33. Hënteu lami Sang Gëndarata ngawangsul, hal përkara eta mugi, rai ulah waka gëruh, mun jaktos tatjan tingali, asal Pursita nu jaktos.
34. Moal bentën sarëng putra Kangdjëng Ratu, dajeuh Riskomar nagari, ëngke ge tangtos kamaphum, raratan nu djadi margi, tangtos matak kaget helok.
35. Radjaputra gumuju barina njaur, paingan raosing ati, timburu kana tinangtu, ka Pursita Sang Putri djin, kaget salëbëting raos.



Sinom

1. Sang Putra Purnama Alam, kēbat ka raka wawarti, rai teh tilu përkara, maksad anu djadi margi, dongkap ka ieu nagri, hidji kalintang gumantung, kagëgëlan pangrasa, anu teu aja sasami, hajang enggal mintonkeun raraga njawa.
2. Ka kërësa ama Srinata, ngemutkeun bubuhan wadjib, babakti marga satia, sëmabah sudjud nu raspati, njuhunkeun pangaksami, ka sadaja para sëpuh, kadua përkawisna, rai teh nampi pamërdih, ti Pramanik keukeuh teu kenging dipungpang.

3. Dugi ngadjadikeun sésah, kana pangrasa kang rai, rai dikédahkeun nikah, ka Njai Ratu Putri djin, dugi teu kenging mungkir, tah eta ku margi kitu, rai sumédja nēda, galih kakang nu sadjati, naha rēmpag Pramanik kitu maksudna.

4. Sarēng tilu pērkarana, rai lintang tigin ati, aja panēda ka kakang, manawi lunturing galih, kalajan wēlas-asih, ka diri rai nu istu, tina rai kalintang, tjumeungtjeum lēbēting ati, hajang tērang di puntjak gunung Marwata.

5. Rai nēda disarēngan, ku kērsa kakang sajakti, mios kana gunung eta, kitu anu djadi margi, pangna ka dieu rai, ngadeuheusan buru-buru, teu lami Gēndarata, ngawangsul ka Nurasdjati, bari mesēm pasēmmon lintang gumbira.

6. Eta anu tilu pasal, raos pun kakang pribadi, istu ku rai nu kédah, dikērsakeun nu utami, sarēng maksud Pramanik, ka kērsa rai ngadjurung, nikah ka Adjēng Ratna, Putri djin Pusēring bumi, anu bela ka para sēpah nu bahja.

7. Pun kakang ge sakalintang, ngiring rēmpag dina ati, rai dikédahkeun nikah, ku panēda Nji Pramanik, ka Sang Ratu Putri djin, upami rai teu purun, kalintang marga lēpat, mung teu kédah dipiwarti, margina mah da rai oge uninga.

8. Dupi tilu pērkawisna, rai teh mundut diiring, ka puntjak gunung Marwata, ku diri kakang pribadi, margi hojong tingali, pun kakang teh langkung-langkung, ngiring di kabingahan, aja pangērsa kang rai, hajang angkat ka puntjak gunung Marwata.

9. Pun kakang ngiringan pisan, malah kédah gasik-gasik, amung panēda pun kakang, manawina luntur galih, mēnggah salira rai, sabada ti eta gunung, urang talētērasan, ka Sulungtubu nagari, ngadeuheusan ka Kangdjēng Ratu di dinja.

10. Imut ngandika Sang Putra, sumangga kang rai ngiring, malah ajeuna sumangga, urang amit ka Djēng Gusti, gantjangna nu digurit, tēras ngadeuheus ka Ratu, Purnama Gēndarata, sami njuhunkeun paidin, bade mios ka puntjak gunung Marwata.

11. Sri Maha Ratu teu pandjang, mariksa nu djadi margi, pang angkat ka gunung eta, Gēndarata Nursadjati, tina ēnggeus kagalih, ku kērēsa Kangdjēng Ratu, maksudna para putra, pinasti moal sak deui, aja nu rek disusul geusan utama.

12. Nja tēras bae ngidinan, sarta barina maparin, pandu'a kawiludjengan, ari nu baris dipasti, nu moal gegeh deui, ku Gēndarata Sang Sunu, poe isuk angkatna, amung Sang Putra Burbani, teu di-

tjandak ditimbang panganten anjar.

13. Gantjangna ieu tjarita, katjatur isukna deui, Gëndarata Sang Purnama, kintĕn tabuh lima endjing, duaan sami tanghi, sarta darangdan garidus, teu lami tĕras djĕngkar, praputra ti djĕro puri, kĕbat angkat geus kaluar ti nagara.

14. Njorang tĕgal upluk-aplak, pasir bukit nu lalamping, gunung liwung nu lalĕwang, angkat ti beurang ti peuting, wantu lalakon tĕbih, kira geus aja saminggu, angkatna para putra, ti barang djĕngkar ti nagri, waktu eta sumping ka gunung Marwata.

15. Barang sumping ka puntjakna, kalangkung lenang lalĕning, tjara nu beunang njapuan, di tĕngahna katingali, aja batu pasagi, gĕdena lamun diukur, kawasna moal kurang, lima puluh mĕter kibik, sarta aja dua liang di tĕngahna.

16. Liang bundĕr asup sirah, ku praputra ditingali, barang keur djongdjon praputra, kana liang njidik-njidik, gorowok sora tarik, pĕrtela ti djĕro batu, tĕrang nongtoreng pisan, basana anu kakuping, ku praputra Gëndarata Sang Purnama.

17. Eh Raden Mas putu ejang, Gëndarata Nursadjati, sukur ajeuna daratang, kalawan pamĕrih ati, maksud anu sadjati, tuhu kana hajang tjunduk, kana patapan ejang, tjul raga sarta tjul pati, tanda tigin pamalar mudja ka ejang.

18. Ajeuna ulah rek weja, kudu asup gasik-gasik, ka ieu liang patapan, tapi kudu pili ganti, sarta anu dimisti, nu baris asup ti pajun, kana ieu patapan, Raden Mas Nurasadjati, nu pandeur: Raden Ĕmas Gëndarata.

19. Sang Putra Purnama Alam, barang ngadangu panglahir, ti djĕro lawang patapan, ka raka alon ngalahir, naha bĕt diri rai, nu dikĕdah-keun ti pajun, lĕbĕt kana patapan, rai hĕnteu wantun ati, ngalangkungan mĕnggah ka salira kakang.

20. Ngawalon Sang Gëndarata, rai teu sae teh teuing, mungpang kana piwarangan, mangga lĕbĕt ulah risi, kakang ĕngke pandeuri, teu lami Pangeran Sunu, lĕbĕt ka eta lawang, nu disangka moal mandjing, tina ningal liangna leutik katjida.

21. Tapi barang sup Sang Putra, teu ngaraos guras-garis, kana biwir eta lawang, eta matak heran galih, Sang Putra Nursadjati, amung teu dianggo gĕruh, lantaran sakituna, mung disimpĕn dina galih, ka-anehan patapan gunung Marwata.

22. Barang sumping ka djĕrona, teu bentĕn ti djĕro masdjid, aja tĕmpat paimbaran, diamparan pramedani, djeung aja anu djadi, kaheran

Pangeran Sunu, lantaran di djërona, taja lampu taja lilin, tapi tjaang nu tërang kabina-bina.

23. Tëras Sang Radja Pinutra, tjalik dina pramedani, majun kana paimbaran, teu lami katingal sidik, ku Sang Nursadjati, aja nu tjalik tumungkul, di djëro paimbaran, rupina sëpuh bërësih, katjirina rambut rumbah geus barodas.

24. Sang Pinutra uluk-salam, anu langkung hormat tadim, hënteu lami ngawalonan, ka Sang Putra Nursadjati, sarta tërus ngalahir, oh intju ejang ki Sunu, sukur bisa nëpungan, tanda udjang sutji ati, daek ngambah babaran kasampurnaan.

25. Djeung Udjang lamun teu tërang, ka diri ejang pribadi, ejang teh anu katëläh, disëbut ku nu arasih, Rësi Windupramani, ejang teh pang njëbut sukur, ku dumeh kadatangan, ku diri udjang pribadi, tina sabab taja anu didagoan.

26. Ngan diri Udjang sorangan, anu baris nampa milik, hidji ali pantjaningrat, pikeun ngawarnakeun diri, lamun tjampur reudjeung djin, tangtu djadi djin pinundjul, geus puguh djeung manusa, djadi manusa nu leuwih, eta kitu mawat ieu pantjaningrat.

27. Top ieu geura tampanan, pake sarta kudu pusti, teu lami ku Radjaputra, eta djimat seug ditampi, ti Sang Windupramani, sarta dibarung piundjuk, njanggakeun kanuhunan, nampa pangasih lineuwih, djimat luhung pusaka ti kërsa ejang.

28. Ngandika deui Pandita, ka Sang Putra Nursadjati, Udjang djig geura kaluar, didu'akeun mugi-mugi, Gusti Jang Maha Tinggi, masihan mulus rahaju, djëmbar kawalujaan, salamët lahir djeung batin, Radjaputra njëmbah amit seug kaluar.

29. Sanggeus Sang Putra kaluar, ti djëro ngagëntra deui, njaur Raden Gëndarata, këdah asup gasik-gasik, tidinja hënteu lami, Raden Gëndarata asup, Radjaputra di luar, ngantosan barina tjalik, dina djukut hareupan lawang patapan.

30. Hënteu lami Gëndarata, ka djëro patapan sumping, dina pramedani lënggah, bari neuteu p njidik-njidik, mingal aja nu tjalik, dina paimbaran ngëluk, tapi beda pamëndak, sarëng rai Nursadjati, tina marga paningalna Gëndarata.

31. Salirana Sang Pandita, anu katingali sidik, anom sarta kira-kira, juswa limabëlas warsi, hënteu lami ngalahir, Pandita bari gumuju, eh sukur Gëndarata, aja kapurunan ati, daek kana pangadjak Purnama Alam.

32. Datang ka ieu patapan, maksud djarah hajang panggih, udjang

reudjeung diri ejang, djeung lamun tatjan tingali, ka ejang nu sajakti, ejang teh anu kasébut, Rësi Gandaprasita, anu njangking djimat ali, anu ngaran Sasaka Sangkalasonja.

33. Watékna gantjang lumampah, nadjan lalakon sasasih, satengah poe ge datang, da gantjang leuwih ti angin, ajeuna geus pinasti, ieu teh djimat tumurun, milikna diri Udjang, top ku Udjang geura tjangking, didu'akeun ku ejang kasalametan.

34. Ajeuna geura djig mulang, teu meunang di dieu lami, gantjangna Sang Gendarata, saporantos nampi ali, njembah barina pamit, kaluar ti djero batu, geus tepang djeung Sang Putra, garumuju bingah galih, sarta bari tingharewos sasauran.

35. Sarta sami nandang heran, lantaran teu sapa manggih, ari pamendak Sang Putra, Pandita teh aki-aki, djanggot rambut geus putih, kira juswa ratus taun, pamendak Gendarata, anu katingali sidik, anom keneh ditaksir masih gendjengan.



Asmarandana

1. Gendarata Nursadjati, tjalik bari sasauran, nerangkeun pasal lelepen, pasihan ti Sang Pandita, anu ka Gendarata, sareng anu ka Sang Sunu, beda-beda pangaruhna.

2. Kitu deui sindir Rësi, nja eta beda nembongan, ka Sang Genda ka Sang Anom, eta enggeus kamaranah, siloka pangawasa, luhur Sang Pangeran Sunu, ti batan Sang Gendarata.

3. Gendarata tambah adjrih, ku Sang Pangeran Pinutra, raos kasoran kadjaten, sarta tetep tumarima, pangodjah raga-njawa, kana dibawah pangdawuh, ku rai Radja Pinutra.

4. Teu lami Sang Nursadjati, ngalahir ka Gendarata, ajeuna parantos salse, sumangga urang arangkat, ngadeuheus ka Srimaha, Ratu nagri Sulungtubu, urang pinton raga-njawa.

5. Gendarata henteu lami, njumanggakeun ka Sang Putra, gantjangna nu ditjarios, teu lami praputra djengkar, ti patapan Marwata, sami marëtjak pangaruh, djimat pasihan Pandita.

6. Gendarata mërih ali, angkat gantjang kaja topan, lëmpëng lir seotna pelor, katinggaleun Sang Pinutra, masih keneh ngadampal, di tutugan gunung batu, hookeun ningal kang rakà.

7. Henteu lami Nursadjati, téras mëtjak ali djimat, dipundut pa-

ngaruhna teh, kana ngadjadi kadjinan, sok bisa ngawang-ngawang, sarta hēnteu lami utjul, tina sipat manusana.

8. Djadi raga djirim latip, biasa sipat kadjinan, teu lami Pangeran Anom, dibarung kadar Jang Sukma, biur ka djumantara, taja basa kagok kaku, kaja pērdjalanan tuman.

9. Kalirik tina wiati, geus ngungkulan ka kang raka, tina gan-tjangna Sang Anom, tunda heula para putra, nu keur marētjak djimat, kotjap Ratu Sulungtuwu, harita nudju kumpulan.

10. Para tumēnggung bopati, sabawah nagara eta, rengrengan mantri kaliwon, ponggawa eusi nagara, hompok ngadareuheusan, nampi dawuhan 'Djēng Ratu, babaran ngurus nagara.

11. Anu dimistikeun djadi, pasal sipat kadjēmbaran, djeung pasal nu beres roes, kakērtaan kaamanan, ngeujeuk ngajak prarajat, malar subur ku rahaju, mulja ku sipat waluja.

12. Saparantos gunēm warti, pasal rukun hak nagara, digēntos nu dipiwartos, ku Ratu ka sadajana, pasal kateunjanaan, kana diparēng tinēmu, djeung putri nu leungit tea.

13. Nja eta Ratu Putri djin, Sang Adjēng Ratna Suminar, kapēndak geus ageung baleg, ngadjadi bangsa kadjinan, sarta kautamaan, gagah pundjul bisa ngapung, pērdjalanan djumantara.

14. Tapi harita Sang Adji, kagungan manah salēmpang, lantaran Sang Aju Putren, mios ti nagara eta, maksadna rek binasa, ka Ratu bumi pingpitu, nagara Tolēngtēlēngan.

15. Baris dilabrak dibasmi, sakur sipating kadjinan, djeung arek nangkep ngarante, ka putra Ratu Riskomar, Ratu langkung paurna, inggis pinanggih kasiku, ku ngumbar teuing amarah.

16. Teu lami ladjēng ngalahir, Sang Ratu ka sadajana, dibarung mēsum pasēmōn, sadaja tangtu uninga, waktos Ratna Suminar, indit ti dieu teh njusul, rek nangkep Purnama Alam.

17. Kadua arek ngabasmi, Ratu djin Tolēngtēlēngan, anu ka manehna njolong, tah eta leuwih salēmpang, anu djadi kolot mah, aringgis kana tinēmu, kana marga kaapēsān.

18. Turug-turug ēnggeus lami, diitung geus tilu bulan, tina watēs inditna teh, nēpi ka waktu ajeuna, masih teu atjan datang, Suminar djeung Mantri Ratjun, taja bedja-bedja atjan.

19. Istu leuwih-leuwih risi, salēmpang taja hinggana, ngadjadikeun hemēng hate, ku margi eta panēda, ka sadaja prawarga, mugi sami sihing kalbu, ngarurubung ku pandu'a.

20. Mugi Gusti, Maha Sutji, Pangeran nu murbeng alam, masihan

- rahaju bae, ka Njai Ratna Suminar, sartana muga-muga, diuwuh napsuna pèruh, lempes djadi kasalehan.
21. Kawuwuh bedja nu sidik, ti ki Patih Langlangturna, estu lain djore-djore, samanea pangawasa, eta Purnama Alam, malah Ratu Bumipitu, ngaguru ngalap elmuna.
22. Kasaksi ku Mantri Ginggi, keur waktu di Padjarangan, Nji Ratna Suminar tetér, teu méntal pangawasana, nu matak luluntaan, si Njai ti Bungbungümur, ngédjat lantaran kasoran.
23. Ajeuna bêt ahir-ahir, rek balik wani ngajonan, ka nu ngeleh-keun bareto, atuh meureun moal beda, reudjeung waktu ka tukang, tata anu matak paur, mëläng ka Ratna Suminar.
24. Sadaja para bopati, ngawangsul ka Sang Narpatya, sami njébat mugi bae, Sang Adjéng Ratna Suminar, nandang karahajuan, miwah pèruh hawa napsu, ilang manah barangsangan.
25. Gantjangna anu digurit, tunda praratu sadaja, têtép dina guném wartos, kotjap deui para putra, Purnama Gëndarata, keur balap mëtjak panëmu, djimat pasihan Pandita.
26. Waktu harita geus dugi, kana saluareun kota, Gëndarata téras liren, bari ngalieuk ka tukang, ningalan Radjaputra, marukan aja di pungkur, angkat njatjat lir andjeunna.
27. Barang eukeur larak lirik, Sang Pinutra Gëndarata, Purnama Ayam geus djongok, hënteu katingal sumpingna, ku Raden Gëndarata, imut Sang Pangeran Sunu, bari ngandika ka raka.
28. Edas kakang mah ku tarik, bêt langkung ti angin topan, meh-mehan tidadalagor, Gëndarata ngawangsul, bari gumudjéng gënah, atuh da sieun kasusul, ku ratuning djin dadakan.
29. Sang Ratu Nurasadjati, ngandika deui ka raka, mangga urang téras bae, ngadeuheus ka Kangdjéng Radja, ngawangsul Gëndarata, njumanggakeun ka Sang Sunu, teu lami téras djaléngkar.
30. Geus lëbët ka kota nagri, ngalangkung lka nu ramena, pasar baru toko-toko, kaget sakur anu ningal, ka Sang Purnama Alam, urang dajeh Sulungtubu, nëmbe mëndak nu gumilang.
31. Kaget awewe lalaki, ningal nu kasep gumëbjar, sorotna ngen-tjlong montjorong, sarta pada njangka-njangka, ka Sang Radja Pinutra, palangsiang Sang Rumuhun, Dewata turun ngajuga.
32. Sang Putra Nurasadjati, saréng raka Gëndarata, ënggeus sumping ka babantjong, pajuneun gëdong pamëngkang, katingal ku sadaja, para bopati tumënggung, kawantu masih këmpëlan.
33. Tjuringhak sami ningali, sarta ngadjadi kagetna, ka nu aja di

di karaton, Arja Patih Langlangturna, waspada henteu samar, waktu di gunung Sirkawur, ka Radjaputra Purnama.

34. Undjukan ka Sri Mah' Adji, jen eta Purnama Alam, teu lami Sang Maha Katong, ngadeg sarta langkung gupjak, ngadawuh ka sadaja, para bopati tumenggung, papagkeun ku pangangkënan.

35. Teu lami tumenggung patih, sami lungsur ti pamengkang, mapag ngagondeng Sang Anom, sarëngan Sang Gëndarata, sarta teu lami teras, ditjalikkeun di kadatun, dihapit ku pradipatya.



Dangdanggula

1. Radjaputra tjalik dina korsi, sinarëngan raka Gëndarata, di pajuneun Sang Narpatos, bopati pratumenggung, sami-sami karaget galih, tina ningal kasepna, tur tjahaja mantjur, Sang Putra Purnama Alam, sadajana kantun olohoék ningali, sotja kumëdep tasma.

2. Mung ka Gënda sadaja tingali, tina marga parantos patëpang, waktos ngabanju Sang Katong, atuh sadaja langkung, nganuhunkeun patëpang deui, miwah kawiludjengan, teu lami Djëng Ratu, ngandika ka Gëndarata, sewu-sewu ama kanuhunan ati, anu taja hinggana

3. Diri ama bisa tëpung deui, reudjeung Raden sarta salamëtna, djongok anu leuwih sono, ngan ama tatjan maphum, tina sabab anjar pinanggih, ari ieu teh saha, nu djeung Raden rawuh, henteu lami Gëndarata, teras njëmbah ngawangsul ka Sang Narpati, anu lintang ta'dimna.

4. Bilih Gusti teu atjan tingali, mënggah ieu putrana Sri Maha, Ratu Riskomar sajaktos, wastana anu istu, Sang Purnama Nurasadjati, teu lami Sang Sri Maha, Ratu Sulungtuwu, ngandika ka Radjaputra, atuh nuhun Raden aja wëlas asih, ikërsa ngalajad ama.

5. Ti kapëngkër ama gëgël ati, siang-wëngi nu taja këndatna, ku hajang kana tinëmon, sarëng Raden nu estu, tjarogena Dewi Pramanik, ajeuna njeorang mangsa, kadaring Jang Agung, tiasa ama patëpang, makbul maksud pamërih ati nu tadi, ku hajang disumpangan.

6. Henteu lami Sang Nursadjati, ngawangsul ka Srimaha Narpatya, sewu nuhun abdi Gusten, nampi maduning kalbu, anu wangi tanpi sasami, pangangkënan sadjatina, dawuhan nu husu, pëdaran djëmbar piwëlas, tëtës tandës didamël djimat paripih, kaanggo salamina.

7. Sinarëngan margi abdi Gusti, kumawantun pinton raganjawa,

ka kërsa Dampal Pagusten, tina margi kalangkung, tètës dina lëbëting ati, ngagaduhan pamaksad, nu lintang gumantung, teu sèwëng antawis sadjam, maksad bade babaktos satia ati, njëmbahkeun raga hina.

8. Sinarëngan kadua përkawis, abdi Gusti sumëdja undjukan, mënggah ka Dampal Pagusten, supados djadi maphum, sinarëngan teu djadi galih, ngagëm katërësnaan, margi dipiundjuk, ka Dampal Gusti ajeuna, tina margi abdi Gusti nu sajakti, parantos kasumpingan.

9. Ku kërësa Putri Dampal Gusti, nu kakasih Sang Ratna Suminar, mongmongan Sang Maha Katong, Ratu Bumipingpitu, waktos ieu sarëng pun adi, di nagara Riskomar, digunggung dipunggu, didamël djimat nagara, ku kërësa raka Gusti Sri Narpati, Ratu nagri Riskomar.

10. Margi eta supados tingali, hënteu djadi marga kaewuhan, mënggah ka kërësa Pagusten, Sang Ratu Sulungtubu, langkung-langkung gumbira galih, ngadangu piundjukna, Sang Pangeran Sunu, teu lami tëras ngandika, rebu nuhun aja pangangkën pangasih, ka Nji Ratna Suminar.

11. Tanda tètës miwargi miasih, ngalap-ngalap ngalalar satërah, Raden ka anak ama teh, kawuwuh dipidulur, ku Nji Putri Dewi Pramanik, ama taja hinggana, nja rasa kumëndung, nandangan di kabungahan, turug-turug diangkën dipusti-pusti, ku Djëng Raka Narpatya.

12. Waktu ieu nu taja sasami, ama nandang kalenggangan rasa, pepes sagala prihatos, hënteu lami Sang Sunu, ngawangsulna ka Sri Narpati, sawangsulna sumëdja, abdi Gusti kondjuk, lintang marga kanuhunan, dipigalih ku kërësa Gusti sajakti, didamël kabingahan.

13. Tangtu pandjang lamunna ditulis, wawartana Sang Maha Narpatya, sarëng Sang Pangeran Anom, gantjangna nu ditjatur, sabadana gunëman warti, bubarana ti pamëngkang, bopati tumënggung, ari Sang Radja Pinutra, ku Djëng Ratu tètëp dipusti di puri, sarëng Sang Gëndarata.

14. Maha Ratu parantos tingali, ka Sang Putra pasal dipipalaj, ku Sang Adjëng Aju Putren, atuh Sri Maha Ratu, sinarëngan Parameswari, ibu Ratna Suminar, langkung ngugung-ngugung, dipusti didama-dama, siang-wëngi ditjandak riungan tjalik, ku kërësa Sang Sri Nata.

15. Kaduana anu dipigalih, ngadangukeun lalakon Sang Putra, kaanggap lutju tur aneh, samalah dipiundjuk, Burusganur geus sëräh diri, dibawah parentahan, ku Pangeran Sunu, eta langkung ngawuwuhan, kahormatan Sang Ratu lka Nursadjati, serab ku pangawasa.

16. Waktu eta Sri Maha Narpati, geus ngadangu ti Sang Gëndarata,

- amung ku dēmit harewos, sabot bongoh Sang Sunu, jen maksadna Sang Nursadjati, bade aja kērsana, ka Sang Ratu Aju, pamērih garwa nu sēpah, Sri Narpati langkung gumbirana galih, tina langkung doana.
17. Malah-malah Sang Nurasadjati, ku Sang Ratu ditjandēt ditahan, hēnteu kenging mulih tereh, digēnggēm di kadatun, kēdah ngantos heula Sang Putri, Adjēng Ratna Suminar, kitu kērsa Ratu, nadjan dugi ka naunan, moal waka Nursadjati sina mulih, ka nagara Riskomar.
18. Kitu deui Sang Nurasadjati, wantu-wantu diandēg ditjaram, ku anu djadi Narpatos, kawuwuh kapisēpuh, anu wadjib dipusti-pusti, ditumutkeun kērsana, atuh teu ngabērung, Sang Putra Purnama Alam, tētēp linggih di Sulungtuwu nagari, sarēng Sang Gēndarata.
19. Tunda deui Sang Nurasadjati, tētēp linggih tur didama-dama, katjaturkeun para Putren, waktos harita nudju, sami linggih di bumi tadi, urut waktu leungitna, Sang Pangeran Sunu, gunēm saur mung tiluan, Sang Pramanik Pursita djeung Ratu Putri, Adjēng Ratna Suminar.
20. Sang Pramanik wantu geus katitis, nandang manah waspada panjipta, geus pangkat sangkala bolong, awas ka anu djauh, ku panorah lēbēting galih, malah waktu harita, Pramanik geus maphum, ka raka Radja Pinutra, jen di nagri Sulungtuwu dipiasih, ku Sang Ratu di dinja.
21. Tatapina hēnteu dipiwarti, iku Sang Dewi ka Ratna Suminar, didamēl rasiah gēde, hēnteu lami seug njaur, bari imut ka Ratu Putri, eh aji putriningrat, atjeuk rek pihatur, ka aji aja panēda manawina tigin galih wēlas asih, sarēngan kalēdjaran.
22. Tatapina saupami aji, kirang galih kana kapurunan, teu djadi sawios-wios, Ratu Putri ngawangsul, pasal naon nu dipigalih, ku atjeuk teh ajeuna, ka rai nu estu, sarēngan pamuga-muga, kērsa atjeuk ulah tjangtjajaning galih, salēmpang rai mungpang.
23. Tina margi rai nu sajakti, hēnteu gaduh tekad nu sulaja, tjurang serong gawe mēleng, kana djalan sumudjud, kumawula satungtung masih, aja raraga njawa, ngatjatjang lumantung, maksad rai moal tuna, ati tumut kadjabi lamun kasapih, ku ngaran tilar dunja.
24. Hēnteu lami Sang Dewi Pramanik, njaur deui ka Ratna Suminar, kieu atjeuk panēda teh, ka aji anu estu, wireh atjeuk ajeuna leuwih, nandangan kamēlangan, ka sadaja sēpuh, di saban-saban nagara, malah-malah ngadjadikeun paur risi, anu taja landongna.
25. Ari anu ngadjadikeun risi, wireh wēngi kintēn tabuh dua, atjeuk teh parēng tinēmon, sarēng gēnta pituduh, saurna teh anu kakuping, ku panjipta pangrasa, eh Pramanik kudu, ajeuna masing iatna, baris aja kadjadjen sipating djin, sarta gagah pērkosa.

26. Baris abus ka saban nagari, rek ngaruksak ngabasmi ratuna, karatonna rek dibojong, maksudna eta kitu, malah waktu ieu geus nĕpi, aja di karatonna, nagri Sulungtubu, ku sabab eta ajeuna, kudu pisan Njai Pramanik tjaringtjing, djaga sabeunang-beunang.

27. Ngan sakitu saurna nu sidik, leuwih-leuwih nongtoreng tur tĕrang, kana pangrungu atjeuk teh, tina margina kitu, atjeuk wakil ka kĕrsa aji, ngadjaga eta bahja, nu sarupi kitu, malah ajeuna teh enggal, Sulungtubu kĕdah sumpingan ku aji, bilih kabudjĕng tiwas.

28. Ratu Putri ngadangu pangwarti, ti Sang Dewi rek aja karaman, bangsa kadjinan djadjaden, Ratna Suminar langkung, barangsangna lĕbĕting galih, hojong geura kĕk newak, ka nu rek njulumun, teu lami tĕras undjukan, atuh raj wadjib mios gasik-gasik, mĕgat eta karaman.

29. Sang Pramanik ngalahiran deui, atuh puguh kĕdah enggal-enggal, dintĕn ieu bae mios, pĕgat ti Sulungtubu, mun kapĕndak tong tata deui, tangkod bae beuheungna, sarta tĕrus ringkus, ulah sina meunang lunta, lamun beunang kĕrĕm dina kamar puri, ku aji kĕdah djaga.

30. Hĕnteu lami ngawangsul Sang Putri, njumanggakeun kana piwarangan, mĕgat bangsat djin kadjaden, Sang Dewi deui njaur, amung atjeuk aja pamĕrih, sartana poma-poma, lamun aji tĕpung, sarĕng kakang Gĕndarata, kĕdah pisan undjukkeun ku kĕrsa aji, atjeuk hajang dilajad.

31. Kĕdah pisan ka Riskomar sumping, sukur lamun ngiring ka ĕngkangna, Pangeran Pinutra Anom, Ratu Putri ngawangsul, njumanggakeun ka Sang Pramanik, sarta harita tĕras, ngadeuheus ka Ratu, amitan jen bade djĕngkar, sarta bari diundjukkeun ka Sang Adji, anu djadi margina.

32. Bade aja karaman hidji djin, rek binasa ka saban narpatya, ngabojong saban karaton, Ratu barang ngadangu, kaget sarta kalangkung gimir, aringgis kadatangan, nu sarupa kitu, enggalna Ratu ngidinan, ka Sang Putri bari njĕbat ulah lami, lamun djin ĕnggeus beunang.

33. Kudu geuwat-geuwat sumping deui, ama keueung ku Adjĕng ditilar, kitu dawuhan Sang Katong, gantjangna nu ditjatur, hĕnteu lami Sang Ratu Putri, amit ka Sang Srinata, dibarung nunuhun, pandu'a kawiludjĕngan, sumawonna ka raka Dewi Pramanik, sudjud nĕda pandu'a.

34. Hĕnteu lami Sang Ratu Putri djin, sarĕng rentjang Mantri Padjarangan, biur ngapung ti karaton, bade ka Sulungtubu, larak-lirik

tina wiati, hojong geura kapëndak, djeung anu disusul, manahna Ratna Suminar, mun kapanggih moal kana tata deui, djol djëbet ditanganan. 35. Atawana ditewak digisik, diantjurkeun sina djadi asal, asal-usul tjai seeng, kitu manah Sang Aju, tina langkung djengkelna galih, bari kakalajangan, dina mega paul, tunda Sang Ratna Suminar, katjaturkeun Sang Putra Nurasadjati, sarëng Sang Gëndarata.



Sinom

1. Waktos eta nudju lënggah, pajuneun Sang Maha Adji, Sang Gëndarata undjukan, ka kërsa Sri Mah Narpati, pasal kenging bër-dami, sarëngan rai Sang Sunu, Sang Gënda baris djëngkar, nëpangan Dewi Pramanik, sinarëngan ka rai Dewi Pursita.

2. Piundjuk Sang Gëndarata, amitan ka Kangdjëng Gusti, bade njëläng ka Riskomar, nëpangan Dewi Pramanik, sartana moal lami, Sang Ratu ampir teu ngabul, ka putra Gëndarata, bawaning ku tina asih, idin soteh ku keukeuh anu undjukan.

3. Hënteu lami Gëndarata, saparantos nampi idin, sarta nampi pandu'ana, ti kërsa Sang Sri Narpati, djëngkar ti pantjaniti, samalah rai Sang Sunu, djadjap ka Gëndarata, dongkap ka pajuneun puri, gogondjakan wantuning nu sarasiah.

4. Para Putra geus paturaj, Sang Sunu ka pantjaniti, Gëndarata këbat angkat, geus mërih ka djimat ali, ngabiur leuwih tarik, angin ge dugi kasusul, tunda Sang Gëndarata, tjatur deui Sang Narpati, masih lënggah dideuheusan ku Sang Putra.

5. Sarëng Patih Langlangturna, tjatjarios rupi-rupi, dinës kulir nu dipëdar, wantuning sami bër-budi, sagala hënteu sëpi, elmu kalawan panëmu, agama djeung drigama, Sang Putra Nurasadjati, teu tinggaleun panëmu ku Sang Sri Nata.

6. Barang keur sami wawarta, kalajang tina wiati, lir kaja ka-langkung katja, Sang Ratna Suminar sumping, nudju ka pantjaniti, ka nu keur gunëman saur, Adjëng Ratna Suminar, njampojong bawaning isin, teu tuman ge tina bubuhan ku rama.

7. Sang Ratu langkung gupjakna, bingah anu taja tanding, ku ningali sumping putra, muru sartana ngalahir, duh-aduh anak aing, naha bët kakara tjunduk, naha Njai ti mana, mana heubeul-heubeul teuing, ama keueung ku Njai ditilar lila.

8. Ngawangsul Ratna Suminar, abdi teh djarah pëlèsir, maksud ngalanglang buana, nêpangan atjeuk Pramanik, guru anu sajakti, tumutkeuneun siang-dalu, Ratu ladjeng ngandika, sukur Njai bënëri ati, kumawula ka anu sabar darana.
9. Ari ku Prameswari mah, dikaleng ditjandak tjalik, gedengeun Sang Sri Narpatya, wantu ka putra kakasih, mani teu kenging tēbih, ngan teu sirik dilalahun, Putri ku Prameswara, ari Ki Mantri Wërédjit, hēnteu anggang sarēng Arja Langlangturna.
10. Ari Sang Radjaputra mah, damēlna ngan api lain, pura-pura tatjan loma, sarēng Sang Ratu Putri djin, Sang Putri kitu deui, ka raka Pangeran Sunu, wungkul sotja nu mēta, hēnteu naros teu ngalirik, raos gamah ku djongok djeung ibu-rama.
11. Teu lami Ratna Suminar, piundjuk ka Sang Narpati, pasal anu djadi marga, pangna sumping gasik-gasik, jen ku nampi panglahir, ti Dewi Pramanik estu, dikēdahkeun ngadjaga, di Sulungtubu nagari, sabab baris kadatangan ku karaman.
12. Barang ngadangu Srinata, kana piundjukna Putri, ngadjengok langkung pērtjaja, sarta leuwih gimir risi, hēnteu lami ngalahir, palangsiang djuru tēnung, purah mindahkeun rupa, murid Sang Ratu Djaladri, bënëri kudu djaraga ku sarerea.
13. Ku sabab eta ajeuna, Raden Mas Nurasadjati, djeung Njai Ratna Suminar, katilu ki Mantri Ginggi, ulah arek tarēbih, bisi djuru tēnung tjunduk, ngawangsul sadajana, njumanggakeun ka Sang Adji, baris tētēp ngadjaraga di pamēngkang.
14. Sang Putra Purnama Alam, sarēng Sang Ratu Putri djin, siang-dalu hēnteu pisah, ngan saena ku didjaring, ku galih nu sadjati, anu pēngkuh tara ganggu, ngan ukur maen sotja, djeung radjeun toel djeung tjiwit, roana mah saur pangrungruman manah.
15. Harita nudju lalēnggah, Sang Putra sarēng Sang Putri, di bandjar karang kaputran, tilas Ratu Raraspedi, waktu keur budjang alit, harita didamēl tugu, paranti katamuan, nja di dinja Putra-Putri, lalēnggahna tēpungan sarēng sirnana.
16. Teu aja nu ngarentjangan, djadi djongdjong gunēm warti, djeung sagala pēta-pēta, pērtiti anu saati, lalinggih dina korsi, padjauh wantu parēngkuh, tara ngubrakeun sara, nu matak linggih patēbih, ukur djongok kahalangan medja kēnap.
17. Sang Putra anu ngawitan, ngalahir ka Sang Putri djin, istuning matak nalangsa, mikiran diri pribadi, ku djauh teuing milik, njusul ti usum kapungkur, ngudag ti babaheula, ajeuna kadar pinanggih.

sakitanan beunang pupundjung pupudja

18. Beunang odjah njeka raga, mērih diri njutji ati, tatapa nēda laksana, kana satiti saati, ajeuna nitis tulis, ngan ukur patēpung tjatur, bagdja tēpang paningal, abong milik nu keur tiis, hēnteu bisa handjat ka geusan daradjat.

19. Sakieu oge ujuhan, disanding ku budi wēning, digendeng ku tandang lenggang, djadi kulit djadi daging, horeng ari Putri djin, ngan wungkul gunung pangirut, sagarana pangēmat, nitis njari dina ati, mutuh matak sumarasat dina rasa.

20. Ĕngkang teh ti barang tēpang, kantun hemēng ulēng ati, samēnit teu pisan kēndat, hajang dipiwēlas asih, ngan Ĕngkang hēnteu muni, bisu ku aja karidu, sē mang teu kalajanan, risi bilih teu katampi, da tjuriga Ĕngkang ku taja kaboga.

21. Ajeuna tēpang duaan, taja aling-aling pikir, tjing atuh Ĕngkang teh sambat, tjandak ka Pusēring bumi, manawi dipigalih, purah tunggu Bungbungūmur, pēndjaga djēro guha, sugan djadi mandor giling, atawana diangkat kapala kampa.

22. Sang Adjēng Ratna Suminar, barang ngadangu panglahir, raka Sang Pangeran Putra, langkung gumilēr gumilir, imut bubudēn manis, sarta dibarung ngawangsul, duh Gusti hēnteu njana, matak ngahe-mēngkeun ati, gampil pisan masihan kasēsah nista.

23. Abdi teh kēdah kumaha, mintonkeun pangodjah diri, dugi raos seseapan, babakti satia ati, tina hajang katampi, didamēl panglajon kalbu, tamba teu aja rentjang, ngadjadi pangontjang reungit, bilih djadi panjēbat tanda barahma.

24. Kawantu watēk barahma, djuru dēlit ngukut sulit, teu paja anggang sadjeungkal, sok gampil bidjil kasēdih, nungtik ka alam tadi, miruruh usum kapungkur, padahal hēnteu kēdah, mēnggahing ka diri abdi, dipudjakeun da geus sadrah ti baheula.

25. Ngandika Radja Pinutra, asa hēnteu djadi rugi, disēbut tanda barahma, tinimbang hēnteu ngadjadi, kana karēping ati, ngumbara di bumi pitu, suganna aja kadar, nitis milik nu isēli, bisa djadi landong kosong pagulingan.

26. Ngawangsul Ratna Suminar, bēt abong madu raspati, sasakaning widjaksana, tjēpēt kana mipit ati, panarik marga asih, padahal eta teh palsu, saur pangalap-ngalap, mun ēnja ge tigin asih, moal minggat ti guha Karangkamuljan.

27. Ngandika Radja Pinutra, tah eta nu matak djadi, kasēdihan ati Ĕngkang, sapandjang di Pusērbumi, hēnteu kēndat samēnit, nunggu

Ratu Buntungūmur, ari ras lēbah dinja, kumpul kanjēri kapeurih, diasoran Nji Putri Ratna Manetja.

28. Gumuju Ratna Suminar, bari ngawangsulan deui, behna mah ari nu tuman, anu nahi kana ahli, dipibogoh ku djurig, bēt aja galih timburu, njangka kirang upama, ngabaktikeun putri djurig, padahal mah eta teh wilajat ěngkang.

29. Sang Putra Purnama Alam, teu lami ngalahir deui, ěngkang teh ěnggeus rumasa, ahli dipuhit ku djurig, tatapi da geus takdir, teu beunang dipake ěmbung, ngan sugan-sugan aja, hidajat daradjat diri, dipiěngkang ku mustikaning Tolěngan.

30. Mung ěngkang teh rada sēsah, ka mana geusaning dugi, njang-gakeun kahina raga, pinton kabodoan ati, naha ka Pusērbumi, atawa ka Sulungtubu, sabab emutan ěngkang, dua-duana ge wadjib, disuhun-keun agung-agung pandu'ana.

31. Ngawangsul Ratna Suminar, upami jaktos ngagalih, ka diri abdi nu hina, panuhun abdi nu jakti, ěngkang teh mugi-mugi, enggal dumeuheus piundjuk, ka ama Sri Nalendra, Ratu Sulungtubu nagri, kēdah tētēs barěmpag ieu pěrkara.

32. Supados ama Nalendra, ahirna tiasa ngangkir, ka ama Tolěng-tělěngan, mutuskeun ieu pěrkawis, tangtos djadi lastari, moal djadi gujur saur, pasal katugěnahan, kadangkala awal-ahir, djadi lajeut ngamitra salalamina.

33. Ngandika Radja Pinutra, ěngkang mupakat teh teuing, jen kudu kitu akalna, supaja djadi lastari, kadua nu dipambrih, itung-itung njapih sěpuh, risi talětěrasan, njaringtjing měnjěsěl galih, bisi djadi antjaman dina ahirna.

34. Ngawangsul Ratna Suminar, mung abdi tjangtjaja pikir, dumugi měndag-majongna, lantaran ku sapěrkawis, langkung nandangan isin, agěng-agěngna mah paur, inggis njorang tideuha, ti kěrsa atjeuk Pramanik, abdi djiga ngarěbut panutanana.

35. Ku margi ku sakituna, abdi moal waka nampi, měnggah ka salira ěngkang, mun teu atjan aja tawis, sěrat atjeuk Pramanik, idinan anu satuhu, upami hěnteu aja, kadjeun abdi njorang pati, ku djalanan baluas hěnteu laksana.

Agustus 1916.
Lee Sijf

Asmarandana

1. Sang Putra Nurasadjati, gumuju bari ngandika, aeh-aeh bêt sihareng, manah bĕlang luntjat-mulang, taja tjĕkĕleunana, abong watĕk Bungbungūmur, bĕt luhur tandjakanana.
2. Dipikir dibulak-balik, istu leuwih rata rapat, aling-aling nampik tulen, tapi tinimbang djeung bahja, kana nJORANG pĕrlaja, geusan nungtun kana pupus, pĕdjah ku hĕnteu laksana.
3. Ēngkang mo' burung mĕrĕdih, menta tanda ti atjeukna, ka-tĕrangan djalma hade, jen hĕnteu aja sangkutan, tina hal palanggaran, Ratna Suminar ngawangsul, eta nu langkung saena.
4. Tina margi ati abdi, tĕtĕs tina sadjatina, sanes tjarios lulutjon, nu mawi kantun bingahna, upami kajaktosan, ka atjeuk Pramanik mundut, sĕrat tawis kasĕtyaan.
5. Pandjang lamunna ditulis, tjarios Sang Putri-Putra, geus sami tĕtĕp pangraos, ngangĕn djadi lalanganan, nu baris djadi nikah, ngan kari ngantosan dawuh, djeung sĕrat idinan garwa.
6. Enggalna Sang Nursadjati, njaur Mantri Padjarangan, bade dipiwarang mios, ka dajeuh nagri Riskomar, baris ngabantun sĕrat, pamundut Sang Ratu Aju, malar luginaning manah.
7. Saur Sang Nurasadjati, ajeuna paman wajahna, sanes putra teu hawatos, kana karipuhan paman, amung ku hĕnteu aja, baris giliran lumaku, ngadjalankeun padamĕlan.
8. Paman kudu mios deui, ka Pramanik di Riskomar, sarta kudu tereh-tereh, pĕrluna mah mawa surat, ku paman sing kabawa, walonganana nu husu, ti Njai Dewi ka putra.
9. Njumanggakeun Mantri Ginggi, kana timbalan Sang Putra, sarta hĕnteu lami mios, pĕrdjalanan nu biasa, ngambah ka djumantara, ngadjugdjug ka mega paul, ti bandjarkarang kaputran.
10. Tunda nu ngambah wiati, katjarios Sang Srinata, sarĕng sadaja praputren, di puri nagri Riskomar, nudju kĕmpĕl sadaja, wireh kasumpingan tamu, Gĕndarata ti Ambarak.
11. Sang Ratu ĕnggeus tingali, ka eta Sang Gĕndarata, jen raka Sang Dewi tulen, saibu sarĕng sarama, kalangkung dihormatna, Gĕndarata ku Sang Ratu, dipusti didama-dama.
12. Wireh sasumpingna tadi, nĕrangkeun andjeun ka Radja, jen

putra Sang Maha Katong, Parabu Putiasukma, Ratu nagri Ambarak, nu gujur asal katĕnung, djadi kakajon di alas.

13. Dina saban siang-wĕngi, Sang Gĕndarata ditanggap, tjarios ku Maha Katong, waktu ditilar ku rama, langkung nandang sangsara, njumput di kampung nu singkur, babakan luar nagara.

14. Atuh langkung Sang Narpati, asihna ka Gĕndarata, turug-turug njandak wartos, pangna sumping ka Riskomar, ngĕmban timbalanana, Sang Putra ti Sulungtubu, samulihna ti Ambarak.

15. Eta teh didamĕl tawis, kasĕtyaan Gĕndarata, ka putra Pangeran Anom, digalihna ku Sri Nata, malah kenging pudjian, kabeh putra jaji Prabu, njarĕkĕl karaspatian.

16. Ari anu bingah leuwih, amung Sang Dewi Pursita, kasumpingan ku bebene, dumugi asup babasan, kumpul nja pangatjian, ngan kukuh teu tĕmbus tjatur, hĕnteu mĕdal kana lisan.

17. Wantu katitisan alim, ngalĕmah adji pĕrtimah, tĕmahwadi nu dianggo, taja rua taja ulat, jen eta papatjangan, djadi teu aja nu maphum, da kandĕl aling-alingna.

18. Gantjangna anu digurit, barang eukeur gunĕm warta, Putra-Putri Sang Narpatos, djĕbul Mantri Padjarangan, ngadjudjug ka pamĕngkang, Sri Maha Ratu kalangkung, gupjak ningal Ginggi dongkap.

19. Dipariksa ku Sang Adji, sababna nu matak datang, diwangsul ku Mantri Kuntjen, jen ngĕmban timbalanana, Radjaputra Purnama, sarĕngan Sang Ratna Aju, miwarang ngabantun sĕrat.

20. Bade ka Dewi Pramanik, sarĕngan ka Sang Pursita, teu lami sĕrat diaos, pajuneun Sang Srinarpatya, ungĕlna lĕbĕt sĕrat, ku Sang Dewi nu kamaphum, kana salĕbĕting manah.

21. Kangrai Dewi Pramanik, di puri nagri Riskomar, ĕngkang marga njuratan teh, ka Njai rek mere tĕrang, pasal tilu pĕrkara, kahidji ku dipilaku, nja indit ti Gurangsarak.

22. Ama Rĕsi bibi Rĕsi, paman Sĕmbada Hamiah, sami angkat ti pasantren, kalawan kadar Pangeran, ĕngkang kasalamĕtan, sarta datang ka kadatun, dajeh nagara Ambarak.

23. ĕngkang nandang bingung leuwih, kuma' pimalĕseunana, mungguh ka diri Njai teh, tina nampi kabingahan, anu taja tandingna, ĕngkang dipangkon dipunggu, digunggung dimulja-mulja.

24. Ku kĕrĕsa rama Gusti, Sri Maha Radja Ambarak, rama Njai anu tulen, tjatjakan nĕmbean tĕpang, teu aja asa-asa, ka ĕngkang nja ngangkĕn mantu, dihormat diria-ria.

25. ĕngkang lilana sasasih, aja di puri Ambarak, tĕras ĕngkang

amit mios, sarëng kakang Gëndarata, ku rama kawidian, ka nagara Sulungtubu, ku engkang nu didjudjukan.

26. Ajeuna ëngkang keur mukim, ku pangangkën Sang Sri Nafa, hënteu kenging wangsul tereh, ëngkang ka nagri Riskomar, kitu nu djadi sabab, pang lila di Sulungtubu, sanes ka Njai teu mëläng.

27. Kadua përkara deui, maksud pang ëngkang njuratan, aja pamundut Pagusten, reudjeung Nji Ratna Suminar, përkara Nji Pursita, ku Njai kudu didjurung, ka Sulungtubu ulah lat.

28. Kudu kairing ku Ginggi, sarëng kakang Gëndarata, wireh aja pasal aneh, baris dipariksa pandjang, tina pasal rasiah, nu matak ku Njai kudu, djurungkeun masingna iang.

29. Katilu përkara deui, ëngkang rek nganaha-naha, mungguh ka diri Njai teh, lantaran Njai ka ëngkang, bët wani ngabinasa, nguntlungkeun kana kabingung, ngabaruang ku wiwirang.

30. Tina sabab Njai sëring, ka ëngkang mërih marentah, beurang-peuting hënteu pëtöt, dikudukeun daek nikah, ka Nji Ratna Suminar, dumeh geus lajeut salulut, Njai djeung Ratna Suminar.

31. Tina ëngkang tigin ati, ka Njai hënteu rek mungpang, atuh ëngkang maksa maneh, waktja ka Ratna Suminar, jen ëngkang maksud nikah, walonna Nji Ratna Aju, hajang mah taja halangan.

32. Mung pambëngan diri abdi, teu atjan niat lakian, malah tekad hajang djomblo, bawaning taja pikiran, kana nJORang lakian, masih keneh mampuh sëpuh, anu baris ngupah-ngupah.

33. Kitu walon Nji Putri djin, nampikna ka diri ëngkang, atuh ëngkang rasa abot, ku nandang kawiwirangan, sartana kanjërian, ngan dipikir bongan atuh, bët nurut ka pamadjikan.

34. Tah kitu ëngkang kapeurih, nu matak geuwat bebedja, supajana Njai njaho, kalawan rebu pandu'a ëngkang Purnama Alam, di nagara Sulungtubu, anu keur nandangan lara.



Dangdanggula

1. Saparantos Sang Dewi Pramanik, ngaos sërät dilalar dimanah, ngahulëng hënteu njarios, hemëng lëbëting kalbu, sarta nandang përtjaja leuwih, kana ungëling sërät, nampikna Ratnaju, hënteu kaudag ku palak, tina margi pangawasa Nursadjati, tara beunang ditorah.

2. Gëndarata nu geus pangkat Rësi, përtjajaeun kana eta sërät,

hënteu katoong jen bohong, sumawonna Sang Ratu, anu hënteu ngulik ti tadi, kana elmudjuduman, atuh langkung-langkung, përtjantën ka eta sërata, sarta tēras ngalahir ka Sang Pramanik, ana kitu tetela.

3. Anu bela sarta mikaasih, ka Purnama ngan Njai sorangan, dina unggul dina asor, tina ku sabab kitu, ama tambah katigin ati, dina kapërtjajaan, ka Njai nu estu, njadrahkeun ieu nagara, hënteu sëmang dumeh-dumeh Njai istri, njëkël pasal nu beurat.

4. Matak naon dina awal-ahir, ditambahan nu djadi rengrengan, ku nu pintër nu karahot, anu luhung panëmu, nitis tētës pangkat sadjati, tērang bilangan bintang, sēlang surup usum, tēgēsna awas pangrasa, njëkël hakna mērwintji aturan bumi, pasal putēran djaman.

5. Saparantos Sang Radja ngalahir, Sang Pramanik ngangrēs dumareuda, piundjuk ka Sang Mah' Katong, abdi Gusti nu estu, waktos ieu raosing ati, sēmi moal tiasa, kana paos umur, ku margi ku hënteu kiat, njandēt hawa nampi ratuning tjtjobi, nu teu aja samina.

6. Tina margi raos abdi Gusti, saupantën pun Ratna Suminar, anu sohor gagah saktén, tiasa ngapak ngapung, katitisan ku adatna djin, abdi Gusti teu rempan, saudjunging rambut, nundung pun Ratna Suminar, ulah aja di salëbēt alam lahir, sina pulang ka asal.

7. Ratu tēras ngalahiran deui, mangsa bodo dina lēbah dinja, da tangtu nu djadi bodjo, nu pasti kana milu, kana nandang kapeurih njëri, tina sabab bubuhan, sagalang-sagulung, malah tētēp kana ngaran, salaki teh panutan lahir djeung batin, pantēs rek sawiwirang.

8. Ngan samemeh tumiba ka pasti, kana njeorang tunggara baruntak, kudu tandēs mepes hate, ulah rek gantjang hurung, kudu njangking titih djeung rintih, njëkēlan kajakinan, nu husu nu puguh, geus sidik ënja kituna, nja teu naon bubuhan di alam lahir, wadjib ngilangkeun hama.

9. Geus karasa ku ama pribadi, boga tata taja sinaringan, istu djadi tatu gēde, anu saumur-umur, moal lipur nandangan ati, tina katērēsnaana, liwung ku kaduhung, tah eta ku Njai muga, kudu tjonto aja di kolot pribadi, lara ku djalan eta.

10. Pek ajeuna djalankeun sing titih, ku aturan tata nu pērmana, kana geusan beres roes, Sang Pramanik ngawangsul, njumanggabeun ka Sri Mah' Adji, sarta harita tēras, njërat buru-buru, baris ka Ratna Suminar, djeung ka raka Sang Putra Nurasadjati, barang geus tutup sërata.

11. Sang Pramanik ngalahir ka Ginggi, ieu surat sanggakeun ku paman, ka Ratna Suminar bae, ari përkara njaur, ka Pursita mangga teh teuing, tangtos pisan ku putra, pageto didjurung, sina mios ti

Riskomar, ngan ajeuna paman ti heula nja indit, mawa ieu walonan.
 12. Mantri Ginggi hēnteu lami amit, tēras mios ngambah djumlah-tara, nulak tjangkeng dina kelek, tina teu sieun labuh, hēnteu lila ki Mantri Mantri Ginggi, harita geus ngungkulan, puri Sulungtuwu, ngadjugdjug karangkaputran, sarta tēras njanggakeun sērat ka Putri, sarēng ka Sang Pinutra.

13. Hēnteu lami diaos ku Putri, nu kamanah ungel lēbēt sērat, katur kang rai Kaputren, Ratu ing Bungbungūmur, anu sakti teu aja tanding, digdjaja gagah rosa, djuru hurung napsu, atjeuk geus ngawatja sērat, ti pangērsa salaki atjeuk pribadi, Radjaputra Purnama.

14. Saungēlna ku atjeuk kaharti, jen andjeunna nandangan sungkawa, tēgēsna prihatos gēde, nu djadi asal-usul, nampi saur ti kērsa aji, anu kirang pērmana, lir ka djalma timu, nampik hēnteu djeung wiwaha, aja basa kadjeun djomblo sampe mati, tinimbang djeung lakian.

15. Sarta aja babasaan nu dir, masih keneh mampuh sēpah-sēpah, anu baris ngupah-ngapeh, ku atjeuk dipituhu, ku panglējēp djēroning ati, pang rai kitu basa, ku dumeh Sang Sunu, saat sipat pasaratan, ngan pantēsna ka ngaran Dewi Pramanik, awewe pangalasan.

16. Tapi atjeuk nekad dina ati, djeung tinimbang Sang Radja Pinutra, mogok ku asal dipojok, tina tēguh nu ēmbung, nēpi kana teu bisa hasil, atjeuk teh luluasan, diadu djeung dulur, taroh pati tumpang raga, lamun keukeuh nampik teu kērsa dimuhrim, ku Sang Radja Pinutra.

17. Geura mēpēk ngērid senapati, djago-djago tamtama Tolēngan, nu leuwih ti Mantri Kuntjen, ku atjeuk moal burung, di gupajan sapusērbumi, tah eta kudu timbang, ku aji sing husu, mana anu rek ditjandak, naha tumpur baruntak djeung sipat wargi, atawa kalulusan.

18. Lamun keukeuh teu purun dimuhrim, ku djēnēngan Sang Purnama Alam, dina djam ieu ge djongok, ramo atjeuk tinangtu, nga-goengkeun ka tjēpil aji, atjeuk menta walonan, nu tigin nu husu, sakitu atjeuk pamenta, sarta du'a atjeuk Dewi Paramanik, di karaton Riskomar.

19. Saparantos Sang Ratu Putri djin, maos sērat nu langkung tētēsna, gumuju lir gēnah raos, di pajuneun Sang Sunu, gogoelan adat paranti, sarta bari ngandika, euleuh atjeuk bēndu, njeukseukan nu laklak dasar, nja sumangga sanadjan nēpi ka meuntjit, da moal dilawan mah.

20. Malah-malah ieu sērat pasti, rek didamēl sasaka pusaka, di-anggap djimat nu aheng, anu mandjurna pundjul, pangaruhna anu geus bukti, laksana pangarēpan, anu dipituhu, malah bade ditēmpatan, make katja dipake dipigura bilik, di djēro padjuaran.

21. Radjaputra teu lami ngalahir, edas-edas aja seukeut manah, bĕt asa alpukah pokrol, Ratu Putri ngawangsul, kenging mikir bawaning tigin, ku hajang sapanutan, sarĕng atjeuk guru, guru kana waspadana, tĕrang kana sipat mustikaning rupi, pundjul ti anu loba.
22. Saparantos pihatur Sang Putri, ka Sang Putra tumĕras mariksa, ka ki Mantri djuru kuntjen, eh paman Mantri Ratjun, naon sabab hĕnteu kairing, atjeuk Dewi Pursita, ki Ginggi ngawangsul, dintĕn pageto djĕngkarna, Sang Pursita saurna mo gagal deui, sarĕng Sang Gĕndarata.
23. Tĕras deui ngawitan Sang Putri, njarioskeun pĕrkara karaman, anu keur didago-dago, masih teu atjan tjunduk, ladjĕng naros ka Nursadjati, naon nu djadi marga, karaman teu tjunduk, ngandika Sang Radjaputra, moal datang lantaran kaburu djadi, urang nagri Riskomar.
24. Hal eta mah montong dipitigin, kana tangtu pidatangeunana, djeung montong dianggap goreng, nadjan ka dieu tjunduk, boa teuing rek aja pambrih, kana maksud ngalamar, ka putrana Ratu, ngan bĕrbudi nu bebedja, djeung timbangan wantuning sok ahli asih, ka nu aja kahajang.
25. Hĕnteu tjara urang Pusĕrbumi, ahli gĕtap nu teu djeung pĕrmana, timburuan ka Rohong ge, barang Putri ngadangu, kana saur Nurasadjati, hookeun teu ngandika, karaos kapalsu, enggal teuing pĕrtjajana, kana saur raka Sang Dewi Pramanik, teu lami ngawangsulan.
26. Naha atuh bĕt hĕnteu ti tadi, ditĕrangkeun kitu balukarna, meureun moal gaplah gawe, hanas ngadjĕntul tugur, ngantos-ngantos tjarios angin, Radjaputra ngandika, atuh moal puguh, iraha pikeun salsena, tĕpung sirna taja nu ngahiri-hiri, bukti waktu ajeuna.
27. Gunĕm warti Sang Putra Sang Putri, memang pandjang ku rea tungtikan, wantu rungruman bebene, mung harita kaburu, liren margi kasapih buri, marulih ti kaputran, ka gĕdong kadatun, kotjapkeun dintĕn endjingna, Sri Mah Ratu sarĕng rai Sang Meswari, teu kantong Putri-Putra.
28. Tjatjarios sagala pĕrkawis, anu djadi pakagetan manah, anu parantos tinĕmon, kitu deui Sang Ratu, waktu eta prantos tingali, ka Putri sarĕng Putra, jen ngarandung kalbu, tina agĕng pangarĕpan, kana nikah Ratu langkung bingah galih, marga tina doana.
29. Anu djadi margina tingali, sanes djalan ku sangka ku wangwang, wirehing parantos djongok, piundjuk anu husu, ka kĕrĕsa Sang Maha Adji, ari nu ngabantunna, piundjuk Sang Sunu, Arja Patih Langlangturna, nu didamĕl wakil ku Sang Nursadjati, ka kĕrsa Sang Srinata.

30. Pendekna mah harita geus djadi, papantjangan anu tĕrus tĕrang, sarĕng Sang Sri Maha Katong, ngan kari ngantos dawuh, nikahna teh Sang Putra-Putri, kadua pĕrkarana, nu djadi babaku, wagĕlan tatjan undjukan, ka nu ngukut nja eta Sang Sri Narpati, Ratu nagri Tolĕngan.
31. Manah Ratu bok bilih pinanggih, kana marga geusan uru-ara, lamun teu njanggakeun wartos, ngan ku Sri Maha Ratu, diwĕratkeun ka Ratu Putri, sarĕng ka Radjaputra, pikeun kana ngutus, ka Ratu Tolĕng-tĕlĕngan, ngan harita tatjan didawuhan indit, ki Mantri Padjarangan.
32. Tina ngantos anu tatjan sumping, Gĕndarata sarĕngan Pursita, nu baris pĕrkara abot, gantjangna nu ditjatur, barang eukeur gunĕman warti, Sang Ratu Putri-Putra, di djĕro kadatun, Pursita djeung Gĕndarata, djĕbul sumping ngadjugdjug ka pantjaniti, tĕdakna mamandapan.
33. Sri Mah' Ratu sarĕng Prameswari, barang ningal ka Dewi Pursita, ngadjĕngok kalangkung kaget, tetela sapiundjuk, Turna-Turna jen aja Putri, sapasang hĕnteu beda, sarĕng Ratna Aju, dumadakan waktu eta, direndengkeun tjaralikna dina korsi, lir gambar satjitakan.
34. Amung aja bentĕnna saeutik, Pursita mah timpuh lungguh rĕndah, Sang Putri mah dangah gondjleng, tjadu kana tumungkul, ari lain tĕrap panitih, mung sakitu bentĕnna, Pursita Ratnaju, hĕnteu lami Sang Srinata, ka Pursita mariksa djeung gupjak leuwih, ieu teh saha tea.
35. Diundjukkeun ku Sang Aju Putri, dupi ieu wasta pun Pursita, seuweu wilajat Pagusten, kang rama Maha Wiku, nu kakasih Komar Tohidi, patapan Ragatoja, pangalasan kidul, Sri Maha Ratu ngandika, atuh nuhun diparĕng bisa papanggih, dina kasalamĕtan.



Pangkur

1. Dina dintĕnan harita, asup basa sagara bingah galih, Putra-Putri Kangdjĕng Ratu, Adjĕng Ratna Suminar, hĕnteu liren gugujon kabingah kalbu, lantaran ku nampi sĕrat, ti raka Dewi Pramanik.
2. Gĕndarata langkung heran, sarta njaur dina lĕbĕting galih, aing kakara saumur, kasulap ku manusa, poek mongkleng suwung pangaruhna nudjum, nĕpi ka aing pĕrtjaja, kana surat Nursadjati.
3. Hĕnteu katudjum palsuna, waktu matja surat Sang Nursadjati, paingan sindirna Wiku, puntjak gunung Marwata, silibna teh pangarti aing nu istu, jen moal bisa mapakan, ka jaji Nurasadjati.
4. Gantjangna ieu tjarita, Putra-Putri tĕtĕp di pantjaniti, ngadjadi

kabingah Ratu, langkung-langkung reugreugna, raos galih didjaring ku nu laluhung, kawuwuh tamu utama, titisan andana wari.

5. Ti barang sumping Pursita, kintěn-kintěn aja sasasih leuwih, di karaton Sulungtuwu, dina waktu harita, Sri Mah' Ratu njaur ka Pangeran Sunu, waktu ajeuna meudjehna, ngadjurungan Mantri Ginggi.

6. Sina ka Tolěngtělėngan, mawa surat ka kěrsa Sang Maha 'Dji, Ratu djin Bumi pingpitu, ngawartoskeun pėrkara, anu ěnggeus dipirėmpug sarta husu, linggihkeun ka nagri urang, suganna kěrsaeun sumping.

7. Sang Adjěng Ratna Suminar, nu ti pajun matur ka Sang Narpati, pėrkawis eta pangdawuh, kalintang marga rėmpag, amung abdi sumėdja gaduh piundjuk, měnggahing ka kěrsa ama, kalajan mugı kagalih.

8. Margi abdi gaduh maksad, sasih ieu bade ngondang praadji, sugri nu kasėbat djadug, wireh aja pėrkara, anu bade dihusukeun ka praratu, saha-saha nu teu datang, tangtos dilabrak ku abdi.

9. Kitu ge manawi ama, hěnteu djadi kaewuhaning galih, pikeun ngaransom tatamu, bangsa para narpatya, pėrluna mah moal waka dipiundjuk, měnggah ka kěrsesa ama, ěngke ge tangtos tingali.

10. Dupi nu bade diondang, hidji ama Sang Ratu Pusėrbumi, kaduana paman Ratu, nagri Pusėrsagara, nu katilu paman Ratu Barakgirung, kaopat Ratu Rundjana, di nagri Sagara-keusik.

11. Dupi anu kalimana, pangėrsana Djěng Gusti Sri Mah' Adji, nagri Riskomar nu estu, kagėnėp Sri Ambarak, sinarėngan hidji sėpuh bangsa wiku, di patapan Ragatoja, ama Sang Komar Tohidi.

12. Eta nu bade diondang, dikėdahkeun sumping di ieu sasih, sakitu abdi panuhun, teu lami Sang Srinata, tėras bae ngandika ka Ratna Aju, nja ari aja pėrlu mah, ngondang ka para narpati.

13. Di ama taja halangan, kasumpingan ku tamu pranarpati, ama teu sėmang teu bingung, pikeun tuangeunana, nadjan sumping bangsa ratu ratus-ratus, hotel di dieu teu kurang, anu bareres bėrėsih.

14. Ajeuna mah nja geura prak, geura ngondang ama arek sajadi, pikeun ngahormat tatamu, teu lami Adjěng Ratna, ladjěng njėrat sarėng Sang Pangeran Sunu, nu nawis Ratna Suminar, anu kagungan hak ngangkir.

15. Sarta teu lami ngandika, Ratu Putri ka Mantri kamar wėrdjit, paman poe ieu kudu, ka nagara Tolėngan, mawa surat ka kěrsesa ama Ratu, sarta kudu tutulujan, ngondang ka lima narpati.

16. Reudjeung ka hidji Pandita, nu kakasih ama Komartohidi, nu kudu ka Sulungtuwu, ajeuna geura iang, hěnteu lami ngawangsuluan Mantri Ratjun, amung abdi rada sėсах, mios ka Pusėringbumi.

17. Wirehing leungit lawangna, kapungkur ge dugi ka teu kapanggih, abdi tuluj kapidangdung, tina ku margi eta, tangtu bae abdi linglung lir kapungkur, Sang Radja Putra ngandika, ka Mantri djuru wërédjit.
18. Paman poma ulah sëmang, tina sabab lawang Pusëringbumi, ajeuna mah hënteu suwung, ënggeus timu ku putra, bareto mah leungitna aja nu ganggu, aja nu nutup lawangna, ku anu ditangtang djurit.
19. Gumuju Ratna Suminar, bari njiwit ka raka Nursadjati, gantjangna ki Mantri Ratjun, amit ka Putri-Putra, sarta tërus mios Mantri kamar ratjun, nu gantjang leuwih ti topan, përdjalanan di wiati.
20. Ginggi dina awang-awang, njëwuk gantjang bari nutupan tjeuli, tëmbang bëluk anu mëlung, bawaning ku bungahna, bakal tępang sarëng sadaja nu mangkuk, garwa sarta para putra, di nagari Pusërbumi.
21. Gëblus ka lawang Tolëngan, geus patępang djeung Mantri Baraspati, dirangkul ki Mantri Ratjun, bari njëbat bagea, naon sabab ki dulur lila teu tjunduk, manggih naon pangabëtah, anu matak kararëbi.
22. Mantri Ginggi ngawalonan, pendekna mah mungguhing diri rai, rasa teu mubadir hirup, sagala kasukaan, naon-naon teu aja anu kalarung, ngaliud randa manusa, ngagëmbong ngadeugdeug rai.
23. Sanggeus tamat tjatjarita, tëras bae Ginggi këbat ka nagri, Sang Ratu harita nudju, sarëng Aria Patya, gunëm tjatur pasal tina langkung ewuh, ku Putri Ratna Suminar, mëläng patjampur djeung gimir.
24. Mëläng bubuhan ka putra, pang gimirna ku adatna Sang Putri, teu tolih ka bangsa sëpuh, taja tata përmahana, eta kitu manahna Sang Maha Ratu, sarta teu lami ngandika, ka Raden Aria Patih.
25. Kakang teh waktu ajeuna, boga rasa kawas mo' pandjang hurip, lantaran sësëk ku bingung, tina mikiran anak, ku teu njana kana balukarna kitu, matak djadi susah nista, nu geusan narik ka pati.
26. Katurug-turug ajeuna, geus katëmbus ku Sang Langlangsona 'Dji, geus diaku anak estu, bëtus rasiah urang, malah aja bedja anu leuwih husu Nji Ratna Suminar ngantjam, ka urang arek ngabasmih.
27. Lantaran ku hënteu suka, boga rasa dihinakeun dipaling, didjieun sipat teu puguh, kitu eta basana, eta leuwih ngadjadikeun kana paur, sok aringgis djol ngalabrak, numpurkeun sapsuër bumi.
28. Ngawangsul Aria Patya, mënggah raos abdi Gusti sajakti, përkawis eta kaewuh, sewu panuhun ulah, dituhukeun dina salëbëting kalbu, kana bade dirësakna, ku pusingna Adjëng Putri.
29. Wirehing abdi Dalëm mah, langkung-langkung përtjantën lëbët ati, kana saurna Sang Sunu, bade nanggël ahirna, sanggëm nadah

kana pusingna Ratnaju, upami keukeuh ngarēsak, ka pangkōnan Dampal Gusti.

30. Ngandika deui Srinata, kakang oge përtjaja leuwih-leuwih, pi-keun puntangeun ka pajun, ngan ku sēwēng di urang, djadi susah lamun kaburu gurudug, datang Nji Ratna Suminar, sasatna djongdjon balai.

31. Ngan pikir kakang ajeuna, rek diala sina di dieu mukim, sina nulujkeun ngaratu, njanging Tolēngtëlēngan, urang papag Purnama, di poe isuk, disuhunkeun ka ramana, Sang Dewa Pramajon Adji.

32. Kitu manahna Srinata, bade mapag Sang Putra Nursadjati, gantjangna anu ditjatur, Mantri Ginggi geus dongkap, ka kadatun ngadeuheus ka Sri Mah' Ratu, barang Ratu geus waspada, ka Mantri kamar wërēdjit.

33. Ngarendjag Sang Sri Narpatya, ku ningali dongkap ki Mantri Wërēdjit, dumugi ka renghap-randjug, tina bawaning reuwas, marukanna sarēng Sang Putri Ratnaju, teu lami Ratu ngandika, ka Mantri djuru wërēdjit.

34. Eh Mantri Ginggi bagea, na kumaha nu matak lila teuing, ajeuna kakara djēbul, djeung di mana ajeuna, Suminar teh bēt naha teu tjunduk-tjunduk, Mantri Ginggi ngawangsulun, hal përkawis putra Gusti.

35. Sang Adjēng Ratna Suminar, waktos ieu andjeunna aja linggih, di nagara Sulungtubu, sarēng Sang Radjaputra, abdi Gusti nampi timbalan ngabantun, sērat ti pangērsa putra, bade ka Dampaling Gusti.



Sinom

1. Sērat ku Ratu ditjandak, ungelna anu kagalih, kondjuk sēmbah pangabakta, ing pangkōn Djēng Rama Gusti, Narpatos ing nagari, Tolēngan Bumi pingpitu, kaulanun margina, putra Gusti nu sajakti, bakti sērat sumēdja undjuk uninga.

2. Margi nalika ajeuna, putra Gusti nu sajakti, dina waktos ieu njērat, nampi hibar rama Gusti, wiludjēng hēnteu nampi, uduran saudjung rambut, sarēng waktos ajeuna, putra Gusti nudju mukim, di nagara Sulungtubu kamanusan.

3. Putra Gusti njeorang kadar, Gusti anu Maha Tinggi, gaduh milik padamēlan, ngarentjang di rai Gusti, Sang Sri Maha Narpati, Ratu nagri Sulungtubu, lintang marga asihna, didamēl rengrengan puri, djuru sēkar ngēmban dawuhan Meswara.

4. Mung putra Gusti ajeuna, dugi kana titis tulis, kulak tjanggeum nJORANG mangsa, ka pribados putra Gusti, aja nu wēlas asih, putrana Sri Maha Ratu, di nagara Riskomar, Gusti ge tangtos tingali, nu ka-pēngkēr djēnēngan Purnama Alam.

5. Kērsana teh bade nikah, ka pribados putra Gusti, amung Sang Purnama Alam, wantu manusa sajakti, hēnteu tiasa dugi, dumeuheus ka Bumipitu, tina margina eta, putra Gusti nēda idin, bade nikah di nagri kamanusaan.

6. Kalajan sewu panēda, ama Gusti kēdah sumping, upami jaktos miwēlas ka pribados putra Gusti, kalajan mugi-mugi, kēdah tjandak kērsa ibu, sarēng pun Arja Patya, sasih ieu kēdah sumping, ka nagara Sulungtubu kamanusan.

7. Rama Gusti upamina, dumugi ka hēnteu sumping, tawis kirang kawēlasan, mung atos-atos di ahir, Rama Gusti tingali, hēnteu kēdah dipiundjuk, mung sakitu panēda, kalajan sewu babakti, sēmbah sudjud putra pun Ratna Suminar.

8. Saparantos maos sērat, Sri Maha Ratu ngalahir, ka rai Sang Prameswara, ieu surat ti si Njai, geura batja sing titih, istu matak djadi bingung, Njai Ratna Suminar, di Sulungtubu nagari, njaritakeun djadi rengrengan pamēngkang.

9. Tapi dipikir ku akang, dihantēm dibulak-balik, mohal diasih-diwēlas, ditjangking di djēro puri, sarta amitan kawin, bēt baris di Sulungtubu, lain di Sang Riskomar, tah eta ku Njai pikir, sarta udag ku sangka nu saēnjana.

10. Sarta ka urang teh ngala, reudjeung ka Aria Patih, kudu nung-kulan kawinna, ieu ngadjadikeun leuwih, kana kasusah ati, ari rek diturut paur, inggis dina datangna, ka Sulungtubu nagari, dibinasa urang ku ratu di dinja.

11. Lantaran aja asalna, ku Patih oge kaharti, katambah aja antjaman, Suminar rek ngarah pati, tah eta paur leuwih, ari hēnteu rek diturut, leuwih-leuwih sieunna, tinangtu datang ngabasmī, tah kumaha rēmpugna ki Arja Patya.

12. Arja Patya ngawangsulan, abdi Gusti ku ngaharti, Dampal Gusti ge kewuhan, ku pasal ieu pērkawis, mung kantun ngiring risi, raos geus djēkuk dibunuh, ku putra Adjēng Ratna, abdi Gusti mah nu jakti, mung emutan ngiringan kumaha kērsa.

13. Teu lami Ratu mariksa, ka Mantri kamar wērēdjit, tjing kami menta nu ēnja, tjarita pasal si Njai, ulah dipinding-pinding, pamanggih Mantri nu estu, lantaran dina surat, maksud rek boga salaki, ka

Purnama nu kadoa kami tea.

14. Mantri Ginggi ngawangsulana, ngundjukkeun Sang Aju Putri, jen ěnja rek tjarogean, ka Sang Putra Nursadjati, djeung diundjukkeun deui, pang aja di Sulungtubu, lantaran geus kabuka, raratan Sang Aju Putri, nu didaměl rasiah ti babaheula.

15. Mung teu djadi kaběnduan, Ratu Sulungtubu nagri, timbul kasaeana, kitu piundjukna Ginggi, Ratu ngalahir deui, nja ari kitu mah sukur, kami nja arek neang, kana kawinna si Njai, tapi arek njampeur ka Ratu Riskomar.

16. Lamun teu barěng djeung eta, pikir kami moal wani, ka Sulungtubu nja datang, kaduana maksud kami, baris aja badami, djeung Ratu Pramajon estu, ari maneh ajeuna, sing tětěp ngiring si Njai, itung-itung ngadjaga diri sorangan.

17. Gantjarna ieu tjarita, amit wangsul Mantri Ginggi, něpangan putra djeung garwa, dikira geus tudjuh wěngi, ngabiur deui Ginggi, ngondangan ka saban ratu, sakur anu kasěbat, tudjulan Sang Aju Putri, sarta tunda lampah Mantri Padjarangan.

18. Kotjap deui Putri-Putra, nu keur galumbira galih, di Sulungtubu harita, damělna teu aja deui, mapaes djěro puri, baris tatamu praratu, malah waktu harita, para tuměnggung bopati, sakur-sakur nagara bawahan eta.

19. Sarumping baris majunan, narpati sedjen nagari, sarta harojong uninga, di ratu-ratu bangsa djin, harita geus sajadi, pikeun susuguh tatamu, sumawon tatanggapan, di alun-alun geus heurin, wantu-wantu sumbangan ti pasisian.

20. Katjatur dina mangsana, anu pangheulana sumping, Sang Ratu Pusěrsagara, sarěng Meswarina deui, dialeut ku nu ngiring, para bopati tuměnggung, sami tarunggang kuda, tingharaong samparani, ngaleut ngeungkeuj sumpingna ti djumantara.

21. Teu lami ti awang-awang, burudul deui nu sumping, Sri Maha Ratu Rundjana, djeung Meswari Rohongguris, Ratu Sagara-keusik, teu lami deui burudul, Sri Maha Ratu Barak, djeung Meswari Mindrapati, djeung Patihna Mandrawati hěnteu tinggal.

22. Burudul Ratu manusa, Sang Sri Maha Raraspedi, sarěng Sri Maha Ambarak, teu kantun Parameswari, murudul anu ngiring, Sang Nurdjaman hěnteu kantun, sarěng Dewi Kania, ti kulon leut deui sumping, dua Ratu kamanusan djeung kadjinan.

23. Riskomar sarěng Tolěngan, sami njandak Prameswari, mung Pramanik teu ditjandak, kantun di Riskomar nagri, ngadjaga djěro

puri, kotjapkeun di Sulungtube, kēmpël para narpatya, bangsa manusia reudjeung djin, murub-mubjar panganggo para dipatya.

24. Torodjol hidji tanduan, diiring ku santri-santri, Sang Pandita Ragatoja, diangkën di djëro puri, wantuning bangsa rësi, anu geus kamashur luhung, istri nu ngadeuheusan, sursor lisah mënjan putih, nëda do'a salamët djeung kinasihan.

25. Ari tatamu narpatya, ondangan ti sedjen nagri, sami di gëdong pamëngkang, ngaberes sami tjaralik, sabarisi prameswari, ratu kumpul pada ratu, sarta anu majunan, nu wani taja kagimir, Ratu Putri Sang Adjëng Ratna Suminar.

26. Sri Maha Tolëngtëlëngan, ku margi parantos lami, dua taun tëtëbëngan, teu tëpang sarëng Sang Putri, teu liren-liren nangis, ngagukguk ampir teu emut, kitu deui Meswara, ibu pulung Ratu Putri, nangis ngangrës anu teu aja lirena.

27. Sang Adjëng Ratna Suminar, sulaja djeung antjam tadi, barang gok oge patëpang, sarëng rama Sang Narpati, Ratu Pusëring bumi, nja tungtungna nangis njuuh, kana pangkon Meswara, ibu pulungna Sang Putri, sambat Putri nëda agung aksamina.

28. Sadajana panarpatya, anu geus sami sarumping, sanes ondangan karia, ngan angkiran Ratu Putri, baris aja badami, Sang Putri ka para ratu, sadaja pada reuwas, lantaran tatjan kagalih, kana kërsa Sang Adjëng Ratna Suminar.

29. Sarumping soteh ka dinja, lantaran taja nu wani, mungpang ka Ratna Suminar, tina geus sami tingali, kana adat Sang Putri, kawuwuh gagah pinundjul, malah waktu harita, naringal tandang Sang Putri, sadajana tatamu pating puringkak.

30. Ari ka Purnama Alam, bangsa manusa bangsa djin, mani tjara nu nundutan, ngalënggut neuteup ningali, karaget leuwih-leuwih, ku ningal tjahaja ngëmpur, bawaning ku kasepna, sumawonna Rohongguris, mani ngatjaj tjalawak neuteup Sang Putra.

31. Ngan hënteu tjara baheula, lantaran aja karisi, ku sabab geus manggih bedja, Sang Putra Nurasadjati, bade ka Ratu Putri, tukang ngundeur umur batur, atuh Rohong harita, ngan wungkul handeueul leuwih, neureuj leueut dumugi gëgëlëkgëkan.

32. Teu lami Ratu Rundjana, naros ka Sang Adjëng Putri, pun paman teh hajang enggal, tumaros ka Adjëng Putri, naon nu dipigalih, margi ka pun paman njaur, istu matak rarempan, margi tara ti sasari, da bubuhan kolot mah ahli reuwasan.

33. Raos ku teu gaduh lëpat, kamurkaan dina ati, laku nu kirang

upama, ka kërësa Adjëng Putri, ku margi eta mugi, geura pisaur nu husu, Adjëng Ratna Suminar, gumuju nu gënah galih, bari njaur ka Srimah' Ratu Rundjana.

34. Is paman mah ngorobokan, karek ge rongheap sumping, masih keneh ngotjor kesang, sarëng montong risi-risi, dumeh-dumeh diangkir, bët aja manah timburu, kana hal kaawonan, eta mah kumaha endjing, ajeuna mah sumangga bararang tuang.

35. Harita para narpatya, sami-sami ewuh galih, naon pikeun balukarna, rusuh diangkir ku Putri, aringgis geusan djadi, kana tunggara kaewuh, aja përkara pitnah, pasal djadi pusing Putri, sadajana tatamu kitu galihna.



Dangdanggula

1. Dintën eta dumugi ka wëngi, sami mepes kareuwasan manah, ku rupi-rupi gugujon, praratu di kadatun, amung Sang Sri Maha Narpati, Ratu nagri Riskomar, hënteu lungsur-lungsur, ti djëro kamar pamëngkang, wungkul nangis tëpang sarëng Nursadjati, babandjiran kabingah.

2. Radjaputra ku Sang Maha Adji, dikeukeupan ditangkod di-usap, bawaning ku abot sono, amung tina keur namu, hënteu pisan ngalëpas galih, geusan nangis pohara, lantaran dipëgung, da puguh di nagri lian, mun seug tëpang di Riskomar mah pinasti, gujurna nu pohara.

3. Harita ge mun hënteu didjaring, ku Sri Maha Ratu Langlangsona, ku sipat saur djadjaten, tërkadang katalandjur, Sang Pramajon sarëng Meswari, atuh waktos harita, mung kantun laliwung, nangisna ukur lëwena, bari njëbut astagpirullah hal-adim, mugi ilang rantjana.

4. Tangtu pandjang lamunna ditulis, kabingahan Sang Ratu Riskomar, gantjangna nu ditjarios, katjatur poe isuk, Ratu Putri djeung Nursadjati, katilu Gëndarata, Pursita teu kantun, majun ka tamu sadaja, pangpajunna Sang Putri Pusëring bumi, Adjëng Ratna Suminar.

5. Tandang dangah nu taja kagimir, tëras ngadëg bari ngëtök medja, ngadjëmpekeun nu tjarios, sarta teu lami njaur, ka sadaja para narpati, ku basa anu tërang, taja undak usuk, taksiran mah basa dipa, nu dianggo harita ku Ratu Putri, kawuwuh biasana.

6. Katur nuhun ka nu sami hadir, sadajana prapaman narpatya, bangsa manusa djin onom, sami laluntur kalbu, sararumping ka ieu

nagri, karena pangangkiran, ti putra nu estu, eta tanda sadajana, pangsumping teh bawaning ku nandjung milik, parandjang salamĕtna.

7. Tina marga prapaman narpati, sugri anu kaangkir ku putra, anu geus sami ngaraos, prihatin langkung-langkung, ngadjadikeun hina tur laip, ajeuna kadaring Jang, Gusti anu Agung, nuturkeun ka sadajana, sipat sihna handjat ti eta tjojjobi, ilang marga bahjana.

8. Kitu deui sadajana pasti, sami nandang pĕrsangkaan manah, nu djadi bibit prihatos, tĕgĕsna anu nĕmpuh, kana wahju waluja diri, tangtos tĕtĕp panjĕbat, anu boga laku, binasa nu leuwih nista, Burusganur Ratu di nagri Djaladri, Gujunglimbu dajuehna.

9. Ĕnja ieu anu milu hadir, pangkolotna di ieu riungan, sihungna ge geus tjaroplok, tapi ulah taruhu, sadajana tĕtĕs migalih, binasa tanpa dosa, ngadjalankeun tĕnung, ari nu djadi lantaran, pangna wani ngadjalankeun hiri dĕngki, aja nu djadi sabab.

10. Ĕnja eta lantaran katarik, ku asihna Jang Maha Mulia, rek nĕtĕpkeun djalan hade, ka paman Burusganur, hidji Ratu nagri Djaladri, kaja tĕdak binatang, dĕdĕmit di laut, unggah ka tĕmpat daratan, ngadjadikeun narpati njĕkĕl nagari, ngĕreh bangsa manusa.

11. Eta tanda ngabogaan ati, hĕnteu sĕnang djadi duruwiksa, muhit ka agama onom, ajeuna geus tinĕmu, milik njangking agama sutji, pĕdaran kanabian, sipat elmu luhung, tapi lamun kadjongdjonan, tĕtĕp tjitjing hĕnteu ngadjalankeun hiri, ka bangsa manusia.

12. Kawas-kawas djauh ka pinanggih, nJORANG kana daradjat hidajat, njangking rukuning kasutjen, sarta tĕguh mituhu, bidjil djangdji anu utami, anu boga alpukah, maparin panĕmu, sipat elmu kasutjian, nja ka ieu Sang Putra Nurasadjati, putra Maha Riskomar.

13. Djangdjina teh sumĕrah nagari, Gujunglimbu djeung bawahanana, djadi ĕrehan Sang Anom, tĕmpatna idjab kabul, di Sirkawur gunung patani, tah eta jen tandana, paman Burusganur, lain dĕngki samanea, waktu eta keur nungtik mĕrwintji diri, njiar djalan sampurna.

14. Marga eta ka sugri nu linggih, pranarpatya tumĕnggung aria, supados maphum sakabeh, ka pasal Burusganur, jen sumĕrah nagri Djaladri, ka kĕrsa Radjaputra, sadajana kudu, njaksian kana sahehna, waktu ieu geus djadi milik sadjati, Djaladri ku Sang Putra.

15. Gĕgĕdena anu kudu njaksi, leuwih tĕrang batan sadajana, ĕnja ieu ĕmbok Rohong, barang Putri geus njaur, diwangsulun ku Sang Djaladri, njarios ka sadaja, narpati tumĕnggung, ngajaktoskeun sakumaha, tjariosan Sang Putri Purĕring bumi, Adjĕng Ratna Suminar.

16. Sanggeus tamat Sang Ratu Djaladri, sadajana sami njaraksian,

- njébat mupakat djeung këprok, sarta surak ngaguruh, tingdjalëgur mariëm muni, badjidor ngadordoran, digunggung ku dëgung, sadjam kira antarana, Ratu Putri ngadëg deui djeung ngalahir, 'ka sadaja narpatya.
17. Ka sadaja njuhunkeun disaksi, rek mariksa Manetji Manetja, saderek Rundjana tulen, ku sadajana kudu, darangukeun, masing kadjudi, tah ieu praendangna, senapati pundjul, lamun teu ngadongeng tërang, waktu ieu pasti Manetja Manetji, djadi tjokolomberan.
18. Hënteu lami Manetja Manetji, tjarita lalakon ka tukang, ngëmban dawuhan Sang Katong, milari dukun-dukun, baris melet Nji Rohongguris, sarta nëpi ka meunang, tjai sotja dujung, dumugi kana laksana, kadjodokeun Rundjana ka Rohongguris, tamat dongeng Manetja.
19. Sadajana anu sami nguping, sami kaget ku tina anehna, ku hënteu pantës dipelet, ngaguruh nu gumuju, sarta hënteu lami ngalahir, Adjëng Ratna Suminar, ka sadaja Ratu, tah eta leuwih njatana, landong matih ngaburungkeun kana pati, Maha Ratu Rundjana.
20. Tatapina eta teu isëli, nadjan tuduh ti sipat Pandita, djongdjon beunang gawe njolong, laku anu salingkuh, beunang ngintip nu teu djeung titi, taja djalan wiwaha, milaku tjuludur, suwung duduga përyoga, wani ngintip ka nu eukeur bingah galih, rasiah marga hina.
21. Kaduana ngahinakeun leuwih, tjai sotja nu ngagëm agama, diande tjimata sato, didjieun eusi tjupu, tjara kana djimat nu matih, pangëmat tali roma, ngimankeun tahajul, ku sabab eta ajeuna, ngan nu ngaran Ratna Suminar Putri djin, anu nandang tjaria.
22. Sipat ilmu agamaning sutji, ditjarakeun pangaruh buhaja, sok dipake dujung ronggeng, istu hënteu panudju, tina lahir nëpi ka batin, moal aja lipurna, kangënësan napsu, mun tatjan kadar laksana, numpës djiwa prabebet Sagara-keusik, mo wëlëh panasaran.
23. Ngan kadjaba lamun geus kakuping, tjaritaan narimakeun dosa, njanggakeun sëmbah babaktos, langgëng satutup umur, ka kërësa Sang Nursadjati, sartana ka garwana, Sang Pramanik istu, tapi kade salah paham, wungkul tata sëmbah atjong aling-aling, pipinding murka rasa.
24. Kudu sëmbah ngadeuheuskeun diri, raga-njawa saha nu kagungan, amung anu dipisëber, tah eta mun teu kitu, kawas-kawas nëpi ka pasti, ngaran Ratna Suminar, ngutus Mantri Ratjun, muka lawang padjarangan, pikeun wadah prabebet Sagara-keusik, di djëro djam ajeuna.
25. Sang Rundjana ngadangu pawarti, kakërasan Sang Putri Suminar, dumugi sëpa ngadegdeg, tina bawaning langkung, kasieunan ku Ratu Putri, sarta tëras ngandika, oh Sang Adjëng Ratu, ti kapëngkër ge pun paman, geus njarios ka pun Manetja Manetji nalika udur pajah.

26. Saha-saha nu miwēlas asih, karna Allah maparinan ubar, sartana dugi ka sae, sehat laksana maksud, paman baris njerenkeun diri, sumēmbah salamina, raga-njawa katur, katut saeusi nagara, sa-wēwēngkon karaton Sagara-keusik, kitu maksud pun paman.

27. Tah ajeuna paman geus walargi, makbul maksud raga nadah sehat, ku landong nu ti Sang Anom, pun paman nu saestu, moal tjidra ti djangdji tadi, ajeuna nja sumangga, katur ka Sang Sunu, raga-njawa djeung nagara, saban taun njanggakeun upēti nagri, rumaos dipangkonan.

28. Ratu Putri pok ngalahir deui, ka sadaja tumēngung narpatya, sadaja rama narpatos, mugi sami maraphum, sarēng kēdah sami njaraksi, kana idjab-kabulna, Sang Rundjana estu, jen ēnggeus sērah nagara, ka Sang Putra sarēng ka Sang Paramanik, didamēl panarima.

29. Hēnteu lami tumēnggung bopati, sami-sami njarēbat njaksian, dibarung surak djeung kēprok, mariēm tinggēlēdug, surak rajat pating djarērit, gendjlong djero nagara, tētēp djadi tjatur, katjapangan djaman eta, aja murah nagara Sagara-keusik, beunang ku tjai mata.

30. Sang Sri Maha Tolēngan teu lami, ladjēng ngadēg njaur ka sadaja, para tatamu Narpatos, sumēdja hatur maphum, ka sadaja prawargi-wargi, wireh waktu ajeuna, pribados kalangkung, nandangan marga gumbira, nu katjipta dina salēbēting ati, hēnteu aja tandingna.

31. Wireh nampi kadaring Jang Widi, ninggang mangsa dawuh anu mulja, nu dianos ti bareto, hajang kana tinēmu, njorang wuku anu mustari, alus babaranana, nu nungtun rahaju, dianggo bubuka warta, idjab kabul kalawan ati sadjati, sanes marga pulasan.

32. Ieu ngaran Narpati Saksari, anu njangking karaton Tolēngan, geus boga hate rumaos, itjal ti laku umum, lampah batal tina hak nagri, mung teu kēdah dipēdar, margi geus maraphum, raratan geus kumawawa, ngadjalankeun kaserongan murka ati, tēdak taja wiwaha.

33. Awit marga pērlajaning ati, ku rumaos milik nunggul pinang, kawuwuh raga geus kolot, madju kana karipuh, malah-malah pikir ge sisip, ninggang kana babasan, elingan geus pikun, dumugi kaluntalunta, lampah serong ku sadaja katingali, anu djadi lēpatna.

34. Mung dipikir sanes marga djail, sanes murka bade dibinasa, dihina dimore-more, estuning sakadjungdjung, dipupusti dipudja-pudji, didamēl djatiningrat, djungdjunaning kalbu, pusaka djimat nagara, dibakalkeun diturunan pajung nagri, sabuana Tolēngan.

35. Mung ajeuna hate hudang deui, langkung-langkung ti waktu ka tukang, nandangan sungkawa hate, anak-anak tinangtu, njorang

pati tina bawaning, leuwih kabaluasan, anu moal lipur, lantaran geus sumarambah, nitis njari dina kulit dina daging, djadi raraga njawa.



Asmarandana

1. Wirehing nu djadi margi, pang njorang deui pĕrlaja, kalaraan dina hate, ku margi waktos ajeuna, anu dipidjungdjunan, kalawan kadar Jang Agung, anu teu beunang ditolak.
2. Hĕnteu kĕrsa sumping deui, ka dajauh nagara hina, tĕmpat sipat onom kotor, parantos didama-dama, ajeuna di ramana, di karaton Sulungtubu, di kĕrsa jaji Narpatya.
3. Hĕnteu bisa ngait ngeumbing, muntangan ngaulah-ulah, da puguh rumaos kawon, lantaran kirang kiatna, teu gaduh kawadjiban, ngan kantun pikir nu nguwung, nalangsa hudjan tjimata.
4. Ajeuna geus hĕmar-hĕmir, sumiak kana raraga, panas tiris nu karaos, dumugi ka reureundahan, lir anu malaria, tina katungtun ku bingung, asal kabawa baluas.
5. Pinasti kana pinanggih, kana umur moal lana, boa isukning pageto, raga njorang kana adjal, lamun kaja kieu mah, malah impian teu suwung, ngimpi ngababakan anjar.
6. Istu sĕsah leuwih-leuwih, upami geus dongkap mangsa, raga njorang kana paeh, bubuhan ku nunggul pinang, taja pikeun gĕntosna, njangkung wĕngkon bumi pitu, karaton Tolĕngtĕlĕngan.
7. Kitu anu djadi margi, pangna kana kumawawa, ngadjalankeun gawe serong, tah eta sadaja muga, kĕdah sami uninga, jen kitu anu dimaksud, sanes murka marga djahat.
8. Sanggeus njaur tĕras linggih, bari njusutan tjisotja, malah sadaja narpatos, sami ngariring tĕrĕsna, ka Sang Ratu Tolĕngan, Purnama oge kalangkung, ngangrĕs tur mĕdal tjisotja.
9. Teu lami Sang Aju Putri, ngadĕg dibarung ngandika, ka sadaja pranarpatos, midamĕl tandang nu bĕdang, tjobi ku sadajana, kudu manah masing husu, bieu tjariosan ama.
10. Istu putra leuwih-leuwih, mandangan kahandjakalan, dikadar boga bapa teh, hĕnteu tjara anu lian, ka anu djadi anak, estu tisuusut tidungdung, dibelaan andjuk-hutang.
11. Sina indit njiar harti, sina njĕbrang ngalap luang, sapuluh taun teu amprok, bawaning ku hajang boga, anak loba kabisa, geus umum

di para ratu, mupakat di para radja.

12. Ari ama rawah-riwih, ngadagangkeun lampah anak, dumeh putra henteu ngokok, lunta ti Tolëngtëlëngan, ngambah saban nagara, lantaran ku hajang husu, di tata nagara lian.

13. Dumugi bidjil pawarti, kana djalan susungkunan, njëbatkeun anak nu sedjen, dumeh-dumeh diri putra, eukeur didama-dama, ku Sri Maha Sulungtubu, tuluj disëbat anakna.

14. Sarta tëtëp dina galih, kana henteu ngangkën putra, mënggah ka putra pribados, amung timbang ku sadaja, anu tjëpët paningal, nu husu panjëmu-njëmu, mënggahing ka diri putra.

15. Tina lampah tina rupi, adat djeung pangabisana, naha dikira putra teh, mempër ka urang manusa, lamun aja nu jasa, njëbat manusa nu estu, tangtos ku putra ditanja.

16. Naha di kolonging langit, dina satangkarak djagat, kasëbat manusa tulen, naha aja anu bisa, ngambah ka djumantara, rasa putra mah nu estu, nangguh kana moal aja.

17. Tah eta ge geus katjiri, jen putra lain manusa, istuning kotjor djin tulen, tatapi ajeuna ama, ka putra geus teu kërsa, ngangkën putra anu estu, sumangga taja pambëngan.

18. Ngan putra rek nekad pikir, kana di mana njangsangna, lampah ngagundik ngagandek, kana djalan pakasaban, saha anu wiwirang, da tangtu pada njarëbut, kolotna henteu miara.

19. Sri Maha Ratu Saksari, ngadangu tjarios putra, sarta ningali pasëmon, nu langkung-langkung pusingna, ka salira andjeunna, lantaran ku aja saur, henteu ngangkën putra ënja.

20. Langkung-langkung nandang gimir, tapi dibarung ku bingah, ku aja saur Pinutren, nëtëpkeun putra kadjinan, sarta njëbat teu suka, teu diangkën putra estu, bëndu baris luluntaan.

21. Teu lami Ratu Saksari, ngandika ka Adjëng Ratna, ama teh meudjèuhna bae, bidjil omong pupuasan, ka anu djadi anak, lantaran ku teu diturut, sakur papatah teu njangsang.

22. Bënërna mah diri Njai, sing ningal kana sare'at, nu djadi bapa geus kolot, tjeuk basa geus ngëmbang-ngëmbang, kana tereh diruang, saha anu baris ngurus, djaba ti Njai sorangan.

23. Kahajang ama teh Njai, djunun kana pagawean, anu wadjib di narpatos, turug-turug geus diangkat, Njai kadipatian, anu bakal kana tuluj, njëkël karaton Tolëngan.

24. Ajeuna ama rek djangdji, sarta nëda disaksian, ka sadaja pranarpatos, anu sami-sami lënggah, dina ieu riungan, lantaran ama

geus sěpuh, anu geus taja kuatna.

25. Rek eureun tina Narpati, hajang sirna ngababakan, nu matak diri Njai teh, geuwat mulang ka Tolěngan, ama rek seserenan, sawěngkon Bumi pingpitu, ka diri Njai sorangan.

26. Ngawangsul Sang Aju Putri, waktos ieu ulah waka, enggal-enggal kana liren, abdi kědah ditempoan, dongkap kana djadina, anu parantos diundjuk, dina lěbět sěrat tea.

27. Saparantos Sang Putri djin, piundjuk ka Sang Tolěngan, hěnteu lami tēras bae, ngaděg sartana ngandika, dibarung ngětok medja, ajeuna deui pihatur, ka sadaja rama-rama.

28. Rek naros Patih Burbani, ngaran Endang Arja Mandra, manehna boga lalakon, ajeuna sina didadar, dangukeun ku sadaja, sarěng upami balilu, kirang bentes tjaritana.

29. Pasti putra ngutus Ginggi, muka panto padjarangan, dina djam ieu mo geseh, baris dipake rangsoman, dědēmīt padjarangan, gan-tjangna anu ditjatur, teu lami Aria Mandra.

30. Njarios ti barang awit, nampi dawuhan rakana, Endang Mindrapati Katong, ngilari pikeun kukutan, dumugi ka kengingna, putra Sang Sri Maha Ratu, kota nagara Riskomar.

31. Ditetek diapik-apik, teu aja anu kaliwat, njarioskeun hal lalakon, dumugi kana tamatna, buktina Sang Nurdjaman, anu geus dianggo mantu, ku Ratu nagri Ambarak.

32. Saparantos Mandrawati, tamat tētēs ngadongengna, Sri Maha Dewa Pramajon, Ratu nagara Riskomar, sarěng Prameswarina, heměng salěbětīng kalbu, tina ku hěnteu njanana.

33. Tumungkul hěnteu ngalirik, sidakěp gojang mastaka, dibarung tjsotja ngotjor, sarta dina lěbět manah, langkung-langkung pěrtjaja, lantaran ningal pamulu, sapaasang sarěng Purnama.

34. Hěnteu lami ku Sang Adji, Sang Nurdjaman dirangkulan, digalekan digalentor, sarta teu liren sasambat, tina kateunjanaan, aja pasal marga kitu, raos dina pangimpenan.



Sinom

1. Teu lami deui Sang Ratna, ngaděg barina ngalahir, ajeuna kang rama Barak, Ratu anjar di Burbani, anu kědah wawarti, sing tatag ulah kaliru, ti waktu boga ngaran, Arja Kumba Aringāring, boga

lampah susulumun ka Riskomar.

2. Teu lami Sang Ratu Barak, ngambangkeun dawuhan Putri, tjatjarios tina asal, maling Sang Nurasadjati, sarta kana dumugi, Sang Radjaputra ditěnung, dibawa kana guha, didjieun rangsom wěredjit, sarta tamat dugi ka waktu harita.

3. Kadangu ku sadajana, sarta sami kaget galih, teu lami Ratna Suminar, ngaděg bari njaur bėngis, tah ieu Mindrapati, Mandrawati Barakgirung, istu wungkul binasa, maling maksud ngarah pati, nu teu kudu aja hampura timbangan.

4. Lantaran naon buktina, saėnggeusna diparaling, saperti Radja Pinutra, awit ku Barak dipaling, naon malikna asih, Barakgirung ka Sang Sunu, djeung ieu bibi Mindra, sarėng Patih Mandrawati, lampah maling ka Radjaputra Nurdjaman.

5. Naon malikna miwėlas, ka eta anu dipaling, salian tina maraban, sina lintuh sina buntjir, bukti ajeuna geuning, aja di nagara batur, Radjaputra Nurdjaman, taja basa taja djangdji, Mindrapati baris ngamuljakeunana.

6. Ana kitu ieu ngaran, Ratna Suminar Putri djin, tėrah Prabu Saksaria, wadjib datang ka Burbani, ngabėdah djero nagri, dipake sawah djeung situ, kadjaba mun geus aja, idjab kabul anu tigin, disaksian ku bangsa para narpatya.

7. Hėnteu lami Ratu Barak, ngaděg barina ngalahir, sarta kalawan mupakat, Sang Meswari Mindrapati, eh sadaja prawargi, ieu ngaran Barakgirung, kalajan mupakatna, Nji Meswari Mindrapati, anu njėkėl puri Burbani ajeuna.

8. Lintang-lintang marga sėсах, lantaran anu dipaling, tulen pangkat kamanusan, tur ngagėm agama sutji, sanes buta sanes djin, tangtos kana moal maphum, tėgėсна mo' tiasa, ngeujeuk nagara Burbani, tina margi ku pėrsipat sanes hakna.

9. Manusa marentah buta, tinangtos moal ngadjadi, kana kamanan rajat, tah eta nu djadi margi, pang hėnteu sina djadi, Sang Nurdjaman kana ratu, tatapi moal tuna, sapandjang nandangan hurip, saban taun katur upėti nagara.

10. Ku margi eta panėda, ka sadaja anu hadir, muhi sami njaraksian, djangdji moal geseh deui, dugi kana tumitis, tumurun ka anak intju, djadi pangkonanana, kumawula sėtya ati, ka kėrėsa Sang Radjaputra Nurdjaman.

11. Barang tamat Ratu Barak, gėr surak pating djarėrit, mariėm gėgėlėdugan, dibarung gamėlan musik, imut Sang Ratu Putri, tina

bawaning kapanduk, tēras deui Sang Ratna, njaur Patih Pusēr bumi, nu djēnēngan Aria Lungabarahma.

12. Sarēng sahidji pandita, djēnēngan Komartohidi, di patapan Ragatoja, Sang Putri ngadēg ngalahir, ka sadaja nu hadir, putra teh aja pamaksud, arek nanja Pandita, djēnēngan Komartohidi, tina sabab putra nandang kasamaran.

13. Lantaran ieu Pandita, kagungan putra sahidji, djēnēngan Dewi Pursita, tah nja ieu anu linggih, ari nu matak djadi, putra nandang samar langkung, lantaran aja sabab, ku gujur nu geus ningali, disarēbut sapasang djeung rupa putra.

14. Malah ajeuna ge mangga, ku sadaja taringali, naha ēnja jen sapasang, teu lami para bopati, djeung patih para mantri, ngaguruh sami pihatur, njarēbat sajaktosna, taja bentēna saeutik, paribasa tjara gambar satjitakan.

15. Tēras Sang Adjēng ngandika, tah eta nu djadi margi, pangputra nandang kaheran, dina sadjēroning ati, lantaran ku mustahil, lamun taja asal-usul, ajeuna urang tanja, ka Rēsi Komartohidi, da rēsi mah tjadu kana ngalinjokan.

16. Sang Pandita Ragatoja, ngadēg barina ngalahir, samemeh pok gohgoj heula, sumēdja hatur tingali, ka sadaja pragusti, menak nu handap nu luhur, djeung dulur para sobat, hal pērkawis Adjēng Putri, mariksakeun raratan Dewi Pursita.

17. Dupi anu sajaktosna, sanes anak djisim kuring, amung tarima njandangan, ti keur waktu orok leutik, kira umur sapeuting, asalna kuring ngalantung, di salēbakeun imah, bēt manggih hidji djin gēring, gawena teh ngudupung djeung gēgērungan.

18. Djeung mangkod hidji buntēlan, dibungkus ku lawon putih, tuluj ku kuring ditanja, raratan nu djadi awit, eta djin hēnteu muni, ngan gawena renghap-randjug, lami-lami ngadjawab, nērangkeun manehna Patih, ti nagara Tolēngan bangsa kadjinan.

19. Sarta paroman manehna, reuwaseun ningal ka kuring, bari njodorkeun buntēlan, tatapina hēnteu lami, eta djin ngēdjat gasik, ngabiur ka mega paul, atuh orok teh tēras, dikukut dipusti-pusti, dingaranan ku kuring Dewi Pursita.

20. Nja dumugi ka gēdena, walagri tur tjēpēt ati, lila-lila kasumpingan, ku Sang Dewi Paramanik, sarēng Sang Nursadjati, ku kuring tuluj didjurung, ngiring Radja Pinutra, sina ditjandak ka nagri, nu dipalar tērang pērtata nagara.

21. Tah kitu eta asalna, pamanggih kuring pribadi, mung duka

budak ti mana, lantaran henteu wawarti, Patih djin teh ka kuring, Sang Ratna Suminar njaur, eta ajeuna paman, kira henteu lali deui, kana rupa eta djin nu mere budak.

22. Sang Pandita ngawangsulun, nja ieu anu keur tjalik, djisim kuring henteu lèpat, nadjan disumpah ge wani, teu lami Sang Putri djin, ka Lungabarahma njaur, tandang langkung pusingna, tjoba kumaha kakuping, ku paman teh tjarios paman Pandita.

23. Hajoh geura tjararita, ulah rek dipinding-pinding, eta teh orok ti mana, tērangkeun masingna sidik, paman mo bisa mungkir, sabab anu djadi wiku, tara milampah tjidra, tara wani gawe taklid, leuwih-leuwih ati kula pērtjajana.

24. Aria Lungabarahma, ngagidir bawaning gimir, ku Putri Ratna Suminar, aringgis djēbet nampiling, bari manjun ka Rēsi, tjua ku laku ditēmbus, dipēdar rasiagna, teu lami Aria Patih, seug undjukan bari rada dumareuda.

25. Oh Adjēng paman rumasa, gaduh kamurkaan ati, ajeuna sadaja-daja, buang djauh gantung tinggi, hukuman Adjēng Putri, kana lèpat paman istu, dupi nu djadi asal, bawaning tuhu ka Gusti, Maha Ratu nagara Tolēngtēlēngan.

26. Waktu harita kalintang, Djēng Ratu kewuhan galih, wireh teu kagungan putra, baris ngagēntos di ahir, ngaraton Pusērbumi, upami 'Djēng Ratu pupus, wuwuh aja etangan, ti rēsi nu lintang watjis, anu awas kana galagatna djaga.

27. Nagara Tolēngtēlēngan, bakal kasorang balahi, aja hawa leuwih panas, tur baris numpurkeun nagri, moal aja nu kari, para djin di Bumipitu, tapi aja kiasna, malar teu tēras balai, kēdah ngukut tērah Narpati manusa.

28. Nja paman harita tēras, mios ti Pusēringbumi, ngadjadjah dunja manusa, nja dugi ka ieu nagri, lēbēt ka djēro puri, henteu aja anu maphum, wantu paman kadjinan, wuwuh aja nu dipambrih, teu nembongan ka sugri sipat manusa.

29. Barang asup dumadakan, harita Kangdjēng Meswari, babar putrana teh dua, sarta duanana istri, anu ti heula bidjil, ku paman tēras dibantun, sarēng paman ngantunan, djimat pusaka ti aki, hidji duhung sarta ku paman ditjipta.

30. Malar ulah kaleungitan, ditjipta sina sarupi, sarēng orok nu dibawa, saporantos paman gasik, bidjil ti djēro puri, sarta orok teh dibantun, amung tēngahing djalan, paman ragrag ti wiati, margi lumpuh taja tangan pangawasa.

31. Ragrag kana pagunungan, kana tempat ieu Rēsi, paman hēnteu bisa hudang, barang eukeur gulang-guling, nja dongkap ieu Rēsi, atuh ku paman teh tērus, dibikeun ka Pandita, eta orok kenging maling, sarta paman lumpuh teh ngadadak sehat.
32. Sarta tērus paman mulang, geus dongkap ka Pusērbumi, undjukan ka Kangdjēng Radja, jen paman teh hēnteu kenging, ngubēk ka saban nagri, Ratu hēnteu djadi bēndu, kitu saawitna mah, marga paman wani maling, ka putrana Kangdjēng Ratu Langlangsona.
33. Barang Arja Patih tamat, njarios waktu keur maling, Sang Parabu Langlangsona, ngahulēng hēnteu ngalahir, bawaning kaget galih, sidakēp bari ngahēluk, tina langkung hemēngna, nja kitu deui Meswari, langkung-langkung rampohpoj ku teu njanana.
34. Malah-malah Sang Pursita, nēmbē harita tingali, jen andjeunna putra Radja, Sri Mah Langlangsona Adji, tina marga ku Rēsi, teu diwartos ti kapungkur, atuh Dewi Pursita, ngahulēng mēdal tjitangis, sarta bari kukurajeun salirana.
35. Teu lami Sang Langlangsona, tina geus pērtjantēn galih, ka Dewi Pursita putra, teu tata pasini deui, Pursita ku Sang Adji, dirangkul bari dipunggu, sarēng ku Prameswara, ditjandak ka kamar puri, ngarah salse ngagugulung djeung nangisan.



Dangdanggula

1. Sadajana tumēnggung bopati, djeung sadaja anu sami lēnggah, ngiring tjumalimba bae, bawaning langkung-langkung, kētir ningal Sang Sri Narpati, tēpang sarēng putrana, pērdjalanan kitu, nu leuwih-leuwih anehna, hēnteu aja sangka-sangkana ti tadi, kagungan putra eta.
2. Hēnteu lami tēras kēmpēl deui, dina korsi ngaberes lalēnggah, majun ka Sang Ratu Putren, gantjangna nu ditjatur, hēnteu lami ngalahir deui, Sang Ratna ka sadaja, putra rek panuhun, ka sadaja anu lēnggah, tina margi aja panasaran ati, nu kēdah dipariksa.
3. Margi bieu paman Arja Patih, njaritakeun ngantunkeun pararang, ditjipta didjieun orok, ngaganti nu dibantun, nu dipalar ulah ngadjadi, kaget ibu-ramana, tina marga kitu, mana ajeuna buktina, orok palsu tjitjiptaan paman Patih, ngagēntosan Pursita.
4. Hēnteu lami Sang Langlangsona Dji, ladjēng bae ka Putri ngandika, ēnja aja tapi maot, umurna moal langkung, lilana teh lima

blas mēnit, tina waktu mēdalna, nēpi kana pupus, samalah aja makamna, mun sadaja aja panasaran galih, mangga bae lalajad.

5. Hēnteu lami tumēnggung bopati, tēras bae djalēngkar ka makam, bade ngali makam orok, gantjangna nu ditjatur, tēras bae makam dikali, barang braj teh dibuka, pērtela jen duhung, landeanna murub mubjar, da ditabur ku pērmata tingkarētip, mutiara bērliau.

6. Tēras bae ditjandak ku Putri, bari njaur edas paman Arja, bisa sulap elmu ogel, moal susah nja hirup, lamun ngamen ka sedjen nagri, mētakeun pipahokan, tangtu kana laku, tinimbang djeung djadi pangkat, Arja Patih nu teu bisa matja nulis, ngan ukur bisa nanda.

7. Ladjēng deui sadaja lalinggih, sarta gupgap pada naringalan, duhung objor alus pamor, teu lami Ratu Aju, ka sadaja ngalahir deui, maksud putra ajeuna, ieu pasal duhung, tētēp milik Sang Srinata, Sulungtubu Sri Maha Langlangsona 'Dji, muga disaraksian.

8. Tapi aja kaol pikeun ahir, upamana Sang Dewi Pursita, kadar kagungan tjaroge, ieu duhung tinangtu, dipasrahkeun sina ditjangking, ku tjaroge Pursita, tah maksud sakitu, saksian ku sadajana, saupama anu boga asal milik, njata Lungabarahma.

9. Hēnteu sadrah kana ieu kēris, mēnit ieu moal boga njawa, pulang asal tjai seeng, Arja Patih ngawangsul, djeung njorodtjod bawaning gimir, pun paman hēnteu pisan, owēl kana duhung, sumawontēn sipat eta, diri oge sadrah ka kērsa Sang Putri, nampi kumaha kērsa.

10. Tekad paman njuhunkeun disaksi, ku pangērsa pangagung sadaja, paduka para pagusten, barang Patih geus tutup, sadajana njarēbat njaksi, dibarungan ku surak, ngaguruh tatalu, mariēm gēgēlédugan, buang obat ngaguruh lir gunung djadi, gendjlong djero nagara.

11. Sadjēmpena sipat anu muni, tēras deui ngandika Sang Ratna, ka para ratu djin kabeh, putra aja pihatur, ka sadaja rama ratu djin, nuhun sami marēdal, kasētyaan kalbu, dibuka ku pawartana, sami-sami djangdji katiginan galih, anu geus dipiwarta.

12. Amung aja panuhun saeutik, ka sadaja Narpati kadjinan, anu parantos sarampe, rambutna tjētuk dawuk, tanda juswa leuwih ti galib, eta teh jen tandana, kana tereh tēpung, sarēng sipat para asal, sarta tangtu ati oge rada ngatjlik, suda nja pangarēpan.

13. Huis bidjil dibarēngan pasti, ku sipatna silalatu manah, pangaruh peot kahojong, nja nungtun kana pikun, sumawonna ngurus nagari, ngeujeuk ngajak prarajat, njuburkeun rahaju, kawas-kawas moal djalan, diri oge dumugi ka tjarang mandi, kolot mah sok tirisian.

14. Djadi pasti kusut hak nagari, moal madju kadjēmbaranana, nja

tungtungna narikolot, tina margana kitu, muga geura lalilir galih, bari-bari nguliat, lungsur ti kadatun, ngabédah njeun babakan, raos-raos njeun kasalsean galih, bari nungtik agama.

15. Geura mangga manah masing lantip, mungguh anu njangking kanarpatyan, sumawontèn kana gawe, kana najub ge kudu, tjampur gaul kérésa ngibing, kolot enklak²an, tjara doger kunjuk, tah eta henteu mupakat, turug² oba sipat ahli waris, nu sètya widjaksana.

16. Anu tjukup ku pangeusi ati, pikeun ganti njékél kanarpatyan, anu masih kaom anom, panèda mung sakitu, ku sadaja para ratu djin, nu njaah ka nagara, turunan karuhun, titilar ti para mojang, sèrèt ieu kédah garalih sing lantip, njénjép lèbèting manah.

17. Eta saur Sang Ratu Putri djin, kadarangu ku tilu Narpatya, Putiasukma Pramajon, saréng Sang Sulungtuwu, sami-sami kasundut galih, raosna disindiran, ku Sang Ratna Aju, tina margi arandjeunna, nu geus sampe leuwih tina juswa galib, tégésna geus sarèpah.

18. Sang Sri Maha Pramajon teu lami, téras ngadég sartana ngandika, ka anu dua Narpatos, Ambarak Sulungtuwu, jaji-jaji Sang Maha Adji, Sulungtuwu Ambarak, urang teh bét nungku, dumugi taja bentèna, kawas-kawas sawèwèton baréng bidjil, datang ka kalahiran.

19. Tina bagdja tèpi ka balai, suka-duka estu babarèngan, ngarentet teu pisan gengsot, mangpuluh-puluh taun, sami nampi dua pèrkawis, pasal suka djeung duka, rugi saréng untung, karaos lintang tjapena, tatapina bubuhan di alam lahir, bédasna hawa dunja.

20. Batan sèdih anggur tambah pulih, tambah sèpah beuki tambah bétah, teu ngareret geusan paeh, kitu saumur-umur, taja pisan warègna ati, mungguh urang tiluan, istu moal suwung, kana hal pèrkara eta, mung ajeuna nèmbean ati gumilir, kana kabajeungjangan.

21. Hidji pasal marga nilik diri, henteu sèdèng rumingkang di medan, rungang-rongkong peot lemong, kadua anu puguh, hal emutan rada teu pati, ngaraos tjaang padang, séringna mah linglung, puguh énggeus rasa tatjan, malah-malah séring diintip ditungtik, jaktos djasad geus robah.

22. Sinarèngan katilu pèrkawis, waktos ieu sami henteu kirang, ahli nu baris ngagèntos, upami urang lungsur, tina damél tjumangking nagri, tina margana eta, manawina sapuk, kalajan jaji sadaja, urang njingkir da puguh énggeus diusir, ku kolot ku elingan.

23. Tampi raos ku budak kiwari, kaungkulan dina sagalana, baraban pangeusi hate, mung sakitu pihatur, ka kérésa jaji Narpati, Sulungtuwu Ambarak, mugi dipikalbu, teu lami diwarangsulan, sami rèmpag liren tina mangkon nagri, digèntos ku praputra.

24. Tangtos pandjang upami ditulis, kaseueuran gunëman wawarta, tudjuh dintën hënteu geseh, harita ënggeus tutup, sarta sami sadajana djiin, nampi djadi bawahan, Sang Pangeran Sunu, harita sami amitan, ka kërsana Sang Putra Nurasadjati, sarëng ka Adjëng Ratna.
25. Sadajana tatamu marulih, mung nu kantun Sang Ratu Ambarak, nu masih keneh natamon, di nagri Sulungtubu, ari anu ngadjadi margi, wireh aja kërsana, bade mulung mantu, ka Putri Dewi Pursita, ënja eta putra Sang Langlangsona 'Dji, ka Raden Gëndarata.
26. Enggalna teh hënteu gëntos sasih, Gëndarata sarëng Sang Pursita, tëras ditikahkeun bae, di nagri Sulungtubu, sarta tëtëp teu mulih deui, Sang Gënda ka Ambarak, pangantenan lulus, dipusti didama-dama, dibakalkeun nu baris njëkël nagari, ngagëntos mërтуana.
27. Katjaturkeun Sang Nurasadjati, sarëng Putri Sang Ratna Suminar, nudju lënggah di karaton, nagara Sulungtubu, ngadeuheusan ka Sang Narpati, sarëng panganten anjar, lalinggih teu kantun, teu lami Sang Sri Narpatya, tëras bae ngalahir ka Ratu Putri, Adjëng Ratna Suminar.
28. Ama leuwih panudju nja ati, waktu dina pakëmpëlan tea, para tatamu narpatos, piundjuk Njai kitu, ka Sang Ratu Pusëring bumi, djiga nu kakëkëlan, ngaku bapa istu, lesot umaku ka ama, eta bënër kudu pisan bisa meuli, galih Ratu Tolëngan.
29. Malah maksud Udjang reudjeung Njai, baris nikah kahajang ama mah, kudu di Tolëngan bae, lain ama teu sanggup, ngurus pikeun waragad kawin, ngan aja nu dipalar, supajana wuwuh, përtjaja sarta asihna, Ratu nagri Tolëngan ka diri Njai, kadua përkarana.
30. Ama leuwih nandangan hawatir, ngadengekeun kana tjariosna, istu njëbit kana hate, jen ënja eta kitu, kangënësan upama Njai, aja tekad nu luas, ti Tolëngan wangsul, mitjeun ka Sang Saksaria, geus tinangtu peuriheun nu leuwih-leuwih, moal aja lipurna.
31. Katiluna Njai poma teuing, kasar tata lir anu biasa, ngorontjong omong nu kosong, ka Ratu Bumi pitu, ulah dumeh Njai teh wani, nadah pangawasna, boga hate nguntup, ka Ratu Tolëngtëlëngan, pikir ama istu paur leuwih-leuwih, kana nJORang tideuha.
32. Nadjan lain bapa nu sadjati, deungeun-deungeun sarta lain bangsa, tapi da geus djadi kolot, nu ngukut ti lëlëmbut, beurang-peuting ngadjarang-djarang, ngadjar budi djeung akal, nitiskeun panëmu, bag-bagan kasalamëtan, pasti nitis kana sanubari Njai, maunat Saksaria.
33. Tjoba pikir ku Njai sing lantip, sabuana prabebet kadjinan, siluman silëman onom, taja hidji nu wantun, pada gimir ku diri Njai,

lantaran pangawasa, elmu djeung paněmu, eta lain odjah ama, ngadjurungkeun kana měrih gagah sakti, mere guru santosa.

34. Eta pasti paměrih Saksari, ngadjungdjungkeun ka Njai sorangan, leuwih ti bapa nu tulen, tah eta Njai kudu, sěrět ieu sing djadi ati, pangěnjěd diri ama, ka Njai nu estu, sarta kudu nandang rasa, nu sadjati malēs ku satia ati, ka Ratu Saksaria.

35. Ulah tětěp sangka dina ati, luhur urang tinimbang kadjinan, boga rasa hina goreng, dumeuh-dumeuh dikukut, ku bangsa djin lain sasami, padahal mungguh urang, teu beda sarambut, pada mahluk dadamělan, Allah anu mulja sipat rohman-rohim, imankeun salawasna.



Magatru

1. Ratu Putri tumungkul nampi piwuruk, ti rama Sang Sri Narpati, Ratu nagri Sulungtuwu, langkung njěnjěp kana galih, bawaning lintang kahartos.

2. Hěnteu lami Sang Putri tēras ngawangsul, amung abdi laksakēti, paněda du'a nu husu, ti kěrsa ama sajakti, supados abdi tiněmon.

3. Kana marga diuwuh asihna kalbu, ama Ratu Pusěrbumi, ka diri abdi nu estu, agěng-agěng pangaksami, sěwěng manahna sēsěndon.

4. Sinarěngan abdi sumědja piundjuk, kumaha upami mukim, di nagri Bumi pingpitu, sarěng tēras nganarpati, naha kintěn ama rido.

5. Hěnteu lami Ratu njaur ka Ratnaju, pěrkarana Njai rek tjitjing, di nagri Bumi pingpitu, mungguh ama mah pribadi, pikiran teu naon-naon.

6. Ngan teu njaho rěmpugna ieu ki Sunu, Raden Mas Nurasadjati, naha kira-kira rěmpug, lantaran arek dimuhrim, tęgēsna didjieun bodjo.

7. Lamun rěmpug atuh leuwih-leuwih sukur, ari bisa mah di ahir, ngiliran ka Bumipitu, ngan lamun Udjang teu idin, ama oge moal rido.

8. Hěnteu lami Sang Radjaputra ngawangsul, mēnggahing di abdi Gusti, di mana-mana ge tumut, kana maksad Njai Putri, tēbih parěk teu sawios.

9. Nadjan Putri mukim di Bumi pingpitu, abdi Gusti hěnteu djadi, kaewuhan ku sakitu, margi prantos tērang tadi, di karaton djin sajaktos.

10. Tēras deui Ratu njaur ka Sang Sunu, atuh nja sukur teh teuing, ari hěnteu djadi bingung, kana pigeusaneun ahir, mun geus kadar djadi djodo.

11. Hënteu lami piundjuk deui Sang Sunu, sinarëngan abdi Gusti, sumédja gaduh piundjuk, njuhunkeun paidin Gusti, abdi Gusti bade mios.
12. Bade njëlang heula ka Riskomar wangsul, dumeuheus ka raka Gusti, piundjuk supados maphum, kana maksad abdi Gusti, nu parantos ditjarjos.
13. Malah ieu putra sumédja didjurung, ka nagri Pusëring bumi, supados piundjuk husu, ka kërësa Sang Narpati, supados tètës waspaos.
14. Saparantos abdi Gusti teh piundjuk, ka pangërsa raka Gusti, tangtos pisan buru-buru, ngabudjéng ka Pusërbumi, ngadeuheus ka Sri Narpatos.
15. Sri Mah' Ratu ka Radjaputra ngadawuh, ama mupakat teh teuing, ënja bënëer kudu kitu, tandana mudja migusti, ka sëpah sudjud babaktos.
16. Ngan iraha anu arek dipimaksud. Udjang Njai nja arindit, ngawangsul Pangeran Sunu, njuhunkeun widian Gusti, dintën ieu oge mios.
17. Ratu njaur bari dibarung gumuju, naha bët ngadadak teuing, bët asa babasan buhun, gusak-gasik indit rasdjig, kawas nu deukeut lalakon.
18. Tatapina ku ama ge geus kamaphum, di këtak Udjang nu ahli, ajeuna mah ngan rek njambung, ku panëda ka Jang Widi, Udjang Njai sing tinëmon.
19. Kasinungan ku mulus sarta rahaju, pinanggih waras walagri, pek ajeuna buru-buru, Udjang reudjeung Njai indit, ku ama arek ditongton.
20. Hënteu lami saparantos nampi dawuh, Sang Putra sarëng Sang Putri, ti kërësa Maha Ratu, sarta tëras araramit, Ratna Suminar Sang Anom.
21. Ratu Putri kapajunan ku Sang Ratu, bëlësat ngambah wiati, diiring ku Mantri Ratjun, Sang Putra Nurasadjati, masih tjalik di karaton.
22. Emut kana pantjaningrat djimat luhung, ti Rësi Windupramani, dina sakërëtëg kalbu, Sang Pinutra miraga djin, teu katingal ku Sang Katong.
23. Biur ngapung Radjaputra ti kadatun, geus aja pungkureun Putri, sahareupeun Mantri Ratjun, olohok ki Mantri Ginggi, ningal ka Pangeran Anom.
24. Bari ngomong dina ati Mantri Ratjun, ilih bët Sang Nursadjati, sihareng iasa ngapung, tjara laku bangsa aing, ngambah përdjalanan lowong.
25. Mata aing kakara saumur hirup, nendjo nu ngambah wiati, bangsa manusa nu estu, nja bënëer Sang Nursadjati, geus tètës elmu panëmon.

26. Ratu Putri ngapungna teu pati rusuh, alon sambian pëlësir, ngalajang di mega paul, njolojong sĕmu njiriwing, teu tĕrang aja Sang Anom.
27. Margi Putri hĕnteu lumirik ka pungkur, djongdjon ka pajun ningali, malah kolepat Sang Sunu, disangka kolepat Ginggi, nu matak hĕnteu diwaro.
28. Hĕnteu lami njarios ka Mantri Ratjun, tapi teu bari ngalirik, saurna Sang Ratu Aju, istu kula nandang watir, ka ĕngkang Pangeran Anom.
29. Waktu tadi basa ku kula dikantun, sĕmu nu hoream galih, angkat njatjat ka nu djauh, tangtu tjape leuwih-leuwih, pĕrdjalanan leuweung ganggong.
30. Bareto ge waktu mulih ti Sirkawur, sĕring liren ngaso niis, sahandapeun kaju-kaju, hĕnteu jasa angkat gasik, kĕndor nu leuwih ngalenghoj.
31. Mun harita atjeuk Pramanik teh suwung, sĕpi kasieun karisi, tangtu ku kula dibantuan, djalan ngambah ka wiati, sarta dipaksa dipangkon.
32. Radjaputra sidik pangrungu nu husu, kana saur Ratu Putri, wantu di pungkur teu djauh, tjakĕtna kintĕn lima dim, kana sanggul nu tjarios.
33. Radjaputra gĕrĕndĕng ti pungkur njaur, ditompokeun ka Sang Putri, naha atuh hĕnteu tulus, harita njandak ka langit, meureun rĕsĕp sili tangkod.
34. Ratu Putri barangna ngadangu saur, sidik nompo kana tjĕpil, ngoredjat reuwas kalangkung, sarta ka pungkur ngalirik, bari njĕbat ieung naon.
35. Barang gok teh Putri ka Pangeran Sunu, sidik hĕnteu samar galih, raka nu keur dipisaur, Putri kaget teu ngalahir, amung kantun neutep mĕntjrong.



Asmarandana

1. Lami-lami sanggeus sidik, Sang Putri ka Radjaputra, pasĕmon Putri rampohpoj, bawaning langkung isinna, kapĕrĕgo keur ngupat, ngan saena saur luju, abot manah ka Sang Putra.

2. Imut dibarung ngalahir, djeung njiwit kana angkeutna, Sang Pinutren ka Sang Anom, teu njana goreng adatna, ahli intip-intipan, kawas anu ngandung kalbu, agëng kateu-përtjantënan.
3. Naha hënteu kërsa tadi, djëngkar sarëng ti pamëngkang, naha wagëlan ku naon, kawas nu nandangan manah, hina mun sasarëngan, Sang Radja Pinutra njaur, ih abong nu widjaksana.
4. Titi surti seukeut ati, nepakeun lampah nu salah, puguh Njai anu abong, kena-kena ka nu hina, hënteu aja pangadjak, djol sëmprung tjara nu mangprung, hënteu njoreang ka tukang.
5. Èngkang katilar di puri, ari rek digëro era, boga rasa siga naon, ngan hadena kadaring Jang, bët boga pupurian, bisa ngajuh angin pujuh, djangdjawokan para mojang.
6. Nja ëngkang kabawa angin, tiasa ka awang-awang, ngiring ka dunungan Kuntjen, tapi leuwih nja salëmpang, abong nu tara tuman, kutan kieu ari ngapung, rasa lalinu lalëwang.
7. Nu matak ëngkang ka Njai, lain ngintip dëdëmitan, wani nga-deukeutan soteh, ëngkang teh arek muntangan, inggis ëngkang ngoleang, Ratna Suminar ngawangsul, nuhun dianggo lumajan.
8. Ngadjagi bok bilih geubis, pikeun tamba tisoledat, tjara kana iteuk hoe, amung teu djadi wagëlan, bubuhan kumawula, Sang Radja Pinutra njaur, Njai ulah salah paham.
9. Ditungtik diratjik laip, dipëdar didjieun kasar, diande ka nu teu hade, padahal djalan ihtiar, ngababar kasirnaan, pakaleng-kaleng ajanggung, ngagunggung kahajang urang.
10. Kadua anu dipambrih, pang njusul ka awang-awang, teu rempan ku baja maot, ëngkang teh baris barëmpag, kitu ge susuganan, sarëng manah Njai rëmpug, kalawan nu saënjana.
11. Njai sarëng Mantri Ginggi, kudu ka Riskomar heula, barëng reudjeung ëngkang bae, sabab Njai kudu pisan, undjukan ka atjeukna, ngawalon surat kapungkur, nu tërang adu hareupan.
12. Kadua përkara deui, lantaran geus tangtu pisan, Kangdjëng Rama Sri Narpatos, liren tina padamëlan, pinasti seserenan, karaton Riskomar tangtu, ka diri ëngkang sorangan.
13. Tatapi ku ëngkang baris, karaton nagri Riskomar, pasti diserenkeun bae, ënja eta ka atjeukna, lantaran ati ëngkang, sampe përtjaja djeung nangguh, bisaeun njëkël nagara.
14. Tangtu Nji Dewi Pramanik, mun geus njëkël kanarpatyan, bidjil pangaruh nu aheng, pangarti luar biasa, njuburkeun nagarana, kadangkala djadi puhu, huluwotan dajehh lian.

15. Tah eta nu djadi margi, kudu ka Riskomar heula, Njai nu baris ngagondeng, dina waktuna ngistrenan, kitu panċda ģngkang, Ratna Suminar ngawangsul, ka raka Pangeran Putra.
16. Hal pċrkawis diri abdi, dikċdahkeun ka Riskomar, sarċng paman Mantri Kuntjen, teu aja pambċngan pisan, malah-malah emutan, sumawontċn aja saur, sanadjan hċnteu ajana.
17. Abdi pċrlu kana dugi, ka dajeuh nagri Riskomar, ka kċrsa atjeuk ngagondeng, dina waktosna ngistrenan, sumawontċn lamina, ukur salċbċt saminggu, sanadjan sapapaosna.
18. Moal burung bela pati, moal tuna kumawula, ka anu djadi paguron, Sang Radjaputra ngandika, sukur ari kitu mah, atuh haju buru-buru, Pagusten tangtos ngantosan.
19. Hċnteu lami Putra-Putri, djċngkar tina panglirenan, dina mega kalang koneng, ngarendeng teu pisan anggang, bari ajang-ajangan, keur nudju sariak lajung, bati gumilang gumċbjar.
20. Angkat satċngah pċlċsir, paheujeuk-heujeuk panangan, sili reret sili pċntjrong, bisi aja tedja mċntrang, djaba karang panangtang, pangaruh panangtang purun, wirasat pangadjak suka.
21. Sang Putri Pusċring-bumi, djaba manah nandang bingah, aja tetempelan kaget, lantaran ku teu njanana, teu tċrang ti tadina, kana panċmu Sang Sunu, jasa miraga kadjinan.
22. Tadina raosing galih, unggul dina pċrdjalanan, tiasa ngambah lolowong, langkungna ti Radjaputra, ajeuna ngan mudjina, ku manah nu langkung-langkung, gimir leuwih ti katukang.
23. Tunda nu ngambah wiati, kotjap Sri Maha Riskomar, nudju lċnggah di karaton, sarċng Sang Parameswara, mantu nu ngadeuheusan, ari anu dipisaur, ku kċrsa Sang Sri Nalendra.
24. Karamean pranarpati, di Sulungtubu kċmpċlan, sami sumeren karaton, ka putra Purnama Alam, djadi bawahanana, djeung lian-lian ti kitu, roa-roa kaanehan.
25. Didawuhkeun ka Pramanik, teu aja anu kaliwat, kekengingan kċmpċlan teh, ari sabada wawarta, pasal di karamean, Sang Ratu tċras misaur, putra Sang Purnama Alam.
26. Ngalahir ka Sang Pramanik, ama leuwih nandang heran, kawas nu teu sono bae, ki Purnama ka Riskomar, bċt masih tatjan datang, ti nagara Sulungtubu, naon nu djadi halangan.
27. Ama hajang geura njingkir, lesot ti njċkċl nagara, geus hajang seren-sumeren, ieu nagri ka ģngkangna, ama rek ngababakan, tċmpat kasirnaan kalbu, bandjar karang panjingkiran.

28. Mun di bulan ieu masih, Purnama Alam teu datang, nja urang susulan bae, sartana lamun geus datang, moal dilila-lila, ngumpulkeun para tuménggung, bawahan ieu nagara.
29. Djeung nu matak kéjéng pikir, lesot tina karatuan, ama geus rumasa kolot, era ku omonganana, Njai Ratna Suminar, keur waktu di Sulungtuwu, njindiran nu bebeakan.
30. Sarta dipikir ku ati, istu bēnēr hēnteu salah, sindir Ratna Suminar teh, ama siga hawēk pisan, ka anu bangsa ngora, bēt ngalénggut émbung turun, hajang hilang di paméngkang.
31. Ngawangsul Dewi Pramanik, emutan abdi Gusti mah, tangtos moal lami oge, sumping putra Sang Purnama, saréng Ratna Suminar, ngandika Sri Maha Ratu, atuh sukur mun énja mah.
32. Tapi pērtjaja teh teuing, ngingētkeun ku sasarina, odjah Njai tara geseh, tégēsna sagala njata, ngan ajeuna mah geuwat, Njai kudu urus-urus, baris njampakkeun éngkangna.
33. Sarta teu lami Sang Adji, ngadawuh ka gulang-gulang, djuru tugur di karaton, njaur Raden Arja Patya, sarta teu lami dongkap, ngadeuheus ka Sri Mah' Ratu, sarta tēras didawuhan.
34. Nimbalan kudu tjatjawis, baris mēdar panadaran, pasanggupan nu bareto, sarta kudu embar-embar, ka ponggawa nagara, supaja pada tjarunduk, nēpungan dina datangna.
35. Njumanggakeun Arja Patih, kana dawuhan Sri Nata, gantjangna nu ditjarios, tēras bae tatan-tatan, Raden Aria Patya, saréng sadaja prijantun beberes di karatuan.



Sinom

1. Katjatur dina isukna, kēmpēlan di pantjaniti, prijantun eusi nagara, patih djaga satru mantri, kaliwon prangabei, hempak ngadeuheus ka Ratu, pasal damēl biasa, anu sasasih sakali, paparentah kasantosaan nagara.
2. Tunda Sri Maha Narpatya, kotjap deui Putra-Putri, nu aja di djumantara, sapandjangna hēnteu ngantjik, damēl kabingah galih, bari paajang-ajanggung, gantjangna énggeus lugaj, da geus ngungkulan ka puri, pantjaniti karaton nagri Riskomar.
3. Monteng ti luhur ka handap, nu ti pajun Nursadjati, tema ku Ratna Suminar, Mantri Ginggi nu pandeuri, Radjaputra teu lami,

sumping ka djëro kadatun, njampojong mamandapan, isin ku Sri Maha Adji, sakumaha përtata karaspatian.

4. Barang Sri Maha Narpatya, ka Radjaputra ningali, tjëngkat tina palënggahan, muru ka Sang Nursadjati, sarta bari ngalahir, aduh si Udjang geus tjunduk, naha geuning bët lila, hënteu balik gasik-gasik, aja naon di Sulungtube halangan.

5. Njëmbah ngawangsul Sang Putra, abdi Gusti margi nampi, ti rai Gusti Sri Nata, pangwagël ka abdi Gusti, abdi Gusti teu kenging, kana enggal-enggal wangsul, tina marga kalintang, ka abdi Gusti mi-asih, sëmi-sëmi nu teu aja sasamina.

6. Sri Maha Ratu ngandika, ka putra Nurasadjati, sukur eta nu dipenta, ka Udjang loba nu asih, tandana Udjang njangking, sutji ati laku tuhu, kana geusan satia, nu narik kana walagri, tigin titen ngimeutan kasalamëtan.

7. Torodjol deui Sang Ratna, diiring ku Mantri Ginggi, geus tëpang sarëng Sang Radja, tëras lumëbët ka puri, ngadeuheus ka Meswari, ngahaturkeun sëmbah pundjung, anu lintang tadimna, sarëng ka Dewi Pramanik, anu djadi pupudjan Ratna Suminar.

8. Gantjangna ënggeus ubiag, ear praabdi di nagri, jen sumping Radja Pinutra, nu leungit didjingdjing djurig, sumawonna prijaji, nu murudul ka kadatun, nadjan para santana, reudjeung prasudagar sugih, ka karaton mundjungan ka Sang Pinutra.

9. Hempak leber di mandapa, dumugi ka heurin usik, ku nu mundjung ka Sang Putra, Ratu langkung bingah galih, malah Aria Patih, idjab kabul turun kaul, bawaning ku bingahna, gorowok mamaos tarik, gëntra rebek ari laguna balakbak.

10. Tëras hadjat panadaran, nu ngariung para abdi, teu lami Sang Sri Narpatya, ka sadajana wawarti, kula menta disaksi, rek nutur laku kapungkur, mëdar udjar ka tukang, katarik ku mukti ati, ku babaran sungkawa nu leuwih nista.

11. Sarerea oge tërang, kana nu narik prihatin, leungit ki Purnama Alam, ajcuna nampi asihing, anu teu aja tanding, kadaring Allah nu agung, sartana pangdu'ana, ti sakabeh kadang wargi, djeung sakabeh praabdi rajat Riskomar.

12. Datang deui ki Purnama, sarta dirina walagri, tëgësna kasalamëtan, eta ngadjadikeun leuwih, mungguh kabungah ati, ku sabab eta sakitu, muga ka sarerea, rek mërih panjumbang ati, ku pandu'a tumuluj kasalamëtan.

13. Saparantos Ratu tamat, wawartina ka praabdi, gër riungan

tjurak-tjurak, anu datang anu balik, mundjung ka Nursadjati, reup peuting rame tatalu, pesta arak-arakan, dumugi ka tudjuh wēngi, rame najub djeung sagala tatanggapan.

14. Kotjap deui sabubarna, harita Dewi Pramanik, sarēng rai Adjēng Ratna, sami linggih sirna galih, nudju Sang Putra sēpi, duaan paungku-ungku, di djēro pagulingan, wawarta pasal nu dēmit, Sang Putri djin anu ngawitan undjukan.

15. Rai lintang kareuwasan, anu hēnteu aja tanding, matja sa-ungēling sērat, atjeuk langkung-langkung pusing, mēnggah ka diri rai, wirehing ku aja saur, ti raka Sang Pinutra, dituding rai teh nampik, bidjil kētjap ngahinakeun ka andjeunna.

16. Mung rai teu pisan-pisan, njanggakeun pihatur laip, ka kērsa raka Sang Putra, amung rumaos teh rai, pihatur nu sadjati, tina margi ku teu wantun, wireh ku kaabotan, ku njangking kaisin leuwih, ka kērēsa atjeuk anu sajaktosna.

17. Sakitu rai undjukan, ka raka Sang Nursadjati, hēnteu langkung hēnteu kirang, amung rai bēt dituding, misanggēm nu teu titi, ka raka Pangeran Sunu, Dewi Pramanik tēras, ngalahir ka Ratu Putri, atuh nuhun mun jaktos aji kitu mah.

18. Pang atjeuk teh seseepan, njeukseukan mēnggah ka aji, dina salēbēting sērat, bawaning handeueul leuwih, tina atjeuk ti tadi, teu suwung-suwung panuhun, ka Gusti nu kawasa, atjeuk sarēng kērsa aji, aja milik laksana nja sapanutan.

19. Ari nu djadi sababna, pang atjeuk kitu pamērih, tina atjeuk geus rumasa, didjait tina tjotjobi, sareatna ku aji, sapertos waktu kapungkur, atjeuk-teh sakalintang, sēsah nu taja sasami, hēnteu gaduh pikeun malēs kasaeana.

20. Kadua tigin pikiran, atjeuk teh ka kērsa aji, hajang kana sasārēngan, ti lahir dongkap ka batin, ari anu kapikir, maksad kitu mo' dikabul, lamun teu sapanutan, tah kitu nu matak tigin, kana nēda aji kadar ka ēngkangna.

21. Ajeuna ēnggeus tetela, aji teh satia galih, kērsa nampi ka ēngkangna, atjeuk langkung bungah ati, anu teu aja tanding, sarta katur rebu nuhun, ngan panēda atjeuk mah, ulah rek dilami-lami, bisi djadi lelesaheun tjeuk babasan.

22. Ngawangsul Ratna Suminar, dupi rai nu sajakti, teu bade ngalangkungan, ka anu bade miasih, nadjan rai mērēdih, ka raka ngahaju-haju, istu moal tiasa, kadua teu aja margi, pikeun djēdjēr tanggēlan supados enggal.

23. Pramanik imut ngandika, aja djëdjërna saeutik, undjukan aja nu dakwa, têngah wiati djeung langit, dipake sili tjiwit, Ratna Suminar ngarandjug, ngadangu saur raka, tumungkul kalangkung isin, hal eta mah mung katur sadaja-daja.
24. Gantjangna ieu tjarita, katjatur Sang Sri Narpati, harita geus ngadawuhan, ngutus ka saban nagari, ngondang para dipati, sarëng praarja tumënggung, sugri ërehanana, kërsana Sang Sri Narpati, rek ngembarkeun liren tina karatuan.
25. Harita ënggeus ubiag, ponggawa djeung para abdi, geus ear djëro nagara, jen kërsana Sri Narpati, bade seren nagari, ka kërsa Pangeran Sunu, djalma pada midangdam, lesot ti Ratu nu adil, risi kaku sumëmbah ku beda adat.
26. Malah tumënggung dipatya, ti saban-saban nagari, geus sarumping ka Riskomar, këmpëlan di pantjaniti, ngaberes dina korsi, tema ngaberes ti pungkur, para aria patya, ditema ku para mantri, pangpungkurna hempak praabdi santana.
27. Sri Maha Ratu Riskomar, linggihna hënteu patëbih, sarëng putra Sang Purnama, Meswari sarëng Pramanik, gedengeun Sri Narpati, ari Putri Bumi pitu, Adjëng Ratna Suminar, harita didamël wakil, ku kërësa raka Sang Pangeran Putra.
28. Sagala sipating odjah, nampa atawana nampik, kana pasal kaserenan, eta geus mutlak ka Putri, pikeun ngadjawab ahir, ka prabopati tumënggung, malah waktu harita, linggihna Sang Aju Putri, hënteu tëbih ti têngëneun Sang Sri Nata.
29. Ku tandang Ratna Suminar, tumënggung bopati gimir, mubjarna ku pangabaran, taja nu dangah sahidji, direret ku Sang Putri, ngarëluk pating purungkut, lantaran pada tërang, jen Putri djin Pusër-bumi, gagah rosa lain lawaneun manusa.
30. Hënteu lami Sang Srinata, ngadëg sartana ngalahir, ajeuna ka sadajana, prawargi nu sami hadir, pratumënggung papatih, margina ditëda rawuh, maksud hatur uninga, wireh nu djadi Narpati, anu njangking karaton nagri Riskomar.
31. Njata pribados buktina, sadaja sami tingali, njëkël hak ieu nagara, lamina anu ditungtik, ningal dina bisluit, djëdjëg lima puluh taun, waktu nampi ti ama, karaton ieu nagari, nëmbe umur dua puluh taun kira.
32. Djumblah umur nu kaetang, djëdjëg tudjuh puluh warsi, sanes kolot meumeueusan, ana hantëm mah ditungtik, ningal diri pribadi, djaba ti sirah tjawukwuk, bitis ge geus huisan, ari huntu mah geus

galib, malah loba anu lemong ti ngongora.

33. Djaba ti raga geus suda, aja deui anu leungit, nja eta babaran njawa, geus sēpi odjahing ati, sipat bangsa pangarti, tuna katungtun ku pikun, nungtut pulang ka asal, tjiri wantji tereh nēpi, kana ngantjik di babakan pangangeusan.

34. Tina margi sakituna, sadaja mugi tingali, pribadi geus hēnteu kiat, teu kenging dieuih-euih, njangking gawe narpati, tina katutuh ku ripuh, pendek dintēn ajeuna, liren tina njangking nagri, tētēp ngaran pansiu Ratu Riskomar.

35. Panēda ka sadajana, para tumēnggung papatih, sarta ka para ponggawa, rajat saeusi nagari, nēda panjumbang galih, sipat pandoa nu husu, marga kasalamētan, sabalikna mugi-mugi, sadajana wiludjēng dunja-aherat.



Dangdanggula

1. Saparantos Sang Radja ngalahir, sili tema tumēnggung dipatya, walēran ka Sang Narpatos, sami njanggakeun nuhun, sarta sami parinton galih, marga katērēsnaan, ngungun ku dikantun, tibelat ku pangadilan, tina tētēs di baheula di kiwari, tēgal pangalap-ngalap.

2. Hēnteu lami Sri Maha Narpati, njaur deui ajeuna sadaja, para tumēnggung bupatos, kēdah njaksi sing maphum, nu ngaganti njangking nagari, njēkēl kanarpatian, di ieu kadatun, pun anak Purnama Alam, Meswarina nja ieu Dewi Pramanik, putra Ratu Ambarak.

3. Sadajana anu sami hadir, saērehan karaton Riskomar, panēda ulah gareseh, dina salēbēt kalbu, sumawontēn damēl nu pasti, mēta-keun hak nagara, sing tjara kapungkur, taja marga kutjiwana, katarima ku anu djadi narpati, sagala kaajaan.

4. Mung sakitu panēda nu tigin, disambungan ku tekad panēda, masing saralamēt bae, barang Ratu geus tutup, dibarungan ku marjēm muni, tanda ngangkat narpatya, muka tunggul pajung, mēlak pusaka nagara, gujur ibur gendjlong ngaguruh nu muni, surak ambal-ambalan.

5. Geus dianggap tētēp Nursadjati, ngaratuan nagara Riskomar, di djero djam eta keneh, Sang Putri Bumipitu, Adjēng Ratna Suminar ēdjīn, wakilna Sang Purnama, hēnteu lami tērus, ngadēg pajuneun sadaja, sarta dangah lumirik taja kagimir, tandang taja kabingbang.

6. Nu dianggo tata tēdak tadi, kētjap basa anu sahinasna, adat djin anu bareto, kula sēdja pihatur, ka sadaja tumēnggung patih, pasal

rek mere tĕrang, supajana husu, kula teh Ratna Suminar, anak Ratu nagara Pusĕring-bumi, tĕtĕs bangsa kadjinan.

7. Diri kula pang datang diangkir, ku kĕrsana Sang Purnama Alam, putra Sri Maha Narpatos, pĕrluna anu estu, diri kula dipĕrih pati, ku Sang Purnama Alam, djadi wakil tjatur, tjarita waktu ajeuna, ka sadaja rengrengan ieu nagari, muga pada tarĕrang.

8. Waktu ieu hak kula pribadi, kaajaan nagara Riskomar, sabab geus nampa panjeren, kula teh leuwih nuhun, aja kadar ti Maha Sutji, nadah bagdja nu djĕmbar, tjumangking kadatun, kalawan pangawasana, njĕkĕl gawe katangtuan bab nagari, pangkat kanarpatian.

9. Tapi kula njĕkĕl ieu nagri, moal lila ngan sadjĕro sadjam, njangking hak ieu karaton, ajeuna sing maraphum, waktu ieu kula pribadi, geus teu djadi narpatya, turun ti kadatun, ari nu djadi gantina, ngaratuan sawĕwĕngkon ieu nagri, nu ngĕreh sabuana.

10. Ĕnja ieu Sang Dewi Pramanik, Prameswari nagara Riskomar, nulujkeun njangking karaton, sadaja pratumĕnggung djeung sakabeh ponggawa nagri, kudu pada njaksian, jen nu djadi Ratu, di ieu nagri Riskomar, Sang Pramanik anu moal gingsir deui, tĕtĕp waktu ajeuna.

11. Kitu deui kaula pribadi, nunggu-nunggu sarta ati nangtang, saha nu rek kumawanen, bangsa arja tumĕngung, njangking ati anu bĕrĕwit, gumintĕr taja pedah, pok geura tjatjatur, geura njĕbut teu mupakat, di hareupeun kawasana Nursadjati, ngaran Ratna Suminar.

12. Ditempoan lima bĕlas mĕnit, aja euweuh kudu pada tĕrang, lantaran saeutik tempo, teu lami ngawarangsul, pratumĕnggung para papatih, sami pada njarĕbat, amung katur nuhun, ngiringan sadajadaja, amung maksad njuhunkeun nu sapĕrkawis, nja eta wiludjĕngna.

13. Sang Putri djin pok ngalahir deui, rebu nuhun kitu mamanaan, sami narandangan saleh, bubuhan nu keur nandjung, pipandjangeun waras walagri, njaraah ka nagara, maranahna alus, ngan muga salawasna, saratia ka anu djadi Narpati, guru Ratna Suminar.

14. Saparantos Sang Putri ngalahir, Sang Pramanik Narpati Riskomar, nganggo dangdosan karaton, hurung-herang malantjur, wantu kostim bangsa narpati, makuta murub-mubjar, gumilang ngagĕbur, eukeur geulis ti tadina, wantu-wantu Pramanik mustika istri, katambah ku dangdosan.

15. Wuwuh mantjur tjahaja dumĕling, awor sorot djeung tjahaja dangdosan, matak serab anu nendjo, sarta teu lami tĕrus, Sang Narpati Dewi Pramanik, ngadĕg bari ngandika, ka para tumĕnggung sarĕng ka sugri nu lĕnggah, katur nuhun nampi piwĕlas pangasih, pandu'a sadajana.

16. Dipërtjantën njangking ieu nagri, djadi pangkat pataka nagara, njëkël parabon karaton, teu aja nu diemut, anu djadi wiwitan diri, nampi ieu kurnia, pandu'a nu mandjur, panjambung manah sadaja, tawis sami tigin miwëlas miasih, mangnëdakeun ka Allah.
17. Sawangsulna ka sadaja wargi, prabopati tumëngung aria, sakur rengrengan karaton, pamugi sami tuhu, kana marga priatna galih, mangkoning padamëlan, njuburkeun rahaju, ngababar di kaamanan, njebor njëbar mërwindji hasiling bumi, ngeujeuk ngajak prarajat.
18. Mung sakitu panëda nu tigin, sasarëngan ngalap kakërtaan, sili semboran pangartos, barang putus ngadawuh, hënteu lami mariëm muni, dibarung ku sagala, tatalu ngaguruh, tangara ngangkat narpatya, katjaturkeun tudjuh poe tudjuh peuting, pesta langkung ramena.
19. Geus tumëtëp Sang Dewi Pramanik, ngaratuan nagara Ris-komar, ngatur pasaling karaton, sadaja heran kalbu, ku seukeutna galih Sang Dewi, pintër luar biasa, taja pasal kaku, sagala taja mogogna, ngadjalankeun drigama ngurus hak nagri, tjëpët sarta jasana.
20. Ratu Sëpuh ka Sri Maha Dewi, langkung lëlëb asihna wëlasna, sumawon Pangeran Anom, wuwuh njaah djeung lutju, kitu deui rengrengan nagri, kantun gujur iburna, bagdja boga Ratu, pintër adil palamarta, tjotjog djadi pajung nangtajungan nagri, njëbarkeun kakërtaan.
21. Waktu eta Sang Ratu Pramanik, sarëng raka Sang Pangeran Putra, katilu Rai Sang Putren, lalinggih di kadatun, sarëng Raden Aria Patih, barëmpag hal sagala, pasal damël ratu, babaran ngurus nagara, kaduana sami nudju bingah galih, ku nampi dua sërat.
22. Eta sërat ti dua Narpati, anu hidji ti Ratu Ambarak, wawartos parantos liren, tina parantos sëpuh, ari anu didamël ganti, Sang Pinutra Nurdjaman, tëtëp djadi Ratu, njangking karaton Ambarak, ari eta sërat anu hidji deui, ti Ratu Langlangsona.
23. Njarioskeun geus teu njangking nagri, margi liren tina karatuan, ari anu djadi gëntos, Ratu di Sulungtubu, ënja eta mantu Sang Adji, Sang Putra Gëndarata, ungël sërat kitu, Ratu sinarëngan raka, sumawonna Sang Putri Pusëring bumi, bingah sami ngadu'a.
24. Hënteu lami Sang Ratu Putri djin, tëras bae undjukan ka raka, Sri Maha Ratu Kadëwen, rai gaduh piundjuk, kitu oge manawi idin, rai sumëdja njëlang, ngalajad ka sëpuh, ama Sri Maha Tolëngan, mung mo' lami kintën-kintën nëngah sasih, wangsul deui kantënan.
25. Sang Pramanik ngalahir ka rai, atuh puguh aji këdah pisan, sosen-sosen ka sëpah teh, njuhunkeun sihing kalbu, pandu'ana anu dipërih, geusan kawiludjengan, makbul nu dimaksud, malah panëda

- atjeuk mah, mēnggah aji ulah rek dilami-lami, pasal barēmpag tea.
26. Malah-malah ajeuna ge mugi, kēdah djēngkar sarēngan djin anjar, pagustening atjeuk tulen, Ratu Putri ngawangsul, bari imut ka Sang Pramanik, rai teu ngalangkungan, ku margi teu wantun, nge-mutkeun ku sanes lajak, Ratu Dewi ka rai ladjēng ngalahir, montong sok njeun onar.
27. Radjaputra teu lami ngalahir, anu sēnang sipat kapangkatan, ngan djadi ratu sumeren, istu sirnaning hirup, nadjan liar tēbih ti nagri, taja geusan pikiran, djaba ngitung waktu, tudjuh peuting di Riskomar, tudjuh peuting tjitjing di Pusēring bumi, naon geusan kasusah.
28. Ngawangsul Sang Ratu Pramanik, langkung sēnang kawuwuh kewēsna, upami dibarung njēret, Radjaputra gumuju, djeung ngalahir ka Ratu Dewi, pasal eta panjēta, istu barang tangtu, lamun nu djadi ratuna, teu ngariksa taledor ngurus nagari, hēnteu ngalarang madat.
29. Ratu Putri teu kēbat wawarti, tempas raka dianggap piwulang, meresan damēl karaton, gantjangna nu ditjatur, hēnteu lami Sang Ratu Putri, sanggeus nampa idinan, ti raka nu husu, sarta sudjud ka pang-konna, tēras amit barung tjumalimba nangis, mundut hibar pandu'a.
30. Hēnteu lami biur Ratu Putri, hēnteu kantun Mantri Padjarangan, ari Sang Pangeran Anom, masih di djro kadatun, sarēng rai Ratu Pramanik, sartana hēnteu lila, Sang Dewi piundjuk, pun adi Ratna Suminar, saupami ku ēngkang parantos djadi, ditikah di Tolēngan.
31. Kēdah tēras diangkat Narpati, di karaton nagara Tolēngan, ngērēh prasipat djin onom, sarēng kēdah dipundut, tandatangan Nji Ratu Putri, kaērēh ka Riskomar, sabumi pingpitu, supados tēras tumēras, hēnteu pēgat dumugi ka djaman ahir, ngērēh bangsa kadjinan.
32. Sang Purnama ngalahir ka rai, hal pērکارa raji kitu maksad, nja urang djalankeun bae, malah kana tinangtu, moal kungsi dipenta deui, kadangkala Suminar, ka raji mo' burung, aja tata andon suka, djol njerenkeun diri sartana nagari, dina geus salamētna.
33. Hēnteu lami ngawangsul Sang Dewi, atuh nuhun ajeuna sumangga, ēngkang enggal djēngkar bae, gantjangna nu ditjatur, Radjaputra ti pantjaniti, geus njambat pantjaningrat, kolenjaj ngabiur, imut Sang Dewi Riskomar, tina geugeut ningal ka Sang Nursadjati, mani tambah duriat.
34. Radjaputra geus ngambah wiati, lir kolenjaj bawaning gantjangna, kawantu djadi djin tulen, Ratu Putri kasusul, djol ditoel ku Nursadjati, pameunteu ti tēngēna, Sang Putri kalangkung, ngoredjat

bawaning reuwas, sanggeus sidik jen raka Sang Nursadjati, Ratu Putri ngandika.

35. Lah éngkang mah kawas sanes santri, tual-toel ka anu tatjan sah, itjal ti saur paguron, Sang Radjaputra njaur, waktu ieu geus djadi milik, ngan kari bebedjana, ka nu djadi sěpuh, nětěpkeun sarua suka, tapi ěnja kawas haram leuwih-leuwih, wani heureuj di djalan.



Asmarandana

1. Tunda Sang Putra Sang Putri, kotjap Sang Ratu Tolěngan nudju lěnggah di karaton, sarěng praratu sadaja, sedjen-sedjen nagara, sabuana bumi pitu, bawahan Tolěngtělěngan.

2. Kěmpėlan di pantjaniti, pasal Ratu Saksaria, barěmpag kěrsana liren, tina karadjaanana, malah sarěng Patihna, marga ngaraos geus sěpuh, geus tuna kana sagala.

3. Teu lami Ratu ngalahir, eh jaji para dipatya, marga ajeuna kakang teh, ngěmpėlkeun ka sadajana, kakang rek mere těrang, lantaran kakang geus sěpuh, ripuh meh teu bisa mapah.

4. Kakang ajeuna pinasti, eureun tina ngaratuan, ngan aja anu didago, ajeuna teu atjan datang, Njai Ratna Suminar, di nagara Sulungtuubu, těmpat ratu kamanusan.

5. Ku margi eta pamugi, panuhun kakang tong waka, sadaja jaji dipatos, rek marulih enggal-enggal, kědah ngantosan heula, dugi ka Suminar tjunduk, suganna datang ajeuna.

6. Sadaja tuměnggung patih, sami ngawangsul sumangga, ka kěrsa Maha Narpatos, sami ngambangkeun dawuhan, jen bade ngarantosan, gantjangna anu ditjatur, teu lami Ratna Suminar.

7. Sarěng Sang Nurasadjati, sumping ka Tolěngtělěngan, ngadjudjug ka puri bae, angkat ngarendeng teu anggag, Sang Putri Sang Pinutra, barang ningali Sang Ratu, ka Adjěng Ratna Suminar.

8. Teu pisan samar tingali, ka Sang Putri Sang Pinutra, Ratu lungsur ti karaton, sarěngan Parameswari, bari njėbat astaga, anak aing itu tjunduk, Nji Adjěng Ratna Suminar.

9. Teu tata pasini deui, Ratu sarěng Prameswara, ngarangkul ka Sang Pinutren, sarta bari ditangisan, tina langkung bingahna, sumping deui Ratna Aju, ti nagri těmpat asalna.

10. Anu disangka ti tadi, dipimanah palangsiang, kana moal sumpingna teh, Ratu Putri ka Tolěngan, ma'lum aja asalna, ahir-ahir bėt gurudug, sumping sarta salamětna.

11. Atuh bingah taja tanding, ampir-ampir kaluasan, kana ngarigig ngadjoged, sarta ku Meswari tēras, Adjēng Ratna Suminar, dikaleng ka djro kadatun, digalentor ditjuman.
12. Ari Sang Nurasadjati, dikaleng ku Sang Srinata, ditjalikkeun di karaton, para tumēnggung dipatya, sami njēbat haturan, ka kērsa Pangeran Sunu, bari hormat marundjungan.
13. Sadaja para dipati, sami sono ka Sang Putra, wireh geus tēpang bareto, sadamangna ti tēnungan, malah ēnggeus ngaralap, elmu ka Pangeran Sunu, pasal babaran agama.
14. Djadi sadaja Bopati, nja kenging oge disēbat, santrina Pangeran Anom, marga katjida hormatna, kawuwuh aja sabab, lantaran geus sami maphum, papatjangan Adjēng Ratna.
15. Ku kērsa Maha Narpati, parantos kamanah pisan, pang sumping sasarēngan teh, Sang Putra sarēng Sang Ratna, ngadjadikeun maksadna, nu dina sērat kapungkur, ti Putri ka Sang Srinata.
16. Atuh harita Sang Adjati, njandak ka Sang Radja Putra, ka lēbēt puri nu salse, mariksa ka Putri-Putra, naha ēnja rek nikah, Sang Radja-putra ngawangsul, njumuhunkeun ka Srinata.
17. Sri Maha Ratu teu lami, sabada mariksa putra, sarta tetela teu geseh, tēras deui ka mandapa, lēnggah sarēng sadaja, para bopati tumēnggung, bade nēraskeun wawarta.
18. Sarta teu lami ngalahir, ka sadaja anu lēnggah, kakang ajeuna geus salse, taja nu djadi halangan, Nji Suminar geus datang, maksud kakang dintēn isuk, baris mutuskeun kahajang.
19. Mung wēngi ēngke pamugi, sadajana luntur manah, urang midamēl lēlēson, wireh kakang gaduh maksad, hajang dilaluuhan, ku sadaja dulur-dulur, bade nikahkeun pun anak.
20. Suminar ka Nursadjati, nikahna nu kenging ngetang, tabuh tudjuh wēngi ēngke, ku margi eta panēda, ka sadaja prawarga, sami-sami luntur kalbu, urang ririungan tuang.
21. Dupi anu djadi margi, teu tjarios ti tadina, ka para wargi sakabeh, lantaran teu aja sangka, tereh aja djodona, dupi bieu barang tjunduk, djol tjarita bade nikah.
22. Ēmbung diēngkekeun deui, pun anak Ratna Suminar, kudu bae peuting ēngke, malah-malah basana mah, kadjeun teu make hadjat, supajana buru-buru, tiasa nikah ajeuna.
23. Ari rek dipungpang risi, sadaja ge pada tērang, di adat Nji Suminar teh, tina marga sakituna, ari mēnggah kolot mah, kitu kieu ge nja nuhun, ngan salamēt nu dipenta.

24. Hanas eta ku teu djadi, sakur tekad panadaran, pasanggupan nu bareto, rasa moal djadi matak, lantaran aja akad, aja soteh maksud kaul, lamun parëng kasalsean.
25. Tatapi nja ulah sèpi, sipat pikeun kabungahan, ulah dugi djëmpling djëmpe, nja urang saaja-aja, nu deukeut dialana, urang nanggap-nanggap pantun, tamba tunduh loak sindjang.
26. Sadaja tumënggung patih, nganuhunkeun ka Sri Nata, jen aja kadar Sang Putren, tëpang kalajan djodona, ka Sang Putra Purnama, gantjangna anu ditjatur, sami bubar ti pamëngkang.
27. Kotjapkeun waktuna wëngi, Putra-Putri tëras nikah, saksina ge prabupatos, ari dina sabadana, wungkul balaketjrakan, tuang nu parampus-rampus, taja tëmbang-tëmbang atjan.
28. Ngan ear nu naringali, kawas nikah eweranda, ukur nanggap nu paronjo, lir lain putra geugeuhan, anu didama-dama, atuh nanggap-nanggap bëluk, dengekeuneun nu ngarora.
29. Bët leuwih ti nikah santri, kawas nu aja tjëgahan, hënteu hade nakol goong, kitu aromonganana, nu tukang laladjo mah, ari sèpuh anu husu, nu teu rësëp ria-ria.
30. Edas Kandjeng Sri Narpati, estu geus tawalo pisan, geus teu bogoh kana djoged, bubuhan geus balik manah, kana kaaheratan, estu sagala dikantun, salian ti kana mundaj.
31. Pandjang lamunna ditulis, kabingah panganten anjar, gantjangna nu ditjarios, katjatur dina isukna, kira tabuh salapan, geus kumpul para tatamu, ubiag para ponggawa.



Dangdanggula

1. Sadajana tumënggung bopati, sami sikëp lëngah di mandapa, nempak praabdi laladjo, Sang Narpati geus lungsur, ti djro puri sarëng Meswari, di pungkur Putri-Putra, Purnama Ratnaju, murub-mubjar panganggonna, tur ditabur ku sosotja tingkarëtip, mutiara bërlian.
2. Sang Putri djin lënggah dina korsi, sagedengeun Sang Parameswara, tema ku Pangeran Anom, Ratu anu ti pajun, geus majunan ka prabopati, sarta teu lami tëras, Sang Sri Maha Ratu, ngadëg barina ngandika, ka sadaja para tumënggung bopati, sarëng para rengrengan.
3. Jaji-jaji tumënggung bopati, sawëwëngkon karaton Tolëngan, nuhun sami kërsa pinton, marga kawëning kalbu, ka nu sipat djadi

Narpati, mērlukeun ngalu'uhan, tanda pada tuhu, kana marga saēnjana, kana sugri katangtuan hak nagari, geusan kasalamētan.

4. Kitu deui anu djadi margi, pang diangkir prawargi sadaja, para tumēnggung bupatos, tangtos sadaja maphum, kaajaan anu ngadjadi, Narpati di Tolēngan, geus ratusan taun, nja njēkēl ieu nagara, tina awit umur dua ratus warsi, anu puguh kaetang.

5. Ngitung umur sarta nilik diri, mun teu salah geus tētēp kolotna, ku ningal tjitjiren lemong, ngan rasa nu teu surud, masih ngantjik di alam tadi, karēsēp tjatjampuran, lulutjon gumuju, reudjeung barudak ajeuna, boga rasa hēnteu eleh kasep manis, lamun hēnteu ngeunteung mah.

6. Malah kakang pikir geus teu sudi, ngingu kana sipat eunteung katja, da bongān sok narikolot, tatapi da geus puguh, loba saksi anu tingali, hal kakolotan kakang, nja atuh mo' burung, kana narimakeuninja, turug-turug mindēng poho manan eling, 'kawasna pikun tea.

7. Marga eta panēda disaksi, ka sadaja nu sami lalēnggah, jen diri kakang pribados, waktos ieu geus surud, sipat odjah pangeusi ati, tuna sugri pikiran, tina marga kitu, dintēn ieu maksud kakang, rek ngutjulkeun bisluit njēkēl nagari, tina geus teu kiatna.

8. Liren tina njēkēl hak narpati, karatuan nagara Tolēngan, sadaja kēdah waspaos, tina margina kitu, ka sadaja prawargi-wargi, urang silih semboran, ku manah satuhu, pandu'a kawiludjēngan, anu langgēng ti lahir dumugi batin, mulja raga djeung njawa.

9. Sinarēngan nu baris ngaganti, nja pun anak Nji Ratna Suminar, nēraskeun njangking karaton, sadaja kēdah maphum, sarēng mugi warēning galih, sadaja para warga, bopati tumēnggung, para rengrengan nagara, ulah bentēn tina pērtiti nu tadi, ka nu djadi narpatya.

10. Sinarēngan ieu Arja Patih, sami sarēng kaajaan kakang, geus kolot malah rerempo, waktos ieu diputus, panuhunna Aria Patih, liren tina damēlna, putusna pansiun, dupi pikeun gantina mah, kuma' ieu tanggungan Njai Narpati, Adjēng Ratna Suminar.

11. Mung sakitu ka sadaja wargi, pihatur teh mugi sami tērang, kakang pansiun Narpatos, barang Ratu geus tutup, wawartina ka prabopati, sadaja ngawangsulun, njārēbatkeun nuhun, ear surak di mandapa, burung marjēm dugi dua bēlas kali, tanda ngangkat narpatya.

12. Hēnteu lami Sang Putri Narpati, tēras ngadēg sartana ngandika, ka sadaja pradipatos, eh paman pratumēngung, djeung sakabeh rengrengan nagri, sabuana Tolēngan, nuhun geus kairut, ku ngaran Ratna Suminar, pada bidjil sipat kawēningan ati, marere salamētan.

13. Nganuhunkeun dumeh putra djadi, njékél hakna karaton Tolëngan, sarta sawëngkonna kabeh, tina lantaran kitu, sadajana paman bopati, dipenta sadjatina, laku anu tuhu, bagbagan ngurus nagara, ulah wani kana tata gawe mëlid, musingkeun ka narpatya.

14. Kaduana di ieu nagari, waktu ieu taja papatihna, sabab paman Arja liren, ku putra nu ditanggung, pikeun patih di ieu nagri, ningal dina tjëpëtna, djeung lakuna mulus, pangartina nja meudjuehna, ngan sahidji ënja ieu Mantri Ginggi, pëndjaga padjarangan.

15. Poe ieu tumiba bisluit, Arja Ginggi Papatih Tolëngan, muga sadaja waspaos, Sang Ratu Putri tutup, tjatjarios ka prabopati, djëgur marjëm têngara, ku surak dibarung, dumugi ambal-ambalan, tanda ngangkat Papatih pusëring bumi, dajueh Tolëngtëlëngan.

16. Dintën eta tumëngung bopati, taja anu mulih ti mandapa, mung gunëman saur bae, pasal-pasal nu përlu, djeung sagala kabingah galih, gugujon gogondjakan, praratu tatamu, rupi-rupi kalangënan, angkong gonggong domino tjatur maen kin, ngalap kagumbiraan.

17. Tangtu pandjang lamunna ditulis, kabingahan dina waktu eta, gantjangna nu ditjarios, para ratu tatamu, aramitan ka Sang Narpati, sartana kawidian, gantjang nu ditjatur, sabada budal sadaja, Ratu Putri geus tëtëp damël Narpati, Ginggi di kapatihan.

18. Ratu Sëpuh Sri Maha Saksari, ënggeus ngalih ka babakan anjar, bandjar kasirnaan raos, Ratu Putri katjatur, sarëng raka Sang Nursadjati, geus tëtëp padamëlan, lënggah di kadatun, bada ngantor pë-lësiran, djeung ngaronda kaajaan djro nagri, kitu salalamina.

19. Ari Minggu Sang Putri Narpati, hënteu kantun raka Sang Purnama, sarëng priantun sakabeh, angkat ka Bungbungümur, pëlësiran njirna-keun galih, di Karangkamuljaan, Sang Putra kalangkung, kagagas ku tëmpat eta, nja di dinja ngawitan andjeunna tanghi, kaluar ti tënungan.

20. Ratu Istri kumëdjoting galih, ka kërësa raka di Riskomar, ku ningal përmata objor, papaes Bungbungümur, hajang bakti ka Sang Pramanik, malah harita tëras, milih nu malantjur, bërliau ratnatjampaka, mutiara biduri nu rupi-rupi, dumugi dikarungan.

21. Baris bakti ka raka Sang Adji, Ratu Putri nagara Riskomar, djeung sutra anu araneh, di pabrik Bumipitu, anu ipis leuwih ti ipis, karadjinan kadjinan, harerang harurung, sartana waktu harita, Ratu Istri ënggeus njarios ka Ginggi, jen bade ka Riskomar.

22. Ënja eta rek undjuk tingali, jen parantos njangking padamëlan, diangkat kana Narpatos, Ratu Bumi pingpitu, hënteu lami ënggeus sajagi, rek djëngkar ka Riskomar, ngan Ginggi dikantun, djadi wakil

- kanarpatyan, nu ditjandak gulang² para mantri, sarëng hidji tamtama.
23. Ēnja eta Mantri Baraspati, djadi ganti Arja Ginggi tea, djangkung gëde sëmu bongkok, bawaning balas tugur, gantjangna teh Sang Maha Adji, sarëng Radja Pinutra, djëngkar ti kadatun, murudul anu ngiringna, geus kaluar ti dajeh Pusëring bumi, ka dunja kamanusan.
24. Tunda heula Sri Maha Ratu djin, kotjap Ratu Pramanik Riskomar, nudju lënggah di karaton, harita gunëm saur, sarëng Arja Gundarapati, hompok para ponggawa, mantri djagasatru, barëmpag sagala pasal, padamëlan kasëbut pangeujeuk nagri, babaran kadjëbaran.
25. Sabadana wawarti bab nagri, Sang Pramanik ka Patih ngandika, putra kumëdjoting hate, sarta langkung gumantung, ilëng-ilëng tjip-taning ati, kawas-kawasna bakal, kedatangan tamu, ku marga eta panëda, paman Patih sarëng sadaja pramantri, këdah sasadiaan.
26. Urang hormat ku bangsa nu muni, nu kasëbat sipat tatanggapan, musik dëgung pelog reog, sartana ulah suwung, lawerontek bëbëtek nagri, përhiasan nagara, papaes kadatun, këdah lir tëdak karia, sarëng on dang sadaja para bopati, sawëwëngkon Riskomar.
27. Hënteu lami ngawangsulun Patih, njumanggabeun ka kërsa Srinata, tëras bae Patih mios, djeung sadaja priantun, ngadjalankeun dawuhan Gusti, harita ënggeus objag, praabdi gumuruh, jen këršana Sri Mah' Radja, bade pesta njalamëtkeun ieu nagri, kitu embaranana.
28. Gantjangna teh harita sajagi, sakumaha dawuhan Srinata, taja hidji pasal mogog, harita Sri Mah' Ratu, nganggo-nganggo di djëro puri, dangdosan kanarpatyan, bade mapag tamu, wantuning waspada manah, katitisan ku sipat pangkat sadjati, raraga kadewian.
29. Pratumënggung sadaja geus sumping, sami pada njarandak meswara, wireh bade pesta gëde, mashurna ka praratu, pangna pesta salamët nagri, sanes pikeun ngahormat, anu bade namu, harita ënggeus ngawitan, njeungeut marjëm dugi dua bëlas kali, dibarung tatabeuhan.
30. Katjaturkeun anu di wiati, Radjaputra sarëng Sang Suminar, geus ngungkulan ka karaton, Ratna Suminar langkung, kaget dina lëbëting galih, ku tina ngaguruhna, marjëm tinggëlëdug, njaur salëbëting manah, pesta naon mana rame-rame teuing, atjeuk Ratu Riskomar.
31. Mung Sang Putra geus sumangka galih, eta pesta minangka ngagondjak, baris njampakkeun panganten, kitu lëbëting kalbu, hënteu lami Sang Nursadjati, sarëng Ratu Suminar, sumping ka kadatun, diiring ku praponggawa, djagasatru gulang-gulang para mantri, maranggul barang-barang.
32. Hënteu lami Sang Ratu Pramanik, lungsur mapag ka Ratu

Suminar, dirontok tēras dikaleng, ditjandak ka kadatun, sarta bari imut ngalahir, nuhun aji waluja, salamēt rahaju, ajeuna urang laksana, djadi dulur leuwih tina pēt ku hini, dunjana aheratna.

33. Sadajana tumēnggung bopati, marundjungan ka Radja Pinutra, sarēng ka Ratu Pinutern, tatabueuhan ngaguruh, tinggēlēdug mariēm muni, Radjaputra Purnama, imut bari njaur, ka rai Ratu Riskomar, mung harewos wantuning rasiah dēmit, ieu teh numbas saha.

34. Teu diwangsul ku Dewi Pramanik, mung gumuju anu lintang bingah, Sang Ratu Suminar ngartos, wuwuh rada ngadangu, harewosna Sang Nursadjati, Ratu Putri ngandika, dibarung gumuju, da rai mah masih pista, Sang Pramanik ngalahir sēdēng teh teuing, da hina lalakina.

@@

Sinom

1. Sugri barang kikintunan, ti Ratu Pusēring bumi, ditongton ku sadajana, ngundung-ngundung tudjuh goni, dibuka di djro puri, dumugi hibar ngagēbur, wantu bangsa pērmata, bērliau intēn biduri, ngan gosokeun sagēde-gēde kalapa.

2. Sabadana muka barang, sadaja para bopati, kēmpēl deui di pamēngkang, najub bungah-bungah galih, ngahormat anu sumping, Sang Putri sarēng Sang Sunu, Ratu Pramanik tēras, ngadēg sartana ngalahir, ka sadaja para tatamu nu lēnggah.

3. Sumēdja hatur uninga, ka sadaja anu hadir, ieu Sang Ratna Suminar, ajeuna parantos dugi, kadaring Maha Sutji, parantos diangkat Ratu, mangkon dajeh Tolēngan, nagara Pusēring bumi, marga eta supados djadi uninga.

4. Sarēng dua pērkawisna, mugi sadaja tingali, tina margi Kang-djēng raka, Pangeran Nurasadjati, nampi asihing Gusti, Pangeran nu maha agung, dongkap kana kadarna, tēpang djodo nu utami, nja ka ieu Sri Maha Ratu Tolēngan.

5. Margi eta mung panēda, ka sadaja kadang wargi, mugi aja sih pi-wēlas, pandu'a anu sedjati, mugi tetes patitis, lambat-lambut nu salulut, taja margi kutjiwa, repeh-rapih sili asih, kasinungan salamēt dunja-aherat.

6. Sawangsulna sadajana, kēdah tigin lēbēt galih, nganuhunkeun ka Pangeran, anu ngawudjudkeun diri, marga nampi pangasih, sakadar urang tinēmu, sarēng dikareugreugan, dalit sarēng nu utami, urang angkēn kuta wadja nu santosa.

7. Amung sakitu panēda, ka sadaja anu hadir, mugi arelingkeun

pisan, Sang Sri Maha Ratu Dewi, prantos tamat wawarti, para tumënggung ngawangsul, ka Sri Maha Narpatya, sami-sami ngiring pudji, mugu-mugu wiludjëng panganten anjar.

8. Sri Maha Ratu Tolëngan, ngadëg barina ngalahir, eh paman para dipatya, putra bieu nguping warti, ti kërsa Sri Narpati, kalintang njënjöp sumurup, marga ku kaadjrihan, wirehing putra digalih, kana sipat kuta wadja nu santosa.

9. Sajaktosna eta lëpat, tina margi ku tibalik, puguh putra anu maksad, ka kërësa Sri Narpati, ngangkën kalajan tigin, gaduh benteng wadja tëguh, samalah bade aja, tawis baris tjiri wantji, sumalindung njuhunkeun ditangtanjungan.

10. Pang putra dongkap ajeuna, sanes ulin nu teu hasil, sanes lunta taja pedah, njata bade bakti diri, katut nagrina deui, karaton Bumi pingpitu, ka kërsa Sri Narpatya, pagusten Ratuning Dewi, nu ngageugeuh karaton nagri Riskomar.

11. Ajeuna ku sadajana, këdah saksi sing utami, nu ngaran Ratna Suminar, Narpati Pusëring bumi, ajeuna geus ngadjadi, kaëreh ku Sri Mah' Ratu, Sang Pramanik Riskomar, mangga ku sadaja saksi, ieu tekad kalawan nu sadjatina.

12. Sang Ratu Tolëngan tamat, diwangsul ku pradipati, sami-sami njaraksian, kana idjab kabul Putri, jen sumeren nagari, sawëngkon Bumi pingpitu, ka Sri Maha Riskomar, sarta ku Ratu Pramanik, dinuhunkeun ka rai Ratu Tolëngan.

13. Hënteu lami gër tangara, ngaguruh asa kaindit, mariëm gëgëlëdugan, djeung sagala bangsa muni, pelog dëgung djeung musik, pesta dugi ka saminggu, gantjangna geus lëkasan, para bopati marulih, sakur-sakur tatamu bangsa ondangan.

14. Kantun Sang Ratu Tolëngan, harita nudju lalinggih, Ratu Dewi Ratu Ratna, sarëng Sang Nurasadjati, ari anu diwarti, ngatur linggihna Sang Sunu, tëtëpna nja kiliran, tudjuh dintën nu dipasti, lamina teh dina hidji-hidji garwa.

15. Barang keur sami wawarta, sumping Sang Ratu Burbani, Sang Barak sarëng Meswara, diiring ku Mandarawati, përluna marga sumping. Sang Sri Maha Barakgirung, wirehing Patih Mandra, bade liren tina Patih, bade nëda baris pigëntoseunana.

16. Malah harita ge tëras, ku Ratu nagri Burbani, disaurkeun ka sadaja, jen njuhunkeun baris patih, barang Sang Ratu Putri, ngadangu Sang Barakgirung, jen kitu pamundutna, gumuju bari ngalahir, mohal sëwëng di Burbani nu binëkas.

17. Kadjaba lamun neangan, nu sĕgut lir paman Ginggi, kawas-kawas moal aja, sawĕngkon nagri Burbani, ngan handjakal geus djadi, Papatih di Bumi pitu, djadi moal tiasa, njaosan sĕrat nu tadi, waktos nampi sĕrat paman djadi Radja.
18. Tapi sanggup ngagĕntosan, ku nu sĕgut batan Ginggi, malah meunang bongkok udang, lamun ku paman katampi, ku putra teh pinasti, dihaturkeun djeung ditanggung, dina awal-ahirna, lantaran geus meunang pudji, ti kang putra tina kasĕtyaanana.
19. Ratu Barak ngawangsulana, naha saha nu utami, dina kasi-kĕpanana, nu mandjing didamĕl patih, ngandika Ratu Putri, Baraspati Mantri tugur, pĕndjaga lawang guha, ngawangsul Barak ka Putri, aeh jaktos pun paman ge tĕrang pisan.
20. Istu jaktos ngalangkungan, tina waruga pun Ginggi, amung naha teu ditjandak, ngalahir Sang Ratu Putri, bari gumuju manis, ajeuna puguh dibantun, malah di dieu aja, nja eta ngagĕntos Ginggi, saur Barak tjobi paman hajang tĕrang.
21. Teu lami Ratu Suminar, njaur Mantri Baraspati, sarta hĕnteu lami dongkap, ngadeuheus ka Sri Narpati, barang geus katingali, ku Sang Ratu Barakgirung, langkung-langkung kamanah, ngagakgak bari ngalahir, oh haturan djuru tugur palawangan.
22. Teu lami Sang Ratu Barak, njarios ka Ratu Putri, jen Baraspati kamanah, diamitkeun ka Sang Putri, bade ditjandak mulih, ku Sang Ratu Barakgirung, teu lami Sang Suminar, ka Baraspati ngalahir, kieu paman nu matak kula njalukan.
23. Paman teh waktu ajeuna, tjtjing di Pusĕring bumi, teu anak teu pamadjikan, wungkul ngan diri pribadi, indung bapa geus mati, tĕgĕsna taja karidu, malah beunang disĕbat, prihatin teu mahi gadjih, ma'lum adat bubudjangan watĕk rojal.
24. Ajeuna rek aja kadar, kana kamadjuan diri, daradjat anu utama, siga naon lamun mungkir, ari lain teu eling, tĕgĕsna nu sipat palung, mungpang kana daradjat, pendekna paman pinanggih, alus indit nandjung daradjat hidajat.
25. Paman teh ajeuna tĕras, ngiring Sang Ratu Burbani, pikeun didjieun patihna, poe ieu tangtu indit, ngiring ka Sang Burbani, teu lami Mantri ngawangsul, njĕbat sadaja-daja, gantjangna anu digurit, Sang Burbani mulih ti nagri Riskomar.
26. Sasumpingna hĕnteu gagal, Baraspati djadi Patih, malah tĕras pangantenan, ka Nji pansiun Papatih, nja eta Mandrawati, mulus

sartana rahaju, bisa djadi patihna, wantu paladjaran Putri, taja marga mëleng kana pagawean.

27. Sang Putra Purnama Alam, sarëng Sang Ratna Sang Dewi, lulus mulus luluasan, tigin dina sili asih, tina bubuhan sami, téguh kana sipat husu, djalan kasampurnaan, njangking sadjatining galih, nu di-alap salamët dunja-aherat.

28. Harita nudju lalënggah, tiluan gunëman warti, teu aja nu ngarentjangan, wantuning di djëro puri, Sang Putra Nursadjati, hënteu lami tëras njaur, ka Sang Dewi Sang Ratna, sarta geseh ti sasari, Sang Pinutra njëbatna ka para garwa.

29. Eh rai prasaka ningrat, poma ulah ngandung ati, mirasa di-beungbeuratan, ku diri ëngkang pribadi, lantaran ëngkang mungkir, hënteu purun djadi ratu, lain ku kamëlidan, atawa djëdjërih ati, ngan lantaran njaah ka Njai praningrat.

30. Sabab kieu ditimbangna, mun ëngkang djadi narpati, gawe ngurus hak nagara, ngan njitjingan hidji puri, atawa pantjaniti, tëmplat palungguhan ratu, pasti rai praningrat, kapaksa kana sabumi, lamun masih pinasti beda harkatna.

31. Pangna dipastikeun beda, lantaran mungguh narpati, taja hak meswari dua, anu geus umum ngan hidji, tah eta nu dipikir, lantaran kana tinangtu, reueukna kadunjaan, galagat bandjir djasmani, tangtu djadi tunggara karohanian.

32. Sanadjan rai praningrat, ku ëngkang sëring kakuping, pawarta kalintang tata, ngambeng kawangian ati, titisan nu sadjati, tapi ëngkang tatjan tuhu, kana kapërtjajaan, ka ieu dua Narpati, ku lantaran ngaranna oge geus beda.

33. Anu hidji Dewi-ningrat, ngantjik di sipat rohani, nu kadua Ratna-ningrat, ngantjik di sipat djasmani, ari nu baris njangking, masih di alam lulungu, mëntas ti katënungan, Ratu Artja roh djamadi, téguh lungguh tanpa budi tanpa polah.

34. Malah tjeuk basa mah sabar, ngan sabar awit panarik, ku alpukah hawa dunja, sok ahli mungkir ka pasti, lain titis sadjati, lain tërusing rahaju, sabar katalimëngan, kabadi ku sisip budi, nja djan-tungan bawaning ku beak akal.

35. Sang Dewi sarëng Sang Ratna, tumungkul bawaning isin, marga tatjan dipërtjaja, ku raka Sang Nursadjati, sartana hënteu lami, sami-sami ngawarangsul, pasal nëda hibarna, pandu'a geusan pinanggih, kana marga wiludjëng sapapaosna.

Asmarandana

1. Sabadana gunëm warti, Sang Adjëng Ratna Suminar, enggalna amitan bae, bade mulih ka Tolëngan, gantjangna kawidian, sarta tēras urus-urus, keur baris tjandakeunana.
2. Gantjangna nja tēras mulih, murudul ka awang-awang, nu ngiring bangsa djin kabeh, mung hēnteu sarëng Sang Putra, margi waktu harita, Sang Radja Pinutra nudju, kiliran di Sang Riskomar.
3. Sartana geus tētëp djangdji, Sang Putra ka para garwa, kiliran nu moal geseh, pasti tudjuh dintën sewang, kadjaba lamun aja, pikeun pambëngan Sang Sunu, ku pasal nu langkung nista.
4. Ari damël anu pasti, Sang Radjaputra Purnama, ngalanglang sugri wëwëngkon, lamun keur nudju kiliran, di nagara Riskomar, njuburkeun ilmu rahaju, ka para ratu manusa.
5. Pokona anu geus galib, sipat agama drigama, agama sipat raspaten, bagian karohanian, langgëng nja kawëningan, drigama djatining laku, sampurna kadjasmanian.
6. Di Tolëngan kitu deui, mun nudju kiliranana, damëlna Pangeran Anom, ngalanglang ka sabuana, sawëwëngkon Tolëngan, mitutur ilmu panëmu, ka para ningrat kadjinan.
7. Djadi Sang Nursadjati, di waktu djaman harita, dipiserab dipisēber, sumawonna sipat djalma, sanadjan djin siluman, gujub sabumi pingpitu, migusti ka Radjaputra.
8. Kitu deui Maha Rësi, nja eta Muhamad Kurbah, tētëp deui di Pasantren, puntjak Gunung Gurangsarak, nēraskeun ngadjar kitab, bakuna ngadjar Ratu, bisi aja sipat hama.
9. Ngadjaring bangsa kiai, bisi sasar salah paham, mētakeun ilmu panëmon, lamun teu didjaga-djaga, sasar ku salah surah, bisi nungtun kana kusut, nu mawa kana teu aman.
10. Ngan tjatrik kapala santri, Sëmbada djeung Nji Hamiah, tēras ngiring di karaton, dajeuh nagara Riskomar, ngiring Sang Dewi Ningrat, didamël mantri kadatun, njëkël kaajaan barang.
11. Tina santri djadi mantri, puasa manggih lēbaran, nja ponjo kana laladjo, bangorna tambah pohara, djadi bodor pamëngkang, dipilutju ku prababu, dipisuka ku praëmban.
12. Wantu nu djadi Narpati, pintër adil palamarta, wuwuh mustika pasëmon, kaseundeuhan kaimpungan, ku rajat andon suka, lain ku panungtun agung, lain pangadjak kawasa.
13. Awit kairut ku budi, asal kapikat ku basa, djeung kapelet ku

- sareseh, wantu Sang Putri Sang Putra, dina waktu harita, ngan njusul geusan rahaju, ngudag geusaning waluja.
14. Geus djadi sabiwir hidji, djadi satunggaling basa, tur njembor ka nagri sedjen, nu djadi pajung nagara, di karaton Riskomar, subur ku elmu paněmu, djěmbar ku pangawasana.
15. Tětěp tigin njangking nagri, waluja ngeujeuk nagara, hěnteu kasembor ku awon, amung rahaju waluja, dina salalamina, kuměndung pajung nu luhung, mubjar lir bulan purnama.
16. Tědak nu dua Narpati, Dewi Ningrat Ratna Ningrat, pagondeng-gondeng ku sae, taja marga kutjiwana, ěnja oge paanggang, Riskomar ka Bumipitu, tina bubuhan kadjinan.
17. Didjieun djalan ka tjai, tjarek babasan tea mah, kawuwuh aja papagon, Sang Sri Maha Ratna Ningrat, ku raka Dewi Ningrat, sabulan sakali kudu, lěnggah ka nagri Riskomar.
18. Teu lami dua Narpati, Dewi Ningrat Ratna Ningrat, dikěrsa-keun ku Jang Manon, sami nampi pangasihna, ngawuwuh kadjěmbaran, nu baris něraskeun nandjung, sami karagungan putra.
19. Ari Putra Ratu Dewi, paměgět sarta mulusna, tangtu kasep lir Sang Anom, dimashurkeun kakasihna, Radjaputra Lěngkawa, nitis ti rama ti ibu, měnggah kasaeana.
20. Ari putra ti Ratu djin, istri anu langkung endah, djadi mustika pinutren, wantuning ti ibu rama, těrahna kasaeana, kakasihna nu kamashur, Sang Adjěng Dewi Manitra.
21. Tatapi dihili-hili, ari Sang Putra Lěngkawa, ditětěpkeun di karaton, di dajeh Tolěngtělěngan, di Ratu Ratna Ningrat, dimongmong diugung-ugung, djadi manusa kadjinan.
22. Ari nu ti Pusěrbumi, Sang Adjěng Dewi Manitra, ditětěpkeun di karaton, dajeh nagara Riskomar, di Ratu Dewi Ningrat, dipunggu diagung-agung, djadi djin kamanusaan.
23. Anu istri mashur geulis, djadi mustikaning rupa, nu paměgět kongas kasep, djadi deugdeugan tongtonan, ku djin reudjeung manusa, dipigujur dipitjatur, di waktu djaman harita.
24. Atuh Sang Putra Sang Putri, wuwuh ngadjadikeunana, kamuljaan ing pangraos, ka ibu sarěng ka rama, narik kana babaran, lungguh timpuh tuhu kalbu, sami katarik ku putra.
25. Amung Sang Putra Sang Putri, teu djadi babad hikajat, ngan gadang pikeun Narpatos, etang-etang paměgatna, lalakon ibu-rama, geus suwung geusaning tjatur, ku tamat ieu hikajat.

TAMAT

Agustus
1956
Red J.

Pertjetakan Balai Pustaka
No. 360 — '54

